Jogjakarta, Januari 1932.

Vier afschriften.

Aankoop Ir. Moens. 1930.

Serat:

Salasilah para Loeloehoer ing : Kadanoeredjan Jogja.

---oOo---

D

H.A. 47-

Zu ordn: G. 40.

Jogjakarta, Januari 1932.

Vier afschriften.

T.P.

Aankoop Ir. Moens. 1930.

K.B.G. no 8

T.B.G. 71, 1931

No. 320

Serat:

Salasilah para Loeloehoer ing :

Kadanoeredjan Jogja.

--oOo--

Afschriften van Javaansche handschriften, in April 1934, met machtiging van den Directeur van Onderwijs en Eeredienst aan het Bestuur van de Stichting Panti-boedaja te Soerakarta aangeboden door Dr.Th.Pigeaud, ambtenaar voor de beoefening der Indische talen, belast met de bewerking van het Javaansche woordenboek te Jogjakarta.

8. SALASILAH PARA LELOEHOER KADANOEREDJAN, JOGJAKARTA

afgeschreven te Jogjakarta, Januari 1932, naar een handschrift, aangekocht door Ir.Moens voor het K.B.G. 1930, no 8.

Zie T.B.G. 71, 1931, blz 323.

Boeboekaning tjarijos: salasilah para loeloehoer.

---

blz.1. Awit gotèk salasilah Sri Praboe Ardjakoesoema, inggih Praboe Sri Pamoekas ing nagari Padjadjaran Soendarowang. Doemoegi ing Madjapait, ngantos doemoegi ing Wirasaba lan ing Banjoemas, oetawi Kadanoeredjan, Ngajoegjakarta Adiningrat.

Wondéné Padjadjaran Pakoewan, teges agami Pakoekoewan, poenika karatonipoen Sang Praboe Goeroe Gantangan, déné babad Pakoewan Padjadjaran waoe babon asli sangking Adipati Wira-adegdaha, Boepati Soenda Prajangan tanah Bandoeng pramila teksih katah ingkang pitemboengan Soenda. Boekoe salasilah waoe ladjeng ka-atoeraken déning Kangdjeng Radèn Adipati Danoeredja, Riddering orde Nedrelan Seléjo; Papatih Dalem Kangdjeng Soeltan kaping gangsal, doemoegi Kangdjeng Soeltan kaping nem, lan Kangdjeng Soeltan kaping pitoe, Ngajoegjakarta; Patih Dalem kaping gangsal Ngajoegjakarta Adiningrat, sareng bagawan nama: Kangdjeng Pangéran Arija Djoeroe, kang pinidji pinisepoeh déning Kangdjeng Goepremèn; pramila pinidji sadèrèngipoen dipoen kinoela-wisoeda dados Papatih Dalem Ngajoegja, sampoen saabipraja, déning Kangdjeng Koempeni, lit sangking Porèsponden ing Kenoetsekap, rat pan Indi kantor Palis Batawi, Nèdrelanden.

Titi.

Panedak boekoe salasilah poenika, kadoegi djam satoenggil sijang, dinten Slasa Kaliwon tanggal kaping 17 woelan Sawal, taoen Éhé angka: 1828; woelan Welandi kaping 28 Februari 1899, paringkelan Toenglé, woekoe doekoet, awal 29, dinten, mangsa kasanga, awal 1 :Tjwa Gwik 19, taoen Tjina 25. Pamoendoet Dalem Goesti Kangdjeng

Ratoe Sasi. Sangking Dèn Rija Prajadirdja, Abdi Dalem Rija Wadana srati penandon Ngajoegjakarta.

-----

blz.2. Ingkang ginotèkaken, pinoerwa, Sri Praboe Ardjakoesoema, ingkang djoemeneng Nata Padjadjaran Soenda-rowang Pakoewan Padjadjaran ingkang wekasan, kotjap terah-toemerahipoen, poetra wajah tjanggah warèng, sapitoeroetipoen ngantos doemoegi samangké; sangking pangiwa lan Panengen poenika mitoeroet sangking tjatetan kakaranganipoen, alamipoen Empoe Djangga, Artati Madjapait, anoedjoe taoen soerja-sangkala angka 1259; taoen tjandra-sangkala angka 1260.

No.	Kodjar poetra 13 iji, namoeng sami preri kamanoesan sami ngradja ratoe pjambak-pjambak.

1. Badjeng poetra nama: Dèwi Ragawati.
2. Badjeng poetra nama: Ratoe Maraseti, sami kang poepoetra para Sèloeman.

Poetra sangking garwa patmi, Dèwi Kondjanih.

3. Nama: Ratoe Poetih, krama pikantoek angsal Adipati Soetagantal Boepati ing Galoeh.

Poetra sangking garwa paminggir, Dèwi Soeboer.

4. Nama: Adipati Arija Bangah, tan lami goemanti kang rama, djoemeneng Nata djoeloek: Sri Galoeh, sareng kéntar déning kang raji Arija Sijoeng-wanara, dateng tanah Djapara ladjeng mring Madjapait, dèn lih kang nama dateng kang raji Sri Bratana, Djaka Soeroeh, nama: Arija Panoelar, tegesipoen: panggalih remen bakil.

Poetra sangking patmi Dèwi Kondjanih kang No.5.

5. Nama: Ratoe Soerégana, krama pikantoek angsal: Ki Palih, ladjeng dados Papatih, nagari ing Madjapait, nama: Adipati Wahan.

Poetra sangking Dèwi Ambarsari.

6. Nama: Radèn Hjang Margana, karsa mandjing agami Islam, ladjeng tinoenḍoeng mring kang rama, ladjeng méntar mring tanah ing Tjarebon, dados anak moeridipoen Pangéran Atas-angin, lami-lami kapenḍet mantoe, tan lami ladjeng goemanti ingkang mara-sepoeh, nama: Pangéran Atas-angin kaping 2, kalih wonten Tjarebon.

Poetra sangking Dèwi Ireng.

7. Nama: Praboe Widjaja, tinanem Adipati ing Radjapolah.

----

8. Poetra sangking garwa padmi, Dèwi Ambar-sekar.

Nama: Arija Djaka Tandoeran, djoeloek Radèn Arija Djaka Soeroeh, teges Pangéran Dipati, temboeng Soenḍa.

Poetra sangking garwa paminggir Dèwi Ireng.

9. Nama: Dyah Siḍangan, krama pikantoek Adipati Dam Saba-ati, Boepati ing nagari Tjarebon.

----

blz.3. Poetra sangking garwa paminggir Dèwi Tahor, tegesipoen bokor.

10. Nama: Djaka Arija Sijoeng-wanara, parab Arja Banjak-widé amengkoni para empoe ḍomas ing nagari Padjadjaran Pakoewan.

Poetra sangking garwa paminggir Dèwi Tékanang.

11. Nama: Arija Poentjak Koemoen Paḍem Ngrana.

Poetra sangking garwa paminggir Dèwi Mintarsih.

12. Nama: Arija Poentjak Panḍapa, sabeḍahipoen Padjadjaran ladjeng méntar amaratapa wonten ing woekir Soengging pasramanipoen Adjar Soekarsa, ing woekir Soengging ladjeng mrewita ḍateng Adjar Soekarsa.

Poetra sangking garwa paminggir Dèwi Mintarsih.

13. Nama: Dyah Sekar Penḍapi, sabeḍahipoen Badjadjaran ladjeng noesoel kang raka ḍateng woekir Soengging, tan lami krama pikantoek angsal Adjar Soekarsa, woekir Soengging boten lami ngalih pretapan ḍateng woekir Soenjagiri.

Sareng noedjoe taoen soerja-sangkala angka 1259; taoen tjandra-sangkala angka 1297. Ing nagari Padjadjaran katjrijos resah.

Kodjar Arija Banjak-Widé Sijoeng Wanara, karsa nggeḍong wesi ḍateng ingkang rama, Sri Praboe Ardjakoesoema, Ratoe Padjadjaran ingkang wekasan, kinoentji linaboeh mring sagara; mila Sri Praboe Ardjakoesoema dipoen prelambangi mekaten: No.2, ganda kéntir semoené liman pepéka, poenika lambangipoen ing nagari Padjadjaran, kang dipoen lambangi mekaten poenika Ratoe Padjadjaran, ingkang wekasan, gih Sri Pamekas, tegesipoen ganda: ambet, kéntir: kèli, liman: gadjah, pepéka: kirang ngatos-atos: sembrana; mila dipoen lambangi ganda kéntir semoené liman pepéka. Ganda kéntir awit Sri Pamekas dikèlèkaken saganten andjog bangawan Krawang ḍateng Sijoeng Wanara, ganda pikantoek ḍateng Ratoe, semoe liman pepéka anggènipoen dipoen kèlèkaken sangking pepékanipoen pjambak, tjarijosipoen babad mekaten, Sijoeng Wanara damel geḍong wesi, Sri Pamekas doemadak loemebet ing geḍong wesi sangking karsanipoen pjambak, kineban ladjeng kalaboeh soengapan lèpèn bengawan

ing Krawang, ḍateng Sijoeng Wanara, Sri Pamekas kirang wé-
wéka, semoe liman pepéka, liman pikantoek ḍateng Sri Pa-
mekas. Sabab poenapa Sri Pamekas kakèlèkaken, sarta Si-
joeng Wanara, poenika kaprenah poenapanipoen, inggih poe-
tranipoen djaler Sri Pamekas, mila kang rama dipoen ke-
lem, nalika lahiripoen Sijoeng Wanara, winetja ḍateng pa-
ra Noedjoem ing tembé dados mengsahipoen kang rama. Soe-
melangipoen kang rama Sri Pamekas waoe, soemelang bok-menawi
kajektosan; Sijoeng Wanara dipoen lebeti wisa, nanging bo-
ten pasah malah saja ageng-ageng, ladjeng kalebetaken ing
kenḍaga kanṭi sapoet prantining prang, kaboetjal ḍa-
teng lèpèn Krawang, ladjeng dipoen panggih ḍateng ti-
blz.4. jang Kjai Boejoet Krawang, dados boten ngantos pedjah Si-
joeng Wanara waoe, Kjai Boejoet Krawang ing pamoelasa-
ra ngantos ageng, lami-lami ngabdi ḍateng Sri Pamekas
Ratoe Padjadjaran, ingkang we~~l~~kasan sampoen soepé jèn
Sijoeng Wanara poenika ingkang poetra pjambak, menawi
kala alit soemedja badé dipoen pedjahi ḍateng kang ra-
ma, dados anggènipoen anglaboeh ḍateng ingkang rama sam-
poen pesṭi kados ḍapoer pamales Sri Pamekas, boten ngin-
ten badé angsal pemales samar, mila dados sangking pepé-
kanipoen pjambak Sri Pamekas waoe. Arija Sijoeng Wana-
ra, Banjak Widé ladjeng soemilih kang rama djoemeneng Na-
ta ing Padjadjaran adjoedjoeloek Sri Praboe Mradja-sekti
nagari laminipoen taoen soerja-sangkala 100 satoes ta-
oen, dados Pandjenenganipoen Ratoe Padjadjaran kaping 6
nem.

Noedjoe taoen soerja-sangkala angka 1269, kaétang taoen tjandra-sangkala angka 1307.

Kodjar tan lami Sri Praboe Mradja-sekti, Sijoeng Wanara, Banjak-Widé, ladjeng linggar noenggil ingkang marasepoeh, Sri Praboe Woerga-hijang, nagari Kajangan, Sri Sijoeng Wanara, ladjeng katrem ing boemi Prajangan, boten lami Sri Sijoeng Wanara, goemanti ingkang mara-sepoeh, djoemeneng Nata wonten nagari Kajangan, tanah Prajangan, djoeloek Sri Praboe Marasoedda, Njakrawati, nagari kalih namanipoen Pakoewan Padjadjaran, teksih noenggil taoen angka: 1269; taoen tjandra angka: 1307.

Gotèkipoen nagari Madjapait kaping sapisan, Arija Djaka Soeroeh, linggaring sangking Padjadjaran ladjeng tetroekah wonten wana Madjapait, djoeloek Sri Praboe Bratana; kodjar garwanipoen kakalih 2, garwa kang sepoeh nama: Dyah Maddani, poetri asli sangking Soemedang, 2 garwa nèm Ratoe Kijan, poetri asli sangking nagari Tjempa. I

Poetra sangking garwa padmi Dyah Maddani.

1. Nama: Radèn Djaka Mangoeri, djoeloek Sri Anom Brakoemara.

Poetra sangking garwa paminggir Dyah Midarsih.

2. Nama: Rara Mandar, katrimakaken nangkoda, Sèh Ngabdoelrahman, djinoendjoeng nama: Arija Tédjalakoe ping sapisan, Adipati ing Toeban.

Poetra sangking garwa paminggir Rara Sangkèh.

3. Nama: Dyah Moerdaningkoeng, krama pikantoek Ratoe nagari Bali.

Poetra sangking garwa paminggir Dyah Rarasati.

4. Nama: Dyah Mari-kangen, krama pikantoek: Adipati Bandjarmas.

Poetra sangking garwa padmi: Ratoe Kijan.

5. Nama: Praboe Anom. Djangkep para poetra moeng 5 idji. Taoen soerja-sangkala angka: 1301; taoen tjandra-sangkala angka: 1400.

Poedjangga empoe Pararta.

---

blz.5. Katjrijos ing nagari ingkang kaping 2, kalih, goemanti ingkang rama Sri Anom, Brakoemara, djoemeneng Nata, djoeloek Sang Praboe Brakoemara, anggarwa poetraning poenggawa Padjadjaran, nama: Arija T~~a~~jandak Tjipa-makala, nama Dyah Dinding-sori, poepoetra 2 kalih.

1. Nama: Dèwi Wogan, krama pikantoek Sri Tandrija, Ratoe nagari ing Pengging.
2. Nama: Radèn Djaka Adaningkoeng, djoeloek Arija Adiwidjaja.

Sampoen djangkep poetraning Sri Brakoemara, moeng kalih.

Taoen soerja-sangkala angka: 1269; taoen tjandra-sangkala: 1307.

Teksih Empoe Pararta.

Kodjar nagari Madjapait, ingkang kaping 3 tiga, goemanti ingkang rama, Arija Adiwidjaja, djoemeneng Nata djoeloek Sang Praboe Brawidjaja, ingkang kaping sapisan, garwanipoen 2 kalih, garwa kang sepoeh Dèwi Soebasiti, poetri asli sangking Toeban, garwa nèm Dèwi Sitawati, poetri asli sangking Pengging. PB I

Poetra sangking garwa padmi Dèwi Soebasiti.

1. Nama: Ratoe Ajoe.

Poetra sangking garwa padmi Dèwi Sitawati.

2. Nama: Dèwi Poetri, krama pikantoek Arija Lemboesoera, Adipati ing Soerabaja.
3. Nama: Radèn Djaka Ajam-Woeroek, djoeloek Arija Martawidjaja.
4. Nama: Dèwi Woegoe, krama pikantoek Arija Pamenang.

Sampoen djangkep poetra moeng 4 idji.

Teksih noenggil taoen angka: 1269; taoen tjandra angka:1307.

Katjrijos, nagari Madjapait ingkang kaping 4 sekawan, Radèn Arija Martawidjaja, goemanti ingkang rama, djoemeneng Nata, djoeloek Sang Praboe Brawidjaja, ingkang kaping 2 kalih. PB I

Garwanipoen padmi moeng satoenggil, Dyah Pancewoen. Poepoetra 2 kalih.

1. Nama: Radèn Djaka Lemboe-Amisani, djoeloek Arja Martawidjaja kaping 2 kalih.
2. Nama: Dèwi Poetri ping 2, krama pikantoek Adipati Arija Demang-noelar.

Sampoen djangkep poetra Sri Brawidjaja kaping 2 kalih poetra moeng 2.

Taoen soerja-sangkala angka: 1398; taoen tjandra-sangkala: 1440.

Kodjar nagari Madjapait ingkang kaping 5; Radèn Djaka Lemboe-Amisani d~~k~~joeloek Arija Martawidjaja kaping 2 kalih goemanti ingkang rama, djoemeneng Nata, Sang Sri Praboe Brawidjaja ingkang kaping 3; anggarwa poetranipoen Adipati Lemboesoera, Boepati Soerabaja, nama Sang Dyah Pendjawi, nak ing sadèrèk sepoeh, poepoetra 1 satoenggil. PB II

1. Nama: Radèn Djaka Siwaja, djoeloek Arija Martawidjaja kaping 3 tiga, inggih Sri Bratandjoeng.

Poetra sangking garwa padmi Dèwi Panoelad.

2. Nama: Radèn Djaka Braminta, parab Praboe Widjaja.

Poetra sangking garwa paminggir.

bls.6. 3. Nama: Dyah Paningron, krama pikantoek Arija Djadjahan.

Djangkep poetra moeng 3 tiga.

Noenggil warsa taoen soerja angka: 1398; taoen tjandra:1440.

Mangsoeli gotèk.

Kodjaripoen Radèn Djaka Tandoeran, Arija Sri Djaka Soeroeh, kéntaripoen mring tanah Madjapait ḍapoer kawon lan kang raji Arija Sri Sijoeng Wanara, toetroekah tan lami-lami, djoemeneng Nata, djoeloek Sri Praboe Bratana. Saḍatengipoen ingkang raka, Arija Bangah Sri Galoeh, boeboedjoegk ḍateng kang raji sageda ngenḍih kang raji Sri Sijoeng Wanara, ḍateng Padjadjaran, ladjeng prang ramé gentos kaseser, gentos aninḍih, prang waoe tanpa woesana, Sri Sijoeng Wanara anoeraga, ladjeng prang ngadyipraja, Sri Djaka Soeroeh, roemaos sepoeh mila kawon kawignjan, trimah moeng pradjandjéjan wates-watesan kimawon, wates Tji Pali ngilèn rangkahé Banten wakidé tegesé Tji watesipoen kali ageng. Sapoenika lèpèn Tji Liwoeng arané, sawétaning Tji Pali Tji Liwoeng wangkidé mangétan bawah Madjapait wangkidé, tan winiraos.

Sri Galoeh, sarèhning panggalih remen bakil lan para sadèrèk sangking kresanipoen Sri Praboe Bratana Ratoe Madjapait, ingkang raka Sri Galoeh dipoen namani: Arija Panoelar, noelari patrap kirang saé.

Sri Bratana waoe, dipoen lambangi: Matjan galak semoené tjoeriga keṭoel, tegesé: Matjan galak, Sri Madjapait kinèringan sasamining Ratoe, boten kanṭi linawan sangking paprangan, Ratoe bawah Sabrang sami noengkoel, dipoen semoni tjoeriga keṭoel, tegesipoen: awit para sentana poenggawa Madjapait, boten kénging ka-empakaken damel awit kirang ngoelah kasoesastran, boedidaja sami keṭoel-keṭoel sadaja.

Taoen soerja-sangkala angka: 1259; taoen tjandra-sangkala: 1297.

Alam Empoe Pararta.

))))))))))))))))))))

Katjrijos, nagari Madjapait ingkang kaping 6 nem, Radèn Djaka Siwaja, Arija Martawidjaja kaping 3 tiga, inggih Sri Bratandjoeng, goemanti ingkang rama, djoemeneng Nata, djoeloek Sri Sang Praboe Brawidjaja, kaping 4 sakawan, 7E IV Tagar anipoen padmi 2 kalih, garwa kang sepoeh nama: Dèwi Tapèn, poetri asli sangking nagari Loemadjang, garwa nèm Dèwi Mandakini, poetri asli sangking nagari Tarnaté, ngadjeng poetri bojongan.

Poetra sangking padmi Dèwi Tapèn, Loemadjang.

1. Nama: Radèn Djaka Alit, d~~K~~joeloek Arija Angkawidjaja.

Poetra sangking padmi Dèwi Mandakini, Tarnaté.

2. Nama: Dyah Retna Boekasri, krama pikantoek Arija Batjoek-ladjeng, nama: Arija Soetawidjaja.

Poetra sangking padmi Dèwi Tapèn, Loemadjang.

ls.7. 3. Nama: Retna Moendri, krama pikantoek: Arija Boebaran, ladjeng nama: Arija Pandaja.

Poetra Sang garwa paminggir Dyah Mintasih.

4. Nama: Retna Paloepi, krama katrimakaken pikantoek, poetraning djaler Empoe Soepa, nama: Ki Djaka Soera, ladjeng djinoendjoeng nama: Pangéran Kanoman.

Poetra sangking garwa padmi Dèwi Tapèn Loemadjang.

5. Nama: Arija Baribin, Radèn Djaka Soepoetra, tan lami ingkang katoendoeng dateng ingkang raka pjambak Radèn Djaka Alit Arija Angkawidjaja, ladjeng méntar dateng tanah Padjadjaran, lami-lami dipoen pendet ipé dateng Sri Praboe Silih-wangi; krama pikantoek sadèrèkipoen wragil, nama: Ratoe Pamekas, ladjeng doedoekoeh damel pasraman, wonten tanah woekir Sidakarsa Pakoewan Padjadjaran, nama: Adjar Kapoetran, djoeloek Pandita Poetra, séda soemaré lan anoeroehaken, terah-toemerah wonten ing Pakoewan Padjadjaran, ing samangké karan tanah ing Prajangan, inggih poenika Adjar Kapoetran Pandita Poetra waoe, ingkang anglèraken dateng para prijaji tanah Wirasaba, oetawi para prijaji

trah Banjoemas doemoegi sapitoeroetipoen ngantos samangké poenika.

Poetra sangking garwa paminggir Rara Asih.

6. Nama: Radèn Djaka Pamekas, djoeloek Arija Koeda Narawangsa, mrewita megoeroe ḍateng Kangdjeng Soehoenan Madja-goeng, kaping sapisan, goenoeng Djati tanah ing Tjarebon, oemandjing Islamoe, séda soemaré Tjarebon, sampoening mandjing Islam, dados Moekmin-kas, djoeloek Pangéran Kenḍoeroewan, sapisan, anggarwa poetraning Soehoenan Madjagoeng, poepoetra Wasi Syara inggih Pangéran Panggoeng.

Wasi Syara, Pangéran Panggoeng, anggarwa poetraning Radèn Djaka Ḍolok, inggih Wasi Bagena ingkang soemaré Djatinom inggih Tinom, nama: Njai Adjeng Pangéran inggih Njai Adjeng Ratoe, poetra wragilipoen Wasi Bagena, Radèn Djaka Ḍolok, poenika poetra wragilipoen Sri Praboe Brawidjaja ingkang wekasan, poetra kang nomer 117, satoes pitoelas, Wasi Swara sadèrèngipoen dados Moekmin kas, remen manggoeng wajang Bèbèr, sareng mrewita ḍateng Sèh Siti Djenar nama: Pangéran Panggoeng. Nalika teksih dados ḍalang wajang Bèbèr Kjai Krijadjiwa; Pangéran Panggoeng waoe ingkang nganggit Soeloeh (k ?) Malang-soemirang salebeting dahana moeroeb, alam Kangdjeng Soeltan Demak ingkang kaping 3 tiga, ingkang wekasan. Pangéran Panggoeng noeroenaken Pangéran Alas séda soemaré Delanggoe, noeroenaken ḍateng Kepoenḍoeng, lan Karang-krètjèk, oetawi ingkang Sinoewoen Kangdjeng Soeltan Agoeng, ing nagari Kreta, Mantaram. Pangéran Panggoeng sareng séda soemaré redi Poeṭoek ḍoesoen Koeṭan ing Lenḍah Kilèn Pragi bawah Kaboepatèn Sentolo Ngajoegjakarta.

Kodjar nagari Madjapait ingkang kaping 7 pitoe, Radèn Djaka Alit, Arija Angkawidjaja, goemanti djoemeneng Nata djoeloek Sri Praboe Brawidjaja, ingkang kaping 5 gangsal, PBV krama pikantoek poetri sangking asli nagari ing Tjempa, nama: Ratoe Andarawati, oetawi Gandoerawati poepoetra.
blz.8. Poenapa malih katjrijos para poetra, poetra ingkang sangking para garwa paminggir goenggoeng poetra 117 satoes pitoelas idji, para poetra ka-oeroet sepoeh, kados ngandap poenika:

Poetra sangking garwa paminggir, Éndang poetri danawa, Éndang Semintawati, inggih poenika ingkang ḍèrèk lolosipoen Arija Djaka Soeroeh, nalika badé sowan ingkang éjang ḍateng pretapan ing redi Kombang, Sri Ratoe Pageḍongan, ingkang kénging sot sak saḍèrèkipoen salah kadadosan djaler, nama: Raseksa, kang saḍèrèk èstri nama: Raseksi, ladjeng toemoet Adjar ing pretapan woekir Poerna, soekoening redi Mahmèroe, tanah Poerbalingga Pasoeroewan.

1. Nama: Radèn Djaka Dilah, djoeloek Arija Damar, tinanem dados Adipati Palémbang; nama: Adipati Panembahan Palémbang.

Poetra sangking garwa paminggir poetri
asli sangking Menḍangkelé, sapoenika
karan Bagelèn.

2. Nama: Radèn Djaka Pekik, djoeloek Arija Djaran Panolih, tinanem dados Boepati tanah Soemenep, angrèh Pamekasan lan Baléga.

Poetra sangking garwa padmi Ratoe Andarawati.

3. Nama: Retna Pambajoen, krama pikantoek Ratoe Andajaningrat, ingkang djoemeneng Nata ing Pengging.

Poetra sangking garwa paminggir.

4. Nama: Dèwi Manik, krama pikantoek Arija Soemangsang, oetawi Arija Tjoetjoe, Adipati ing Gagelang, anakipoen djaler

Patih Tjina.

Poetra sangking garwa padmi, Ratoe Andarawati.

5. Nama: Radèn Djaka Peteng, djoeloek Arija Lemboe Peteng, dados Dipati ing Madoera.

Poetra sangking garwa paminggir.

6. Nama: Radèn Djaka Maja, djoeloek Arija Déwa Ketoet, tinanem dados Adipati wonten tanah Bali.

Poetra garwa paminggir.

7. Radèn Djaka Prabongkara, kaparingaken ḏateng Kjai Soenggingmoeḏa; kaladjeng kéndang ḏateng nagari Tjina, inggih poenika ingkang lepat pagambaripoen ḏateng ingkang iboe.

----

8. Radèn Djaka Krèwèt, nama: Arija Samas, tinanem dados Dipati Boernéo.

----

9. Radèn Djaka Krètèk, Arija Aroeng-naba, dados Dipati ing Makasar.

----

10. Radèn Djaka Bala, Arija Soerènggana, krama pikantoek Widadari ladjeng pinedjahan, wonten ngaloen-aloen ing Madjapait kapitenah ḏateng ingkang rama.

----

blz.9. Poetra sangking garwa paminggir.

11. Radèn Djaka Soedjalma, Arija Soeralegawa, tinanem dados Adipati nagari ing Blambangan.

----

12. Retna Binaro, krama pikantoek Toemenggoeng Singabarong, Adipati Noengsa Barong.

Poetra sangking poetri Tjina, ingkang goemaḍoeh wonten ing Palémbang, Adipati Arja Damar, Panembahan Palémbang.

13. Radèn Djaka Praba, Radèn Patwa, inggih Radèn Patah, Radèn Kasan, djoeloek Radèn Joesoep, ladjeng dados Adipati Demak tanah Bintara, djoeloek: Sénapati Dji(m)boen, Panembahan Poelémbang, sareng djoemeneng Nata Soeltan Sèh Ngalam-Akbar Sirollah Kalipat Rasoel Aminil Moekminin, Tadjoedin Ngabdoel-Kamitkak, karan Soeltan Ngadil Soerja Ngalam, Demak ping sapisan.

Poetra sangking padmi Dèwi Wanḍansari, poenika bektanipoen Ratoe Andarawati sangking Tjempa; Dèwi Wanḍansari poetri bojongan asli sangking nagari Wanḍanpoera.

14. Radèn Djaka Bonḍan Kadjawan, pinaringaken gaḍoeh ḍateng Kjai Boejoet Moesahar, djoeroe sawah tanah Garesik, tanah pasisir lèr-wétan Paṭi satjelaking Gebado ; Radèn Djaka Bonḍan Kadjawan waoe sampoening wajah baḍé diwasa, kaparingaken ḍateng Kjai Ageng Taroeb kang kaping 2 kalih, tan lami wonten Taroeb, namanipoen Kjai Ageng Taroeb nalika nama Djaka Peteng, kaparingaken anoenggak-semi, nama: Radèn Djaka Lemboe Peteng, ladjeng kemantoe ḍateng Kjai Ageng Taroeb kaping 2 kalih pikantoek poetraning èstri Rara Nawangsih poetra patoetan sangking Widadari Dèwi Nawang-woelan; lami-lami Radèn Djaka Lemboe Peteng goemanti kang mara-sepoeh, nama: Kjai Ageng Taroeb kaping 3 tiga.

Poetra sangking garwa paminggir.

15. Retna Kaḍaton, séda ngenḍat wonten nagari Pengging.

Poetra sangking garwa paminggir.

16. Retna Kasmala, krama pikantoek Adipati Djapan poenika ingkang nanḍang tjéda loepoeh doemoeh, dipoen oesadani toja talaga Nirmala, ladjeng wiloeja, kang laki séda, krama kaping

2 kalih pikantoek Adjar Windoesana tanah ing woekir Rebaboe,

Dipoen ḍéto poetra paminggir.

---

17. Radèn Djaka Moel, pinaringaken gaḍoeh ḍateng Patih ~~M~~gadjah-mada, ladjeng dipoen elih namanipoen, nama: Radèn Arija Karo Lanḍéjan, dados Boepati pangajoen, nama: Toemenggoeng Gadjah-mada.

---

18. Retna Marsandi, krama pikantoek Djoeroe Panirat, ingkang mretapa wonten redi Doek, Kilèn Pragi bawah Kaboepatèn Sentolo, tjelak sawétanipoen ḍoesoen Genḍingan. blz.10.

Poetra sangking garwa paminggir.

19. Retna Marlangen, krama pikantoek Adipati Lowanoe, bawah Poerwaredja Bagelèn.

---

20. Retna Sataman, krama pikantoek Boepati Adipati Gowong bawah Leḍok Wanasaba.

---

21. Retna Satapan, krama pikantoek Adipati Arija Bangah, Boepati Keḍoe oetawi Tamping alam Pengging, saséḍaning ingkang garwa ladjeng krama kaping 2 kalih, pikantoek Radja Pinanḍita ing Garesik.

---

22. Radèn Djaka Pitoeroen, Radèn Arija Arak Kali, dados Adipati ing Panaraga, kang djoeloek Baṭara Katong.

Poetra sangking garwa paminggir.

/ ka- 23. Dèwi Kentring Manik, kang/poepoe pinoenḍoet poetra ḍateng ingkang paman, Radèn Soepoetra Arija Baribin, kang tinoenḍoeng méntar mring Padjadjaran, sakatreming Padjadjaran, Dèwi Kentring Manik ingkang kabekta méntar waoe, kapenḍet mantoe dateng Sang Praboe Silih Wangi, krama pikantoek poetra kakoeng, sampoen nama Pangéran Dipati, Sélasekar; sareng sampoen goemanti kang rama, djoemeneng Nata, wonten nagari Pakoewan Padjadjaran, djoeloek Sri Praboe Tjiliwangi, Déné Sang Praboe Silih Wangi ingkang tilar-doenja waoe, kalih Sri Praboe Mradja Sekti Sijoeng Wanara, sampoen toeroen kaping 7 pitoe, déné nagari Pakoewan Padjadjaran waoe ing sak*mangké kaseboet Soenda Prajangan, tanah Preri Prajangan moela-kinanipoen, gih poenika trah-toemerahipoen Sri Praboe Sijoeng Wanara, tjampoer roroning atoenggil kalih trah toeroening Sri Praboe Bratana, Arija Djaka Soeroeh ing Madjapait.

Poetra sangking garwa paminggir.

24. Déwi Retnadi, krama pikantoek Arija Koeda Panolih, poenika poetraning Arija Baribin ing Pamekasan Madoera.

Poetra sangking garwa padmi Ratoe Andarawati.

25. - Radèn Djaka Goegoer djoeloek Praboe Anom, Atmawidjaja, sabedahipoen nagari Madjapait, ladjeng méntar dateng soekoening redi Mahéndra inggih redi Lawoe, doedoekoeh; samoekswanipoen padoekoehan waoe karan: Goegoer; Praboe Anom anama: Soesoenan Lawoe doemoegi samangké.

Poetra sangking padmi Ratoe Andarawati.

26. Radèn Djaka Loehoer, djoeloek Praboe Anom Bondan Soerati, sabedahipoen Madjapait, lolos méntar dateng tanah redi kidoel amretapa ing woekir Toembal, ladjeng kemantoe dateng Kjai Boejoet Goswatjaka. Bangsa Adjar ingkang gadah pasraman wonten ing redi Karang-asem, djoeloek Panembahan Brawidjaja woekir Ramboet Toe(m)bal, sampoening poepoetra 3 tiga, moekswa obong wonten pepoetjak ing tjoeri pinggir

blz.11.

pasisir kidoel, nama: woekir Sawar, bawah Kademangan ing Blimbing, tilar poetra 1, Radèn Djaka Wanabaja, ladjeng ḏateng Mangir, kemantoe Kjai Ageng Mangir kaping sapisan pikantoek nak-ing-sanak, goemanti kang mara-sepoeh, nama: Kjai Ageng Wanabaja, Kjai Ageng Mangir kaping 2 kalih; 2 Radèn Djaka Broeboen, nama: Pangéran Kjai Goesti, séda soemaré Karang-asem, ingkang nerahaken Mas Pandji Ardjadipoera, ing Semanoe, Redi Kidoel; 3 Èstri kagarwa Kjai Ageng Oereng-djati, trah Djatinom, ingkang nerahaken Kjai Pangoeloe Katégan, oetawi ḏateng Rantam-sarèn, ingkang bibi Kangdjeng Pangéran Arja Adinagara, langen Dalem Kangdjeng Soeltan kaping 2 kalih Ngajoegja.

Poetra sangking garwa paminggir.

27. Retna Kanistrèn, krama pikantoek nangkoda Sèh Sabil, kang djinoendjoeng nama: Pangéran Baribin.

---

28. Retna Kaniraras, krama pikantoek Arija Pekik ing Soekawati, Boepati Tamping ing Pengging.

---

29. Dèwi Ambar, krama pikantoek Arija Djaka ~~B~~Trataka.

Poetra sangking garwa paminggir.

30. Radèn Djaka Antar, djoeloek Arija Soewangsa, mandjing Islam magoeroe ḏateng Pangéran Poedjangga, nagari Tjempa, ladjeng kemantoe pikantoek Njai Ageng Tinebah, ladjeng nama: Kjai Ageng Wot-sinom, séda sarta noeroenaken wonten ing Keḏoe Kaṯiṯang, inggih poenika ingkang anglèraken trah-toemerah ḏateng Kjai Wangsatjitra, ladjeng noeroenaken ḏateng Bagoes Lemboe, Bagoes Boewang, ladjeng nerahaken Bendara Radèn Ajoe Srenggara, langen Dalem Kangdjeng Soeltan kaping sapisan Ngajoegjakarta.

Poetra sangking garwa paminggir.

31. Radèn Djaka Loba, Arija Ariwangsa sabedahipoen nagari Madjapait, ladjeng doedoekoeh tanah Pilang karan Kjai Ageng Pilang, gih poenika ingkang noeroenaken Mas Wila, kalih Mas Woeragil, Mas Premantja ingkang sepoeh, dados anak moeridipoen Kjai Ageng Banjoebiroe.

----

32. Radèn Djaka Dandoen, Arija Wangsaprana, sabedahipoen nagari Madjapait, njekabat Kangdjeng Soenan Lèpèn, mandjing Islam dados Moekmin-kas, nama: Ki Sèh Bloewa-Bloewoe, karan Sèh Bèla-Beloe. Mretapa pinggir pasisir kidoel redi Mantjingan séda soemaré Mantjingan wonten pretapan. blz.12.

Poetra sangking garwa paminggir.

33. Radèn Djaka Dander, Arija Nawangsoka, sabedahipoen nagari Madjapait, njekabat dateng Kangdjeng Soenan Lèpèn, mandjing Islam, pinaring nama: Ki Sèh Gagang Aking, sareng séda noenggil satjoengkoep kalih kang raka Ki Sèh Bela-Beloe. Gèning maratapa rinten-daloe boten kendat anggèné ngliwet(d), boten kendat anggèné neda intip ngantos kénging kanggé pajon, grijanipoen, déné Ki Sèh Gagang Aking moeng tilem kimawon boten dahar boten ngoendjoek, Ki Sèh kalih sami dados Moekmin kas sareng séda soemaré redi Mantjingan samangké dados panadaran.

Poetra sangking garwa paminggir.

34. Radèn Djaka Bedagoel, Arija Nawangsasi, ingkang moekswa ing Kali Woeloeh tanah redi Gangsal.

----

35. Radèn Djaka Bolot, Arija Kidang Soka, ingkang moekswa ing Madja-legi.

----

36. Radèn Djaka Barok, Arija Tjarang Soka, gih Tjaranggana,

kang moekswa woekir Geḍong tanah Pasoeroehan.

----

37. Radèn Djaka Balaro, Arija Bandjaransari, kang moekswa woekir Taroelata.

----

38. Radèn Djaka Balérong, Arija Malajasari, kang moekswa woekir Tandoek.

----

39. Radèn Djaka Koerih, Arja Panjakringan, kang moekswa woekir Genṭong.

Poetra sangking garwa paminggir.

40. Dèwi Sampoer, ingkang katrimakaken ḍateng Radèn Kadoehoe, kang djinoendjoeng nama: Adipati Wiraoetama, Boepati Pakoewan Wirasaba, gih poenika poetraning djaler Adjar Kapoetran, kang djoelcek Panḍita Poetra, ngadjeng Radèn Arija Baribin, Pakoewan Padjadjaran Prajangan, Radèn Kadoehoe,/Dipati Wiraoetama, kang sampoen kapenḍet mantoe ḍateng Adipati Wiraoedaja, Boepati Pakoewan Wirasaba, ingkang anglèraken trah para prijaji Wirasaba, oetawi para prijaji trah toeroen Banjoemas sadaja; wit wonten pepali prasapa boten kénging tingkeb lan teḍak-siti; bab tingkeb sangking Dèwi Sampoer, bab teḍak-siti sangking poetra Dipati Wiraoedaja, Boepati Wirasaba, Pakoewan, doemoegi sak mangké.

----

blz.13. Poetra sangking garwa paminggir.

41. Dèwi Tjampoer, ingkang moekswa wonten ing woekir Tjanḍini.

----

42. Radèn Djaka Lawih, Arija Kanḍoeroewan, ingkang moekswa ing redi Kiṭa.

----

43. Radèn Djaka Djaḍoeg, Arija Malang-soemirang, ingkang moek-

swa ing woekir Tiga.

----

44. Radèn Djaka Baloet, Arija Megat-sari, sabeḍahing Madjapait méntar mring tanah Mentawis Mantaram, ḍateng woekir Mangir ladjeng ḍoeḍoekoeh damel pasraman, mretapa ing ngrikoe, ladjeng karan Kjai Ageng Mangir kaping sapisan, anggarwa poetraning Kjai Adjar Tjètjèlan, tan lami kagoengan poetra èstri, djoega krama pikantoek poetraning Panembahan Brawidjaja Ramboet Toembal, ingkang moekswa obong wonten woekir Tjoeri tanah pasisir kidoel Sawar; nama: Radèn Djaka Wanabaja, samoekswaning kang marasepoeh goemanti, nama: Kjai Ageng Mangir kaping 2 kalih, karan Kjai Ageng Wanabaja, Mangir, pospoetra Kjai Ageng Mangir kaping 3 tiga, poepoetra Kjai Ageng Mangir kaping sakawan iboe sangking Pa inggih poenika kang gaḍah poesaka toembak ḍapoer baroe-koeping, Kjai Baroe-oepas, ingkang kemantoe Kangdjeng Panembahan Sénapati Mantaram, ngeḍaton Kiṭa Ageng. Poetra Dalem patoetan sangking Mas Ajoe, Adisara, poetra badjeng sepoeh pjambak alam teksih wonten ing Padjang, sampoening grebini Radèn Ajoe Bajoen, ladjeng djinoendjoeng nama: Ratoe Pambajoen. Garwa pinaḍem déning marasepoeh Kangdjeng Panembahan Sénapati, bine(n)toes palenggahan séla gegilang, lajon kinoeboer wonten adedagan Kiṭa Ageng kang sepalih loemebet, tjoengkoep Keḍaton kang sepalih wonten tritisan djawi gebjogan, kadamel pali sepalih mantoe sepalih kanggep mengsah.

Poetra sangking garwa paminggir.

45. Radèn Djaka Poering, sadèrèngipoen diwasa ladjeng séda, djalaran gerah toeras.

----

46. Radèn Djaka Ḍobrag, Arija Samawoeng moekswa ing woekir Poera.

----

47. Radèn Djaka Toewa, Arija Banjak Woelan, ingkang moekswa ing woekir Nangka.

----

48. Radèn Djaka Maloewo, Arija Banjak Modang, kang moekswa ing woekir Idjo tanah Prambanan Mantaram.

----

49. Radèn Djaka Lanang, Arija Banjak Ḍalang, ngalih nama Arija Banjak Bakang ingkang mretapa ing woekir Anḍa, séda soemare wonten ing woekir Anḍa, ing samangké wingking Kadanoeredjan, kampoeng Saarakoesceman, Ngajoegja moeng katrangan.

----

50. Radèn Djaka Lanṭjing, Arija Banjak Patra, kang moekswa woekir Andong.

----

bls.14. Poetra sangking garwa paminggir.

51. Radèn Djaka Lantjing, Arija Soerèng-bala, ingkang mretapa wonten ing woekir Kenap poenika bawah Kaboemèn, woekir sakidoel, toja bentèr Krakal, séda soemaré wonten ing woekir Kenap samangké karan Kjai Ageng Kenap.

----

52. Dèwi Rantan, séda dèrèng diwasa, gerah tjatjaren, kinoeboer soemaré poetjaking redi Bredja, bawah ḍistrik Goḍéjan tanah Ngajoegja Mantaram.

----

53. Radèn Djaka Djantroeng, Arija Banjak-Widé, séda prang ngloeroeg ḍateng tanah Timoer.

----

54. Radèn Djaka Semproeng, Arija Tepas, ingkang kagoengan langen baja peṭak, nama: Djenggorong, Arija Tepas, mentas angloeroeg sangking Timoer kadoekan ḍateng kang rama, Sri Madjapait, méntar sangking Madjapait mertapa sapinggiring lèpèn bengawan ing Broḍot tanah Keḍiri, karan Kjai Ageng

Brodot, inggih ladjeng noeroenaken baja petak, kang katjrijos Djaka Sengara, poenika.

---

55. Radèn Djaka Gambjong, séda dèreng diwasa.

---

56. Radèn Djaka Oemjang, Arija Tiron, ingkang moekswa ing woekir Soka.

---

57. Radèn Djaka Lembèseng, Arija Petjat Tanda, ingkang moekswa ing woekir Djaler tanah Panaraga.

---

58. Radèn Djaka Lirih, Arija Andamoi, séda prang daweg ing Madjapait.

---

59. Radèn Djaka Dojok, Arija Mangoeri, séda moekswa Rawadalem.

---

60. Dèwi Paniwèn, nama: Dèwi Angron-sari, ingkang moekswa ing goewa Pawidadarèn, tanah Patjitan.

---

61. Radèn Djaka Tambak, séda teksih timoer.

---

62. Radèn Djaka Lawoeng, Arija Paningron, ingkang moekswa Djati Kapondjong.

---

63. Radèn Djaka Dorang, Arija Atasingron, kang moekswa ing Djati.

---

64. Radèn Djaka Balado, Arija Barat Katiga, ingkang séda wonten Wana Patjing, karan Wana Patjé, inggih poenika ingkang noeroenaken dateng Singawalèn, nerahaken Kjai Toemenggoeng Singaranoe Patih Dalem kaping 2 kalih Kangdjeng Soeltan Agoeng, djoemeneng Kreta, Mantaram.

Kjai Toemenggoeng Singaranoe, kemantoe Kjai Toemenggoeng Mandaraka, Patih Dalem ing Kreta ping sapisan, ngadjeng Patih Kadipatèn, nama Kjai Toemenggoeng Sindoeredja, poetraning Pangéran Djoeroe Wirapraba, Kjai Toemenggoeng Singaranoe, mengėt mantoe dateng Ki Singa, sareng Kjai Toemenggoeng Singaranoe séda soemaré Keranon kidoel-wétan Nitikan, sangking karsa Dalem Kangdjeng Soeltan Agoeng, anak mantoe Ki Singa waoe, kakresakaken goemanti marasepoeh sabab boten gagah anak djaler, nama: Adipati Singaranoe kaping 2 kalih, Patih Dalem Kerta kaping 3 tiga, séda dedagan wonten Poera pasaréjan Soeltan Agoengan.

blz.15.

Poetra sangking garwa paminggir.

65. Radèn Djaka Balaboer, Arija Sapoe Garoet, séda wonten Wana Patjing Patjé noenggil ingkang raka.

----

66. Radèn Djaka Boedoer, Arija Pawang-aloen, kang séda prang daweg bedahing Madjapait.

----

67. Radèn Djaka Goerit, séda dèrèng diwasa.

----

68. Radèn Djaka Bolang, Arija Kèrèk Bolang, kang séda prang ing Madjapait.

----

69. Radèn Djaka Lengis, Arija Djedjetan, kang séda prang ing Madjapait.

----

70. Radèn Djaka Goentoer séda teksih timoer.

----

71. Radèn Djaka Malat, Arija Pandjang Djiwa, séda prang ing Madjapait.

----

72. Radèn Djaka Morang, Arija Poelang Djiwa, séda prang ing Ma-

djapait.

----

73. Radèn Djaka Djotang, Arija Singapadoe, séda padoedon soedoekdjiwa.

----

74. Radèn Djaka Kadoewoe, Arija Singanagara, séda nèng woekir Geneng tanah Djamoes.

----

75. Radèn Djaka Rawoe, Arija Matjanpoera, séda ing woekir Geneng tanah Djamoes.

----

76. Radèn Djaka Tandoeran, Arja Kiawa, kang moekswa ing woekir Gebang-kinatar tanah Redi Kidoel.

----

77. Radèn Djaka Pangalasan, séda rinentjak ing lelembat wana Madjapait.

----

78. Radèn Djaka Panoelahar, ingkang mretapa wonten ing woekir Toegarana tanah Wirasaba, ladjeng ngalih mretapa wonten ing woekir Woelan, karan Gergeng tanah Roma Gombong manggèn salebeting kadjeng goerda Kroja Growong, kamanoesan maratapanipoen, déning laré mendet kadjeng, nama: Bagoes Djanah, anakipoen Kjai Boejoet Koewoe Ngrawa, anaking Koewoe Béntjo, Koewoe Béntjo poetraning Kjai Ageng Béntjo, kang soemaré Roma, poetraning Njai Ageng Sihab, kang soemaré Loeroeng Tengah; Njai Ageng Sihab, poetraning Kjai Ageng Ngabdoelrahman, ing Séla, poetraning Kjai Ageng Getas Pandawa Pakis-adji. .16.

Bagoes Djanah mila laré remen tirakatan panggènan ing ngasepi dateng wana reredèn, ing waktoe dinten, sengadi mendet kadjeng rèntjèk, dateng soekoening woekir Woelan, sareng doemoegi ing ngrikoe kang kidoel-kilèn, noeroet toeroet rantjah tegesipoen bes-besan, toja toek anoeroet tjorah, ing ngrikoe kapregok kawo, menjawak kang sampoen ageng sepoeh, pantjènipoen menjawak ageng kawoek.

Bagoes Djanah waoe boedjoeng kawoek waoe, minggah saoedjoenging woekir Aoelan, Bagoes Djanah soepé jèn wana langkoeng werit gawat, singit werit, pladjaripoen kawoek, goebet saselaning tambi soeloer-soeloer ojod, Bagoes Djanah ka-étjalan lari pladjaripoen kawoek, djanggilang-djanggileng ngoepadosi wonten ngandeping kadjeng goerda kilapan, dangoe-dangoe Bagoes Djanah soemerep wonten patilas awoe kadamel paroeman, tegesipoen tilas kadamel obong totor kadjeng ageng-ageng, kados dipoen ambah tijang, waktoe semanten teksih wana greng, werit boedjoengan wana warak bantèng sawer ageng alit katah, Bagoes Djanah badé soemerep kadadosanipoen, Bagoes Djanah singidan, boten wantawis, ingkang gadah patjangkraman dateng, nganggé rasoekan djoebah katokan, oedeng gilik, waoe Sang tapa angoenandika, hé sak iki woes kamanoesan, gonkoe maratapa, anèng kéné, awit iki paroeman ana tilasé tapaking oewong, manoesa loewih betjik ngalih gon, Bagoes Djanah mireng sjaraning kang maratapa énggal-énggal moeroegi, Sanga tapa énggal loemebet salebeting kadjeng growong, Bagoes Djanah noelja dateng pitakèn tedah pinangka sinambat nama, sangking djawi saselaning tambi ojod; Sang tapa mangsoeli sjara goemrenggeng, sabab wonten salebetipoen kadjeng growong waoe, koeloep adja pitakon djeneng toedoeh pinangka, koeloep, akoe moeng metja mring sira, sira tembé dadi gegoenoengané désa goekoehané ing kéné satoeroen bisa pada dadi goenoengan gedé, nanging nganggo sarana lakoe kangèlan, kadjaba ikoe bijèn akoe dèlèh ana ngisor ngiringing goe-

∠ noe-

noeng kang∠roet rantjah ikoe djoepoeten. Bagoes Djanah samirengé sabdaning Sang tapa, kamantyan arsajèng galih, sarta ladjeng wisata madosi sasimpenané Sang tapa, nanging boten saged pinanggih, wit dèrèng soemerep ing panggènan, toemoenten moeridipoen Sanga tapa kalih ḍateng, satoenggil Ketip Koening, kalih santri Goeḍig, sami ka-oetoes menḍet simpenan, kang kasingidaken wonten salebeting tlawah tjorah séla peṭak ing soekoening redi Woelan, ing Pakoentjèn, sareng moerid kalih doeloe talawah séla salebeting toja moeng katingal oelam koetoek, ageng sarta gesang, moerid kalih wangsoel matoer boten wonten simpenan, amoeng koetoek ingkang wonten; Sang tapa ḍawoeh apa ananing kono, moerid wangsoel njepeng oelam koetoek, ngloeboek-ngloeboek meksa kabekta, sampoening katampi Sang tapa, noelja santoen warni ḍapoer tjalon ḍoewoeng ginoḍi ragoem doek, dipoen oeḍari sampoen warni ḍapoer ḍoewoeng, pinasrahaken ḍateng Bagoes Djanah kinèn mraboti sapoet prantiné, kinèn nganggé, Sang Panḍita wetja ing tembé sapa kang nganggo bisa mrangkani goegoenoengané tanah Djawa, sapitoeroeté, Risang maratapa toemoelja karsa doemoegèkaken lampah, mén-

blz.17. tar moelana ḍateng woekir Tjikantjo tanah Ngajah moerid kalih ḍerèk, sampoening wonten ing ngrikoe ladjeng mashoer dados poepoenḍèné tijang tanah Ngajah sedaja, Radèn Djaka Krenḍa, Arja Panoelahar,

Winoersita Bagoes Djanah tan lami katrima déning Kangdjeng Soeltan Adiwidjaja Praboe Kamidil Ngalam ing nagari Padjang, djalaran saged njepeng kraman ing ḍoesoen Sarawindoe, bawah Menḍangkelé Bagelèn, ladjeng sinoeng nama: Adipati Djanah, Boepati Kapoetjang bawahaken siti Roma sadaja.

Winoersita karan Panembahan Tjikantjo tilar-doenja kinoeboer ing pasraman redi Tjikantjo, Déné tijang Ngajah kekalih lelajoe ḍateng tanah Roma Bagelèn, kawoeningan mring Dipati Djanah Sang tapa sampoen séda, sinaré ing redi Tjikantjo, déning tijang Ngajah, gadgada Dipati Djanah, oetoesan kinèn moeter lajoning Sang tapa, tyang Ngajah kekah tan soeka ngantos dados b~~e~~rawala sami prangan ḍoesoen gentos kaseser gentos kalinḍih kaṭah papedjah bangké-bangké sanget kaṭah ngrikoe wonten lèpènipoen, kaṭah bangké wonten lèpèn ladjeng karan kali Batjin, sarèhning tijang Ngajah karoban mengsah pamoeteripoen kapikoet ḍateng tyang Roma lajon binekta para wadyanipoen, Dipati Djanah, sinaré wonten ing redi Woelan sapoenika karan redi Gregeng, waoe semanten ingkang maratapa. Radèn Djaka Krenḍa, Arija Panoelahar wonten salebetipoen kadjeng goerda growong, para moerid sami soemaré wonten ing Gregeng, Koewoe Ngrawa, Koewoe Bétjo Adipati Djanah séda soemaré ing ngrikoe sadaja poenika aslinipoen Kangdjeng Kjai Poerbanijat/ nama, piteḍan Dalem Kangdjeng Soeltan, kaping sapisan Ngajoegjakarta, sangking Radèn Adipati Danoeredja sapisan Ngajoegja awit loemados dados poesaka, Kapatijan Ngajoegja ngantos samangké, kalih gangsa soeléndro, Kjai Kéré, Mangoensih.

Poetra sangking garwa paminggir.

79. Radèn Djaka Djinggring Arija Narawita kang moekswa ing redi Bradja, oetawi redi Radja, lan Pawinihan, kang noeroenaken Kjageng Tinibah soemaré Loeroeng Tengah Bandjar.

---

80. Radèn Djaka Salembar, Arija Pana(ng)kilan, kang maratapa wonten redi Mentaok Mantaram Ngajoegjakarta, séda soemaré wonten Mentaok, sapoenika karan: Kjai Tangkil, koeboeran sakidoel Balé-mangoe ing Kadanoeredjan; moeng katrangan.

---

81. Radèn Djaka Tangkeban, Arija Wanèng-woelan, kang moekswa

ing redi Sèwoe, tanah Redi Kidoel.

----

82. Radèn Djaka Boeras, Àrija Pasisingan, kang moekswa redi Sèwoe, tanah Redi Kidoel.

----

83. Radèn Djaka Tamboeroe Arija Salisingan, moekswa redi Sèwoe Redi Kidoel.

----

84. Radèn Djaka Tamboela, Arija Teroesan, kang moekswa ing woekir Djaler tanah Masaran Padjang.

----

bls.18.

Poetra sangking garwa paminggir.

85. Radèn Djaka Lambang, Arija Astratjapa, kang moekswa pasisir kidoel ing Toendjoeng-bang.

----

86. Radèn Djaka Laroe, Arija Wanalapa, kang moekswa ing woekir Tapak tanah Weroe.

----

87. Radèn Djaka Lemoeroe, Arija Katawengan, kang moekswa woekir Tapak tanah Weroe.

----

88. Radèn Djaka Doplang, Arija Joedasara, kang moekswa saganten wedi tanah Arab.

----

89. Radèn Djaka Semplo Arija Séwagiri, kang moekswa woekir Tjakalan tanah Patjitan.

----

90. Radèn Djaka Beloek, Arija Sawoenggaling, kang moekswa woekir Tjakalan tanah Patjitan.

----

91. Radèn Djaka Paneti, Arija Tawangsari, kang moekswa ing Pongangan.

----

92. Radèn Djaka Pamoenah, Arija Soemabahoe, kang moekswa woekir Gadjah-moengkoer, pasisir tanah Mantjingan, saganten kidoel.

----

93. Radèn Djaka Panahas, Arija Panoerta, kang moekswa ing Teleng.

----

94. Radèn Djaka Walakas, Arija Déwantara, kang moekswa Kedoengpandjang, tanah Kadoewang.

----

95. Radèn Djaka Raras, Arja Lokananta, kang moekswa lèpèn Oja tanah Redi Kidoel.

----

96. Radèn Djaka Samas Arija, Arija Soeni, kang moekswa ing Manggis tanah Kadoewang.

----

97. Radèn Djaka Gedoeg, Arija Déwaroetji, séda prang kalih tyang doerdjana wonten ing margi Panaraga.

----

98. Radèn Djaka Gatot, Arija Balangroetji, séda prang lan doerdjana ing Panaraga.

----

99. Dèwi Rasoer krama pikantoek Adipati Pana(ng)goengan.

----

100. Radèn Djaka Besoer Arija Saradenta, inggih Saragading kang moekswa ing Sendang Djaler tanah Pingangan.

----

101. Radèn Djaka Soewéna, Arija Lemboe Narada, ingkang mretapa wonten ing Singasari, ladjeng linggar gèning mretapa, dateng redi Brama, tan lami goemanti kang raka, kang nama Arija Soeralegawa, Blambangan.

Arija Lemboe Mirada, ladjeng ngalih nama: Arija Lemboe

Nisraja, inggih Adipati ing Blambangan, sarta ladjeng noeroenaken trah para prijaji Blambangan sedaja,

----

bls.19. 102. Poetra sangking garwa paminggir.

Raden Djaka Soeminé, Arija Kanitèn, inggih Sarawadi, séda ing Djoerang Boeboek.

----

103. Radèn Djaka Wiroen, Arija Sarawida, séda wonten ing Séla Karoeng, Semboejan, karan Kjai Ageng Seroet.

----

104. Radèn Djaka Ketoeg, Arija Djaka Lèmpong, inggih Arija Lebaksijoe, séda ing Gijana tanah Kadoewang.

----

105. Radèn Djaka Dalem, Arija Gagak-pranala, kang séda soemaré Lowanoe, tanah Bagelèn, ingkang noeroenaken para prijaji kang sami nama: Gagakan Gagakan, Andaka.

----

106. Radèn Djaka Soewarna, Arija Tanéwoeng, inggih Djajapoeroesa, kang moekswa ing redi Lemoeroe, tanah soekoening woekir Lawoe.

----

107. Radèn Djaka Soewanda, Arija Djajalelana, kang moekswa redi Lemoeroe.

----

108. Radèn Djaka Toeras, Arija Andangkara, mandjing Islam ladjeng nama: Kjai Ageng Danalaja, dadalem tanah Kadoewang.

----

109. Radèn Djaka Pangawé, Arija Singgoen-kara, mandjing Islam ladjeng nama: Kjai Ageng Wanapeksa, Ngadipala tanah Semboejan.

----

110. Radèn Djaka Soepana, Arija Tambajat, mandjing Islam, dedalem

ing lèpèn Loengsi, karan Kjai Ageng Lèpèn Loengsi séda soemaré Werce Dalem, tanah Néwong.

----

111. Radèn Djaka Sangara, Arija Pangajat, mandjing Islam dedalem ing ḍoesoen, Ngepring, tanah Loroh, karan Kjai Ageng Pring.

----

112. Radèn Djaka Gapjoek, Arija Walipak, mandjing Islam, dadalem ing Palesoengan ladjeng karan Kjai Ageng Palesoengan.

----

113. Radèn Djaka Boḍo, sabeḍahipoen ing Madjapait, njekabat ḍateng Kangdjeng Soenan Tembajat Soenan Kali, kaprenah ḍoekoeh ing Madja-asta, karan Kjai Ageng Madja-asta.

----

114. Radèn Djaka Paṇḍak, sabeḍahing Madjapait, njekabat mring Kangdjeng Soenan Tembajat Soenan Kali, sinoeng nama: Ki Sèh Kali Watoe.

----

bls.20.

Poetra sangking garwa paminggir.

115. Radèn Djaka Wadjak, kagaḍoehaken mring Kjai Woedjil, karan Arja Woedjil, njekabat ḍateng Soenan Tembajat, sinoeng nama: Ki Sèh Saboek-djanoer.

----

116. Radèn Djaka Beloewo, sabeḍahing Madjapait, njekabat Kangdjeng Soenan Tembajat, sinoeng nama: Ki Sègh Sekar Dlima.

----

117. Radèn Djaka Ḍolck, sabeḍahing Madjapait, méntar mratapa wonten pinggir lèpèn Praga, nama: Wasi Bagena, sareng sampoen takloek warwita mandjing Islam, ḍateng Kangdjeng Soehoenan Tembajat Djeng Soehoenan Lèpèn, kaprenahaken ḍoeḍoekoeh wonten tanah ing Djatinom, sarta noeroènaken para trah para Ratoe tanah Djawi oetawi para goegoenoengan ta-

nah Djawi sadaja, soemebar kaṭah toeroenipoen.

Sigeg.

Taoen soerja-sangakala angka 1414. Taoen tjandra-sangkala: 1457.

Mangsoeli gotèk, Arija Baribin, poetranipoen Sang Praboe Brawidjaja, ingkang kaping 4 sakawan, poetra kang No.5 gangsal, poetra patoetan sangking garwa padmi, Dèwi Tapèn, poetri asli sangking nagari Loemadjang, ingkang raji toenggil jajah-réna, Sri Praboe Brawidjaja kaping 5 gangsal, Ratoe Madjapait, kaping 7 pitoe, ingkang wekasan, wit sangking kresanipoen Sri Brawidjaja karsa noenḍoeng ḍateng kang raji; dipoen wetja wasitaning Adjar jèn Arija Baribin, kéntar méntar sangking nagari Madjapait, badé rengka Arija Baribin ḍinawoehan késah linggar sangking Madjapait, ladjeng nimbali langen paminggir, Rara Sa~~p~~ntoek (n), Njai Oentoen, sami boten poepoetra déné poetranipoen Sri Brawidjaja, kang kapoenḍoet poetra Dyah Kentring Manik, kabekta sak banipoen; amping Njai Onèng, Njai Sari, poenakawan, patjatjah 40 idji, sampoening soemekta ladjeng lolos daloe namoer koela, anoesoep angajam-wana, tan katjrijos lampahipoen. Sareng doengkap doegi kilèn Pragi soemengka minggah redi Tjrema, Boepatènipoen Adipati Rambé anak Boepati Tamping Madjapait. PB V

Déné sapengkeripoen Arija Baribin, Sri Brawidjaja ḍawoehaken, ḍateng Patih Adipati Andaka, poetraning Patih kalih kinèn anoesoeli agem-ageman werni-werni. 1 Nama: Radèn Lambana, 2 Radèn Goenṭara, sami poetraning Patih, bekta boesana manéka-warna , peḍang srasah blongsong mas, ḍoewoeng sasapoet pranti, tinatoerengga.

Lampahipoen Arija Baribin mangilèn ḍateng ḍoekoeh ing Welaran, djoedjoeg grijanipoen Kjai Kaleng, kaping sapisan, lerem wonten ing Kaleng pikantoek pitoeng dinten, doekoeh ñelaran, ladjeng dateng Ngajah, Ngandjawar ladjeng mring Pasir katrem ngantos gangsal woelan, seladjeng mring Pedjadjaran Pakoewan.

Sigeg.

----

blz.21. Mangsoeli gotèk, Sri Sijoengwanara, ingkang djoeloek Sang Praboe Mradja Sekti, Marasoedda Anjakrawati, kodjar garwa padmi sampoen poepoetra 3 tiga, ngandap poenika pratélanipoen.

TB V

1. Nama: Praboe Kenja Ratoe Maskoemambang, ngedaton wonten Batoetoelis, ngratoni para p~~t~~rajangan.

----

2. Nama: Radèn Djaka Pitoeroen, djoeloek Sri Praboe ~~Boe~~loetoeng Kesaroeng Sri Maradipa.

----

3. Radèn Djaka Pitoeroeh, ladjeng kabojong dateng ing Madjapait, sangking kresanipoen Sri Praboe Bratana, inggih Sri Djaka Soeroeh, Radèn Djaka Pitoeroeh waoe katrima pangawoelanipoen, ginandjar tinanem tanah Madoera nama Pangéran, Pangéran Arja Pamekasan, tanah Madoera.

Kodjar poetra kang No.2 kalih ingkang nama Radèn Djaka Pitoeroen, kang djoedjoeloek Sri Praboe Loetoeng Kesaroeng, Sri Maradipa, ladjeng poepoetra 1, nama: Sri Praboe Lingga-ijang, poepoetra:

----

1. Nama: Sri Lingga-wesi.

Sri Lingga-wesi poepoetra 3 tiga.

1. Nama: Arija Linggang-larang, goemanti kang rama, djoemeneng Nata, tan lami ladjeng linggar ngalih dateng ing redi Djamoer

Dipa. Ing Padjadjaran, Pakoewan ladjeng ngelih ngalih pretapan dateng ing Djatisari, boten wetawis lami ladjeng sami bantah-bantahan, kalih Pangéran Atas-angin, Pramaridya, mendjing Islam, nama: Pangéran Djamboekarang, inggin Arija Linggang-larang waoe, kang séda soemaré woekir ing Nglawèt, doemados Pangéran Djamboekarang waoe, trahing toeroen Sri Praboe Sijoeng Wanara, dados toeroen kaping 4 sakawan, kaprenan tjanggah Sri Sijoeng Wanara, Pakoewan Padjadjaran.

----

2. Kodjar Sri Ligagang Adji djoeloek Sri Soesoek Toenggal.

----

3. Nama: Sri Linggang-larang kang kaping 2 kalih, noenggakseni namaning kang raka, ingkang dados Moekmin-kas Sèh Pangéran Djamboe-karang, soemaré Nglawèt waoe, Sri Linggang-larang kang kaping 2 kalih waoe djoemeneng Nata wonten, tanah ing Keling, Keling tanah Djawi plaboehan ing Tjilatjap ing ngadjeng tilas Kadaton, samangké kadamel pelaboehan / Bana(hi)ta.

Djangkep poetranipoen Sri Linggawesi 3 tiga.

Kodjar poetra ingkang No.2 kalih Sri Linggagang Adji, kang djoeloek Sri Soesoek-toenggal, garwa padmi poepoetra 1.

1. Sang Sri Moendingkawati.

Sang Sri Moendingkawati, ingkang garwa padmi poepoetra

1. Sri Anggalajang, djoeloek Sri Linggawastoe Adji.

----

bls.22. Sri Anggalajang, kang djoeloek Sang Sri Linggawastoe Adji, kang garwa padmi poepoetra 5 idji.

1. Raden Djaka Banjak Balaboer, teges bandjir.

------

2. Radèn Djaka Banjak Tjatra, moelana linggar ḍateng Pasir Menḍang Sekori.
3. Radèn Djaka Banjak Blaboer, kodjar moelana linggar.
4. Radèn Djaka Gagak Ngampar, linggar ḍateng Ḍajeh loehoer.
5. Ratoe Pamekas, teges wragil, krama pikantoek Arija Baribin, kang nama: Adjar Kapoetran, inggih Panḍita Poetra, ingkang ḍoekoeh ing Sidakarsa, tanah Pakoewan Padjadjaran.

Ratoe Pamekas ingkang a(ng)garwa Arija Baribin waoe, poetraning èstri Sri Praboe Anggalajang, kang djoeloek Sri Praboe Lingga-wastoe, Ratoe Pamekas waoe poepoetra 4 sekawan:

1. Radèn Djaka Kadoehoe, linggar moelana ḍateng tanah Wirasaba, ngèngèr ḍateng Kjai Geḍé Boewara, kodjar ladjeng dipoen penḍet mantoe, ḍateng Kjai Dipati Wiraoedaja, Pakoewan Wirasaba.
2. Radèn Djaka Banjak-sasra, saweg karem maratapa wonten tanah Pasir Loehoer, loemoeh ing akrama, kodjar doemoegi ngantos djaman ing Demak saweg katembèn poeroen akrama, pikantoek poetraning èstri Kjai Adipati Banjak-geleng, ing Pasir Loehoer, poenika Adipati Banjak-geleng, poetra mantoening Kangdjeng Soenan Tjarénda, poenika poetraning djaler, Sri Praboe Goeroe Gantangan, nagari Pakoewan Padjadjaran.

   Kodjar Radèn Djaka Banjak-sasra, waoe sampoen poepoetra djaler, Djaka Kaiman, inggih Djaka Mangoen, ingkang kapoepoe ḍateng bijoeng bibi Rara Woekoe, Njai Sabarta, karan Njai Mra(ng)gi, pakarjanipoen dados mranggi ing Ngadjawar. --------
3. Radèn Djaka Banjak-goemara, ingkang kapenḍet mantoe ḍateng Adipati Kaleng, tan lami goemanti kang marasepoeh, dados Dipati wonten Kaleng, nama: Adipati Kaleng, kang kaping 2 kalih. -----

4. Nikèn Woengkoe: krama pikantoek Kjai Sambarta, kang kodjar pakarjané dados mranggi, karan nama: Kjai mranggi Ngandjawar, inggih poenika kang moepoe dateng anak-kaponakan kang nama: Djaka Kaiman inggih Mangoen, poetraning djaler Radèn Djaka Banjak Sasra.

No.3.

Mangsoeli gotèk salasilah, salasilah poenika mitoeroet temboeng Arab, sala: tegesipoen oeroet, silah: satoenggil-satoenggil pandjang boten pedot oeroet toeroet kados oepami sak pandjangipoen ranté; kang negesi toewan Sajid Pangoeloe Ali, Bin Djoepri, ingkang sampoen kaseboet, salebetipoen moerad kitab; ingkang limrah soedjarah-soedjarah poenika, tijang ingkang toewi dateng koeboeran, tegesipoen poedji pinoedjèkaken soedjarah koeboer. Gotèk leloeri ingkang sangking trah toemoeroen ing Madjapait, ingkang doemateng Wirasaba, lan Banjoemas kados ingkang kaseboet soewalikipoen poenika.

blz.23. Gotèk awit Radèn Djaka Siwaja, kang iboe Retna Pandjawi, inggih poenika poetraning èstri Arija Lemboesoera, Adipati Soerabaja, katriman poetri sangking Madjapait, ingkang kaping 3 tiga, kang djoemeneng Nata djoeloek Sang Sri Praboe Brawidjaja kaping sapisan, patoetan poetri sangking Pengging, poetraning poetri Ratoe Andajaningrat, garwaning Sri Brawidjaja sapisan waoe.

Radèn Djaka Siwaja, kang djoeloek Arija Martawidjaja, kaping 4 sakawan, goemanti ingkang rama, djoemeneng Nata Madjapait, nama Praboe Bratandjoeng, Sri Praboe Brawidjaja kaping 4 sakawan, garwanipoen kakalih, garwa sepoeh Dèwi Tapèn, poetri asli sangking nagari Loemadjang, garwa nèm Dèwi Manḍakini, poetri bojongan asli sangking nagari Tarnaté.

/ Praboe

Kodjar poetranipoen Sri/Brawidjaja kaping 4 sakawan, poepoetra 6 nem,

Poetra sangking padmi Dèwi Tapèn.

1. Radèn Djaka Alit, djoeloek Arija Angkawidjaja, goemanti kang rama, djoemeneng Nata Madjapait, djoeloek Sri Praboe Brawidjaja kaping 5 gangsal; Ratoe Madjapait kaping 7 pitoe ingkang wekasan, kodjar garwa padmi poetri 4 sakawan, andjawi garwa paminggir kaṭah, poepoetra goenggoeng 117 satoes pitoelas kaseboet ngadjeng.

Poetra sangking padmi Dèwi Manḍakini.

2. Retna Boekasri, krama pikantoek Arija Batjoek, djoeloek Arija Soetawidjaja, poenika poetra poeloenanipoen pjambak, Dèwi Manḍakini.

Poetra sangking padmi Dèwi Tapèn.

3. Retna Moendri, krama pikantoek Arija Boebaran, djoeloek Arija Pandaja.

Poetra sangking garwa paminggir.

4. Retna Paloepi, katrimakaken pikantoek Radèn Djaka Soera, poenika soetané Empoe Soepa, ladjeng djinoendjoeng nama: Pangéran Senḍang Kanoman.

Poetra sangking garwa padmi Dèwi Tapèn.

5. Arija Baribin, kang katoenḍoeng kéntar méntar ḍateng kang raka, Sri Brawidjaja kaping 5 gangsal, késah mring Pakoewan Padjadjaran, krama pikantoek poetra tetilarané Sri Praboe Anggalajang, inggih Praboe Linggawastoe, saḍèrèk

wragilipoen Sri Praboe Silihwangi, kang nama: Ratoe Pamekas, inggih poenika trah toeroenipoen Sri Praboe Sijoeng Wanara.

Arija Baribin sisilih nama: Panḍita Poetra, ḍoekoeh Sidakarsa, Pakoewan Padjadjaran Kajangan.

----

6. Radèn Djaka Pamekas, nama: Arija Koedanarawangsa, oemandjing Islam, dados Moekmin kas, Arija Kanḍoeroewan, ingkang rama Pangéran Panggoeng, séda soemaré ing Goenoeng Djati Tjarebon.

----

lz.24. 2. Kodjar mangsoeli Radèn Djaka Baribin, ingkang djoeloek Panḍita Poetra, kang anggarwa poetranipoen Sri Praboe Anggalajang kang djoeloek Sri Praboe Linggawastoe, poetra kang nomer 4 sakawan poetra wragil, nama: Dyah Ratoe Pamekas, katjrijos sampoen poepoetra sakawan ingkang èstri wragil.

1. Radèn Djaka Kadoehoe, moelana méntar ḍateng tanah Wirasaba, ingkang ngèngèr ḍateng Kjai Gedé Boewara, tan lami kapenḍet mantoe ḍateng Kjai Adipati Wiraoedaja, Boepati Pakoewan Wirasaba, pikantoek Nikèn Rara Moekatiman, tan ing lami goemanti kang marasepoeh idin sangking Sri Praboe Brawidjaja kaping 5 gangsal Ratoe ingkang wekasan, nama: Adipati Wiraoetama, kang kaping 2 kalih Boepati Pakoewan Wirasaba, sabab sangking katriman poetri poetraning Sri Brawidjaja, kang No.40 kawan dasa sangking garwa paminggir, nama Dèwi Sampoer, saweg anggrebini, dipoen tingkebi, nigas lawé wenang Sang poetri kredat kapiḍara katemah praléna, mila ladjeng papali prasapa, saterah toeroen toemoeroen boten kénging tingkeb.

----

2. Radèn Djaka Banjak-sasra karem maratapa ḍateng tanah Pasir Loehoer, dahat loemoeh ing ngakrama, sangking banter kasoetapan, sareng doemoegi djaman Kraton Demak, Radèn Djaka Banjak-sasra waoe, ladjeng kapenḍet mantoe, déning Adipati Banjak-geleng, ing Pasir Loehoer, Adipati Banjak-geleng waoe kang garwa poetraning Soesoehoenan Tjarénda, Pakoewan Padjadjaran, nama: Rara Kasijan, Soehoenan Tjarénda waoe, poetranipoen Sri Praboe Goeroegantangan Pakoewan Padjadjaran.

   Déné Radèn Djaka Banjak-sasra, sampoen poepoetra djaler, nama Djaka Kaiman inggih Djaka Mangoen, ingkang dipoen poepoe ḍateng bijoeng bibi, kang karan Njai Mranggi, Sambarta ing Ngandjawar.

----

3. Radèn Djaka Banjak-goemara, ladjeng pinenḍet mantoe ḍateng Adipati Kaleng, sareng goemanti ingkang marasepoeh, nama Adipati Banjak Goemara, Boepati Kaleng ingkang kaping 2 kalih, karan Dipati Kaleng kaping kalih.

----

4. Nikèn Rara Woekoe, krama pikantoek Kjai Sambarta, Kjai Sambarta waoe, pakarijanipoen dados mranggi, damel wrangka ḍoewoeng, ladjeng karan: Njai Mranggi ing Ngandjawar, inggih poenika bijoengipoen bibi Djaka Kaiman Djaka Mangoen, nama kalih.

----

3. Kodjar Radèn Djaka Kadoehoe, sareng sampoen goemanti ingkang marasepoeh, nama: Adipati Wiraoestama, kaping 2 kalih, Boepati Pakoewan Wirasaba, garwanipoen kalih, garwa kang sepoeh, Nikèn Siti Moechatiman, inggih poenika poetraning èstri Adipati Wiraoedaja, Pakoewan Wirasaba, saèstoe trah bangsa Bani-asim. Garwa ingkang nèm Dèwi Sampoer, poetraning Sri Brawidjaja kaping 5 gangsal Ratoe

Madjapait ingkang wekasan, poetra ingkang No.40 kawandasa. Dené Adipati Wiraoetama waoe, ladjeng patoetan

blz.25. poepoetra 3 tiga, kados ing ngaṇḍap poenika.

Poetra sangking Nikèn Siti Moekatiman garwa sepoeh.

1. Radèn Djaka Lambang, saweg joeswa woloeng tjandra 8 woelan, dipoen wiloedjengi teḍak-siti karengga-rengga ngganggé toetoep poepoek mas, soewasa, slaka, abon-abon piranti sasapoet kartinipoen padatanipoen teḍak-siti, Radèn Lambang dipoen pèmèkaken anḍa teboe kaping tiga temah ladjeng pralaja, kaladjeng séda. /

Grebini poen garwa nèm Dèwi Sampoer.

2. Dèwi Sampoer, katjrijo~~a~~s saweg ngartali grebini woloeng tjandra, dipoen sareng kawiloedjengan tingkeb soemekta palakartinipoen sak bakdanipoen siram toek sanga sritaman, boesana anigas lawé wenang gènipoen ngartali sirna kimpès tanpa karana; woesana Sang poetri kredyat kapiḍara kaladjeng ngemasi katemah prelaja, sanalika Adipati Wiraoetama, ladjeng pepali prasapa teḍak toeroenira boten kénging ngganggé tingkeb teḍak-siti poepoek toetoep mas, soewasa, slaka, poetra wajah trah toeroen toemoeroen sami njinggahana.

Garwa ingkang sepoeh Nikèn Siti Moekatiman poepoetra.

3. Radèn Djaka Oerang, sampoening diwasa goemanti ingkang rama, nama Adipati Wiraoetama, kaping kalih ing Wirasaba.

----

4) Radèn Djaka Oerang Adipati Wiraoetama ingkang kaping 2 kalih Wirasaba, anggarwa poetranipoen Kjai Geḍé Boewara, nama: Nikèn Wresti, tan lami poepoetra djaler.

1. Radèn Djaka Rawin, sampoening ~~s~~ diwasa anggarwa poetraning

Adipati Gagak-ngampar Adipati Dajeh Loehoer, kang kaping 3 tiga, nama: Nikèn Dèwi Santang, nama: Adipati Soerawin, idin sangking Kangdjeng Soeltan Kamidil Ngalam Amiril Moekminin, Kangdjeng Soeltan Demak ingkang kaping sapisan.

---

5). Adipati Soerawin, Boepati Wirasaba, ingkang anggarwa poetraning Adipati Gagak-ngampar, Adipati ing Dajeh Loehoer kang kaping 3 tiga, nama Nikèn Dèwi Santang, kaseboet Njai Adipati Soerawin, sampoen poepoetra djaler:

1. Radèn Djaka Tambangan, sareng diwasa anggarwa poetraning Adipati Banjak-besi, ing Pasir Batang, goemanti ingkang rama, idin sangking Kangdjeng Soeltan Demak kaping 2 kalih, nama: Adipati Soeraoetama, Wirasaba.

---

6). Radèn Adipati Soeraoetama, ingkang garwa poetraning Adipati Banjak-besi, ing Pasir Batang, nama Dèwi Loenggé, blz.26. ladjeng kaseboet Njai Adipati Soeraoetama, sampoen poepoetra 5 gangsal.

1. Radèn Bagoes Warga, sareng diwasa anggarwa poetraning Panembahan Sénapati Mangkoeboemi, kang kaping 3 tiga, ing Pasir Loehoer, nama Nikèn Rara Srini, goemanti kang rama, nama: Adipati Wargaoetama, idin sangking Kangdjeng Soeltan Demak ingkang wekasan, Boepati Wirasaba.
2. Ki Bagoes Djaka Goemingsir, dipoen tanem déning soedarma, wonten ing Pasir Bata(ng).
3. Ki Bagoes Soewardja, dipoen tanem déning soedarma, wonten ing tanah Banjoeréka, ladjeng karan: Kjai Gedé Banjoeréka.
4. Ki Bagoes Soewardja ? , tinanem déning soedarma, wonten tanah Pandjer, ladjeng karan Kjai Gedé ing Pandjer.

Poetra sangking garwa paminggir.

5. Ki Serangpati, teksih kinèn angladosi dateng ingkang rama, wonten ing Wirasaba.

---

7). Kjai Adipati Wargaoetama, ing Wirasaba, ingkang garwa poetraning Panembahan Sénapati Mangkoeboemi, kang kaping 3 tiga, ing Pasir Loehoer, nama: Nikèn Rara Srini, karan Njai Adipati Wargaoetama, idin sangking Kangdjeng Soeltan Demak ingkang wekasan, dadoe Boepati Wirasaba, ladjeng sineboet, Adipati Wirasaba, ingkang séda wonten ing goesoen Ngleres inggih Bener, tanah Ngoeroet Sewoe Bagelèn, poepoetra 4 sakawan:

1. Nikèn Rara Kartimas, ingkang katrimakaken dateng abdi poenakawan, nama: Bagoes Djaka Kaiman inggih Djaka Wangoen, anaking Njai Mranggi Ngandjawar, Samberta, poenika poetranipoen Radèn Banjak-sasra Bagoes Kaiman waoe.
2. Ngabèhi Wirakoesoema, tinanem déning soedarma, wonten ing Senon, karan Kjai Gedé Senon, poepoetra djaler goemanti soedarma, nama Ngabèhi Mretadipoera, ing Senon.
3. Ki Ngabèhi Wargawidjaja, katanem déning ingkang ipé, goemanti wonten ing Wirasaba, poepoetra djaler noenggaksemi soedarma, Ngabèhi Wargawidjaja kaping 2 kalih, ladjeng pindah wisma dateng Ngadiradja ing tanah Krawang.
4. Nikèn Rara Soekartijah, kang kapendet mantoe dateng Kjai Gedé Banjak-réka, waktoe semanten sarèhning teksih laré èstri kaliten, dèreng mangsa, anggènipoen imah-imah amoeng gantoeng-kawin, k(g)antoeng bodja, sareng lami-lami sami élik salaki-rabi, ladjeng tinalak pegat déning koekoem pasah ing Pangoeloe, sampoening laré èstri idah saking talaking Pangoeloe sah, pegat salaki-rabi waoe, Kangdjeng Soeltan Adi Amidjaja Praboe Kamidil Ngalam, ing Padjang, kang kaseboet Kangdjeng Soeltan Padjang, da-

woeh ḍateng Patih sawrenining para Boepati mantja nagari,
sami kalados-ena ḍateng nagari Padjang, Kangdjeng
Soeltan karsa moenḍoet anaking Boepati kagem palara-lara,
blz.27. Kjai Adipati Wargaoetama waoe, ngladosaken anakipoen èstri,
ingkang sampoen dipoen pérak sah sangking koekoem,
nama: Nikèn Rara Soekartijah, tilas kang kemantoe ḍateng
Ki Geḍé Banjak-réka waoe, sampoening laré èstri loemados
ḍateng Padjang, anaking djaler Ki Geḍé Banjak-réka,
kasoeprih pépé ḍateng nagari Padjang njoewoen adil
boten trimah, déné sémahipoen kaladosaken palara-lara
ḍateng Padjang, wektoe semanten, Kjai Adipati Wargaoetama,
moendoer mantoek sangking nagari Padjang, samengkeré
Adipati Wargaoetama, Kangdjeng Soeltan mijos Senèn
Kemis siwaka saswana mangoentoer tinangkil, ing wringin
koeroeng wonten tijang pépé, Kjai Patih mriksa sekawit
ing woesananipoen, atoeripoen tijang Banjoe(k)réka, anakipoen
Ki Geḍé Banjoe-réka, njoewoen adil, déné sémahipoen
dipoen ladosaken pelara-rara, koendjoek Kangdjeng
Soeltan. Sampoening katrangan Kangdjeng Soeltan Padjang
djadja bang mawinga-winga, wengis ḍawoeh ḍateng Patih,
Ki Pramantja, kakresakaken anoengka lampahé Dipati Wargaoetama,
Wirasaba, noelja noeding tjoendaka kalih, lampah
lantjaran, Kangdjeng Soeltan djengkar ngeḍaton, lenggah
Poerba-soejasa, kinèn dangoe. Nikèn Rara Kartijah,
atoeripoen: Goesti saweg kawoela laré kemantoe ḍateng
Ki Geḍé Banjoe-réka, rèhning tekeih alit dèrèng mangsa,
gantoeng kawin gantoeng bodja, lamining dinten kawoela
élik salaki-rabi, boten remen sangking tyang sepoeh,
dipoen pirak katalak kakim Pangoeloe sah, idahipoen kawoela
ladjeng dipoen ladosaken plara-lara poenika koendjoek
ngarsa Kangdjeng Soeltan poenika. Kangdjeng Soeltan
mireng atoeré, Rara Soekartijah èsmoe pidoewoeng,

kirang titi pariksa, para Goesti kinèn ḍawoeh noetoeti wandèkaken kisasipoen Kjai Dipati Wargaoetama waoe, tyandya tinoetoetan tjoendaka malih.

Kjai Adipati Wargaoetama, sipeng wonten ing grijanipoen saḍèrèkan ing ḍoesoen Bener Ngleres, oeroet Sèwoe, waktoe semanten angganipoen saré wonten balé bapang, balé bapang poenika ingkang ka-alangaken salongkangipoen panḍapi, antawisipoen grija, ḍapoer mekaten:

Kjai Dipati saré  balé bapang, pringgitan malang, lèmèk wiḍig katoempangan gelaran bangka kasoer polèng kadjang-sirah polèng.

Singeban kampoeh baṭik rèdjèng agemipoen mentas sangking Padjang, alam kina boten mawi tjoetjoel, teksih kampoehan kimawon andjawi rawoeh dalem. Andjing baḍé kondoer dipoen ladosi sarapan, sekoel liwet oelam kapindangaken banjak; ḍahar antawis kalih kepel, tjoendaka gandèk ḍateng kinèn ndoemoegèkaken tjoendaka ngentosi, boten dangoe tjoendaka kang noesoel moeroengaken kisas, ngawé-ngawé ḍateng kantjanipoen sareng sangking katebihan raos-raos angènggalaken ngloenas pedjahipoen Kjai Dipati waoe ladjeng kaprawasa ginotjo, tjoendaka ingkang kantoen njikep dados brawala sami geloet. Kjai Adipati Wargaoetama, sampoen arodjah-radjèh, aming teksih èngat, kantja tjoendaka sampoen sami brawala, sami leresipoen, boten wonten

lz.28. ingkang sisip, boten wonten ingkang lepat secaja-sedaja anglampahi ajahanipoen Ratoe, ingkang lepat sisip poenika koela, kawoela moeng sadarmi anglampahi, ing tembé boeri kèri anak poetoe toeroen toemoeroen, adja nganggo djaran woeloe ḍawoek bang, soeri kotjèn, nganggo kampoeh rèdjèng, loemakoe dina Setoe Paing, toeroe ana balé bapang, sèmèk wiḍig kalambaran kalasa bangka, kasoer polèng bantal polèng ora kena, menawa ora koewat kaja akoe moendak-moendak dadi roebédaning lakoe dadi tjandèk-ala koerang slamet sapandoewoeré, moeng papalikoe prasapa, Kjai Dipati Wargaoetama ladjeng mantjal doenja koendoer ing rahmatolahi, lajon binekta ing Banjoemas.

----

8). Mangsoeli kodjar poetra ingkang badjeng Nikèn Rara Kartimas, ingkang krama pikantoek Bagoes Djaka Kaiman inggih Djaka Mangoen, anak poeponipoen Njai Sabarta Njai Mranggi ing Ngandjawar, ingkang toemoet tetoeloeng babad-babad wana Banjoemas, Djaka Kaiman waoe, boten lami goemanti ingkang marasepoeh, kalilan anoenggak-semi kang marasepoeh nama: Adipati Wargaoetama ingkang kaping 2 kalih, ing Wirasaba, angsal idin sangking Kangdjeng Soeltan Adi Amidjaja Praboe Kamidil Ngalam ing Padjang, Sri Soeltan Padjang, kodjar waktoe semanten sangking kresanipoen Adipati Wargaoetama ingkang kaping 2 kalih waoe, siti sa-bawah Wirasaba sadaja, dipoen para sekawan, sedèrèk dateng, Senon, dateng Wirasaba, dateng Pandjer, dateng Ngandjawar, ladjeng Adipati Wargaoetama kaping 2 kalih, sineboet Adipati Mrapat, wit sangking adil dateng para sedèrèk sekawan waoe, tan lami noelja linggar sangking Wirasaba, ngalih dedalem sa-lèr-kilènipoen doesoen Ngandjawar, tanah wana ing Mangli beneré kajoe tambaga, sampoenipoen rampoeng binabad-babad, kadamel tetloekah padoekoeh kinanja-kanja kija, sampoening ardja tentrem karan kija ing Banjoemas, inggih Adipati Wargaoetama kang kaping kalih waoe ingkang pikantoek poesaka doewoeng sangking Kjai Tolih poesaka sangking nagari Keling, Ngatas-angin, katelah karan doewoeng Kjai Gadjah-éndra, sanès poesaka sangking Wirasaba, Kjai Tolih waoe ingkang njoekani poesaka doewoeng poenika.

Wondéné Kjai Adipati Wargaoetama kaping kalih Adipati Mrapat waoe, poepoetra 6 nem idji:

----

1. Kjai Martasoeta ing Koripan.
2. Ngabèhi Djanah, anggarwa poetraning Panembahan Wirakoesoema ing Goemelem.
3. Kjai Martawadana, sinoeng lenggah ing Pajana, Danaradja.
4. Kjai Martamenggala, ing Sélamreta Bandjarnagara.
5. Njai Soetapraja, sinoeng lenggah ing Banjak Pakikiran, Sama-agoeng.
6. Njai Wirakoesoema, sinoeng lenggah ing Papringan, lan Mandirantjan.

Sampoen djangkep poetra 6 nem idji.

----

9). Kjai Martasoeta, ing Koripan garwa sampoen poepoetra, Kjai Sèsèr, Kjai Sèsèr sémah poepoetra, Kjai Koripan, sémah poepoetra, Kjai Roga Mretarana.

----

blz.29. Kodjar poetra kang No.3. tiga Kjai Martawadana, ing Danaradja, sémah poepoetra/Kjai Nalawadana, sémah poepoetra, Kjai Singawadana, sémah poepoetra 3 tiga, 1 Kjai Kretawedana, 2 Kjai Tjandrajoe, 3 Njai Wiradita.

/ 1

2. Ki Saramenggala, sémah poepoetra, Ki Prajamenggala.

Poetra kang No.4 Kjai Martamenggala Sélamreta, sémah poepoetra 3 tiga, 1 Kjai Tirtajoeda, sémah poepoetra Kjai Kretamenggala, sémah poepoetra, Njai Santamenggala, sémah poepoetra, Ki Tajoeda.

1.

Poetra kang No.5 Njai Soetapraja, ing Banjak Pakikiran Sama-agoeng, sémah poepoetra:

1. Kjai Natapraja, sémah poepoetra, Kjai Dipapraja, kalih Kjai

Prajadiwangsa, Kjai Dipapraja sémah poepoetra, Kjai Martadøiwangsa, sémah poepoetra, Ki Tirtajoeda, kalih Njai Ditapraja.

Kalih Kjai Prajadiwangsa sémah poepoetra, Ki Imbaraga.

Poetra kang No.6 nem, Njai Wirakoesoema Papringan sémah poepoetra,

1. Ki Wirasoeta, sémah poepoetra, Kjai Wiranangga, sémah poepoetra, Ki Wiradita, sémah poepoetra, Ki Poesparana, sigeg.

----

9). Kodjar sak sédanipoen Adipati Wargaoetama kaping 2 kalih karan: Adipati Mrapat, ing Banjoemas, ingkang goemanti kalenggahan, poetra ingkang No.2 kalih, nama Ngabèhi Djanah, sinoeng nama: Adipati Djanah, Boepati Banjoemas, kasoeda pangwasanipoen ananging siti sèwoe ing Banjoemas teksih loeloes, ing Pandjer, Mredèn, Dajeh loehoer, kalilan matjoeng p~~k~~jambak-pjambak, sabab ing nagari Padjang Demak satoes nagari domas Ratoenipoen lelima, nagari ngalih mring Mantaram, waktoe semanten alamipoen Pandjenengan Kangdjeng Panembahan Sénapati Kangdjeng Soehoenan kang séda Kadjenar, Bagelèn doemoegi Ingkang Sinoewoen Kangdjeng Soehoenan Ngalagadinan, Séda Krapjak soemaré Kija Ageng.

Adipati Djanah anggarwa poetraning Panembahan Wirakoesoema ing Goemelem, Adipati Djanah poepoetra; poepoetra 21, poetra djaler 10, poetra èstri 11 idji.

Poetra sangking padmi.

1. Badjeng Ngabèhi Martasoera, ing Genting.
2. Kjai Doelkerta, ing Semèroe.
3. Kjai Tjitranangga, ing Koripan.

Poetra sangking paminggir.

4. Kjai Tjitrawadana.

blz.30. 5. Kjai Sarapraja.

6. Kjai Patranangga.

7. Kjai Djebèng-koelon.

8. Kjai Mretawangsa, ing Sangkratan, poepoetra, Ki Mretawangsa ping 2 kalih.

9. Kjai Patrajoeda, ing Semaroem, sèmah poepoetra, Ki Patratroena.

10. Kjai Tjandrawadana ing Senon, sèmah poepoetra, Ki Tjandranangga.

11. Njai Tjakrataka.

12. Njai Wangsajoeda.

13. Njai Dipajoeda, sèmah poepoetra 2 kalih, 1 Njai Singamenggala, 2 Njai Kramawidjaja.

14. Njai Natapraja, ing Sèlamreta Bandjar sèmah poepoetra, Njai Djabardan.

15. Njai Ranadala.

16. Njai Pekadja.

17. Njai Panggis-sari.

18. Njai Masigit.

19. Njai Wiranangga.

20. Njai Saranala.

21. Njai Saranaja.

Djangkep poetra selikoer.

Poetra kang No.2 kalih Kjai Doelkerta sèmah poepoetra:

1. Njai Kretanangga, sèmah poepoetra Ki Astra-nangga, poepoetra 2 kalih, 1 Njai Astra-wetjana, 2 Mas Rara Laki.

Poetra kang No. 3 tiga, Kjai Tjitranangga ing Koripan sèmah poepoetra 4 .

1. Ki Tjitranangga ping 2 kalih sèmah poepoetra 3 tiga.

1 Ki Kretawangsa, sèmah poepoetra 3 tiga, 1 Ki Demang Mretawangsa, sèmah poetraning Ngabèhi Martasoera, Genting, poepoetra Ki Saddawangsa.

2. Njai Anggataroena, sèmah poepoetra poen Kèngel.

3. Njai Anggatjitra, sèmah poepoetra 4 sakawan.

   1 Ki Anggatroena.
   2 Ki Ditanangga, poepoetra 9.
   3. Ki Anggawetjana.
   ∠ Nj~~i~~a 4.∠~~I~~djeng Poenijem.

Sigeg.

---

10). Gotèk, Ngabèhi Martasoera, ing Genting, satilaripoen sèda ingkang rama, goemanti dados Boepati nama: Adipati Djanah ping 2 kalih, kodjar sadèrèngipoen goemanti kalenggahanipoen ingkang rama, Ngabèhi Martasoera, karem maratapa, wonten ing kali Getoek, ngantos karan Ngabèhi Kali Getoek, anggarwa ing Koripan, dedalem ngalih dateng ing Tjepaka, dados Boepati ing Banjoemas, waktoe semanten alamipoen Ingkang Sinoewoen Kangdjeng blz.31. Soeltan Agoeng Praboe Anjakra Koesoema ingkang Ngedaton ing Kreta, tanah Mantaram, dènè Adipati Djanah kaping 2 kalih waoe, katjrijos poepoetra 13 tiga welas, ingkang djaler 5 gangsal, ingkang èstri 8 woloe kados kaseboet ing ngandap poenika:

Poetra sangking garwa padmi.

1. Ngabèhi Martajoeda, ing Tembawang.
2. Nji djeng Mretawangsa, anggarwa Demang Mretawangsa kaprenah poetoe misan, poepoetra 5 gangsal, 1 Ki Saddawangsa, poepoetra 3 tiga.

   1 Ki Sadiwangsa.
   2 Njai Anggadiwangsa.

3 Rara Gijah.

---

2. Kjai Soeranggapati, sėmah poepoetra 3 tiga.

1 Bagoes Nasir.
2 Rara ~~d~~ Doewet.
3 Bagoes Seprat.

---

3. Njai Setjaranoe, sėmah poepoetra 3 tiga.

1 Njai Anggadipa.
2 Kjai Setjawidjaja.
3 Bagoes Senggama.

---

4. Njai Soetajoeda, sėmah poepoetra 3 tiga.

1 Njai Mretadiwangsa.
2 Kjai Soetajoeda ping 2.
3 Bagoes Djoblah.

---

5. Kjai Soemadiwangsa.

---

3. Njai Kendoeroewan ing Ngajah,
poetra sangking garwa paminggir.

4. Ki Kretatroena, sėmah poepoetra 2 kalih.

1. Kjai Wiraserana sėmah poetra 1 Ki Soeradjaja.
2 Ki Kretadjaja.

---

2. Bak-adjeng Singamenggala, poepoetra 3 tiga.

1 Ki Soeradiwangsa.
2 Ki Singamenggala ping 2.
3 Ki Demang Soeradeksana.

---

blz.32. 5. Kjai Wiramreta.

6. Kjai Ekatroena.

7. Njai Kaloerahan.

8. Njai Soetadjiwa.

9. Njai Tjitranangga.

10. Njai Renggawati.

11. Njai Mretapradja.

12. Njai Samawana.

13. Kjai Patradita, poetra wragil djangkep poetra 13 tiga welas. Sigeg.

---

11). Kodjaripoen, Ngabèhi Mretajoeda, ing Tembawang, sak sèdaning kang rama, goemanti dados Boepati ing Banjoemas, waktoe soemanten idin sangking Ingkang Sinoewoen Soehoenan Mangkoerat Ageng dinan, ingkang ngedaton alam ing Ngèksiganda, Mantaram, karan Karaton Palèrèd, kang sèda soemarè Tegal-aroem, tanah Pasoendan, semanten, ing Banjoemas waoe tetep pamaosan Dalem, aming siti 4000 kawan èwoe karija, ing Pasir, ing Ngajah, ing Mredén, ing Dajeh loehoer, ing Sigaloch, ing Krawang, ing Pandjer, ing Bandjar, kinèn sami matjoeng paosipoen pjambak-pjambak.
Dedalem kala teksih wonten ing Tembawang, Banjoemas pinda-pinda kados dènè nagari agoeng, masdjid, lan dalem sami dados, katjrijos garwanipoen ingkang saking Mertakanda. Dènè Adipati Mretajoeda, sampoen poepoetra 14 kawan welas, djaler 10, kang èstri 4 sakawan, kados ngandap poenika.

Poetra sangking garwa padmi.

1. Ngabèhi Mretajoeda, noenggak-semi kang rama: Mretajoeda kaping 2 kalih.

2. Kjai Banjak-widè, ing Bandjarnagara, sèmah poepoetra 4.

1 Ngabèhi Mangoenjoeda ing Bandjar, sèmah poepoetra 3 tiga.

1 Bagoes Djenawi, sémah poepoetra

1 Njai Adjeng Ripah.

2 Bagoes Batang, sémah poepoetra 2

1 Njai Adjeng Mangoendipoera.

2 Ngabéhi Mangoen-joeda, Bandjar.

3 Njai Kendoeroewan anggarwa Ngabéh. Kendoeroewan sapisan, ing Roma, poepoetra 2.

1 Njai Mangoenegara, ing Kaboemén.

2 Ki Mangoen-djaja.

2 Kéntol Kertajoeda, sémah poepoetra 4 sakawan.

1 Ki Bagoes Bana.

2 Bagoes Bengawan.

blz.33. 3 Njai Adjeng Minah.

4. Njai Adjeng Basijah.

---

3. Kjai Ngabéhi Martasoera, sémah poepoetra 9 sanga.

1 Bagoes Besar, sémah poepoetra kalih, éstri djaler.

2 Bagoes Kanta.

3 Njai Poesparaga, sémah poepoetra 3 tiga.

1 Bagoes Benggali.

2 Bagoes Dingkel.

3 Bagoes Badra.

---

4 Njadjeng Rangga Soeradipa, ing Singasari, sémah poepoetra 6 nem.

1 Ki Rangga.

2 Ki Singapraja.

3 Ki Resajoeda.

4 Bagoes Dongkol.

5 Njadjeng Soeramenggala.

6 Njadjeng Setjawidjaja.

---

5. Njadjeng Djakarija anggarwa Pangoeloe Banjoemas, poepoetra 2 kalih.

    1 Bagoes Djelalén.
    2 Bagoes Enoch.

---

6. Njadjeng Soeradirana, sémah poepoetra 1 djaler 2 kalih éstri.

---

7. Njadjeng Kretawangsa, sémah poepoetra 3 tiga, 2 kalih djaler, 1 éstri.

---

8. Njadjeng Demang Malang, sémah poepoetra, Njadjeng Samijah, anggarwa Ngabéhi Djagawadana Patih Banjoemas, poetra 2 kalih.

    1 Njai Noerkasan anggarwa Pengoeloe Sokaradja, poetra 1, Ki Pangoeloe Noermoekamad, ing Sokaradja.
    2 Njai Demang Soeradipa, sémah Demang Soeradipa, poetra 2 kalih.
        1 Njai Pangoeloe Ambjah.
        2 Njai Djagawadana.

---

9. Njai Mertadiwangsa, sémah poepoetra 2 kalih djaler, 1 éstri.

---

blz.34. Poetra sangking garwa paminggir.

4. Demang Prajadita, sémah poepoetra 4 sakawan.

    1 Njai Dipajoeda.
    2 Njai Ditadjaja.
    3 Njai Prajadikara.
    4 Njai Wiradirana, sémah poepoetra 2 kalih
        1 Njai Salamah.
        2 Njai Wiradirana ping 2.

---

5. Demang Soerajoeda, sémah poepoetra satoenggil.
1 Njai Adjeng Sastrajoeda, sémah poepoetra 3 tiga:
1 Njai Wetan.
2 Njai Poerwamenggala.
3 Njadjeng Wangsamenggala.

----

6. Demang Tirtajoeda, sémah poepoetra 3 tiga.
1 Njai Adjeng Soeradjaja, sémah poepoetra 2 kalih:
1 Njadjeng Resajoeda, sémah poepoetra Njadjeng Soemadjaja.
2 Bagoes Sembana.

----

2 Njadjeng Tjandrajoeda, sémah poepoetra 3 tiga.
1 Njadjeng Djajoeda.
2 Njadjeng Banijah.
3 Bagoes Joedjana.

----

3 Njadjeng Setjawirana, sémah poepoetra 2 kalih:
1 Ki Setjajoeda.
2 Ki Setjawigati.

----

7. Demang Soeradiwangsa, sémah poepoetra 5 gangsal:
1 Njadjeng Dadawikara, sémah poepoetra 1
Njadjeng Wiramenggala.

----

2 Kjai Djasoeta, sémah poetra 2 sami èstri.

----

3 Ki Soeradiwangsa ping 2 kalih, sémah poepoetra 5:
1 Njadjeng Soerawangsa;
ingkang djaler 4 sakawan.

----

4 Ki Soeradiwangsa, sémah poepoetra 3 tiga:

1 Njadjeng Ngesok.
2 Njadjeng Ngarih.
3 Njadjeng Bedrèk.

---

blz.35. 5 Ki Soeramreta, sémah poepoetra 1 satoenggil:

1 Njai Troenadiwangsa.

---

8 Ki Demang Djangli, ing Keḍoeng-woeloeh, sémah poepoetra 11 sawelas:

1 Ki Nalajoeda, sémah poepoetra 2 kalih:

1 Bagoes Banar.
2 Bagoes Sagar.

---

2 Kjai Ditajoeda, sémah poepoetra satoenggil:

1 Bagoes Beḍoeg.

---

3 Bagoes Bandar.
4 Bagoes Galoer.
5 Bagoes Mi(ng)goe, sémah poetra satoenggil djaler.
6 Njadjeng Témbong sémah poepoetra 5 gangsal:

1 Goes Goedder.
2 Goes Gembok.
3 Goes Galre (ler ?).
4 Rara Toemboe.
5 Njadjeng Lébrak.

---

7 Njai Ḍeḍèk, sémah poepoetra 3; 1 satoenggil djaler, 2 èstri.
8 Njai Timoer sémah poepoetra 2 kalih djaler èstri.
9 Njai Adjeng Soga sémah poepoetra 2 kalih djaler èstri.
10 Njadjeng Mangijah, sémah poepoetra 2 kalih djaler èstri.
11 Njadjeng Badrak sémah poepoetra 1 satoenggil djaler.

---

9. Kjai Pembajoen, sémah poepoetra 2 kalih:
    1 Bagoes Redi.
    2 Ki Najadipa.

----

10. Ki Demang Soerapraja, sémah poepoetra satoenggil:
    1 Demang Soerapraja ping 2 kalih, poepoetra Bagoes Sawon.

----

11. Njai Kretamenggala, sémah poepoetra 5 gangsal:
    1 Kjai Kretawidjaja ping 2, sémah poepoetra 2 kalih:
        1 Njai Ked̲ok.
        2 Kjai Ent̲it.

----

    2 Njai Mend̲eg sami karan anak.
    3 Njai Singanangga.
    4 Njai Èkatroena.
blz.36. 5 Njai Mretamenggala, sémah poepoetra 5 gangsal:
        1 Njai Soetamenggala, sémah poepoetra djaler èstri.
        2 Njai Tanoemenggala, sémah poepoetra djaler èstri.
        3 Njai Djajadiwangsa, sémah poepoetra djaler èstri.
        4 Njai Kretawidjaja, sémah poepoetra djaler èstri.
        5 Njai Setjadiwangsa, sémah poepoetra djaler èstri.

----

12. Njai Soeranala, ing Sèlamreta Bandjar, sémah poepoetra 1:
    1 Njadjeng Djajaleksana, sémah poepoetra 2 kalih:
        1 Kjai Djajaleksana ping kalih.
        2 Kjai Mretamenggala.

----

13. Njai Adjeng Toembal, sémah poepoetra 1 satoenggil djaler.

14. Njai Adjeng Bodri, sémah poepoetra 1 satoenggil djaler.

Sampoen djangkep poetra 14 kawan welas poetraning Adipati Martajoeda, sangking Tembawang, Banjoemas.- sigeg.

---

12). Kinodjar, poetraning kang sepoeh mbadjeng ingkang noenggak-semi, ingkang nama: Ngabèhi Martajoeda, waoe, sasédané kang rama, dados Boepati ing Banjoemas, kaparingan nama: Kjai Toemenggoeng Joedanagara, waktoe semanten amarengi alam adegé Sang Adji Ingkang Sinoewoen, Mangkoerat-dinan ingkang djinoendjoeng déning Atmiral karan Amral, ing nagari Wana Kreta sapisan; winoersita saḍèrèk Dalem 22 kalih likoer idji, ingkang kakoeng 10 idji, poetri 12 idji. Déné poetri Dalem ingkang sangking: garwa ~~xx~~ paminggir, Mas Ajoe Majangsari, poetri asli sangking Majang, poetra patoetan nama: Radèn Adjeng ~~t~~ Broengoet, parab Radèn Ajoe Kaleting-koening, ladjeng nama Radèn Ajoe Poetjang, katrima~~k~~kaken pikantoek Arija Sindoeredja, Papatih Dalem ing nagari Wanakarta. Radèn Ajoe Poetjang, sampoen poepoetra djaler nama: Radèn Soekra, ladjeng nama Radèn Natadirdja. Déné poetra sangking garwa padmi, Kangdjeng Ratoe Kantjana, poetri asli sangking ing Karanon, nama: Radèn Adjeng Kaleting-koening kaping 2 kalih, ingkang kabojong kapenḍet garwa ḍateng Troenadjaja. Déné sak paḍemipoen Troenadjaja, sangking karsa Dalem kang raka, Ingkang Sinoewoen Mangkoerat-dinan, Kartasoera, katrimakaken pikantoek Kjai Toemenggoeng Joedanagara, ingkang sapisan, Boepati Banjoemas. Déné Radèn Adjeng Kaleting-koening kaping ka~~o~~lih waoe, ladjeng dipoen paringi nama: ḍateng raka Dalem Kangdjeng Soehoenan Mangkoerat-dinan, djoemeneng déning Amral Atmiral,

blz.37. ing Wanakarta, nama: Radèn Ajoe Bendara, dados anggarwa Kjai Toemenggoeng Joedanagara, Martajoeda Boepati Banjoemas sapisan waoe.

Kodjar poetra sangking garwa paminggir langen Dalem nama: Mas Kenja poetra Dalem kang No.15 gangsal welas, nama Radèn Ajoe Kaleting-biroe, sangking karsa raka Dalem Kangdjeng Soehoenan Mangkoerat-dinan waoe, katrimakaken pikantoek Bagoes Lemboe, inggih Toemenggoeng Mangkoejoeda, asli Keḏoe Kaṯiṯang, saḏèrèking djaler sami djaler Bagoes Boewang, Toemenggoeng Natajoeda, sami asli Keḏoe Kaṯiṯang, kinèn madanani siti Keḏoe dipoen palih, sareng palihan nagari, Toemenggoeng Mangkoejoeda ḏateng Soerakarta, Toemenggoeng Natajoeda ḏateng Ngajoegja, sami poetranipoen Radèn Toemenggoeng Mangkoejoeda, ingkang sahit ing bètèng Keḏiri, lajon soemaré Keḏoe Kaṯiṯang.-

Déné poetra Dalem patoetan sangking Kangdjeng Ratoe Kentjana, poetri asli sangking Keranon, poetra kang No.16 nem belas, Radèn Ajoe Kaleting-woengoe nama: Radèn Ajoe Rangga Kaliwoengoe; sareng paḏeming laki, Kjai Rangga Kaliwoengoe waoe, Radèn Ajoe Rangga Kaliwoengoe ladjeng katrimakaken pikantoek Kjai Adipati Mangkoepradja, poenika.

Déné poetra Dalem sangking garwa paminggir, nama Mas Tasik, poetra kang No.21 Radèn Ajoe Kaleting-dadoe, katrimakaken pikantoek Radèn Danoeredja, Papatih Dalem ing nagari Kartasoera, Radèn Danoeredja asli Boepati Djapara, toeroen ing Kerèḏètan.

Sasampoenipoen katariman seḏèrèk Dalem, Radèn Ajoe Bendara, Kjai Toemenggoeng Joedanagara, inggih Martajoeda, Boepati Banjoemas, ḏawoeh Dalem Ingkang Sinoewoen Mangkoerat-dinan, Wanakarta, Mantaram, ing Banjoemas siti 4000 kawan èwoe, ing Pasir, ing Pandjer, Ngajah, ing Mardèn, ing Ḏajeh Loehoer, ing Segaloeh, ing Krawang, ing Bandjar, kinèn sami Medanani ḍateng Kaboepatèn ing Banjoemas, Boepati Banjoemas waoe kalilan menganggé bawat penganggéné Boepati, mangsa Bakda Sijam oetawi Besar kalilan garebegan ḍoesoen, jèn mangsa Garebeg Moeloed loemebet ing nagari, bajar paos Dalem. Déné dalem teksih wonten ing Tembawang, woes dadya, Kliwonipoen Ki Banjak-wiḍé ing Bandjar, Patihipoen Ki Ngabèhi Martasoera, déné Kjai Toemenggoeng Joedanagara waoe, garwanipoen Radèn Ajoe kèkalih, garwa kang sepoeh Radèn Ajoe Bendara, garwa ingkang nèm Radèn Ajoe Anggèr.

blz.38. Doek semanten ing nagari Dalem Mantaram sampoen ngalih sangking Wanakarta, ḍateng ing Kartasoera, sareng Pandjenengan Dalem Ingkang Sinoewoen Kangdjeng Soehoenan Praboe, Kjai Joedanagara waoe, tampi sesikoe Dalem, awit djalaran sangking wadoelé Radèn Ajoe Bendara, jèn ing sapoenika Kaboepatèn ing Banjoemas pangatoeran tjara kados Kaḍaton, ngalih ngingah parekan kawan dasa tijang, damel lelangen Jasa-kambang, awit Radèn Ajoe Bendara boja naté dipoen giliri, Kjai Toemenggoeng Joedanagara, patrapipoen tansah léjangan poenḍak, amparan soekoe anèng pangkoné para parekan, kawan dasa waoe, mila sineboet karan Kjai Toemenggoeng Joedanagara, koekoem ing Koḍan, oetawi séda mesdjid, ing Kartasoera, ladjeng semaré wonten ḍoesoen Koḍan, ladjeng para ahli sami rembag pamoeteripoen kabekta soemaré ing Banjoemas wonten ing Astana Bendoengan, tilar poetra kakoeng 10 sadasa, èstri 4 sakawan, goenggoeng poetra 14 kawan welas, kados nganḍap poenika.

Poetra sangking padmi Radèn Ajoe Bendara.

1. Bagoes [illegible] Mali.

Poetra sangking padmi Radèn Ajoe Anggèr.

2. Radèn Ngantèn Mangoen-joeda, wonten Bandjar, naming gaboeg.
3. Radèn Ngantèn Wangsanagara, Logeḍé Pandjer.

poetra sangking garwa paminggir.

4. Kjai Soemawangsa, sémah poepoetra 2 kalih:
    1 Ki Soemadiwangsa.
    2 Njai Joesoep.

---

5. Kjai Martajoeda, sémah poepoetra 5 gangsal:
    1 Kjai Mangoen-djaja.
    2 Bagoes Kanḍa.
    3 Bagoes Kopre (per ?).
    4 Njai Oemboek, karan anak.
    5 Njai Ganijah. » »

---

6 Kjai Soemadirana, sémah poepoetra 3 tiga:
    1 Bagoes Soembrahan.
    2 Bagoes Djempana.
    3 Mas Rara Baji.

---

7. Kjai Patradirana, sémah poepoetra 1 satoenggil:
    1 Bagoes Bahman.

---

blz.39. Poetra sangking garwa paminggir.

8. Kjai Tjandrajoeda, sémah poepoetra 3 tiga:
    1 Bagoes Rimba.
    2 Njai Banijah.
    3 Mas Rara Toemboe.

---

9. Kjai Soerajoeda, sémah poepoetra, satoenggil:
    1 Noenggak-semi, Soerajoeda ping 2 kalih, poepoetra:
        1 Ki Sastrajoeda, sémah poepoetra
            1 Njai Wétan.

---

10. Kjai Wiradirana, sémah poepoetra 2 kalih:

1 Ngabèhi Salamah.

2 Ki Wiradirana ping 2 kalih.

---

11. Kjai Mretanagara, sémah poepoetra 3 tiga:

1 Bagoes Ganjen.

2 Ki Soemadirana.

3 Demang Resadirana, sémah poepoetra 10.

1 Demang Resamoerdjaja, sadèrèk sanga idji.

---

12. Kjai Mangoen-djaja, sémah poepoetra satoenggil:

1 Njai Adjeng Mangoendjaja ping 2 kalih.

---

13. Njadjeng Patramenggala, sémah poepoetra 2 kalih:

1 Ki Soeradiwirja.

2 Mas Rara Loekijah

---

14. Njai Tisnawidjaja, ing Djamboe, sémah poepoetra 3 tiga, ~~a~~ 2 djaler, 1 èstri.

Djangkep poetra 14 kawan welas. Sigeg.

---

13). Gotèk salèrehipoen potjot Toemenggoeng Soeradipoera, Bagoes Mali, poetranipoen Kjai Adipati Joedanagara, sapisan, poetra patoetan sangking Radèn Ajoe Bendara, poetra mbadjeng ginandjar dipoen karsakaken goemanti kalenggahanipoen Boepati ingkang rama, nama: Radèn Toemenggoeng Joedanagara, kaping 2 kalih, Boepati ing Banjoemas, dedalem ladjeng ngalih dateng Karangkamal, Banjoemas.

Winoersita, garwanipoen padmi tiga, 1 garwa sepoeh Njai Adjeng Joedanagara, karan Njai Adjeng Banjoemas, Njai Adjeng Banjoemas waoe poetraning èstri Ngabèhi Joedaprana, Patih Kaboepatèn Kali Woengoe, ingkang toemoet dateng ingkang raka, ngloeroeg dateng ing Demak; ingkang séda blz.40. sahit prang daweg Petjina, lajon soemaré ing doesoen Tajana, tanah Demak, inggih poenika poetraning Radèn Rangga Soera-adimenggala, kaping 3 tiga, ing Kali Woengoe; Radèn Rangga Soera-adimenggala ping tiga, poetraning djaler Radèn Rangga Soera-adimenggala kaping kalih, Rangga Kali Woengoe, poenika poetraning Radèn Rangga Soera-adimenggala ping sapisan, kang séda lajon soemaré goenoeng Prawata, sisih kilèn, inggih poenika poetraning Kjai Toemenggoeng Wargapati, Mantaram, kang séda soemaré Widara-manis tanah Ngajoegja. Kjai Toemenggoeng Wargapati waoe, ingkang anggarwa poetranipoen Pangéran Djoeroe Majem, inggih Panembahan Djoeroe Kiting, kang séda soemaré ngastana Gambiran Mantaram Ngajoegja.

Kjai Toemenggoeng Wargapati soemaré Widara-manis Mantaram Ngajoegja waoe, poetraning kakoeng Kjai Ageng Nitik Soera-adipradja, kang séda soemaré Lempoejangwangi Mantaram Ngajoegja, poenika poetraning kakoeng Kjai Ageng Djakarija Ngalimahoe, séda soemaré ngasta- bl.41. na Pakis-dadoe, poetraning Kjai Ageng Teroeng Talidadoe, kang séda soemaré Panataran, poenika poetranipoen Adipati Petjat-tanda, ing Teroeng, kang séda soemaré Teroeng tanah sawétané Soerabaja; Adipati Petjat-tanda ing Teroeng, poetraning Arija Damar Djaka Dilah, Panembahan ing Palémbang, poetranipoen Sri Praboe Brawidjaja, Madjapait ingkang wekasan, poetra mijos patoetan sangking Éndang Raseksi, poetri danawa kang sot salah kadadosan. doenoeng poetra kang sepoeh pjambak, mbadjeng Sri Brawidjaja.

Wondéné Njai Adjeng Joedaprana, poenika sedèrèkipoen sepoeh toenggil jajah-réna lan Ngabèhi Drepawangsa, Kahoḍan oegi sami poetraning Ngabèhi Anggasoeta, Kahoḍan, Njai Adjeng Joedaprana, séda soemaré ngastana ing redi Widjil, tanah sakidoelipoen ing Kartasoera, Ngabèhi Anggasoeta waoe poetraning Kjai Rangga Mretajoeda, Boepati Kenḍal, séda soemaré Kahoḍan, anggarwa poetraning Adipati Pangéran Soera-adimenggala, Boepati ing Samarang, ingkang kaping 3 tiga. inggih wajah boejoetipoen Mas Rangga Oedanagara, Semarang, saweg alamipoen Djemeneng Dalem ing Kangdjeng Soehoenan Poeger wonten ing Semarang, djoemeneng Nata Keraton ngalih ḍateng Kartasoera; ---

Kjai Rangga Mretajoeda, Mantaram, Mantaram kang soemaré Kahoḍan poenika poetraning Kjai Toemenggoeng Wargapati, kang séda soemaré ngastana Widara-manis Ngajoegja, poetraning Kjai Ageng Nitik Soera-adipradja, séda soemaré Lempoejang-wangi, Ngajoegja.-- Déné garwa ingkang tengahan ingkang nama: Radèn Ajoe Anggèr, poetraning Ngabèhi Drepawangsa, Kahoḍan, poenika poetranipoen kalih sami èstri; poetra kang sepoeh dipoen poenḍoet dados langen Dalem Kangdjeng Soehoenan Praboe.- Saking blz.41. karsa Dalem ladjeng katrimakaken pikantoek Radèn Toemenggoeng Joedanagara, kaping 2 kalih; poetra ingkang nèm krama pikantoek Kjai Danoeredja, Papatih Dalem ing Kartasoera, ngadjeng Boepati Djepara, nama Kjai Tjakradjaja, toeroen asli sangking Krèḍètan Bagelèn.--

Déné garwa padmi kang no. 3 tiga, poetraning Kangdjeng Pangéran Panoelar, poenika wajah Dalem Ingkang Sinoewoen Kangdjeng Soehoenan ingkang séda soemaré ing Tegal-aroem, Pasoenḍan, karan nama: Radèn Ajoe Anom.--

Déné Radèn Ajoe Anggèr tilas langen Dalem waoe, nalika dipoen trimakaken ḍateng Radèn Toemenggoeng Joedanagara, kaping 2 kalih, Boepati Banjoemas, sampoen bekta ngartali anggrebini kalih tjandra.

Déné Kliwonipoen Ki Mangoen-joeda, ladjeng misoewoer karan Radèn Toemenggoeng Joedanagara séda Mendapa.

Waktoe saweg dados Boepati anjar, Radèn Toemenggoeng Joedanagara ping 2 kalih waoe, jèn saré wonten pringgitan dalem kalih pendapi mawi talang kalih, dalem tjendéla wonten ngadjengan kalih, waktoe daloe sampoening sirep djanma, doeratmaka kalih sami ngliga goewoeng moedoen sangking talang kalih waoe, Radèn Toemenggoeng Joedanagara, saré moedjoeng singeb kampoeh, doeratmaka nggotjo dateng Radèn Toemenggoeng anggèné saré boten ngoelisik, sareng para garwa mireng sangking dalem sami ngengakaken tjandéla, dipoen impleng doeratmaka nglarihi, sangking djawi ladjeng sami neda toeloeng, Radèn Toemenggoeng Joedanagara, kagèt kapireng wonten neda toeloeng, tandya Radèn Toemenggoeng tengginas doeratmaka sinabet lepat, medal tinampèn panekar ingkang djagi wonten ngandap koewèni kinrotjok padem. ingkang satoenggil kapikoet djalaran ladjeng loempoeh, kapriksa sangking pakèné Toemenggoeng Soeradipoera, kang potjot, Toemenggoeng Soeradipoera minggat, méntar daloe mring Kartasoera, doeratmaka ingkang kapikoet prasadja njoewoen gesang, sinangon satoes ringgit panganggé sapangawak, kinèn minggah kadji mring Ngarab. Radèn Toemenggoeng Joedanagara, singeb kampoeh waoe sampoen ⌊ pe- arang krandjang, slira tan titis, ladjeng⌊pali dateng poetra-wajah satoeroen-toeroen, lamoen gawé omah ora kena talang roro nganggo tjendéla ing ngarepan, pin edjoe rineksa ing soeksma, pada slamet oepama ngapes ikoe doedoe lelakon, ija boeri-kèri bisa joewana kaja akoe, jèn ora, kaprijé, singgahana kabèh.

Radèn Toemenggoeng Joedanagara, sampoening séda Mendapa, tilar poetra 10 sadasa idji, djaler moeng 3 tiga, èstri 7 pitoe.-- Kados ngandap poenika:

Poetra sangking garwa ~~M~~ padmi Njai Adjeng Joedanagara, kang karan Njai Adjeng Banjoemas.

1. Bagoes Konting, sareng dados Mantri Anom Kartasoera, sinoeng nama: doemateng Sinoewoen Kangdjeng Soehoenan Praboe Kartasoera, nama: Radèn Martawidjaja. blz.42.

----

2. Bagoes Demang, garwa poepoetra 3 tiga:

1 Bagoes Loewar.

2 Bagoes Samat.

3 Bagoes Moesim.

Poetra sangking garwa padmi Radèn Ajoe Anggèr, tilas langen Dalem, ing Kangdjeng Soehoenan Praboe, Kartasoera.

3. Ngabèhi Kendoeroewan, ing Roma, anggarwa poetraning Ngabèhi Mangoen-joeda ing Bandjarnagara, sangking padmi 8 woloe, sangking garwa paminggir 9, goenggoeng 17 pitoelas.

Poetra sangking garwa paminggir.

----

1 Ngabèhi Joedawidjaja, ing Bobotsari.

Poetra sangking padmi.

2 Mas Martawidjaja, sareng goemanti kang rama, nama Toemenggoeng Kendoeroewan kaping 2 kalih, krama pikantoek nak-ing-sadèrèk poetraning Kangdjeng Radèn Adipati Danoeredja, sapisan Patih Ngajoegjakarta, poepoetra 14 kawan welas.

----

3 Ki Soetadiwirja.

4 Ki Mangoen-djaja.

5 Ki Martajoeda.

Sangking langen.

6 Ki Martasoera.
7 Ki Setjawidjaja.
8 Ki Kretawidjaja.
9 Ki Mangoendipoera.
10 Ki Setjaoepaja.
11 Bagoes Djalma.
12 Njai Singawidjaja.

Sangking langen.

13 Njai Wangsanagara.
14 Njai Rija Mendoera, poenika anggarwa Kjai Adipati Danoeredja kaping 3 tiga, sareng dipoen pènsijoen ḍahar lenggah siti sèwoe karja, tanah Roma Karanganjar, kapiteḍan nama: Kjai Adipati Adipoerwa, kalenggahan sanèmé Radèn Adipati Danoeredja ping ~~3~~ 4, Ngajoegja; sareng lèrèh nama: Pangéran Koesoemajoeda, koendoer mring Djapan tanah Sokawati, séda soemaré Djapan.

blz.43. Kjai Adipati Danoeredja kaping 3 tiga Patih Ngajoegja, kalebet ngangkat pakèwed kala djoemeneng Dalem Kangdjeng Soeltan, Mengkoeboewana kaping 2 kalih Ngajoegja, waktoe Sepèhi saweg pikantoek 14 kawan welas tjandra.

Ladjeng ngladosi djoemeneng Dalem Kangdjeng Goesti, kaseboet Kangdjeng Pangéran Radja, djoeloek Kangdjeng Soeltan Mengkoeboewana ingkang kaping 3 tiga Ngajoegja, pikantoek 16 nem-belas tjandra, kalèrèhaken dipoen pènsijoen waoe, nama: Kjai Adipati Adipoerwa, sareng séda lajon soemaré ngastana Gambiran Mantaram Ngajoegja.

Sangking langen toenggil waḍah.

15 Njai Ranoewidjaja, anggarwa Kjai Ngabèhi Ranoewi-

djaja, krama nak-ḍerèk poetra Danoeredjan sapisan.

16. Njai Natawidjaja, krama pikantoek Pasir, noeroenaken Radèn Dipati Tjakranagara, Boepati Banjoemas trah Radèn Toemenggoeng Soeradilaga, sentana Sinoewoen Bagoes, kalih Radèn Adipati Tjakrawadana Boepati ing Tjilatjap, sami trah Karanglon M(W)eḍi Bagelèn.--

----

17. Mas Adjeng Dradjit ingkang wonten Soerakarta, anggarwa naking-saḍerèk misan sami Banjoemas oetawi Kartanagara Roma.

Djangkep poetra Kenḍoeroewan 17 idji, sigeg.

Poetra sangking garwa padmi Radèn Ajoe Anom, poetra Panoelaran Kartasoera.

47. Radèn Ajoe Resapradja, anggarwa Radèn Ngabèhi Resapradja, sampoening poepoetra 2 kalih: 1 Radèn Resapradja, ing Soerakarta.
2 Radèn Indradjit, sami wonten Soerakarta.

Radèn Ngabèhi Resapradja, sak sédaning kang marasepoeh, sangking karsa Dalem Ingkang Sinoewoen Praboe, Kartasoera, kinèn goemanti kang marasepoeh, nama: Toemenggoeng Resapradja, Boepati Banjoemas. Saweg pikantoek 3 tigang warsa, kabrokan wadya koempeni, brawala kalih pangagenging wadya koempeni, Toemenggoeng Resapradja kapotjot sangking kalenggahanipoen Boepati Banjoemas ladjeng komplang Kaboepatèn Banjoemas kantoen Patih kalih Kliwon. Radèn Ajoe Resapradja sampoening poepoetra kalih waoe ladjeng pegat, krama kaping kalih, pikantoek Radèn Toemenggoeng Kartanagara, Boepati Roma, poepoetra: Radèn Toemenggoeng Kartanagara kaping 2 kalih Roma.-- Radèn Toemenggoeng Kartanagara, Boepati Roma poenika, waktoe prang broeboehan, Radèn Toemenggoeng Kartanagara, séda sahit, wonten tanah ing Djenar Bagelèn, alamipoen Kangdjeng Soeltan Mangkoeboemi, madeg paḏarwa; doek blz.44. semanten bijantoe lampah ngloeroegipoen Toemenggoeng Anggawangsa, lan Toemenggoeng Tjakradjaja, Bagelèn, lan Boepati Banjoemas.

Poetra sangking garwa paminggir.

5. Njai Wiramantri, ing Wirasaba, sémah poepoetra 3 tiga:
1 Kjai Wiramantri ping 2 kalih, Wirasaba.
2 Njai Singabangsa Pasir.
3 Ki Srinṯil karan anak, Goemelem.

----

6. Njai Wangsanagara, sémah Ngabèhi Wangsanagara, poepoetra 4:
1 Njai Adjeng Genapa.
2 Njai Penoeh Gagak.
3 Njai Ḏeḏeg.
4 Njai Adjeng Sajisah.

----

7. Njai Wangsèng-rana, ing Djeroek-manis, sémah Ngabèhi Wangsèngrana, poepoetra 2 kalih:
1 Njai Mangkoewidjaja, ladjeng nama Martawidjaja, ing Singasari, poepoetra 14 kawan welas, kaseboet ngadjeng.
2 Bagoes Balat, ing Djeroek-manis.

----

8. Njai Adjeng Dipajoeda, ing Poerbalingga Banjoemas poepoetra 2 kalih:
1 Njai Singamenggala.
2 Njai Kramawidjaja.

----

9. Njai Djajaleksana, ing Sélamreta Bandjar, poepoetra
1 Njai Adjeng Salisah.

----

10. Njai Mretamenggala, ing Sélamreta Bandjar sémah poepoetra
1 Bagoes Bahoet.

Djangkep poetranipoen Radèn Toemenggoeng Joedanagara ping 2 kalih, séda Pendapa, poetra 10 idji.-- Sigeg.

No.4.

14). Gotèk para trah toeroen salasilah sangking Goesti Kangdjeng Nabi Panoetan salalahoe ngalahiiswasalam, Kangdjeng Nabi poepoetra Goesti:

1. Siti Patimah, daoep lan Goesti Bagénda Sajidina Ngali.
2. Goesti Kasan Koesèn.
3. Goesti Sajidina Kasan.
4. Soeltan Koesèni.
5. Soeltan Djénal Ngabidin, garwa poepoetra 2 kalih:
   1. Soeltan Walit Djénal Ngalim, djoemeneng Nata wonten Madinah.
   2. Sarib Imam Moehamad Barik kang wala.

---

blz.45. Poetra ingkang No.5 Soeltan Djénal Ngabidin kang garwa sampoen poepoetra 2 kalih:

1. Soeltan Walit Djénal Ngalim, ingkang djoemeneng Nata ing Madinah.
2. Sarib Imam Moehkammad Barik kang wala.

Soeltan Walit Djénal Ngalim, djoemeneng Nata ing Madinah, garwa poepoetra:

1. Soeltan Djénal Kakim.

Soeltan Djénal Kakim ingkang garwa poepoetra:

1. Moelana Sarib Soeltan, nama: Djénal Koesèni.

Djénal Koesèni kang garwa poepoetra:

1. Moelana Soeltan, Sarib Djahédin Djahékal Kabir.

Moelana Soeltan Sarib Djahédin Djahékal Kabir, kang garwa poepoetra:

1. Sèh Nadjmoedinil kobra, kang garwa poepoetra:
Sajidina Djénal koep, kang garwa poepoetra:
Sèh Nadjmoedinil kabir, ingkang garwa poepoetra:
Sèh Nadjmoedinil koebra, kaping 2 kalih, kang garwa poepoetra:
Sèh Semangoen, kang garwa poepoetra:
Sèh Kasan, kang garwa poepoetra:
Sèh Alar, kang garwa poepoetra:
Sèh Askar, kang garwa poepoetra:
Sajid Ngabdoellah, kang garwa poepoetra:
Sajid Ngabdoelrahman, kang garwa poepoetra:
Moelana Mahmoedinakabir, kang garwa poepoetra:
Sèh Djoemadikabir; katjrijos poepoetra 17 pitoelas.

Poetra ingkang mbadjeng sepoeh, Sèh Djoemadil-koebra, sangking tanah Arab ḍateng poelo Djawi kodjar ingkang séda soemaré kinoeboer wonten sapoetjaking woekir Plawangan tanah redi Merapi, woekir Tjandrageni, poenika sekawitipoen para trah toeroen bangsa Bani-asim sami moelana ḍateng tanah Djawi Mantaram, tegesipoen: tengah-tengahing Madoera Sampang, lan tanah Soenḍa.

Gotèk, poetranipoen kaṭah Sèh Djoemadil-kobra waoe, 22 kalih likoer wonten tanah ing Arab lan Madinah. Déné poetra ingkang tiga noesoel ḍateng poelo tanah Djawi, noesoel ingkang rama Sèh Djoemadil-kobra waoe.-

No. 1. Moelana Aboe-ahmat(d), Iskak Walmoelpalsi, ingkang dados Imam, wonten tanah nagari ing Mlaka, poenika poetra patoetan sangking Dèwi Siti Patimah Kamar roekmi.--

blz.46. 68). Poetra ingkang No.4, Sèh Maolana Aboe-ahmad Iskak, ingkang njekabat ḍateng Soeltan Sèh Ngabdoelkadir Djahélani ing Bahgedad, dados Imam wonten ing tanah Mlaka, ḍoekoeh Pasé, garwanipoen pepoetra:

1. Nama: Sèh Iskak Wamoel palsi Bin, ingkang njekabat Soeltan Sèh Ngabdoelkadir Djahélani ing Bahgedad, sareng ngedjawi sinoeng nama: Sèh Wali Lanang, djoedjoeg ing Blambangan, lami-lami pinendet mantoe ḍateng Sri Radja Sijoeng Laoet, Ratoe ing Blambangan, sampoening kemantoe, Sèh Iskak Wali Lanang waoe, ing Blambangan kinèn sami mandjing agami Islam, nanging Sri Radja Sijoeng Laoet ing Blambangan, sanget loemoeh tan karsa, serenging roentik, Sèh Iskak Wali Lanang waoe, ladjeng dipoen pitenah ḍateng kang rama, kang marasepoeh, Radja Sijoeng Laoet, kinèn anglebetaken soemoer kawak pinasek(g), katemah ing Blambangan ladjeng pagebloeg ageng, sakit sonten éndjing pedjah, sakit éndjing sonten pedjah.-

---

69). Sèh Iskak Wali Lanang, sasédanipoen wonten ing Blambangan tilar garwa sampoen ngartali, sampoen mangsa babar medal djaler, kang iboe ladjeng séda koendoeran.

1. Baji sangking karsanipoen Sri Radja Sijoeng Laoet, kinèn anglebetaken ing kenḍaga, kinèn nglaboeh mring seganten, awit ginalih djabang-baji ingkang moeroegaken dados pagebloeg ageng; Kenḍaga isi baji ladjeng kéntir sapoeroeg-poeroeg manoet sa-ombaking warih, dangoe-dangoe kasarah ḍateng Kjai Boejoet Boerérah, tijang Garesik. Kenḍaga binekta mentas, toetoeping kenḍaga binoeka isi baji djaler, dèn roektèni sasapoet prantiné ḍateng Njai Boejoet Boerérah ing Garesik, lami-lami karan Djaka Garesik; sareng diwasa nama: Pangéran Kalipah, poenika ingkang djoemeneng nama: Soehoenan Ratoe Giri, Gadjah Kaḍaton, kang djoeloek Praboe Sadmata, inggih Soenan Giri ping sapisan.

Déné sasoeroedipoen Kangdjeng Soeltan Demak ingkang wekasan, Soehoenan Giri waoe, sakedap makili Karaton Demak, djoeloek Soehoenan Toenggoel-woeloeng, pikantoek 23 tiga-likoer warsa, djoemeneng kala taoen: angka 1480.

Salasilah Giri.

70). Kangdjeng Soehoenan Praboe Sadmata, Ratoe Giri Gadjah Kaḍaton, anggarwa poetranipoen Kangdjeng Soehoenan Daradjat Ngampèl-denta, nama: Njai Ageng Ratoe, poepoetra:

1. Kangdjeng Soehoenan Giri Dalem, kaseboet Ratoe Giri Kidoel, inggih Kangdjeng Soehoenan Giri kaping 2 kalih.

---

71). Kangdjeng Soehoenan Giri Dalem, inggih Ratoe Giri Kidoel Soenan Giri kaping 2 kalih, anggarwa poetraning Soehoenan Madjagoeng, Goenoeng Djati kaping 2 kalih, tanah Tjarebon, poepoetra 4 sakawan:

1. Kangdjeng Soehoenan Giri Prapèn, inggih Soehoenan Giri ingkang ping 3 tiga.
2. Pangéran Songèb ing Saba, karan Panembahan Kawis-goewa, awit remen mertapa salebetipoen goewa, sareng ngalih dalem ing Pakèringan karan Panembahan Pakèringan, inggih Pangéran Saba, anggarwa poetranipoen Kjai Ageng Ngabdoerrahman, ing Séla, poetra kang No.2 kalih patoetan sangking Wanasaba, nama: Rara Djanten kaseboet Njai Ageng Saba, inggih Njageng Pakèringan. bls.47.
3. Panembahan Agoeng, Soerabaja, anggarwa poetraning panembahan Wilasmara, Panembahan Kaḍiri, kang séda soemaré Kaḍiri, kang nama: Ratoe Mas Agoeng Soerabaja.
4. Èstri, Ratoe Geḍé Sawo.

---

72). Kangdjeng Soehoenan Giri Prapèn, Soehoenan Giri ingkang kaping 3 tiga, anggarwa poetraning Pangéran Pangalasan ing Tjarebon, poepoetra 5 gangsal:

Soeltan Agoeng karsa namoer lampah boten wonten djalma ingkang woeninga rawoehé ing soerambi, djleg tanpa sangkan minḍa-minḍa Toemenggoeng Wiragoena, Ki Sèh Among-raga waskiṭa, jèn nora samar satoehoe Kangdjeng Soeltan Agoeng, dyan wisata, Ki Sèh Among-raga medal sangking pagoebahan anoelja noengkemi pada, sarta prasetya ajya blz.48. kongsi ingembèt kang soedarma, wit woes mingo ing kawirjan doenja, ḍawoeh Dalem Kangdjeng Soeltan Agoeng, ija ingsoen wis soen pirsani ing prasetyanira kabèh, nanging sira mratanḍanana prasetyanira maoe, tegesé sira manoeta sapangrèhé Pangéran Pekik, lan Toemenggoeng Wiragoena, Sèh Among-raga matoer awot-sari, ing sak Allah koela matoer sendika, moeng lakoni ḍawoeh sapakon kawoela darmi ngl~~o~~ampahi sapandoem, ija sak Allah paḍa slamet kabèh. Saksana Kangdjeng Soeltan Agoeng, moesna sangking sapalenggahan, sareng sasirnaning goentoer prabawa, Djamal Djamil sagoeng maoenah tanpa dadi, gja ingaseg déning Pangéran Pekik, lan Toemenggoeng Wiragoena, sawadya-koeswala. Djamal Djamil loemadjar ngoengsi gesang mring Sèh Among-raga, winanoejoeng mring wong kaṭah katrap ing parèntah, ginoḍi binanḍoelan ing séla, kenṭèng linaboeh mring Toendjoeng-brit, ananging Sèh Among-raga, pikantoek palaling soeksma, wimboeh kasembadan sih wilasa Dalem Kangdjeng Soeltan Agoeng, katemah tan teles déning warih, tali-tali sami woeḍar, banḍoelé séla kenṭèng katingalipoen ing ngakaṭah katingal kados poelo Sèh Among-raga nitih bahita agengipoen saberoek, ladjeng minggah ḍateng poelo watoe kenṭèng, waoe. Ki Sèh Among-raga katingal lenggah ing poelo kenṭèng Tamansari, ingkang sarta sasingiran, lan terbang moebeng-moebeng pribadi, moengel tan mawi tinaboeh, gadgada Pangéran Pekik, lan Toemenggoeng Wiragoena, sarenging sami

1. Radèn Djajèngresmi, moelana sangking Timoer, kapenḍet mantoe ḍateng Kjai Moehkiji, ing Karang, inggih Kjai Ageng Karang, ladjeng dèn lih namanipoen, nama: Ki Sèh Amongraga, Ki Sèh Amongraga pinḍah sangking Karang, kemantoe ḍateng Kjai Baji Panoerta, ing Wanamarta, krama dikantoek Rara Tambang-raras, poenika Goestènipoen koetjoembi Njai Tjenṭini, sareng mireng kabar risak ing Danaradja, inggih Kraton Giri, wit kabeḍah déning Pangéran Pekik, oetoesan Dalem Kangdjeng Soeltan Agoeng, Praboe Anjakrakoesoema, ngeḍaton Kerta, Sèh Amongraga ènget ḍateng ingkang raji Radèn Djajèngsari, lan Rara Rantjang-tjipta, kang pisah kala roemoehoen, noenten Ki Sèh Among-raga waoe linggar sangking Wanamarta, nedya ngoelari ingkang raji kekalih, nganṭi sekabat 2 kalih, nama Djamal, kalih Djamil, bang koelon ing Roma myang Keḍoe, ing Bagelèn, Krawang Pasir Ḍajeh-loehoer, moebeng tanah Pasoenḍan, kadangipoen meksa boten pinanggih, samargi-margi sinambi moemoelang ngèlmi, abanter kasoetapan, katrima karamatira dadi, sareng ḍateng ing ḍoesoen Kaniraga, ladjeng mring nagari Ngèksiganda, lami manggèn ing soerambi masdjid, sarta ginoebah lapis pitoe, kang djagi wonten djawi sakabat kalih, Djamal Djamil, sarèhning kekirangan boga damel gelar anglèraken lampah ilmoe goejeng kaṭah tyang ingkang meḍoekoen, kapéntjoet djalaran pangabaranipoen kaṭah, tijang kaṭah ingkang sami ḍateng pinten-pinten dasa, pinten atoes tanpa étang radja-kajanipoen, Djamal Djamil, tijang-tijang kaṭah barinḍil awit kapéntjoet ilmoe goejengan, noenten ladjeng kawoeningan Ingkang Sinoewoen Kangdjeng Soeltan Agoeng, Sèh Among-raga dipoen timbali, ingkang dipoen oetoes Pangéran Pekik, kinanṭi Toemenggoeng Wiragoena, ananging boten saged njelak, katoelak goentoer prabawa. Saksana Kangdjeng

pikantoek poetraning Radja Minangkaboe, ladjeng kakresakaken ḍroeḍoekoeh wonten Brondong, siti Sida-ajoe, sangking karsaning Kangdjeng Soehoenan Giri Prapèn, kaseboet Kjai Ageng Brondong asli Minangkaboe waoe, séda soemaré noeroenaken, wonten Brondong Sida-ajoe.

---

73). Pangéran Nrangbaja, Soehoenan Giri kaping 4 sakawan, garwanipoen poepoetra 3 tiga:

1. Pangéran Nrangbaja kaping 2 kalih.
2. Pangéran Nrangkoesoema.

Inggih Pangéran kakalih, Pangéran Nrangbaja ping 2 kalih, Pangéran Nrangkoesoema waoe, sabeḍahing Giri kaping 4, déning Kjai Mangoendjaja, oetoesan Dalem Kangdjeng Soehoenan Mangkoerat-dinan ingkang djoemeneng sangking Amral Atmiral, wonten Wanakreta, djalaran moenḍoet bitoewah ḍoewoeng Kjai Kala-moenjeng, waoe ḍoewoeng Kjai Kala-moenjeng dipoen kekahi ḍateng Soenan Giri, wit atoeré Kjai Mangoendjaja samar, dados Soehoenan Giri toemoet samar, sareng kabeḍah Soehoenan Giri doemoegi séda para poetra-poetranipoen sami kabojong ka-atoer Kangdjeng Soehoenan Mangkoerat-dinan, ing Wana Kreta, Pangéran kakalih waoe, katrima pangawoelanipoen déning Kangdjeng Soehoenan Mangkoerat, ginandjar pinatjak lenggah sabin, woloeng atoes karja, ḍoesoen Goeling kapradikakaken, naming Pangéran Nrangbaja ping 2 kalih boten noeroenaken dados Moekmin kas; déné kang raji Pangéran Nrangkoesoema, kaṭah toeroenipoen, séda soemaré wonten ing Goeling.

3. Wragil èstri, sabeḍahing Danaradja, Giri ping 4 sakawan, binojong déning Kjai Mangoendjaja, oetoesan Dalem Kangdjeng Soehoenan Mangkoerat, kanṭi ḍoewoeng Kjai Kala-moenjeng, waoe Rara èstri sampoening diwasa, kapoenḍoet gar-

toemingal kang dateng ingkang antoek kanoegrahan, sami lenger-lenger, tansah istipar, wasana ngoeloeki salam, Ki Sèh Among-raga, mangsoeli malaékoem salam, j toendaka Dalem, bala-tantra, kinèn moendoer, mring nagari Kreta, Mantaram.

Ki Sèh Among-raga, koendoer kapanggih lan sedèrèkipoen kakalih wonten pratapan ing Wanamarta, poenapa déné Rara Tambang-raras, lan koetjoembi Njai Tjentini, kepanggih noesoel wonten wana Tana Sèh Among-raga, amengkoe noegraha, dados Moekmin-kas.

2. Radèn Djajèng-sari, sarisaking Danaradja Karaton Giri, poetra 2.

3. Nikèn Rara Rantjang-tjipta; kalih waoe, ngoengsi mring Pandita Sokajasa, nama: Ki Sèh Anggoeng-rimang, Nikèn Rara Rantjang-tjipta waoe, kemantoe dateng Ki Sèh Anggoeng-rimang, krama pikantoek Mas Tjabolang, sasédaning Sèh Anggoeng-rimang, ladjeng sami mretapa wonten redi Wanataka, Djájèng-sari, nama: Sèh Mangoenkarsa, Mas Tjabolang nama: Ki Sèh Anggoeng-rimang kaping 2 kalih, noenggak-semi kang rama, Sang kalih noenggil tre~~p~~tapan moeng let djoerang, abdi saking Sokajasa, nama: Boeras kalih Montèl, toemoet mertapa ~~K~~ Sèh Mangoenkarsa, Nikèn Rara Rantjang-tjipta, sampoening pinanggih lan Ki Sèh Among-raga sami lestantoen dados Moekmin kas.

4. Pangéran Nrangbaja, kabojong dateng Pangéran ~~K~~ Pekik, katrima pangawoelanipoen wit kinèn noetoeti kalong miber poendi papan patilemanipoen, kaprenah sakidoeling saganten kidoel, dawoeh timbalanipoen Kangdjeng Soeltan Agoeng Pangéran Nrangbaja waoe, katetepaken nama: Soehoenan Giri kaping 4 sakawan, ananging wilajatipoen kapoendoet dateng Karaton ing Kreta.

blz.49. 5. Poetra wragil èstri patoetan sangking paminggir, kram nama: Radèn Mas Timoer, Pangéran Anom, sinoeng tanda bintang Radja, nama: Pangéran Radja, sareng rama Dalem djoemeneng Nata djoeloeh Kangdjeng Soeltan Mengkoeboewana kaping 2, Ngajoegja, Radèn Ajoe Retnawati, sineng~~g~~kakaken ing ngaloehoer, nama: Kangdjeng Ratoe Kadaton, Pakoeningratan, Kangdjeng Ratoe Mas.

Kangdjeng Ratoe Kadaton waoe iboe Dalem Kangdjeng Soeltan kaping 3 tiga Ngajoegja.

Sigeg.

---

74). Pangéran Nrangkoesoema, ing Goeling, ingkang garwa poepoetra:

1. Pangéran Paminggir.

---

75). Pangéran Paminggir ingkang garwa poepoetra:

1. Pangéran Paminggir kaping 2 kalih.

---

76). Pangéran Paminggir kaping 2 kalih, anggarwa poetraning Pangéran Prangwana, wajahipoen Panembahan Djoeminah séda soemaré ing Girilaja, poepoetra:

1. Radèn Paminggir.

---

77). Radèn Paminggir garwanipoen kekalih, garwa ingkang sepoeh poepoetra 7 pitoe, djaler 3, èstri 4 sakawan, garwa kang nèm 5 gangsal, 12.

1. Sangking garwa nèm mbadjeng, Radèn Djajasoeta.
2. Sangking garwa sepoeh Mas Ajoe Wiradirana.

---

78). Radèn Djajasoeta, anggarwa poetraning Pangéran Djoengoet ing Wangga, poepoetra 2 kalih:

1. Radèn Djajasoeta kaping 2 kalih.
2. Èstri krama pikantoek poetraning ingkang bibi, Mas Ro(ng)ga Wiradirana ping 2 kalih ing Sekar-bala Matèsèh, panggih nak-

wa déning Kangdjeng Soenan Mangkoerat-dinan, nama: Radèn Ajoe Pakoewati, sareng minggah nama Ratoe, ginébang ḍateng kang poetra Pangéran Dipati, loemoeh ing prakawis, njoewoen katrimakna ḍateng poenggawa, sangking karsa Dalem ladjeng katrimakaken ḍateng Panembahan Tjakraningrat, kaping 2 kalih, poenika kang séda pasisiran Kamal tanah Madoera, inggih poenika ingkang kaboetjal sétra ing Loḍaja, kabat poetra kaponakan, Troenadjaja, Praboe Madoeretna.

----

74). Radèn Ajoe Pakoewati, anggarwa Panembahan Tjakraningrat kaping 2 kalih, poepoetra Radèn Arja Samawinata, nama: Radèn Arja Poerwanagara, Radèn Arja Poerwanagara, poepoetra Radèn Toemenggoeng Sasrawinata, tinanem Boepati Pasoeroewan, krama pikantoek poetraning mbadjeng Kjai Toemenggoeng Soemajoeda, ing Wirasaba, ingkang séda soemaré Banon Peṭak ing Soerapringga, sareng pinḍah dados Boepati ing Magetan Kartasana, dados ingkang marasepoeh Dalem Kangdjeng Goesti.
blz.50. Pangéran Adipati Ngajoegja, ngladosi ingkang poetra mantoe mragadi soejadsa Dalem oemboel ing Redjawinangoen kinanṭa-kanṭa taman, sami pajon tableg banon, boja mawi lapoer ngoendjoeki woeninga medal Radèn Adipati Danoeredja, kénging sesikoe Dalem, Radèn Toemenggoeng Sasrawinata, dipoen loengsoer sangking kalenggahanipoen Boepati, laminipoen kawan dasa dinten pikantoek pangapoenten Dalem Kangdjeng Soeltan kaping sapisan ing Ngajoegja, sinoeng pangkat nama: Adipati Poerwadiningrat, kalenggahan tetep wonten ing Magetan, aming garwa Njai Mas Adipati Poerwadiningrat séda soemaré ing astana Patjalan Magetan Kertasana, Njai Mas Adipati Poerwadiningrat, tilar poetra Radèn Ajoe Retnawati, Radèn Ajoe Kilèn, sampoening poepoetra

---

Katrangan: Radèn Kartawinata, nama: Sasrawinata ping 2, ladjeng Dipati Poerwadiningrat.

ḍerèk.

----

79). Radèn Djajasoeta kaping 2 kalih, kang garwa poepoetra 5 :

1. Mas Ajoe Andakawana.
2. Mas Saljarini.
3. Mas Rangga Wanèngpati : Rangga Kadjiwan. .51.

----

80). Mas Rangga Wanèngpati, Kadjiwan, garwa poepoetra 3 tiga:

1. Mas Rangga Soeradirdja.
2. Radèn Adipati Djajaningrat, Patih Dalem Kangdjeng Soehoenan Pakoeboewana kaping 3 tiga, karan Praboe Djaka, Soerakarta, badoemoegi Kangdjeng Soehoenan ping 4 sakawan, Sinoewoen Bagoes, toemoenten dipoen gentosi Adipati Mangkoepradja, séda dipoen ajah.
3. Èstri krama pikantoek Toemenggoeng Soemawinata, Boepati Panaraga.

----

81). Radèn Adipati Djajaningrat, Patih Dalem Soerakarta, ingkang garwa poepoetra 6:

1. Radèn Bèhi Soemaredja.
2. Radèn Major Soeradirdja, ingkang poepoetra Radèn Retnadiloewih, langen Dalem Kangdjeng Soehoenan kaping 7 pitoe, poepoetra Radèn Ajoe Soerjaningrat.
3. Radèn Toemenggoeng Martadipoera, Boepati Klaṭèn.
4. Sangking langen, Mas Soetaredja, wonten Ngajoegja.
5. Radèn Bèhi Prawiraredjasa, ingkang poepoetra, Njai Ageng Prawiraredjasa, ingkang soemaré ngastana redi Ḍoekoeh.
6. Kjai Mangkoejoeda, Kliwon Soerakarta.

----

82). Radèn Major Soeradirdja, ingkang garwa poepoetra Radèn Retnadiloewih, langen Dalem Kangdjeng Soehoenan kaping 7 pitoe.

----

83). Radèn Retnadiloewih, langen Dalem Kangdjeng Soehoenan kaping 7 pitoe, poepoetra:

1. Radèn Adjeng Maknawijah, krama pikantoek Pangéran Pandji Soerjaningrat, tilar poetra 2 kalih:
    1. Pangéran Arja Tjakranagara.
    2. Pangéran Arja Tjakradiningrat.

Sareng garwa kaboetjal mring Ambon, krama pikantoek Radèn Adipati Sasradiningrat ingkang séda soemaré Djaboeng.

2. Radèn Mas Sardjana, séda dèrèng diwasa. Sigeg.

----

78). Mas Saljarini, garwanipoen kekalih, garwa ingkang sepoeh poetraning Mas Rangga Poelasingdjati, garwa kang nèm poetraning Toe(menggoeng) Bahoereksa Boepati Pakalongan, poepoetra 3 tiga:

1. Mas Tjakrawidjaja, poetra sangking garwa sepoeh.
2. Mas Ranawidjaja, poetra sangking garwa sepoeh.
3. Mas Ajoe Mretajoeda, sangking garwa nèm.

----

79). Mas Ranawidjaja, sémah poetraning kang bibi Mas Ajoe Mretajoeda, dados rabi kaponakan sangking èstri, poepoetra 5 :

1. Bokmas Wirjawidjaja, sémah poetraning Ngabèhi Tjakrataroena, Keḏoe Blabag Sanggrahan.
2. Ngabèhi Ranajoeda boten gaḏah toeroen. lz.52.
3. Mas Ranawidjaja ping 2 kalih sémah ing Keḏoe Moenit.
4. Mas Bèhi Ranadipa.
5. Mas Bèhi Prawiradipoera, Wadana pradjoerit Kadipatèn alam Kangdjeng Soeltan kaping 2 kalih Ngajoegja.

Bokmas Ranawidjaja ping 2 kalih waoe pegat séda, krama pikantoek Loerah tjarik, Mas Rija Tjakrataroena, poenika aḏinipoen Kjai Ngabèhi Tjakrakreti, ingkang noeroenaken Kjai Toemenggoeng Mangoendipoera ping 2 kalih Toemenggoeng

Soeratani, inggih Loerah pradjoerit Djajèngsari, ingkang séda soemaré Katégan.

Njai Rija Tjakrataroena waoe poepoetra 2 kalih:

1. Mas Sastrawidjaja, inggih Ngabèhi Kretatani.
2. Mas Tjakrawidjaja.

---

80). Mas Ngabèhi Prawiradipoera, Wadana pradjoerit Kadipatèn, sémah soetaning Kjai Sébadirana, ḍoesoen Demak Idjo, poepoetra 6 nem:

1. Radèn Kalpikawati, langen Dalem Kangdjeng Soeltan kaping 3 tiga Ngajoegja, pamoenḍoet Dalem teksih wonten Kadipatèn.
2. Mas Adjeng Djajasetika, ing ḍoesoen Plahoer.
3. Radèn Ajoe Lesmanawati, sak sédaning Radèn Kalpikawati, raji pinoenḍoet kinarang-woeloe, langen Dalem Kangdjeng Soeltan kaping 3 tiga, Ngajoegja.
4. Mas Bèhi Bahoeseparta, kemantoe Mas Bèhi Wirakrama Mantri djawi, sémah sepoeh asli Goḍéjan.
5. Mas Bèhi Resadipoera sémah asli sangking Djapan.
6. Mas Bahoeseparta kaping 2 kalih, kemantoe Mas Ngabèhi Mangoen-joeda, patoetan sangking Tjakrataroenan, Be(n)ḍa ing Keḍoe.

---

81). Radèn Kalpikawati, langen Dalem Kangdjeng Soeltan kaping 3 tiga, Ngajoegja, poepoetra:

1. Kangdjeng Pangéran Soerjabranta, sareng rama Dalem sampoen djoemeneng Nata sinoeng nama: Kangdjeng Pangéran Arja Poerwadiningrat, anggarwa poetraning Radèn Adipati Danoeredja kaping 2 kalih kaseboet Radèn Adipati Séda Ngeḍaton, soemaré Banjoe-soemoeroep. Radèn Kalpikawati, sampoening séda ingkang raji pinoenḍoet kinarang-hoeloe, langen Dalem Kangdjeng Soeltan ping 3 tiga Ngajoegja, nama: Radèn Ajoe Lesmanawati, poepoetra:

1. Radèn Ajoe Praboeningrat, boten poepoetra gaboeg.

---

77). Mas Ajoe Wiradirana, kang krama pikantoek Mas Rangga Wiradirana, ing ḍoesoen Sekar-bala, tanah Matèsèh, poepoetra 2:

1. Mas Rangga Wiradirana kaping 2 kalih, sémah poetraning ingkang oewa Radèn Djajasoeta, pinanggih nakḍèrèk sepoeh èstri.

blz.53. 2. Mas Ajoe Ronḍonsari, langen Dalem Kangdjeng Soehoenan Praboe, ing Kartasoera.

---

78). Mas Ajoe Ronḍonsari, langen Dalem Kangdjeng Soehoenan Praboe ing Kartasoera, poepoetra 2 kalih:

1. Radèn Adjeng Semi, krama pikantoek: Arja Pakoeningrat ing Sampang, Madoera;

2. Radèn Adjeng Rembé, krama pikantoek Radèn Soekarja, sinoeng nama: Radèn Arja Soedjanapoera, ladjeng kinèn ngalih nama: Radèn Arja Éndranata, Radèn Ajoe Éndranata, pinegat sah, awit dipoen karang-oeloe ḍateng ingkang bok-ajoe, Kangdjeng Ratoe Madoeretna, pegatan sangking Sampang, Madoera, Radèn Ajoe Éndranata waoe, sampoening kapegat sah ing koekoem, karsa Dalem Kangdjeng Soehoenan Praboe, waoe, katrimakaken pikantoek Radèn Toemenggoeng Joedanagara, kaping 3 tiga Boepati Banjoemas. Sareng Ingkang Sinoewoen Kangdjeng Soeltan djoemeneng wonten ing Gijantipoera, Radèn Toemenggoeng Joedanagara bijantoenipoen Kangdjeng Koempeni, djinoendjoeng dados Papatih Dalem Ngajoegjakarta, nama: Radèn Adipati Danoeredja, kaping sapisan Patih Ngajoegjakarta, Radèn Ajoe Bendara, inggih Radèn Ajoe Anggèr.

Sigeg.

Salasilah Brondong No.5.

73). Njai Ageng Brondong anggarwa poetraning Radja Minangkaboe, kinèn ḍoeḍoekoeh ing ḍoesoen Brondong, tanah Sida-ajoe, Njai Ageng Brondong waoe poetra wragil sangking garwa paminggir Kangdjeng Soehoenan Giri Prapèn, sampoen poepoetra 3 tiga:

1. Kjai Bimatjili, ing Djoemangkah Sida-ajoe, garwa poepoetra Kjai Bradjagati.
2. Njai Mas Karaton, krama pikantoek Kjai Lanang Ḍangiran poenika ingkang karan Kjai Karang.
3. Mas Giri, garwa poepoetra: Mas Djedjalang.

---

74). Mas Djedjalang, garwa poepoetra: Njai Mas Anggèr, poepoetra Kjai Tambak-adji, Sepoeh, ing Ngampèl tanah Soerapringga.

---

74). Njai Mas Karaton, ingkang anggarwa Kjai Lanang Ḍangiran, satilaré kang marasepoeh, Kjai Ageng Brondong Minangkaboe waoe, noenggak-semi marasepoeh nama: Kjai Brondong kaping 2 kalih, Ki Brondong kaping kalih waoe, poetraning Pangéran Keḍawoeng ing Blambangan, kang djoeloek Soenan Tawang-aloen, poetraning djaler Soenan Reboet-pajoeng, poetraning Ménak Werdati, inggih Ménak Lampor, djoeloek Adipati Tepasana, ing Loemadjang tengah, poenika poetraning Ménak Gedroe, Dipati Babadan tanah Blambangan; Ménak Gedroe poetraning Ménak Soemenḍé, ing Blambangan, poetrané Ménak Simbar, ing Poegre (ger) Blambangan, poenika poetrané Lemboe
blz.54. Mirada, inggih Lemboe Misraja, kang djoemeneng Radja ing Blambangan, Lemboe Misraja, poetrané Sri Praboe Brawidjaja, kaping 5 gangsal Ratoe Madjapait kaping 7 pitoe, ingkang wekasan.

Ki Lanang Ḍangiran waoe, ing ngadjeng mretapa wonten ing redi Sepes, sabeḍahipoen ing Blambangan, déning Kangdjeng Soeltan Agoeng, Kreta Mantaram, Ki Lanang Ḍangiran kapengkok lampah nékad ladjeng nggebjoer mring saganten, anoet sa-ombaking toja saganten; awak sami ndjangkeroet rotinen, tan wal anggèné bekta ḍoewoeng ligan, Ki Kéntjo. Lami-lami mentas ḍateng tanah ing Brondong, wonten pinggir pasisir, kapoepoe ḍateng Kjai Brondong Minangkaboe waoe, lami-lami kapenḍet mantoe, krama pikantoek Njai Mas Karaton, satilaré kang marasepoeh, noenggak-semi kang marasepoeh, nama: Kjai Brondong kaping 2 kalih, tan lami linggar doeḍoekoeh wonten Banon-peṭak tanah Soerapringga.

---

75). Njai Mas Karaton, kang garwa Ki Lanang Ḍangiran, Kjai Brondong kaping 2 kalih, sampoen poepoetra 2 kalih:

1. Kjai Wangsahita.
2. Kjai Anggawangsa.

---

76). Kjai Wangsahita, garwa poepoetra:

1. Kjai Anggasoeta.

---

77). Kjai Anggasoeta, garwa poepoetra:

1. Ki Toemenggoeng Setjanagara.

---

76). Kjai Anggawangsa, inggih Kjai Toemenggoeng Djangrana, Djangpati, kang garwa poepoetra:

1. Kjai Ngabèhi Wiraḍirdja, inggih Kjai Dipati Djangrana.

---

77). Kjai Dipati Djangraṇa, ingkang dipoen telasi déning Kangdjeng Soehoenan Pakoeboewana kaping sapisan djoemeneng ing Kartasoera, lajon sinaré ing Lawéjan ing Soerakarta, garwa poepoetra:

1. Njai Setjanagara, anggarwa Ki Toemenggoeng Setjanagara, pinanggih sanak misan.

---

78). Njai Setjanagara, anggarwa Ki Toemenggoeng Setjanagara, poepoetra:

1. Njai Soemajoeda, anggarwa Kjai Toemenggoeng [illegible] Soemajoeda, Wirasaba, Séla, pinanggih sanak ngaping nem, sepoeh èstri, Kjai Toemenggoeng Soemajoeda, rabi kaprenah oewa, poepoetra:

---

79). Njai Toemenggoeng Soemajoeda, anggarwa Kjai Toemenggoeng Soemajoeda, Njai Toemenggoeng Soemajoeda, Wirasaba waoe poepoetra: Njai Mas Adipati Poerwadiningrat, Boepati Magetan Kartasana, séda soemaré Patjalan Magetan Kertasana, poepootra:

blz.55. 1. Kangdjeng Ratoe Kaḍaton, anggarwa Dalem Kangdjeng Soeltan Mengkoeboewana kaping 2 kalih Njajoegjakarta, poepoetra Kangdjeng Goesti Pangéran Adipati Anom Radja, Ngajoegjakarta. Sigeg.

---

6 Poetraning Soenan Giri ping 2 kalih Ratoe Giri Dalem.

72). Ratoe Ajoe Geḍé Sawo, anggarwa K~~a~~jai Ageng Sawo, poepoetra:

1. Pangéran Waringin Pitoe.

---

73). Pangéran Waringin Pitoe, garwa poepoetra:

1. Pangéran Panga(n)tèn.

---

74). Pangéran Pangantèn garwa poepoetra:

1. Pangéran Rangga.

---

75). Pangéran Rangga, garwa poepoetra 4 sakawan:

1. Kjai Mas Rangga.
2. Ratoe Djangpati, garwa poepoetra 1, Mas Ratoe Anggakoesoema.
3. Ratoe Ageng, krama pikantoek Pangéran Tjakraningrat ing Madoera, kang séda déning ḍoewoeng Kjai Tan-kober; lajon nḍè-

rèk dedagan pasaréjan Padjimatan Ngimagiri, doepi sangking pangamoekipoen Pangéran Alit, Danoepaja, raji Dalem Kangdjeng Soehoenan Mangkoerat Agoeng Dinan, kang ngaḍaton Ngèksiganda, séda soemaré Tegal-aroem, karan Kangdjeng Soehoenan Gèṭèk.

4. Radèn Ajoe Panembahan Koedoes.

----

76). Kjai Mas Rangga, garwa poepoetra 2 kalih:

1. Kjai Ranggalawé, kang séda soemaré Sélong.
2. Radèn Ajoe Panembahan Madoera, anggarwa Panembahan Tjakraningrat, kaping 2 kalih, kang séda Pasisiran Kamal ingkang Kaloḍaja, ingkang katriman Radèn Ajoe Pakoewati, berkatan sangking Giri.

----

77). Kjai Ranggalawé ingkang séda soemaré Sélong, garwa poepoetra:

1. Kjai Toemenggoeng Soemajoeda, ing Wirasaba, anggarwa Njai Soemajoeda, kang séda soemaré Banon-peṭak Soerapringga.

----

78). Kjai Toemenggoeng Soemajoeda, Wirasaba wétan, séda soemaré Banon-peṭak Soerapringga, garwa poepoetra 2 kalih:

1. Njai Mas Adipati Poerwadiningrat, kang séda soemaré Patjalan Magetan ing Kretasana.

blz.56. 2. Mas Toemenggoeng Soemadipoera, ing Djapan, sareng dados Patih Kadipatèn Ngajoegja, nama: Mas Toemenggoeng Soemadirdja, garwanipoen bangsa Sin Kapitan ing Djapan, Kaptin Tji, poetra èstri kagarwa Mas Toemenggoeng Soemadirdja, poepoetra: Radèn Toemenggoeng Soemadipoera kaping 2 kalih, Boepati Djapan, pinoenḍoet dados Papatih Dalem Kangdjeng Soeltan kaping 3 tiga Ngajoegja, nama: Radèn Adipati Danoeredja kaping 4 sakawan, goemanti Radèn Adipati Danoeredja kaping 3 tiga Ngajoegja, karsa Dalem dipoen lèrèhaken boten sabab kalepatan, teksih tetep dipoen paringi pènsijoen lenggah siti sèwoe karja tanah Roma, kalenggahan wonten nèmipoen Radèn Adipati ingkang anjar, nama: tetep Adipati: Adipoerwa, gegrija sawingking Lodji Boeloe.

Déné Radèn Adipati Danoeredja kaping 4 sakawan, pikantoek 33 warsa, taoen Djawi 32, taoen Aprandji, lèrèh, sinoeng nama: Pangéran Arja Koesoemajoeda, klilan mantoek ḍateng woetah-rah, séda soemaré Djapan.

79.) Njai Mas Adipati Poerwadiningrat ing Magetan Kertasana, poepoetra 4:

1. Radèn Ajoe Poespawidjaja.
2. Kangdjeng Ratoe Keḍaton, nama: Kangdjeng Ratoe Ageng iboe Dalem Kangdjeng Soeltan kaping 3 tiga, Ngajoegjakarta.
3. Radèn Ajoe Sasradipoera, anggarwa Radèn Toemenggoeng Sasradipoera.
4. Goesti Kangdjeng, anggarwa Kangdjeng Goesti Pangéran Adipati Arja Pakoe Alam, sapisan Ngajoegja, poepoetra: Kangdjeng Goesti Pangéran Adipati Pakoe Alam kaping 2 kalih, sadèrèngipoen goemanti ingkang rama, dados Boepati Kliwon Kadanoeredjan, nama: Radèn Toemenggoeng Natadiningrat, anggarwa poetra Dalem Kangdjeng Soeltan kaping 2 kalih Ngajoegja, nama: Kangdjeng Ratoe Ajoe, patoetan sangking Kangdjeng Ratoe Kantjana,Woelan, kaseboet Ratoe Wrenges, inggih Aribi. Sigeg.

No.6.

Salasilah Pangéran Songèb ing Saba.

72). Pangéran Songèb ing Saba, kaseboet Panembahan Kawis-goewa, sareng ngalih ḍateng Pakiringan karan Panembahan Pakiringan, inggih Pangéran Saba, anggarwa poetranipoen Kjai Ageng Ngabdoer-rahman ing Séla, poetra kang No.2 kalih patoetan sangking garwa asli Wanasaba, nama: Rara Djanten, nama: Njai Ageng Pakiringan, poepoetra 4 sakawan:

1. mBadjeng krama pikantoek Kjai Ageng Pamanahan, Njai Ageng Kjai Ageng Mantaram, kang séda soemaré ngastana Poera Kiṭa-ageng.
2. Kjai Ageng Djoeroemretani, inggih Adipati Mandaraka, Panembahan Mandaraka, anggarwa poetraning Njai Ageng Djakarija Ngalimdahoe ing Pakis-dadoe.
3. Njai Ageng Manggar.
4. Njai Ageng Lawah.

----

blz.57. 73). Kjai Ageng Djoeroemretani, Panembahan Mandaraka, anggarwa poetranipoen Kjai Ageng Ngabdoer-rahman ing Séla, poetra kang No.2 kalih patoetan sangking Njai Ageng Wanasaba, kang séda sarimbit soemaré Kiṭa-ageng, poepoetra 4:

1. mBadjeng Pangéran Mandoeranagara, anggarwa poetranipoen Kjai Ageng Mantaram, Kjai Ageng Pamanahan, kang soemaré Kiṭa-ageng, pikantoek nak-ing-sanak.
2. Pangéran Djoeroe Wirapraba, anggarwa poetranipoen Kjai Ageng Nitik Soera-adipradja, séda soemaré ngastana Nglempoejangan-wangi, Ngajoegjakarta.
3. Pangéran Djoeroe Majem inggih Panembahan Djoeroe Kiṭing, anggarwa poetranipoen Panembahan Djoeminah, séda soemaré ing Girilaja.
4. Wragil èstri, krama pikantoek Radèn Rangga Wangsa-adipradja, Adipati ing Batang, poenika poetraning djaler Kjai Ageng Nitik Soera-adipradja, Mantaram soemaré ngastana Nglempoejang-wangi Ngajoegja.

Sigeg.

No.7.

Njambeti koeneng salasilah Demak-idjo.

73). Kjai Ageng Djoeroe Mretani, Mantaram, inggih Panembahan Mandaraka, anggarwa poetranipoen Njai Ageng Djakarija Ngalimdahoe, Pakis-dadoe, poepoetra 4 sakawan:

1. Pangéran Mandoeranagara, sareng dados Patih Kangdjeng Soehoenan Mangkoerat Agoeng Dinan, Séda Krapjak, nama: Adipati Pangéran Mandoeranagara, anggarwa poetraning Kjai Ageng Mantaram, séda sami soemaré Gambiran.
2. Pangéran Djoeroe Wirapraba, anggarwa poetraning Kjai Ageng Nitik Soera-adipradja, sami séda soemaré Kiṭa-ageng, Pangéran Djoeroe Wirapraba.
3. Pangéran Djoè Majem, sareng djoemeneng Kangdjeng Soeltan Agoeng, ing Kreta, djinoendjoeng nama: Panembahan Djoeroe Majem Asta-kiṭing, karan panembahan Djoeroe-kiṭing, anggarwa poetraning Panembahan Djoeminah kang soemaré Girilaja, Panembahan Djoeroe Kiṭing séda soemaré ing Gambiran.
4. Wragil èstri, krama pikantoek Radèn Rangga Wangsa-adipradja, Adipati Batang, poetraning djaler Kjai Ageng Nitik Soera-adipradja, kang soemaré Nglempoejang-wangi, Ngajoegja.

---

74). Adipati Pangéran Mandoeranagara, anggarwa poetraning Kjai Ageng Mantaram, poepoetra:

1. Pangéran Mandoeraredja, kang séda soemaré goenoeng Prawata, Kali-woengoe sisih wétan ~~t~~kaseboet Pangéran Mandoeraredja kaping sapisan.

---

75). Pangéran Mandoeraredja kaping sapisan, kang séda soemaré goenoeng Prawata, sisih wétan tanah Kali-woengoe, tilar poetra 2 kalih;

blz.58.

1. Pangéran Mandoeraredja kaping 2 kalih, Mantaram, kang séda

sahit prang ing Bajalali.

2. Toemenggoeng Oedanagara, kang séda soemaré lan noeroenaken wonten ing ḍoesoen Demak-idjo Mantaram.

---

76). Toemenggoeng Oedanagara, kang séda soemaré Demak-idjo, garwa poepoetra:

1. Radèn Wangsaprana.

---

77). Radèn Wangsaprana, kang garwa poepoetra:

1. Radèn Sébamengga~~k~~la, séda prang Demoeng.

---

78). Radèn Sébamengga~~k~~la, séda prang Demoeng, garwa tilar poetra:

1. Kjai Sébamenggala Manten.

---

79). Kjai Sébamenggala Manten, sémah asli Kalang, poepoetra 5 gangsal. Sèh nèm anak ing Kaoemipoen pjambak, patoetan 2: 7.

1. Sangking sémah sepoeh, Njai Troenamenggala, ing Gantjahan, noeroenaken Kjai Troenadangsa.
2. Sangking sémah sepoeh, Kjai Sébadirana, sémah spetaning Kjai Gridja ing Takilan, Kjai Gridja gaḍah saḍèrèk djaler nama: Kjai Djas, noeroenaken Kjai Kasan Moertala, sak seḍèrèk kalih Kjai Soeradrana, noeroenaken Ketip Kilèn sak seḍèrèkipoen.
3. Kjai Dipadrana, ing Maḍaran, sémah asli Benḍa Keḍoe, noeroenaken kalih: 1 èstri, sémah Mantri Kaparak, Kjai Drijanala, gaboeg.

   2 Kjai Oegrasèna, noeroenaken kalih:

   1 Njai Redjawangsa, sémah Loerah Soematali.

   2 Njai Prawiratani.
4. Njai Samenggala sémah Bekel Sana-pakis, noeroenaken kalih: 1 Kjai Mretajoeda, 2 Kjai Wiradrana.

5. Èstri sémah prajaji Kliwon, Kjai Mangoen-joeda, teḍak Tjakra-kretèn; Njai Mangoen-joeda noeroenaken 5 gangsal:
    1. Njai Demang Singalesana, Kali-Ḍaboe, noeroen Mas Sébataka.
    2. Njai Bangsajoeda, Wotgalèh, kaṭah toeroenipoen.
    3. Nja Demang Djawiroena, redi Koetjir.
    4. Kjai Mangoen-drana, ing Kali-woengoe.
    5. Kjai Sébamenggala, Goḍèg, kaṭah toeroenipoen.

----

6. Sangking sémah nèm, Njai Prawiratjitra, sémah ḍalang, kaṭah toéroenipoen.

7. Sangking sémah nèm, Njai Bradjalesana, sémah Mregangsa, noeroenaken kalih: 1 sémah Mas Toemenggoeng Kretawirja, 2 Ngabèhi Bradjalesana ping 2 kalih.

----

blz.59. 80). Kjai Sébadirana, kang sémah soetaning Kjai Gridja ing Takilan, noeroenaken 4 sakawan:

1. Mas Adjeng Prawiradipoera, sémah Wadana pradjoerit Kadipatèn, alam Kangdjeng Soeltan kaping 2 kalih Ngajoegja.

2. Njai Tjakradipa, sémah ḍoesoen, Nglimpoeng, noeroenaken kalih, 1 Kjai Sadikara, 2 kalih Nja Troenatjitra.

Njai Tjakradipa, sémah ping kalih, ḍoesoen Banḍoeng, nama: Njai Moeljawidjaja, noeroenaken: Kjai Soerasentika.

3. Njai Sadikara sémah Padakan, noeroenaken: Njai Djajadiwirja, 2 Njai Troena-semangoen.

4. Njai Matsarèh gaboeg.

----

81). Mas Adjeng Prawiradipoera, sémah Wadana pradjoerit Kadipatèn, noeroenaken 6 nem:

1. Radèn Kalpikawati, langen Dalem Kangdjeng Soeltan kaping 3 tiga, Ngajoegja, pamoenḍoet Dalem langen teksih wonten Kadipatèn.

2. Mas Adjeng Djajasentika sémah doesoen Plahoer.
3. Radèn Ajoe Lesmanawati, sareng séda kang bak-ajoe, pinoendoet kinarang-oeloe, Kangdjeng Soeltan kaping 3 tiga, poepoetra Bendara Radèn Ajoe Praboeningrat aming gaboeg.
4. Mas Bèhi Bahoeseparta, sahit prang Sepèhi, noeroenaken kalih: 1 Njai Kramasentana, Demang Sokawati Padangan, 2 Njai Dremawilaga sémah loerah ngampil.
5. Mas Bèhi Resadipoera, noeroenaken: 1 Mas Bèhi Éndraprawira gaboeg, 2 Mas Wirataroena, 3 Kadji Moehammad Kasan, Ketip Kemiri.
6. Mas Bèhi Bahoeseparta, ping 2 kalih, Mas Agoes Kamsa, tilar poelo Ambon, 2 èstri sémah Mas Sébadiwirja, noeroené Kjai Sébamenggala Godèg.

---

82). Radèn Kalpikawati, langen Dalem Kangdjeng Soeltan kaping 3 tiga, poepoetra:

1. Kangdjeng Pangéran Arja Soerjabranta, ladjeng nama: Kangdjeng Pangéran Arja Poerwadiningrat, anggarwa poetranipoen Kangdjeng Radèn Adipati Danoeredja, kaping 2 kalih, séda Ngedaton poepoetra Radèn Rija Poerwakoesoema, kemantoe Radèn Adipati Danoeredja ping 5 gangsal Patih Ngajoegja, Ridder. Sampoening poepoetra Radèn Kalpikawati kéndang, séda Wandan sangking langen Dalem, sémah Mantri Séla, Ngabèhi Prawirasentana noeroenaken 5 gangsal:
   1. Radèn Joedawardaja, kemantoe Kjai Redjawangsa.
   2. Radèn Prawiradjaja.
   3. Radèn Prawirasasra, Patih + Poerwadadi, sémah wajahipoen Radèn Rangga Mangoendirdja, Madijoen.
   4. Radèn Kartadiwirja.
   5. Radèn Nganten Joedasentana, sémah Poerwadadi ing Grobogan.

---

blz.60.

82). Mas Adjeng Djasetika, sémah doesoen Plahoer, noeroenaken:

1. Mas Toemenggoeng Tirtadipoera.

---

83). Mas Toemenggoeng Tirtadipoera, sémah soetaning Radèn Poespakoesoema, noeroenaken 2 kalih:

1. Radèn Ngantèn Tjakradimedja.
2. Radèn Ajoe Semintaningroem, langen Dalem Kangdjeng Soeltan Mengkoeboewana, kaping 6 nem Ngajoegjakarta, poepoetra:

---

84). Radèn Ajoe Semitaningroem, langen Dalem Kangdjeng Soeltan kaping 6 nem Ngajoegja, poepoetra 1 satoenggil.

1. Bendara Radèn Ajoe Goesti, Poerwadiningrat, anggarwa Radèn Poerwadiningrat, poetraning Kangdjeng Pangéran Arja Soerjawidjaja.

Radèn Ajoe Semitaningroem, sampoening kakéndangaken wandan, nama: Radèn Ajoe Semitawati. Sigeg.

---

85). Bendara Radèn Ajoe Goesti Poerwadiningrat, poepoetra:

1. Radèn Loerah Sasradiwirja, Loerah poenakawan minoeman.
2. Poetri krama pikantoek poetraning Radèn Toemenggoeng Djajadiningrat ping 2 kalih, Kliwon Keparak tengen.

No.8.

Salasilah Ngampèldenta.

68). Koeneng poetranipoen Sèh Maolana Djoemadil Koebra, poetra No.5 gangsal, kang iboe Siti Pamah Kamar-roekmi, nama Sèh Maolana Aboengali Ibrahim, ing Asmara tanah nagari Tjempa, garwanipoen tiga; garwa sepoeh, Siti Saripah, poetraning Sèh Wadi, Djidah, poetraning Sèh Kasan, Sèh Kasan poetraning: Sajid Askar, poetraning Sajid Moekammad, poetraning Sajid Askap, poetraning Sarip(b) Moekammad Wakid, poetraning Sarib Kasan, poetraning Sarib Askar, poetraning Sarib Ngali, poetraning Sarib Ahmad, poetraning Sarib Imam Maladir, poetraning Sarib Imam Djahar, poetraning Sajidina Sarib Imam Moekammad Bakir, poenika kang raji Siti Roekijah, anggarwanipoen Soeltan Sarib Soeléman, Djénal Ngalim, nagari Madinah, toenggil jajah-réna, sami poetraning Sarib Moekammad Barik, poetraning Sajidina Moelana Soeltan Kabir Mahmoedin Ngali Djénal Ngabidin, poetraning Sajid Koesèn, Soeltan, Soeltan Koesèn poetraning Siti Patimah, poetra Dalem Kangdjeng Nabi Moekammad Salalahoe ngalahiiswasalam, garwa panengah Djoemilah, poetraning Radja Atjih, garwa kang nèm Dèwi Swan Awanti, temboeng Djawi: Sasanawati, kaseboet Dèwi Soedjinah.

Wondéné poetranipoen Sri Praboe Kijan, Ratoe nagari Tjempa, mbadjeng Dèwi Daran Awanti, temboeng Djawi: Dèwi Andyarawati, ingkang ginarwa dateng Sri Praboe Brawidjaja, kaping 5 gangsal ingkang wekasan Ratoe ing Madjapait; poetra panggoeloe, Dèwi Daran Parwana, temboeng Djawi: Dèwi Andyaraprana, ingkang kagarwa Radja
blz.61. Sijoeng Laoet ing Blambangan; poetra kang pamadya, Dèwi Swan Awanti, krama pikantoek Sèh Maoelana Aboengali Ibrahim waoe, poetra ingkang woeragil kakoeng nama: Awantidab, ladjeng mandjing Islam, anjekabat dateng ipé, Sèh Maoelana Aboengali Ibrahim, sareng goemanti ingkang rama, dadoe Ratoe Tjempa nama: Soeltan Siradjoedin. Sèh Maoelana Aboengali Ibrahim waoe, sampoening katriman kemantoe pikantoek Dèwi Swan Awanti, ladjeng kadadosaken Imam, wonten ing Asmara, tanah salebetipoen nagari Tjempa, ladjeng karan Sèh Maoelana Aboengali Ibrahim Asmara, poepoetra 8 woloe, kalih patoetan poetri Tjempa:

1. Iboe asli Djédah, Siti Saripah, poetra: Sajid Ngalijil Gapar.
2. Iboe asli Djédah, Siti Saripah, poetra: Sajid Kasan Asngadi.

3. Iboe asli Djédah, Siti Saripah, poetra: Sajid Ahmadirangi.
4. Iboe asli Djédah, Siti Saripah, poe~~t~~tra: Sajid Ngalinakit.
5. Iboe asli Ngatjih, Siti Djoemilah, poetra: Molana Kadji Moestakim.
6. Iboe asli Ngatjih, Siti Djoemilah, poetra: Molana Kadji Moestar.
7. Iboe asli poetri Tjempa, Sajid Ngalimoertala, dateng tanah Djawi nogok tamah ing Garesik, nama: Pandita Ngalimoertala, krama pikantoek poetraning Arija Baribin ing Madoera, krama malih pikantoek poetraning Djaran Panolih, ing Soemenep, krama malih pikantoek poetraning Arja Tédja Toebin.
8. Iboe asli ing Tjempa, Sajid Ngalirahmad, dateng tanah Djawi, nogok dateng ing Soerabaja, nama: Soehoenan Katib, ladjeng dadalem ing Ngampèl-denta, karan Kangdjeng Soehoenan Ngampèl-~~d~~denta.

---

69). Kangdjeng Soehoenan Katib Sajid Ngalirahmad, karan Soehoenan Ngampèl-denta, garwanipoen kakalih: 1 Njai Ageng Béla, poetraning Arija Danoe, ing Maospait, dados kaprenah kaponakanipoen Arja Tédja, Toeban, Arja Tédja poetraning Arja Nembé ing Madjapait, Arja Nembé, poetraning Arija Lemboesoera, ing Soerabaja, Arja Lemboesoera Soerabaja, poetraning djaler Arija Tédjalakoe, ing Madjapait ping 2 kalih, poetraning Arja Tédjalakoe kaping sapisan, ingkang kadadosaken Adipati wonten ing Toeban, alamipoen Sri Praboe Bratana ingkang nangkoda kapoendoet mantoe nama Sèh Ngabdoelrahman, ingkang poepoetra Pandita tanah Arab, nama: Sèh Koeramèd, poetraning Sèh Ngabdoellah, poetraning Sèh Ngabas, poetraning Sèh Ngabdoellah Sadar, poetraning Sèh Ahmad, poetraning Sèh Djamal, poetraning Sèh Sanodin, poetraning Sèh Ngaripin, poetraning Sèh Mangoen, poetraning Sèh Ngabdoellah, poetraning Sèh Moebarak, poetraning Sèh Koeramèn, poetraning Sèh Ngabdoellah, poetraning Sèh Moetàkir, poetraning Sèh Watas, poetraning Sajid Ngabdoellah hashar, poetraning Sajidina Ngabas, poetraning Sajidina Ngabdoel-moentalip, Adipati ing Mekah, 2 garwa ingkang nèm Njai Ageng Manila, poetranipoen Kangdjeng Soehoenan Ngampèl-denta, 14 kawan welas. blz.62.

1. mBadjeng iboe Njai Ageng Béla, Ratoe Patimah, krama pikantoek Pangéran Ibrahim ing Karang-koemoening, tanah Djapara, sasédaning laki, Ratoe Patimah waoe ladjeng maratapa wonten ing Manjoera, karan Njai Ageng Manjoera, tan dangoe krama pikantoek Kalipah Koesèn, poetraning Sèh Wadi ing Djidah, boten patoetan, sampoening krama Kalipah Koesèn, linggar dalem wonten ing Ngampèl-denta.
2. Kang iboe sangking asli pangrembé, paminggir, Njai Ageng Ratoe, krama pikantoek Pangéran Kalipah, ingkang djoemeneng Nata Ratoe Giri Gadjah-kadaton, kang djoeloek Praboe Sadmata.
3. Kang iboe Njai Ageng Manila, Ratoe Djoemanten, ladjeng kaseboet Ratoe Panggoeng, anggarwa Radèn Patah, inggih Radèn Patwa, inggih Radèn Kasan, djoemeneng Nata ing Demak, nama: Kangdjeng Soeltan Demak kaping sapisan.
4. Kang iboe Njai Ageng Manila, Ratoe Djoemeroet, krama pikantoek Kjai Ageng Brata, poetraning Arija Pamot ingkang dalem ing Toeban; Ratoe Djoemeroet waoe karan Njai Ageng Toeban.
5. Kang iboe Njai Ageng Manila, Ratoe Wreddi, nama: Ratoe Mas Taloeki, krama pikantoek Pangéran Kalipah Kadji Ngoesman, poetraning Radja Pandita Ngalimoertala, ing Garesik, Pangéran Kalipah Kadji Ngoesman waoe ladjeng dalem wonten ing Malaka, karan Njai Ageng Malaka, inggih Njai Ageng Malaka, linggar dateng Toeban, mretapa wonten ing

Danaradja, karan Njai Ageng Kjai Ageng Danaradja, Malaka.

6. Kang iboe Njai Agèng Manila, nama: Ratoe Willis, ngalih nama Ratoe Saroeni, parab Ratoe Mas Taloeki, krama pikantoek Pangéran Kalipah Anoraga, ingkang raji Pangéran Kalipah Kadji Ngoesman sami poetraning Radja Panḍita Ngalimoertala, Garesik, Pangéran Kalipah Anoraga, dalem wonten ing Tanḍes, karan Njai Ageng Kjai Ageng Tanḍes.

7. Kang iboe Njai Ageng Manila, kakoeng Pangéran Makdoem Iraḥim, djoeloek Soehoenan Bénang, waktoe dadalem wonten tanah Bénang, kabeseman, pinḍah ḍateng Karang-koemoening, noenggil ḍateng kang raka ipé, ladjeng pinḍah ḍateng ing Toeban, ngadjeng Soehoenan Praboe Anjakrakoesoema, Ratoe Wadad, ing Bénang.

Boten antawis lami goemanti kang rama, wonten Ngampèldenta, lami-lami dados Pangoeloe wonten nagari Demak.

8. Kang iboe Njai Ageng Manila, Pangéran Moesakih Moekammad, nama: Pangéran Moepti, dadalem ing Daradjat(d), karan Kangdjeng Soehoenan Daradjad, lami-lami pinḍah ḍateng tanah Tjarebon, mretapa wonten ing redi Woerja, karan Soehoenan Woerjapada, séda soemaré ing Kali-sapoe, tanah Tjarebon.

9. Kang iboe garwa pangrembé, Sèh Mahmoed, nama: Pangéran Toemrap.

10. Kang iboe garwa pangrembé, Sèh Kamdjah, nama: Pangéran Toemapel, dadalem ing Lamongan, karan Pangéran ing Lamongan.

blz.63. 11. Kang iboe garwa pangrembé, paminggir, Sèh Ranḍeh, nama: Pangéran Orang-ajoe, dalem ing Wanakrama, karan Pangéran Wanakrama.

12. Kang iboe garwa pangrembé, Njai Ageng Mandara.

13. Kang iboe garwa pangrembé, Njai Ageng Amad-daroem.

14. Kang iboe garwa pangrembé, Njai Ageng Soepija.

70-) Njai Ageng Manjoera, anggarwa Pangéran Ibrahim ing Karang-koemoening, sampoening poepoetra 3 tiga, kang laki séda:

1. Njai Ageng Sampang, krama pikantoek Kjai Ageng Sampang, poetranipoen Arja Lemboe-peteng ing Madoera.
2. Njai Ageng Panjoeran, krama pikantoek Soehoenan Ngoedoeng, poetranipoen Kalipah Koesèn, ingkang poetra patoetan sangking Arja Baribin, Madoera, doenoeng pinanggih betan sami betan.
3. Pangéran Manjoera.

---

71). Njai Ageng Panjoeran, anggarwa Djeng Soehoenan Ngoedoeng, poepoetra:

1. Kangdjeng Soehoenan Koedoes, sapisan.

72.) Soehoenan Koedoes, anggèné krama ping sakawan, krama sapisan Ratoe Andyarawati, ping kalih, poetraning Kjai Ageng Lèpèn-podang, ping tiga, poetraning Adipati Petjattanda, ing Teroeng, ping sakawan, poetraning Adipati Kendoeroewan; poetranipoen Soenan Koedoes sadaja 8 woloe:

1. mBadjeng iboe asli Lèpèn-podang, Njai Ageng Pambajoen.
2. mBadjeng iboe asli Lèpèn-podang, Panembahan Kali, dalem Pantjawati, karan Panembahan Pantjawati, sareng kang rama séda goemanti, nama: Panembahan Koedoes.
3. Kang iboe asli ing Teroeng, Pangéran Palémbang, sareng goemanti ingkang marasepoeh nama: Panembahan Palémbang kaping 3 tiga.
4. Kang iboe asli sangking Lèpèn-podang, Pangéran Pakaos.
5. Kang iboe asli sangking Lèpèn-podang, Pangéran Gegeneng.
6. Kang iboe asli Kendoeroewan, Ratoe Makodja, Ratoe Sakosar, krama pikantoek Pangéran Singa-barong poetraning Kjai Ageng Langgar.

7. Kang iboe asli Kendoeroewan, Panembahan Soedjaka.
8. Kang iboe asli Kendoeroewan, Pangéran Prada-binabar.

----

73). Panembahan Koedoes, anggarwa poetraning Pangéran Rangga Giri, poepoetra 4 sakawan:

1. Pangéran Koedoes.
2. Pangéran Demang, kang séda soemaré Kadiri,
3. Radèn Ajoe Panembahan Tjakraningrat, séda Laoetan Kamal Madoera.
4. Radèn Ajoe Oerawan, anggarwa Panembahan Oerawan poetranipoen Panembahan Madijoen.

----

74). Pangéran Demang, kang séda soemaré Kadiri, anggarwa poetraning Panembahan Wilasmara, Kediri, poepoetra 4 sakawan:

blz.64.

1. Pangéran Pamenang.
2. Pangéran Radjoengan.
3. Pangéran Kandoeroewan.
4. Radèn Ajoe Panembahan Emas, anggarwa Panembahan Emas, Boepati Kadiri.

----

75). Pangéran Radjoengan, anggarwa poetranipoen Soehoenan Madjagoeng ping 3 tiga Goenoeng Djati, poepoetra:

1. Pangéran Sarengat, kala bedahing Kadiri Patroenadjajan, Pangéran Sarengat waoe, andèrèk koendoer Dalem Kangdjeng Soehoenan Amangkoerat-dinan, Wanakreta, ladjeng tinanem wonten ing Koedoes, nama Pangéran Koedoes.

----

76). Pangéran Koedoes anggarwa asli sangking Teroeng, poepoetra 2kalih:

1. Mas Djawa, nama: Radèn Soeradipoera, goemanti kang rama, nama: Pangéran Koedoes.

2. Mas Djawi, nama: Adipati Soemadipoera, Boepati Paṭi.

---

77). Raden Adipati Soemadipoera, Boepati Paṭi, garwa poepoetra 5 gangsal:

1. Raden Ajoe Djajasetika ing Koedoes.
2. Raden Bagoes Jata, nama: Raden Adipati Tirtakoesoema, Koedoes.
3. Raden Bagoes Bewak, Raden Martakoesoema, dados Boepati wonten ing Paṭi, nama: Raden Adipati Megat-sari, poenika ingkang rama Ratoe Kadipaten.
4. Raden Ajoe Tjendana, anggarwa poetraning Pangeran Natapradja, Kadilangoe.
5. Raden Lemboe, Raden Martapoera, ngalih nama: Raden Martakoesoema, poenika ingkang rama Raden Ajoe Wandan-sari, anggarwa Panembahan Poerbaja.

---

78). Raden Adipati Tirtakoesoema, ing Koedoes, garwa poepoetra 6 nem:

1. Kangdjeng Ratoe Kantjana, kaseboet Kangdjeng Ratoe Ageng, garwa Dalem Kangdjeng Soehoenan Praboe Mangkoerat-dinan ing Kartasoera.
2. Raden Ajoe Wirasari, poenika ingkang iboe: Raden Wiratmedja, kang kaparingan nama: Raden Megat-sari.
3. Raden Ajoe Martanangga, ingkang iboe Raden Arja Endranata.
4. Raden Martakoesoema, ingkang rama: Raden Martapoera, Paridan, Poeger.
5. Raden Ajoe Anggakoesoema, ingkang iboe Adipati Soerjanagara, Raden Soewandi.
6. Raden Ajoe Wangsengsari, ingkang iboe: Raden Wangsakoesoema, ing Paṭi.

---

79). Kangdjeng Ratoe Kantjana, inggih Kangdjeng Ratoe Ageng poepoetra 3 tiga:

1. Goesti Radèn Ajoe Pambajoen, séda dèrèng diwasa.
2. Kangdjeng Soehoenan Pakoeboewana kaping 2 kalih, séda soemaré Nglawéjan.
3. Kangdjeng Ratoe Madoeretna, anggarwa Adipati Soeradiningrat ladjeng nama: Panembah Pangéran Tjakraningrat, poepoetra
blz.65. poetri, Kangdjeng Ratoe Kantjana, anggarwa Dalem Kangdjeng Soehoenan Pakoeboewana kaping 3 tiga, kaseboet Praboe Djaka, ladjeng pegat kakoendoeraken ḍateng ing Éndranatan lami-lami koendoer mring Sampang Madoera, krama pikantoek ing Madoera.
Wit Madoera kapidji ḍateng Kangdjeng Koempeni, pegatipoen Kangdjeng Ratoe Madoeretna, sangking Sampang Madoera.

---

78. Déné Radèn Bagoes Lemboe : Radèn Martakoesoema, ing Koedoes, garwa poepoetra 3 tiga:

1. Radèn Ajoe Panḍansari, anggarwa ḍateng Radèn Mas Sangka, nama: Kangdjeng Pangéran Adipati Poerbaja, poetra Dalem Kangdjeng Soehoenan Pakoeboewana kaping sapisan djoemeneng Samarang, koendoer madeg Karaton ngalih sangking Wanakreta, ḍateng Kartasoera.
2. Radèn Martanangga, poepoetra Radèn Arja Soedjanapoera, ngalih nama: Radèn Arja Éndranata, mantoe Dalem Sinoewoen Praboe Mangkoerat.
3. Radèn Ajoe Martakoesoema, anggarwa Radèn Martakoesoema, poepoetra Radèn Martapoera, Paridan Dipati Poeger.

---

79. Radèn Ajoe Wandansari, anggarwa Kangdjeng Pangéran Adipati Poerbaja, poepoetra:

1. Kangdjeng Ratoemas, garwa Dalem Kangdjeng Soehoenan Pakoeboewana kaping 2 kalih Kartasoera, séda soemaré Ngla-

wéjan; poepoetra:

----

80. **Kangdjeng Ratoemas**, anggarwa Kangdjeng Soehoenan Pakoeboewana kaping 2 kalih Kartasoera, séda soemaré Nglawéjan; poepoetra:

Kangdjeng Soehoenan Pakoeboewana kaping 3 tiga, djoemeneng Nata Soerakarta sapisan, parab Kangdjeng Soehoenan Praboe Djaka, wit ingkang rama lèrèh Kaprabon dèrèng joeswa.

----

81. Kangdjeng Soehoenan Pakoeboewana kaping 3 tiga djoeloek Praboe Djaka, anggarwa poetraning Kangdjeng Ratoe Madoeretna, patoetan sangking Madoera Sampang, Pangéran Panembahan Tjakraningrat Soeradiningrat, nama: Kangdjeng Ratoe Kantjana, boten antawis lami brawala, pakawis langen sangking Soeradilagan, Rara Beroek, serenging doedoeka brawala, ladjeng kapegat sah ing koekoem, kakoendoerakaken mring ing Éndranatan. Sigeg.

No.9. Salasilah trah Nabi Asim trah dateng ing Banjoemas.

68. Gotèk poetranipoen Sèh Maoelana Djoemadil-koebra ingkang No.6 nem, kang iboe Siti Patimah kamakawi, nama: Sèh Maoelana Aboedjidin, Imam Moekammad Apandi : Dinilkoebra, ingkang njekabat dateng Soeltan Sèh Ngabdoelkadir Djahélani ing nagari Bahgedad, sareng tinoeding dateng goeroe Soeltan Ngabdoelkadir Djahélani, kinèn ngedjawa dateng poelo tanah Djawa, sinoeng djoeloek Soehoenan Toeding, ladjeng dados Imam, wonten nagari Tjempa, anggarwa Sitisaripah, poetraning Sèh Wadi ing Djiddah, poepoetra: bls.66.

1. Sèh Djidin.

----

69. Sèh Djidin garwa poepoetra:

1. Sèh Djahidin.

----

70. Sèh Djahidin garwa poepoetra:

1. Sèh Ngabdoelkoebra.

----

71. Sèh Ngabdoelkoebra garwa poepoetra:

1. Kangdjeng Soenan Makdoem, anggarwa poetranipoen Soeltan Siradjoedin, nagari Tjempa, sak sédaning kang marasepoeh Soeltan Siradjoedin ing Radja Tjempa, goemanti namaning kang marasepoeh nama: Soeltan Makdoem Tadjoedin Alkoebra, nagari Tjempa, poepoetra:

1. Kangdjeng Soehoenan Makdoem Djamnga, sareng goemanti ingkang rama, nama: Soeltan Makdoem Djamnga Tadjoedin Alkoebra, ing Tjempa, kaping 2 kalih.

----

72. Kangdjeng Soehoenan Makdoem, ingkang goemanti poetra mantoe, nama: Soeltan Makdoem Tadjoedin Alkoebra, ing Tjempa, poepoetra:

1. Kangdjeng Soehoenan Makdoem Djamnga, sareng goemanti ingkang rama nama: Soeltan Makdoem Djamnga Tadjoedin Alkoebra, ing Tjempa Radja kaping 2 kalih.

----

73. Kangdjeng Soeltan Makdoem Djamnga Tadjoedin Alkoebra Tjempa ping 2 kalih, ingkang anggarwa poetranipoen Soehoenan Atas-angin ingkang kaping kalih, poepoetra 3 tiga:

1. Sajid Makdoem Atas Aboengali Saddar Alkoebra, ing Tjempa kaping 3 tiga.
2. Sajid Asmanapi Atas Bin Djamnga, sareng dateng poelo Djawi djoeloek Pangéran Poedjangga.
3. Sajid Dahroenapi Atas Bin Djamnga Kadji moelana, sareng

dateng tanah Djawi djoeloek Pangéran Atas-angin.

----

74. Pangéran Poedjangga, anggarwa poetranipoen Soeltan Ngoesmanakit Djahidoe As-al akbar, inggih poenika Soeltan Modang, ing Tjarebon. Pangéran Poedjangga patoetan poetra 8 woloe:

1. Kjai Adipati Wiraoedaja, Boepati Pakoewan Wirasaba kaping sapisan, alam sareng Karaton ing Madjapait, ingkang wekasan.

2. Kjai Rangga Sidajoe, ingkang awit tetroeka Ngadipala, ing-
blz.67. kang séda soemaré Sidajoe Ngadipala, inggih poenika ing-
kang anglèraken tedak toeroen Sokawati, ingkang noeroenaken dateng Kjai Rangga Wirasentika Prawiradirdja sapisan, Sokawati, doemoegi Radèn Rangga Prawiradirdja ping kalih Ngajoegjakarta, ingkang soemaré Banjoesoemoeroep, Radèn Rangga Kraman Madijoen poetra Rangga Dongkol Maèspati, kemantoe Dalem Kangdjeng Soeltan sapisan Ngajoegja, nama Radèn Rangga Mangoendirdja.

----

3. Njai Ageng Manggora
4. Njai Ageng Toja-pakis
5. Njai Ageng Donan

} kang sami manggèn troeka, séda soemaré Banjoemas.

Njai Ageng Tinebah, anggarwa Arija Soewangsa, poenika poetranipoen Sri Praboe Brawidjaja ping 5 gangsal, Ratoe Madjapait ingkang wekasan, poetra sangking garwa paminggir kang No.30 tigang dasa, sabedahing Madjapait linggar maratapa wonten pinggir Praga, nenggani kadjeng glinggang asem, lami-lami troeboes, nama: Kjai Ageng Wotsinom, dados moeridipoen Pangéran Poedjangga, kapoendoet mantoe, pikantoek Njai Ageng Tinebah waoe, mandjing Islam, anglèraken anoeroenaken séda soemaré Keḍoe Kaṭiṭang, poenika seladjeng toemoeroen dateng Bendara Radèn Ajoe Srenggara, langen Dalem Kangdjeng Soeltan Mengkoeboewana kaping sapisan Ngajoegja, poepoetra: Bendara Radèn Ajoe Goesti, Danoekoesoema, séda soemaré Kiṭa Ageng, kang kemantoe ḍoemateng Radèn Adipati Danoeredja Patih Dalem Ngajoegja ping sapisan.

----------

Wragil djaler, Kjai Geḍé Boewara, kang garwa poepoetra: Kjai Boejoet Boewara ping 2 kalih, poepoetra 2, 1 Nikèn Rara ~~W~~ Wresti, anggarwa Radèn Oerang, sareng goemanti kang soedarma nama: Njai Adipati Wiraoetama ping 2 kalih, Boepati Wirasaba, 2 poetra kang nèm, Ki Boejoet Soesanḍa, garwa poepoetra: Ki Boejoet Soewaba, garwa poepoetra: Kjai Satmaka, kang kemantoe ḍateng Kjai Boejoet Ngandjawar, saksédaning kang marasepoeh, goemanti noenggak-semi kang marasepoeh, nama: Ki Boejoet Ngandjawar kaping 2 kalih, garwa poepoetra: Kjai Sambarta, Ngandjawar ingkang gaḍah pakarjan dados Mranggi damel wrangka ḍoewoeng, kang krama pikantoek Ni Rara Woekoe, seḍèrèké kang wragil Radèn Banjak-sasra, ing Pasir Loehoer, rèhning Rara Woekoe boten poepoetra kalih Kjai Mranggi, moepoe poetra kapoenakan, nama: Bagoes Kaiman, inggih poenika ingkang dipoen soekani poesaka ḍoewoeng ḍateng Kjai Tolih, ḍoewoengipoen nama: Kjai Gadjah-éndra, wit kapikoet Kjai Tolih, anggèné marasandoe dateng Madjapait Sri Brawidjaja ping 4 noempak peksi dra, katjepeng déning Arija Gadjah, mila karan: Kjai Gadjah-éndra, Kjai Tolih katrima, linepas ing wasésa, baḍé katriman poetra Dalem blz.68. Sri Madjapait, trima kalilan amoelana sak senengipoen pjambak, woesana dados moekmin kas, gentoer kasoetapan tanah Boewara.

----

75. Koeneng Kjai Adipati Wiraoedaja, ing Pakoewan ~~P~~ Wirasaba, kang kaping sapisan, doek alam Karaton Madjapait ingkang wekasan, garwa poepoetra èstri,

1. Ni Rara Moekatiman, anggarwa pikantoek Radèn Djaka Kadoehoe, inggih Radèn Djaka Kenḍoetoeh, poetraning Radèn Soepoetra, Panḍita Poetra Arija Baribin, kang ngasrama wonten redi Sidakarsa, tanah Pakoewan Padjadjaran, poenika poetraning Sri Praboe Bratandjoeng, Sri Brawidjaja ping 4 sakawan Madjapait, Arija Baribin toenggil jajah réna kalih Sri Brawidjaja ingkang wekasan.

Radèn Djaka Kadoehoe, Djaka Kenḍoetoeh, sangking idin Sri Madjapait ingkang wekasan, sareng kaparingan triman poetri Dèwi Sampoer, goemanti kalenggahanipoen ingkang marasepoeh, dados Boepati, Adipati Wiraoetama, Boepati Pako~~r~~ewan Wirasaba, kaping 2 kalih, poepoetra:

----

76. Poetra mantoe ingkang goemanti, nama: Kjai Adipati Wiraoetama, Boepati Pakoewan Wirasaba, garwanipoen kalih, garwa ingkang sepoeh: Ni Rara Moekatiman, poetranipoen Adipati Wiraoedaja, Pakoewan Wirasa~~n~~ba, garwa ingkang nèm, poetri triman sangking Madjapait, nama Dèwi Sampoer, Adipati Witaoetama waoe, doenoeng poepoetra 3 tiga, sampoena séda:

1. Radèn Djaka Lambang, sangking garwa sepoeh saweg joeswa woloeng tjandra, dipoen wiloedjengi teḍak siti, manganggé toetoep poepoek mas, soewasa, slaka, sak sapoet pranti, mawi anḍa teboe, minggah toemoeroen ping tiga, ngidak djenang djoewadah, kantaka kaladjeng séda.

2. Sangking garwa ingkang nèm, Dèwi Sampoer saweg ngartali woloeng tjandra, ngiras damel dipoen tingkebi, siram toja toek pitoe sritaman sekar-sekar, sarta nigas lawé wenang, anggènipoen ngartali ladjeng sirna, kimpès tanpa karana, Sang poetri kredyat kapidara, keladjeng ngemasi prelaja, pramila Kjai Adipati Wiraoetama, ladjeng papali prasapa, sak tedak toeroen boten kalilan sami tingkeb lan tedak siti, manganggé toetoep poepoek mas, soewasa, slaka, tan kénging, sami kinèn njinggahana, jèn boten koewawi, nanggoelang kala.

3. Poepoetra malih sangking garwa kang sepoeh, nama Radèn Djaka Oerang, parab Radèn Djaka Koera, sampoening diwasa, krama pikantoek poetranipoen, Kjai Boejoet Boewara, nama Rara Wresti, pinanggih nak ing misan, sareng goemanti kalenggahanipoen ingkang rama nama: Adipati Wiraoetama kaping 2 kalih Wirasaba.

----

77. Radèn Djaka Oerang, oetawi Radèn Djaka Koera, Adipati Wiraoetama ping 2 kalih, ingkang garwa poetraning Kjai Boejoet Boewara, nama: Rara Wresti; Kjai Boejoet Boewara, poetraning Kjai Gedé Boewara, poetraning Pangéran Poedjangga. Ingkang woeragil Adipati Wiraoetama kaping 2 kalih waoe poepoetra djaler: blz.69.

1. Radèn Djaka Rawin, sareng sampoen diwasa anggarwa poetraning Adipati Gagak-ngampar, Boepati Dajeh-loehoer, nama Dèwi Santang, sareng goemanti ingkang rama nama: Adipati Soerawin, Wirasaba.

----

78. Adipati Soerawin, anggarwa poetranipoen Adipati Gagak-ngampar, Boepati ing Dajeh loehoer, nama Rara Dèwi Santang, kaprenah rabi oewa, Boepati Dajeh-loehoer kaping

2 kalih, poepoetra:

1. Radèn Djaka Tambangan, sampoening diwasa anggarwa Dèwi Loe(ng)gé, poetraning Adipati Banjakbesi, Pasir Batang.

----

79. Radèn Djaka Tambangan, Adipati Soeraoetama, anggarwa Dèwi Loenggé, poetraning Adipati Banjakbesi Pasir Batang, idi sangking Kangdjeng Soeltan Demak wekasan, poepoetra 5 gangsal:

1. Bagoes Djaka Warga, sampoening diwasa, anggarwa poetranipoen Panembahan Sénapati Mangkoeboemi ping 3 tiga, Pasir-loehoer, nama: Rara Srini, karan Njai Adipati Wargaoetama, Kjai Adipati Wargaoetama, Boepati Wirasaba, kang séda doesoen Bener tanah Ngoeroet Sèwoe, Bagelèn Pandjer.

----

80. Adipati Wargaoetama, Boepati Wirasaba, kang séda Bener, tanah Ngoeroet Sèwoe, Bagelèn Pandjer, anggarwa poetranipoen Panembahan Sénapati Mangkoeboemi, kaping 3 tiga, Pasir-loehoer, nama Rara Srini, kaseboet Njai Adipati Wargaoetama, Wirasaba, poepoetra 4 sakawan, poetra sepoeh badjeng èstri:

1. Ni Rara Kartimas, katrimakaken pikantoek abdi poenakawan nama: Bagoes Djaka Kaiman, inggih Bagoes Djaka Mangoen, anak anggèné moepoe Njai mranggi Ngandjawar, kaprenah bijoengipoen bibi, adinipoen Raden Banjaksasra, ing Pasir, poenika poetraning Arija Baribin, kang djoeloek Pandita Poetra, Adjar redi Sidakarsa, poetraning Sri Praboe Bratandjoeng, Praboe Brawidjaja kaping 4 sakawan Madjapait.

Sampoening Kjai Adipati Wargaoetama, kang séda doesoen Bener, sangking dawoeh idin Kangdjeng Soeltan Kamidil Ngalam Padjang, satilaré kang marasepoeh, ingkang goemanti dados Boepati Wirasaba, Bagoes Djaka Kaiman, nama: noenggak-semi kang marasepoeh, Adipati Wargaoetama, kaping 2 kalih Wirasaba.

----

81. Adipati Wargaoetama, Boepati Wirasaba kaping 2 kalih waoe, doek semanten tanah Wirasaba binagé kapara sakawan, dateng para sadèrèk sakawan, 1 ing Senon, 2 ing Wirasaba, 3 ing Pandjer, 4 ing Ngandjawar; pramila Adipati Wargaoetama, kaping 2 kalih Wirasaba, karan Adipati Mrapat, tan lami noelja linggar sangking Wirasaba, blz.70. ngalih dalem doedoekoeh ing Banjoemas, kaprenah sak lèrkilènipoen Ngandjawar, aran wana Mangli, beneré kajoe dembaga, binabad kinarja kita, miscewoer ingaranan nagari Banjoemas, Kjai Adipati Mrapat Boepati Banjoemas, poepoetra 6 nem, poetra kang No.2

2. Ngabèhi Djanah, goemanti ingkang rama, nama Adipati Djanah Banjoemas.

----

82. Adipati Djanah anggarwa Ni Rara Warsiki, poetranipoen Panembahan Wirakoesoema, ing Goemelem Girilangan, kaseboet Panembahan Toewan, poenika poetranipoen Njai Ageng Taloeki, poetraning Kjai Ageng Béntjo, kang séda soemaré ing Roma, poenika poetranipoen Njai Ageng Sihab, séda soemaré ing Ngloeroeng-tengah tanah Bandjarnagara, Banjoemas, Njai Ageng Sihab waoe poetraning Kjai Ageng Ngabdoer-rahman ing Séla, dené Njai Ageng Taloeki waoe, gadah adi djaler nama: Ki Koewoe Béntjo; Ki Koewoe Béntjo poepoetra Ki Koewoe Ngrawa, poepoetra Bagoes Djanah, sareng katrima gènipoen njepeng tyang ngraman doesoen Sarawidoe déning Kangdjeng Soeltan Padjang,

ginandjar lenggah dados Boepati tanah Roma, ing Pandjer, poepoetra Adipati Mangkoepradja, kang soemaré Pakoentjèn Sidajoe, poepoetra Radèn Toemenggoeng Kartanagara, alam Sinoewoen Poeger Kartasoera, Toemenggoeng Kartanagara, poepoetra Adipati Kartanagara, alam Kangdjeng Soehoenan Pakoeboewana kaping 2 kalih, soemaré Nglawéjan, Adipati Kartanagara poepoetra: Radèn Toemenggoeng Kartanagara, poenika kemantoe Radèn Toemenggoeng Joedamagara kaping 2 kalih séda Pendapa, Radèn Toemenggoeng Kartanagara, poepoetra Radèn Ngabèhi Resapradja, Ngabèhi Pandjer, poepoetra Radèn Ngabèhi Resapradja kaping 2 kalih, ingkang noeroenaken Radèn Adipati Kartanagara, Boepati Karang-anjar, poetraning Mas Toemenggoeng Kalapa-aking, Pandjer.

Mangsoeli Njai Ageng Béntjo garwanipoen Kjai Ageng Béntjo, poenika poetranipoen Njai Ageng Pakis, Njai Ageng Pakis inggih poetraning Kjai Ageng Ngabdoer-rahman ing Séla, pinanggih krama nak-dèrèk Kjaigeng Béntjo waoe sami èstri.

Déné Adipati Djanah Boepati Banjoemas, séda soemaré redi Bendoengan Banjoemas, poepoetra djaler 10, èstri 11, goenggoeng 21 idji:

1. Ngabèhi Martasoera, ing Genting, karem remen mertapa wonten Kali Getoek, karan Ngabèhi Kali Getoek, sareng goemanti kang rama dados Boepati, nama: Adipati Djanah kaping 2 kalih, Banjoemas.

----

83. Adipati Djanah ping 2 kalih, Boepati Banjoemas, garwanipoen asli Koripan, ngalih dadalem ing Tjepaka, oegi Banjoemas, poepoetra djaler 5, èstri 8, goenggoeng 13 tiga welas:

1. Poetra sepoeh Ngabèhi Mretajoeda, ing Tembawang, sareng goemanti kang rama, nama: Adipati Mretajoeda, Boepati Banjoemas.

----

84. blz.71. Adipati Mretajoeda, anggarwa asli sangking Mretakanda, dedalem teksih wonten ing Tembawang, Banjoemas, poepoetra djaler 10, èstri 4, sakawan, goenggoeng 14 idji, poetra badjeng:

1. Ngabèhi Mretajoeda, sareng goemanti kalenggahanipoen ingkang rama, nama Kjai Toemenggoeng Joedanagara, kang séda masdjid Kartasoera, koekoem kondan.

----

85. Kjai Toemenggoeng Joedanagara, ping sapisan, Boepati Banjoemas, ingkang dipoen sédani wonten masdjid Kartasoera, lajon soemaré ing Banjoemas, koekoem kondan.

Ingkang garwa kalih, garwa ingkang sepoeh, sedèrèk Dalem Kangdjeng Soehoenan Mangkoerat, Kartasoera, raji Dalem kang No.14 kawan welas, poetra sangking Kangdjeng Ratoe Kantjana, asli Karanon poetraning Adipati Singaranoe, nama: Radèn Ajoe Kaleting-koening ping 2 kalih, kang krama binojong déning Troenadjaja, sak pademipoen Troenadjaja, poetri Radèn Ajoe Kaleting-koening ping 2 kalih waoe katrimakaken pikantoek Kjai Toemenggoeng Joedanagara, ping sapisan Boepati Banjoemas, kang séda masdjid, sinoeng nama: Radèn Ajoe Bendara, déné garwa ingkang nèn nama: Radèn Ajoe Anggèr, tilar poetra djaler 10, èstri 4, goenggoeng 14 kawan welas, poetra badjeng:

1. Kang iboe Radèn Ajoe Bendara, Bagoes Kali, sareng goemanti dados Boepati Banjoemas nama: Kjai Toemenggoeng Joedanagara, kaping kalih, misoewoer karan: Kjai Toemeng-

goeng Joedanagara, kang séda Mendapa.

----

86. Kjai Toemenggoeng Joedanagara ping 2 kalih Boepati Banjoemas, kang séda Mendapa, garwa 3 tiga, kang sepoeh: Njai Adjeng Joedanagara, karan Njai Adjeng Banjoemas, poetraning èstri: Njai Adjeng Joedaprana, kang soemaré redi Widjil Kartasoera, anggarwanipoen Ngabèhi Joedaprana, Patih Kaliwoengoe, kang toemoet angloeroeg kang raka dateng Demak, waktoe prang Petjina, sahit lajon soemaré doesoen Tajana, Demak.

Garwa kang tengahan, Radèn Ajoe Anggèr, poetraning Ngabèhi Drepawangsa, Kaodan, adinipoen Njai Adjeng Joedaprana, toenggil jajah réna, sami poetraning Ngabèhi Anggasoeta, Ngabèhi Kaodan, Radèn Ajoe Anggèr waoe, tilas langen Dalem Kangdjeng Soehoenan Praboe Mangkoerat, langen saweg ngartali dipoen trimakaken dateng Kjai Toemenggoeng Joedanagara, déné garwa kang nèm, poetraning Kangdjeng Pangéran Panoelar, nama: Radèn Ajoe Kangnom.

Kjai Toemenggoeng Joedanagara, séda Mendapa, tilar poetra:

1. Sangking Njai Adjeng Banjoemas, Bagoes Konting.
2. Sangking Radèn Ajoe Anggèr, tilas langen Dalem Ngabèhi Kendoeroewan.
3. Sangking Radèn Ajoe Kangnom, Panoelaran, Radèn Ajoe Resapradja, waoe pegat ladjeng krama pikantoek Kjai Toemenggoeng Kartanagara, Boepati ing Roma, alamipoen Kangdjeng blz.72. Soeltan kaping sapisan Ngajoegja, Kjai Toemenggoeng Kartanagara, ingkang prang tanglet djenar baroeboehan, awit Kangdjeng Kjai Gadjah-éndra ketjakoep ingkang Sinoewoen sapisan, sahidipoen Kjai Toemenggoeng Kartanagara, ketjakoepipoen poesakanipoen dateng Radèn Adipati Joedanagara, Boepati Banjoemas, sareng dados Papatih

Dalem Ngajoegja, waoe ḍoewoeng poesaka Kartanagaran pinoenḍoet, dados poesaka Kapatijan Ngajoegja, piteḍanana, Kangdjeng Kjai Poerbanijat, sangking wilajah Dalem ingkang Sinoewoen sapisan ing Ngajoegjakarta.

Dené Bagoes Konṭing, waktoe magang dados Mantri Anom, ing Kadanoeredjan, alam Kartasoera, sinoeng nama: Radèn Martawidjaja, sareng pinoenḍoet dados Loerah Pranakan, goemaḍoeh Radèn Demang Ngoerawan, paringan parab Radèn Bremarawilasita, tegesé: jèn matja brengengeng lir kombang lakèn, Kangdjeng Soehoenan Mangkoerat Praboe, kilajoe maringi parab nama: Radèn Gandakoesoema, wit manawi kakresakaken maos serat Wiwaha kawi, kaleres poepoeh gandakoesoema, soewara aroem manis gamboeh kalih poepoeh sekaripoen, lir kombang ngingsep sari, ndadosaken katjarjaning nala Dalem, waktoe semanten Kangdjeng Soehoenan Praboe Mangkoerat soeroed, poetra Dalem goemanti djoemeneng Nata nama: Kangdjeng Soehoenan Pakoeboewana kaping 2 kalih, Kartasoera, sabedahé Pe~~y~~tjina, kraton ngalih ḍateng tanah Sala, tan lami raji Dalem Kangdjeng Pangéran Arija Mangkoeboemi, lolos medal sangking nagari, Radèn Gandakoesoema, kinèn ḍèrèk, ḍateng tanah Sokawati, 3 tigang warsa, noelja pisah nalika prang wonten redi Plawangan soekoening redi Lawoe, binaṭeṭet déning koempeni, Radèn Martawidjaja, inggih Radèn Gandakoesoema, Bremara, ngantos tan meningi sédané kang rama, kalenggahanipoen Boepati Banjoemas dipoen gentosi ḍateng kang raji ipé, Toemenggoeng Resapradja, Kartasoera, Radèn Martawidjaja, Gandakoesoema waoe, mérang ing tyas doemoenoeng dateng Lingoes-boentoe, Tjilatjap, sijang minggah dateng narmada lèpèn Serajoe ngèli wangsoel ḍateng Ngingoes-boentoe

masdjid, séla, boten kendat anggèné manting sarira, loemebet ing goewa ingkang angker-angker tan awigih, antawis angsal tigang warsa, antoek palaling soeksma, Toemenggoeng Kesapradja lèrèn, kalenggahanipoen Boepati, wit sangking brawala pangagenging koempeni, dados Kaboepatèn Banjoemas komplang, sangking atoeripoen Boepati Najaka kalih, Kjai Toemenggoeng Mangkoejoeda, Kjai Toemenggoeng Anggawangsa, jèn boten ingkang gadah woetah rahipoen, ing Banjoemas, andadosaken rentjemipoen, nala Dalem, tandya Radèn Martawidjaja kinèn madosi, sampoening panggih, Radèn Martawidjaja, winisoedda nama Radèn Toemenggoeng Joedanagara kaping 3 tiga Boepati Banjoemas, lami-lami wonten pangloeroegan, patjak baris wonten Toegoe tanah Sokawati,
blz.73. pinoedjoe badé palihan nagari wonten doesoen Padagangan karan ing Gijanti, Pangéran Sénapati Arija Mangkoeboemi, djinoendjoeng déning Kangdjeng Koempeni, nama Kangdjeng Soeltan Mengkoeboewana Sénapatining Ngalaga Mantaram, kaseboet Kangdjeng Soeltan Sénapatining Ngalaga Gijantipoera, koetjiwa djoemeng Nata dèrèng, kagoengan soeséna, mantri waktra, sangking karsanipoen Kangdjeng Koempeni sa-abipraja, Radèn Toemenggoeng Joedanagara, Boepati Banjoemas, Joedanagara kaping 3 tiga, djinoendjoeng sinengka ing ngaloehoer, dados Papatih warangka Dalem, nama Radèn Adipati Danoeredja, déné ingkang goemanti dados Boepati Banjoemas, poetra djaler kang sepoeh nama: Radèn Gandakoesoema, poetra patoetan sangking Masajoe Kamasan, tegesipoen barep, asli Katjé, ladjeng sinoeng nama: Radèn Toemenggoeng Joedanagara kaping 4 sakawan, anggarwa betanipoen Radèn Ajoe Anggèr inggih Bendara, poetra bektan Éndranatan, pinanggih poetra bektan sami bektan; inggih poenika poepoetra, ingkang

kinarangoeloe dateng Kangdjeng Goesti Pangéran Adipati Mangkoeboemi kaping sapisan ing Soerakarta~~m~~, patoetan poetra Radèn Ajoe Goesti Poerbaja, sareng kang garwa djemeneng Nata Soerakarta, Radèn Ajoe Goesti Poerbaja, djinoendjoeng: Kangdjeng Ratoe Pakoeboewana Poeroebaja, poepoetra Kangdjeng Ratoe Goesti Pambajoen wadad Soerakarta.

----

87. Radèn Toemenggoeng Joedanagara kaping 3 tiga, Boepati Banjoemas, sinoeng nama: Kangdjeng Radèn Adipati Danoeredja, kaping sapisan Ngajoegja, séda soemaré ngastana poera Ngimagiri, poetra kakoeng 19 idji, poetra èstri 19, goenggoeng 38 tigang dasa woloe, poetra ingkang nomer 22 kalih likoer, Mas Martawidjaja, kang iboe poetranipoen Radèn Rija Mandoeraredja, Wadana Penanḏon Kartasoera, séda prang sahit ~~s~~ daweg Petjina, lajon soemaré Drana, sampoening katriman poetra Dalem, ingkang Sinoewoen Kangdjeng Soeltan sapisan Ngajoegja, nama: Radèn Adjeng Prabajasa, ladjeng nama: Bendara Radèn Ajoe Goesti Danoekoesoema, séda soemaré Kiṯa Ageng patoetan poetra tiga likoer kakoeng poetri idjèn; Radèn Toemenggoeng Danoekoesoema, alam Kangdjeng Soeltan kaping 2 kalih Ngajoegja, soemaré Patjitan ladjeng dèn poeter ḏateng koelawangsanipoen, dateng soemaré Moelangi, Ngajoegja.

----

88. Radèn Toemenggoeng Danoekoesoema, anggarwa poetra Dalem Kangdjeng Soeltan kaping sapisan Ngajoegjakarta, Bendara Radèn Ajoe Goesti Danoekoesoema, soemaré Kiṯa Ageng, tilar poetra 27 pitoe likoer, poetra badjeng:

1. Radèn Toemenggoeng Martanagara, anggarwa poetra Dalem Kangdjeng Soeltan kaping 2 kalih Ngajoegja, poetra Dalem pangadjeng nama: Kangdjeng Ratoe Anggèr, sareng goemanti kaleng-

blz.74. gahanipoen ingkang éjang, dados Patih Dalem nama: Kangdjeng Radèn Adipati Danoeredja kaping 2 kalih ing Ngajoegjakarta, karan Radèn Adipati Séda Ngeḍaton, soemaré Banjoesoemoeroep, sampoening djoemeneng Dalem Nata Kangdjeng Soeltan kaping 6 nem Ngajoegja kinèn moeter dèn lih soemaré Ngastana Moelangi, sabijantoe para ahli poetra wajah Radèn Adipati Danoeredja ping 5, Ridder, kalih Radèn Toemenggoeng Kolonèl Mertanagara.

----

89. Kangdjeng Radèn Adipati Danoeredja kaping 2 kalih Ngajoegja, séda soemaré dèn poeter ing Moelangi, poepoetra sangking Kangdjeng Ratoe 7 pitoe, sangking garwa paminggir 8 woloe, goenggoeng 15 idji, poetra kang No.4.

4. Kang iboe Kangdjeng Ratoe Anggèr, nama: Kangdjeng Ratoe Kantjana, kaseboet Kangdjeng Ratoe Ageng, poenika anggarwa Dalem Kangdjeng Soeltan Mengkoeboewana kaping 4, Ngajoegjakarta, ingkang kaseboet Ingkang Sinoewoen kang séda Basijar.

10. Kang No.10 sadasa, kang bibi Mas Adjeng Poelangjoen, kang séda soemaré Lempoejangwangi, Radèn Toemenggoeng Kolonèl Koemenḍan Mertanagara.

11. Kang No.11 sawelas kang iboe Kangdjeng Ratoe Anggèr, Kangdjeng Pangéran Kolonèl Adjoedan Arija Joedanagara.

13. Kang No.13 tiga welas, kang bibi Mas Adjeng Poelangjoen, Kangdjeng Radèn Adipati Danoeredja kaping 5 gangsal Patih Dalem Ngajoegja Ridder de orde Nèderlanseléjo, ladjeng nama: Kangdjeng Pangéran Arja Djoeroe.

15. Kang No.15 gangsal welas, kang bibi Mas Adjeng Poelangjoen, Radèn Ajoe Kalapa-aking, krama pikantoek Kjai Toemenggoeng Kalapa-aking, Pandjer, djaman dahoeroe prang Dipanagaran.

----

90. Kangdjeng Ratoe Kantjana, garwa Dalem Kangdjeng Soeltan

kaping 4 sakawan, kaseboet Ingkang Sinoewoen Kang Séda Basijar, Ngajoegjakarta, poepoetra:

1. Kangdjeng Goesti Pangéran Adipati Anom, séda dèrèng diwasa.
2. Kangdjeng Soeltan Mengkoeboewana kaping 5 gangsal Ngajoegjakarta, Rider.
3. Ingkang Sinoewoen Kangdjeng Soeltan Mengkoeboewana kaping 6 nem Ngajoegja, Ridder Nèderlanslèjo, Ngajoegjakarta Adiningrat.
4. Goesti Radèn Ajoe Sekar Kaḍaton, séda dèrèng diwasa.

Sigeg.

No.LO. Poenika salasilah Padjadjaran.

74. Sajid Dahroenapi Kadji Mcelana Atas Bin Djamnga, sareng ḍateng tanah Djawa, djoeloek Pangéran Atas-angin, kang séda soemaré nagari Tjempa, Pangéran Atas-angin waoe, sareng mentas toeroen kadji sangking Ngarab, koendoer ḍateng tanah Djawi, sareng wonten ing laoet, aningali tjahja noerboewat warni peṭak, kaprenah tanah Djawi, ladjeng soemedja minggir-minggir saking laoetan, ladjeng kalaoet ḍateng tanah Garesik; sareng ningali ngidoelngétan tjahja waoe katingal, ladjeng lajar mangilèn, anḍjog tanah Pamalang, ladjeng mentas ḍateng ḍaratan, mboedjoeng tjahja ingkang wonten ing ḍoesoen Djatisari, Pamalang. Inggih poenika Sri Praboe Linggakarang,

blz.75. ingkangmretapa wonten woekir Djamboedipa, tanah Padjadjaran; Sri Praboe Linggakarang poetranipoen Sri Praboe Linggawesi, poetraning Praboe Lingga-ijang, poetraning Sri Praboe Loetoengkesaroeng, kang djoeloek Praboe Maradipa, sadèrèngé djoemeneng Nata nama: Radèn Djaka Pitoeroen, poenika poetraning Praboe Sri Maha Radja Sekti, Marasoedḍa, Njakrawati, adjoeloek Praboe Banjakwiḏé, inggih Praboe Sijoengwanara, ingkang djoemeneng Nata Soenḏa Prajangan, sinoeng nama: nagari Pakoewan Padjadjaran, inggih poenika poetraning Sri Ardjakoesoema, Ratoe Padjadjaran ingkang wekasan, Soenḏarowang.

Praboe Linggakarang waoe, kang mretapa wonten woekir Djamboedipa, ing Pakoewan Padjadjaran, noenten linggar moelana ḏateng redi Tjahjana, redi Kaḏaton Djatisari, tanah Pamalang, kaseboet karan: Praboe Djamboedipa, inggih Praboe Linggakarang. Koeneng Pangéran Atas-angin ḏateng, ngoel~~l~~oeki salam ḏateng ingkang tapa, nanging angtapa boten djawab, sabab boten mangretos tata tjaranipoen pawitjantenan. Pangéran Atas-angin, ngandika ḏateng sakabat menawi kang maratapa, dipoen galih taksih Boedḏa, djawabipoen akoe doedoe wong Boedḏa, akoe wong kang linoe~~l~~wih; ḏawoeh Pangéran Atas-angin, jèn kaoe wong kang linoewih, apa kaloewihaning ing sira, djawabing kang tapa: kaloewihan ingsoen sira arep soemoeroep, keṯoe manira bisa maboer soenḏoel ing langit, jèn mangkono akoe arep weroeh kadyibjanmoe, ing ngèlmoe kasantikan kanoeragan; semanten kalaksitan, sapisan, ping kalih, keṯoe lanḏok, kenṯi tjarat koemba, tinoempoek-toempoek, saged baboer mring ngawijat, moeloek soenḏoel langit, toemeḏak toemoeroen boten éwah taksih tata kados kang waoe-waoe, sareng rambah-rambah ping tiga, tahor Pangéran Atas-angin, motjot kang tjanéla, ingoeloekaken anoetoeti mring ngawi~~k~~jat, wasana tigan kenṯi sami mawoet-mawoet sami petjah, waoe keṯoe isi katoempangan tjenélanipoen Pangéran Atas-angin, Sang tapa roemaos kasosor, sampoen lambang, wektoe poenika baḏé kenḏih agama Boedḏa baḏé kenḏih agama Islam, kenjina keṯoe katoempangan, tjenéla, Sang tapa dipoen Islamaken, Sang tapa teksih soemados, sageda wonten ing woekir Tjahjana, ladjeng sami dateng ing Tjahjana kalih atoenggil, medal Djatisari andjog padoekoehan Bongas, ladjeng dateng redi Tjoepoe, wates Pamalang, kalih Tjahjana, andjog lèpèn Kaoeripan, ladjeng dateng Kali Karang, tinoeroet mangandap andjog ing woekir Tjahjana redi Kadaton, ladjeng minggah dateng sapoetjoeking redi Tjahjana, ladjeng pinaras kang réma, djénggot boembala dipoen teteki kang kanaka, ladjeng mandjing agami Islam, sinoeng nama: Pangéran Djamboekarang, sareng badé winedjang ilmoe kak, atoeripoen Pangéran Djamboekarang njoewoen minggah dateng woekir Lawèt, sami minggah dateng woekir Lawèt sampoening doegi poetjak, sami lenggah kalihipoen, noelja winedjang widjang ngè~~l~~lmi kak, dipoen béngati, wetoe béngat Pangéran Atas-angin, blz.76. dateng Pangéran Djamboekarang, ing ngrikoe poetjak-poetjak boekit-boekitipoen woekir kang sami tjelak sami takloek poetjoek-poetjoek redi mangloeng kados anon kaproengon pamedjang waoe sami mangloeng toemijoeng dateng redi Lawèt sadaja ngantos doemoegi sak mangké élokipoen poetjoek redi sami wang~~s~~oe~~l~~n mangloeng sadaja, élokipoen tijang ingkang minggah dateng redi Lawèt poenika katamtoe paningal soemerep wawrenèn pjambak-pjambak, oepami gadah nijat kirang saé ladjeng boten saged késah késah, poenapa ingkang ka-adjap ing manah, sabab inggah-inggahan, barang-barang sami manganggé katilar wonten wana, wangsoelipoen barang-barang ingkang sami katilar boten rempit boten tjitjir sak priki poenika wiloedjeng.

Gentos kodjar Pangéran Djamboekarang, kagoengan poetra èstri nama: Dèwi Roebijah Bekti, wonten Padjadjaran, dipoen tjipta Pangéran Djamboekarang, poetra ḍateng, dipoen saosaken ḍoemateng Pangéran Atas-angin, kadamel garwa; Pangéran Djamboekarang doemoegi djandji tilar-doenja lajon soemaré sapoetjaking woekir Lawèt, dados panadaran doemoegi sak mangké, boten kenḍat-kenḍat, tijang-tijang késah dateng saking tanah mantja pradja.

Sampoening Pangéran Atas-angin waoe ladjeng koendoer mring nagari Tjempa, bekta garwa Dèwi Roebijah Bekti, lami-lami poepoetra 5 gangsal:

1. Pangéran Makdoem Koesèn, séda soemaré ing Radjawana Pangéran Kadjeng Poering.
2. Pangéran Makdoem Ngoemar, séda soemaré poelo Krimoen ing Malaka.
3. Pangéran Makdoem Makdam, kang séda soemaré Tjarebon, poepoetra èstri, kang dipoen garwa ḍateng Soehoenan Madjagoeng kaping 3 tiga.
4. Siti Roebijah Rådja, kang séda soemaré Raos Séla, Pakalongan.
5. Njai Ageng Pamekas, kang séda soemaré redi Djembangan.

----

75. Pangéran Makdoem Koesèn, kang soemaré Radjawana, djoeloek Pangéran Kadjeng Poering, garwa poepoetra 2 kalih:

1. Pangéran Makdoem Djamil, kang soemaré Wiraṭa, ing Pangangsalan karan: Kjai Ageng Séla Manik kaping sapisan.
2. Èstri, kagarwa pikantoek Panembahan Sarasah kang séda soemaré ḍoesoen Léjangan tanah Keḍoe.

----

76. Pangéran Makdoem Djamil, Séla-manik, ingkang garwa poetraning Njai Ageng Tinebah Wotsinom,Keḍoe Kaṭiṭang, poenika poetranipoen Pangéran Poedjangga, Goenoeng Djati Tjarebon.

Pangéran Makdoem Djamil, inggih Kjai Ageng Sélamanik, ingkang kaping sapisan, poepoetra 3 tiga:

1. Pangéran Waliprakosa, ing Pakiringan tanah ing Tjahjana, bawah Banjoemas Poerbalingga.
2. Èstri, krama pikantoek Kjai Maragati, ing Keḍoe Keṭiṭang,
sampoening séda Pangéran Makdoem Djamil Sélamanik sapi-
san, sasédaning kang rama marasepoeh, goemanti noeng-
blz.77. gak semi marasepoeh, nama: Kjai Ageng Sélamanik ingkang
kaping 2 kalih, ing Keḍoe Kaṭiṭang, ingkang anglèraken
toeroen Bendara Radèn Ajoe Srenggara, asli Keḍoe Kaṭi-
ṭang.
3. Pangéran Waroedjoe, anggarwa poetranipoen Kjai Rangga kaping 3 tiga, ing Sokawati, poetraning Kjai Rangga kaping 2 kalih ingkang toetroeka ing Ngadipaṭa, poenika poetranipoen Kjai Rangga kaping sapisan, ingkang toetroeka Sidajoe, Kjai Rangga Sida-ajoe waoe poetraning djàler Pangéran Poedjangga, ingkang karan Pangéran Atas-angin, toenggil jajah réna.

----

77. Pangéran Waliprakosa, ing Pakiringan Tjahjana, Poerbalingga, bawah Banjoemas, garwa poepoetra 5 gangsal.

1. Njai Ageng Bareb, anggarwa Pangéran Arja Nata Adimenggala, ping sapisan Boepati Soemeḍang.
2. Kjai Ageng Pagoengning, séda soemaré Kretanagara, kang garwa poepoetra èstri, krama pikantoek Kjai Somagati, sak sédanipoen kang marasepoeh, nama: noenggak semi kang marasepoeh, nama: Kjai Ageng Pagoengning kaping 2 kalih, kang dalem ing Lempoejang, tanah Keḍoe, ladjeng karan Kjai Ageng Lempoejang, séda noeroenaken wonten ing Lempoejang tanah Keḍoe.
3. Njai Ageng Baratiman, kang séda, noeroenaken ing ḍoesoen

Makam ing Tjahjana, Poerbalingga, margi pakèndelan ḍateng Lawèt, ḍoesoen Makam Tjahjana waoe.

4. Kjai Pekiringan.

5. Njai Ageng Pangéran anggarwa Pangéran Wahdoem Tjahjana.

----

78. Njai Geng Pangéran kang garwa Pangéran Wahdoem Tjahjana, Pangéran Wahdoem Tjahjana waoe poetraning Pangéran Anggijana, poetraning Pangéran Sadjamreta, poetraning Pangéran Babakan, poetraning Pangéran Gegeneng, poenika poetraning Soenan Koedoes, poetraning Njai Ageng Manjoeran, poetraning Njai Ageng Manjoera, gih poenika poetraning Soehoenan Ngampèldenta, poetraning Sèh Maolana Aboengali Irahim ing Ngaemara, nagári Tjempa, inggih poenika poetraning Sèh Maolana Djoemadil koebra, kang soemaré ing redi Plawangan soekoening redi Marapi Ngajoegja.

Njai Geng Pangéran Wahdoem Tjahjana, poepoetra 2 kalih,

1. Èstri krama pikantoek, Pangéran Arja Natawidjaja, ing Soekapoera, kiṭa Manondjaja, tanah Prajangan.
2. Pangéran Atas-angin ingkang kaping 2 kalih, kang soemaré ḍoesoen Krosok ing Dasaséla, garwa kalih, garwa sepoeh asli Sokawati, garwa nèm asli Dasaséla, kaṭah poetra toeroenipoen, anamoeng boten katjrijosaken. Sigeg. blz.78.

No.11. Gotèk salasilah Sokawati.

----

77. Pangéran Waroedjoe, anggarwa poetranipoen Kjai Rangga kaping 3 tiga, ing Soekawati, poetraning Kjai Rangga kaping 2 kalih, ingkang toetroeka ing Ngadipala, poenika poetraning Kjai Rangga kaping sapisan, ing Sidajoe, poetraning Pangéran Poedjangga, Pangéran Poedjangga sa-

ḍèrèkipoen sepoeh Pangéran Atas-angin, toenggil jajah réna.

Déné Kjai Rangga kaping 2 kalih, kang toetroeka ing Ngadipala waoe, anggarwa poetraning Kjai Wanasalam, ping sapisan ingkang linggar moelana dateng ing Demak, poenika poetraning Radèn Djaka Laroe, kang karan Kjai Ageng Wanalapa, poetra sangking garwa paminggir, poetraning Sri Praboe Brawidjaja ping 5 gangsal, Ratoe Madjapait ingkang wekasan, poetra kang No.86 woloeng dasa nem.

Wondéné Kjai Ageng Wanalapa waoe, garwa poepoetra 2 kalih, poetra kang sepoeh Ki Paksalapa, kang nèm Ki Wanapaksa, sareng sami takloek dateng Radèn Patah, inggih Patwa, ladjeng sami magoeroe mandjing Islam, ḍateng Kangdjeng Soehoenan Ngampèldenta, Ki Paksalapa, sinoeng nama: Sèh Wadjagoeng, dados moekmin kas karem moelana sapoeroeg-poeroeg, sareng séda ḍoekoeh Kintelan sawétan wana Patjétokan ingkang leres plengkoeng Boentet Ngajoegjakarta, wana Mantaok tanah Mantaram, wajahipoen Sri Brawidjaja ingkang wekasan, Ki Wanapaksa, sinoeng nama: Kjai Wanasalam, Patih Demak, kaping sapisan, Kjai Wanasalam waoe, poepoetra èstri, ingkang krama pikantoek Kjai Rangga kaping 2 kalih, kang toetroeka tanah Soekawati, poepoetra èstri, kang kagarwa ḍateng Pangéran Waroedjoe, Pangéran Waroedjoe patoetan poetra 2 kalih:

1. Kjai Ageng Amadaroem, ing Pakis, kang kemantoe ḍateng Kjai Ageng Getaspenḍawa, kang garwa poepoetra:
2. Pangéran Séda Pamekasan, tanah Madoera.

----

78. Kjai Ageng Amadaroem, ing Pakis anggarwa poetraning Kjai Ageng Getaspenḍawa, garwa poepoetra:

1. Kjai Ageng Amad-tahar, ing Pakis kidoel.

----

79. Kjai Ageng Amat-tahar ing Pakis kidoel, anggarwa poetraning Kjai Ageng Ngabdoer-rahman, ing Séla, garwa poepoetra:

1. Kjai Kadji Ngabdoellah, ing Karang-pakèl.

----

80. Kjai Kadji Ngabdoellah, Karang-pakèl, garwa asli Giri, poepoetra:

1. Kjai Mas Balimbing, kang kemantoe Sénapati Balik, kang sangking Kadiri, alam Mantaram, garwa poepoetra:

blz.79. ----------

81. Kjai Mas Balimbing, kang anggarwa poetraning Sénapati ~~N~~ Balik asli Giri, alam Mantaram, garwa poepoetra:

1. Kjai Masigit.

----

82. Kjai Masigit anggarwa poetraning Pangéran Rangga Pati, alamipoen Kangdjeng Soeltan Agoeng; garwa poepoetra:

1. Kjai Santajoeda, ing Kawadoengan.

----

83. Kjai Santajoeda, ing Kawadoengan, garwa poepoetra 2 kalih:

1. Njai Krahèngnaba, anggarwa poetraning Radja Bisma, kang moelana dateng tanah Djawi, poepoetra:
2. Kjai Santajoeda, kaping 2 kalih.

----

84. Njai Krahèngnaba, anggarwa poetraning Radja Bisma, asli Boegis, apoepoetra 2 kalih:

1. Kang sepoeh Njai Adjeng Datoek Sléman, anggarwa Datoek S~~é~~léman, asli Bisma, poetraning Radja Bisma kang sepoeh, na~~t~~mging boten anggentosi kang rama dados Radja Bisma, ladjeng linggar mring tanah Sokawati, ladjeng katrem anoe-

roenaken poetra wajah.

2. Njai Adjeng Wirajoeda, anggarwa poetraning Kjai Santajoeda ping 2 kalih ing Kawadoengan.

----

85. Njai Adjeng Datoek Sléman, garwa poepoetra 6 nem:

1. Kjai Naladiwangsa, anggarwa poetraning Radèn Djajasanta, ping 3 tiga ing Soekawati.
2. Kjai Kretadiwangsa, ing Kredja, garwa poepoetra 2 kalih; 1 Njai Singamenggala, 2 Mas Adjeng Kretadirdja.
= 3. Njai Ageng Drepajoeda, anggarwa sanak misan awoe sepoeh èstri.
4. Njai Prajatroena, kang soemaré Tjébongan.
5. Kjai Singawangsa.
6. Njai Anggajoeda.

----

86. Kjai Naladiwangsa, anggarwa poetraning Radèn Djajasanta ping 3 tiga ing Soekawati, poetraning Radèn Djajasanta kaping 2 kalih, poetrané Radèn Djajasanta ping sapisan, poenika rantené Radèn Ajoe Parasoeta, kang soemaré Drana, sami toenggil poetraning Pangéran Soekawati, Pangéran Soekawati, poetraning Kangdjeng Pangéran Dipati Mangkoeboemi, ing Soekawati, poenika poetranipoen Kjai Ageng Pamanahan, Kjai Ageng Mentawis soemaré Kita Ageng.
Kjai Naladiwangsa garwa poepoetra 2 kalih:

1. Kjai Brahim, ingkang soemaré ngastana Bajem, kang anggarwa poetraning Kjai Ageng Drepajoeda.
blz.80. 2. Kjai Kretasentana, kang soemaré Bajem, anggarwa poetraning Kjai Anggajoeda.

----

87. Kjai Brahim, kang soemaré Bajem, anggarwa poetraning Kjai Ageng Drepa~~k~~joeda, garwa poepoetra 2 kalih:

1. Njai Damenggala, soemaré Pakoentjèn Ngajoegja.
2. Njai Resagota, soemaré Pakoentjèn Ngajoegja.

----

87. Kjai Kretas~~p~~entana, kang soemaré Bajem, anggarwa poetraning Kjai Anggajoeda, ing Kredja, garwa poepoetra:

1. Kjai Toemenggoeng Resagota, soemaré Bajem.

----

88. Kjai Toemenggoeng Resagota, kang soemaré Bajem, anggarwa poetraning Kjai Brahim, krama pikantoek nak ing sadèrèk, poepoetra 4:

1. Kjai Toemenggoeng Tjitranagara, soemaré Bajem.
2. Kangdjeng Ratoe Soeltan, garwa Dalem Kangdjeng Soeltan kaping 2 kalih, Ngajoegjakarta, séda sarimbit sami soemaré Kita Ageng, boten poepoetra.
3. Kjai Kretadiwirja, soemaré Bajem.
4. Radèn Ajoe Pangoeloe Kamalodiningrat, Kjai Pangoeloe asli sangking Mantoep, ~~[illegible]~~ gaboeg; soemaré Pakoentjèn. Sigeg.

----

86. Njai Prajatroena, kang soemaré Tjébongan, garwa poepoetra 3 tiga:

1. Radèn Ajoe Sasranagara, apoepoetra Radèn Djajèng, panoenggilanipoen sedèrèk 10 sadasa idji.
2. Njai Adjeng Rawangsa.
3. Njai Adjeng Tandawidjaja.

----

86. Kjai Singawangsa, garwa poepoetra 4 sakawan.

1. Njai Adjeng Djatisaba.
2. Mas Ajoe Sasranagara, garwa poepoetra: Radèn Toemenggoeng Sasradiningrat, panoenggilanipoen sadèrèk 9 sanga.
3. Radèn Ajoe Kredja, anggarwa Kjai Rangga Wirasentika, ladjeng nama: Kjai Rangga Prawiradirdja, sapisan, karan Rangga Djégot.

4. Kjai Kretamenggala, garwa poepoetra: Njai Mas Màngoendipoera, Djajèngsari, Toemenggoeng Soeratani, soemaré Katégan.

----

84. Kjai Santajoeda, kaping 2 kalih, ing Kewadoengan, garwa poepoetra:

1. Kjai Wirajoeda, anggarwa poetraning Njai Krahèngnaba.

----

85. Kjai Wirajoeda, anggarwa poetraning Njai Krahèngnaba, poepoetra 5 gangsal:

1. Njai Kretadiwangsa, Kredja, kang kemantoe dateng Njai Datoek Sléman, garwa poepoetra èstri kalih; 1 Njai Singamenggala.
2 Mas Adjeng Kretadirdja, Kredja.

blz.81. 2. Kjai Ageng Drepajoeda, kang soemaré Madjan, anggarwa poetraning Njai Adjeng Datoek Sléman, pinanggih anak misan awoe sepoeh èstri.

3. Kjai Tjandajana.
4. Kjai Tjandajoeda.
5. Kjai Anggajoeda, anggarwa poetraning ~~8~~ Njai Adjeng Datoek Sléman.

----

86. Kjai Ageng Drepajoeda, kang soemaré Madjan, anggarwa poetraning Njai Adjeng Datoek Sléman, Njai Ageng Drepajoeda soemaré Pakoentjèn Ngajoegja Tegal-redja, poepoetra 6 nem:

inggih

1. Kjai Singamenggala. Kang nomer 2/ Kjai Wiramantri.
2. Kjai Rangga Wirasentika, ladjeng nama: Prawirasentika, ladjeng nama Prawiradirdja, karan Rangga Djégot, Rangga ping sapisan Djipang.
3. Kangdjeng Ratoe Ageng Iboe Dalem Kangdjeng Soeltan kaping 2 kalih, Ngajoegja, sareng dedalem toetroeka wonten ing Tegal-redja, kaseboet Kangdjeng Ratoe Ageng Tegal-redja, doek timoeripoen: Mas Rara Joewati, ing Madjan.
4. Njai Adjeng Pangoeloe, laki pegat séda, krama pikantoek Kjai

Brahim, poetraning Kjai Naladiwangsa, Njai Adjeng Brahim soemaré Koentjèn, Kjai Brahim soemaré Bajem, tilar poetra kembar: 1 kang sepoeh, Njai Damenggala, sami soemaré Koentjèn; 2 kang nèm, Njai Resagota, sami soemaré Koentjèn, Ngajoegjakarta, Tegal-redja.

5. Kjai Singamenggala, anggarwa poetraning Njai Kretadiwangsa, ing Kredja, pinanggih nak-dèrèk, Radèn Djajasentana, garwa noeroenaken 3 tiga.

6. Radèn Djajasentana, garwa noeroenaken poetra 3 tiga: 1 Njai Djajaniman, 2 Radèn Bahoesentana, 3 Radèn Ngantèn Djawikrama.

Radèn Ngantèn Djawikrama, garwa Dèn Djawikrama, garwa poepoetra 2 kalih:

1. Dèn Pandji Djajèngsemantri, Pandji Tjepit ingkang sepoeh,
2. Radèn Retnaningdyah, langen Dalem Kangdjeng Soeltan kaping 6 nem ing Ngajoegja.

----

89. Dèn Pandji Djejèngsemantri ping 2 kalih, garwa noeroenaken Dèn Pandji Djajèngsemantri ping 3 tiga, sémah poetraning Dèn Panèwoe Kramadirdja.

----

89. Radèn Retnaningdyah, langen Dalem Kangdjeng Soeltan kaping 6 nem Ngajoegja, poepoetra:

1. Kangdjeng Pangéran Arija Poerbaja, poepoetra Radèn Rija Poerbadiningrat. Sigeg.

Déné Njai Djajaninman anoeroenaken anak djaler, Kjai Djajaniman djoeroe koentji Pakoentjèn, kang sampoen dongkol.

----

87. Kjai Rangga Wirasentika, inggih Prawirasentika, ladjeng

blz.82. Kjai Rangga Prawiradirdja, Boepati Djipang, ladjeng ingseran ḍateng Madijoen, karan Rangga Djégot, Rangga Madijoen sapisan, garwanipoen 2 kalih: 1 garwa sepoeh kaseboet Radèn Ajoe Rangga Djamoes, garwa nèm karan Radèn Ajoe ing Kredja, poepoetra 5 gangsal:

1. Kang iboe Rangga Djamoes, Radèn Rangga Mangoendirdja, kaseboet Rangga ping 2 kalih Madijoen.
2. Kang iboe Rangga Djamoes, Radèn Rangga Prawirasentika, goemanti poetra kapoenakan, kaseboet Rangga ping 4 sakawan.
3. Kang iboe Rangga Kredja, Kangdjeng Ratoemas, garwa Dalem Kangdjeng Soeltan ping 3 tiga ing Ngajoegjakarta, boten poepoetra.
4. Kang iboe Rangga Kredja, Radèn Ajoe Natadiwirja garwaning Radèn Toemenggoeng Natadiwirja, poenika poetranipoen Pangéran Natakoesoema, ping 2 kalih, Radèn Soepama, gih Dipati Djajaningrat ping 2 kalih, Boepati Pakalongan, takloek ḍateng Ngajoegja.
5. Kang iboe Rangga Kredja, Mas Ajoe Sasranagara, kemantoe dateng Radèn Toemenggoeng Sasrakoesoema.

----

88. Radèn Rangga Mangoendirdja, kaseboet Rangga ping 2 kalih ḍongkol, garwanipoen poetra Dalem Kangdjeng Soeltan kaping sapisan, poetri patoetan sangking Bendara Radèn Ajoe Srenggara, kang No.3 tiga, kang noenggil bibi.
Bendara Radèn Ajoe poepoetra 4 sakawan:

1. Bendara Radèn Ajoe Dipakoesoema, anggarwa Boepati Wadana Madijoen ping 5 gangsal, poepoetra 3 tiga:
    1. Radèn Ajoe Mendoera, anggarwa Mas Toemenggoeng Mendoera, dalem sawétan Kadanoeredjan, Boepati Wadana glaḍag kaping 2 kalih, goemanti Kjai Toemenggoeng Djaganagara,

ping sapisan, kemantoe Kangdjeng Radèn Adipati Danoeredja sapisan, Ngajoegja, Mas Toemenggoeng Mendoera waoe poetraning Kjai Adipati Adipoerwa.

   2. Radèn Ajoe Prawirahatmadja, anggarwa Radèn Toemenggoeng Prawirahatmadja, ing Ngajoegja.
   3. Radèn Toemenggoeng Joedahatmadja, Boepati Anèm Ngajoegja, poepoetra: Radèn Bèhi Prawiradiwirja, ingkang gaḍah gantjaran salasilah poenika.

------

2. Bendara Radèn Ajoe Tapsir-anom, anggarwa pradikan pasantrèn ing Bandjarsari, bawah ing Madijoen.
3. Radèn Ajoe Natadipoera.
4. Radèn Rangga Prawiradirdja, Boepati Maèspati, Wadana Madijoen, kaseboet Rangga kaping 3 tiga, ingkang ngadeg Paḍarwa, kraman, kapeksan nagari Ngajoegja, lajon soemaré ing Banjoesoemoeroep.

----

89. Radèn Rangga Prawiradirdja, Boepati Maèspati, Wadana Madijoen, kaseboet Rangga kaping 3 tiga, ingkang madeg Paḍarwa kraman, kapeksan nagari Ngajoegja, lajon soemaré ing
blz.83. Banjoesoemoeroep, anggarwa poetranipoen poetra Dalem Kangdjeng Soeltan Mengkoeboewana kaping 2 kalih Ngajoegjakarta, nama: Kangdjeng Ratoe Madoeretna, soemaré redi Poerna Madijoen, apoepoetra 9 sanga:

1. Kang iboe Kangdjeng Ratoe Madoeretna, Radèn Ajoe Prawiranagara.
2. Kang iboe Kangdjeng Ratoe Madoeretna, Radèn Ajoe Soerjènglaga, gaboeg.
3. Kang iboe Kangdjeng Ratoe Madoeretna, Radèn Ajoe Dipanagara.
4. Kang iboe Kangdjeng Ratoe Madoeretna, Radèn Ajoe Soerjakoesoema.

5. Kang iboe Kangdjeng Ratoe Madoeretna, Pangéran Rangga Prawiradiningrat, Wadana Madijoen ping 6 nem.

6. Kang iboe Kangdjeng Ratoe Madoeretna, Radèn Basah Kamil, Natadirdja, séda prang daweg Dipanagaran.

7. Kang iboe Kangdjeng Ratoe Madoeretna, Radèn Adipati Joedadiningrat Ngawi;

------- Poetra sangking garwa paminggir.

8. Radèn Bagoes Senṭot, Pangéran Alibasah Ngabdoelmoestapa Prawiradirdja, ingkang soemaré Bangkoelen.

9. Radèn Bagoes Darma, parab Radèn Bagoes Bénggol séda teksih djaka, soemaré redi Poerna Madijoen. Sigeg.

----

88. Radèn Rangga Prawirasentika, goemanti kalenggahanipoen poetra kaponakan, Radèn Rangga Prawiradirdja ping 3 tiga kraman, ngalih ḍateng Kaboepatèn Madijoen, karan Rangga ping 4 sakawan, garwa poepoetra:

1. Radèn Rangga Prawirasentika, Rangga Kaboepatèn Plajen Redi Kidoel Ngajoegja, ladjeng djinoendjoeng soemengka aloehoer, dados Boepati Wadana ḍistrik Wanasari, nama: Radèn Toemenggoeng Prawirasentika, séda soemaré Pakoentjèn Ngajoegja.

----

89. Radèn Toemenggoeng Prawirasentika, Boepati wadana ḍistrik Wanasari Redi Kidoel, garwa poepoetra kaṭah djaler èstri:

1. Radèn Rija Prawirasentika, Boepati Anèm Ngajoegjakarta.

----

87. Kjai Singamenggala, anggarwa poetraning Njai Kretadiwangsa, ing Kredja, pinanggih rabi nakḍèrèk, poepoetra:

1. Kjai Kretadirdja ping 2 kalih, kang soemaré Koentjèn.

----

88. Kjai Kretadirdja ping 2 kalih, soemaré Koentjèn anggar-

wa poetraning Mas Toemenggoeng Kretadirdja sapisan, Kredja, poepoetra 3 tiga:

1. Mas Toemenggoeng Kretanagara.
2. Kjai Kretadirdja ping 3 tiga.
3. Njai Demang Kretamenggala, doesoen Keder.

----

89. blz.84. Mas Toemenggoeng Kretanagara, anggarwa poetraning Kjai Toemenggoeng Mangoendjaja, poepoetra 4 sakawan:

1. Kjai Djawigena, Radèn Toemenggoeng Mangoendjaja, Boepati Najaka Ngajoegja.
2. Mas Toemenggoeng Kretadirdja ping 4 sakawan, soemaré Moe-
3. langi, poepoetra.
   → Mas Ajoe Wati, langenipoen Kangdjeng Pangéran Arja Adiwinata, wakil, Adiwinata kaping 3 tiga, Ngajoegja.
4. Radèn Ajoe Tjakranagara, anggarwa Kjai Adipati Tjakranagara, Boepati Poerwaredja Bagelèn, ngadjeng Kjai Tjakradjaja, ingkang noewangganani Kangdjeng Pangéran Adipati Koesoemajoeda, daweg prang ing Bagelèn.
   Radèn Ajoe Dipati Tjakranagara, poepoetra:
   1. Radèn Adipati Tjakranagara ping 2 kalih, Boepati Poerwaredja Bagelèn, ingkang kemantoe dateng Kangdjeng Pangéran Arja Koesoemajoeda, Soerakarta.
   2. Radèn Ajoe Adipati Djajanagara, anggarwa Radèn Adipati Djajanagara, Boepati Bandjarnagara, soemaré Blambangan Bandjar tilar poetra Dèn Mas Soetapa, saweg sekolah bestir Magelang ngoemoer 16 taoen. Toeroen Kalapaakingan.

----

90. Mas Toemenggoeng Kretadirdja ping 4 sakawan, kang soemaré Moelangi, garwa sepoeh tilar poetra 2 kalih:

1. Radèn Ajoe Déwaningsih, langen Dalem Kangdjeng Soel-

tan kaping 5, Ngajoegja, poepoetra: Goesti Radèn Ajoe Gandakoesoema.

2. Mas Ngabèhi Dipawiroena, Mantri gedong tengen, Ngajoegja.

Sigeg.

No.12. Ing Sasranagaran.

86. Kjai Anggajoeda, anggarwa poetranipoen Njai Adjeng Datoek Sléman, poepoetra 5 gengsal:

1. Radèn Toemenggoeng Sasranagara.
2. Radèn Ajoe Rangga Djamoes, anggarwa Kjai Rangga Prawirasentika, Rangga sapisan Djipang, karan Kjai Rangga Djégot.
3. Mas Toemenggoeng Kretadirdja kaping sapisan, ing Kredja, anggarwa poetraning Njai Kretadiwangsa.
4. Kjai Kretasentana, anggarwa poetraning Kjai Nalawangsa, poenika poetraning djaler Njai Adjeng Datoek Sléman badjengipoen.
5. Mas Adjeng Kretawidjaja, anggarwa Kjai Kretawidjaja, poepoetra: 1 Mas Ajoe Sasranagara, kang kemantoe déning Radèn Bahoesasra.

----

87. Mas Toemenggoeng Kretadirdja ping sapisan ing Kredja, anggarwa poetraning Kjai Nalawangsa, poepoetra 2 kalih:

1. Mas Adjeng Kretadirdja, anggarwa Kjai Kretadirdja ping 2 kalih, poetraning djaler Kjai Singamenggala, Mas Adjeng soemaré Ngimagiri, laki Kjai Kretadirdja ping 2 kalih soemaré wonten Koentjèn.
2. Kjai Damenggala, ingkang soemaré ing Bajer.

----

88. blz.85. Kjai Damenggala kang soemaré Bajer, anggarwa poetraning Njai Brahim, krama pikantoek Njai Damenggala, soemaré Pakoentjèn Ngajoegja, poepoetra:

1. Kjai Demang Kretamenggala, ing doesoen Keder, sarimbit soe-

maré Bajem.

----

89. Kjai Demang Kretamenggala, ing ḏoesoen Keder, anggarwa poetraning Kjai Kretadirdja ping 2 kalih, kang soemaré Koentjèn, Kjai Kretamenggala waoe serimbit sami soemaré Bajem, Madijoen, poepoetra:

1. Nama: Mas Rara Limboek, nama: Radèn Ajoe Kilèn, kapoenḏoet langen Dalem Kangdjeng Soeltan kaping 2 kalih Ngajoegja.

----

90. Mas Rara Limboek, nama: Radèn Ajoe Kilèn, kang soemaré Kiṯa Ageng, langen Dalem Kangdjeng Soeltan kaping 2 kalih Ngajoegjakarta, poepoetra 3 tiga:

1. Kangdjeng Pangéran Arja Poedjakoesoema.
2. Bendara Radèn Ajoe Dèwi, krama pikantoek Radèn Toemenggoeng Litnan Kolonèl Koemenḏan Mertanagara, poepoetra:
    1. Radèn Mas Soewangsa Radèn Pandji Bradjahatmadja, ladjeng nama: Radèn Pandji Djajapremadi, soemaré Moelangi.
    2. Radèn Mas Toekinoen, goemanti kalenggahanipoen ingkang raka, Radèn Pandji Bradjahatmadja, ladjeng dados Pandji ḏistrik Gamping, Radèn Pandji Nata-amipradja, lijer loerah Ordenas Radèn Loerah Mangkoeprenata, dipoen soewoen ḏateng Danoeredjan, Panèwoe sepoeh, nama: Radèn Panèwoe Kretamreta.
    3. Radèn Ajoe Bekel Danoehatmadja, krama nakḏèrèk.
3. Kangdjeng Pangéran Arja Timoer, soemaré Ngimagiri. Sigeg.

----

90. Radèn Ajoe Kilèn, pegat séda, noenten krama kaping 2 kalih, krama pikantoek Radèn Pandji Natadigdaja, Pandji ḏistrik ing Goḏéjan, poepoetra 3 tiga:

1. Radèn Ngantèn Pantjadilaga, anggarwa Mas Rija Pantjadilaga, poelisi Prenggoek irisan tanah Redi Kidoel.
2. Radèn Pandji ~~L~~Poelangdjiwa, Manten.

3. Dèn Bloewo.

----

91. Dèn Nganten Pantjadilaga, anggarwa Mas Rija Pantjadilaga poepoetra:

1. Radèn Ajoe Retnadjoewita.

----

92. Bendara Radèn Ajoe Retnadjoewita, kapoendoet langen Dalem Kangdjeng Soeltan kaping 7 pitoe Ngajoegjakarta, poepoetra:

1. Bendara Radèn Adjeng Moerdjijah, krama pikantoek Kangdjeng Pangéran Arja Tjakradiningrat, pikantoek krama nak-sedèrèk awoe sepoeh poetri.
2. Bendara Radèn Mas Poedjana, Kangdjeng Pangéran Arja Soerjadiningrat.
3. Bendara Radèn Adjeng Moerindijah. blz.86.

----

93. Bendara Radèn Ajoe Tjakradiningrat, anggarwa Kangdjeng Pangéran Arja Tjakradiningrat, sasoeroedipoen ingkang rama, Kangdjeng Pangéran Arja Joedanagara ping 2 kalih, anggarwa poetra Dalem Kangdjeng Soeltan kaping 6 nem Ngajoegja, nama: Goesti Kangdjeng Ratoe Anggèr, Kangdjeng Pangéran Arja Tjakradiningrat waoe, goemanti ingkang rama, noenggak semi nama: Kangdjeng Pangéran Arja Joedanagara, kaping 3 tiga Ngajoegja kori nawala Dalem, saos oendjoek ing Kadaton Ngajoegja.

----

93. Bendara Pangéran Arja Soerjadiningrat. Sigeg.

No.13. Salasilahipoen Radèn Toemenggoeng Sasranagara.

87. Radèn Toemenggoeng Sasranagara, ingkang garwa 2 kalih, 1 Radèn Ajoe Sasranagara, poetra Dalem Kangdjeng Soeltan kaping 2 kalih Ngajoegja. 2 Mas Ajoe Sasranagara, goenggoeng poetra 32 tigang dasa kalih.

Poetra sangking Radèn Ajoe Sasranagara.

1. Radèn Djajèng.
2. Radèn Ajoe Natawidjaja.
3. Radèn Djajawirja.
4. Radèn Ajoe Prawirakoesoema.
5. Radèn Toemenggoeng Sasrakoesoema.
6. Radèn Bèi Wirjadipoera.
7. Njai Toemenggoeng.
8. Radèn Ajoe Panoelar.
9. Radèn Ajoe Mangkoediwirja.
10. Radèn Ajoe Poespadipoera.

Poetra sangking Mas Ajoe Sasranagara.

1. Radèn Toemenggoeng Sasradiningrat.
2. Radèn Ngabèi Sasradipoera.
3. Radèn Ngabèi Prawiramantri.
4. Radèn Ájoe Mangkoedirdja.
5. Radèn Ajoe Aboebakar.
6. Radèn Toemenggoeng Widjajèngsastra.
7. Radèn Djajèngtaroena.
8. Radèn Bèi Kretapradja.
9. Radèn Toemenggoeng Sasrawirana.

----- Poetra sangking Mas Ajoe Tisnawati.

1. Radèn Bèi Bahoesasra.
2. Radèn Ajoe Tjitradipoera.

----- Sangking garwa paminggir.

1. Dèn Nganten Ranawinata.
2. Dèn Nganten Wangsaredja.
3. Dèn Bèi Djajawirana.
4. Dèn Soewandi.
5. Dèn Sasralesmana.
6. Radèn Toemenggoeng Sasradirdja.

7. Dèn Ngantèn Djadiwirja, sémah Keḍoe.
8. Dèn Rara Baṭok.
9. Dèn Rara Beroek.
10. Dèn Rara Djoemijah.
11. Dèn Rara Djeminah.

Goenggoeng djangkep 32 idji.

---

88. Radèn Toemenggoeng Sasradiningrat, garwa poepoetra 18:

1. Kangdjeng Ratoe Ageng, kang iboe Dalem Kangdjeng Soeltan kaping 4 sakawan Ngajoegjakarta.
2. Radèn Toemenggoeng Prawiradiningrat.
3. Radèn Tjitradiwirja.
4. Radèn Ajoe Danoeredja kaping 4, Ngajoegja, lèrèh, nama: Radèn Ajoe Koesoemajoeda, ing Djapan.

blz.87.

5. Radèn Toemenggoeng Kretanagara.
6. Radèn Ajoe Wirjanagara.
7. Radèn Ajoe Sasrabahoe.
8. Radèn Toemenggoeng Sasradiwirja.
9. Radèn Sasranadi.

Poetra sangking pangrembé.

1. Radèn Rara Kamsijah.
2. Radèn Rara Kamsinah.
3. Radèn Rara Botor.
4. Radèn Toemenggoeng Sasradilaga.
5. Radèn Adisasra.
6. Radèn Sajatin.
7. Radèn Rara Teleng.
8. Radèn Bèi Oedadipoera.
9. Radèn Rara Tarinah.

Goenggoeng poetra 18 woloelas.

[illegible]8. Radèn Toemenggoeng Sasrakoesoema, garwa poepoetra 16.

Poetra sangking garwa padmi.

1. Radèn Ajoe Sasradipoera.
2. Radèn Toemenggoeng Sasranagara, anggarwa poetraning Kjai Rangga Prawirasentika, Rangga Djégot, Rangga sapisan.
3. Radèn Ajoe Ranawinata.
4. Radèn Ajoe Mangoenredja.

Poetra sangking Mas Adjeng.

1. Radèn Sasrataroena.
2. Radèn Sasrahatmadja.
3. Radèn Sasrangoelama.
4. Radèn Sasradiwirja.
5. Radèn Wangsakoesoema.

Poetra sangking pangrembé.

1. Radèn Sasrawirana.
2. Radèn Sasrapoespita.
3. Radèn Sasrahatmadja ping 2 kalih.
4. Radèn Sasrawigena.
5. Radèn Wirjawidjaja.
6. Radèn Prawirasari, ingkang noeroenaken ḍateng Radèn Toemenggoeng Soeradirdja;
7. Radèn Anḍadipoera.

Goenggoeng poetra 16 nem-belas.

---

88. Radèn Bèi Sasradipoera, garwa poepoetra 13 tiga welas.

blz.88.
1. Radèn Prawirarana.
2. Radèn Prawiralaja.
3. Radèn Ngantèn Dadenta.
4. Radèn Ngabèi Sasradipoera.
5. Radèn Prawirakoesoema.

6. Radèn Sasradinama.
7. Radèn Ranadipoera.
8. Radèn Prawiramantri.
9. Radèn Djawikrama.
10. Radèn Ranadipoera.
11. Radèn Sasrawigena.
12. Radèn Sasrasentjaka.
13. Radèn Rara Wagah.

Goenggoeng poetra 13 tiga welas.

---

88. Radèn Ngabèi Prawiramantri sapisan, garwa poepoetra 13.

1. Radèn Prawirasasra.
2. Radèn Prawirarana.
3. Radèn Ranadirdja.
4. Radèn Sasrawikrama.
5. Radèn Doetadimedja.
6. Radèn Soemana.
7. Radèn Sasrawinangoen.
8. Radèn Soerawangsa.
9. Radèn Sasrawinangoen ping 2 kalih.
10. Radèn Rara Toentek.
11. Radèn Sasraoetama.
12. Radèn Prawirataroena.
13. Radèn Tadiwirja.

Goenggoeng poetra 13 tiga welas.

---

88. Radèn Toemenggoeng Widjajèngsastra, poepoetra 5 gangsal.

1. Radèn Djajèngsastra.
2. Radèn Nitihatmadja.
3. Radèn Wanèngpati.
4. Radèn Bagoes Sèntor.
5. Radèn Ajoe Soerèngrana. Goenggoeng poetra 5 gangsal.

88. Radèn Kretapradja, garwa poepoetra 6 nem.

1. Radèn Nitiwidjaja.
2. Radèn Sasradimedja.

blz.89. 3. Radèn Sasrawirana.

4. Radèn Rara Ténok.
5. Radèn Rara Moerni.
6. Radèn Rara Jinah. Goenggoeng poetra 6 nem.

---

88. Radèn Menggoeng Sasrawirana, poepoetra 2 kalih:

1. Radèn Ajoe Poedjaretna, langen Dalem Kangdjeng Goesti Pangéran Adipati Arja Mangkoeboemi, sareng djoemeneng Nata, Kangdjeng Soeltan kaping 6 nem Ngajoegja, poetri Dalem Bendara Radèn Mas Soeléman, séda teksih timoer, soemaré ngastana Moelangi, Mantaram.
2. Radèn Babit, Radèn Toemenggoeng Sasrawirana kaping 2 kalih.

---

88. Radèn Bahoesasra, garwa poepoetra 3 tiga:

1. Radèn Ajoe Joedanagara, ing Moentilan.
2. Radèn Toemenggoeng Bahoesasra.
3. Radèn Toemenggoeng Sasranagara.

---

88. Radèn Toemenggoeng Sasradirdja, garwa poepoetra 7 pitoe.

1. Radèn Sasrawirja.
2. Radèn Mangoenkarja.
3. Radèn Djajaprawira.
4. Radèn Prawirakoesoema.
5. Radèn Bagoes Sawal.
6. Radèn Rara Kloewak.
7. Radèn Bagoes Ngoesman. Goenggoeng poetra 7 pitoe.

---

88. Radèn Ajoe Natawidjaja, garwa poepoetra 5 gangsal.

1. Radèn Ajoe Adikoesoema.

2. Radèn Ajoe Balitar.
3. Radèn Ajoe Adiwidjaja.
4. Radèn Rara Markamah, krama pikantoek Boepati Batang.
5. Radèn Sasrawidjaja. Goenggoeng poetra 5 gangsal.

----

88. Radèn Djajawirja, garwa poepoetra 4 sakawan.

1. Radèn Kramataroena.
2. Radèn Mangkoeredja.
3. Radèn Kertadipoera.
4. Radèn Soeradirdja ing Bajalali. Goenggoeng poetra 4.

----

88. Radèn Mangkoedirdja, garwa poepoetra 1 satoenggil.

1. Radèn Rara Menoek.

----

88. Radèn Ajoe Aboebakar, garwa poepoetra 1 satoenggil.

blz.90. 1. Radèn Ajoe Praboeningrat.

----

88. Njai Toemenggoeng Djajadiwirja, [redacted]ang garwa poetraning Radèn Toemenggoeng Natajoeda, ing Ngajoegja, kemantoe Kangdjeng Radèn Adipati Danoeredja sapisan Ngajoegja. Patoetan poetra sangking Sasranagaran sapisan.

1. Radèn Toemenggoeng Mangkoejoeda, ngalih nama: Radèn Toemenggoeng Mendoera, dadalem wétan bètèng lèr Kintelan.
2. Radèn Ngabèi Nitidiwirja.
3. Èstri, Mas Adjeng Tjitradiwirja, garwaning Mas Ngabèi Tjitradiwirja, poepoetra:
   1. Mas Ngabèi Bahoediwirja, Pradjoerit Mantri lebet.
   2. Mas Panèwoe Tjitradiwirja ping 2 kalih, ladjeng dados Pandji distrik Brebah, Mas Pandji Mangoenhatmadja, lijer ing Gamping, nama: Mas Pandji Nata-amipradja, lijer dateng Séwon, nama: Mas Pandji Djajadiwirja,

ḍistrik Séwon, toeroen anakipoen kaṭah, 1 Mas Pandji Mangoenpramoedja, ḍistrik Prambanan, Kalasan.

---

89. Radèn Menggoeng Mendoera, garwa poepoetra 6 nem.
1. Radèn Martadipoera, sareng goemanti waris nama: Mas Rija Djasentana.
2. Radèn Mangkoedirdja.
3. Radèn Mangkoewidjaja.
4. Radèn Rara Soewek.
5. Radèn Rara Peni.
6. Radèn Rara Sidah.

---

89. Radèn Ngabèi Nitidiwirja, garwa poepoetra 2 kalih.
1. Radèn Ngabèi Nitidiwirja kaping 2 kalih, pradjoerit Ḍahèng Pandji préntah, ladjeng minggah dados/Mantri lebet, nama: Radèn Pandji Ranoesoema, séda, poetra goemanti, Radèn Pandji Ranákoesoema ping 2 kalih.

∠ Pandji

2. Èstri, kapendet langen sepoeh, ḍateng Radèn Toemenggoeng Poerwawinata, poetranipoen Kangdjeng Pangéran Arja Adiwinata, wakil, nama: Radèn Watisari, poepoetra kakoeng, Radèn Toemenggoeng Poerwawinata kaping 2 kalih, Boepati Anèm, garwa poetraning Radèn Pandji Joedadipoera, Pandji pradjoerit Mantri lebet.

---

88. Radèn Djajèngtaroena, garwa poepoetra 5 gangsal.
1. Radèn Prawirapradja.
2. Radèn Djajawirana.
3. Njai Rija Seganda.
4. Radèn Toemenggoeng Sasradirdja.
5. Radèn Prawirajoeda.

---

89. Njai Rija Seganda, garwa poepoetra 3 tiga.

blz.91. 1. Njai Rija Seganda kaping 2 kalih, Wadana Para Goesti.

2. Radèn Ajoe Poespitaningroem, langen Dalem Kangdjeng Soeltan kaping 6 nem, Ngajoegja, poepoetra: Kangdjeng Pangéran Arja Adiwinata.

3. Radèn Wadana Poespadirdja, minggah pangkat Boepati Anèm, Bakoepatèn distrik Semanoe Redi Kidoel, nama: Radèn Rija Pringgadiningrat sampoen lijer ing nagari, poepoetra Radèn Panèwoe Tirtamendoera, Panoemping.

---

89. Radèn Prawirajoeda, garwa poepoetra:

1. Radèn Adjeng Gowok, alam Kangdjeng Soeltan kaping 5, Ngajoegja, Dèn Adjeng Gowok waoe, ingangkat dados sadèrèkan Dalem, ladjeng katrimakaken dateng Radèn Mas Gandjoer, sinoeng dados Boepati Selosin, nama: Radèn Toemenggoeng Sasradiwirja, poenika poetraning kakoeng Bendara Radèn Ajoe Pringgadirdja, poetra Dalem Kangdjeng Soeltan kaping 2 kalih, Ngajoegja.

---

89. Radèn Toemenggoeng Sasradirdja, garwa poepoetra, ngadjeng Wadana distrik Soeléman,

1. Radèn Rija Sasradirdja, Boepati Anèm Panoemping, anggarwa poetranipoen Kangdjeng Pangéran Litnan Kolonèl Arja Soerjadiningrat, poetra Dalem Kangdjeng Soeltan kaping 4 sakawan Ngajoegja.

Radèn Rija Sasradirdja, poepoetra 4 sakawan:

1. Radèn Ajoe Mangkoesemita.
2. Radèn Mas Soeraja, waris, nama: Radèn Panèwoe: Tirtawinata, Panèwoe Panoemping, potjot.
3. Radèn Mas Soediman.
4. Radèn Adjeng Kasijan.

Radèn Ajoe Sasradirdja, pegat séda, krama ping 2 kalih pikantoek Dèn Pandji Djajahardja, distrik ing Pagang, Bantoel

Kadiredja.

Njambeti salasilah ngadjeng.

89. Radèn Toemenggoeng Kretanagara, poetranipoen Radèn Toemenggoeng Sasradiningrat, Radèn Toemenggoeng Kretanagara waoe, anggarwa poetraning Kangdjeng Pangéran Arja Dipasana, poetra Dalem Kangdjeng Soeltan kaping sapisan Ngajoegjakarta; Radèn Toemenggoeng Kretanagara, kang anggarwa poetra Dipasanan waoe poepoetra:

1. Radèn Toemenggoeng Kretanagara kaping 2 kalih, Boepati Anèm, ngalih nama: Radèn Toemenggoeng Kretanadi, ping 2.

---

90. Radèn Toemenggoeng Kretanadi ping 2 kalih, anggarwa poetraning Radèn Toemenggoeng Prawirakoesoema, poenika poetraning Kangdjeng Pangéran Mangkoekoesoema, poenika poetra Dalem Kangdjeng Soeltan sapisan Ngajoegjakarta, poepoetra:

1. Radèn Rija Kretanadi, Boepati Anèm, anggarwa poetranipoen
blz.92. Radèn Toemenggoeng Nitinagara, Manten, Ngajoegja.

Radèn Rija Kretanadi poepoetra:

1. Radèn Adjeng Soesimah, krama pikantoek Dèn Ngabèi Sastradjoemena.
2. Radèn Adjeng Aminah, krama pikantoek poetranipoen Radèn Pandji Ranawinata, krama nak-ing-sadèrèk.
3. Radèn Mas Atmasedéwa, djadjar Badaja. (ingkang darbé salasilah poenika). Titi.

No.14. Salasilahipoen Adipati Tjitrasoma, Boepati Djepara.

77. Pangéran Waroedjoe, ingkang garwa poetranipoen Kjai Rangga kaping 2 kalih, ingkang toetroeka ing Ngadipala, poenika poetranipoen Kjai Rangga kaping 1, ingkang toetroeka ing Sokawati,

poetraning Kjai Rangga kaping sapisan, ing Sidajoe, poetraning Pangéran Poedjangga, adinipoen Pangéran Atas-angin, toenggil jajah réna.

Pangéran Waroedjoe apoepoetra:

1. Kjai Ageng Amadaroem ing Pakis, poenika kemantoe dateng Kjai Ageng Getas-pendawa.
2. Pangéran kang séda Pamekasan.

---

78. Pangéran Séda Pamekasan, garwa poepoetra:

1. Pangéran Pegangarang.

---

79. Pangéran Pegangarang, garwa poepoetra:

1. Kjai Toemenggoeng Anggaba~~k~~ja, Boepati Padjang.

---

80. Kjai Toemenggoeng Anggabaja, Boepati Padjang, garwa poepoetra:

1. Kjai Toemenggoeng Resadjiwa, daweg alam ing Sénapatèn Mantaram.

---

81. Kjai Toemenggoeng Resadjiwa, Mantaram, garwa poepoetra:

1. Kjai Toemenggoeng Resadjiwa kaping 2 kalih, alamipoen daweg ingkang Kangdjeng Soeltan Agoeng.

---

82. Kjai Toemenggoeng Resadjiwa kaping 2 kalih, garwa poepoetra:

1. Kjai Toemenggoeng Resadjiwa kaping 3 tiga, alam Kangdjeng Soehoen(an) Mangkoerat Ageng, Ngèksi~~n~~ganda, karan Karaton Plèrèd.

---

83. Kjai Toemenggoeng Resadjiwa kaping 3 tiga, garwa poepoetra:

1. Kjai Djiwasoeta, dados ngabdi ing Kapoegeran, sareng Pangéran Adipati ~~O~~ djoemeneng wonten Mantaram ngasoraken Troenadjaja, Kjai Djiwasoeta waoe, dipoen angkat dados Abdi-

Poeger

dalem Boepati Geḍong piteḍan nama: Kjai Toemenggoeng Tjitrasoma, sareng ingkang Sinoewoen Poeger ngeḍaton wonten ing Kartasoera, antawis lami, Kjai Toemenggoeng Tjitrasoma, dipoen angkat malih dados Boepati Wadana pasi-
blz.93. sir, tanah Djapara, sinoeng nama: Adipati Tjitrasoma, sareng séda kalilan dedagan soemaré ing Imagiri, Padjimatan.

----

84. Kjai Adipati Tjitrasoma, Boepati Adipati Djepara, poenika katjrijos sanget brantjah brantjoeh, mila ta kaṭah poetra toeroenipoen, goenggoeng pra poetra 45 kawan dasa gangsal, kados pratélan ngaṇḍap poenika:

1. Kjai Setjadirana.
2. Kjai Kramadjaja.
3. Radèn Ngabèi Tjitradiwirja.
4. Kjai Kartadiwirja.
5. Kjai Ratjikdjaja.
6. Kjai Ranggalawé.
7. Kjai Tjitrawidjaja.
8. Kjai Soeradjigdjaja.
9. Kjai Mangkoedirdja.
10. Kjai Dasoema.
11. Kjai Tjitrakoesoema.
12. Kjai Soemajoeda.
13. Kjai Soemadiwangsa.
14. Kjai Tjitrawikrama.
15. Njai Manoek.
16. Njai Adjeng Anggakoesoema.
17. Njai Adjeng Soemataroena.
18. Njai Demang Trisnawidjaja.
19. Njai Demang Wirasentika.
20. Mas Adjeng Joedanagara ping 4 sakawan, kagoengan poetra na-

ma: Radèn Bèi Joedakoesoema, soemaré Senḍang Djepara.

21. Njai Adjeng Kaliwoengoe, anggarwa Kjai Toemenggoeng Soera-adimenggala ping 2 kalih, Boepati Kaliwoengoe, sareng ngalih dados Boepati Batang, nama: Toemenggoeng Soera-adimenggala, Boepati Batang.
22. Njai Adjeng Bangi.
23. Njai Adjeng Djawiroena.
24. Njai Adjeng Singamredjaja.
25. Njai Adjeng Pring-toelis.
26. Njai Rahoe.
27. Njai Oerit.
28. Njai Keḍoe.
29. Njai Walèh.
30. Njai Adjeng Paṭi.
31. Njai Adjeng Nalajoeda.
32. Njai Adjeng Djaja.
33. Njai Adjeng Sadjaja.
34. Njai Adjeng ø Djamplak.
35. Njai Ranéjana.
36. Njai Gènḍel.
37. Njai Tjitrasoeta.
39. Njai Giwang.
38. Njai Naḍa.
40. Njai Djapara.
41. Njai Djapara ping 2 kalih.
42. Njai Bos.
43. Njai Pangoeloe Djepara.
44. Njai Ngoemoes.
45. Èstri kapoenḍoet langen Kangdjeng Goesti Pangéran Mangkoeboemi, séda: (ḍoe)soen ing Sanggoeng.

Déné poetra kang No.40, Njai Djepara, poetra kang No.41, Njai Djepara ping 2 kalih, sami kadamel djekat d̲ateng para Ngoelami.

Déné poetra kang No.42, Njai Bos dados sémah Wlandi, Garesik, awit wektoe dahoeroe gègèr Patjina Kartasoera, djaman Kangdjeng Soenan Pakoeboewana, kang séda ingkang soemaré Nglawéjan, itjal ngili, ladjeng simah Wlandi, toeroenipoen Welandi wonten Betawi, Koemend̲an Soetawangsa, kalih Kaptin Kongsong. blz.94.

Déné poetra kang No.45, dipoen poend̲oet langen d̲ateng Kangdjeng Goesti Mangkoeboemi, séda soemaré ing d̲oesoen Sanggoeng.

----

85. Koeneng poetra ingkang No.3 tiga waoe, nama: Radèn Ngabèi Tjitradiwirja, sapisan, ingkang garwa poetraning Ngabèi Wirasraja, kaping sapisan, kang garwa poepoetra:

1. Radèn Ngabèi Tjitradiwirja kaping 2 kalih.

----

86. Radèn Ngabèi Tjitradiwirja kaping 2 kalih, anggarwa poetranipoen Ngabèi Wirasraja kaping 2 kalih, Patih Kaboepatèn ing Kend̲al, krama pikantoek nak ing sanak, garwa poepoetra:

1. Radèn Tjitradiwirja kaping 3 tiga, kang séda soemaré Kit̲a-Ageng.

----

87. Radèn Tjitradiwirja, kang séda soemaré Kit̲a-ageng, anggarwa poetranipoen Kangdjeng Radèn Adipati Danoeredja, Patih Dalem Ngajogja sapisan, ∠pikantoek poetra kang No.29 sangalikoer, patoetan poetra kalih: ∠krama

1. Radèn Ngabèi Danoewidjaja, Ngabèi Kalibebre (ber ?), ingkang kemantoe d̲ateng Ngabèi Tjakrasemita, Patih Kaboepatèn Kend̲al, poepoetra Radèn Danoeratmedja, Patih Kaboepatèn Led̲ok Wanasaba, noenten garwanipoen sangking Kend̲al, pegat séda, noenten Radèn Bèi D̲anoewidjaja krama ma-

lih, pikantoek ngarang-oeloe, patilasanipoen langen Kangdjeng Radèn Adipati Danoeredja kaping 2 kalih, Ngajoegja, kaseboet Kangdjeng Radèn Adipati Séda Ngedaton, Mas-adjeng Poelangjoen, poepoetra satoenggil, nama: Radèn Rara Kloengsoe, parab Dèn Rara Slinti, krama nama: Radèn Ajoe Beskal Danoewidjaja, Beskal Ngajoegja, soemaré Moelangi.

2. Èstri, krama pikantoek Kjai Danoekrama, poenika poetranipoen Mas-adjeng Ahmad, garwa Toewan Sarib Ahmad, Mas-adjeng Ahmad waoe poetranipoen Kangdjeng Radèn Adipati Danoeredja ping sapisan poetra patoetan sangking Njai Mas Adipati Danoeredja, soemaré Moelangi; poetra kang No.25 salawé, doemados: Kjai Danoekrama, pinanggih nak ing sanak, nama: Adipati Danoeningrat, Boepati Magelang ping sapisan.

----

88. Ladjeng nama: Radèn Ajoe Adipati Danoeningrat, anggarwa Kjai Adipati Danoeningrat, Boepati Magelang sapisan, poepoetra 5 gangsal:

1. Radèn Ajoe Tawang.
2. Radèn Mas Gowok, goemanti kang rama, nama: Radèn Adipati Danoeningrat kaping 2 kalih, Boepati Magelang.
3. Radèn Bagoes Ali minggah kadji, nama: Radèn Kadji Ali.
4. Radèn Ajoe Ranoehatmadja.
5. Radèn Ajoe Sarib Koesèn, krama pikantoek Sarib Koesèn Magelang.

----

89. Radèn Mas Gowok, goemanti ingkang rama, nama: Radèn Adi-
blz.95. pati Danoeningrat kaping 2 kalih, Boepati Magelang, garwa poetraning Radèn Ngabèi Danoeratmedja poepoetra:

1. Radèn Toemenggoeng Danoeningrat kaping 3 tiga, garwa sangking Samarang.

----

90. Radèn Toemenggoeng Danoeningrat kaping 3 tiga, Boepati Ma-

gelang, sareng pènsijoen dados kadji, garwa poepoetra:

1. Radèn Toemenggoeng Danoekoesoema, Boepati Magelang ping 4 sakawan, anggarwa poetraning Kangdjeng Pangéran Arja Joedanagara ping 2 kalih Ngajoegjakarta, pinanggih ping 3 tiga.

Sigeg.

Déné poetraning Adipati Tjitrasoma, kang No.18.

-----

85. Njai Demang Tisnawidjaja, sareng goemanti kang rama, nama: Njai Adjeng Wirasraja, kaping 2 kalih, Patih Kaboepatèn Kenḍal, poepoetra 2 kalih:

1. Mas-adjeng Wiradipoera, kaping 2; kang parab Njai Soengsoen, anggarwa Kjai Wiradipoera, kaping 2 kalih, karan Kjai Ngabèi Wiradipoera, Kenḍil-wesi.
2. Mas-adjeng Tjitradiwirja, anggarwa Radèn Tjitradiwirja, ping 2 kalih, krama pikantoek nak ing saḍèrèk.

----

86. Mas-adjeng Tjitradiwirja, kaping 2 kalih, anggarwa Radèn Tjitradiwirja kaping 2 kalih, krama nak ing saḍèrèk/poetra:

L poe-

1. Radèn Tjitradiwirja kaping 3 tiga, séda soemaré Kiṭa-ageng, anggarwa poetranipoen Kangdjeng Radèn Adipati Danoeredja ping sapisan Papatih Ngajoegjakarta. Sigeg.

Poetraning Adipati Tjitrasoma kang No.19.

-----

85. Njai Demang Wirasetika, garwa goemanti rama, nama: Njai Adjeng Wiradipoera, kaping sapisan, Patih Kaboepatèn Kaliwoengoe, poepoetra:

1. Kjai Wiradipoera kaping 2 kalih, kang karan Ngabèi Wiradipoera Kenḍil-wesi, Patih Kaliwoengoe, garwa karan Njai Wiradipoera Soengsoen.

----

86. Njai Wiradipoera Soengsoen, anggarwa Kjai Wiradipoera Kendilgwesi, Patih Kaboepatèn Kaliwoengoe, poepoetra:

1. Mas-adjeng Tjakrasemita, garwa: Ngabèi Tjakrasemita, Patih ing Kendal.

----

87. Mas-adjeng Tjakrasemita, anggarwa Ngabèi Tjakrasemita, Patih Kendal, poepoetra:

1. Mas-adjeng Poelangjoen, kapoendoet langen Kangdjeng Radèn Adipati Danoeredja, Patih dalem:Kaping 2 kalih Ngajoegjakarta, teksih sentana asli Kaliwoengoe, séda soemaré ngastana Lempoejang-wangi Ngajoegja. blz.96.

Poetraning Adipati Tjitrasoma, kang No.11.

85. Kjai Tjitrakoesoema, ing Kartasoera, alam Petjina, poepoetra:

1. Kjai Ngabèi Patrataroena, garwa, Ngajoegja.

----

86. Kjai Ngabèi Patrataroena, Ngajoegja garwa poepoetra:

1. Kjai Ngabèi Soeradiwirja, Ngajoegja.

----

87. Kjai Ngabèi Soeradiwirja, garwa poepoetra:

1. Radèn Toemenggoeng Natadipa, Boepati Anèm Ngajoegja, garwa kalih.

----

88. Radèn Toemenggoeng Natadipa, Boepati Anèm Ngajoegja, garwa kalih: 1 garwa sepoeh, poetraning Kjai Toemenggoeng Djadirdja, garwa nèm, poetra Dalem Kangdjeng Soeltan kaping 2 kalih Ngajoegja.

1. Dèn Pandji Djajawirana, Pandji distrik Tjeleb, sangking sémah sepoeh.
2. Radèn Demang Malang, Pandji, sangking sémah sepoeh.
3. Dèn Ajoe Bratapawira,Pandji, sangking sémah sepoeh.
4. Dèn Ajoe Kretawidjaja, ngadjeng Poespapremantja, Bragedir

Langen-astra.

5. Mas Panèwoe Mangoen-rana, Manten.

6. Iboe sangking garwa nèm, Radèn Mas Kadji, Djemprit, Kretakoesoema.

7. Iboe sangking garwa nèm, Radèn Lobaningrat. Sigeg.

No.15. Salasilah bangsa Bani-asim ingkang dateng Tjrebon.

---

50. Sajidina Soeltan, Aboe Ngabdoellah Koesèn, inggih poenika Sajidina Soeltan Koesèn, kang djoemeneng Nata wonten Madinah, kaseboet Soeltan Koesèni, anggarwa Siti Aminah, poetranipoen Kasim, poetraning Ngaddi, poetraning Kaptim Taji, poetraning Abisagirah Taji, poetraning Gadjid, poetraning Katim, poetraning Mahboed, poetraning Ngardji, poetraning Sajid Ngadi, poetraning Sajid Kangab, Sajid Kangab poenika dados Pandita wonten ing Mekah, Poetraning Sajidina Soeltan Koesèni 9 sanga, poetra kang No.3 tiga.

3. Poetra sangking kang iboe Siti Aminah, Sajid Ngali Oesad, kang djoeloek Sajid Dj~~é~~inal Ngabidin, djoemenengipoen Nata wonten Madinah, nama: Sajidina Moelana Soeltan Kabir, Mahmoedin Ngali Djénal Ngabidin, ingkang anggarwa Siti Patimah, poetraning Sajidina Ngali Moehsin, poepoetra goenggoeng 18 woloelas.

---

blz.97. Kodjar poetra ingkang No.4 sakawan.

52. Sarib Imam Moekammad Barik, garwa poepoetra:

1. Sajidina Moekammad Bakir.

---

53. Sajidina Moekammad Bakir, anggarwa poepoetra:

1. Roekanijah Sarib Imam Djaparis Sidik.

---

54. Roekanijah Sarib Imam Djaparis Sidik, garwa poepoetra:

1. Roekanijah Soeltan Ngaripin Ambija Djidil Moestakmin.

----

55. Roekanijah Soeltan Ngaripin Ambija Djidil Moestakmin, garwa poepoetra:

1. Sajid Moekammad Rip, djoeloek Sèh Sajid Moekammad Gadjali.

----

56. Sajid Moekammad Rip inggih Sèh Sajid Moekammad Gadjali, garwa poepoetra:

1. Sèh Ngaribi Sadjidil Ngiski.

----

57. Sè~~g~~h Ngaribi Sadjidil Ngiski, garwa poepoetra:

1. Koetoeb Aboemoel-apari Maoelana Roeman-joesi.

----

58. Koetoeb Aboemoel-apari Maoelana Roeman-joesi, garwa poepoetra:

1. Koetoeb Abi Koesèn Nilkarkoeni.

----

59. Koetoeb Abi Koesèn Nilkarkoeni, garwa poepoetra:

1. Sèh Sajidina Ngoedoekoelimawoerinahari.

----

60. Sèh Sajidina Ngoedoekoelimawoerinahari, garwa poepoetra:

1. Sèh Sajidina Moekammad Ngasiki.

----

61. Sèh Sajidina Moekammad Ngasiki, garwa poepoetra:

1. Sèh Sajidina Moekammad Ngarip.

----

62. Sèh Sajidina Moekammad Ngarip, garwa poepoetra 2.

1. Sajidina Maolana Djénal Alib.

----

2. Sèh Sajidina Ngabdoellah Satari.

63. Sajidina Maolana Djénal Alib, garwa poepoetra:

1. Sajid Kahad.

---

64. Sajid Kahad, garwa, poepoetra:

1. Sajid Samoed.

---

65. Sajid Samoed, garwa poepoetra:

blz.98. 1. Sajid Djabar Sidik.

---

66. Sajid Djabar Sidik, garwa poepoetra:

1. Sajid Lamasahad.

---

67. Sajid Lamasahad, garwa poepoetra:

1. Sajid Galab Sidik.

---

68. Sajid Galab Sidik, ~~A~~ anggarwa Siti Katimah, poetraning Sèh Moelana Djoemadil-koebra, kang soemaré ing poetjak redi Plawangan soekoening redi Marapi Ngajoegja kang kidoel poetra woeragil èstri, kang No.22 kalih likoer, poepoetra:

1. Sajid Moesrail, moelana dateng tanah Mahribi, karan Soenan Sarib ing Mahribi.

---

69. Soeltan Sarib ing Mahribi, anggarwa Siti Tabirah, poetraning Maoelana Soeltan Tadjoedin Ahmad-dinil-koebra, Kalipattoen noeroen toelki, ing Madinah, poetraning Sèh Maoelana Djoemadilkoebra, kang soemaré poetjaking redi Plawangan, soekoening redi Marapi, pinanggih nak ing sadèrèk, apoepoetra 2 kalih:

1. Sajid Mangoen-dakir, ngedjawi, karan Kangdjeng Soehoenan Atas-angin kang soemaré ing Tjarebon.
2. Sajid Ahli-dakir, ngedjawi, karan Sèh Maoelana Mahribi, ing-

kang soemaré tanah ing Mantjingan, pasisir kidoel ing Mantaram Ngajoegjakarta.

----

70. Sajid Mahoendakir, kang djoeloek Soehoenan Atas-angin, ingkang soemaré ing nagari Tjrebon, garwa poepoetra 3 tiga:

1. Sajid Djahidoe Bin Atas, ingkang kemantoe dateng Soeltan Tjarebon, satilaré Soeltan Tjerbon Sajid Djahidoe Bin Atas Akoenakit Al-akbar, goemanti ingkang marasepoeh nama: Soeltan Tjerbon.
2. Sajid Ngabdoellah Bin Atas, nama: Soeltan Madjagoeng, ing Goenoeng Djati, oegi tanah Tjarebon, soemaré lan noeroenaken wonten ing Goenoeng Djati tanah Tjarebon.
3. Èstri, krama pikantoek Hjang Margana, Sri Pamekas ing Padjadjaran, satilaré kang marasepoeh poetra mantoe, goemanti kang marasepoeh nama: Soehoenan Atas-angin kaping 2 kalih, soemaré Tjarebon.

----

71. Soehoenan Atas-angin kaping 2 kalih, Hjang Margana, garwa poepoetra 2.

1. Poetra kang sepoeh, anggarwa Soeltan Modang ing Tjarebon.
2. Ingkang nèm, krama pikantoek Soehoenan Makdoem Djamnga, ing Tjempa.

----

72. Soeltan Djahidoe Bin Atas Aboenakit Al-akbar, ing Tjarebon poepoetra tiga idji:

blz.99. 1. Èstri, Njai Adjeng Djatiswara, krama pikantoek Soehoenan Madjagoeng kaping 2 kalih ing Goenoeng Djati.

2. Èstri, Njai Adjeng Djati-asma, krama pikantoek Pangéran Moesakih Moekammad, ladjeng nama: Soehoenan Moepti dalem ing Daradjad, ladjeng linggar pindah dateng ing Tjarebon, ladjeng maratapa wonten redi Moerja, karan Soehoenan Moerja-

pada, séda soemaré ing lèpèn Sapoe, tanah Tjarebon, karan Njai Ageng Woerjapada.

3. Sajid Ngoesmanakit ingkang dalem ing Modang, sareng goemanti ingkang rama, Soeltan Ngoesmanakit Djahidoe Atas Al-akbar, sareng karadjanipoen ngalih ḍateng Modang, karan Kangdjeng Soehoenan Modang, ing Tjarebon.

----

73. Soeltan Modang Tjarebon, anggarwa poetranipoen Soehoenan Atas-angin kaping 2 kalih, kang soemaré Tjarebon, poepoetra 3 tiga:

1. Pangéran Pangalasan ingkang soemaré Tjarebon.
2. Èstri krama pikantoek Pangéran Pakaos.
3. Èstri krama pikantoek Pangéran Poedjangga, nagari Tjempa.

----

71. Sajid Ngabdoellah Bin Atas, inggih Kangdjeng Soehoenan Madjagoeng ing Goenoeng Djati kaping sapisan ingkang soemaré Tjarebon, garwa poepoetra 3.

1. Soehoenan Madjagoeng, Goenoeng Djati kaping 2 kalih.
2. Èstri krama pikantoek Sèh Ngabidoellah, ing Saba, karan Njai Ageng Ngabidoellah Saba, karan Njai Ageng Saba.
3. Èstri krama pikantoek Sèh Ngabdoellah, karan Njai Ageng Kjai Ageng Getas-penḍawa, dadalem tanah Getas-penḍawa.

----

72. Soehoenan Madjagoeng, ing Goenoeng Djati kaping 2 kalih, anggarwa poetraning Soeltan Djahidoe Bin Atas Aboenakit Al-akbar, ing Tjarebon, krama pikantoek Njai Ageng Djatiswara, poepoetra:

1. Soehoenan Madjagoeng kaping 3 tiga, ing Goenoeng Djati.

----

73. Soehoenan Madjagoeng, kaping 3 tiga Goenoeng Djati, Tjarebon, anggarwa poetranipoen Pangéran Makdoem Makdam, kang

soemaré Tjarebon, apoepoetra:

1. Pangéran Arija Natadimanggala, poenika Pangéran ing Soemedang, kaping sapisan.

74. Pangéran Arija Natadimanggala, ping sapisan ing Soemedang, anggarwa poetraning Pangéran Wapiprakosa, ing Pakiringan Tjahjana, krama pikantoek Njai Ageng Bareb, apoepoetra 2.

1. Èstri, kemantoe krama pikantoek Pangéran Panembahan Wirasoera Adinata, ing Soekapoera, tanah Krawang, pikantoek poetranipoen djaler nama: Pangéran Wirasoera Adinata, kaping 2 kalih, Pangéran Wirasoera Adinata ℓ waoe, sâk sédané kang marasepoeh, goemanti kang marasepoeh wonten Soemedang, Pangéran Wirasoera Adinata waoe, katrap ing paréntah alam daweg Kangdjeng Soeltan Agoeng, kang djoemeneng Kreta, kang moerda soemaré ngastana Widaramanis Ngajoegja Mantaram, koewanda soemaré ing astana ing Lempoejangwangi, Mantaram Ngajoegja, mila Pangéran Wirasoera Adiwinata ping 2 kalih, karan Pangéran Soemedang kang séda Mentawis Mantaram, mila mastaka moerda, dipoen pisah, lan koewanda, sabab Pangéran Wirasoera Adinata, poenika sekti.

blz.100.

ℓ kaping kalih

----

2. Djaler Pangéran Arija Natadiwidjaja, ing Soekapoera, kita Manondjaja tanah Prajangan.

----

75. Njai Pangéran Wirasoera Adinata, kang garwa karan Pangéran Arija Soemedang séda Mentawis Mantaram, garwa poepoetra 2.

1. Èstri, kagarwa pikantoek Pangéran Arja Natadiwidjaja kaping 2 kalih, ing Soekapoera, kita Manondjaja, tanah Prajangan, sareng linggar ngalih mring Soemedang, nama: Adipati Pangéran Nata Adimanggala, kang kaping 2 kalih ing Soemedang.

2. Pangéran Dalem Danoemadja, gentosi ingkang raka ipé, wonten ing Soemeḍang.

----

75. Pangéran Arja Natadiwidjaja, ing Soekapoera, kiṭa Manondjaja, tanah Prajangan, anggarwa poetranipoen Pangéran Wahdoem Tjahjana, apoepoetra:

1. Pangéran Arja Natadiwidjaja kaping 2 kalih, sareng linggar ngalih ḍateng Soemeḍang, nama: Adipati Pangéran Nataadimanggala ping kalih ing Soemeḍang, anggarwa poetraning Pangéran kang karan Séda Mentawis Mantaram, Ngajoegja, pinanggih nak ing saḍèrèk.

----

76. P. Adipati Pangéran Nata-adimanggala ping 2 kalih, ing Soemeḍang, anggarwa poetranipoen Pangéran kang karan Séda Mantawis Mantaram poepoetra 8 woloe.

1. Kangdjeng Ratoe Mangkoerat Wana Kreta, anggarwa Kangdjeng Soehoenan Mangkoerat-dinan, djoemeneng Nata ing Wana Kreta, ingangkat déning Atmiral karan Amral.
2. Radèn Rija Mangoen-rana, ing Mantaram,
3. Radèn Ajoe Djajaningrat.
4. Radèn Ajoe Megatsari.
5. Radèn Ajoe Soedjanapoera, anggarwa Kjai Toemenggoeng Soedjanapoera, Mantaram, kang séda soemaré Drana, poenika poetraning Kjai Adipati Soedjanapoera, kang séda prang sampjoeh, lan Adipati Pamekasan ing Madoera, daweg alam Kangdjeng Soeltan Agoeng.

blz.101. 6. Radèn Ajoe Banten.

7. Radèn Ajoe Sidajoe.
8. Radèn Ajoe Koedoes.

----

77. Radèn Rija Mangoen-rana, ing Mantaram, garwa poepoetra:

1. Radèn Rija Mangoendirdja, ing Mantaram.

---

78. Radèn Rija Mangoendirdja Mantaram, garwa poepoetra 5.

1. Badjeng Radèn Ajoe Wiragoena.
2. Njai Adjeng Demang Sepakon, anggarwa Kjai Demang Sepakon sami soemaré Drana.
3. Njai Adjeng Natajoeda, anggarwa Radèn Toemenggoeng Natajoeda, kaping 2 kalih, poenika ingkang séda prang wonten ḏoesoen Toerèn tanah ing Batang,
4. Radèn Rija Mangoen-rana, kaping 2 kalih.
5. Radèn Ranamenggala, garwa poepoetra: Njai Radèn Djajawiroena, garwa poepoetra Njai Radèn Soerèngleksana, garwa poepoetra Njai Radèn Soediwirja, poenika ingkang poepoetra: Radèn Toemenggoeng Natadipa, Boepati Anèm Ngajoegjakarta.

---

79. Njai Adjeng Demang Sepakon, anggarwa Kjai Demang Sepakon, poenika poetraning djaler Kjai Parasoeta, kang sami soemaré Drana, poepoetra èstri Njai Demang Sepakon.

1. Nama: Mas-ajoe Mandoeraredja, kang kagarwa ḏateng Radèn Rija Mandoeraredja, Wadana Penanḏon, séda prang daweg Petjina, Kartasoera, lajon soemaré Drana.

---

80. Mas-ajoe Mandoeraredja, garwanipoen Radè~~p~~n Rija Mandoeraredja, Wadana Penanḏon ing Kartasoera, kang séda daweg Petjina, poepoetra 5 gangsal:

1. Ngabèi Wirasanta, nama: Kjai Toemenggoeng Sisingan, anggarwa poetraning Radèn Rangga Soera-adimanggala, kaping 4 sakawan, Boepati ing Kaliwoengoe, Kjai Toemenggoeng Sisingan waoe, séda sarimbit soemaré ing Drana.
2. Njai Rangga Wirjakrama, soemaré Drana.
3. Ngabèi Soemadimedja, Demang ḏongkol, séda soemaré ḏoesoen Tjepoeri, bawah Kaboepatèn Nanggoelan Ngajoegja, poenika ingkang noeroenaken Radèn Loerah Djiwadipoera, lijer dados

Panèwoe Midji, ing Kadanoeredjan, lijer dados Panèwoe Gedong, kalih Njai Rija Soewanda, Dèn Rara Kendil.

4. Kangdjeng Njaimas Adipati Danoeredja, kang parab Bijangné Bèter, anggarwa Kangdjeng Radèn Adipati Danoeredja, Patih Dalem ping sapisan Ngajoegja, kang séda soemaré Moelangi, Ngajoegja Mantaram.

blz.102. 5. Kjai Toemenggòeng Nitinagara, Boepati Kaliwoengoe kang kaping 6 nem, séda soema~~p~~ré ngastana Kaliwoengoe. Sigeg.

No.16. Poenika salasilah ing Taroeb oetawi Séla.

----

70. Sajid Alidakir Bin Atas Al Mahribi, kang karan Sèh Maolana Mahribi, séda soemaré Mantjingan tanah paredèn pasisir kidoel, Ngajoegja Mantaram, sangking toeroen Kangdjeng Nabi Rasoellolahi, kaping 22 kalih likoer, ingkang gotèk, doek Dèwi Rasawoelan Rara Kembang-lampir, mretapa ngidang njantoeka, wonten talaga, Tirtaroebéda, Sajid Alidakir maratapa ngalong saloehoering goerda, kang mangloeng nginggiling sendang tlaga Tirtaroebéda, eninging tjipta, karsa Allah, Dèwi Rasawoelan anggrebini ngartali, tjekaking gotèk babar mijos ing walikat lahir djaloe.

1. Nama: Djaka Kidangtilangkas, inggih Djaka Lemboepeteng, tegesé: sinten wroeha, Ki Djaka Kidangtilangkas Lemboepeteng waoe, siningidaken déning Sajid Alidakir, inggih Sèh Maolana Mahribi, wonten makaming Kjai Sélantaka Kjai Ageng Taroeb ping sapisan, lakiné Njai randa Sélantaka, ingkang dadalem tanah Taroeb. Sareng Njai Ageng randa Taroeb noewèni makamanipoen laki, wonten baji gilang-gilang wonten ing ngrikoe soba sokoer ing Allah, katilaran poetra baji, woesana manggih baji djabang, te-

gesipoen babaji teksih abang; ladjeng kinoekoep dipoen poepoe, mila Njai Ageng randa Taroeb waoe, mawi roeroekti sasapoet prantiné tijang gadah baji anjaran wedjah-wedjah pepareman tjaraning anjaran gadah babaji, tijang ing Taroeb mashoer jèn Njai Gedé Randa Taroeb Sélantaka nembé kagoengan poetra poetra ingkang sampoen praléna gesang malih, awit marsoediné Njai Gedé Taroeb saged datengaken bingah liroe roepa, dipoen namani: Djaka Peteng Kidangtilangkas, Djaka Taroeb; sampoening ma(m)bet diwasa, remen lalana, noeloep peksi poendi gèning peksi tinoeroet sapoeroeg-poeroeg, tjekaking kodjar, kasasar mring tlaga Mandirda,pasiramaning para widadara widadari,ingkang katiwasan kamanoengsan, Dèwi Nawangwoelan, ladjeng kadarbé dados rabiné Radèn Djaka Taroeb; lami-lami grebini ngartali, rèhning poetra lan poetri.

----

71. Ki Djaka Lemboepeteng Kidangtilangkas, Djaka Taroeb, anggarwa Widadari Dèwi Nawangwoelan, ladjeng djoeloek Kjai Ageng Taroeb kang kaping 2 kalih, séda soemaré Taroeb,garwa poepoetra:

1. Èstri nama: Dèwi Nawangsih, krama kapikantoekken Radèn Djaka Bondan-kedjawan, marabi kang marasepoeh Kjai Ageng Taroeb ping 2 kalih waoe, nama: Arja Lemboepeteng ping 2 kalih, namaning kang marasepoeh doek timoeré, poenika poetraning djaler Sri Praboe Brawidjaja, kaping 5 gangsal Ratoe Madjapait ping 7 pitoe ingkang wekasan, sangking garwa paminggir poetri Wandan, asli nagari Wandanpoera, poetri bojongan bektaning Ratoe Andarawati, sangking Tjempa.   Dèwi Nawangwoelan poepoetra:

blz.103. 1. Nama Dèwi Nawangsih, anggarwa Radèn Djaka Bondan-kedjawan, inggih Arija Lemboepeteng kaping 2 kalih, poenika ngadjeng goemaḏoeh ḏateng Kjai Boejoet djoeroe sawah, nama: Kjai Boejoet Moesahar, tanah Pasisir lèr sawétaning Paṯi tjelak ing Gebadot. Sampoening diwasa Djaka Bonḏan-kedjawan pinaringaken ḏateng Kjai Ageng Taroeb ping 2 kalih, ladjeng pinenḏet mantoe poenika, nama: Kjai Ageng Taroeb kaping 3 tiga, gentosi ingkang marasepoeh sampoening séda.

---

72. Dèwi Nawangsih anggarwa Radèn Djaka Bonḏan-kadjawan Arja Lemboepeteng kaping 2 kalih, Kjai Ageng Taroeb kaping 3 tiga, poepoetra 3 tiga:

1. Radèn Djaka Ḏoekoeh, njekabat dateng Soehoenan Madjagoeng, ing Goenoeng Djati ping sapisan, sampoening dados sekabat pinenḏet mantoe, kaparingan nama: Ki Sèh Ngabidoellah, pininta ḏoekoeh dalem tanah Wanasaba, karan Kjai Ageng Wanasaba.
2. Radèn Djaka Ḏèpok, njekabat Kangdjeng Soehoenan Madjagoeng, Goenoeng Djati sapisan Tjerbon, sampoening dados sekabat pinenḏet dados mantoe, kaparingan nama: Ki Sèh Ngabdoellah, pinaringan ḏoekoeh tanah Getas-penḏawa, karan Kjai Ageng Njai Ageng Getas-penḏawa.
3. Èstri, nama: Rara Kasijan, krama pikantoek ing Ngerang, karan Njai Ageng Kjai Ageng Ngerang.

---

73. Kjai Ageng Wanasaba, Ki Sèh Ngabidoellah, anggarwa poetraning Soehoenan Madjagoeng Goenoeng Djati tanah Tjarebon ping sapisan, poepoetra 3 tiga:

1. Pangéran Madépanḏan ingkang sapisan.
2. Èstri krama pikantoek Kjai Ageng Ngabdoer-rahman ing Séla, krama seḏèrèk anak ing seḏèrèk.
3. Njai Ageng Teroeng Talidadoe, Teroeng ping 2 kalih.

---

74. Pangéran Madépanḏan ingkang sapisan, garwa poepoetra:

1. Njai Ageng Anis, anggarwa Kjai Ageng Anis, poetraning djaler Kjai Ageng Ngabdoer-rahman ing Séla, krama nak-sanak, Njai Ageng Anis séda soemaré Kiṯa-ageng, kang laki séda soemaré Nglawéjan.

----

73. Rara Kasijan, krama pikantoek Kjai Ageng Ngerang, karan Njai Ageng Kjai Ageng Ngerang, poepoetra 3 tiga:

1. Kjai Boḏo Padjang, karan Kjai Ageng Ngerang ping 2 kalih, séda soemaré ing Séla.
2. Njai Ageng Kemiri, garwaning Kjai Ageng Kemiri.
3. Njai Ageng Ngabdoer-rahman, anggarwa Kjai Ageng Ngabdoer-rahman ing Séla.

----

74. Kjai Boḏo Padjang, karang Kjai Ageng Ngerang kaping 2 kalih, séda soemaré Séla, garwa poepoetra 4 sakawan:

blz.104. 1. Ki Boejoet Paṯi, karan Kjai Ageng Ngerang kaping 3 tiga, soemaré Nglawéjan.
2. Kjai Ageng Ngerang kaping 4 sakawan.
3. Kjai Boejoet Ngerang.
4. Pangéran Kalidjenar.

----

75. Ki Boejoet Paṯi, inggih Kjai Ageng Ngerang kaping 3 tiga, ingkang soemaré ing Nglawéjan, garwa poepoetra 2:

1. Kjai Pendjawi, nama: Kjai Ageng Paṯi.
2. Njai Ageng Kemiri, ing Paṯi.

----

76. Kjai Ageng Pendjawi, Kjai Ageng Paṯi, garwa poepoetra 2:

1. Istri, kagarwa Kangdjeng Panembahan Sénapati, Mantaram.
2. Adipati Pragola Paṯi, kaping sapisan ing Paṯi, kang séda prang wonten ing Tadji, sirna kéntir ing benawi, bengawan.

----

77. Adipati Pragola Paṯi, kaping sapisan ingkang séda prang Biting Tadji, sirna kéntir lèpèn benawi, tilar poetra 2.

1. Adipati Pragola Paṯi kaping 2 kalih.
2. Radèn Lonḏoh, kang nama: Pangéran Rangga Paṯi.

----

78. Adipati Pragola Paṯi kaping 2 kalih, garwanipoen triman saḏèrèk Dalem Kangdjeng Soeltan Agoeng, toenggil jajah réna, nama: Radèn Adjeng Toelak, Ratoe Mas Sekar, dèrèng ngantos patoetan poepoetra, kasoelak séda sabab ngraman, wit binangoes mring Éndranata, tjoewaning karsa Dalem, Kangdjeng Soeltan Agoeng waoe, raji Dalem Ratoe Mas Sekar waoe, katrimakaken ngarang-oeloe ḏateng aḏinipoen Adipati Pragola Paṯi ping 2 kalih, nama: Radèn Lonḏoh, dipoen angkat goemanti kang raka, dados Boepati Paṯi, nama Pangéran Rangga Paṯi.

Déné Adipati Pragola Paṯi kaping 2 kalih, séda kraman, tilar poetra djaler sakdèrèngipoen pikantoek sémah triman, sangking anak bok sepoeh.

1. Nama: Bagoes Djaka Krija, kapladjaraken ngoengsi ngoepadi/os gesang kabekta ḏateng Kjai Soera Mangoendjaja, ḏateng tanah Djedjeran, sampoening diwasa Goes Krija waoe wonten ing Djedjeran, ladjeng kemantoe ḏateng Kjai Djedjer, pikantoek wajah, nama: Kjai Krija, inggih Kjai Krijan, séda lan noeroenaken wonten ing Djedjeran.

Sigeg.

No.17. Koeneng salasilah Kjai Ageng Getas-penḏawa.

---

73. Kjai Sèh Ngabdoellah, inggih Kjai Ageng Getas-penḏawa, kodjar garwanipoen kalih, garwa kang sepoeh, poetraning Kangdjeng Soehoenan Madjagoeng, garwa ingkang nèm asli sangking Soekawati, déné poetranipoen Kjai Ageng Getas-penḏawa

blz.105.

Ki Sèh Ngabdoellah, 12 kalih welas.

1. Kang iboe asli ing Madjagoeng, Bagoes Senggrok, nama Kjai Ageng Ngabdoellah, ing Getas Taroeb-agoeng, soemaré ing astana Palompongan.
2. Kang iboe asli ing Madjagoeng, Bagoes Songgom, nama Kjai Ageng Ngabdoer-rahman, inggih Kjai Ageng Kretabaja, karan Kjai Ageng ing Séla, kang garwa poetranipoen ingkang oewa Ki Sèh Ngabidoellah, karan Kjai Ageng Wanasaba.
3. Kang iboe asli ing Madjagoeng, Rara Genḍoek, nama: Njai Ageng Amadaroem, krama pikantoek Kjai Ageng Amadaroem, ing Pakis, sédaning kang laki, krama kaping 2 kalih, krama pikantoek Kjai Ageng Moeḍik-baṭara, ing Karang, karan Njai Ageng Karang.
4. Kang iboe asli Madjagoeng, Rara Djénab, nama: Njai Ageng Amadanom ing Poerna, karan Njai Ageng Poerna, anggarwa Kjai Ageng Poerna.
5. Kang iboe asli Soekawati, djaler, amoeng séda dèrèng diwasa.
6. Kang iboe asli Soekawati, èstri, Rara Kabirah, krama pikantoek Kjai Ageng Djajapanatas, tanah Karé, karan Njai Ageng Kjai Ageng Karé.
7. Kang iboe asli Soekawati, Rara Sahirah, nama: Njai Ageng Wiradikrama/pikantoek Kjai Ageng Wiradi, karan Njai Ageng ~~A~~ Kjai Ageng ing Wangloe, kaseboet Njai Ageng Wangloe.
8. Kang iboe asli Sokawati, Rara Sijam, nama: Njai Ageng Samsoedin, krama Kjai Ageng Samsoedin, sami karan: Njai Ageng Kjai Ageng ing Bokang.
9. Kang iboe asli Sokawati, Rara Sijem, nama: Njai Ageng Wirawangsa, krama pikantoek Kjai Ageng Wirawangsa, karan Njai Ageng Kjai Ageng Wangsoel.

10. Kang iboe asli sangking Sokawati, Rara Danar, nama: Njai Ageng Wangsaprana, krama pikantoek Kjai Ageng Wangsaprana, ing Bokong tanah pinggir Pragi, karan Njai Ageng Bokong.

11. Kang iboe asli sangking Sokawati, Rara Poetri séda timoer.

12. Kang iboe asli sangking Sokawati, Rara Dénok, nama: Njai Ageng Moekmin, krama pikantoek Kjai Ageng Moekmin, Ngadibaja, karan: Njai Ageng Kjai Ageng ing Ngadibaja.

Djangkep poetra 12 kalih welas.

---

74. Kjai Ageng Ngabdoer-rahman, inggih Kjai Ageng Kretabaja, ing Sesela, garwanipoen 3 tiga: garwa ingkang sepoeh asli Wanasaba, garwa kang tengahan, asli sangking Ngerang, garwa kang nèm, asli sangking Waroeng, Kjai Ageng Ngabdoerrahman waoe poepoetra 14 kawan welas.

1. Badjeng kang iboe asli Wanasaba, Njai Ageng Sihab, krama pikantoek Kjai Ageng Sihab, tanah Loeroeng-tengah ing Bandjarnagara, séda soemaré noeroenaken wonten ing Loeroengtengah Bandjar ing Banjoemas, poepoetra: blz.106.

   1. Kjai Ageng Béntjo, soemaré noeroenaken ing Roma, Djatinagara.

   2. Njai Ageng Padèrèsan, krama pikantoek Kjai Ageng Padèrèsan, ing Waroeng-tengah, karan Njai Ageng Padèrèsan.

----

2. Kang iboe asli sangking Wanasaba, nama: Rara Djanten, krama pikantoek Pangéran Soengèb, Saba, inggih Panembahan Kawis-goewa, sareng linggar mring Pakiringan nama: NJai Ageng Pakiringan, Pangéran Soengèb waoe, poetraning djaler, Soehoenan Giri Dalem, ∠Kidoel, Ratoe Giri kang kaping 2 kalih, Njai Ageng Pakiringan waoe poepoetra 4 sakawan: ∠ Giri

   1. Njai Ageng Pamanahan, anggarwa Kjai Ageng Pamanahan, Mantaram.

2. Kjai Ageng Djoeroemartani, Panembahan Manḍaraka, Mantaram.
3. Njai Ageng Ma(ng)gar, krama pikantoek Kjai Ageng Ma(ng)gar.
4. Njai Ageng Lawah, krama pikantoek Kjai Ageng Lawah.

3. Kang iboe asli sangking Wanasaba, Rara Djoemanten, nama: Njai Ageng Manḍalika, krama Kjai Ageng Manḍalika, karan Njai Ageng, Kjai Ageng ing Bangeri, karan: Njai Ageng Bangsri.

4. Kang iboe asli sangking Wanasaba, Rara Djamirah, nama Njai Ageng Noer-ahmad, krama pikantoek Kjai Ageng Noer-ahmad, ing Tadji, karan: Njai Ageng Kjai Ageng Tadji.

5. Kang iboe asli sangking Wanasaba, Rara Mahérah, nama Njai Ageng Soeléman, krama pikantoek Kjai Ageng Soeléman, Patanèn, poenika ingkang waktoe kala teksih timoer dipoen ban ḍateng kang rama, ḍateng tegil pawaloehan, wonten tijang salah katon ladjeng ngamoek, Njai Ageng Patanèn waoe, poepoetra èstri:
   1. Njai Ageng Nitik Soera-adipradja, anggarwa Kjai Ageng Niti Soera-adipradja, poenika ingkang soemaré ngastana ing Lempoejangwangi Ngajoegja.

6. Kang iboe asli sangking Njai Ageng Ngerang, Rara Mahémoenah, nama: Njai Ageng Djakarija, krama pikantoek Kjai Ageng Djakarija Ngalimdahoe, Pakisdadoe, karan Njai Ageng Kjai Ageng Pakisdadoe.

7. Kang iboe asli sangking Njai Ageng Ngerang, Rara Mangoenah, nama: Njai Ageng Amad-tahar, Pakis-kidoel, krama pikantoek Kjai Ageng Amad-tahar Pakis-kidoel, karan Njai Ageng Kjai Ageng Pakis-kidoel.

8. Kang iboe asli sangking Ngerang, Rara Makmoenah, nama:

Njai Ageng Moekihat, Getas-adji, krama pikantoek Kjai Ageng Moekihat, karan Njai Ageng Kjai Ageng Getas-adji.

9. Kang iboe asli sangking Ngerang Bagoes Baji, séda timoer.

10. Kang iboe asli sangking Ngerang, Bagoes Anis, krama pikantoek sami wangsa pjambak, ing Séla, poetranipoen Pangéran Madépanḍan, kaping sapisan, poetraning Sèh Ngabidoellah inggih Kjai Ageng Wanasaba, poenika poetraning Djaka Bonḍan-kadjawan inggih Lemboepeteng ping 2 kalih, blz.107. Kjai Ageng Taroeb kaping 3 tiga. Inggih poenika paloenanipoen Njai Ageng Séla, ingkang pinoenḍoet poetra ḍateng Kjai Ageng Ngabdoer-rahman ing Séla, timoer moela, Bagoes Anis waoe, sédaning kang rama, ladjeng soewita ḍateng Soeltan Padjang, sinoeng prenah tanah ing Lawéjan, karan Kjai Ageng ing Lawéjan.

11. Sangking garwa nèm asli sangking Waroengtengah, èstri Rara Baji séda timoer.

12. Sangking garwa nèm asli sangking Waroengtengah, èstri séda timoer.

13. Sangking garwa nèm asli sangking Waroengtengah, èstri séda timoer.

14. Sangking garwa nèm asli sangking Waroengtengah, djaler: Bagoes Baji Pasoeson, nama: Kjai Ageng Pasoeson, ngawoela mring Padjang, dados Adjar, karaket ḍateng poera, nama: Kjai Ragadalem.

---

75. Kjai Ageng Lawéjan, anggarwa poetraning Pangéran Madépanḍan ping sapisan, ing Séla, poepoetra 2 kalih:

1. Bagoes Katjoeng, nama: Kjai Ageng Pamanahan, dados abdi Tamtama, ing Padjang, lami-lami ginandjar siti tanah Mentawis Mantaram, Kjai Ageng Mentawis, krama pikantoek poetranipoen Pangéran Songèb, ing Saba, Panembahan Kawisgoewa, karan: Kjai Ageng Pakiringan, Njai Ageng Mantaram,

ingkang bok-ajoe Kjai Ageng Djoeroemartani, toenggil jajah réna.

2. Bagoes Bantjèr, Kjai Ageng Karotangan, ingkang ḍoeḍoekoeh Pagergoenoeng, tanah Ngajoegja, Mantaram.

---

76. Kjai Ageng Karotangan, kang toetroeka Pagergoenoeng, anggarwa poetraning Njai Ageng Karang-gajam, gih garwanipoen Pangéran Karang-gajam ping sapisan, Poedjangga Dalem Kangdjeng Soeltan Adi Amidjaja Praboe Kamidil Ngalam Padjang ingkang nganggit Soerti, Kjai Ageng Karotangan waoe, sarimbit sami soemaré ing Pagergoenoeng, bawah Kaboepatèn Kalasan Ngajoegja, poepoetra:

1. Kjai Ageng Menganeng, kang mretapa wonten soekoening woekir Soembing, karan Panembahan Menganeng, ladjeng anggarwa poetranipoen Kjai Ageng Sélamanik kaping 2 kalih, nama ngadjeng Kjai Maragati, Keḍoe Kaṭiṭang; Kjai Ageng Menganeng waoe ngetoetaken rabi, sarimbit sami soemaré sarta ngeroenaken wonten ing Keḍoe Kaṭiṭang, inggih poenika ingkang ladjeng anglèraken ḍateng Bendara Radèn Ajoe Srenggara, langen Dalem Kangdjeng Soeltan Mengkoeboewana kaping sapisan djoemeneng Nata Ngajoegjakarta Adiningrat.

Sigeg.

No.18. Gotèk salasilah Pakoewan Padjadjaran tepangipoen kalih Wirasaba, lan Banjoemas, kados nganḍap poenika:

1. Koeneng Sri Pamekas Sri Praboe Ardjakoesoema, garwa poepoetra 12 kalih welas.

blz.108. 7. Kang iboe Dèwi Ambarsari, Radèn Djaka Tandoeran, nama Arija Soesoeroeh, kang ~~n~~ linggar mring tanah Madjapait, ladjeng djoemeneng Nata, djoeloek Sri Praboe Bratana.

---

9. Kang iboe sangking Dèwi Tahor garwa pangrembé, Radèn Djaka Sijoengwanara, djoeloek: Arija Banjakwidé, sak kèntiré kang rama, ladjeng djoemeneng Nata wonten ing Padjadjaran, Soendarowang, djoeloek Sri Maha Radja Mradjasekti.

Sri Praboe Maha Radja Sekti, anggarwa poetranipoen Sri Praboe Woergahijang, nagari Kajangan, nama: Dèwi Manikgoemiwang, nama: Ratoe Manikgoemiwang, tan lami linoeroegan déning ingkang raka, Sri Praboe Bratana Madjapait, prang tan woesana, kèndeling sami prang waoe, abipraja sami pradjandjéjan, sawétaning Tjipali, tegesé tji lèpèn pali wates, samangké dipoen westani lèpèn Tjil~~oe~~iwoeng, kidoelkilèn tanah Bogor, benawi ageng, sak wétaning kali Tjiliwoeng bawah Madjapait, sak kilèning kali Tjiliwoeng Sri Sijoengwanara bawahé, tan winiraos wates-watesan, ladjeng sampoen sami trima, koendoer sami sowang-sowang.
Ananging Sri Praboe Maha Radja Sekti, Sijoengwanara, Banjakwidé, karsa linggar sangking Pakoewan Padjadjaran, moenggil lan kang marasepoeh wonten nagari Kajjangan, inggih tanah Prajangan.

Sareng Sri Praboe Woergahijang séda, goemanti kang marasepoeh, madeg Nata, djoeloek Sri Praboe Marasoedda Njakrawati Sri Mradjasekti, nagari dèn sinoeng nama: ing Pakoewan Padjadjaran, Kajangan.
Ratoe Manikgoemilang, poetraning èstri, Sri Praboe Wo~~e~~erga-hijang, poetraning Nikèn Binaro garwaning Praboe Moendingsari, Padjadjaran Soendarowang, Nikèn Binaro poetraning Sri Praboe Batoelajang, poetraning Praboe Batoewara, poetraning Sri Praboe Batoelata, ing nagari Pengging, Praboe Batoelata toeroenipoen Sri Praboe Pandajanata, Ratoe ing Pengging.

Sri Praboe Marasoedda Njakrawati, Maha Radja Sekti, Ratoe Pakoewan Padjadjaran, inggih Sri Sijoengwanara, garwa Dèwi Ratoe Manikgoemilang, poepoetra 3 tiga:

-----

1. Estri, Ratoemas Kekambang, djoemeneng Nata tanah Batoetoelis, ing Bogor, angratoni dateng para djin prerajangan, djoeloek Sri Praboe Kantjana Kekambang.
2. Radèn Djaka Pitoeroen, sareng goemanti kang rama djoemeneng Nata, djoeloek Sri Praboe Loetoeng-kesaroeng, inggih Praboe Maradipa; /Radèn Djaká Pitoeroeh, dipoen

L 3. bojong dateng Sri Praboe Bratana, / Ratoe Madjapait, lami-lami katarima pangawoelanipoen, tinanem dados Adipati tanah Madoera, nama: Pangéran Adipati Pamekasan Madoera, woesana noeroenaken para prijaji trah Madoera sadaja, doemoegi samangké, boten moeng Wirasaba, Banjoemas satanah Djawi.

----

3. blz.109. Sri Praboe Loetoengkesaroeng, inggih Praboe Maradipa, garwa poepoetra:

1. Sri Praboe Lingga-Hijang.

)))-------

4. Sri Praboe Lingga-ijang, garwa poepoetra:

1. Sri Praboe Linggawesi.

----

5. Sri Praboe Linggawesi, garwa poepoetra 3 tiga:

1. Praboe Linggakarang, ing Pakoewan Padjadjaran, kang mretapa wonten woekir Djamboedipa, tanah Pakoewan Padjadjaran, ngalih pretapan dateng ing Djatisari, ing Pamalang Prajangan, bantah pramawidya, lan Pangéran Atas-angin, Praboe Linggakarang, medalaken kasantikan, ketoetigan, kenti, sami tinoempoek-toempoek, tjinipta maboer ing ngawijat, toemedak maboer wali-wali teksih tata bo-

ten éwah satata kados kang waoe-waoe, sampoening ambal-ambalan, Pangéran Atas-angin animbangi karsa, motjot ingkang poenang tjenéla sinawat mring ngawijat, toemeḍakipoen kenṭi, tigan, mawoet-mawoet kenṭi petjah, mawoet, keṭoe katoempangan tjenélanipoen Pangéran Atas-angin, Sang Praboe Linggakarang roemawon sabantah kalih Pangéran Atas-angin, sasmita roemaos, jèn agama Boedḍa baḍé ka~~l~~tinḍih agami Islam. Sang Nata takloek ladjeng mandjing Islam, sinoeng nama: Pangéran Djamboekarang, sampoening takloek, kang poetra èstri, Nikèn Roebijah Bekti, dipoen atoeraken kadamel garwa Pangéran Atas-angin; teksih wonten Padjadjaran, Nikèn Roebijah Bekti waoe, tjinipta ḍateng, ladjeng binekta kondoer ḍateng nagari ing Tjempa, Pangéran Djamboekarang remen maratapa, pinernah ing woekir Lawèt ngantos séda soemaré ing woekir Lawèt, kadamel pamiḍangan ngantos samangké, ingkang élok-élok teksih lestantoen dèrèng tawar, poenapa malih redi Kaḍaton, sak-mangké pikantoek be(g)dja, soemerep saroepi tijang kaṭah soemerep wonten Kaḍaton, wantah, itjal sipatan wana greng, majeng-majeng, tataning Karaton tijang kaṭah soemerep sawoedjoed.

----

2. Sri Praboe Lingganggang, goemanti ingkang raka, djoemeneng Nata wonten ing Padjadjaran, djoeloek Sri Praboe Soesoektoe(ng)gal.

-----

3. Praboe Linggalarang, djoemeneng Nata, wonten tanah Sabrang, ing Banakeling.

----

6. Sri Praboe Lingganggang, inggih Praboe Soesoek-toenggal, garwa poepoetra:

1. Sri Praboe Moenḍingkawati.

----

7. Sri Praboe Moenḏingkawati, garwa poepoetra: Sri Praboe Anggalajang, djoeloek Praboe Linggawastoe.

8. Sri Praboe Anggalajang, inggih Praboe Linggawastoe, garwa poepoetra 4 sakawan:

1. Radèn Djaka BanjKak-tjatra, moelana ḏateng Menḏangsekori tanah Pasir-loehoer, ladjeng silih nama: Radèn Djaka Kamadaka, aminḏa sato kéwan, wonten ing wana.

blz.110. Kodjar Adipati Kanḏakadaha, kang djoemeneng wonten ing Menḏangsekori, tanah Pasir-loehoer, poenika poetra trahipoen Adipati Arja Bangah poetra Padjadjaran kang wekasan, Arja Bangah ingkang djoemenġeng wonten ing Galoeh, sabeḏahing Padjadjaran linggar kéntar ing Djapara ladjeng ḏateng Madjapait, sinoeng nama: Arja Panoelar, déné Adipati Kanḏakadaha, waoe, Menḏangsekori boten kabawah poendi-poendi, amengkoe kaprabon pjambak; Adipati Kanḏakadaha, kodjar garwa poepoetra 25 salawé sami èstri sadaja, boten darbé poetra djaler, doek semanten, Adipati Kanḏakadaha, noedjoe tjangkrama, ḏateng wana, bereg sangsam kidang kantjil, manggih boeboeron, ḏapoer: lir oewa-oewa, dédé loetoeng, lir wanara, dédé wrangoetan, lir keṯèk dédé djanggitan. Sagoenging wadya sami kawekèn tan oening namané, kang saged mestani moeng Adipati Kanḏakadaha, ing Pasir, ija ikoe kang aran: Loetoeng-kesaroeng, dèn pinaringakèn ḏateng kang poetra, nama: Dyah Dèwi Tjiptarasa, parab Rara Boengsoe, boengsoe tegesé wragil; waktoe semanten saweg noedjoe linamar ḏateng Praboe Poelébahas, djoeloek Sri Boetawereng, ing Noesa Tembini kang darbé kadang tiga, 1 Dipati Djoerang-bahas, 2 Dipati Paroeng-bahas, 3 èstri Nikèn Prigisari sami manggèn ing Noengsa Ka(m)bangan pinalih sowang, Sri Poelébahas waoe, panglamaring ḏateng Menḏangsekori Pasir-loehoer, pinandem déning Radèn Djaka Banjak-tjatra, kang silih nama: Radèn Djaka Kamandaka, Dipati Paroeng-bahas, lan Dipati Djoerang-bahas, mamoek kiwoel tan mangga poeliha, pinadem déning Radèn Djaka Gagakngampar, kang minda Radèn Silih-warna, sigeging kanda, Radèn Djaka Banjak-tjatra, ladjeng krama pikantoek Dèwi Tjiptarasa, parab Dèwi Boengsoe, poetraning Adipati Kandakadaha, ingkang kawan likoer sampoen darbé laki sadaja, déné sak-pademé kang marasepoeh, Radèn Djaka Banjak-tjatra garwaning Dèwi Tjiptarasa, goemanti kang marasepoeh, nama: Adipati Banjaktjatra, Mendangsekori Pasir-loehoer.

----

2. Radèn Djaka Banjak-balaboer, saksédané ingkang rama, Adipati Sri Praboe Anggalajang, Praboe Linggawastoe, Radèn Djaka Banjak-balaboer, nama: Sri Praboe Silihwangi, djoemeneng Nata ing Pakoewan Padjadjaran.

----

3. Radèn Djaka Gagak-ngampar, kang noesoel ingkang raka, kang nama: Radèn Djaka Silihwarna, anggarwa Dèwi Prigisari, poetri bojongan asli sangking Noengsa Tembini, inggih Noengsa Kambangan, sadèrèké wragil Praboe Poelébahas, poenika poetraning Praboe Batoemampang, Batoemampang poetraning Praboe Gaijang, poenika sedè rèkipoen sepoeh Dèwi Manikgoemiwang, Dèwi Manikgoemiwang poenika anggarwa Sri Maha Radja Sekti, Marasoedda Sri Sijoengwanara, Sami poetranipoen Sri Praboe Woerga-ijang, Ratoe Pakoewan Padjadjaran, tanah Kajangan.

blz.111.

Déné Radèn Djaka Gagakngampar, tinanem déning ingkang raka, dados Adipati Dajeh-loehoer, poenika ingkang poepoetra Adipati Gagakngampar kaping 2 kalih, Dajehloehoer, Adipati Gagakngampar kaping 2 kalih ingkang poepoetra Dèwi Santang, ingkang kagarwa dateng Adipati Soerawin, Wirasaba.

----

4. Dyah Ratoe Pamekas, krama pikantoek Radèn Arija Baribin, Radèn Soepoetra, kang silih Adjan Kapoetran, djoeloek Pandita Poetra, ing woekir Sidakarsa, tanah Pakoewan Padjadjaran, séda noeroenaken serimbit sami soemaré Padjadjaran, inggih poenika poetraning Sri Bratandjoeng, Praboe Brawidjaja kaping sakawan Ratoe Madjapait ping nem, sadèrèking nèm Praboe Brawidjaja ingkang wekasan toenggil jajah réna, kang iboe asli Loemadjang, nama Dèwi Tapèn.

----

9. Poetra kang No.? kalih Radèn Djaka Banjakbalaboer, goemanti kang rama, djoemeneng Nata nama: djoeloek Sri Praboe Silihwangi, Ratoe Pakoewan Padjadjaran, garwa poepoetra:

1. Radèn Djaka Silasekar, anggarwa Dèwi Kentringmanik, poetranipoen poepon Radèn Djaka Arija Baribin, kaprenah poetra kaponakan, poenika poetranipoen èstri Sri Brawidjaja ping 5 gangsal, Ratoe Madjapait ingkang wekasan, Dèwi Kentringmanik ladjeng nama: Ratoe Masari.

----

10. Radèn Djaka Silasekar, anggarwa Dèwi Kentringmanik, Ratoe Masari, sareng goemanti kang rama, djoemeneng Nata djoeloek Praboe Tjiliwangi, poepoetra:

1. Radèn Goeroegantangan, sédaning ingkang rama, Praboe Tjiliwangi, goemanti djoemeneng Nata Pakoewan Padjadjaran, nama: Praboe Goeroegantangan.

----

11. Praboe Goeroegantangan, kang garwa poepoetra:

1. Soesoehoenan Tjarénda, djamanipoen daweg Demak ping sapisan.

2. Njai Adipati Banjak-kesoemba, krama pikantoek Adipati

Banjak-kesoemba, Boepati Pasir Mendangsekori.

----

12. Soesoehoenan Tjarénda, garwa poepoetra 2 kalih:

1. Pangéran Santri, djamanipoen Ratoe Demak kaping kalih, Sabrang lèr.
2. Njai Ageng Banjakgeleng, anggarwa Adipati Banjakgeleng Pasir-loehoer Mendangsekori, Njai Ageng Banjakgeleng poepoetra 11 sawelas, poetra èstri wragil krama pikantoek Radèn Banjaksasra, Pasirloehoer, Njai Adjeng Banjaksasra, Pasir-loehoer poepoetra, Bagoes Kaiman, parab Bagoes Mangoen, poenika poetraning Radèn Banjaksasra, kang kapoepoe dateng bijoeng bibi, Njai Mranggi ing Ngandjawar. Sareng Bagoes Kaiman Semangoen, kemantoe dateng Kjai Adipati Wargaoetama, séda doesoen Bener, Bagoes Kaiman goemanti kang marasepoeh, nama Adipati Wargaoetama kaping 2 kalih, Boepati Wirasaba, idin sangking Kangdjeng Soeltan Padjang, ngalih kradjan dateng ing Banjoemas, ladjeng karan Adipati Mrapat ing Banjoemas.

blz.112.

----

13. Kodjar Pangéran Santri, djaman Demak kaping kalih, Sabranglèr, garwa poepoetra:

1. Pangéran Gesan-oeloen, alam sampoen Padjang.

----

14. Pangéran Gesan-oeloen; alam Padjang poepoetra:

1. Pangéran Rangga Gedé, djaman Mantaram.

----

15. Pangéran Rangga Gedé, djaman Mantaram, garwa poepoetra:

1. Pangéran Rangga Gempol, Mantaram.

----

16. Pangéran Rangga Gempol, garwa poepoetra:

1. Pangéran Panembahan Wirasoera-adinata, Boepati Soekapoera Prajangan.

----

17. Pangéran Panembahan Wirasoera-adinata, Soekapoera Prajangan, poepoetra:

1. Pangéran Wirasoera-adinata, kaping 2 kalih Soemeḍang, ingkang séda katrap pesaning nagari, karan Pangéran Soemeḍang séda Mentawis Mantaram, alamipoen Kangdjeng Soeltan Agoeng, mestaka soemaré Lempoejangwangi koewanḍa soemaré Widaramanis Mantaram Ngajoegjakarta.

---

18. Pangéran Wirasoera-adinata kaping 2 kalih, séda Mentawis Mentaram waoe, garwa poepoetra 2 kalih:

1. Estri kagarwa Adipati Pangéran Mata-adimanggala, ping 2 kalih ing Soemeḍang.
2. Pangéran Dalem Danoemadja, ingkang goemanti, ingkang raka ipé wonten ing Soemeḍang.

---

19. Pangéran Dalem Danoemadja, ingkang goemanti raka ipé wonten Soemeḍang, garwa poepoetra:

1. Adipati Koesoemadinata, Boepati Soemeḍang, djaman Wana Kreta.

---

20. Pangéran Dipati Koesoemadinata, garwa poepoetra:

1. Adipati Koesoemadinata, djaman Kartasoera, Kapoegeran.

---

21. Adipati Koesoemadinata, garwa poepoetra:

1. Adipati Soerjanagara, djaman Kartasoera, linggar mring Salakarta.

---

22. Adipati Soerjanagara, garwa poepoetra:

1. Adipati Soerjalaga, djaman Soerakarta.

---

23. Adipati Soerjalaga, garwa poepoetra:

blz.113. 1. Adipati Tanoebaja.

----

24. Adipati Tanoebaja, garwa poepoetra:

1. Adipati Tanoebaja, kaping 2 kalih.

----

25. Adipati Tanoebaja, kaping 2 kalih, garwa poepoetra:

1. Kjai Arja Setjapati.

----

26. Kjai Arja Setjapati, garwa poepoetra:

1. Pangéran Adipati Soerjanagara.

----

27. Pangéran Adipati Soerjanagara, garwa poepoetra:

1. Radèn Adipati Wiranatakoesoema, Riddering orḏe Ostenrik. Pran Josep, Boepati nagari Banḏoeng.

-----

2. Pangéran Soerjakoesoema-adinata, Boepati ing Soemeḏang.

3. Radèn Adipati Wira-adegdaha, miḏali mas, Boepati ing Soekapoera, kiṯa Manondjaja, sami tanah Prajangan, nalika taoen Wawoe angka:1801, Aprandji taoen: 1873, prijagoeng titiga waoe teksih sami wiloeja, wonten ing Ngalam-donja sami soegeng sadaja.

Déné Radèn Adipati Wira-adegdaha, miḏali mas waoe, Boepati Soekapoera, kiṯa Manondjaja, inggih poenika ingkang darbé isṯika, salasilah Goeroegantangan.
Ingatoeraken déning Kangdjeng Radèn Adipati Danoeredja, Riddering Orḏe Nèderlanselé́jo, Patih Dalem Ngajoegja kang kaping 5 gangsal. Sigeg.

Teksih sambetipoen salasilah Pakoewan Padjadjaran.

9. Adipati Banjak-tjatra, garwa Dèwi Tjiptarasa, kang parab Dèwi Boengsoe, poetranipoen Adipati Kanḏakadaha, ing Men-

ḍangsekori, tanah Pasir-loehoer, poepoetra djaler.

1. Adipati Banjakwiraṭa.

----

10. Adipati Banjakwiraṭa, anggarwa poetraning Adipati Gagak-ngampar, ing Ḍajeh-loehoer, nama: Rara Rantamsari, garwa poepoetra:

1. Adipati Banjakroma.

----

11. Adipati Banjakroma, anggarwa poetraning: Adipati Gagak-ngampar kaping 2 kalih, Ḍajeh-loehoer, nama: Rara Koerènta, poepoetra 2 kalih:

blz.114. 1. Adipati Banjak-kesoemba, Menḍangsekori Pasir-loehoer.

2. Adipati Banjakbesi, ing Pasir-batang, ingkang poepoetra Dèwi Loe(ng)gé, krama pikantoek Adipati Soeraoetama, Boepati Wirasaba.

----

12. Adipati Banjak-kesoemba, anggarwa poetraning: Sri Praboe Goeroegantangan, ing Pakoewan Padjadjaran, nama: Ni Rara Kasijan, poepoetra 2 kalih.

1. Radèn Djaka Banjak-blanak, nama: Pangéran Sénapati Mangkoeboemi, sapisan idin sangking Kangdjeng Soeltan Demak kaping sapisan, djoemeneng Adipati wonten Pasir-loehoer Menḍangsekori, awit sami agami Islam, ingkang waoe agami Pakoekoewan.

----

2. Radèn Djaka Banjak-eleng, dados papatihipoen ingkang raka pjambak ing Pasir-loehoer Menḍang sekori, nama: Patih Wirakantjana, sareng ingkang poetra kaponakan, kang nama Adipati Banjakṭolé, paḍem déning kapeksan oetoesan sangking Demak, Adipati Banjak-eleng, inggih Patih Wirakantjana waoe, djoeloek Pangéran Sénapati Mangkoeboemi

kang kaping 2 kalih, ing Pasir-ngastana. Katranganipoen Adipati Banjak-ṯolé roemaos sisip lan kang rama, pineksan nagari Demak ladjeng lolos angloegas raga. Ḏateng tanah Menḏangkelé djoedjoek[9] Weḏi Bagelèn ladjeng toetroeka wonten ing Weḏi Bagelèn, nama: Kjai Boejoet Weḏi Bagelèn, soemaré noeroenaken wonten Weḏi Bagelèn.

----

13. Adipati Banjak-blanak, inggih Pangéran Sénapati Mangkoeboemi kaping sapisan, Pasir-loehoer, Menḏangsekori, garwa poepoetra:

1. Adipati Banjak-ṯolé, nanging Adipati Banjakṯolé waoe, moekir ladjeng malik agami Boedḏa malih.
2. Kjai Geḏé Banjak-sajoeta, sareng boten bijantoe ḏateng kresanipoen ingkang raka, malik ḏateng agami Boedḏa malih, ladjeng tinoenḏoeng déning kang raka, Dipati Kanjakṯolé waoe, Kjai Geḏé Banjaksajoeta, ladjeng késah linggar sangking Pasir-loehoer, dedalem wonten Wanasaba.

----

14. Adipati Banjakṯolé, Pasir-loehoer kang moekir ladjeng malik agami Boedḏa malih, malah-malah sangking sroening karsa ingkang rama Adipati Pangéran Sénapati Mangkoeboemi sapisan gerah sanget, Dipati Banjakṯolé, arda angkara, wisésa nandoekaken ingkang rama pinetak ḏateng ngastana, wit ingkang rama paring ènget alestantoena ḏateng agami Islam, nanging Dipati Banjakṯolé tan langgana ḏateng ḏawoehé kang rama, tansah arda angkara-kara, adreng tjoekeng wrengkeng kengkeng; kang rama gerahipoen ngranoehi sanget, ladjeng pinroesa kang rama waoe, kinoeboer, pinetak ing ngastana, pratingkah mekaten waoe ka-
blz.115. pireng sangking nagari Demak, Kangdjeng Soeltan Demak oetoesan kadji sekawan, ḏateng ing Pasir-loehoer, jek-

tosaken déné Dipati Banjakṭolé gaḍah pratingkah makaten, jèn gerahipoen teksih waloeja, kinèn ngantosaken, jèn sampoen tilar doenja, pinaringan slawat, lan nahlilaken, wasana saḍatengé oetoesan sangking Demak, sampoen pinanggih soewoeng katjrijos sampoen kinoeboer ḍateng ngastana, oetoesan waoe dahlil maos koer'an, woesana salebetipoen ing kloewat koeboeran waoe njoewara grobjagan, kinèn ḍoeḍoek sampoen lastantoen doemoegi séda, wekasan oetoesan Demak nandoekaken doedoeka; Adipati Banjakṭolé moering-moering ḍateng oe~~t~~toesan Demak kagalih apoes, kadji waoe sami pineroeng ingkang koeping, matoer woeninga ḍateng Demak, ḍawoeh kinèn angloeroegi pradjoerit ingkang kaoetoes dados toetoenggoel Pangéran Makdoem/Wali, woesananing prakawis kapaḍem ing rana, Dipati Banjakṭolé ngloegas raga, linggar ḍateng tanah Menḍangkelé, djoedjoeg Weḍi Bagelèn.

Déné saksirnané Adipati Banjakṭolé waoe, patihipoen namá: Wirakantjana, ḍawoeh sangking Demak Patih goemanti, winisoedḍa, Adipati Banjak-eleng, inggih Pangéran Sénapati Mangkoeboemi kaping 2 kalih, Pasir-loehoer Menḍangsekori.

---

15. Adipati Pangéran Banjak-eleng Sénapati Mangkoeboemi kaping 2 kalih, Pasir Menḍangsekori ngastana, wit kang rama pinetak gesang ḍateng Dipati Banjakṭolé; anggarwa poetranipoen Soehoenan Tajrénda, ing Pakoewan Padjadjaran, nama: Ni Rara Kasijan; Soehoenan Tjarénda waoe poetraning Sri Praboe Goeroegantangan, Soenan Pakoewan Padjadjaran, Pangéran Banjak-eleng Sénapati Mangkoeboemi ping 2 kalih, garwa poepoetra 30 tigang dasa, kang mentjaraken toeroen 11 sawelas.

1. Kang iboe Rara Kasijan, ḍateng Menḍang-agoeng, Njai Sakeṭi,

poepoetra:

1 Kjai Geḏé Soelé.

2. Sangking padmi Rara Kasijan, ḏateng Mangoejoeng, Njai Loe(ng)gé, poepoetra 2 kalih:

1. Kjai Geḏé Goemi(ng)sir.
2. Kjai Geḏé Bodjong.

3. Sangking padmi Rara Kasijan, ḏateng Doeroengwangi, Njai Sabara, poepoetra:

1. Kjai Geḏé Biloeng, noeroenaken Radèn Gandakoesoema, nama: Toemenggoeng Joedanagara ping 4 sakawan Boepati Banjoemas poenika poetraning Mas-ajoe Kamasan asli Katjé, Radèn Toemenggoeng Joedanagara ping 4 waoe, poetra badjengipoen Radèn Adipati Danoeredja ping sapisan Ngajoegja, ingkang krama pikantoek poetra bektan sami bektan Índranatan; poepoetra dipoen karang-oeloe ḏateng Kangdjeng Goesti Pangéran Adipati Arja Mangkoeboemi sapisan ing Soerakarta, poepoetra bendara Radèn Ajoe Poerbaja, djoemeneng Nata nama: Kangdjeng Ratoe Pakoeboewana, Soerakarta, djoemeneng Kangdjeng Soehoenan kang kaping 7 pitoe, poepoetra: Goesti Kangdjeng Ratoe Pambajoen Soerakarta, ingkang wahdat tan krama,

blz.116. 4. Sangking padmi Rara Kasijan, ḏateng Darmawangi, Njai Dèwi Sangkoeni, poepoetra Kjai Geḏé Gamboeh.

5. Sangking padmi Rara Kasijan, ḏateng Wirasaba, Njai Geḏé Sajoeta, anggarwa Kjai Geḏé Sajoeta, kang l~~a~~inggar dadalem ing Wanasaba, inggih poenika poetraning Adipati Banjakblanak Pangéran Sénapati Mangkoeboemi ping sapisan, Njai Geḏé Sajoeta, poepoetra èstri, anggarwa Pangéran Palangon, Menḏangsekori Pasir-loehoer.

----

6. Sangking padmi Rara Kasijan, ḏateng Ngajah, Njai Geḏé Paloemboengan.

----

ma: Radèn Bèi Joedakoesoema, soemaré Seṇdang Djepara.

21. Njai Adjeng Kaliwoengoe, anggarwa Kjai Toemenggoeng Soera-adimenggala ping 2 kalih, Boepati Kaliwoengoe, sareng ngalih dados Boepati Batang, nama: Toemenggoeng Soera-adimenggala, Boepati Batang.
22. Njai Adjeng Bangi.
23. Njai Adjeng Djawiroena.
24. Njai Adjeng Singamredjaja.
25. Njai Adjeng Pring-toelis.
26. Njai Rahoe.
27. Njai Oerit.
28. Njai Keḍoe.
29. Njai Walèh.
30. Njai Adjeng Paṭi.
31. Njai Adjeng Nalajoeda.
32. Njai Adjeng Djaja.
33. Njai Adjeng Sadjaja.
34. Njai Adjeng Djamplak.
35. Njai Ranéjana.
36. Njai Gènḍel.
37. Njai Tjitrasoeta.
39. Njai Giwang.
38. Njai Naḍa.
40. Njai Djapara.
41. Njai Djapara ping 2 kalih.
42. Njai Bos.
43. Njai Pangoeloe Djepara.
44. Njai Ngoemoes.
45. Èstri kapoenḍoet langen Kangdjeng Goesti Pangéran Mangkoeboemi, séda: (ḍoe)soen ing Sanggoeng.

Déné poetra kang No.40, Njai Djepara, poetra kang No.41

Njai Djepara ping 2 kalih, sami kadamel djekat d̲ateng para Ngoelami.

Dené poetra kang No.42, Njai Bos dados sémah Wlandi, Garesik, awit wektoe dahoeroe gègèr Patjina Kartasoera, djaman Kangdjeng Soenan Pakoeboewana, kang séda ingkang soemaré Nglawéjan, itjal ngili, ladjeng simah Wlandi, toeroenipoen blz.94. Welandi wonten Betawi, Koemend̲an Soetawangsa, kalih Kaptin Kongsong.

Dené poetra kang No.45, dipoen poend̲oet langen d̲ateng Kangdjeng Goesti Mangkoeboemi, séda soemaré ing d̲oesoen Sanggoeng.

----

85. Koeneng poetra ingkang No.3 tiga waoe, nama: Radèn Ngabèi Tjitradiwirja, sapisan, ingkang garwa poetraning Ngabèi Wirasraja, kaping sapisan, kang garwa poepoetra:

1. Radèn Ngabèi Tjitradiwirja kaping 2 kalih.

----

86. Radèn Ngabèi Tjitradiwirja kaping 2 kalih, anggarwa poetranipoen Ngabèi Wirasraja kaping 2 kalih, Patih Kaboepatèn ing Ken̲dal, krama pikantoek nak ing sanak, garwa poepoetra:

1. Radèn Tjitradiwirja kaping 3 tiga, kang séda soemaré Kit̲a-Ageng.

----

87. Radèn Tjitradiwirja, kang séda soemaré Kit̲a-ageng, anggarwa poetranipoen Kangdjeng Radèn Adipati Danoeredja, Patih ∠krama Dalem Ngajogja sapisan,∠pikantoek poetra kang No.29 sangalikoer, patoetan poetra kalih:

1. Radèn Ngabèi Danoewidjaja, Ngabèi Kalibebre (ber ?), ingkang kemantoe d̲ateng Ngabèi Tjakrasemita, Patih Kaboepatèn Ken̲dal, poepoetra Radèn Danoeratmedja, Patih Kaboepatèn Led̲ok Wanasaba, noenten garwanipoen sangking Ken̲dal, pegat séda, noenten Radèn Bèi D̲anoewidjaja krama ma-

18. Panembahan Wirakoesoema, Panembahan Toewan, Goemelem Girilangan, garwa poepoetra:

1. Èstri, Rara Warsiki. anggarwa Adipati Djanah, Banjoemas ping sapisan alam Mantaram; Adipati Djanah Boepati Banjoemas, poetraning Kjai Adipati Wargaoetama, kaping 2 kalih, kang ngalih linggar kradjan ḍateng ing Banjoemas, kang karan Adipati Mrapat Banjoemas ping sapisan, alam Padjang.
2. Kjai Wirakoesoema kaping 2 kalih.
3. Kjai Wiraredja.

---

19. Kjai Wirakoesoema, kaping 2 kalih, Goemelem Girilangan, garwa poepoetra:

1. Kjai Kretadjaja, garwa poepoetra: Kjai Soetadjaja, garwa poepoetra: Kjai Soetamreta, garwa poepoetra: Kjai Mretanaja, garwa poepoetra: Kjai Prigi.

---

19. Kjai Wiraredja, garwa poepoetra èstri, Njai Djebèng, garwa poepoetra: Kjai Soetapatra, garwa poepoetra: Kjai Danataroena, garwa poepoetra Njai Prigi, krama kaprenah kapoenakan, saḍèrèk ping sakawan, garwa Njai Prigi poepoetra Ngabèi Noerdahiman, poepoetra Kjai Noerdahiman ping kalih, poepoetra Kjai Noerdahiman ping tiga, poe-
blz.118. poetra Kjai Noerdahiman kaping sakawan, dados djoeroekoentji ing pasaréjan Goemelem ingkang gaḍah pakem salasilah poenika. Sigeg.

---

18. Panembahan Kaloran, ing Pasir garwa poepoetra:

1. Kjai Ageng Parinḍit.

---

19. Kjai Ageng Parinḍit, garwa poepoetra:

1. Kjai Ngabèi Longsor Pasir Kretawibawa.

---

20. Kjai Ngabèi Longsor Pasir Kretawibawa, garwa poepoetra:

1. Mas Ngabèi Natawidjaja, ing Pasir.

----

21. Mas Ngabèi Natawidjaja anggarwa sami Pasir, poepoetra:

Mas Ngabèi Natawidjaja kaping 2 kalih.

----

22. Mas Ngabèi Natawidjaja kaping 2 kalih garwa nak-saḏèrèk poepoetra:

1. Mas Ngabèi Natawidjaja kaping 3 tiga, Pasir Kretawibawa, krama pikantoek poetraning Ngabèi Kenḏoeroewan, kaping sapisan poenika poetraning Radèn Toemenggoeng Joedanagara kaping 2 kalih, Boepati Banjoemas, karan Radèn Toemenggoeng Joedanagara Kang Séda Menḏapa, poetra patoetan sangking tilas langen Dalem Kangdjeng Soehoenan Praboe Mangkoerat-dinan Kartasoera, nama: Radèn Ajoe Anggèr, poetraning Ngabèi Drepawangsa ing Kaoḏan, aḏinipoen Njai Adjeng Joedaprana, Kaoḏan, kang katjrijos sampoen ngartali dipoen trimakaken ḏateng Radèn Toemenggoeng Joedanagara, Séda Menḏapa, dados aḏinipoen Radèn Adipati Danoeredja ping sapisan Ngajoegja.

Ngabèi Natawidjaja kaping 3 tiga garwa sangking Kenḏoeroewan poepoetra: Njai Adjeng Tjakrawedana.

----

23. ~~b~~ Ngabèi Natawidjaja kaping 3 tiga Pasir, anggarwa poetraning Ngabèi Kenḏoeroewan, sapisan Roma, poepoetra:

1. Njai Adjeng Tjakrawadana, anggarwa Radèn Ngabèi Tjakrawadana Poerwakreta, poenika poetranipoen Radèn Toemenggoeng Soeradilaga, Boepati Soerakrta, Ngabèi Tjakrawadana waoe aḏinipoen Radèn Adipati Tjakranagara, Patih Dalem Soerakarta alam Kangdjeng Soehoenan ping 4 sakawan kaseboet Kangdjeng Soenan Bagoes; katjrijos saḏèrèk djaler Kangdjeng Ratoe Kentjana Rara Beroek.

Sak loengsoeré Radèn Toemenggoeng Joedanagara kaping 5 gangsal Boepati Banjoemas, ing Banjoemas Boepati kapalih:

1. Radèn Ngabèi Tjakrawadana.
2. Radèn Ngabèi Branta~~y~~dimedja.

Ngabèi Tjakrawadana, nama: Adipati Tjakrawedana, Njai Adipati Tjakrawedana, Banjoemas poepoetra 5 gangsal.

1. Radèn Adipati Tjakranagara, Boepati Banjoemas, anggarwa poetranipoen Kangdjeng Pangéran Arja Mangkoeboemi ping kalih.
2. Radèn Adipati Tjakrawedana, Boepati Tjilatjap, garwanipoen tiga: 1 garwa sepoeh, sangking Banjar asli Sélalemboe poepoetra Radèn Ajoe Adipati Kartanagara, Boepati Karang-anjar, angsal poetraning Mas Toemènggoeng Kalapa-aking ing Pandjer. blz.119.
3. Radèn Ajoe Tjakradipoera, krama wedana Poerwakreta.
4. Radèn Ngabèi Tjakra-adikoesoema, Onder Kolèktoer ing Poerbalingga Banjoemas.
5. Radèn Ngabèi Tjakrasoedirdja, Onder Kolèktoer Poerwakreta.

Radèn Ngabèi Brantadimedja, nama: Adipati Brantadiningrat, Boepati Banjoemas, sareng Radèn Adipati Tjakrawedana séda, Kaboepatèn Banjoemas dipoen dadosaken satoenggil, namoeng Radèn Adipati Brantadiningrat, poepoetra Radèn Adipati Mretadirdja, Boepati Poerwakreta, garwa poepoetra Radèn Adipati Mretadirdja ping 2 kalih midali mas, songsong djené Boepati Banjoemas sapoenika, poenika boejoetipoen Mas Ngabèi Mangkoewidjaja, Martawidjaja ping 3 tiga, poenika poetranipoen Radèn Adipati Danoeredja kaping sapisan Patih Dalem Ngajoegjakarta.

Mas Ngabèi Mangkoewidjaja toenggil jajah réna kalih Mas Gandakoesoema, Radèn Toemenggoeng Joedanagara kaping 4, Boepati Banjoemas, ingkang krama pikantoek bektan sami bektan, ingkang iboe sepoeh asli sangking Katjé. Sigeg.

No. 19. Poenika gotèk salasilah ingkang soemaré redi Woelan karan Grenggeng.

---

1. Awit kodjar Kjai Ageng Ngabdoer-rahman ing Séla, garwa poepoetra 14 kawan welas.

   1. Poetra badjeng iboe asli sangking Wanasaba, nama: Njai Ageng Sihab, anggarwa Kjai Ageng Sihab sarimbit sami soemaré ngastana Loeroeng-tengah Bandjarnagara, bawah Banjoemas.

   7. Poetra kang iboe asli sangking Ngerang, Rara Mahémoenah, krama pikantoek Kjai Ageng Djakarija Ngalimdahoe ing Pakisdadoe, karan Njai Ageng Pakisdadoe.

---

2. Njai Ageng Sihab, anggarwa Kjai Ageng Sihab ingkang sami soemaré ing Loeroeng-tengah Bandjarnagara, bawah Banjoemas poepoetra:

   1. Kjai Ageng Béntjo anggarwa poetraning Njai Ageng Djakarija Ngalimdahoe, ing Pakisdadoe, pinanggih nakdèrèk sami èstri, ingkang soemaré sarimbit wonten ing Roma.

---

2. Njai Ageng Djakarija Ngalimdahoe, ing Pakisdadoe, poepoetra 3 tiga.

   1. Njai Ageng Djoeroemartani, inggih Njai Panembahan Mandaraka.

   2. Kjai Ageng Nitik Soera-adipradja, ingkang soemaré Lempoejangwangi Ngajoegja.

   3. Njai Ageng Béntjo, anggarwa Kjai Ageng Béntjo kang soemaré Roma.

---

3. Njai Ageng Béntjo anggarwa Kjai Ageng Béntjo krama nakse-

blz.120. ḍèrèk, sami sangking èstri, soemaré Roma, poepoetra 2.

1. Njai Ageng Taloeki, anggarwa Kjai Ageng Taloeki, poetraning djaler Pangéran Langkap, Pasir-loehoer Menḍangsekori.
2. Kjai Koewoe Béntjo.

---

4. Kjai Koewoe Béntjo garwa poepoetra:

1. Kjai Boejoet Koewoe Ngrawa.

---

5. Kjai Boejoet Koewoe Ngrawa, garwa poepoetra:

1. Bagoes Djanah, sareng saged njepeng tijang ngraman ḍoesoen Sarawindoe, ladjeng katriman déning Kangdjeng Soeltan Kamidil-ngalam Praboe Amidjaja Padjang, sinoeng pangkat nama: Adipati Djanah, Adipati Boepati Kepoetjang, Roma, siti Pandjer sadaja, séda soemaré redi Woelan karan Grenggeng.

---

6. Adipati Djanah garwa poepoetra:

1. Kjai Najagati Kretiwetjana.

---

7. Kjai Najagati Kretiwetjana, garwa poepoetra:

1. Njai Sandipoera, anggarwa Kjai Sandipoera.

---

8. Njai Sandipoera, anggarwa Kjai Sandipoera, poepoetra:

1. Radèn Adipati Mangkoepradja, kang séda soemaré Pakoentjèn Sida-ajoe Gombong.

---

9. Radèn Adipati Mangkoepradja, kang soemaré Pakoentjèn Sida-ajoe, garwa poepoetra:

1. Radèn Ngabèi Kartanagara, Ngabèi Gombong.

---

10. Radèn Ngabèi Kartanagara, Ngabèi Gombong, garwa poepoetra:

1. Radèn Toemenggoeng Kartanagara, Ngalijan, séda sahit prang Djenar, anggarwa poetraning Radèn Toemenggoeng Joedanaga-

ra, Séda Mendapa, kaping 2 kalih, tilas garwaning Toemenggoeng Resapradja Kartasoera, ingkang kaoendoer brawala lan koempeni.

----

11. Radèn Toemenggoeng Kartanagara, sahit prang Djenar, lajon soemaré Pakoentjèn Sidajoe sarimbit, poepoetra:

1. Radèn Ngabèi Resapradja, Ngabèi Pandjer.

----

12. Radèn Ngabèi Resapradja, Ngabèi Pandjer, garwa poepoetra:

1. Radèn Ngabèi Resapradja, Ngabèi Pandjer kaping 2 kalih, anggarwa poetraning Ngabèi Kramaleksana Ngabèi Sroeni, Sélang, Kilang, Klegèn, leresipoen doesoen ing Klegèn, tanah Sroeni, bawah Kaboemèn.

----

13. blz.121. Ngabèi Resapradja kaping 2 kalih, Ngabèi Pandjer, anggarwa poetranipoen Ngabèi Kramaleksana, Ngabèi Sroeni, Kilang, Sélang, Klegèn, poepoetra èstri, sedaja poetra 12 kalih welas.

1. Mas-adjeng Kretawangsa, Kalapa-aking kaping 2 kalih, anggarwa Mas Toemenggoeng Kretawangsa, Kalapa-aking kaping 2 kalih Pandjer, poepoetra:
   1. Radèn Adipati Kartanagara, Boepati Karang-anjar, anggarwa poetraning Radèn Adipati Tjakrawadana Boepati ing Tjilatjap trah toeroen sangking Kjai Ageng Rogas ping kalih karan Kjai Ageng Karanglo. Radèn Ajoe Adipati Kartanagara waoe poepoetra Radèn Toemenggoeng Kartanagara ping 2 kalih, Boepati Karang-anjar sapoenika, anggarwa poetraning Radèn Adipati Kretadirdja, Boepati Banjoemas midali mas, songsong djené.

Sigeg.

No. 20.

Poenika gotèk ing Bèdji Koewarasan, soekonipoen ing redi Géjong, Ngalijan bawah Kaboemèn, salasilahipoen Toemenggoeng Kalapa-aking, Kretawangsa.

Ingkang damel bèdji Koewarasan, nama: Sèh Geseng, ingkang sekawit damel tetroekah wonten wana ing Koewarasan, wit bèdji waoe kanggé iḏangan sabarang nijatipoen tijang ingkang kakadjengaken, mawi njiḏoek niba ḏateng bèdji Koewarasan margènipoen njiḏoek amoeng njoempleng, amoeng tigang kilan moebeng mila boten soemerep, salebetipoen bèdji isi toja oetawi weḏi oetawi ḏoet, poenapa malih garing; kirang terang boten soemerep mila kénging kanggé tanḏa warni-warni boten sami; menawi tijang njiḏoek angsal poenapa-poenapa, boten saged sami pjambak-pjambak, pikantoekipoen, manawi katrima baḏé angsal bedja pikantoek toja bening tjiḏoekipoen kebak, mila karan bèdji Koewarasan.

1. Kjai Najapatra, garwa poepoetra:

1. Èstri, krama pikantoek Kjai Badranala, poenika poetraning Kjai Madoeséna, kang soemaré ḏoesoen Majang ing Wadja, poenika poetraning Radèn Ajoe Pembajoen karan Kangdjeng Ratoe Pambajoen, kang soemaré Karangtoeri, Wijara, Mantaram, poetranipoen Kangdjeng Panembahan Sénapati, Kangdjeng Soenan Séda Kadjenar, soemaré Kiṯa-ageng; Radèn Ajoe Pambajoen waoe, poetra patoetan sangking Mas-ajoe Adisara, asli sangking Kalinjamat, tjaranipoen ngalit djaka-lara, kala teksih nama: Radèn Ngabèi Loring Pasar, wonten Padjang.

Kjai Badranala waoe, wajahipoen Kjai Ageng Mangir kaping 4 sakawan, Kjai Ageng Wanabaja ping 3 tiga, ingkang kapaḏem déning Kangdjeng Panembahan Sénapati Ngalaga, wonten séla gegilang tinlinḏes ing soedjoedan lajon soemaré Kiṯa-ageng.

2. Kjai Badranala garwa poetraning Kjai Najapatra Koewarasan
blz.122. poepoetra:

1. Kjai Kretasoeta.
2. Kjai Astrasoeta.

----

3. Kjai Kretasoeta, garwa asli Sroeni poepoetra:

1. Kjai Tjoeriga.

----

4. Kjai Tjoeriga, garwa poepoetra 2 kalih.

1. Kjai Kretadipa, dados goenoenganing doesoen Kalidjirek Ngabèi Wangsanagara.
2. Kjai Kretawangsa.

----

5. Ngabèi Wangsanagara, Kretadipa, garwa sangking Klegèn, poepoetra:

1. Kjai Wangsanagara ping 2 kalih Ompong.

----

6. Kjai Wangsanagara ping 2 kalih Ompong, poepoetra:

1. Kjai Wangsanagara ping 3 tiga Koetjir, kang dalem ing Logedé.

----

7. Kjai Wangsanagara ping 3 tiga, Koetjir, garwa poepoetra:

1. Kjai Wangsanagara ping 4, Soetapatra.

----

1. Kjai Najapatra, 2 Kjai Badranala serimbit, 3 Kjai Kretasoeta, 4 Kjai Astrasoeta, sami soemaré soekonipoen woekir Géjong.

Sigeg.

No.21.

Koeneng salasilahipoen Kjai Kretawangsa, Kalapa-aking sapisan, dipoen oeroet sangking Kangdjeng Panembahan

Sénapati Ngalaga, Kangdjeng Soehoenan kang Séda Kadjenar, Mantaram, Kiṭa-ageng, doemoegi Mas Toemenggoeng Kalapaaking kaping 3 tiga, inggih Kretawangsa, ing ngandap poenika:

*

1. Awit Kangdjeng Panembahan Sénapati Ngalaga, Mantaram, Kangdjeng Soehoenan kang séda Kadjenar, soemaré ngastana poera Kiṭa-ageng, poepoetra sangking garwa paminggir, nama: Mas-ajoe Adisara, asli Kalinjamat, kala teksih wonten ing Padjang, kaseboet Bagoes Loring Pasar, Mas-ajoe Adisara, poepoetra:

1. Radèn Ajoe Pambajoen, krama pikantoek Kjai Wanabaja, kang karan Kjai Ageng Mangir kaping sakawan, ingkang gaḍah poesaka toembak Kjai Baroe-oepas; kas~~b~~eboet Kjai Ageng Mangir ping 4 sakawan kang séda Mentawis Mantaram, poenika poetranipoen Kjai Ageng Wanabaja, Kjai Ageng Mangir kaping 3 tiga, poetraning Kjai Wanabaja, Kjai Ageng Mangir kaping 2 kalih, ingkang kemantoe ḍateng Kjai Ageng Mangir kaping sapisan, Kjai Ageng Mangir sapisan poenika poetraning Sri Praboe Brawidjaja kaping 5 gangsal, Ratoe Madjapait ping 7 pitoe ingkang wekasan; poetra patoetan sangking garwa paminggir, kang No.44, kawan dasa sakawan, nama: Radèn Djaka Baloet; Radèn Arja Megatsari, ingkang maratapa w/onten woekir Mangir, ladjeng karan Kjai Ageng Mangir kaping sapisan, garwa poepoetra è^stri, krama pikantoek Radèn Djaka Wanabaja, sak moekswaning ingkang marasepoeh, Radèn Djaka Wanabaja waoe, goemanti kang marasepoeh, nama: Kjai Ageng Mangir kaping 2 kalih, inggih Kjai Ageng Wanabaja, Mangir; poenika poetraning djaler Panembahan Brawidjaja, ingkang séda obong wonten woekir Sawar tanah Redi Kidoel, waktoe beḍah nagari Madjapait, Radèn Djaka Loehoer, djoeloek Praboe Anom Bonḍan Soerati, poetra kang No.26

blz.123.

nem likoer, kang iboe asli poetri Tjempa, Ratoe Andarawati, Praboe Anom Bonḍan Soerati linggar ḍateng Karang-a~~d~~sem tanah Redi Kidoel, wonten pasramanipoen Kjai Boejoet Goewatjaka, gaḍah poetra èstri ginarwa, poepoetra 3 tiga.

1. Badjeng, Radèn Djaka Wanabaja, linggar moelana ḍateng woekir Mangir.
2. Radèn Djaka Broeboen, nama: Radèn Arja Pangéran, Goesti, soemaré wonten Karang-asem sarta noeroenaken Mas Pandji Ardjadipoera sepoeh Pandji Boepati Anèm ḍistrik Semanoe Redi Kidoel Ngajoegja.

e/

3. Njai Ageng Oreng-djati, krama pikantoek Kjai Ageng Oereng-djati, poetraning Pangéran Rangkaknjana, Djatinom, inggih poenika ingkang anglèraken ḍateng Njai Nitinagara, lan Kjai Ranoewidjaja, ing Karang-dawa, inggih Bandjardawa, ḍateng Mas-ajoe Rantamsari, langen Dalem Kangdjeng Soeltan kaping 2 kalih, Ngajoegja.

----

2. Radèn Ajoe Pembajoen, poetra sangking Mas-ajoe Adisara, langen Dalem Kangdjeng Panembahan Sénapati Ngalaga, Kangdjeng Soenan Séda Kadjenar soemaré Kiṭa-ageng.

Sak tilaripoen ingkang garwa laki Kjai Mangir kaping 4 sakawan, kang karan Séda Mantawis Mantaram, lajon soemaré Kiṭa-ageng, garwanipoen Radèn Ajoe Pembajoen waoe, pinoedjoe ngartali tanggoeng, ladjeng pinaringaken ḍateng Kjai Ageng Karanglo, sampoening babar djabang baji kinèn nrimakaken ḍateng poetranipoen, Kjai Ageng Karanglo, poetra kang badjeng Kjai Ageng Djagamakoeṭa, lan wineling jèn djabang baji lahir djaler kinèn njédani; wasana anggèné ngartali babar lahir djaler, ingkang iboe ladjeng séda koendoeran, lajon sinaré Karang-toeri, Wijara, dèrèk ngastananipoen Kjai Ageng Karanglo oegi Karangtoeri, pinisepoeh Kjai Soera Mangoendjaja, kinèn njédani mring tanah Redi Kidoel; sangking sagedé Kjai Soera Mangoendjaja, waoe djabang baji binoentel ing gelaran sak sapoet kartiné, sampoening doemoegi papan, ing redi, Kjai Soera Mangoendjaja, ngeres darbé welas; wasana kang linaboeh kang kinoeboer moeng sarananipoen binoentel petakan lawon gelaran ginoeloeng bing-bing sapoet kartinipoen kimawon ingkang kinoeboer, ladjeng karan ing doesoen Gelaran ngantos samangké bawah Plajen Redi Kidoel.

Seladjengipoen baji djabang, dipoen singidaken rinoekti, dateng Kjai Soera Mangoendjaja, sampoening djabang baji blz.124. diwasa, kakésahaken mangilèn dateng tanah doesoen Wadja, silih nama: Kjai Madoeséna, soemaré noeroenaken wonten ing doesoen Wadja, bawah Bagelèn wates kalih Kademangan Priprih, garwa poepoetra:

1. Bagoes Badranala.

---

3. Kjai Madoeséna, alam Sénapatèn Kita-ageng, garwa poepoetra:

1. Kjai Badranala, ingkang ladjeng toemoet tatroeka dateng Kjai Najapatra, wonten ing soekoenipoen woekir Géjong Koewarasan bawah Kaboemèn, lami-lami Bagoes Badranala waoe, pinendet mantoe, dateng Kjai Najapatra, ingkang sekawit tatroeka wonten redi Géjong Koewarasan, bawah Kaboemèn.

---

4. Kjai Badranala, kang soemaré soekoening woekir Géjong Koewarasan, anggarwa poetraning Kjai Najapatra, poepoetra 2 kalih:

1. Kjai Kretasoeta.
2. Kjai Astrasoeta.

---

5. Kjai Kretasoeta, garwa asli Klegèn Sélang, Sroeni, poepoetra:

1. Kjai Tjoeriga.

----

6. Kjai Tjoeriga garwa asli Logeḍé, poepoetra:

1. Kjai Ngabèi Wangsanagara, Kretadipa, Ngabèi Pandjer.
2. Kjai Kretawangsa, Kalapa-aking sapisan, alamipoen Kangdjeng Soehoenan Mangkoerat Ageng ngeḍaton Ngèksiganda, soemaré Tegal-aroem, waktoe alam Patroenadjajan, awit nama: Kjai Kalapa-aking paring Dalem karang, moenḍoet dawegan dipoen ladosi klapa garing, kasrakat dados seger salira Dalem Kangdjeng Soehoenan waoe.

----

7. Kjai Kalapa-aking, sapisan, garwa asli Balong Gesikan, poepoetra:

1. Kjai Kretawangsa, Manḍéngis, Kalapa-aking kaping 2 kalih.

----

8. Kjai Kretawangsa, Manḍéngis, Kalapa-aking ping 2 kalih, garwa asli Kalidjirek, poepoetra 4 sakawan:

1. Kjai Kretawangsa, Soeléman, garwa poetraning Kjai Nalapraja, ping sapisan, gegoenoenganipoen ing ḍoesoen Gesikan ing Keboemèn.
2. Kjai Mretawangsa, dados wonten Kalidjirek, lan noeroenaken, wonten Kalidjirek oetawi wonten Pakoentjèn Karang-mangoe bawah Tjilatjap, siti kapeṭak Patih Soerakarta, ingkang kapeksan dipoen ajah, Radèn Adipati Mangkoepradja, Andong, Radèn Adipati Tjakranagara, Patih Dalem Kangdjeng Soenan Bagoes ing Soerakarta.
3. Njai Resawidjaja sémah Glonḍong Ploembon Kaboemèn.
4. Njai Kretadrana, sémah glonḍong Saḍang, ing Ngloning, noeroenaken: Banéhara, Soeratroenan, Kaboemèn.

----

9. Kjai Kretawangsa, Soeléman, anggarwa poetraning Kjai Nalapraja, goenoenganing ḍoesoen Gesikan Kaboemèn, poepoetra:

blz.125. 1. Mas Toemenggoeng Kretawangsa, Kalapa-aking kaping 3 tiga, alam Dipanagaran, garwanipoen 3 tiga: garwa sepoeh, poetraning èstri, Radèn Ngabèi Resapradja, kaping 2 kalih Ngabèi ing Sroeni, garwa tengahan poetraning Radèn Toemenggoeng Aroengbinang, Klegèn, Boepati Siti ageng Soerakarta; garwa kang nèm, poetranipoen Kangdjeng Radèn Adipati Danoeredja, Patih Dalem kaping 2 kalih Ngajoegja, poetra patoetan sangking garwa pam~~o~~inggir Mas-adjeng Poelangjoen, asli Kaliwoengoe, séda soemaré Lempoejangwangi Ngajoegja, Mantaram.

---

10. Mas Toemenggoeng Kretawangsa, Kalapa-aking kaping 3 tiga, garwanipoen tiga: garwa kang sepoeh poetraning èstri Radèn Ngabèi Resapradja, kaping 2 kalih, Ngabèi doesoen Sroeni, toeroenipoen Radèn Toemenggoeng Kartanagara, séda prang sahit wonten Djenar.

Garwa tengahan poetranipoen Radèn Toemenggoeng Aroengbinang kaping 2 kalih, Boepati Najaka, Wadana Siti ageng Soerakarta, asli Sokawati, ing Klegèn.

Garwa kang nèm, poetranipoen Kangdjeng Radèn Adipati Danoeredja kaping kalih Patih Dalem Ngajoegjakarta, poetra patoetan sangking garwa paminggir nama: Mas-adjeng Poelangjoen, asli Kaliwoengoe, séda soemaré Lempoejangwangi, Ngajoegja, Mantaram, poepoetra:

1. Sangking padmi kang sepoeh, Radèn Adipati Kartanagara, Boepati ing Karang-anjar, séda soemaré Ngoedjoeng-giri, Pakoentjèn Sidajoe.
2. Sangking padmi tengahan, Aroeng-binangan, Radèn Ngantèn Soeradahana, toeroenipoen katah.
3. Sangking padmi nèm, Danoeredjan, Radèn Ajoe Antawirja.
4. Sangking padmi nèm, Danoeredjan, Radèn Rija Djajadirdja, Boepati Anèm Maosan dalem ing Sentolo.

5. Sangking padmi tengahan Aroengbinangan, Radèn Adipati Djajanagara, Boepati ing Bandjarnagara, anggarwa poetraning Radèn Adipati Tjakranagara, Boepati Poerwaredja, Bagelèn.
6. Radèn Bèi Kretawangsa, Manten, iboe sangking Kadanoeredjan.
7. Sangking padmi nèm, Danoeredjan, Radèn Ajoe Singaprawira, ladjeng nama: Radèn Ajoe Gandadimedja, krama ping kalih, séda soemaré Moelangi.
8. Sangking padmi nèm, Danoeredjan, Radèn Panèwoe Kalapa-aking ping sakawan, ladjeng dados Wadana srati penanḏon, nama: Radèn Rija Prajadirdja.
9. Sangking padmi nèm Danoeredjan, Radèn Rija Prawira-ardja Boepati Anèm Patih ing Ngabéjan.
10. Sangking padmi nèm Danoeredjan, Radèn Loerah Prajadimedja, Loerah penanḏon.

11.
blz.126.

Radèn Adipati Kartanagara, Boepati Karang-anjar, Bagelèn, séda soemaré Ngoedjoeng-giri, Pakoentjèn Gombong, anggarwa poetraning Radèn Adipati Tjakrawadana, Boepati Tjilatjap, toeroen Karanglon, poetra badjeng, Radèn Adipati Kartanagara, garwa asli Tjilatjap, poepoetra:

1. Radèn Ajoe Padmakoesoema, garwa Wadana Kaboemèn, toeroen Koesoemajoedan ing Soerakarta.
2. Radèn Ajoe Wangsakoesoema, garwa Wadana Koeṯa-ardja, toeroen Radèn Toemenggoeng Soerakoesoema, ingkang minggah kadji, ing Blitaran Kangdjeng Soeltan sapisan Ngajoegja.
3. Radèn Ajoe Prawirèngkoesoema, garwa Wadana Pakalongan, Asli Soemenep.
4. Radèn Ajoe Kretadirdja, garwa Patih Kaboepatèn Tjilatjap toeroen ing Banjoemas, Joedanagaran, Radèn Adipati sapisan Ngajoegja.

5. Radèn Toemenggoeng Kartanagara kaping 2 kalih, Boepati Karang-anjar, Bagelèn, anggarwa poetraning Radèn Adipati Mretadirdja, Boepati Banjoemas.

----

11. Radèn Adipati Djajanagara, Boepati Bandjarnagara, Banjoemas, garwa sepoeh poetraning Radèn Dipati Poerbanagara, Ngambal, Bagelèn.

Garwa nèm poetraning Radèn Dipati Tjakranagara, Poerwaredja, Bagelèn, Radèn Adipati Djajanagara poepoetra:

1. Iboe asli Ngambal, Radèn Toemenggoeng Djajamiséna, goemanti kang rama, dados Boepati Bandjarnagara, anggarwa poetraning Radèn Adipati Mretadirdja Boepati Banjoemas.
2. Iboe asli Poerwaredja, Radèn Soetapa, saweg sekoelah bestir Maglang; sadèrèkipoen kaṭah sangking paminggir.

Sigeg.

No.22. Gotèk salasilah Djedjeran ingkang soemaré Djedjeran, kados ing nganḍap poenika pratélanipoen:

----

3. Kjai Djedjer kang soemaré Djedjeran poenika poetraning Pangéran Wirapraba, poetraning Kjai Ageng Djoeroemretani, Panembahan Mandaraka, sami soemaré Kiṭa-ageng, ingkang raji Adipati Pangéran Mandoeranagara, noenggil jajah réna.

Kjai Djedjer waoe anggarwa poetranipoen Arja Soeratani, kang séda prang wonten ing Bengawan, apoepoetra moeng 3, djaler 1, èstri 2 kalih.

1. Badjeng Bagoes Sangat, sareng dados gamelipoen Kangdjeng Soeltan Agoeng, nama: Ki Singa, kemantoe Toemenggoeng Singaranoe, Patih Dalem Kangdjeng Soeltan Agoeng; Kjai Toemenggoeng Singaranoe Patih kaping 2 kalih, séda soemaré Keranon, asli sangking Singawalèn ing Pédan bawah Soerakarta, toeroenipoen Kjai Ageng Barat-katiga, Radèn Dja-

ka Balado poetra Madjapait Ratoe ingkang wekasan, kang No.64 sawidak sakawan, Kjai Ageng Barat-katiga waoe ingkang soemaré wonten wana Patjing, karan Wana Patjé, tanah Kadiri.

blz.127. Kjai Toemenggoeng Singaranoe, Patih Kreta kaping 2 kalih, kemantoe dateng Kjai Toemenggoeng Sindoerdja, Patih Kadipatèn, sakdèrèngipoen djoemeneng Nata wonten nagari Kreta, Sareng Kangdjeng Goesti Pangéran Adipati Anom djoemeneng Nata wonten nagari Kreta, nama: Kangdjeng Soeltan Agoeng Anjakrakoesoema, Dinan; Kjai Toemenggoeng Sindoerdja dipoen angkat dados Patih Dalem nagari Kreta, nama: Kjai Toemenggoeng Mandaraka, patih ping sapisan nagari Kreta, Kjai Toemenggoeng Mandaraka, poenika poetranipoen Pangéran Wirapraba, sami sadèrèkipoen Kjai Djedjer, kaprenah ingkang raka Kjai Djedjer.

Kjai Toemenggoeng Mandaraka, inggih Sindoerdja soemaré doesoen Manderakan sakidoel Moelangi, poepoetra Njai Toemenggoeng Singaranoe, soemaré Keranon. Poetraning Kjai Djedjer kang No.2 kalih.

2. Ni Rara Sengkan, dados Garwa Dalem Kangdjeng Soeltan Agoeng, Anjakrakoesoema, nama: Kangdjeng Ratoe Kilèn, patoetan poetra satoenggil kèndang Wandan. Poepoetra: Radèn Mas Sahwawrat, nama: Pangéran Toemenggoeng Padjang, sareng sédaning Panembahan Poerbaja, Ngoembaran, trah kaping 2, poetraning Panèmbahan Poerbaja Ngoembaran Sénapatèn.

Pangéran Toemenggoeng Padjang waoe, djinoendjoeng déning kang raji, Kangdjeng Soehoenan Mangkoerat Ageng, Ngèksiganda, soemaré Tegal-aroem, nama: Panembahan Poerbaja, boten lami Panembahan Poerbaja séda; ladjeng dipoen gentosi dateng poetraning Panembahan Poerbaja kang kaping 2 kalih, nama: Pangéran Toemenggoeng Mantawis, Mantaram.

3. Èstri, krama pikantoek Pangéran Pandjangmas, poetraning djaler Panembahan Djoeroemajem inggih Djoeroekiṭing soemaré Gambiran.

----

4. Ki Singa, kang garwa poetraning Kjai Toemenggoeng Singaranoe, Patih Kreta kaping 2 kalih soemaré Keranon; saksédaning kang marasepoeh, karsa Dalem goemanti dados Patih Kreta, kaping 3 tiga, nama: Adipati Singaranoe, soemaré dedagan Padjimatan ing Imagiri, Soeltan Agoengan. Kjai Adipati Singaranoe, poepoetra 2 kalih, kembar èstri.

1. Kang sepoeh kagarwa krama pikantoek Kjai Toemenggoeng Soedjanapoera, poetraning Adipati Soedjanapoera, ingkang séda prang sampjoeh, lan Adipati Pamekasan Madoera.

2. Èstri krama pikantoek Bagoes Wanakrija, poenika poetraning djaler Adipati Pragola Paṭi, kaping 2 kalih, kang séda madeg padarwa, ngraman, wit kabangoes déning Éndranata, Adipati Pragola Paṭi ping 2 kalih waoe, garwanipoen saḍèrèk Dalem Kangdjeng Soeltan Agoeng, toenggil jajah réna, kang iboe sangking Kangdjeng Ratoe Adi, asli Padjang poetraning Pangéran Benawa, Adipati Padjang, nama: Radèn Adjeng Toelak, Ratoemas Sekar, paḍeming laki dèrèng ngantos patoetan; sangking karsa Dalem Kangdjeng Ratoemas Sekar waoe, pinaringaken ngarang-oeloe, krama pikantoek nama: Radèn Lonḍoh aḍinipoen Adipati Pragola Paṭi kaping 2 kalih, goemanti wonten Paṭi nama: Radèn Rangga Paṭi.

blz.128. Kjai Wanakrija waoe poetraning Adipati Pragola Paṭi kaping 2 kalih, naming poetra patoetan sangking garwa pangrembé, sabeḍahipoen ing Paṭi teksih alit kabekta ngili ḍateng Kjai Soera Mangoendjaja ing Paṭi, ḍateng tanah Blambangan, lami-lami sareng sampoen diwasa, Kjai Wanakrija dipoen bekta wangsoel ḍateng Mantaram, djoedjoeg ing ḍoesoen Djedjeran; kapenḍet anak angkatan ḍateng Kjai Djedjer, ladjeng pinanggihaken lan kang wajah, èstri poetraning Adipaṭi Singaranoe, Patih Kreta, ladjeng kasoewitakaken ḍateng Kangdjeng Soeltan Agoeng, Sang Nata sampoen kakilapan, jèn Bagoes Wanakrija soetaning Adipaṭi Paṭi ping 2 kalih, nama: Kjai Wanakrija, karan Kjai Krijan, sarimbit sami soemaré Djedjeran.

---

5. Kjai Krijan anggarwa Kjai Wanakrija, karan Kjai Krijan poepoetra 5 gangsal:

1. Njai Adjeng Sawoenggaling, anggarwa Toemenggoeng Sawoenggaling ing Bagelèn, poenika ingkang anglèraken noeroenaken ḍateng Dèn Djebeng, nama: Radèn Toemenggoeng Sasradirdja, Boepaṭi Wadana ḍistrik ing Soeléman, garwanipoen asli poetranipoen Radèn Bèi Koesoemaredja, soemaré Pakoentjèn Sida-ajoe Gombong, trah Danoekoesoeman. Radèn Toemenggoeng Sasradirdja, garwa poepoetra:
    1. Radèn Rija Sasradirdja ping 2 kalih, Boepati Anèm, kemantoe Kangdjeng Pangéran Arja Soerjadiningrat Litnan Kolonèl pan setap, Ngajoegjakarta, poetra Dalem Kangdjeng Soeltan ping 4, ingkang Sinoewoen kang Séda Mentas Basijar.

---

2. Kjai Soetadjiwa.
3. Kjai Djajatroena, garwa poepoetra 2 kalih:
    1. Mas Pandji Djajènggati, Loerah pradjoerit Katanggoeng.
    2. Kjai Kretalesana, Kjai Kretalesana waoe garwa poepoetra: Kjai Resakoesoema, Djajènggati, garwa poepoetra: Kjai Resakoesoema kaping 2 kalih, garwa poepoetra: Kjai Resakoesoema kaping 3 tiga, anggarwa Poetra Dalem Kangdjeng Soeltan kaping 2 kalih Ngajoegjakarta, poepoetra: 1 Radèn Ajoe Poespanagara, garwaning Radèn Toemenggoeng Poespanagara, poepoetra Radèn Toemenggoeng Poespana-

gara kaping 2, Boepati Anèm kapidji nampèni pamaosan Dalem Kilèn Pragi.

2. Radèn Ajoe Resapradja, kemantoe Wiragoenan Patih Kadipatèn.

\ 3. Radèn Mas Soehoet, goemanti waris, nama: Radèn Toemenggoeng Resakoesoema, kaping 5 gangsal, kemantoe dateng Radèn Adipati Danoeredja, ping 5 gangsal, Ridder, Patih Ngajoegja, poepoetra: 1 Radèn Toemenggoeng Resakoesoema kaping 6 nem Manten, anggarwa poetranipoen Kangdjeng Ratoe Anggèr garwanipoen Kangdjeng Pangéran Arja Joedanagara ping 2 kalih, sarimbit soemaré ing Imagiri.

----

blz.129. 4. Ki Najatroena, nama: Kjai Toemenggoeng Radjamenggala.

5. Ki Demang Poespatrgoena, nama: Demang Djawinata, sareng katrima, déné Kangdjeng Soehoenan Mangkoerat Ageng Dinan, soemaré Tegal-aroem.

Ingkang dipoen kantèkaken dateng Pangéran Arja Poeger, ngloe roegi ngrebasèng mring Troenadjaja, dateng Mantaram, ladjeng sinoeng nama: Kjai Toemenggoeng Gadjahmada, karan Kjai Toemenggoeng Gadjah-gedé.

----

6. Kjai Toemenggoeng Djawinata, Gadjahmada, karan Gadjahgedé, garwa poepoetra 4 sakawan:

1. Radèn Ajoe Mretasana, krama pikantoek Pangéran Arja Mretasana, poetra Dalem Kangdjeng Soehoenan Mangkoerat Ageng Dinan, soemaré Tegal-aroem.
2. Kjai Demang Poespatroena, katrima, déning Kangdjeng Soehoenan Mangkoeratdinan, Wana Kreta, awit angsal sirahing kraman, Djajalalana, Djajaparoesa, ladjeng nama: Kjai Toemenggoeng Gadjah-tjilik.
3. Kjai Kretawidjaja.
4. Kjai Djiwajoeda.

----

blz.130.

7. Kjai Toemenggoeng Djawinata, Gadjah-tjilik, garwa poepoetra 3 tiga:

1. Kjai Toemenggoeng Radjawaniti, wit taksih alit, boten naté pisah lan kang rama, naming ladjeng kapoenḍoet kabagé ḍateng Soerakarta, garwa poepoetra:

   1. Ki Rangga Banèngpati, Boepati ing Kabanaran.

2. Demang Djawinata, ḍèrèk Soehoenan Koening, nama: Dipati Soeradiningrat. Sareng bakda prang Petjina, Kartasoera, ḍèrèk Kangdjeng Soenan Pakoeboewana ping 2 kalih, séda soemaré Nglawéjan, sinoeng nama: Toemenggoeng Djawinata, sareng Kangdjeng Pangéran Arja Mangkoeboemi madeg padarwa, kraman, djinoendjoeng ḍateng kang paman Pangéran Adiwidjaja, séda Aboe, Keḍoe, djoemeneng pribadi, Nata Kabanaran, sadèrèngipoen, abipraja lan toewan Sajid Ibrahim karan Sajid Besar, wonten ḍoesoen Padagangan, karan Pak Gijanti, sabijantoe lan Kangdjeng Koempeni, sinoeng nama: Adipati Djajaningrat.

3. Èstri, krama pikantoek Kjai Toemenggoeng Djadirdja, kang soemaré ing Karangtoeri, Wijara, trah toeroen Karanglo.

----

8. Adipati Djajaningrat, karan Djawinata Gadjah-tléna, garwa poepoetra 15 gangsal welas.

1. Radèn Wiramanggala, noeroenaken djaler, Radèn Poespawidjaja, ladjeng dipoen angkat, nama: Radèn Toemenggoeng Soedjanapoera.

   a/

2. Radèn Setjawidjaja, kangkat, nama: Radèn Toemenggoeng Djajanagara, kang séda kénging oeloek-oeloek wonten ing redi Tiḍar, prang Tiḍar.

3. Radèn Ajoe Adipati Anom, garwaning Kangdjeng Goesti Pangéran Dipati Anom, sapisan Poetra Dalem Kangdjeng Soeltan kaping sapisan, Ngajoegja soemaré Ngimagiri, kangdjeng Goesti ingkang nanḍang grah, sangking ngrebasèng Keḍoe Trajem,

blz.130. ingkang bojong bangsa Sin, nama: Lèwi Adan-wigar, ladjeng koendoer mring Taboela redi Gamping, kinèn masanggrahan ing Tojatoemoempang, gerah Dalem ranoehi ladjeng séda soemaré Ngimagiri.

Sampoening pegat séda Radèn Ajoe Dipati waoe, krama kaping kalih pikantoek Pangéran Djajakoesoema, ladjeng nama: Pangéran Natakoesoema ping 2 kalih; poenika poetraning Adipati Natakoesoema, Patih Kartasoera.

4. Njai Toemenggoeng Alap~~a~~-alap, inggih Toemenggoeng Alap-alap Mertalaja, alam Kangdjeng Soeltan kaping sapisan Ngajoegja, soemaré Djedjeran Toemenggoeng Mretalaja sarimbit, ingkang ladjeng noeroenaken dateng Radèn Toemenggoeng Anggawangsa, Ranawinata, ngadjeng Boepati Nanggoelan, poepoetra:
   1. Radèn Toemenggoeng Anggawangsa, kaping 2 kalih, Boepati Anèm Ngajoegja, garwa poepoetra Radèn Toemenggoeng Anggawangsa kaping 3 tiga, Boepati Anom Kori.

---

5. Toemenggoeng Djawinata; Anggadjaja, karan: Angkawidjaja, katjepeng prang ~~s~~ daweg wonten Trajem Kegoe Parakan, kaboekta pineksan dateng Samarang. Sareng djoemeneng Dalem Kangdjeng Soeltan kaping sapisan Ngajoegja, kapoendoet mring koempeni, nama: Kjai Djawinata Dongkol, soemaré Djedjeran.

6. Poetra sangking pangrembé, asli sangking Djenoe, Ngabèi Djajapoespita, Mantri Djawi, Ngajoegja, garwa poepoetra:
   1. Ngabèi Poespajoeda, poepoetra:

      Bokmas Sadiwirja, krama Ngabèi Sadiwirja, poepoetra 3.
      1. Dèn Menggoeng Tandanagara, Kasim.
      2. Dèn Menggoeng Mangoen-nagara, Tjokik.
      3. Dèn Saresan Prawiradirada, pradjoerit Mantri djero.

---

7. Njai Rangga Wanèngpati, krama Kjai Rangga Wanèngpati, Mentawis, krama nakdèrèk, ingkang nglèraken dateng Kjai Demang Djagaresa, Banjoe-meneng Kilèn Pragi Nanggoelan, ingkang klorop djaman kraman Prawirasentana wonten wates Pengasih, kabekta bandang kapalipoen ladjeng adjal kinrotjok kraman, oetawi Mas-adjeng Danoekrama Aboetahir Manten. Lan Radèn Toemenggoeng Anggawangsa, Ranawinata, Boepati Nanggoelan.

8. Poetra sangking pangrembé, asli Djenoe, Djenoe Madjapait, nama: Njai Djawinata, poetraning Kjai Wiloegangga, poetraning Kjai Poespadjenoe, Njai Djawinata asli sangking Djenoe waoe, poepoetra: Toemenggoeng Djawikrama, ladjeng kloengsoer awit kalepatan daweg prang Prajoetan, ladjeng nama: Kjai Djawikrama, séda soemaré Djedjeran.

9. Radèn Menggoeng Djajaningrat Manten, anggarwa Poetra Dalem Kangdjeng Soeltan sapisan.

10. Toemenggoeng Djawinata, Mretawidjaja, goemanti kang raka, ingkang noeroenaken dateng Radèn Pandji Mangoen Djedjer sepoeh soemaré Djedjeran.

11. Ngabèi Djajadeksana.

12. Ngabèi Djajasembadra.

blz.131. 13. Njai Soerabradja, garwa Kjai Ngabèi Soerabradja, Mantri djawi Panoe~~k~~mbak sèwoe.

14. Njai Andaprawira, krama Mantri Gowong.

15. Wragil djaler, Pandji Ranawinata, nama: Toemenggoeng Djawinata.

----

9. Toemenggoeng Ranawinata Djawinata, garwa poepoetra 11.

1. Sangking padmi Dèn Ngantèn Djadiwirja.

2. Sangking padmi Radèn Toemenggoeng Djawinata, Bagoes Walidan, katriman Poetra Dalem Kangdjeng Soeltan kaping 2/kalih Ngajoegja, nama: Kangdjeng Ratoe Timoer, Toemenggoeng Djawi-

nata Bagoes, ladjeng séda dèrèng poepoetra, soemaré Djedjeran, kinging doedoek woeloeb.

Poetra sangking pangrembé.

3. Toemenggoeng Djawinata Djé(ng)got-broewèe, Djèbrès.
4. Sangking pangrembé, Njai Ranawinata, ing Grobogan.
5. Sangking pangrembé, Ngabèi Wanèngpati Ngajoegja.
6. Sangking pangrembé, Dèn Ngantèn Nataredja, Ngajoegja.
7. Sangking pangrembé, Dèn Ngantèn Méntawidjaja, ing Soerakarta.
8. Sangking pangrembé, Njai Ranawidjaja, Kedoe Glodogan.
9. Sangking pangrembé, Ngabèi Djajapranata, Mantri Panoemping Ngajoegja.
10. Sangking pangrembé, Dèn Ngantèn Troenawidjaja, Blimbing Redi Kidoel.
11. Sangking pangrembé, Radèn Pandji Mangoen Djedjer, Pandji Djedjeran.

----

10. Radèn Pandji Mangoen Djedjer, garwa poepoetra:

1. Radèn Dèi Soeradimedja, Mantri maosan madjegan, Rèh Mangkoeboemèn, Ngajoegja.

Poetraning Dipati Djajaningrat, Gadjah-tléna, kang No.9.

9. Radèn Menggoeng Djaningrat Manten, garwa Poetra Dalem Kangdjeng Soeltan ping sapisan; poepoetra 5 gangsal:

1. Radèn Toemenggoeng Soemadiningrat, séda tinoekoep wadya Sepèi, wonten glèdèganipoen pjambak kadoegi djam sadasa daloe, lajon soemaré wonten masdjid Soemadiningratan, kemantoe Dalem Kangdjeng Soeltan kaping 2 kalih Ngajoegja, nama: Kangdjeng Ratoe Bendara, boten poepoetra.
2. Radèn Toemenggoeng Wirjawinata.
3. Radèn Toemenggoeng Djaningrat.
4. Radèn Ajoe Rangga Madijoen Boepati Maèspati, Wadana Mantjanagari.

5. Radèn Toemenggoeng Wirjadiningrat.

---

10. Radèn Toemenggoeng Soemadiningrat, kang séda ketoekoep wadya Sepèi, poepoetra:

1. Radèn Toemenggoeng Soemanagara, Boepati Wadana distrik Ma-
blz.132. osan Dalem Pengasih lijer Nanggoelan, Ngajoegja.

---

10. Radèn Toemenggoeng Wirjawinata, Boepati Anèm garwa anglèraken Radèn Pandji Prawirasentana, Pandji Pradjoerit Mantri Lebet.

---

10. Radèn Toemenggoeng Djaningrat, Boepati Anèm, anglèraken poetra 3 tiga:

1. Radèn Toemenggoeng Tirtanagara, Boepati Maosan Kalibawang.
2. Radèn Loerah Natawilaja, Loerah Poenakawan Silir.
3. Radèn Pandji Ranadigdaja, Pandji Pradjoerit Mantri Lebet.
4. Radèn Wadana Mangoendigdaja, Wadana Poenakawan Koersi.
5. Radèn Ngabèhi Poespawigoena, Bragedir Langen-astra.

---

10. Radèn Toemenggoeng Wirjadiningrat, anglèraken poetra:

1. Radèn Toemenggoeng Djajadiningrat, Boepati Wadana distrik Bantoel Karang, poepoetra: Radèn Toemenggoeng Djajadiningrat, Boepati Anèm Kliwon Kaparak Tengen, anggarwa poetraning Mas Wadana Sastradipradja sepoeh, poepoetra Radèn Prawira-ardja, krama pikantoek Radèn Rija Prawira-ardja, Boepati Anèm Patih Ngabéjan, Patih kaping 2 kalih.
2. Radèn Toemenggoeng Joedanagara Soetjèn, ngalih nama: Radèn Toemenggoeng Wirjadiningrat ping 2 kalih Soetjèn bawah Magelang.

Poetranipoen Dipati Djaningrat Gadjah-tléna, kang No.8 wo-
9. loe sangking pangrembé, asli sangking Djenoe, Mantjanagari,

Kjai Toemenggoeng Djawikrama, Manten, anggarwa poetranipoen Toemenggoeng Mangoen-rana, Boepati Anèm Kaliwon Ngajoegjakarta, poenika poetraning Toemenggoeng Mangoenbrata, ing Kartasoera, poetraning Kjai Wiraredja; Kjai Toemenggoeng Djawikrama Manten, poepoetra:

1. Mas Ngabèi Poespatroena, anggarwa poetraning Mas-adjeng Wangsajoeda, karan Bok ~~M~~ Kalijah, poenika poetranipoen Kjai Toemenggoeng Natajoeda, kaping 4 sakawan, kang séda ing Singkalan soemaré Keḍoe Kaṭiṭang.

Ngabèi Poespatroena, apoepoetra.

---

10. Mas Ngabèi Poespatroena, anggarwa poetraning Mas-adjeng Wangsajoeda, karan Bok Kalijah, nama: Mas Rara Kalijah Mas-adjeng Poespatroena, poepoetra:

1. Bendara Radèn Ajoe Retnadiningroem, langen Dalem Kangdjeng Soeltan kaping 4 sakawan kaseboet ingkang Sinoehoen Séda Mentas Basijar, soemaré ing Imagiri, patoetan poetri Dalèm 2, sami poetri.

blz.133. 1. Bendara Radèn Ajoe Adipati Danoeredja, anggarwa Kangdjeng Radèn Adipati Danoeredja, Ridder de orde Nederlanseléjo, Patih Dalem kaping 5 gangsal Ngajoegjakarta, sarimbit sami soemaré Moelangi, Mantaram.

2. Bendara Radèn Ajoe Soerja-atmadja, anggarwa Pangéran Soerja-atmadja, Pangéran sentana, poetraning Kangdjeng Pangéran Arja Soerjaning-alaga, soemaré Ngimagiri.

Bendara Radèn Ajoe Retnadiningroem, sampoenipoen patoetan poetri Dalem kalih, Ingkang Sinoehoen Séda mentas basijar, kaseboet Sinoehoen Séda besijar, pegat séda, ladjeng krama kaping kalih pikantoek Kangdjeng Pangéran Ko~~n~~lonèl Adjoedan Setap Arja Joedanagara, poetranipoen Kangdjeng Radèn Adipati Danoeredja kaping 2 kalih

Patih Ngajoegjakarta, kaseboet Kangdjeng Radèn Adipati Danoeredja Séda Ngeḍaton soemaré Toja-soemoeroep, dèn poeter soemaré ing Moelangi, Mantaram. Bendara Radèn Ajoe Joedanagara, sarimbit soemaré Moelangi, tilar poetra 6 nem.

1. Radèn Toemenggoeng Djajawinata, anggarwa poetraning Pangéran Natadiningrat.
2. Radèn Ajoe Widjajèng-sastra, anggarwa Radèn Toemenggoeng Widjajèng-sastra.
3. Radèn Adjeng Oemboek, séda sampoen diwasa, soemaré Moelangi.
4. Kangdjeng Pangéran Arja Joedanagara, kaping 2 kalih, anggarwa poetra Dalem Kangdjeng Soeltan kaping 6 nem, Ngajoegjakarta, nama: Goesti Kangdjeng Ratoe Anggèr, soemaré sarimbit ing Imagiri. blz.134.
5. Radèn Ajoe Tjakranagara, garwa Radèn Toemenggoeng Tjakranagara, krama nak-ḍèrèk.
6. Radèn Ajoe Koesoemadiningrat anggarwa Radèn Toemenggoeng Koesoemadiningrat Boepati Anèm Ngajoegjakarta.

Sigeg.

No.23.

Gotèk teḍakan salasilahipoen Bendara Radèn Ajoe Poedjakoesoema, kaoeroet taler sangking ingkang rama, oeroetoeroetanipoen sangking Kangdjeng Soeltan Demak ingkang kaping sapisan, kados ngaṇḍap poenika:

---

1. Koeneng Radèn Djaka Patwa, inggih Radèn Patah, sareng djoemeneng Nata nama: Kangdjeng Soeltan Sèh Ngalam-akbar Sénapati Djimboen, Amiril moekminin tadjoedin ngabdoel kamid kak, karan Soeltan Bintara Ngadil Soerja-ngalam, anggarwa poetraning Kangdjeng Soehoenan Ketip ,Ngali-rahmat ing Soe-

rabaja, sareng ngalih dadalem ḍateng Ngampèl-denta, karan Kangdjeng Soehoenan Ngampèldenta, garwa Njai Ageng Manila, poetra nama: Ratoe Djoemanten, inggih Ratoe Panggoeng kagarwa Soeltan Demak sapisan, poepoetra 8 woloe sangking garwa padmi; sangking garwa paminggir satoenggil, poetra goenggoeng moeng 9.

1. Badjeng sangking garwa padmi, Radèn Soerja, Pangéran Adipati Sepoeh, dalem ing Sabrang lèr, kang goemanti rama, djoemeneng Nata Soeltan Sèh Ngalam Akbar Ratoe Demak kaping 2 kalih; Tan lami anggènipoen djoemeneng Nata amoeng kalih warsa, séda soemaré ing Demak. blz.134.
2. Poetra sangking padmi Radèn Sangka, nama: Pangéran Adipati Anom, kang dalem ing Sabrang kilèn, naming séda kala teksih ingkang rama djoemeneng Nata, sampoen séda, karan Pangéran Séda kali.
3. Sangking padmi Radèn Tranggana, sak sédanipoen Pangéran Séda kali, Radèn Tranggana waoe nama: Pangéran Adipati Anom, goemanti ingkang raka Séda kali.

   Ladjeng goemanti ḍateng ingkang raka djoemeneng Nata, wonten ing Demak, djoeloek Kangdjeng Soeltan Sèh Ngalam Akbar, Kangdjeng Soeltan Demak kaping 3 tiga, Ratoe Demak ingkang wekasan.
4. Sangking padmi, Radèn Ajoe Kirana, nama Ratoemas Poernamasiddi, krama pikantoek Panembahan Banten.
5. Sangking garwa padmi, Radèn Ajoe Woelan, nama: Ratoemas Njawa, krama pikantoek Panembahan Tjarebon.
6. Sangking padmi, Radèn Tédja, nama: Pangéran Pamekasan Madoera.
7. Sangking padmi, Radèn Wangkawa, nama Toemenggoeng Kenḍoeroewan, djinoendjoeng ḍateng ingkang raka, Kangdjeng Soeltan Demak ingkang wekasan, sinoeng Pangéran Kenḍoeroe-

wan, ladjeng tinanem ḍateng Adipati Soemenep.

8. Sangking garwa pangrembé, Radèn Djaladara, séda dèrèng diwasa, soemaré Demak.

9. Wragil sangking garwa padmi Ratoe Retna Djoemanten Ratoe Panggoeng, Radèn Alit, djinoendjoeng ḍateng ingkang raka, Kangdjeng Soeltan Demak ingkang poengkasan, nama: Pangéran Sekar, karan Pangéran Pamekas tegesipoen wragil,-ipoen Soeltan Demak kaping sapisan.

---

2. Radèn Alit, Pangéran Sekar, karan Pangéran Pamekas ingkang poengkasan, tegesipoen wragil, garwa poepoetra:

1. Panembahan Djagaraga.

---

3. Panembahan Djagaraga, garwa poepoetra:

1. Kjai Ageng Ampoehan, kaping sapisan.

---

4. Kjai Ageng Ampoehan, kaping sapisan, garwa poepoetra 2.

1. Kjai Ageng Ampoehan kaping kalih, sareng ngalih ḍateng tanah Karang-lo karan: Kjai Ageng Karang-lo, soemaré Karang-toeri, Wijara.

2. Njai Ageng Karang-gajam, anggarwa Pangéran Karang-gajam, Poedjangga Dalem Kangdjeng Soeltan Adi Amidjaja Praboe Kamidil Ngalam ngalam ing Padjang.

Pangéran Karang-gajam Poedjangga Dalem ingkang nganggit serat Soerti, ladjeng karan: Njai Ageng Kjai Ageng Karang-gajam.

---

2. Radèn Tranggana, Soeltan Kamidil Ngalam Demak ingkang wekasan, kaseboet: Kangdjeng Soeltan Demak ingkang kaping 3 tiga, djoemenengipoen Nata amoeng pikantoek 33 tigangdasa tiga warsa; garwanipoen 2 kalih:

blz.135. 1. Garwa ingkang sepoeh, poetranipoen Njai Ageng Maloko, inggih Njai Ageng Malaka; 2 garwa ingkang nèm, Poetranipoen Kangdjeng Soehoenan Kalidjaga, kang soemaré Kadilangoe, Demak.

Déné poetranipoen Kangdjeng Soeltan Demak kaping 3 tiga, poepoetra 9 sanga.

1. Badjeng sangking garwa paminggir, nama: Pangéran Toemenggoeng Mangkoerat.
2. Sangking padmi garwa sepoeh, Ratoemas Pembajoen, krama pikantoek Kjai Ageng La(ng)gar.
3. Sangking garwa padmi sepoeh, Kangdjeng Soehoenan Prawata.
4. Sangking garwa padmi sepoeh, Ratoemas Pamantjingan, krama pikantoek Pangéran Madépandan, poetraning Kjai Ageng Wanasaba, ladjeng pegat, krama kaping kalih pikantoek Panembahan Tédja-woelan ing Djagaraga, poenika ingkang séda soemaré redi Pamantjingan, tjelak soemarènipoen Sèh Maoelana Ali-dakir, Pamantjingan pasisir kidoel Mantaram Ngajoegja.
5. Sangking garwa padmi sepoeh, Ratoemas Kalinjamat, krama pikantoek Pangéran Tandoeran, ing Kalinjamat.
6. Sangking garwa sepoeh, Ratoemas Ajoe, krama pikantoek Pangéran Oerang-ajoe, poetraning Pangéran Wanakrama.
7. Sangking garwa sepoeh, Panembahan Èstri, djoeloek Ratoemas Kekambang.
8. Sangking garwa nèm asli Kadilangoe, kagarwa Kangdjeng Soeltan Adi Amidjaja, Praboe Kamidil Ngalam Padjang, inggih Soeltan Padjang.
9. Sangking garwa nèm asli Kadilangoe, Radèn Timoer, inggih Radèn Pamekas, djinoendjoeng dateng Kangdjeng Soeltan Padjang, nama: Pangéran Maskoemambang, tinanem dados Adipati Madijoen, nama: Panembahan Maskoemambang, karan

nama: Panembahan Madijoen.   Sigeg.

---

2. Radèn Sangka, nama: Pangéran Adipati Anom, kang dalem ing Sabrang kilèn, sédanipoen kala teksih djoemenengipoen Nata ingkang rama, Kangdjeng Soeltan Demak kaping sapisan, karan Pangéran kang Séda kali, garwa poepoetra 5 gangsal.

1. Pangéran Arja Djipang, inggih Arja Penangsang.
2. Èstri, ingkang kagarwa Pangéran Maskoemambang, inggih Panembahan Madijoen.
3. Pangéran Arja Mantaram.

---

3. Pangéran Arja Djipang, inggih Arja Panangsang, anggarwa poetranipoen Kangdjeng Soehoenan Koedoes, poepoetra:

1. Pangéran Arja Laoetan, karan Pangéran Brataoen, wonten ing Garobogan.

---

4. Pangéran Arja Laoetan, inggih Pangéran Brataoen ing Grobogan, anggarwa poetraning Kjai Toemenggoeng Soeranata ing Demak; ingkang séda soemaré Karoja, Kjai Toemenggoeng Soeranata waoe, poetraning Kjai Gamboeh, Loerah Gandjoer, Gadamestaka, poetraning Iman Soemantri, poenika poetraning Kjai Boejoet Moesahar, tanah pasisir lèr-wétan Paṭi tjelak Gebadod, ingkang karan Kjai Djoeroe sawah, alam Madjapait, ingkang ginaḍoehan déning Radèn Djaka Bonḍan kedjawan kala teksih timoer.

blz.136.

Pangéran Laoetan Pangéran Brataoen, poepoetra:

1. Pangéran Brataoen kaping 2 kalih.

---

5. Pangéran Brataoen ping 2 kalih, garwa poepoetra:

1. Kjai Tambakbaja ing Padjang, ingkang gaḍah koeda dja-

ran dipoen namani si Domba.

----

6. Kjai Tambakbaja, ing Padjang, kang gadah koeda si Domba, anggarwa poetraning Pangéran Banawa, ing Padjang, sangking garwa pangrembé, poepoetra:

1. Kjai Tambakbaja kaping ~~6~~ 2 kalih, ing Mentawis Mantaram.

----

7. Kjai Tambakbaja kaping 2 kalih Mentawis, garwa poepoetra:

1. Kjai Gadamestaka, kang soemaré Demak Tempolong.

----

8. Kjai Gadamestaka, kang soemaré Demak Tempolong, garwa poepoetra:

1. Kjai Toemenggoeng Djiwaraga.

----

9. Kjai Toemenggoeng Djiwaraga, garwa poepoetra:

1. Kjai Toemenggoeng Tambakbaja, ingkang wonten Djrèbèng.

----

10. Kjai Toemenggoeng Tambakbaja, ingkang wonten Djrèbèng, garwa poepoetra 2 kalih.

1. Kjai Emas.
2. Kjai Kretadrana, ing Djrèbèng, anggarwa poetraning Kjai Najamenggala, ing doesoen Palar.

----

11. Kjai Emas garwa poepoetra:

1. Kjai Demang Djajabali.

----

12. Kjai Demang Djajabali, garwa poepoetra:

1. Kjai Ngabèi Soetadirana, kang soemaré Djrèbèng, Adi-dalem Mantri Soerakarta rèh Poerwadipoeran.

----

13. Kjai Ngabèi Soetadirana, kang soemaré Djrèbèng, Mantri Soerakarta, anggarwa poetraning Ngabèi Sidoemenggala, poepoetra:

1. Kjai Ngabèi Tirtadirana, Panèwoe Gedong Soerakarta, soemaré ing Djrèbèng.

---

z.137. Kjai Ngabèi Tirtadirana, Panèwoe Gedong ing Soe~~k~~rakarta, kang soemaré Djrèbèng, garwanipoen kalih: 1 garwa sepoeh, poetraning Ngabèi Soeradrana, ing Palar. 2 garwa nèm, poetraning Kjai Toemenggoeng Mangoen-nagara; sangking pangrembé poepoetra 5 gangsal.

1. Sangking garwa kang sepoeh, Kjai Ngabèi Prawiraredjasa, Abdi dalem wadana kemasan, Manten, ing Ngajo~~k~~gjakarta, séda soemaré ngastana redi Doekoeh;
2. Sangking garwa nèm, Mas Ranasetika.
3. Sangking garwa nèm, Mas loerah Mretéga.
4. Poetra sangking pangrembé, Mas Tjatirta.
5. Poetra sangking pangrembé, Mas Nitiredja. Sigeg.

Awit kodjar Kangdjeng Soeltan Demak ingkang wekasan poengkasan, kang poepoetra 9 sanga.

1. Poetra badjeng sangking garwa paminggir, Pangéran Toemenggoeng Mangkoerat.

Pangéran Toemenggoeng Mangkoerat, ingkang garwa poepoetra 5 gangsal.

1. Radèn Arja Mangkoepradja, nama: Pangéran Soedjanapoera, sareng ngalih padaleman dateng Karang-gajam, karan Pangéran Karang-gajam kaping sapisan, kang séda Wot-weroe, Poedjangga Dalem Kangdjeng Soeltan Adi Amidjaja Praboe Kamidil Ngalam ing Padjang, ingkang nganggit Soerti.
2. Radèn Ajoe Prawata, krama pikantoek Panembahan Prawata;
3. Radèn Ajoe Tandoeran, krama pikantoek Pangéran Tandoeran, sareng ngalih padaleman ing Pantjoeran, karan: Pangéran Arja Pantjoeran, poenika poetraning Kjai Ageng Pamanahan,

Kjai Ageng Mentawis, karan nama: Radèn Ajoe Pantjoeran.

4. Radèn Arja Nitipradja.

5. Radèn Ajoe Mangkoerat Wirjawan, kang kemantoe dateng Panembahan Madijoen.

----

4. Pangéran Karang-gajam kaping sapisan, kang séda wonten Wot-weroe, krama pikantoek kang raji Kjai Ageng Ampoewan ping 2 kalih, karan: Njai Ageng Karang-lo, sami poetraning Kjai Ageng Ampoehan, ing Djagaraga.

Pangéran Karang-gajam sapisan, poepoetra 2 kalih.

1. Radèn Bawaraga, nama: Pangéran Karang-gajam kaping 2 kalih, séda Mentawis, nalika ngalih poeh bala srèwoe.

2. Njai Ageng Karo-tangan, anggarwa Kjai Ageng Karo-tangan poetraning Kjai Ageng ~~K~~i Anis, kang soemaré ing Lawéjan. Njai Ageng Kjai Ageng Karo-tangan kang soemaré Pager redi, Ngajoegja.

----

5. Pangéran Karang-gajam kaping ~~3~~ 2 kalih, kang séda Mentawis, garwa poepoetra 5 gangsal.

1. Pangéran Karang-gajam kaping 3 tiga.

2. Radèn Ajoe Martakoesoema, ing Kadjoran.

3. Radèn Samapoera.

blz.138. 4. Radèn Wirakanta.

5. Estri, Krama pikantoek Kjai Soetamarta, karan: Kjai Ageng Pager goenoeng kaping 2 kalih, poetraning Kjai Ageng Karo-tangan, inggih Kjai Ageng Pager goenoeng kaping sapisan, soemaré Pager goenoeng, poetraning Kjai Ageng Anis, soemaré Nglawéjan, poetraning Kjai Ageng Ngabdoer-rahman, inggih Kjai Ageng Kretabaja ing Séla, karan Kjai Ageng Séla, poetraning Kjai Ageng Sèh Ngabdoellah, karan Kjai Ageng Getas-pandawa, sabab dalem

wonten Getas-pandawa, poetraning Radèn Djaka Bondankedjawan, Arja Lemboe-peteng kaping 2 kalih, goemanti kang mara-sepoeh karan: Kjai Ageng Taroeb kaping 3 tiga, Taroeb Getas-adji. Sigeg.

---

6. Pangéran Karang-gajam kaping 3 tiga, garwa poepoetra 6.

1. Radèn Ajoe Drajawangsa, krama pikantoek Pangéran Drajawangsa, ing Wangga.
2. Radèn Ajoe Minang-langsé, krama pikantoek Pangéran Minang-langsé, ing Tembajat.
3. Radèn Toemenggoeng Wangsabaja.
4. Radèn Wangsaraga.
5. Radèn Ajoe Wangsasari, anggarwa poetraning Panembahan Djoeminah, sarimbit soemaré Girilaja.
6. Radèn Wrat-sangka, kang kapoendoet dados ringgit tijang alam Kangdjeng Soeltan Agoeng djoemeneng Nata wonten ing Kreta.

----

7. Radèn Ajoe Drajawangsa, anggarwa Pangéran Drajawangsa, ing Wangga poepoetra 2 kalih.

1. Njai Ageng Wangsabaja, anggarwa Kjai Ageng Wangsabaja, Karang-gajam.
2. Radèn Dajawangsa, doesoen Palar.

----

8. Radèn Dajawangsa, ing Palar, anggarwa poetraning Kjai Ageng Tjoetjoek-dépok, ing Tadji Watoe-kempoel, poenika poetraning Kjai Ageng Tjoetjoek-telon, djoeloek Kjai Ageng Rogas soemaré Tadji, poetraning Kjai Ageng Ampoewan kaping 2 kalih, ing Djagaraga, sareng ngalih dalem ing Karang-lo Tadji, karan: Kjai Ageng Karang-lo, waktoe segah dahar Kangdjeng Panembahan Sénapati, pindah sangking Padjang dateng Mentawis Mantaram, dèrèk da-

teng Mentawis, sareng séda soemaré Karang-toeri, Wijara. Poenika poetraning Kjai Ageng Ampoewan kaping sapisan ing Djagaraga, poetraning Panembahan Djagaraga, poenika poetraning Pangéran Sekar, kaseboet: Pangéran Pamekas, poetraning Kangdjeng Soeltan Demak kaping sapisan poetra wragilipoen.

Radèn Dajawangsa, garwa poetraning Kjai Ageng Tjoetjoekḍépok, poepoetra:

1. Radèn Drijawangsa, ing Palar.

----

9. Radèn Drijawangsa ing Palar garwa poepoetra:

1. Njai Adjeng Najamenggala, ing Palar. Sigeg.

----

blz.139.

7. Radèn Toemenggoeng Wangsabaja, garwa poepoetra 2 kalih.

1. Èstri krama pikantoek Ngabèi Soetajoeda, ing Palar.
2. Radèn Tédja, ing Karang-gajam, nama: Kjai Ageng Wangsabaja.

----

8. Kjai Ageng Wangsabaja, ing Karang-gajam, anggarwa poetraning Radèn Ajoe Drajawangsa, ing Wangga, garwa poepoetra 6 nem.

1. Njai Ageng Béra, anggarwa Kjai Ageng Béra.
2. Kjai Wangsatroena, nama: Kjai Ageng Soember-ageng Daleman.
3. Kjai Kretatroena, nama: Kjai Soember.
4. Kjai Ageng Manten.
5. Njai Waget.
6. Njai Sabloe.

---------- ∠ anggarwa Njai Ageng Soember ageng Padaleman

9. Kjai Soember-ageng Padaleman, ∠poepoetra 7 pitoe.

1. Kjai Najamenggala, ḍoesoen Palar.
2. Kjai Najatroena, ḍoesoen Palar.
3. Kjai Kalakaṭoeng, dados ringgit tijang alam ing Kartasoera.

4. Kjai Kalasrenggi, dados ringgit tijang alam ing Kartasoera.
5. Njai Ḍalang.
6. Njai Pranangga.
7. Njai Nanggoel.

----

10. Kjai Najamenggala, ing ḍoesoen Palar, anggarwa poetraning Radèn Drijawangsa, ing Palar, poepoetra 8 woloe.

1. Poetra patoetan sangking garwanipoen preri, nalika wonten Loḍaja, Kjai Najamenggala waoe, ladjeng mretapa ngèli, sangking Patjitan doemoegi redi Parang Kawidadarèn, wonten benawi Ngloroh kèndel, ladjeng krama preri malih, krama kaping 2 kalih, pikantoek Dèwi Angron-sari, ing goewa Karang Pawidadarèn, patoetan poetra 2.
2. Bagoes Delaga.
3. Bagoes Goemjoer, sampoening babar pamit neḍa pedjah, atoer weling njoewoen kapetak sakilèn peken ing bendjing dados pakaoelaning tijang-tijang, kaṭah ingkang soemeḍja panadaran.
3. Njai Bangsajoeda.
4. Njai Naladangsa.
5. Njai Kretadrana, anggarwa poetraning Toemenggoeng Tambakbaja, ingkang wonten ing Djrèbèng, soemaré lan noeroenaken wonten ing ḍoesoen Djrèbèng.
6. Ngabèi Najatroena ing Palar.
7. Kjai Dimenggala.
8. Njai Tjakramenggala. Sigeg.

---

11. Kjai Najatroena, ḍoesoen Palar, garwa poepoetra 7 pitoe.

blz.140. 1. Poetra patoetan sangking preri, Dèwi Sekar-wangi, poepoetra: Rara Sekar-gaḍoeng, ing Mantjingan.

2. Poetra sangking Njai Najatroena, nama: Njai Adjeng Toemeng-

goeng Wiraredja, dados Wadana Gedong kiwa ing Soerakarta.

3. Kjai Ngabèi Tasik, nama: Ngabèi Najatroena, kaping 2 kalih;
4. Mas Ngabèi Soediradirdja, Ngabèi Kadipatèn Soerakarta.
5. Mas-adjeng Gatipoera, anggarwa poetraning Ngabèi Najatroena, ing Ngaron, Wadana Kebon darat, dados sami djoemboeh, namaning kang rama, kalih kang marasepoeh.
6. Mas Ngabèi Sidoemenggala, ing Kadipatèn.
7. Bokmas Wirasoeta. Sigeg.

Poetraning Ngabèi Najatroena, ing Palar kang No.2.

12. Njai Adjeng Toemenggoeng Wiraredja, Wadana Gedong kiwa, Soerakarta, poepoetra 4.

1. Radèn Rangga Setata, ing doesoen Loenggé, ingkang ladjeng noeroenaken dateng Mas Demang Rediprawira, dalang Loenggé, sak sedèrèk sami wonten Loenggé.
2. Radèn Toemenggoeng Sasradipoera, Boepati Soerakarta.
3. Radèn Pandji Redja-atmadja.
4. Radèn Ngantèn Kretadrana, kaping 2 kalih, kang kemantoe Kjai Kretadrana, ing Djrèbèng. Sigeg.

Poetraning Ngabèi Najatroena, Palar, kang No.3.

12. Kjai Ngabèi Tasik, nama: Ngabèi Najatroena kaping 2 kalih, poepoetra 2 kalih.

1. Èstri krama pikantoek Radèn Ngabèi Djajadipoera.
2. Mas Najaredja, ing Palar.

Poetraning Ngabèi Najatroena Palar, kang No.4.

12. Mas Ngabèi Soediradirdja ing Kadipatèn Soerakarta garwa poepoetra 9 sanga.

1. Mas Ngabèi Soediradirdja kaping 2 kalih.

2. Mas-adjeng Agot.
3. Mas-adjeng Ranggawarsita, anggarwa Radèn Ngabèi Ranggawarsita, Poedjangga Dalem Kangdjeng Soehoenan Pakoe-boewana kaping 7 pitoe Soerakarta Adiningrat, kaseboet Kangdjeng Soehoenan Poeroebaja.
4. Mas-adjeng Tjitradiwirja.
5. Mas Rangga Awiredja, ladjeng nama: Mas Ngabèi Soedira-dirdja kaping 3 tiga.
6. Bokmas Tjakrajoeda, ing doesoen Palar.
7. Bokmas Kartaredja.
8. Bokmas Soeradrana, anggarwa Kjai Soeradrana, ing doesoen Djrèbèng.
9. Wragil Mas Rangga Tenaja.

Poetraning Ngabèi Najatroena, ing Palar, kang No.5.

12. Mas-adjeng Gatipoera, anggarwa Ngabèi Gatipoera, ing doesoen Baron, poepoetra 2.

blz.141. 1. Radèn Ngabèi Sindoesastra.
2. Radèn Ngabèi Djawinata.

Poetraning Ngabèi Najatroena, doesoen Palr kang No.6 nem.

12. Mas Ngabèi Sindoemenggala, ing Kadipatèn garwa poepoetra 7.
1. Badjeng èstri, anggarwa pikantoek poetraning Ngabèi Sindoesastra, poenika poetraning djaler Mas-adjeng Gatipoera, ing Baron, pinanggih nak-dèrèk.
2. Mas Ngabèi Ragasoema.
3. Mas Sindoemenggala, kaping 2 kalih.
4. Mas Rangga Sindoekrama.
5. Mas Wanèngsastra, sangking sémah pangrembé.
6. ~~M~~ Bokmas Kretasampora, sami noenggil saréna.

7. Bokmas Soetadirana, sami noenggil saréna ing Djrèbèng.

Poetraning Ngabèi Najatroena ing Palar kang No.7.

12. Bokmas Wirasoeta, boten poepoetra gaboeg. Sigeg.

Gotèk poetraning Kjai Najamenggala, ing Palar kang No.5 gangsal.

11. Njai Kretadrana, anggarwa poetraning Toemenggoeng Tambakbaja, kang séda soemaré d̲oesoen Djrèbèng; krama pikantoek Kjai Kretadrana, ingkang kaping sapisan, poepoetra:

1. Kjai Kretadrana kaping 2 kalih, anggarwa poetraning Njai Toemenggoeng Wiraredja, sampoen gad̲ah trah Karanglon.

12. Kjai Kretadrana kaping kalih, anggarwa poetraning Njai Toemenggoeng Wiraredja, gad̲ah trah sangking Karanglon poepoetra:

1. Kjai Soeradrana, ing Djrèbèng, anggarwa poetraning Mas Ngabèi Soediradirdja, Kadipatèn.

13. Kjai Soeradrana, ing Djrèbèng, anggarwa poetraning Mas Ngabèi Soediradirdja Kadipatèn, poepoetra:

1. Njai Adjeng Tirtadirana, krama pikantoek Kjai Ngabèi Tirtadirana, Abdi-dalem Panèwoe ged̲ong Soerakarta, sami soemaré Djrèbèng, poetraning djaler Kjai Ngabèi Soetadirana, sami oegi soemaré ing Djrèbèng.

14. Njai Adjeng Tirtadirana, anggarwa Kjai Ngabèi Tirtadirana, Abdi-dalem Panèwoe ged̲ong Soerakarta, séda sarimbit soemaré ngastana Djrèbèng, tilar poetra:

1. Kjai Ngabèi Prawiraredjasa, Abdi-dalem Wedana kemasan Manten Ngajogjakarta, garwanipoen kekalih, garwa sepoeh: poe-

blz.142. traning Kjai Toemenggoeng Kretadirdja, asli Soekawati Kredja, 2 kalih garwa kang nèm: poetraning èstri Radèn Ngabèi Prawiraredjasa, Abdi-dalem Kaliwon Soerakarta, kang séda soemaré ing ḍoesoen Goeling-gaḍingan, poenika poetraning djaler Radèn Dirdjawinata, Soerakarta, poetraning Radèn Adipati Djajaningrat, soemaré ḍoesoen Goeling-gaḍingan, Patih Dalem Kangdjeng Soehoenan Pakoe Boewana kaping 3 tiga, kaseboet Kangdjeng Soehoenan Praboe Djaka, doemoegi Kangdjeng Soehoenan Pakoe Boewana kaping 4 sakawan, kaseboet Kangdjeng Soehoenan Bagoes. Kjai Ngabèi Prawiraredjasa Manten waoe, sasampoening djoemeneng Dalem Nata, ingkang Sinoehoen Kangdjeng Soeltan Mengkoe-boewana kaping 7 pitoe, ing Ngajogjakarta, dipoen gandjar pangkat nama: Kjai Ageng Prawiraredjasa, soemaré ngastana Redi Ḍoekoeh, garwa kang nèm asli Goeling, nama Njai Ageng Prawiraredjasa, sami sarimbit soemaré redi Ḍoekoeh, bawah Kaboepatèn Kalasan Ngajoegjakarta.

---

15. Kjai Ageng Prawiraredjasa, sarimbit ingkang soemaré redi ngastana Ḍoekoeh, poepoetra 7 pitoe.

1. Badjeng iboe asli Soekawati, Kredja, Radèn Ngantèn Ranaprawira, kang njambitani Goesti Pangéran Arja Boeminata, Ngajoegja.
2. Kang iboe asli sangking Goeling, Radèn Widaning-sih, tilas garwa paminggir Kangdjeng Pangéran Kolonèl Adjoedan Arja Joedanagara, patoetan poetra kakoeng nama: Radèn Mas Joedawinata, séda sampoen diwasa, soemaré ing Moelangi, Ngajoegja, ladjeng pegat krama kaping 2 kalih, Radèn Widaning-sih wonten ing Pakoenagaran, soemaré redi Ḍoekoeh.
3. Radèn Ngantèn Tjakradirana, iboe asli Goeling, Radèn

Ngantèn Tjakradirana waoe, anggarwa Kjai Tjakradirana, ing doesoen Pajan poepoetra katah.

4. Radèn Toemenggoeng Soeranagara, Patih Dalem Kadipatèn, iboe asli Goeling.

5. Iboe asli Goeling, Kangdjeng Ratoe Soeltan, ladjeng nama: Kangdjeng Ratoe Ageng, iboe bibi Dalem Kangdjeng Soeltan Mengkoe boewana ingkang kaping 7 pitoe Ngajoegja.

6. Iboe asli Goeling, Radèn Ngabèi Gandaredjasa, anggarwa poetraning Kangdjeng Pangéran Arja Soerjabranta,

7. Iboe asli Goeling, Bendara Radèn Ajoe Poedjakoesoema, anggarwa Kangdjeng Pangéran Arja Poedjakoesoema, poetra Dalem Kangdjeng Soeltan kaping 2 kalih Ngajoegjakarta.

Sigeg.

No.24. Gotèk salasilah ingkang dateng Goeling Pagadingan, loeloehoeripoen Njai Ageng Prawiraredjasa, sarimbit soemaré redi ngastana Doekoeh, kaoeroet sangking ingkang rama, Radèn Ngabèi Prawiraredjasa kaping sapisan ing Soerakarta, ingkang soemaré Goeling doesoen Pagadingan, kados ing ngandap poenika:

1. I. Awit Kangdjeng Soehoenan Praboe Satmata, Ratoe Giri Gadjah kadaton, anggarwa poetraning Kangdjeng Soehoenan Ngampèldenta, nama: Njai Ageng Ratoe; Njai Ageng Ratoe

blz.143. waoe poepoetra:

1. Kangdjeng Soehoenan Giri Dalem, kaseboet Kangdjeng Soehoenan Giri Kidoel, Ratoe Giri kang kaping 2 kalih, anggarwa poetraning Kangdjeng Soehoenan Madjagoeng, ing Goenoeng Djati kaping 2 kalih, tanah Tjarebon.

---

2. Kangdjeng Soehoenan Giri Dalem, I inggih Soehoenan Giri Kidoel, Ratoe Giri kaping 2 kalih, anggarwa poetraning

Soehoenan Madjagoeng, kang kaping 2 kalih Goenoeng Djati tanah Tjarebon, poepoetra 4 sakawan:

1. Kang sepoeh Kangdjeng Soehoenan Giri Prapèn, inggih Ratoe Giri kaping 3 tiga.
2. Pangéran Songèb ing Saba, karan Pangéran Saba, inggih Panembahan Kawis-goewa, wit karem mara-tapa salebeting goewa. Sareng ngalih paḏoekoehan Pakèringan, karan Panembahan Pakèringan, ingkang anggarwa poetraning Kjai Ageng Ngabdoer-rahman, Kjai Ageng Kretabaja ing Séla.
3. Panembahan Agoeng, ing Soerabaja, anggarwa Ratoemas Agoeng, poetraning Panembahan Wilasmara, ing Kaḏiri, soemaré ngastana Kaḏiri.
4. Wragil èstri, nama: Ratoe Ajoe geḏé sawo.

---

3. Kangdjeng Soehoenan Giri Prapèn, Ratoe Giri kang kaping 3 tiga, anggarwa poetraning Pangéran Pangalasan, ing Tjarebon, poepoetra 5 gangsal.

1. Radèn Djajèngresmi, nama: Sèh Among-raga, anggarwa poetraning Kjai Baji Panoerta, ing Wanamarta, nama: Nikèn Tambang-raras, Goestiné Njai Tjenṯini, dados moekmin kas.
2. Radèn Djajèngsari, nama: Sèh Mangoenkarsa, dados moekmin kas.
3. Nikèn Raras-tjipta, anggarwa Sèh A(ng)goeng-rimang, dados moekmin kas.
4. Pangéran Nrang-baja, ingkang binojong ḏateng Pangéran Pekik, oetoesan Dalem ingkang Sinoewoen Agoeng, ingkang katrima pangawoelanipoen awit kinèn anoetoeti ibering peksi Trenggalo, inggih kalong njidikaken ing poendi papan patilemanipoen, kaprenah sakidoelipoen ing saganten kidoel. Ḏawoeh Dalem Kangdjeng Soeltan Agoeng, Pangéran Nrang-baja waoe, kinèn netepaken nama: Kangdjeng Soe-

hoenan Giri kaping 4 sakawan, naming wilajatipoen Karaton kapoendoet dateng ing Kreta.

5. Kang iboe garwa paminggir, èstri, krama pikantoek poetraning Radja Minangkabo, ladjeng kinèn doekoeh déning Kangdjeng Soehoenan Giri Prapèn wonten ing tanah Brondong siti Sidajoe, karan Njai Ageng Kjai Ageng Brondong, séda soemaré lan noeroenaken wonten doesoen Brondong siti Sidajoe.

---

4. Pangéran Nrang-baja, inggih Soehoenan Giri ingkang kaping 4 sakawan, anggarwa poepoetra 3 tiga:

1. Pangéran Nrang-baja kang kaping 2 kalih.
2. Pangéran Nrangkoesoema. Pangéran Nrang-baja ping 2 kalih, Pangéran Nrangkoesoema waoe sami dipoen bojong déning Kjai Mangoendjaja, oetoesan Dalem Kangdjeng Soehoenan Mangkoerat Dinan, Atmiral djoemeneng Nata, ing Wana Kerta, sabedahé ing Sokaradja, Giri, djalaran blz.144. Kangdjeng Soehoenan moendoet bitoewah doewoeng Kjai kala-moenjeng, Soenan Giri ping sakawan semang-semang, wit djalaran sangking atoeré Kjai Mangoen-djaja samar-samar, wasana Soenan Giri angekahi, mila kaseboet ing babad Mangoendjaja matoer dora, sareng bedah ing Giri Sokaradja, Soehoenan Giri kaping 4 sakawan katemah séda, sahit ing prang, para poetra pa~~p~~ra poetri binojong katoer Kangdjeng Soehoenan Mangkoerat waoe, Pangéran kalih: 1 Pangéran Nrang-baja ping 2 kalih; 2 Pangéran Nrangkoesoema, katrima pangawoelanipoen sami dipoen gandjar lenggah sabin, woloeng atoes karja, tanah Goeling doesoen Pagadingan, sami kapradikakaken, naming Pangéran Nrangbaja ping 2 kalih waoe boten poepoetra moekmin kas wahdad, naming Pangéran Nrangkoesoema ingkang noeroenaken.

---

3. Wragil [illegible] kenja, ingkang kabojong déning Mangoendjaja, matoer dora, ladjeng ginarwa ḏateng Kangdjeng Soehoenan Mangkoerat Dinan ing Wana Kreta, nama: Ratoe Pakoewati, tan lami tinarimakaken mring poenggawa, ing Sampang Madoera, nama: Panembahan Tjakraningrat kaping 2 kalih, ingkang séda lacetan ran Kamál tanah Madoera, ingkang mentas kaboetjal ḏateng tanah Loḏaja, nama: Ratoe Pakoewati dipoen poenḏoet, nama: Radèn Ajoe Pakoewati, poepoetra, noeroenaken Adipati Soeradiningrat Sampang, kalih Toemenggoeng Soeranagara; Pasoeroewan, nerahaken: Kjai Adipati Poerwadiningrat Boepati Magetan, alam Kangdjeng Soeltan kaping 2 kalih, dados marasepoeh Dalem, kala nama: Radèn Ajoe Retnawati, kaseboet Bendara Radèn Ajoe Kilèn, poepoetra Kangdjeng Soeltan kaping 3 tiga, Ngajoegja, kaseboet Sinoewoen Radja, nama: Kangdjeng Ratoe Kaḏaton.

Sigeg.

---

5. Pangéran Nrangkoesoema, garwa poepoetra:

1. Pangéran Paminggir.

---

6. Pangéran Paminggir, garwa poepoetra:

1. Pangéran Paminggir kaping 2 kalih.

---

7. Pangéran Paminggir kaping 2 kalih, anggarwa poetraning Pangéran Prangwadana, kaprenah wajahipoen Panembahan Djoeminah, ingkang soemaré ngastana ing Girilaja; Pangéran Paminggir kaping 2 kalih garwanipoen poepoetra:

1. Radèn Paminggir.

---

8. Radèn Paminggir garwanipoen 2 kalih, garwa sepoeh poepoetra

7 pitoe, djaler 3 tiga, èstri 4 sakawan; garwa ingkang nèm poepoetra 5, goenggoeng 12 idji poetra.

1. Sangking garwa nèm, Radèn Djajasoeta, anggarwa poetraning Pangéran Djoengoet ing Wangga. blz.145.
2. Sangking garwa sepoeh, Mas-ajoe Wiradirana, anggarwa Kjai Wiradirana ing Matèsèh, ḍoesoen Sekar-bala.

----

9. Mas-ajoe Wiradirana anggarwa Kjai Ngabèi Wiradirana, Matèsèh, ḍoesoen Sekar-bala, poepoetra 2 kalih.

1. Mas Rangga Wiradirana, Matèsèh Sekar-bala, anggarwa poetraning ingkang oewa, Radèn Djajasoeta, pinanggih nak-ḍèrèk sepoeh èstri.
2. Mas-ajoe Ronḍonsari, Langen Dalem Kangdjeng Soehoenan Praboe Mangkoerat ing Kartasoera.

----

10. Mas-ajoe Ronḍonsari, langen Dalem Kangdjeng Soehoenan Praboe Mangkoerat, poepoetra 2 kalih.

1. Radèn Ajoe Pakoeningrat, anggarwa Radèn Arja Pakoeningrat ing Sampang, tanah Madoera.
2. Radèn Ajoe Éndranata, anggarwa Radèn Arja Éndranata, sareng dipoen rebat kinarang-oeloe, ḍateng ingkang bok-ajoe Kangdjeng Ratoe Madoeretna, pegat, Radèn Ajoe Éndranata waoe, sangking karsa Dalem Kangdjeng Soehoenan Pakoeboewana kaping 2 kalih kang soemaré Nglawéjan, katrimakaken krama pikantoek Radèn Toemenggoeng Joedanagara kaping 3 tiga, Boepati Banjoemas, nama: Radèn Ajoe Bendara, bekta poetra poetri, krama pikantoek poetra bektan sami bektan, poetra badjeng, nama: Radèn Gandakoesoema, patoetan sangking garwa asli Katjé, sareng Kangdjeng Soeltan Mengkoeboewana kaping sapisan djoemeneng Nata wonten Ngajoegjakarta, Radèn Toemenggoeng Joedanagara kaping 3 tiga waoe, djinoendjoeng Kang-

djeng Koempeni, sampoen prama-widya kalih Kangdjeng Soeltan, dados Papatih Dalem sapisan Ngajoegja, nama: Radèn Adipati Danoeredja.

Poetra Radèn Gandakoesoema waoe, goemanti dados Boepati ing Banjoemas, nama: Radèn Toemenggoeng Joedanagara kaping 4 sakawan, garwa asli Éndranatan poepoetra, poetri kagarwa kinarang-oeloe dateng Kangdjeng Pangéran Adipati Mangkoeboemi, sapisan Soerakarta, poepoetra Radèn-ajoe Adipati Poeroebaja, sareng djoemeneng Nata, Kangdjeng Goesti Adipati Poeroebaja, nama: Kangdjeng Soehoenan Pakoe-boewana ping 7 Soerakarta, Radèn Ajoe Adipati nama: Kangdjeng Ratoe Kantjana Poeroebaja, poepoetri Kangdjeng Ratoe Pambajoen Soerakarta, ingkang wahdad.

---

11. Radèn Ajoe Bendara, anggarwa kaping 2 kalih, pikantoek Radèn Toemenggoeng Joedanagara, kaping 3 tiga, Boepati Banjoemas, ladjeng dados Papatih Dalem Kangdjeng Soeltan kaping sapisan Ngajoegjakarta, nama: Radèn Adipati Danoeredja, kaping sapisan Papatih Ngajoegja,
blz.146. poepoetra poetri.

1. Radèn Ajoe Demang Tanpa-nangkil, anggarwa Pangéran Arja Demang Tanpa-nangkil, poetra Dalem Kangdjeng Soeltan kaping sapisan Ngajoegja, sangking garwa paminggir nama: Mas-ajoe.

Sigeg.

---

9. Radèn Djajasoeta, anggarwa poetraning Pangéran Djoengoet ing Wangga, poepoetra 2.

1. Radèn Djajasoeta kaping 2 kalih.
2. Èstri, krama pikantoek poetraning ingkang bibi nama: Mas Rangga Widadirana, ing Matèsèh Sekar-bala, pinang-

gih nak-dèrèk sepoeh èstri.

---

10. Radèn Djajasoeta kaping 2 kalih, garwa poepoetra 3 tiga.

1. Mas-ajoe Andakawana.
2. Mas Saljarini.
3. Mas Rangga Wanèngpati, ing Kadjiwan.

---

11. Mas Saljarini, garwanipoen kakalih, garwa kang sepoeh: poetraning Mas Rangga Poelasing-djati, 2 garwa kang nèm: poetraning Toemenggoeng Baoereksa, Boepati ing Pakalongan, Mas Saljarini poepoetra 3 tiga.

1. Garwa sepoeh asli Tadji, Karanglon, Mas Tjakrawidjaja.
2. Garwa sepoeh asli Tadji, Karanglon, Mas Ranawidjaja.
3. Sangking garwa nèm asli Pakalongan, Mas-ajoe Mretajoeda.

---

12. Mas Ranawidjaja, anggarwa poetraning kang bibi Mas-ajoe Mretajoeda, pinanggih nak-dèrèk, poepoetra 5 gangsal.

1. Bokmas Wirjawidjaja, anggarwa poetraning Ngabèi Tjakratroena, ing Kedoe Blabag Sanggrahan.
2. Mas Ngabèi Ranajoeda, boten noeroenaken.
3. Mas Ranawidjaja kaping 2 kalih, krama pikantoek asli Kedoe Moekit.
4. Mas Ngabèi Ranadipa.
5. Mas Ngabèi Prawiradipoera, Wadana pradjoerit ing Kadipatèn.

---

13. Mas Ngabèi Prawiradipoera, Wadana pradjoerit Kadipatèn, alam Kangdjeng Soeltan kaping 2 kalih Ngajoegja, anggarwa poetraning Kjai Ngabèi Sébadirana, doesoen ing Demakidjo, Kjai Ngabèi Sébadirana, poetraning Kjai Sébamenggala, Manten, poetraning Radèn Sébamenggala, kang séda prang wonten Demoeng, poenika poetraning Radèn Wangsa-

prana, poetraning Radèn Toemenggoeng Oedanagara, kang soemaré Demak-idjo, poenika poetraning Pangéran Mandoeraredja kaping sapisan, soemaré goenoeng Prawata, kang sisih wétan, tanah Kaliwoengoe, poetraning Adipati Pangéran Mandoeranagara, ing Mantaram, kang soemaré Gambiran, poenika poetraning Kjai Ageng Djoeroemartani inggih Panembahan Mandaraka, soemaré Kita Ageng, poetraning Pangéran Songèb, Saba, inggih Panembahan Kawis-goewa, Panembahan Pekèringan. Mas Ngabèi
blz.147. Prawiradipoera, Wadana pradjoerit Kadipatèn waoe, poepoetra 6.

1. Radèn Kalpikawati, langen Dalem Kangdjeng Soeltan kaping 3 tiga Ngajoegjakarta, pamoendoetipoen langen teksih wonten ing Kadipatèn, poepoetra: Kangdjeng Pangéran Arja Soerjabranta; sareng ingkang rama Dalem sampoen djoemeneng Nata, nama: Kangdjeng Pangéran Arja Poerwadiningrat, anggarwa poetraning Kangdjeng Radèn Adipati Danoeredja kaping 2 kalih, kang kaseboet Radèn Adipati Séda ngedaton.
2. Mas-adjeng / Djajasetika, ing doesoen Plahoer.
3. Radèn Ajoe Lesmanawati, ngarang-oeloe, Kangdjeng Soeltan kaping 3 tiga, poepoetra Bendara Radèn Ajoe Praboeningrat, boten poepoetra, anggarwa Pangéran Dipati Praboeningrat, nama: Mas Moekidin, Djaka Kamoran, poetraning Toemenggoeng Wiragoena, alit Bagoes Manglar, sami toeroenipoen Soerapati, Wiranagara, Pasoeroewan, Wiranagara ping sapisan, poepoetra Toemenggoeng Wiranagara kaping 2 kalih, poepoetra kalih: 1 Toemenggoeng Soeranagara, 2 Radèn Toemenggoeng Soerakoesoema, alam Kangdjeng Soeltan kaping sapisan Ngajoegja, kakéndangaken wit baloehi kraman Pangéran Singasari, Poetra Dalem

Kangdjeng Soenan Praboe Mangkoerat Kartasoera, Radèn Toemenggoeng Soerakoesoema, sampoening kéḍang mring Sabrang, tilar garwa saweg ngartali tanggoeng, dipoen tjakoep ḍateng Kjai Toemenggoeng Wiragoena, Manglar, kasingidaken wonten Bekel lenggahipoen ing redi Boeṭak / bawah Kaboepatèn Bantoel. Sareng dados sémah ngartali waoe ladjeng lahir, medal djaler, nama: Bagoes Moekidin, Djaka Kamoran, nama: Wiranagara, ladjeng nama: Pangéran Dipati Praboeningrat, kéḍang ing Sabrang;

4. Mas Ngabèi Bahoeseparta, sémah poetraning Mas Ngabèi Wirakrama, Mantri djawi.
5. Mas Ngabèi Resadipoera, sémah ing asli Djapan.
6. Mas Bahoeseparta ping 2 kalih, sémah soetaning Mas Ngabèi Mangoen-joeda.

---

14. Mas-adjeng Djajasetika, ing ḍoesoen Plahoer, poepoetra:

1. Mas Toemenggoeng Tirtadipoera.

---

15. Mas Toemenggoeng Tirtadipoera, anggarwa poetraning Radèn Poespakoesoema, poepoetra 2 kalih.

1. Radèn Nganten Tjakradimedja.
2. Radèn Ajoe Semintaningroem, langen Dalem Kangdjeng Soeltan kaping 6 nem Ngajoegja.

---

16. Radèn Ajoe Semintaningroem, langen Dalem Kangdjeng Soeltan kaping 6 nem Ngajoegja poepoetra:

1. Bendara Radèn Ajoe Goesti Poerwadiningrat, anggarwa Radèn Poerwadiningrat Manten, poepoetra Radèn Mas Moersahit. Sigeg.

Mangsoeli poetraning Radèn Djajasoeta, kang kaping 2
11. kalih, poepoetra kang No.3 tiga, Mas Rangga Wanèngpati, ing

blz.148. Kadjiwan, poepoetra 3 tiga:

1. Mas Rangga Soetadirdja, ing Kadjiwan, anggarwa poetraning Pangéran Mangkoekoesoema, ing Kartasoera, sangking garwa sepoeh.
2. Radèn Adipati Djajaningrat, kang soemaré Goeling Pagadingan, Patih Dalem Kangdjeng Soehoenan kaping 3 tiga, Sinoehoen Praboe Djaka, doemoegi Kangdjeng Soehoenan kaping 4 sakawan moeng sakedap.
3. Èstri krama pikantoek Toemenggoeng Soemawinata, Boepati (g ?) Djagarara.

----

12. Radèn Adipati Djajaningrat, kang soemaré tanah Goeling Pagadingan, Patih Dalem Kangdjeng Soenan Soerakarta, Patih ping 6 nem, garwanipoen 2 kalih: garwa kang sepoeh poetraning Radèn Adipati Sindoeredja, Patih ping 4 sakawan, Soerakarta, poenika ~~soetasing~~ poetraning Kjai Soetamarta, kaping 3 tiga, inggih Kjai Toemenggoeng Sarawadi, kaping sapisan, kang soemaré doesoen Blèbèran tanah pasisir wétan Trisik bawah Pakoe-alaman, poetraning Kjai Soetamarta kaping 2 kalih, poetraning Kjai Boejoet Pager-goenoeng kaping 5 gangsal, poetraning Kjai Pager-goenoeng ping 4 sakawan, poetraning Kjai Pager-goenoeng ping 3 tiga, poetraning Kjai Pager-goenoeng ping 2 kalih, poetraning Kjai Ageng Karo-tangan, inggih Kjai Ageng Pager-goenoeng ping sapisan soemaré Pager-goenoeng, poetraning Kjai Ageng Anis, kang soemaré ing / Lawéjan, poetraning Kjai Ageng Ngabdoer-rahman ing Séla, ingkang nganggit Pepali, poetraning Kjai Ageng Ngabdoelah, ing Getas-pandawa, poetraning Radèn Bondan-kedjawan Lemboe-peteng, Kjai Ageng Taroeb kaping 3 tiga, poetraning Sri Brawidjaja ingkang wekasan. Garwa nèm, poetra Dalem Kangdjeng Soehoenan Pakoe-boe-

wana ping 3 tiga Soerakartà, poetra Dalem kang no.11 sawelas, Radèn Adjeng Kabibah, Radèn Adipati Djajaningrat poepoetra 6 nem.

1. Kang iboe poetra Dalem, Radèn Soemadiningrat Soerakarta, poepoetra Radèn Soemadiningrat kaping 2 kalih, poepoetra Radèn Soemaprawira ing ḍoesoen Poeroen, poepoetra Radèn Rana-atmadja.
2. Kang iboe poetra Dalem, Radèn Toemenggoeng Djajaningrat Boepati Soerakarta, poepoetra Radèn Toemenggoeng Djajaningrat kaping 2 kalih, poepoetra Radèn Ajoe Sasranagara, anggarwa Radèn Adipati Sasranagara, Patih Dalem Soerakarta, Patih Dalem Kangdjeng Soehoenan kaping 9 sanga Soerakarta.
3. Kang iboe poetra Dalem, nama: Kangdjeng Ratoemas, garwa Dalem kang anèm Kangdjeng Soehoenan Pakoeboewana kaping 5 gangsal, kaseboet Soenan Soegih, pinanggih nak-ḍèrèk, poepoetra Radèn Ajoe Kabibah, sareng kang rama djoemeneng Nata, nama: Kangdjeng Radèn-ajoe Sekar Keḍaton, krama pikantoek Kangdjeng Goesti Pangéran Adipati Mangkoenagara, kaping 3 tiga, nama: Kangdjeng Ratoe Kaḍaton.
4. Kang iboe garwa sepoeh, Radèn Ngabèi Soemaredja, boten poepoetra.
5. Kang iboe garwa sepoeh, Radèn Major Soemadirdja, Soerakarta.
6. Kang iboe garwa sepoeh, Radèn Dirdjawinata, Soerakarta.

----

13. Radèn Major Soemadirdja, garwa poepoetra 2 kalih.

blz.149.
1. Radèn Retnadiloewih, Langen Dalem Kangdjeng Soehoenan Pakoe-boewana kaping 7 pitoe ing Soerakarta.
2. Radèn Bagoes Batjoet.

----

14. Raden Retnadiloewih, langen Dalem Kangdjeng Soehoenan Pakoe-boewana ping 7 pitoe, poepoetra 2 kalih.

1. Raden Adjeng Maknawijah, anggarwa Pangéran Pandji Soerjaningrat, nama: Bendara Raden Ajoe Soerjaningrat.
2. Raden Mas Sardjana, séda teksih timoer.

----

15. Bendara Raden Ajoe Soerjaningrat, anggarwa Pangéran Pandji Soerjaningrat, poepoetra 2 kalih.

1. Raden Mas Kapoer, nama: Kangdjeng Pangéran Arja Tjakranagara, Soerakarta.
2. Kangdjeng Pangéran Arja Tjakradiningrat, Soerakarta.

Bendara Soerjaningrat, sareng garwa kéndang mring Menado, krama kaping kalih pikantoek Raden Adipati Sasradiningrat kang séda soemaré Djaboeng poetraning Raden Toemenggoeng Aroeng-binang, kaping 2 kalih, Soerakarta.

Sigeg.

Poetraning Raden Adipati Djajaningrat kang No.6 nem.

13. Raden Dirdjawinata, anggarwa poetraning Mas Rangga Soeradirdja, ing Kadjiwan, pinanggih naking-saderèk, poepoetra 4 sakawan.

1. Raden Toemenggoeng Martadipoera, Boepati Klaten.
2. Raden Ngabèi Prawiraredjasa, Abdi-dalem Kliwon Soerakarta.
3. Raden Soetaredja, wonten nagari Ngajoegja.
4. Kjai Ngabèi Mangkoejoeda, abdi-dalem Kaliwon ing Soerakarta.

----

14. Raden Ngabèi Prawiraredjasa, abdi-dalem Kliwon ing Soerakarta, kang soemaré Goeling doesoen Pagadingan, anggarwa poetraning Raden Ajoe Soemawidjaja, poetraning Raden Ajoe Djajanagara, poetraning Raden Toemenggoeng

Pandji Poespanagara, sapisan, ingkang karan Djoeragan Bali, inggih Ngabèi Toh-djaja, poetraning Panembahan Tjakraningrat ing Madoera, Radèn Ngabèi Prawiraredjasa garwa poepoetra èstri.

1. Radèn Ngantèn Prawiraredjasa kaping 2 kalih, ladjeng kaseboet Njai Ageng Prawiraredjasa, kang soemaré ngastana redi Ḍoekoeh, ingkang kemantoe ḍateng Ngabèi Tirtadirana, kang ṣoemaré ḍoesoen Djrèbèng.

Sigeg.

No.25. Poenika salasilah oeroetanipoen Pangéran Adipati Toebin.

1.
blz.150. Awit ingkang wekasan Pangéran Adipati Toebin, doemoegi Radèn Ngabèi Soemawidjaja, poetraning Radèn Toemenggoeng Soeranagara, djaman Kartasoera, kados-déné nganḍap poenika.

1. Awit Pangéran Adipati Toebin, anggarwa poetranipoen Kangdjeng Soeltan Adi Amidjaja Praboe Kamidil Ngalam, ing nagari Padjang, poepoetra:

1. Pangéran Arja Toebin, Mantawis Mantaram.

---

2. Pangéran Arja Toebin, Mantawis, garwa poepoetra:

1. Adipati Toebin.

---

3. Adipati Toebin garwa poepoetra:

1. Kjai Toemenggoeng Toebin.

---

4. Kjai Toemenggoeng Toebin, garwa poepoetra:

1. Kjai Toemenggoeng Toebin kaping 2 kalih.

---

5. Kjai Toemenggoeng Toebin kaping 2 kalih, garwa poepoetra:

1. Radèn Manjoera, dados Abdi-dalem Loerah panegar koeda, alam ing Kartasoera, ladjeng katriman sadèrèk dalem Kangdjeng Soehoenan Pakoeboewana kaping sapisan, madeg Nata Kartasoera, poetri tilasanipoen Troenadjaja, Radèn Manjoera waoe djinoendjoeng ing aloehoer, nama: Pangéran Soeranagara, boten lami ladjeng pegat, raji Dalem waoe ladjeng katrimakaken dateng Adipati Sindoeredja, Patih ing Kartasoera, poetraning Kjai Toemenggoeng Sarawadi, kaping sapisan, kang soemaré ing doesoen Balèbèran, tjelak pasisir kidoel-wétan ing Trisik bawah Pakoe-alaman.

   Pangéran Soeranagara waoe, sampoening pegat kalih sadèrèk Dalem tilasanipoen Troenadjaja, kalintoe katriman poetra Dalem pjambak, sangking patoetan garwa paminggir, nama: Mas-ajoe Tjandrawati, asli sangking Djoeroek(g), poetri nama: Radèn Adjeng Manis.

----

6. Pangéran Soeranagara, anggarwa Sadèrèk Dalem Kangdjeng Soehoenan Pakoeboewana kaping sapisan madeg Nata Kartasoera, poetri tilasanipoen Troenadjaja, boten lami ladjeng pegat, kalintoe katriman Poetra Dalem pjambak, poetri patoetan sangking garwa paminggir, Mas-ajoe Tjandrawati, asli sangking Djoeroeg, poetri Radèn Adjeng Manis, poepoetra 2 kalih.

   1. Radèn Ajoe Mangkoekoesoema, anggarwa poetraning Kangdjeng Soehoenan Praboe Mangkoerat ing Kartasoera, nama: Pangéran Arja Mangkoekoesoema.
   2. Radèn Pandji Tohpati, anggarwa poetraning Pangéran Arja Mangkoekoesoema, amoeng poetra patoetanipoen sangking garwa sepoeh, Radèn Pandji Tohpati waoe, goemanti kalenggahanipoen ingkang rama, dados Abdi-dalem Wadana Soematali, sadaja, nama: Radèn Toemenggoeng Soeranaga-

ra, ing Kartasoera.

---

7. blz.151. Radèn Toemenggoeng Soeranagara, anggarwa poetraning Pangéran Arja Mangkoekoesoema, poetra patoetan sangking garwa ingkang sepoeh, nama: Radèn Ajoe Soeranagara, poepoetra 5.

1. Radèn Toemenggoeng Soeranagara kaping 2 kalih.
2. Radèn Ngabèi Soemawidjaja, anggarwa poetraning Kjai Toemenggoeng Djajanagara, poetraning Radèn Pandji Prawiraboemi, ingkang kapladjar ḏateng ḏoesoen ing Ngloemboe, alam Patroenadjajan, Kangdjeng Soehoenan kang soemaré ing Tegil-aroem.
3. Radèn Ngabèi Soemadita.
4. Radèn Ngabèi Soeradita.
5. Radèn Ngantèn Kadjoran.   Sigeg.

No.26. Poenika gotèk salasilahipoen Kjai Toemenggoeng Djajanagara, Boepati Kartasoera, awit ingkang wekasan nganḏap poenika.

1. Awit ingkang Sinoehoen Kangdjeng Soehoenan Adi Praboe Anjakrawati Sénapati Ngalaga Mantaram, ingkang séda Karapjak, soemaré Kiṯa-ageng, poepoetra 15 gangsal welas, katjek poetra kang No.3 tiga.

3. Nama: Radèn Mas Djantoer, iboe Mas-ajoe Asoka, garwa paminggir, asli Menḏangkelé inggih Bagelèn, Radèn Mas Djantoer waoe nama: Pangéran Arja Boemidirdja, kala alam Kangdjeng Soehoenan Mangkoerat Ageng, soemaré Tegalaroem, djoemeneng Nata, ingkang paman Pangéran Arja Boemidirdja, dados toewa(ng)ganing nagari Ngèksiganda ing Palèrèd; sareng dipoen tingali ingkang poetra anggènipoen djoemeneng Nata, anggèning ngasta panga-

dilan sisip, boten kénging sinoenḏoel atoer, Pangéran Boemidirdja waoe, linggar lolos sagarwa poetra sentana, wedal sirep djalma, njamoen lir kawoela, ngrontjot ngroetjat agem-ageman, gantos asma, silih nama: Kjai Boemi, soemedya tetroeka ing poendi ingkang dipoen senengi, pinḏah-pinḏah ingkang dipoen troekani, andjog wonten ing ḏoesoen Karang, goenoeng ing Keḏoeng-tawon, ing ngrikoe Kjai Boemi Njai Boemi, lami-lami tampi sasmita wangsit, sageda pinḏah tjelaka, redi Boeloe-kapitoe, Kjai Boemi Njai Boemi kalampah linggar pinḏah tjelak ~~k~~sakidoel-wétanipoen prenah redi Boeloe-kapitoe, dipoen namani ḏoesoen Boemèn, Koeṯawinangoen.

----

2. Pangéran Arja Boemidirdja, kang woes sisilih nama: Kjai Boemi, Njai Boemi, ing Boemèn Koeṯawinangoen, séda sarimbit soemaré ing ḏoesoen Lonḏong neroesaken anggèni-poen damel tetroekan pjambak; ing samangké nami ḏoesoen Lonḏong, sarta ngenggèni bandjar padalemanipoen, tilar poetra sakawan.

1. Kjai Bekel nama: Radèn Pandji Prawiraboemi.
2. Kjai Goesti.
3. Kjai Dalem.
4. Njai Loenḏong.

3.
blz.152. Radèn Pandji Prawiraboemi, ingkang linggar ḏateng ḏoesoen ing Ngloemboe(ng), tanah Kartasoera Padjang, alam dahoeroe Troenadjajan, sakatremipoen wonten ḏoesoen ing Ngloemboe waoe ladjeng krama ing ngrikoe poetra 4 sakawan:

1. Kjai Bekel Wangsajoeda.
2. Kjai Kénṯol Djajatroena.
3. Kjai Kénṯol Djajaleksana.

4. Kjai Woeragil.

----

4. Kjai Woeragil, garwa poepoetra 2 kalih.

1. Kjai Anggajoeda.
2. Kjai Singajoeda, dedalem ing ḍoesoen Keḍoeng-tawon.

----

5. Kjai Anggajoeda, garwa poepoetra 8 woloe.

1. Èstri, sémah Djrakah, pikantoek Kjai Wirarana.
2. Kjai Anggadiwangsa.
3. Njai Manten, Nalawidjaja.
4. Kjai Anggawangsa, sapisan.
5. Njai Wirawangsa, ing Blimbing.
6. Kjai Soetajoeda.
7. Èstri sémah Soeradjaja, ing Ngambal.
8. Kénṭol Soerawidjaja.

Katjrijos ing waktoe semanten ing nagari Kartasoera wonten ø dahoeroe ladjeng Kénṭol Soerawidjaja kakresakaken dados pangagengipoen tijang ḍoesoen ing Koeṭawinangoen, nama: Kjai Anggawangsa kaping 2 kalih, katrimah ing damelipoen kawinisoeḍa, nama: Radèn Toemenggoeng Aroeng-binang, Boepati Sèwoe, ing Kartasoera, tan lami nagari ladjeng∠pindah ḍateng tanah Sala, ḍoesoen djenes. ∠ karsa

Sigeg.

Mangsoeli gotèk Kjai Kénṭol Djajatroena.

4. Kjai Kénṭol Djajatroena, katrima wit saged damel tatatentremipoen raresah maḍangaken margi-margi, saking Bajalali, ḍateng Samarang, Selatiga, sangking kresanipoen tijang ageng pangagengipoen nagari, sami abi-praja, Kjai Kénṭol Djajatroena, sinengkakaken ing aloehoer, kinawoe-

la-wisoedḏa, nama: Boepati, Radèn Toemenggoeng Djajanagara, Boepati Wadana Siti Ageng, ing Kartasoera, alam Kangdjeng Soehoenan Pakoe-boewana kaping sapisan, nagari Kartasoera, kaseboet Sinoehoen Poeger.

Kjai Toemenggoeng Djajanagara, inggih Kénṯol Djajatroena, Boepati Wadana Siti Ageng, anggarwa poetraning Radèn Toemenggoeng Pandji Poespanagara, inggih Ngabèi Tohdjaja, inggih Djoeragan Bali. Kjai Toemenggoeng blz.153. Djajanagara, inggih Kénṯol Djajatroena séda sarimbit sami soemaré ing ḏoesoen Ngloemboe, sakilèn ing Drekila bawah Soerakarta, tilar poetra 2 kalih.

1. Radèn Ajoe Soemawidjaja, anggarwa poetraning Radèn Toemenggoeng Soeranagara, kaping sapisan, abdi-dalem Wadana Soematali, ing Kartasoera, krama pikantoek Radèn Ngabèi Soemawidjaja, Soerakarta Adiningrat.
2. Radèn Ajoe Soetawidjaja, Anggadjaja, krama pikantoek poetraning Kjai Toemenggoeng Soetadipoera, ing Demak.

Sigeg.

No.27. Poenika gotèk sala~~d~~silah awit ingkang wekasan Panembahan Tjakraningrat, ingkang séda pasisiran ing Kamal tanah Madoera, kados ing nganḏap poenika.

1. Panembahan Tjakraningrat, ingkang séda ing pasisiran ing Kamal ing Madoera, ingkang kaboetjal ḏateng Loḏaja, déning poetra kapoenakan Praboe Madoeretna, inggih Troenadjaja; ingkang djoemenengaken Nata Pangéran Adipati Poeger, wonten Samarang koendoer madeg Kartasoera, ingkang katriman Radèn Ajoe Pakoewati, poetri asli sangking Giri kaping sakawan patoetan poetra; poenika poetraning Panembahan Tjakraningrat, ingkang soemaré~~p~~ ing Imagiri, poetraning Panembahan Tengah A-

ris-baja, inggih Arja Djaran-panolih, kang kaping 3 tiga, poetraning Panembahan Bratanoe, ing Lemah-d̲oewoer Aris-baja, anggarwa poetraning Soeltan Adi Amidjaja, Praboe Kamidil Ngalam ing Padjang; Awit Madoera agami Islam. Panembahan Bratanoe Lemah-d̲oewoer Aris-baja, poetraning Pangéran Agoeng, ing Palakaran, poetraning Arja Demoeng, Aris-baja, poetraning Arja Podjok, inggih Arja Batjoek, anggarwa Njai Boedd̲a, toeroenipoen Arja Lemboe-peteng Madoera, kang soemaré ing Ngampèldenta. Arja Batjoek waoe, poetraning Arja Timboel, anggarwa poetraning Arja Djaran-panolih Soemenep. Arja Timboel poetraning Arja Ménak-soenaja, kang soemaré Madoera, sad̲èrèkipoen enèm ad̲inipoen Adipati Petjat-tand̲a Teroeng, sami poetraning djaler Arja Damar Panembahan Palémbang, poetraning badjeng Sri Praboe Brawidjaja kaping 5 gangsal Ratoe Madjapait kaping 7 pitoe, ingkang wekasan, patoetan saking garwa paminggir, poetri raseksi Éndang Semintawati, poenika plara-rara, ingkang kénging sot déning Radèn Djaka Soeroeh, alam badé d̲ateng redi Kombang, sowan ingkang éjang Ratoe Paged̲ongan asli Padjadjaran sapisan.

Panembahan Tjakraningrat, kang séda pasisiran ing Ka-
mal, garwanipoen kalih, garwa kang sepoeh nama: Ra-
toe Arèn, garwa kang nèm poetri triman sangking Kang-
djeng Soehoenan Mangkoerat, Amral, Atmiral. Katjri-
blz.154. jos Panembahan Tjakraningrat kang séda pasisiran ing
Kamal waoe, poetranipoen goenggoeng 31 tigang dasa
satoenggil. Déné poetra kang No.4 sakawan,
4. kang iboe Ratoe Arèn, Radèn Arja Tohdjaja.

10. Kang iboe Radèn Ajoe Pakoewati, asli sangking Giri kaping sakawan, poepoeṭra Radèn Arja Samawinata, sareng dados Boepati Pasoeroewan nama: Radèn Toemenggoeng Poerwanagara, ingkang noeroenaken Radèn Toemenggoeng Sasrawinata, Boepati Magetan Kertasana, kagoengan poetra èstri, pinoenḍoet dados langen sepoeh nama: Radèn Ajoe Retnawati, kaseboet Radèn Ajoe Kilèn; langen Dalem Kangdjeng Goesti Pangéran Adipati Anom Mengkoenagara, sareng djoemeneng Nata, Kangdjeng Soeltan Mengkoeboewana kaping 2 kalih Ngajoegja, Radèn Ajoe Kilèn Retnawati waoe djinoendjoeng nama: Kangdjeng Ratoe Kaḍaton, poepoetra Kangdjeng Goesti Pangéran Adipati Anom, kaseboet Pangéran Radja, waktoe alam teksih djoemeneng Dalem Kangdjeng Soeltan kaping sapisan Ngajoegja, Radèn Toemenggoeng Sasrawinata waoe, kalepatan dipoen pidana, pinitjantjang kawan-~~s~~dasa dinten. Sareng sampoen pikantoek pangapoenten Dalem kalilan manṭoek, djinoendjoeng nama: Adipati Poerwadiningrat medanani pamaosan Dalem, mantja-nagari, sadaja tanah wétan.

----

2. Radèn Arja Tohdjaja, garwa poepoetra 3 tiga:

1. Radèn Pandji Tohdjaja, Tohdjaja ping 2 kalih.
2. Radèn Ajoe Soeradipoera, anggarwa Radèn Arja Soeradipoera, ing Madoera.
3. Radèn Bagoes Kanṭa.

----

3. Radèn Pandji Tohdjaja, kalih kang raji Radèn Bagoes Kanṭa, sami ḍèrèk ḍateng ingkang paman Pangéran Djimat, linggar lolos ḍateng nagari Bali, sampoening wonten Bali Pangéran Djimat waoe ladjeng gerah katemah séda tilar doenja, Radèn Pandji Tohdjaja, kalih kang raji Radèn Ba- blz.155.

goes Kanṭa katemah kaloenta-loenta, ladjeng pinenḍet anak moeri~~g~~d ḍateng Panembahan Boesoe, ing Bali, Panembahan Boesoe waoe, toeroen sangking poetraning Sri Praboe Brawidjaja, kaping 5 gangsal, Ratoe Madjapait ingkang wekasan, patoetan sangking garwa paminggir poetra kang No.6 nem, Radèn Djaka Maja, nama Arja Déwaketoet, ingkang dados Adipati wonten ing nagari Bali, toeroen kaping 8 woloe doemoegi Panembahan Boesoe waoe, Radèn Pandji Tohdjaja sampoening pinenḍet dados anak moerid, winoelang prama-widya, mjang saliring rèh pangoepa-djiwa, dedagangan sabarang pakarjan doenja, lami-lami dados djoeragan sangsaja ngreda, ladjeng karan Djoeragan Bali, ingkang dipoen toembas dagangan toembas tijang, sampoening kaṭah panoembasipoen, tijang waoe, ladjeng saged pitepang kalih Arja Datoek Panḍoga Radja Déwa ~~K~~Nintala, inggih Radja Bali, mila ladjeng pitepang noenggil pisepoeh, sami magoeroe dateng ingkang éjang Boejoet Panembahan Boesoe ingkang ngoemoer 86 woloeng dasa nem warsa; doek semanten kraman Djajapoespita, minta sraja ḍateng Radja Bali Déwa Nintala, ingkang dipoen soekakaken bijantoe Djoeragan Bali, ladjeng noenggili kraman Djajapoespita, ing wasana djoeragan Bali soemerep ḍateng oetoesan sangking Kartasoera, Djoeragan Bali waoe balik k(t)eloek ḍateng Kjai Dipati Tjakradjaja, ladjeng binekta prang nanggoelang kraman Djajapoespita, kraman ladjeng kasor lestantoen toemoet dateng Kjai Patih Tjakradjaja. blz.155.

Sareng Kangdjeng Pangéran Arja Balitar, lolos djoemeneng ing Mantawis, Ki Djoeragan Bali waoe dipoen timbali ḍateng Kangdjeng Soehoenan Praboe Mangkoerat Kartasoera, ndikakaken angloeroegi pangramanipoen Pangéran Arja Balitar, Pangéran Balitar katjepeng déning Ki Djoeragan Bali, sampoen ing saged njepeng kraman Pangéran Balitar waoe, ki Djoeragan Bali waoe, ginandjar dados Ngabèi wonten tanah ing Lamongan, nama: Ngabèi Tohdjaja, sinoeng lenggah tanah Lamongan, goenggoeng siti 3000 tigang èwoe karja, Radèn Bagoes Kanṭa teksih ngèrèk ingkang raka wonten ing Lamongan.

Kodjar sadjoemeneng Dalem Kangdjeng Soehoenan Pakoeboewana kaping 2 kalih, ingkang séda soemaré ing Lawéjan, nagari Kartasoera, beḍah Patjina, Kangdjeng Soehoenan Pakoeboewana kaping 2 kalih kèngser linggar mring Panaraga, sinambi ngajem-ajem karsa, krama pikantoek poetraning Boepati Panaraga, / Toemenggoeng Soerabrata; Ngabèi Tohdjaja dipoen timbali mring Panaraga, dipoen ḍawoehi ngiroep-iroep ḍateng mantja nagari bang wétan, soepados ngigepa mring Panaraga, Ngabèi Tohdjaja Lamongan sagah, tan lami katrima damelipoen, katjrijos dipoen gandjar nama Boepati, Radèn Toemenggoeng Pandji Poespanagara, Boepati Panaraga, déné Radèn Kanṭa goemanti kalenggahanipoen ingkang raka dados Ngabèi wonten ing Lamongan, nama: Radèn Ngabèi Tohjoeda, ladjeng dipoen elih namanipoen, nama: Radèn Ngabèi Poespawidjaja, teksih ngèrèk wonten Panaraga, sareng Kangdjeng Soehoenan Pakoeboewana kaping 2 kalih djoemeneng Nata malih binombong mring Kangdjeng Koempeni, tambah kontrak kaping kalih, tan lami toewan Idelèr Samarang masrahaken para sentana, ingkang ḍateng Samarang, raji raji Dalem para Pangéran sakawan, pangadjeng Kangdjeng Goesti Pangéran Arja Mangkoeboemi, riwoek Toemenggoeng Martapoera,

Paridan teksih madeg padarwa, wonten tanah Soekawati, sangking kresa Dalem Kangdjeng Goesti Pangéran Arja Mangkoeboemi, kinèn ngendahaken, aming Patih Dipati Pringgalaja, bijantoe lan Major Goendoerep, boten njoewawèni karsa Dalem, Kangdjeng Goesti Pangéran Mangkoeboemi èsmoe roentik, lingsem déning dipoen roebédani aroe-biroe, dateng Major Goendoerep, lan Dipati Pringgalaja, woesana
blz.156. njerang panggalih pribadi, palalipoen Pangéran ingkang moerbèng pasti, waktoe semanten Panembahan Poeger Martapoera Paridan, njoendaka kinèn ngatoeri Kangdjeng Goesti Pangéran Mangkoeboemi, kapareng noedjoe kang galih, tindak dateng Soekawati, djoedjoeg grijanipoen Kjai Soeradigdaja sak sadèrèk asli Soekawati, tjekaking tjrijos, Panembahan Poeger Martapoera, Paridan, ontjat mring Samarang, dados soedagar wadé ajam, Pangéran Soerjakoesoema noengkoel, koendoer mring Kartasoera, tan lami, karsa Dalem pindah nagari, linggar mring tanah Sala, doesoen djember, dadosing nagari nama: Soerakarta Adiningrat, waktoe anjaran karan nagari Salakarta.

Radèn Toemenggoeng Pandji Poespanagara, Tohdjaja Djoeragan Bali ngèrèk mring Salakarta, dados Boepati Wadana Gedong kiwa, sampoening tata-tentrem, nama: teksih Radèn Toemenggoeng Pandji Poespanagara, déné ing Panaraga, kang poetra ingkang goemanti.

Doek kala wektoe semanten ing nalika djoemeneng wonten Panaraga, moendoet poetri bojongan asli sangking Toeban, katrimakaken dateng Radèn Toemenggoeng Pandji Poespanagara, dados garwanipoen kalih, garwa kang sepoeh asli Lamongan poetraning Toemenggoeng Brataoen, toeroenipoen Arja Djipang, inggih Arja Penangsang, poenika poetranipoen Radèn Toemenggoeng Pandji Poespanagara, ingkang goemanti wonten Panaraga wau;

Katjrijos Raden Toemenggoeng Pandji Poespanagara, Djoeragan Bali Raden Pandji Tohdjaja, poepoetra 8 woloe:

1. Iboe asli Lamongan dados Boepati wonten Panaraga.
2. Iboe asli Lamongan èstri krama pikantoek Radèn Toemenggoeng Soetadipoera ing Demak.
3. Iboe asli Toeban, Radèn Pandji Gringsing, nama: Radèn Toemenggoeng Poespakoesoema, Gringsing, Boepati Gedong Soerakarta.
4. Iboe asli Toeban, Radèn Toemenggoeng Poespadiningrat.
5. Èstri krama pikantoek Kjai Toemenggoeng Djajanagara, Boepati Siti ageng, Soerakarta, ngadjeng Kjai Kéntol Djajatroena.
5. Radèn Mas Goesti Galija, parab Radèn Mas Goesti Tala, nama: Kangdjeng Goesti Pangéran Arja Mangkoeboemi, kaping sapisan anggarwa poetraning Ngabèi Ranoewidjaja, poetraning Radèn Toemenggoeng Joedanagara kaping 3 tiga, sareng dados Papatih Dalem nama: Radèn Adipati Danoeredja kaping sapisan Patih Ngajoegjakarta, poetraning Ngabèi Ranoewidjaja, Radèn Ajoe Mangkoeboemi sapisan waoe séda, ladjeng karsa Dalem ngarang-oeloe, sedèrèk anak-ḍèrèk poetraning Radèn Toemenggoeng Joedanagara, Boepati Banjoemas kaping sakawan, patoetan poetra bektan sami bektan, poe- blz.180.

traning Radèn Ajoe Éndranata, kang nama: Radèn Ajoe Bendara, sadèrèk Dalem Kangdjeng Soeltan kaping sapisan Ngajoegja, kang dipoen paringaken triman dateng Kangdjeng Radèn Adipati Danoeredja.

Kangdjeng Goesti Pangéran Arja Mangkoeboemi, sapisan Soerakarta, kodjar poetra 59.

6. Radèn Mas Goesti Sajidi, nama: Kangdjeng Goesti Pangéran Arja Boeminata, ladjeng nama: Kangdjeng Goesti Pangéran Adipati Arja Boeminata; sareng Kangdjeng Soehoenan kaping 7 pitoe djoemeneng Nata, djinoendjoeng: Kangdjeng Panembahan Boeminata;

7. Radèn Ajoe Goesti Salijah, nama: Goesti Kangdjeng Ratoe Timoer, kaseboet Kangdjeng Ratoe Koedoes.

----

13. Kangdjeng Soehoenan Pakoeboewana kaping 4 sakawan, kaseboet Sinoehoen Bagoes, sareng tanah Djawi goemantos dateng Goepremèn Inggris, Atmiral Toewan Dangeles, Djènral Oepsiring Toewan Raplis, Atmiral Dangeles, Hèrman Wilem, taoen Wlandi 1808, taoen Djawi angka: 1734, Raples SartomasStampor, taoen Wlandi 1811, taoen Djawi angka: 1737, doemoegi parèh ing bang kilèn tanah Banjoemas. Ingkang Sinoehoen Bagoes, Poetra Dalem goenggoeng 56 sèket nem.

1. Poetra Dalem kang iboe Radèn Ajoe ~~Radèn Ajoe~~ Adipati Anom, asli Madoera, Radèn Mas Goesti Soegandi, djoemeneng Nata, ingkang kaseboet Kangdjeng Soehoenan Soegih, Sinoehoen kaping 5 gangsal Soerakarta.

4. Poetra Dalem kang iboe Mas-ajoe Rantansari, poetraning Ngabèi Anggadjaja, garwa asli Djati Karang-kretjèk. Mas-ajoe Rantansari poepoetra: Bendara Radèn Mas Koesèn, nama: Kangdjeng Pangéran Ngabèi, ladjeng nama: Kangdjeng Goesti Pangéran Adipati Angabèi, djoemeneng Nata, djoeloek Kangdjeng Soehoenan Pakoeboewana kaping 8 woloe Soerakarta.

23. Kang iboe Kangdjeng Ratoe Kantjana, asli sangking Madoera, Radèn Mas Goesti Malikis Salikin, djinoendjoeng nama: Kangdjeng ~~b~~ Goesti Pangéran Poerbaja, sareng djoemeneng Nata: Kangdjeng Soehoenan Pakoeboewana kaping 7 pitoe Koemendoer sangking bintang Sléjo ing Nèderlan, ing Soerakarta, anggarwa poetranipoen Kangdjeng Goesti Pangéran Arja Mangkoeboemi, patoetan sangking Radèn Ajoe Mangkoeboemi kang kaping 2 kalih, poetraning Radèn Toemenggoeng Joedanagara kaping 4, Boepati Banjoemas, patoetan poetra Éndranatan, nama: Kangdjeng Ratoe Pakoeboewana, garwa Dalem Kangdjeng Soehoenan Poerbaja, kaping 7 pitoe Soerakarta.

55. Kang iboe Radèn Poedjaningsih, Radèn Mas Sasradara Kawekas, nama: Kangdjeng Pangéran Arja Dipanagara, sareng wonten kraman Ngajoegja, nama: Pangéran Arja Dipanagara, ladjeng dipoen lih namanipoen, nama: Kangdjeng Pangéran Pandji Prijembada.

56. Kang iboe Mas-ajoe Widaningsih, Radèn Mas Sardoela-wigridita, nama: Kangdjeng Pangéran Arja Dipakoesoema, dipoen lih nama: Pangéran Pandji Anom, Kondéné Poetra Dalem ingkang 51 sèket satoenggil, sampoen kaseboet, wonten Kjai Poestaka Radja Poetra. Titi.

---

blz.181. Ingkang soemaré Bèdji, Tadji, Watoe-kempoel.

8. Poetranipoen Kjai Ageng Tjoetjoek-dépok, ingkang No.7 pitoe, Kjai Ageng Wirasoeta, inggih Mas Toemenggoeng Soetadirdja, karan Kjai Toemenggoeng Soetadirdja, kang séda soemaré ing Prambanan, garwa poepoetra djaler 2 kalih.

1. Kjai Toemenggoeng Naladirdja, kang soemaré Tadji Watoe-kempoel.
2. Kjai Toemenggoeng Soer~~n~~anagara, kang soemaré Tadji Watoe-kempoel.

---

9. Kjai Toemenggoeng Naladirdja, kang soemaré Tadji, poepoetra djaler 2 kalih:

1. Ngabèi Wangsadipa, ladjeng nama: Kjai Toemenggoeng Naladirdja kaping 2 kalih, ing kang soemaré ngastana Sawo Séngon.

----

10. Kjai Toemenggoeng Naladirdja kaping 2 kalih, kang soemaré Sawo Séngon, garwa poepoetra 2 kalih.

1. Njai Mangoendiwirja, anggarwa Kjai Mangoendiwirja.
2. Kjai Toemenggoeng Djadirdja, soemaré Karangtoeri, Wijara.

----

11. Njai Mangoendiwirja, anggarwa Kjai Mangoendiwirja, soemaré Sawo, poepoetra:

1. Njai Mangoendiwirja kaping 2 kalih, garwa Demang Prambanan.
2. Kjai Mangoenjoeda, soemaré Sawo.

----

12. Njai Mangoendiwirja ping 2 kalih, garwa Kjai Mangoendiwirja, Demang Prambanan, poepoetra:

1. Demang Goegingan.
2. Demang Séngon.
3. Mas Demang Pringgadimedja, Demang Prambanan, [illegible] gaboeg.

----

12. Kjai Mangoen-joeda, garwa poepoetra:

1. Radèn Bratakoesoema, nama: Kjai Toemenggoeng Mangoendipoera, Boepati Gedong kiwa kaping 4 sakawan Ngajoegja.
2. Radèn Toemenggoeng Mangoen-joeda, Boepati Wadana distrik Kalasan.

----

13. Radèn Bratakoesoema, Kjai Toemenggoeng Mangoendipoera, kaping 4 sakawan, Boepati Najaka Gedong kiwa, garwa sangking Mlangi, poepoetra:

1. Radèn Toemenggoeng Mangoendipoera ping 2, Boepati Anèm Lanhir.

----

13. Radèn Toemenggoeng Mangoen-joeda, Boepati Wadana ḍistrik Kalasan, garwa poepoetra:

1. Radèn Toemenggoeng Mangoen-joeda Boepati Anèm Geḍong kiwa, garwa asli Kaoeman, poepoetra: Radèn Toemenggoeng Mangoen-joeda, Boepati Wadana ḍistrik Bantoel Kadiredja, garwa poetraning Kangdjeng Pangéran Arja Soerjadiningrat.

----

9. Kjai Toemenggoeng Soeranagara, kang séda soemaré Tadji Watoe-kempoel, garwa asli Tadji, poepoetra:

blz.182.

1. Kjai Ngabèi Soeratroena, anggarwa poetraning Kjai Kreti-batjoet pinanggih nak-misan, poepoetra.

----

10. Kjai Ngabèi Soeratroena, anggarwa poetraning Kjai Kreti-batjoet pinanggih misan, poepoetra:

1. Ngabèi Djajakartika, Bagoes Ḍélo, garwa asli sangking Palar.

----

11. Ngabèi Djajakartika, Bagoes Ḍélo garwa asli sangking Palar, ingkang séda prang sahit kala Kangdjeng Pangéran Arja Mangkoeboemi, madeg paḍarwa, kraman, tilar poetra:

1. Mas Ngabèi Anggadjaja, garwa asli sangking Karang-krètèk.

----

12. Mas Ngabèi Anggadjaja, garwa asli sangking Karang-krètjèk, poepoetra:

1. Mas-ajoe Rantansari, langen Dalem Kangdjeng Soehoenan Pakoeboewana kaping 4 sakawan Sinoehoen Bagoes Soerakarta.

----

13. Mas-ajoe Rantansari, langen Dalem Kangdjeng Soehoenan Pakoeboewana kaping 4 sakawan Soerakarta, poepoetra:

1. Bendara Radèn Mas Koesèn, nama: Kangdjeng Pangéran Ngabèi, ladjeng nama: Kangdjeng Goesti Pangéran Adipati Ngabèi, djoemeneng Nata, djoeloek: Kangdjeng Soehoenan Pakoeboewana kaping 8 woloe, Soerakarta Adiningrat.

----

14. Kangdjeng Soehoenan Pakoeboewana kaping 8 woloe, garwa poepoetra:

1. Goesti Kangdjeng Ratoe Kadaton.
2. Kangdjeng Ratoe Kantjana, garwa Dalem Kangdjeng Soeltan Mengkoeboewana kaping 6 nem, djoemeneng nata Ngajoegjakarta Adiningrat.
3. Goesti Kangdjeng Ratoe Bendara, anggarwa Kangdjeng Pangéran Arja Adiwidjaja.
4. Goesti Kangdjeng Ratoe Anggèr, anggarwa Kangdjeng Pangéran Kolonèl Arja Poerbanagara, poepoetra Radèn Mas Major Poerbawinata.

---

15. Kangdjeng Ratoe Kantjana garwa Dalem Kangdjeng Soeltan Mengkoeboewana kaping 6 nem Ngajoegjakarta, sareng soeroed moeroed Dalem Ingkang Sinoewoen, soemaré Imagiri Poera Basijaran, Kangdjeng Ratoe Kantjana, nama: Kangdjeng Ratoe Mengkoeboewana, soemaré Imagiri, tilar poetra:

1. Goesti Kangdjeng Ratoe Basi, anggarwa Radèn Toemenggoeng Djajawinata, Boepati Najaka Ngajoegjakarta.

---

10. Kjai Toemenggoeng Maladirdja kaping 2 kalih, garwa poepoetra:

1. Kjai Toemenggoeng Djadirdja, kang soemaré Karangtoeri, Wijara.

---

11. Kjai Toemenggoeng Djadirdja, anggarwa sadèrèkipoen Kjai

blz.183. Djawinata Gadjah-teléna, nama: Adipati Djajaningrat, ingkang nèm pjambak, adinipoen Kjai Radjawaniti, wonten Soerakarta. Kjai Toemenggoeng Djadirdja kang soemaré Karangtoeri, Wijara, poepoetra 3 tiga:

1. Njai Adjeng Danoekrama, soemaré Karangtoeri Wijara, kang anggarwa poetraning Kjai Djagadoeta, Mantri Ngadjeng Ngajoegja, krama pikantoek Kjai Ngabèi Danoekrama, soemaré

goesoen Toebin Kilèn Pragi, bawah Sentolo.

2. Njai Adjeng Djadigdaja, poepoetra 1, Dèn Pandji Gandamana, Pandji pradjoerit Njoetra, 2 kalih, Mas-adjeng Natadipa, garwanipoen Kjai Toemenggoeng Natadipa Boepati Anèm, poepoetra Dèn Pandji Djawirana, distrik Tjeleb, 3 Kjai Mandrasena, inggih Mandrasentana, Pinisepoeh Soerjadiningratan, Dèn Pandji Gandamana, poepoetra: Mas Toemenggoeng Wiranagara; Mas-adjeng Natadipa, poepoetra 1, Dèn Pandji Djawirana, Tjeleb, 2 Mas Demang Kalang, 3 Dèn Ngantèn Poespapremantja, nama: Kretawidjaja, 4 Dèn Ngantèn Bratapawira, garwa Ra- ~~D~~dèn Pandji Bratapawira, poetraning Pangéran Djajakoesoema, Pangran Bèi djawi, kemantoe Ngabéjan, sédé goesoen Sengir Nanggoelan, 4 Ngabèi Mangoen-rana, Kanten.

3. Mas Pandji Bradjadirdja, sédé sahit prang Dipanagaran, ing Tegil-redja, sémah Njai Wati, noeroenaken anak kalih, 1 Mas Demang Bradjadirdja, 2 Mas Bèi Poerwasentana, Bagoes Lépok; Mas Demang Bradjadirdja, poepoetra: Mas Demang Bradjadirdja kaping 2 kalih, Demang Bara, poepoetra 2 kalih, 1 Radèn Adjeng Tjébong, nama: Bendara Radèn Ajoe Poedjaretna, langen Dalem Kangdjeng Soeltan Hengkoeboewana kaping 7 pitoe Ngajoegja, 2 Radèn Demang Bradjadirdja kaping 3 tiga, Bara bawah Kali-bawang.

----

2. Njai Adjeng Danoekrama, anggarwa Kjai Ngabèi Danoekrama, soemaré goesoen Toebin Kilèn Pragi, bawah Sentolo, Njai Adjeng Danoekrama soemaré Karangtoeri Wijara, poepoetra:

1. Radèn Soertikawati, langen Dalem Kangdjeng Soeltan Hengkoeboewana, kaping 3 tiga Ngajoegja.

----

3. Radèn Soertikawati soemaré Karangtoeri Wijara, langen Dalem Kangdjeng Soeltan kaping 3 tiga, poepoetra poetri:

1. Goesti Radèn Ajoe Danoekoesoema, kaping 2 kalih, soemaré

Imagiri, Basijaran, kemantoe Radèn Toemenggoeng Danoekoe-
soema, kaping sapisan soemaré Moelangi, krama pikantoek
Radèn Toemenggoeng Danoekoesoema kaping 2 kalih, katrangani-
poen kala wektoe katriman Poetra Dalem kala teksih nama:
Radèn Martawidjaja, sédanipoen ingkang rama, noenggak-se-
blz.184. mi, nama: Radèn Toemenggoeng Danoekoesoema kaping 2 kalih,
waoe, sareng prang Dipanagaran medal, nama: Radèn Ngabdoel-
lah, Adipati Danoeredja djawi, bakda prang Dipanagaran,
loemebet nama: Radèn Adipati Danoe-adiningrat, soemaré Moe-
langi.

----

14. Goesti Radèn Ajoe Danoekoesoema ping 2 kalih soemaré Imagiri Basijaran, anggarwa Radèn Adipati Danoe-adiningrat, poepoetra 6 nem:

1. Radèn Rija Danoekoesoema, kaping 3 tiga, Soemapoetra soemaré Moelangi.
2. Radèn Ajoe Soerja-atmadja, pindah nama: Radèn Ajoe Dipaningrat ladjeng pegat, poepoetra: Radèn Danoeprawira. Ladjeng nama: Radèn Ajoe Resasentana, anggarwa Kjai Toemenggoeng Resasentana, asli Kita-ageng, Boepati Anèm Midji Kadanoeredjan, soemaré Moelangi.
3. Bendara Radèn Ajoe Danoeredja, kaping 5 gangsal karan Bendara Radèn Ajoe Sepoeh, anggarwa Kangdjeng Radèn Adipati Danoeredja kaping 5 gangsal Riddering orde Nèderlanse léjo, Patih Dalem kaping 5 Ngajoegja. Sareng mbegawan nama: Kangdjeng Pangéran Arja Djoeroe, Ridder, ingkang pinidji pinisepoeh Kangdjeng Goepremèn, wit lit sangking Porèsponden Kenoetsekap, Rat pan Indi Wèltevreden, Batawi, pangli(m)bangan.
4. Radèn Ajoe Soerjanagara, pegat séda prang nama Radèn Ajoe Resanagara, séda soemaré Moelangi.
5. Radèn Mas Tarékat, nama: Radèn Mas Martawidjaja, soemaré

ḏoesoen Karangtoeri Roma.

6. Radèn Mas Kakékat séda gerah tjatjar, nengah dahoeroe Dipanagaran, soemaré Toebin. Sigeg.

---

6. Kjai Ageng Tjoetjoek-telon, Kjai Ageng Rogas, garwa poepoetra:

1. Kjai Ageng Tjoetjoek-ḏépok.
2. Kjai Tambakjoeda, séda Genṯong, karan Kjai Ageng Genṯong.

---

7. Kjai Ageng Genṯong, garwa poepoetra èstri:

1. Èstri, ginarwa Radèn Patih Nrangkoesoema, poetraning Pangéran Pekik, inggih Panembahan Soerabaja, kaping 3 tiga, kang soemaré Soerabaja, Radèn Patih Anrangkoesoema waoe, sakḏénḏalé sangking Kartasoera, nglaboehi karsa Dalem Kangdjeng Soehoenan Praboe Mangkoerat, ngembani Oentoeng Soerapati, sak ba(k)daning prang baroeboeh, Radèn Patih sangking karsa Dalem pinardika anèng Tingkir, aran Datoek Djaséna, ing Tingkir.

---

8. Njai Adjeng Datoek Djaséna ing Tingkir garwaning Datoek Djaséna ing Tingkir, poepoetra:

1. Radèn Tjitrakoesoema.
2. Radèn Kénṯol Derpajoeda, anggarwa poetraning Radèn Lamongan, Radèn Lamongan poenika aḏinipoen Kjai Datoek Djaséna, toenggil jajah réna, dados pinanggih nak-ḏèrèk. blz.185.

---

9. Radèn Tjitrakoesoema, garwa poepoetra 3 tiga:

1. Ki Tjitrawidjaja, Demang ḏoesoen Baki.
2. Ki Bener Kjai Toemenggoeng Sindoerdja, Mantaram Ngajoegja.
3. Ki Tjitrajoeda.

---

10. Ki Tjitrajoeda, garwa poepoetra:

1. Ki Kartajoeda, ḍoesoen Bamboeng.

---

11. Ki Kartajoeda, ing ḍoesoen Bamboeng, garwa poepoetra 3.

1. Kangdjeng Ratoe Kantjana Woelan, ngadjeng Radèn Ajoe Sriwoelan Radèn Ajoe Sepoeh.
2. Prawiranata.
3. Prawiradiwirja, ngalih nama: Ranadigdaja, Mantri pradjoerit Djero.

---

12. Radèn Ajoe Retnawoelan Radèn Ajoe Sepoeh, djinoendjoeng nama: Kangdjeng Ratoe Kantjana Woelan, kaseboet Ratoe Wrenges, anggarwa Dalem Kangdjeng Soeltan Mengkoeboewana kaping 2 kalih Ngajoegja, poepoetra 4 sakawan:

1. Kangdjeng Ratoe Ajoe, garwanipoen Radèn Toemenggoeng Natadiningrat, Boepati Kliwon ing Kadanoeredjan, ladjeng goemanti ingkang rama, Kangdjeng Pangéran Adipati Pakoe Alam kaping sapisan, ladjeng nama: Kangdjeng Pangéran Adipati Pakoe Alam kaping 2 kalih Ridder.
2. Kangdjeng Ratoe Anom, anggarwa Pangéran Poerwanagara, poetraning Kangdjeng Pangéran Ngabèi kaping sapisan Ngajoegja.
3. Kangdjeng Ratoe Timoer, anggarwa Radèn Toemenggoeng Djawinata Anggadjaja, karan lantoer Angkawidjaja, dèrèng poepoetra séda. Kangdjeng Ratoe Timoer krama kaping kalih krama pikantoek Pangéran Natakoesoema, poetraning Kangdjeng Goesti Pangéran Adipati Pakoe Alam ping sapisan Ngajoegja, boten poepoetra.
4. Kangdjeng Ratoe Sasi, anggarwa Kangdjeng Radèn Adipati Danoeredja, Patih Dalem kaping sakawan, Ngajoegjakarta, boten poepoetra; sareng lèrèh nama: Pangéran Koesoemajoeda, koendoer mring woetah-rah séda soemaré Djapan.

---

9. Radèn Kénṯol Derpajoeda, kang garwa poetraning Radèn Lamongan, aḏinipoen Kjai Datoek Djaséna, toenggil sajajanréna, pinanggih garwa nak-ḏèrèk, poepoetra:

1. Radèn Sastrapenglaras.

----

10. Radèn Sastrapenglaras, ~~d~~ garwa poepoetra:

blz.186. 1. Kjai Sastramenggala.

----

11. Kjai Sastramenggala, ga~~r~~rwanipoen, poepoetra:

1. Kénṯol Mretawidjaja.

----

12. Kénṯol Mretawidjaja, garwa poepoetra:

1. Kénṯol Troenamenggala.

----

13. Kénṯol Troenamenggala, garwa poepoetra:

1. Ngabèi Djagadiwirja, abdi dalem Panèwoe Glaḏag ngadjeng Ngajoegja.

----

14. Ngabèi Djagadiwirja, abdi dalem Panèwoe Glaḏag ngadjeng Ngajoegja, poepoetra 2 kalih:

1. Èstri, krama pikantoek wangsa pjambak, kaprenah boejoetipoen, Kjai Kènṯol Troenamenggala, nama: Sastramenggala, Panglawé ing ḏoesoen Klaloeng.
2. Mas-adjeng Djajasoepanta, garwaning Mas Toemenggoeng Djajasoepanta, Boepati Anèm Ngajoegja, poetraning Radèn Toemenggoeng Major Sindoenagara soemaré ing Gambiran.

----

15. Mas-adjeng Sastramenggala, garwa Panglawé ing ḏoesoen Klaloeng, poepoetra 2.

1. Radèn Moeljaningsih, langen Dalem Kangdjeng Pangéran Arja Tédjakoesoema, ladjeng nama: Kangdjeng Pangéran Arja Adinagara, poetra Dalem Kangdjeng Soeltan kaping 2 kalih, kang

bibi Mas-ajoe Rantamsari, asli sangking Bandjar-dawa, inggih Karangdawa, Kajoe Apak, trah toeroenipoen Kangdjeng Pangéran Mangkoekoesoema, ing Kartasoera.

2. Ngabèi Djagamenggala sepoeh, noeroenaken Ngabèi Djagamenggala ping 2 kalih, Ngabèi Djagamenggala ping 2 kalih noeroenaken Ngabèi Djagamenggala ping 3 tiga, Panèket Mantri Gladag, Ngajoegja.

----

16. Radèn Moeljaningsih langen Dalem Kangdjeng Pangéran Arja Adinagara, poepoetra 2 kalih:

1. Radèn Mas Atmasoewarna, Loerah Poenakawan poetra séda.
2. Kangdjeng Radèn Adipati Danoeredja, Patih Dalem kaping 6 nem Ngajoegja, Patih Dalem Kangdjeng Soeltan kaping 7 pitoe Ngajoegja.

----

17. Kangdjeng Radèn Adipati Danoeredja ping 6 nem, Patih Dalem Kangdjeng Soeltan kaping 7 pitoe Ngajoegjakarta.

Kangdjeng Radèn Adipati Danoeredja kaping 6 nem, anggarwa Poetra Dalem Kangdjeng Soeltan Mengkoeboewana kaping 6 nem Ngajoegjakarta, nama: Goesti Kangdjeng Ratoe Pambajoen, poepoetra 6 nem idji:

blz.187.

1. Radèn Toemenggoeng Danoe-adiningrat, Boepati Anèm kapidji djoeroe koentji Imagiri, anggarwa Poetra Dalem ngarang-oeloe, Kangdjeng Soeltan kaping 7 pitoe, pikantoek nak-sadèrèk.
2. Radèn Ajoe Poerbakoesoema, anggarwa Radèn Toemenggoeng Poerbakoesoema, Boepati wadana distrik Kaboepatèn Kalasan, poetraning Goesti Pangéran Arja Soerjamantaram, pikantoek krama nak-sadèrèk.
3. Radèn Toemenggoeng Poerbanagara, anggarwa Poetra Dalem Kangdjeng Soeltan kaping 7 pitoe Ngajoegja, pikantoek krama naksadèrèk.
4. Radèn Mas Loerah Atmasoewarna, Abdi-dalem Loerah Poetra.

5. Radèn Adjeng Ngapingah.
6. Radèn Mas Bekel Soerjadirdja, Bekel abdi-dalem Poenakawan Kadipatèn. Sigeg.

---

15. Mas-adjeng Djajasoepanta, anggarwa Kjai Toemenggoeng Djajasoepanta, Boepati Anèm Ngajoegja, poepoetra:

1. Mas-adjeng Poerwawidjaja.

---

16. Mas-adjeng Poerwawidjaja, anggarwa Ngabèi Poerwawidjaja, poepoetra:

1. Radèn Bagoes Soehoet, Sastra-asmara, Midji Tjarik lebet.
2. Dèn Bagoes Salim.

No.30.

Poenika gotèk salasilah leloehoer Dalem Kangdjeng Soeltan Amengkoeboewana kaping sapisan Ngajoegjakarta Adiningrat, ingkang sangking asli Kepoend̲oeng, kang iboe Mas-ajoe Tédjawati, langen Dalem Ingkang Sinoewoen Kangdjeng Soehoenan Praboe Mangkoerat Kartasoera, ladjeng nama: Kangdjeng Ratoe Ageng. Dipoen oeroet sangking Sri Praboe Brawidjaja/, kaping 5 gangsal, ing Madjapait ingkang wekasan, kados ing ngand̲ap poenika:

1. ~~1~~. Awit Sri Praboe Brawidjaja, kaping 5 gangsal, Ratoe Madjapait kaping 7 pitoe ingkang wekasan, poetranipoen wragil ingkang no.11~~1~~7, satoes pitoelas, nama: Radèn Djaka D̲olok, patoetan sangking garwa pangrembé. Sareng bed̲ah nagari Madjapait, ladjeng mara-tapa, wonten sapinggiring lèpèn Praga, ladjeng nama: Wasi Bagena, ladjeng mrewita d̲ateng Soehoenan Tembajat Soenan Kali, pinernahaken d̲oed̲oekoeh tanah Djatinom Tinom, lan ladjeng noeroenaken oetawi soemaré wonten Djatinom.

---

2. Radèn Djaka Ḍolok, inggih Wasi Bagena, Djatinom, garwanipoen poepoetra:

blz.188. 1. Njai Adjeng Pangéran, anggarwa Wasi Swara, inggih Krijadjiwa, Pangéran Panggoeng.

2. Nama: Wasi Djiwa, inggih Pangéran Rangkaknjana.

----

3. Njai Adjeng Pangéran anggarwa Wasi Swara, inggih Krijadjiwa, Pangéran Panggoeng, poenika poetraning Pangéran Kenḍoeroewan kaping sapisan ingkang soemaré wonten Tjarebon; Pangéran Kenḍoeroewan, poetraning Sri Praboe Bratandjoeng, Sri Brawidjaja kaping sakawan, Ratoe Madjapait, poetra woeragil sangking garwa pangrembé, Radèn Djaka Pamekas, Koeda Narawangsa, kang magoeroe prama-widya ḍateng Soehoenan Madjagoeng, ping sapisan Goenoeng-djati tanah Tjarebon, ladjeng nama Pangéran Kenḍoeroewan, poepoetra Wasi Swara, inggih Pangéran Panggoeng, pramila karan panggoeng, awit sadèrèngipoen dados Moekmin kas, karem ḍalang wajang bèbèr, nama: Kjai Krijadjiwa, sak bakdaning dados ḍalang wajang bèbèr, dados anak moeridipoen magoeroe Sèh Siti-djenar, karan Pangéran Panggoeng, ingkang nganggit Soeloeh(k) Malang-soemirang, wonten salebeting dahana moeroeb, djaman Karaton Demak ingkang wekasan; séda soemaré redi Poenṭoek ing ḍoesoen Koeṭan Lenḍah kilèn Pragi bawah Kaboepatèn Sentolo, tilar poetra djaler:

1. Kangdjeng Pangéran Alas, ingkang soemaré ḍoesoen Delanggoeng, inggih Dlanggoe, sapoenika bawah Soerakarta.

----

4. Kangdjeng Pangéran Alas, kang soemaré ḍoesoen Delanggoe, garwa poepoetra:

1. Kjai Toemenggoeng Parampèlan, Mantri Padjang, sarisakipoen Karaton Padjang ladjeng dados moekmin kas, kaseboet Kjai Ageng Parampèlan.

2. Ìstri, krama pikantoek Pangéran Benawa, poetraning Kangdjeng Soeltan Kamidil Ngalam ing Padjang, poetra patoetan sangking garwa padmi, poetraning Kangdjeng Soeltan Demak ingkang wekasan, garwanipoen asli saking Kalidjaga, soemaré Kadilangoe.

3. Kangdjeng Pangéran Alas Ḍomas ingkang garwa noeroenaken dateng ḍoesoen Karang-krètjèk sadaja.

---

5. Garwanipoen Kangdjeng Pangéran Benawa, poetranipoen Kangdjeng Pangéran Alas, soemaré Delanggoeng inggih Delanggoe, poepoetra:

1. Ìstri, nama: Kangdjeng Ratoe Adi, anggarwa Dalem Kangdjeng Soehoenan Praboe Adi Anjakrawati Sénapati Dinan, Mantaram, kang Séda Karapjak, soemaré poera astana Kiṭa Ageng.

---

6. Kangdjeng Ratoe Adi, garwa Dalem Kangdjeng Soehoenan Adi Praboe Anjakrawati Sénapati Ngalaga Dinan, poepoetra 4.

1. Radèn Mas Djatmika, nama: Kangdjeng Pangéran Rangsang, sareng djoemeneng Nata djedjoeloek Kangdjeng Soeltan Agoeng Praboe Anjakrakoesoema, Mantaram, ingkang ngeḍaton ing Kreta. blz.189.

2. Radèn Adjeng Walik, nama: Ratoe-mas Pandan-sari, krama pikantoek Ratoe Pekik Soerabaja.

3. Radèn Adjeng Toelak, Ratoe Mas Sekar, krama pikantoek Adipati Pragola Paṭi, kaping 2 kalih, dèrèng ngantos patoetan kasoelak séda ngraman, wis kabangoes déning Éndranata, karsa Dalem Kangdjeng Soeltan Agoeng, Ratoe Mas Sekar waoe ladjeng pinaringaken ngarang-oeloe, krama kaping 2 kalih pikantoek aḍinipoen Adipati Pragola Paṭi kaping 2 kalih, nama: Radèn Lonḍoh, sinoeng nama: Pangéran Rangga Paṭi.

4. Radèn Mas Sandjaja, nama: Pangéran Adipati Pamenang.

Kangdjeng Ratoe Adi iboe Dalem Kangdjeng Soeltan Agoeng, katrimakaken dateng ingkang paman, krama pikantoek Pangéran Djoeminah, waoe Poetra Dalem Kangdjeng Soehoenan kang Séda Kadjenar, inggih Panembahan Sénapati Ngalaga Mantaram soemaré Kita-ageng; poetra patoetan sangking Kangdjeng Ratoe Retna Djoemilah, poetraning Panembahan Madijoen Pangéran Maskemangbang, Pangéran Pamekas.

Pangéran Djoeminah waoe, poetra kang No.2 kalih nama: Radèn Mas Bagoes, nama: Pangéran Djoeminah, djinoendjoeng nama Panembahan Djoeminah sarimbit soemaré Girilaja, poepoetra 4 sakawan:

1. Radèn Ajoe Djoeroe Majem, anggarwa Panembahan Djoeroe Majem, sarimbit soemaré ing Gambiran.
2. Pangéran Adipati Balitar, kang séda dedagan soemaré Padjimatan Soeltan Agoengan.
3. Radèn Arja Soeralaja.
4. Radèn Ajoe Kadjoran.

---

7. Pangéran Adipati Balitar, kang soemaré Imagiri Padjimatan, garwa poepoetra 2 kalih:

1. Pangéran Toemenggoeng Balitar, anggarwa poetraning Kjai Kretibatjoet, poetraning Kjai Ageng Tjoetjoek Singawangsa, poetraning Kjai Ageng Tjoetjoek Dépok.
2. Pangéran Prang-wadana.

---

8. Pangéran Toemenggoeng Balitar, anggarwa poetraning Kjai Kretibatjoet, soemaré Nitikan, poepoetra 2 kalih:

1. Radèn Ajoe Poeger, nama: Kangdjeng Ratoe Pakoeboewana, soemaré Nitikan.
2. Pangéran Arja Balitar ngalih nama: Pangéran Arja Balatèr.

---

9. Kangdjeng Ratoe Pakoeboewana, anggarwa Kangdjeng Soehoenan

Pakoeboewana kaping sapisan, djoemeneng Kartasoera, poepoetra 8 woloe/idji; ingkang poetra séda teksih timoer 4 sakawan, soemaré Nitikan.

bls.190.

1. Radèn Ajoe Mangkoeboemi, ing Sagoeng.
2. Kangdjeng Soehoenan Praboe Mangkoerat, Kartasoera.
3. Panembahan Poerbaja.
4. Pangéran Arja Balitar. Sigeg.

---

5. Kjai Ageng Parampèlan, anggarwa poetranipoen Toemenggoeng Majang Boepati Padjang, poepoetra:

1. Kjai Tjib-kakak ing Kepoendoeng, garwa poetraning Kjai Rangga ping 4.
2. Mas-adjeng Angsoka, langen Dalem Kangdjeng Soehoenan Adi Praboe Anjakrawati Sénapati Ngalaga Mantaram, kang séda Karapjak, soemaré Kija-ageng, Mas-ajoe Angsoka poepoetra: Radèn Mas Wahjana, nama: Pangéran Arja Mangkoeboemi.

---

6. Kjai Tjib-kakak ing Kapoendoeng garwa poepoetra:

1. Kjai Resajoeda.

---

7. Kjai Resajoeda, garwa poepoetra:

1. Ngabèi Andakara, Mantri Panekar Panoemping.

---

8. Ngabèi Andakara, Mantri Panekar Panoemping, garwa poepoetra 4 sakawan:

1. Mas-ajoe Tédjawati, langen Dalem Kangdjeng Soehoenan Praboe Mangkoerat, Kartasoera; Sareng Kangdjeng Pangéran Arja Mangkoeboemi saged djoemeneng Nata wonten Ngajoegja, Mas-ajoe Tédjawati waoe sineboet nama: Kangdjeng Ratoe Ageng.
2. Poen Mas Bagoes Gelap, nama: Ngabèi Andakara kaping 2.
3. Kjai Resajoeda kaping 2 kalih.
4. Wragil, nama: Kjai Oedjoer.

---

9. Mas-ajoe Tédjawati, langen Dalem Kangdjeng Soehoenan Praboe Mangkoerat ing Kartasoera, ingkang nama: Kangdjeng Ratoe Ageng, poepoetra 2 kalih:

1. Radèn Adjeng Aminah, parab Radèn Adjeng Soepadni, krama pikantoek Radèn Rangga Kaliwoengoe, pegat séda, krama kaping 2 kalih, pikantoek Radèn Toemenggoeng Pringgalaja, ladjeng dados Patih Dalem goemanti Radèn Adipati Natakoesoema, kéndang, brawala dahoeroe Petjina, Radèn Toemenggoeng Pringgalaja waoe nama: Adipati Pringgalaja, séda ngoendjoek daweg wonten Merboeng katjeni bab pamalihipoen tanah, Soerakarta kalih Ngajoegjakarta, Radèn Ajoe Pringgalaja nama: Bendara Radèn Ajoe Ageng wonten ing Soerakarta.
2. Radèn Mas Soedjana, nama: Kangdjeng Pangéran Arja Mangkoeboemi, sareng madeg padarwa, kraman, nama: Kangdjeng Pangéran Adipati Soekawati, sareng kadjoemenengaken déning Sa- blz.191. jid Ibrahim, kaseboet toewan Sajid Besar, sangking tanah Roem, abi-praja kalih Goeprenoer Djènral, toewan Besar Djakoeb, Mossel, nagari Batawi, sangking karsanipoen Kangdjeng Koempeni Prasman, kala taoen Wlandi angka: 1682, taoen Djawi angka: 1756, kala djoemenengipoen Nata nama: Kangdjeng Soeltan Mengkoeboewana Sénapati Ngalaga, Ngabdoer-rahman Sajidin Panata Gama, Kalipatollah, ingkang kaping sapisan djoeloek Kangdjeng Soeltan Gijantipoera, wonten tanah doesoen Padagangan, waktoe semanten dèrèng kagoengan soeséna, waktoe semanten wakilipoen Goeprenoer Djènral toewan Besar Djakoeb Mossel, Idelir Samarang, toewan Mister Willem [illegible] Harnol, Alting, nantoen sinten para sentana, para poenggawa, para siswa, ingkang kapilih dados Mantri-wiséesa, Papatih Dalem Kangdjeng Soeltan, boten kagoengan karsa pamilih, moeng soemarah abi-praja, prama-widya, nadah karsanipoen Kangdjeng Koempeni, Toewan Idelir, Mister Willem Harnol Alting, soemados sanès

dinten; wentawis dinten, toewan Harnol Alting abi-praja prama-widya, sangking karsanipoen Kangdjeng Koempeni, ngatoeri Boepati ing Banjoemas Radèn Toemenggoeng Joedanagara kaping 3 tiga, Banjoemas poenapa kresa ngagema Speséna, Mantri-waktra, Kangdjeng Soeltan ~~A~~ abijantoe karsanipoen Kangdjeng Koempeni, toemenggoeng Joedanagara pinatjak dados Papatih Dalem Gijantipoera, tandya Kangdjeng toewan Ideli~~t~~r Samarang Harnol Alting, ngawoehaken moenḍoet ḍateng Adipati Pringgalaja, Boepati Banjoemas Radèn Toemenggoeng Joedanagara, pinoenḍoet déning Kangdjeng Koempeni, kaleresan wonten pa(m)barisan Toegoe, seladjeng ngatoeri woeninga ḍateng Kangdjeng Soehoenan Praboe Djaka, Soerakarta, soemarah ngladosaken, ladjeng oenḍang netepaken Patih Dalem, Kangdjeng Toewan Idelir Harnol Alting, ndjenengi wonten Gijantipoera, Radèn Toemenggoeng Joedanagara pinoenḍoet asmanipoen, pinaringan nama: Radèn Adipati Danoeredja, Patih Dalem kaping sapisan, Mantaram. Déné ingkang goemanti Boepati Banjoemas, anaké lanang kang toewa ḍéwé, kang djeneng Mas Gandakoesoema, djenengé dipoenḍoet, diparingi djeneng Radèn Toemenggoeng Joedanagara kaping 4 pat, Boepati Banjoemas. Ladjeng ngatoeri woeninga Kangdjeng Soehoenan menggah tetepipoen Toemenggoeng Joedanagara Boepati Banjoemas dipoen soemanggakaken ḍoemateng Kangdjeng Soenan tan(m?)pi seneng. Oetoesan tjoendaka, Radèn Toemenggoeng Aroeng-binang, kinèn netepaken Boepati Banjoemas waoe. Sigeg.

---

9. Poen Mas Agoes Gelap, sareng goemanti rama nama: Ngabèi Andakara kaping 2 kalih, ing Kapoenḍoeng, dados siti sentana lenggah ing Mangkoeboemèn, Ngabèi Andakara ping 2 kalih waoe, garwa poepoetra:

1. Ngabèi Andakara, Tjib-kakak kaping 3 tiga.

----

10. Ngabèi Andakara kaping 3 tiga, garwa poepoetra 8 woloe:

blz.192. 1. Njai Wilaresmi.

2. Njai Tjoewati, ing Djaha.

3. Radèn Andakara kaping 4 sakawan.

4. Radèn Mangoendipoera.

5. Radèn Wangsakarja.

6. Radèn Wangsakoesoema, ing Grobogan.

7. Radèn Resakoesoema.

8. Radèn Kertawangsa.

---

11. Radèn Andakara kaping 4 sakawan, garwa poepoetra:

1. Radèn Andakara kaping 5 gangsal. Sigeg.

No.31.

Gotèk salasilah oeroetipoen ingkang soemaré Djatinom.

3. Poetraning Radèn Djaka Dolok, inggih Wasi Bagena, nama: Wasi Djiwa, kang megoeroe mrewita dateng Soehoenan Tembajat inggih Soehoenan Kalidjaga, nama: Pangéran Rangkaknjana, garwa poepoetra 4 sakawan:

1. Njai Ageng Sambak anggarwa Kjai Ageng Sama)(ba ?)k kang sangking Kedoe, poepoetra:

{1. Kjai Koedoes, kang soemaré Koedoes.

{2. Njai Adjeng Londoh.

------

2. Pangéran Araslangoe, kang soemaré kilèn Pragi, doesoen ing Toeksanga, distrik Piton Kaboepatèn Kalibawang Ngajoegja, garwa poepoetra 2.

1. Radèn Djaka Loenga-ngoengoen, kang soemaré doesoen Djegong, tegesé: balé-grijaning toewa-boeroe, bawah Sentolo, gih grema.

2. Kjai Londoh, kang troeka doesoen Lendah, lan noeroenaken,

Mas Demang Soeradikara, Demang Nglendah, noeroenaken Demang Mangoen-redja, kang kemantoe: Radèn Toemenggoeng Djajadiningrat, waktoe dados Wadana distrik Bantoel Karang, ladjeng poepoetra: Demang Mangoen-redja waoe, Bendara Radèn Ajoe Adipati Mangkoeboemi nèm.

-----

3. Kjai Ageng Getajoe, kang soemaré Djatinom, kang darbé langen peksi beri, trah toemerah, doemoegi semangké teksih lestantoen, dipoen woedjoedi gambaripoen wonten warana, pragohan plataran masdjid ageng ing Djatinom, Tinom.

4. Kjai Ageng Cerengdjati, anggarwa poetraning Arja Bondan Soerati, Panembahan Brawidjaja, kang séda obong poetoek redi Sawar pinggir pasisir kidoel Kademangan Blimbing, Kjai Ageng C~~e~~irengdjati waoe, anglèraken dateng Kjai Ageng Glagah soemaré Glagah redi kidoel, soemebar dateng Kjai Pengoeloe Kategan, alam Kangdjeng Soeltan Agoeng nagari Kreta.

----

4. Kjai Ageng Getajoe, kang soemaré Djatinom Tinom, garwa poepoetra djaler:

blz.193.

1. Kjai Ageng Gribig, kang soemaré ing Djatinom, Tinom, poenika ingkang darbé welingan, jèn sami asoeng dahar dipoen kèn sami noedjoe dinten Angka-wijoe, tegesipoen: angka wahjoe, ngangka wahjoe, wedalipoen warni apem, ngadjeng brekatan sangking Mekah, waktoe semanten kala tanggal kaping 15 woelan Sapar oetawi kaping gangsal welas mangandap, kadosta: ping 7, ping 9, doemoegi kaping 15 welas, ngoepados toemboekipoen kalih dinten Djoemoengah, lantaran nalika Kjai Ageng Gribig toeroen sangking Mekah, ∠dinten Djoemoengah Legi, tanggal kaping 15 , woelan Sapar, angsal brekatan apem teksih anget, ladjeng binagé dateng poetra-wajahipoen sadaja, ngantos samangké poetra-wajah samangsa

∠ noedjoe

sami asoeng ḍahar amoeng apem. Sadaja tijang-tijang sami ngepoeng oetawi sidekah ko(n)ten kirang pa(n)doegi éwon a(m)bengipoen, kénging dipoen westani éwon, sangking kaṭah tijang noedjoe toemboek sami kadjengipoen, apem waoe kabar pekenan kadamel isarat sakadjengipoen sabarang ingkang kasedja, panedja warni-warni noedjoe sangking palalipoen Pangéran ingkang moerbèng pasṭi, kok inggih kaleksanan panedjanipoen sakadar, mitoeloengi, kajektosan, mangsoedipoen ing manah, mila doemoegi samangké kanggé pangoe(ng)sèn kanadaran, wreni-wreni, ingkang kapoenḍi dalem manah.

----

5. Kjai Ageng Gribig, anggarwa nama: Ratoe Mas, poetraning èstri Kjai Ageng Krapjak, ing Soeltan Agoengan, sarimbit soemaré Djatinom, poepoetra 9 sanga.

1. Njai Ageng Goemoel, soemaré ḍoesoen Darèn, kang kemantoe ḍateng Kjai Anggabaja Katawengan.
2. Kjai Ageng Praboe, karan Kjai Ageng Kidoel, soemaré Djatinom.
3. Kjai Ageng Lor, soemaré Djatinom.
4. Kjai Ageng Wétan, soemaré Djatinom.
5. Kjai Ageng Koelon, soemaré Djatinom.
6. Njai Ageng Soedjoed, soemaré Djatinom.
7. Radèn Kénṭol Ngalas, wahdad, moekmin kas soemaré Djatinom.
8. Njai Djoengkaré, kang soemaré ḍoesoen Karé, ingkang noeroenaken ḍateng Dèn Pandji Natadigdaja, Manten Poelangdjiwa.
9. Njai Ageng Pagambiran, soemaré Djatinom, garwaning Kjai Ageng Nitik Soera-adipradja, kang soemaré Lempoejang-wangi, tanah Ngajoegjakarta.

----

6. Njai Ageng Pagambiran, kang soemaré Djatinom, anggarwa poetraning Kjai Ageng Djakarija Ngalimdahoe, kang soemaré ing

Pakis-dadoe; krama pikantoek Kjai Ageng Mitik Soera-adi-

bls.194. pradja, ingkang soemaré Lempoejang-wangi, Ngajoegjakarta, patoetan poetra 3 tiga:

1. Kjai Sèh Penganti, noeroenaken lan soemaré wonten Djatinom.
2. Pangéran Winong, noeroenaken sarta soemaré wonten ing Winong.
3. Wragil èstri, kang kemantoe dateng Panembahan Mandaraka, inggih Kjai Ageng Djoeroe-mretani, Mantaram, krama pikantoek Pangéran Djoeroe Wirapraba, Mantaram, sarimbit sami soemaré Kita-ageng, ingkang anglèrakên Kjai Toemenggoeng Sindoeredja, Patih Kadipatèn ~~[illegible]~~ sareng djoemeneng Dalem Kangdjeng Soeltan Agoeng nama: Kjai Toemenggoeng Mandaraka, séda soemaré Mandarakan kidoel Koelangi, oetawi Kjai Djedjer dateng Djedjeran, sami poetraning Pangéran Djoeroe Wirapraba, poenapa walih ingkang anglèrakên toeroen dateng Kjai Ngabèi Resawilaja, kaping 4 sakawan, abdi-dalem Mantri Patéjan Ngajoegjakarta, inggih poenika ramakipoen Radèn Toemenggoeng Djajadipoera, Boepati Najaka, Wadana keparak tengen, poetra ingkang patoetan sangking Mas-adjeng Poelangjoen, tilas pegat séda, garwa paminggir, Kangdjeng Radèn Adipati Danoeredja, Séda Ngegaton, patoetan poetra tiga, 1 Radèn Toemenggoeng Mretanagara, 2 Kangdjeng Radèn Adipati Danoeredja Ridder, 3 Radèn Ajoe Kalapa Aking, kang soemaré Karang-toeri, Mijara, sami noenggil iboe sanès rama.

6. Kjai Ageng Praboe, inggih Kjai Ageng Kidoel, garwa poepoetra:

1. Kjai Ageng Ngaral.

7. Kjai Ageng Ngaral, garwa poepoetra:

1. Kjai Ageng Dalem.

---

8. Kjai Ageng Dalem, garwa poepoetra:

1. Kjai Pengantèn Ageng.

----

9. Kjai Pengantèn Ageng garwa poepoetra:

1. Kjai Pengantèn Soesemi.

----

10. Kjai Pengantèn Soesemi, garwanipoen poepoetra 8 woloe:

1. Kjai Pengantèn Semangoen.
2. Kjai Pengantèn Semili.
3. Kjai Pengantèn Damardjati.
4. Kjai Pengantèn Tjili, ing Bélan.
5. Njai Madoesari, ing Njidran.
6. Njai Geblag, krama pikantoek ing Kapoendoeng.
7. Njai Goeroe Djamsi, ing Wanasari.
8. Njai Kasih, garwa poetraning Kjai Koembajana, abdi-dalem Panegar koeda alam Kartasoera, krama pikantoek Kjai Wirapraba, abdi-dalem Mantri djawi. ing Kartasoera, sareng wonten Ngajoegja, karan Kjai Loetoek.

blz.195. Nglados dados djoeragan Dalem, Kangdjeng Ratoe Ageng kang dalem wonten Tegal-redja, poepoetra Kjai Massèh, abdi-dalem Soeranata, djaman Kartasoera, noeroenaken dateng Radèn Toemenggoeng Djajadipoera, Boepati Najaka Wedana keparak tengen, Ngajoegja.

----

11. Kjai Pengantèn Semangoen, garwa poepoetra 12 kalih welas, badjeng èstri:

1. Njai Djaséna.

----

12. Njai Djaséna, garwa poepoetra:

1. Mas Atmadjawirja, ingkang gadah salasilah poenika.

----

11. Kjai Pengantèn Semili, garwa poepoetra:

1. Njai Ranoediwirja, sapisan, krama Kjai Ranoediwirja, doesoen Geblak kidoel nagari.

----

12. Njai Ranoediwirja, sapisan, poepoetra 3 tiga:

1. Radèn Semintaningsih, kagarwa Kangdjeng Pangéran Arja Dipasanta.
2. Radèn Poerwakaningsih, kagarwa Kangdjeng Pangéran Arja Mangkoekoesoema.
3. Kjai Rangga Ranoediwirja, Geblak kidoel nagari Ngajoegja.

----

13. Radèn Semintaningsih, garwa Kangdjeng Pangéran Arja Dipasanta, poetra Dalem Kangdjeng Soeltan kaping sapisan Ngajoegja-poepoetra 4 sakawan:

1. Radèn Ajoe Djiwaraga, anggarwa Panèwoe Loerah Gandèk Ngajoegja.
2. Radèn Ajoe Rijakoesoema, anggarwa Kangdjeng Pangéran Arja Rijakoesoema, Poetra Dalem Kangdjeng Soeltan kaping 2 kalih Ngajoegja.
3. Radèn Ajoe Tirtasari, poepoetra: Radèn Karta-atmadja, tilas Pandji Djambon.
4. Radèn Ajoe Kiringan, ing Bonagoeng.

----

14. Radèn Ajoe Rijakoesoema, sepoeh, garwaning Kangdjeng Pangéran Arja Rijakoesoema, poepoetra 4 sakawan:

1. Radèn Ajoe Wirjadiningrat, anggarwa Radèn Toemenggoeng Wirjadiningrat, Boepati Anèm Kaptin Djaga-karija, pradjoerit Atoesan.
2. Radèn Rija Rijakoesoema, kaping 2 kalih, Boepati Anèm Waris.
3. Radèn Pandji Prawirakoesoema, anggarwa poetraning Radèn Toemenggoeng Djajanagara.
4. Radèn Pandji Bahoesentana.

----

15. Radèn Ajoe Wirjadiningrat anggarwa Radèn Toemenggoeng Wirja-

diningrat, Boepati Anèm Kaptin pradjoerit Djaga-karja, poetranipoen Kangdjeng Panembahan Mangkoerat Ngajoegja; Radèn Ajoe Wirjadiningrat, poepoetra:

1. Radèn Ajoe Djajadipoera, anggarwa Radèn Toemenggoeng Djajadipoera, Boepati Najaka wadana kaparak tengen.
2. Radèn Toemenggoeng Wirjadiningrat kaping 2 kalih, Boepati A-
blz.196. nèm Kaptin pradjoerit Djaga-karja.
3. Radèn Ajoe Tjakraredja, krama Tjarik ing Pengasih, poetraning Kjai Wiradipoera Manten.
4. Radèn Ajoe Resawilaja, krama poenakawan Djadjar Koersi.

---

17. Radèn Ajoe Djajadipoera, sepoeh, poepoetra 5 gangsal.

1. Radèn Ajoe Sélawinata, anggarwa Panèwoe Kaboepatèn Nanggoelan.
2. Radèn Pandji Djajadimedja, ladjeng nama: Radèn Wadana Prawiradipoera.
3. Kangdjeng Ratoe Mas, garwa Dalem Kangdjeng Soeltan kaping 7 pitoe Ngajoegjakarta.
4. Radèn Toemenggoeng Brangtakoesoema, Boepati wadana Keparak tengen, Ngajoegja.
5. Radèn Bekel Djèndi, nama: Radèn Loerah Koedasoewarna, Loerah Soematali.

---

13. Radèn Poerwakaningsih, garwaning Kangdjeng Pangéran Arja Mangkoekoesoema, poepoetra:

1. Radèn Ajoe Poerwawidjaja, anggarwa sadèrèk Pangéran Moeljadiningrat sami trah Pakoeningratan poetraning Adipati Natakoesoema.

---

14. Radèn Ajoe Poerwawidjaja, poepoetra:

1. Radèn Ajoe Bahoesasra, anggarwa Radèn Pandji Bahoesasra, poepoetra.

---

15. Radèn Ajoe Bahoesasra, anggarwa Radèn Pandji Bahoesasra, poepoetra:

1. Radèn Ajoe Retnasandyah, langen Dalem Kangdjeng Soeltan kaping 7 pitoe Ngajoegja.
2. Radèn Pandji Bahoesasra kaping 2 kalih, Pandji pradjoerit Mantri lebet, poepoetra: Radèn Pandji Bahoesasra kaping 3 tiga, anggarwa poetraning Radèn Pandji Djajapremadi, séda soemaré Moelangi, poetra Kornèlan Mertanagaran.

---

16. Radèn Ajoe Retnasandyah, langen Dalem Kangdjeng Soeltan kaping 7 pitoe, Ngajoegjakarta, poepoetra:

1. Kangdjeng Pangéran Arja Djajakoesoema.
2. Kangdjeng Pangéran Arja Adinagara, anggarwa poetraning Goesti Kangdjeng Ratoe Anggèr.

---

17. Kangdjeng Pangéran Arja Adinagara, anggarwa poetra Dalem Goesti Kangdjeng Ratoe Anggèr, garwaning Kangdjeng Pangéran Arja Joedanagara kaping 2 kalih, krama na(k)-sedèrèk , dèrèng poepoetra; poetra sangking langen Radèn Tédjawati, poetra sangking langen Radèn Ajoe Tédjaningsih, poetra sangking Radèn Tédjares(e?)mi 3, tiga: 1 Radèn Mas Soedarmadi, 2 Radèn Mas Soehardi, 3 Radèn Adjeng Soejati, séda, soemaré Imagiri. Sigeg.

---

5. Radèn Pandji Prawirakoesoema, Pandji Prèntah pradjoerit Mantri lebet, anggarwa poetraning Radèn Toemenggoeng Djajanagara, poepoetra:

1. Radèn Pandji Prawirakoesoema, kaping 2 kalih, anggarwa poetraning Radèn Toemenggoeng Widjajèngsastra.
2. Radèn Ajoe Djajawinata, poepoetra 4, ladjeng pegat; 1 Radèn Bekel Atmapremadi, 2 Radèn Ajoe Poespa ; 3 Radèn Mas Djada, 4 Radèn Adjeng ....

blz.197. 3. Radèn Loerah Mangkoedigdaja, garwa poetraning Radèn Toemenggoeng Tjakraningrat.

4. Radèn Bekel Soebari.

---

13. Kjai Rangga Ranoediwirja, ḍoesoen Geblak kidoel nagari, noeroenaken poetra 6 nem.

1. Mas Demang Djajasentana, ḍoesoen Geblak.
2. Mas Wirajoeda.
3. Èstri sémah Mas Djajadikara.
4. Èstri sémah Mas Joedapremoeni.
5. Èstri sémah Mas Bahoeprebangsa.
6. Djaler Goes Joesoep;- titi salasilah Djatinom.

No.32.

Poenika gotèk salasilah loeloehoeripoen bendara Radèn Ajoe Srenggara, loeloeri sangking Keḍoe Kaṭiṭang, ingkang ḍeḍèrèk dedagan wonten pasaréjan Soewargan ing Imagiri, Ngajoegja, kaoeroet ing ngadjeng sangking Sri Praboe Brawidjaja kaping 5 gangsal, Ratoe Madjapait kaping 7 pitoe, ingkang wekasan, kados ngandap poenika.

1. Awit Sri Praboe Brawidjaja kaping 5 gangsal, Ratoe Madjapait kaping 7 pitoe ingkang wekasan, poetra ingkang No. 30, sangking garwa pangrembé, oetawi paminggir.

1. Radèn Djaka Antar, Radèn Arja Soewangsa, sabeḍahipoen nagari Madjapait, linggar moelana ḍateng tanah Keḍoe, krama pikantoek aḍinipoen Arja Bangah ing Keḍoe kang kaseboet Adipati Toe(ng)garana, Boepati Tamping nagari ing Pengging. Garwa kang nèm poetraning Pangéran Poedjangga, nama: Njai Ageng Tinebah; Déné garwanipoen Arja Bangah Adipati Toenggarana Boepati Keḍoewaoe, poetraning Praboe Brawidjaja kaping 5 gangsal, poetra kang No.21 salikoer, sangking garwa paminggir, nama: Retna Satapan, poepoetra 2 kalih:

1. Njai Ageng Slèsèh, kang soemaré goenoeng Toempeng, ing Keḏoe, sasé~~s~~daning laki, krama ping 2 kalih, Radja Panḏita Garesik.
2. Kjai Boḏo Boepati Keḏoe, kang soemaré Keḏoe Siwoer, tilar poetra èstri Njai Adjeng Sarasah.

Déné Kjai Boḏo karan Kjai Ageng Pakoekoewan sarimbit soemaré ing Keḏoe Siwoer, gaḏah patilasan senḏang isi mina lélé mantja-warni, kanggé sami panadaran doemoegi semangké.

----

2. blz.198. Radèn Djaka Antar, inggih Arja Soewangsa, sadèrèngipoen kersa krama rabi, karem mara-tapa wonten ing lèpèn Gowok, tanah Keḏoe Kaṯiṯang, moeng nenggani kadjeng wot galinggang asem, ngantos ṯoekoel semi angrembaka, toemoenten goeroenipoen ḏateng, nama: Pangéran Poedjangga, sampoening winedjang prama-widya ladjeng pinenḏet mantoe, pikantoek Njai Ageng Tinebah, sinoeng nama: Kjai Ageng Wotsinom, kabekta karan sangking wot kadjeng galinggang asem, noenten ḏeḏoekoeh kekitri lan noeroenaken soemaré sarimbit wonten Keḏoe Kaṯiṯang.

1. Kjai Ageng Wotsinom waoe garwa poepoetra 2 kalih:
Poetra sangking garwa sepoeh, nama: Kjai Wangsagati, karan Kjai Ageng Slèsèh, ing Goenoeng Toempeng, anggarwa poetraning Arja Bangah, inggih Adipati Toenggarana, Boepati Keḏoe Tamping ing Pengging, pinanggih nak-ḏèrèk, sampoening poepoetra djaler rabinipoen séda, soemaré redi Toempeng, Kjai Ageng Slèsèh manah bibrah garwa séda, ladjeng linggar ḏateng ing Demak, ladjeng kapenḏet mantoe ḏateng Wasi Djiwa, Pangéran Rangkaknjana, Djatinom, Kjai Ageng Slèsèh waoe ladjeng noeroenaken seladjeng soemaré wonten Ngastana Demak. blz.199.

2. Poetra sangking garwa nèm, Njai Ageng Tinebah, nama: Njai

Ageng Séla-manik, kagarwa déning Pangéran Makdoem-djamil, karan Kjai Ageng Séla-manik, kaping sapisan, kang soemaré ing Wiraṭa Pangangsalan Pakalongan, Poetraning Pangéran Makdoem Koesèn, kang soemaré ing Radjawana, kang djoeloek Pangéran Kadji Poering, ~~a~~ inggih poenika poetraning Pangéran Atas-angin, kang séda soemaré wonten ing nagari Tjempa.

---

3. Kjai Ageng Samak kang soemaré Demak, inggih Kjai Ageng Slèsèh, Goenoeng Toempeng, poenika sak-dèrèngipoen séda ingkang garwa linggar ngalih ḍateng tanah Demak, waktoe semanten tilar poetra djaler:

1. Nama: Kjai Tjitragati, ladjeng karan: Panembahan Sarasah, kang soemaré ing ḍoesoen Léjangan tanah Keḍoe, garwanipoen ingkang sepoeh aḍinipoen Pangéran Makdoem Djamil, inggih Kjai Ageng Séla-manik, kaping sapisan, kang soemaré ing Wiraṭa ing Pangangsalan ~~K~~ Pakalongan, déné garwa ingkang nèm poetraning Kjai Boḍo, Boepati Keḍoe, inggih Kjai Ageng Pakoekoewan kang soemaré ing Keḍoe Siwoer.

---

4. Kjai Tjitragati, inggih Panembahan Sarasah, kang soemaré ḍoesoen Léjangan tanah Keḍoe poepoetra 2 kalih:

1. Poetra sangking garwa sepoeh, Kjai Maragati, inggih Kjai Ageng Séla-manik kaping 2 kalih.
2. Poetra sangking garwa nèm, Kjai Somagati, inggih Kjai Ageng Kali-nangka.

Déné sangking kresanipoen Kjai Maragati, waoe, angoembala tjangkrita, tegesé: angèn bèbèk, tjangkrita namoeng 40 kawan-dasa idji, rinten daloe tjangkritanipoen boten mawi dipoen giri(ng) giring sapoeroeg-poeroeg; ing poendi gènipoen kèndel tjangkritanipoen dipoen tengga, jèn késah dipoen toetaken kaḍerèkaken, anggènipoen ngoembala tjangkrita sampoen pikantoek 3 tigang warsa boten mantoek-man-

blz.199.

toek, ngantos doemoegi ing Ambah-rawa, ladjeng pinanggih lan Kjai Pandahan-arang, kang kaping tiga. Di tjangkrita sampéjan katoet toemoet tjangkrita koela, sakawan, atoeripoen Kjai Pandan-arang, kadjengipoen dèrèk tjangkrita sampéjan; Kjai Maragati, wonten Ambah-rawa pikantoek tigang woelan, ladjeng koendoer mring Kedoe Katitang, kedalon sipeng wonten doesoen Sikepan tigang daloe, tjangkrita bèbèk telas saben daloe dipoen pendeti tijang Sikepan, sampoening telas tjangkritanipoen ladjeng koendoer dateng Kedoe Katitang, pinanggih lan kang raji Kjai Somagati. Déné Kjai Maragati waoe, ladjeng pinendet mantoe dateng Pangéran Makdoem Djamil, Kjai Ageng Séla-manik kaping sapisan, kinèn toemoet doedoekoeh wonten Séla-manik; sak-sédaning kang marasepoeh Kjai Ageng Séla-manik kaping sapisan, poetra mantoe Kjai Maragati, kinèn goemanti kang marasepoeh, nama: Kjai Ageng Séla-manik kaping 2 kalih, lan noeroenaken soemaré wonten ing Sélamanik sarimbit.

----

5. Kjai Somagati, adinipoen Kjai Maragati, ngalih doedoekoeh wonten ing Lempoejang, tanah Kedoe boten kersa krama, amoeng gentoer kasoetapan, mèh ngantos doengkap djaman Padjang, mèh doemoegi djaman Mentaram, kersanipoen meksa teksih banter kasoetapan, tirakatan dateng redi-redi, jèn daloe koengkoem wonten Kali Nangka, anggènipoen koengkoem wonten kali ngantos pitoeng woelan boten mentas-mentas; ladjeng karan Kjai Ageng Kali Nangka, ladjeng pinendet mantoe dateng Kjai Ageng Panggpeng-ening kang soemaré Kretanagari, oegi wajah boejoetipoen Pangéran Atas-angin ing Tjempa; satilaripoen kang marasepoeh, goemanti, nama: Kjai Ageng Panggoeng-ening kaping 2 kalih ing doesoen Lempoejang, karan Kjai Ageng Lempoejang, soemaré lan noeroenaken wonten ing doesoen Lempoejang tanah Kedoe, tilar poetra:

1. Èstri, Rara Lempoejang, kagarwa satrija lelana, sangking tanah Palèmbang, nama: Radèn Tranggana, poenika poetraning Panembahan Palémbang kaping 2 kalih, poetra sangking garwa paminggir, Panembahan Palèmbang kaping 2 kalih waoe poetraning Adipati Petjat-tanda, ing Teroeng, inggih Kjai Ageng ~~t~~Teroeng ping sapisan, poetraning Arja Damar, Panembahan Palèmbang sapisan.
Radèn Tranggana sampoening patoetan poetra kalih garwa, ladjeng katilar moelana, goegoeroe dateng Soenan Tembajat, sesilih nama: Panembahan Bodo, séda soemaré ing Makam Sèwoe, distrik Tjepit bawah Kaboepatèn Bantoel Kadiredja Nga-
blz.200. joegja.
Déné garwa kang katilar waoe, momong poetra kalih, ladjeng karan Njai Ageng Lempoejang tanah Kedoe.

----

6. Njai Ageng Lempoejang, garwaning Radèn Tranggana, kang nilar moelana, djoeloek Panembahan Bodo, asli sangking Palémbang, tilar poetra 2 kalih, sami djaler:

1. Kjai Tjakradirana, karan Kjai Ageng soemaré Goenoeng Toempeng, ing Kedoe sa-lor Djoema.
2. Kjai Wangsamenggala, karan Kjai Ageng kang séda Toja Djoema.

----

7. Kjai Tjakradirana, kang soemaré Goenoeng Toempeng Kedoe salor Djoema, poepoetra 2.

1. Kjai Tjakradirana ping 2 kalih, Goenoeng Toempeng séda soemaré Ketitang.
2. Kjai Ageng Djaladara, ing Gowong.

----

7. Kjai Wangsamenggala, inggih Kjai Ageng Séda Toja Djoema, garwa poepoetra 5 gangsal:

1. Èstri, krama pikantoek Kjai Tjakradirana, kaping 2 kalih, Goenoeng Toempeng, soemaré Kedoe Ketitang.

2. Kjai Legé, ing Wanasaraja.
3. Kjai Patrawisa, ing Moentjar.
4. Kjai Wangsamenggala kaping 2 kalih, ing Kali Nangka.
5. Njai Djaladara ing Gowong laki nak-saḍèrèk.

----

8. Kjai Wangsamenggala kaping 2 kalih Kali Nangka, garwa poepoetra 2 kalih:

1. Kjai Rasamenggala.
2. Kjai Wangsamenggala ping 3 tiga.

----

8. Njai Ageng Djaladara, garwa Kjai Djaladara Gowong poepoetra 3 tiga:

1. Kjai Wangsajoeda ing Kaboenan.
2. Kjai Wangsagati kaping 2 kalih.
3. Njai Adjeng Djaladara kaping 2 kalih.

----

8. Njai Tjakradirana, anggarwa Kjai Tjakradirana kaping 2 kalih, Goenoeng Toempeng, soemaré Keḍoe Keṭiṭang, poetra 8.

1. Njai Adjeng Prajagati, krama pikantoek Kjai Prajagati, poetraning Njai Ageng Menganeng.
2. Kjai Djaladara ping 2 kalih, krama pinanggih nak-ḍèrèk.
3. Kjai Tjakradirana kaping 3 tiga, ing Lempoejang soemaré Keṭiṭang.
4. Njai Wangsamenggala, kaping 3 tiga.
5. Kjai Palanan, soemaré Kedoe Toja-marta.
6. Kjai Legé kaping 2 kalih, ing Toja-marta.
7. Kjai Patrawisa kaping 2 kalih, ing Moentjar. blz.201.
8. Kjai Prajadirana, ing Kaboenan. Sigeg.

::

5. Kjai Maragati, inggih Kjai Ageng Sélamanik kaping 2 kalih, garwa poepoetra:

1. Èstri krama pikantoek Kjai Ageng Menganeng, asli Pager Goe-

noeng, poetraning djaler Kjai Ageng Karo-tangan, Pager Goenoeng sapisan poenika poetraning Kjai Ageng Anis soemaré Nglawéjan.

----

6. Njai Ageng, Kjai Ageng Menganeng, poepoetra 2 kalih:

1. Kjai Prajagati, krama pikantoek poetraning Njai Ageng Tjakradirana kaping 2 kalih, ing Goenoeng Toempeng.
2. Kjai Banten.

----

7. Kjai Banten, garwa poepoetra 2 kalih:

1. Èstri Njai Adjeng Wangsatjitra, krama pikantoek poetraning Kjai Prajagati.
2. Kjai Talab, poepoetra Kjai Ketib Anom, poepoetra Kjai Mredjan, poepoetra Kjai Asan, Kjai Asan waoe poepoetra 2 kalih:
   1. Kjai Ngoesman, 2 kalih, Kjai Amad Oenoes, ing Keṭiṭang, ingkang gaḍah pakem oeroet-oeroetipoen salasilah poenika, ingkang ka-atoeraken ḍateng Kangdjeng Radèn Adipati Danoeredja, Ridder ḍé orḍe Nèderlanslépjo Patih Dalem kaping 5 gangsal Ngajoegjakarta.

----

7. Kjai Prajagati, anggarwa poetraning Njai Ageng Tjakradirana, kaping 2 kalih, ing Goenoeng Toempeng, soemaré Keḍoe Keṭiṭang, poepoetra djaler:

1. Kjai Wangsatjitra, garwa poetraning Kjai Banten, pinanggih nak-ḍèrèk, Kjai Wangsatjitra ḍoeḍoekoeh wonten Keḍoe, sareng Pandjenengan Dalem Kangdjeng Soehoenan Ageng Dinan, kang ngeḍaton Ngèksiganda, Plèrèd, soemaré Tegil-aroem, sinoeng nama: Radèn Toemenggoeng Mangkoejoeda, medanani tanah Keḍoe, siti Boemidja, inggih poenika Radèn Toemenggoeng Mangkoejoeda, ingkang séda sampjoeh lan Darmajoeda, wonten bètèng ing Kaḍiri, Darmajoeda wadya-balanipoen Praboe Madoeretna, Troenadjaja.

----

8. Radèn Toemenggoeng Mangkoejoeda, kang séda sahit bètèng Kediri, lajon soemaré doesoen Pakoentjèn Kedoe Ketitang, tilar poetra 2 kalih:

1. Bagoes Lemboe, nama: Toemenggoeng Mangkoejoeda, kaping 2.
2. Bagoes Boewang, nama: Toemenggoeng Natajoeda, sami kinèn medanani siti tanah Kedoe dipoen palih.

----

9. Radèn Toemenggoeng Mangkoejoeda kaping 2 kalih, garwanipoen tiga, 1 garwa triman, sadèrèk Dalem Kangdjeng Soehoenan Amangkoerat kaping 2 kalih, ing Wana Karta, ingkang dipoen angkat déning Atmiral karan Amral, nama: Radèn Ajoe Kaleting-birce, 2 kalih, sémah sangking Kaliwoengoe, poetraning Radèn Rangga Soera-adimanggala kaping 3 tiga, kang soemaré doesoen Ngembat Kali-woengoe, 3 tiga, sémah sangking Panoelaran, Radèn Toemenggoeng Mangkoejoeda kaping 2 kalih waoe poepoetra:

bls.202.

1. Kang iboe sangking Wanakarta, Radèn Mas Soekrama, ladjeng nama Radèn Toemenggoeng Mangkoepradja, Boepati Kedoe, anggarwa Poetra Dalem Kangdjeng Soehoenan Praboe Mangkoerat ing Kartasoera, nama: Radèn Adjeng Branti, kang parab Radèn Adjeng Patri. Sareng Radèn Toemenggoeng Mangkoepradja dèn telasi, déning Kangdjeng Soeltan sapisan, ing Ngajoegjakarta, awit njeni sesak boten poeroen tampi, anggènipoen nelasi wonten ing Kedoe, Radèn Ajoe Mangkoepradja waoe, karsa Dalem ladjeng katrimakaken dateng toewan Kadji ing Patelan tanah Kedoe.
2. Sangking sémah Kaliwoengoe, poetraning Radèn Rangga Soera-adimanggala, ping 3 tiga, soemaré doesoen Ngembat Kaliwoengoe, nama: Kjai Mangkoedrana, goemanti kang raji, ladjeng nama: Kjai Toemenggoeng Mangkoejoeda, ing Kedoe Boepati kaping 4 sakawan, séda Samarang, lajon soemaré ngastana redi Pragota, alam Kartasoera.

3. Sangking sémah poetra Panoelaran, Kjai Toemenggoeng Mangkoejoeda, kaping 3 tiga, Boepati Kedoe soemaré Kedoe Djoema, ingkang dipoen gentosi dateng kang raka, séda Samarang, soemaré ing Pragota, Boepati Kedoe kang kaping 4 sakawan.

----

10. Kjai Mangkoedrana, inggih Kjai Toemenggoeng Mangkoejoeda, kang kaseboet Boepati Kedoe kaping 4 sakawan, ingkang gentosi kalenggahanipoen ingkang raji waoe, séda Samarang, soemaré wonten ngastana redi Pragota, ing Samarang, alam Kartasoera, tilar poetra:

1. Estri Njai Adjeng Soetamarta, anggarwa Kjai Soetamarta, kaping 3 tiga, poetraning Kjai Soetamarta kaping 2 kalih, poenika poetraning Kjai Pager-goenoeng kaping 4 sakawan, poetraning Kjai Boejoet Pager-goenoeng kaping 3 tiga, poetraning Kjai Karang-goenoeng kaping 2 kalih, poenika ~~s~~ poetraning Kjai Soetamarta kaping sapisan, kaseboet Kjai Pager-goenoeng sapisan, kaleres adinipoen Kjai Ageng Menganeng, sami poetraning djaler Kjai Ageng Karo-tangan, kang soemaré Pager-goenoeng, poetraning Kjai Ageng Anis, kang soemaré Nglawéjan, poenika poetraning Kjai Ageng Ngabdoer-rahman inggih Kretabaja, ing Séla, poetraning Kjai Ageng Ngabdoelah, kaseboet Kjai Ageng Getaspendawa, inggih poetraning Radèn Djaka Bondan Kadjawan Arja Lemboe-peteng kaping 2 kalih, Kjai Ageng Taroeb kaping 3 tiga.

----

11. Njai Adjeng Soetamarta, anggarwa Kjai Soetamarta kang kaping 3 tiga, Kjai Toemenggoeng Sarawadi, poepoetra:

1. Radèn Ngabèi Mangkoewidjaja, nama: Kjai Toemenggoeng Mangkoejoeda, Boepati Najaka boemi, ing Soerakarta ingkang kaping 3 tiga.

----

12. Radèn Toemenggoeng Mangkoejoeda, Boepati Najaka boemi, ing Soerakarta, poepoetra 22 kalih likoer, kang kaseboetaken poetra kang No.4 sakawan:

blz.203

4. Radèn Retnaningsih, langen Dalem Kangdjeng Soehoenan Pakoeboewana kaping 4 sakawan, Sinoehoen Bagoes, ing Soerakarta.

----

13. Radèn Retnaningsih, langen Dalem Kangdjeng Sinoehoen Bagoes, poepoetra:

1. Kangdjeng Pangéran Adipati Koesoemajoeda, anggarwa poetraning Kangdjeng Pangéran Arja Mangkoeboemi sapisan ing Soerakarta.

----

14. Kangdjeng Pangéran Adipati Koesoemajoeda, anggarwa poetraning Kangdjeng Goesti Pangéran Arja Mangkoeboemi, poepoetra:

1. Kangdjeng Pangéran Arja Koesoemajoeda kaping 2 kalih, anggarwa poetraning Kangdjeng Pangéran Arja Mangkoeboemi kaping 2 kalih.

----

15. Kangdjeng Pangéran Arja Koesoemajoeda kaping 2 kalih, anggarwa poetraning Kangdjeng Pangéran Arja Mangkoeboemi kaping 2 kalih, Soerakarta, pinanggih naking-sagèrèk. Sigeg.

----

10. Kjai Toemenggoeng Mangkoejoeda, kang kaping 3 tiga, ing Kedoe, kang soemaré Kedoe Djoema, ingkang dipoen gentosi ingkang raka, poepoetra:

1. Kjai Ngabèi Soemaredja, Mantri Kaboepatèn Kaliwoengoe.

----

11. Kjai Ngabèi Soemaredja, Mantri Kaboepatèn Kaliwoengoe, poepoetra:

1. Kjai Ngabèi Soetadangsa, Mantri sentana, Kaliwoengoe.

----

12. Kjai Soetadangsa, Mantri sentana Kaliwoengoe, garwa poepoetra:

1. Mas Ngabèi Soetanagara, Pilkal ing Samarang. Sigeg.

---

9. Bagoes Boewang, nama: Radèn Toemenggoeng Natajoeda, kaping sapisan, kang séda sahit prang wonten ing Kadoewang, tanah Bodjanagara, soemaré ø ḏoesoen Pakoentjèn Keḏoe Keṯiṯang, garwanipoen poepoetra:

1. Radèn Toemenggoeng Natajoeda kaping 2 kalih, ingkang dipoen oetoes ngloeroegi tyang ngraman, wonten margi gèsèh rembag lan kantjanipoen, pangagenging Koempeni, wasana dados brawala leleboeran, wadya Koempeni, bala Djawi toetoempesan, sampjoeh sadaja, wonten tanah ḏoesoen Toerèn Batang, lajon soemaré Keḏoe Keṯiṯang.

----

10. Radèn Toemenggoeng Natajoeda kaping 2 kalih, kang séda brawala prang lan kantjanipoen pangagenging koempeni, wadya koempeni Djawi toetoempesan, wonten ing ḏoesoen Toerèn tanah Batang, soemaré Keḏoe Keṯiṯang, anggarwa poetraning Radèn Rija Mangoendirdja, Manøtaram; garwa

blz.204. poepoetra:

1. Radèn Toemenggoeng Natajoeda kaping 3 tiga, Boepati wadana Boemidja, ingkang séda prang daweg Petjina, wonten Sitiinggil Kartasoera, prang baroeboehan, wadya Djawi Kartasoera tan mangga poeliha, daweg alamipoen Kangdjeng Soehoenan Pakoeboewana kaping 2 kalih, kantos linggar kèngser mring ing Panaraga, Radèn Toemenggoeng Natajoeda kaping 3 tiga waoe, kàng soemaré wonten ḏoesoen Pakoentjèn Keḏoe Keṯiṯang.

----

11. Radèn Toemenggoeng Natajoeda kaping 3 tiga, kang séda Siti-inggil Kartasoera, anggarwa poetraning Kjai Danoerdja,

Patih Dalem Kartasoera, ngadjeng nama: Kjai Toemenggoeng Tjakradjaja, Boepati Djapara, aming asli sangking Krèḍètan Bagelèn, tinanem Boepati Djapara alam Sinoehoen Praboe Mangkoerat, Sinoehoen Pakoeboewana kaping 2 kalih djoemeneng Nata, Kjai Toemenggoeng Tjakradjaja, Boepati Djapara kinèn djinoendjoeng dados Papatih Dalem ing Kartasoera, nama: Kjai Danoerdja, Kartasoera, katrangan awit dados Boepati Djapara, Kjai Toemenggoeng Tjakradjaja waoe, alam Sinoehoen Pakoeboewana sapisan ing Kartasoera, ladjeng pinoenḍoet dados Patih Dalem teksih nama: Adipati Tjakradjaja, sak bakdaning kraman Djajapoespita, sinoeng nama: Kjai Danoerdja, ngantos Sinoehoen Praboe djoemeneng Nata, doemoegi Sinoehoen Pakoeboewana kaping 2 kalih, séda Lawéjan, ladjeng kénḍang mring sabrang, awit sangking tetepipoen magangan Samarang, poetraning Kjai Mirmagati, karsa Dalem djinoendjoeng dados Boepati Pakalongan, nama: Adipati Djajaningrat, marasepoeh Radèn Soepama, Adipati Djajaningrat kaping 2 kalih, kang karan Tjowèk, djalaran saweg ḍahar ngeproek tjowèk ḍateng Toemenggoeng Anggawangsa, Aroengbinang.

Radèn Toemenggoeng Natajoeda kaping 3 tiga waoe, poepoetra 4 sakawan:

1. Poetra badjeng Radèn Ajoe Adiwidjaja, garwanipoen Kangdjeng Pangéran Arja Adiwidjaja, séda Aboe, tanah Keḍoe.
2. Bendara Radèn Ajoe Srenggara, langen Dalem Kangdjeng Soeltan Mengkoeboewana kaping sapisan kang djoemeneng Nata Ngajoegjakarta.

   Bendara Radèn Ajoe Srenggara, soemaré dedagan pasaréjan Soewargan, ing Imagiri.
3. Radèn Toemenggoeng Natajoeda kaping 4 sakawan, kang séda Si(ng)kalan, soemaré Kaoeman Keḍoe Keṭiṭang.
4. Kjai Toemenggoeng Mangkoeredja, Boepati Keḍoe Mantja-nagari,

soemaré doesoen Pakoentjèn Kedoe Ketitang.

----

12. Radèn Toemenggoeng Natajoeda kaping 4 sakawan, kang séda Singkalan, kang soemaré Kaoeman Kedoe Ketitang, poepoetra 2 kalih:

1. Radèn Toemenggoeng Natajoeda kaping 5 gangsal, kang séda Ngajoegja, soemaré Kaoeman Kedoe Ketitang.
2. Mas-adjeng Wangsajoeda, karan Bok Kalijah, poetra nama: Mas Rara Kalijah; Mas Rara Kalijah waoe, ingkang garwa

blz.205. Kjai Ngabèi Poespatroena, nama: Mas-adjeng Poespatroena, poenika poetraning Kjai Toemenggoeng Djawikrama, Manten, ingkang keloengsoer, daweg Pràjoet, alam Kangdjeng Soeltan kaping sapisan Ngajoegja, Kjai Toemenggoeng Djawikrama waoe poetraning Kjai Toemenggoeng Djawinata ing Djedjeran.

----

13. Radèn Toemenggoeng Natajoeda kaping 5 gangsal, kang séda Ngajoegja, lajon soemaré Kaoeman Kedoe Ketitang, garwa kalih, garwa sepoeh: Njai Adjeng Natajoeda, poetraning Radèn Adipati Danoeredja Patih Dalem Ngajoegja kaping sapisan, poetra patoetan sangking Bak-adjeng Jati, oeroet kanomeran No.14 kawan welas.

2. Garwa ingkang nèm, Bendara Radèn Ajoe Natajoeda, poetra wragilipoen Bendara Radèn Ajoe ~~D~~ Srenggara, kapétang tjara-alitipoen pinanggih nak-dèrèk.

Radèn Toemenggoeng Natajoeda kaping 5 gangsal waoe, poepoetra 7 pitoe:

1. Poetra sangking garwa sepoeh, Danoeredjan, Radèn Toemenggoeng Joeda-atmadja, Boepati Kedoe Ketitang, soemaré Ketitang.
2. Radèn Toemenggoeng Djajadiwirja, sareng minggah kadji Toewan Kadji Djajadiwirja, anggarwa poetraning Radèn ~~R~~ Toemenggoeng Sasranagara, kalih langen selir.

3. Sangking pangrembé, Mas-adjeng Ranadipa.
4. Sangking pangrembé, Mas-adjeng Soemadiwirja.
5. Sangking pangrembé, Kjai Tjitrawangsa, ing Koepèngan.
6. Sangking garwa Poetra Dalem, Radèn Toemenggoeng Natajoeda kaping 6 nem, kang soemaré ing Srema, bawah Nanggoelan.
7. Sangking Poetra Dalem, Radèn Mas Nataprawira, ndèrèk njentana wonten ing Pakoe-alaman.

----

14. Radèn Toemenggoeng Djajadiwirja, nama: Radèn Kadji Djajadiwirja, anggarwa poetraning Radèn Toemenggoeng Sasranagara, kang poetra sangking pangrembé, kang No.7 pitoe, nama Radèn Ngantèn Kadji Djajadiwirja, 2 sangking langen.

Radèn Toemenggoeng Kadji Djajadiwirja, garwa poepoetra:

1. Sangking iboe asli Sasranagaran, Radèn Toemenggoeng Mangkoejoeda, ngalih nama: Radèn Toemenggoeng Mendoera, dalem wétan bètèng tjelak Kintelan.
2. Sangking iboe asli Sasranagaran, Radèn Ngabèi Nitidiwirja.
3. Sangking garwa pangrembé, Mas-adjeng Tjitradiwirja, semah Kjai Tjitradiwirja.

----

15. Radèn Toemenggoeng Mendoera, kang dalem sawétan bètèng tjelak ngastana ing Kintelan, garwa poepoetra:

1. Radèn Martadipoera.
2. Radèn Mangkoedirdja.
3. Radèn Mangkoediwirja.
4. Radèn Rara Soeweg.
5. Radèn Rara Pepeni. blz.206.
6. Radèn Rara Sidah.

----

19. Radèn Ngabèi Nitidiwirja, anggarwa Radèn Adjeng Entik poetraning Radèn Toemenggoeng Martadiwirja, kang soemaré Pakoentjèn Sidajoe Gombong, poetraning Radèn Toemeng-

goeng Danoekoesoema, poetra sangking Bendara Radèn Ajoe Danoekoesoema, poetra mantoening Radèn Adipati Danoeredja sapisan Ngajoegja, poetra Dalem Kangdjeng Soeltan; Radèn Ngabèi Nitidiwirja anggarwa Radèn Adjeng Enṭik, poepoetra 2 kalih:

1. Dèn Mas Kimpoel, Dèn Pandji Nitidiwirja kaping 2 kalih, ladjeng minggah dados Pandji Préntah, nama: Dèn Pandji Ranakoesoema, pradjoerit Mantri lebet, poepoetra: 1 Dèn Mas Amir Andjilin, goemanti waris, nama: Dèn Pandji Ranakoesoema, kaping 2 kalih, sémah anak ing Sastrawidjaja, alit laré, nama: Djaéroe.
2. Radèn Tjoewatisari, garwaning Radèn Toemenggoeng Poerwawinata, poetraning Kangdjeng Pangéran Arja Adiwinata, wakil, poepoetra Radèn Toemenggoeng Poerwawinata ping 2 kalih, kemantoe Radèn Pandji Joedadipoera, Pandji pradjoerit Mantri lebet.

Radèn Adjeng Enṭik, Radèn Ajoe Nitidiwirja, sak sédaning laki krama kaping kalih, pikantoek Boepati Magetan, Toemenggoeng Sasrakoesoema, poepoetra 4 sakawan:

1. Radèn Mas Soerjakoesoema, séda.
2. Radèn Mas Sasrangoelama.
3. Radèn Mas Martaprawira.
4. Radèn Ajoe Djajèngboentara, séda wonten Srengat, dédé saḍerèk toeroenan sangking Radèn Ngabèi Nitidiwirja, aming sami gaḍah sangking Keḍoe.

----

19. Poetra kang No.3 tiga, poetraning Radèn Toemenggoeng Djajadiwirja, Radèn Toemenggoeng Kadji Djaja~~s~~diwirja, sangking garwa pangrembé, Mas-adjeng Tjitradiwirja, anggarwa Ngabèi Tjitradiwirja, Keḍoe, poepoetra:

1. Njai Aspija, sémah Kjai Aspija goeroe santrèn Keḍoe.

2. Mas-adjeng Tjitradimedja, sémah Kali Piloes.
3. Mas Atmasanta, ing Kembang-aroem.
4. Mas Ngabèi Prawiradrana, djadjar pradjoerit Mantri lebet lijer Djager, nama: Ngabèi Wirjaredja.
5. Mas Pantjadiwirja, Kedoe.

blz.207. 6. Mas Panèwoe Tjitradiwirja, Panèwoe Tjatjar, ladjeng dados Pandji distrik berbah nama: Mas Pandji Mangoen-atmadja, lijer dateng Gamping, nama: Mas Pandji Nata-amipradja, lijer dateng Séwon, nama: Mas Pandji Djajadiwirja, distrik Pandji Séwon Bantoel Kadiredja, sémah poepoetra 8 woloe.

Anak kang No.2 kalih, Mas Pandji Mangoenpramoedja, Pandji distrik Prambanan Kalasan.

Anak badjeng, 1 Mas Ngabèi Wirjaprenata, mantoe Djajanagaran.

---

14. Radèn Toemenggoeng Natajoeda, kaping 6 nem, kang séda soemaré Srema, anggarwa poetra Dalem Kangdjeng Soeltan Mengkoeboewana kaping 2 kalih Ngajoegja, patoetan poetra sangking Poetra Dalem amoeng 4 sakawan:

1. Iboe sangking poetra Dalem, Radèn Ajoe Soerjaningprang, anggarwa Pangéran Soerjaningprang, ing Pakoe-alaman, poepoetra Pangéran Soerjaningprang ping 2.
2. Iboe sangking poetra Dalem, Radèn Mas Gendoe, Radèn Toemenggoeng Natajoeda, kaping ~~6~~ 7 pitoe, saweg joeswa 19 sangalas taoen séda, dèrèng poepoetra, soemaré doesoen Séngon.
3. Radèn Ajoe Djajadiningrat, anggarwa Radèn Adipati Djajadiningrat, Boepati Karang-anjar pènsijoen.
4. Iboe sangking poetra Dalem, Radèn Toemenggoeng Widjajèngsastra, Boepati Anèm wadana Tjarik lebet, anggarwa poetraning Kangdjeng Pangéran Kolonèl Adjoedan, Arja Joedanagara, Ngajoegjakarta.

Radèn Toemenggoeng Widjajèngsastra, garwa poepoetra:

1. Radèn Toemenggoeng Sindoeredja, Koemendan pradjoerit Daleman, anggarwa Poetra Dalem Kangdjeng Soeltan Mengkoeboewana kaping 7 pitoe Ngajoegjakarta, nama: Goesti Radèn Ajoe Timoer.
2. Radèn Toemenggoeng Widjajèngsastra kaping 2 kalih, goemanti kang rama, Boepati Anèm wadana Tjarik lebet, anggarwa poetraning Mas Rija Sindoedipoera, Boepati Anèm Ngajoegja.

---

14. Radèn Toemenggoeng Joeda-atmadja, Boepati Kedoe, soemaré Kedoe Ketitang, garwa poepoetra 2 kalih:

1. Radèn Ajoe Adiwinata, anggarwa Kangdjeng Pangéran Adiwinata, ingkang séda prang ing Nglè(ng)kong.
2. Radèn Bèi Nataredja, Mantri goenoeng ing doesoen Blodo tanah Kedoe, soemaré Kedoe Ketitang.

---

15. Radèn Ajoe Adiwinata, anggarwa Kangdjeng Pangéran Arja Adiwinata, séda Nglèngkong, tilar poetra 6 nem.

1. Pangéran Adiwinata, soemaré doesoen Pajak bawah Kalasan.
2. Radèn Ajoe Pandji Kreta-atmadja.
3. Radèn Pandji Natajoeda Manten.

blz.208. 4. Radèn Pandji Djajadilaga, Pandji pradjoerit Ketanggoeng anggarwa poetraning Kangdjeng Pangéran Arja Dipawidjaja, Poetra Dalem Kangdjeng Soeltan kaping 2 kalih, Ngajoegja.

5. Radèn Ajoe Pangoeloe Mantoep, garwaning Kjai Pangoeloe Kamalodiningrat, asli Mantoep, Ngajoegja.
6. Radèn Rija Tjakra-atmadja, abdi-dalem Soemapoetra.

---

16. Radèn Ajoe Pandji Kreta-atmadja, sareng garwa dados Kaptin, nama: Radèn Ajoe Kaptin Joedaprana, poepoetra djaler.

1. Radèn Ngabèi Kreta-atmadja, Mantri Kaparak.

---

17. Radèn Ngabèi Mreta-atmadja, Mantri Kaparak, garwa poepoetra 3 tiga:

1. Radèn Ajoe Pringga-atmadja.
2. Radèn Mas Soerahman.
3. Radèn Adjeng Soekijah, krama pikantoek Radèn Prawira-atmadja, poetraning Radèn Prawirasèna, Manten.

---

15. Radèn Ngabèi Nataredja, Mantri Goenoeng doesoen Blodo, tanah Kedoe, garwa poepoetra:

1. Radèn Ajoe Natajoeda, garwa Radèn Pandji Natajoeda Manten, poetraning Kangdjeng Pangéran Arja Adiwinata, kang séda Ngléngkong.

---

16. Radèn Ajoe Natajoeda anggarwa Radèn Pandji Natajoeda Manten poepoetra:

1. Radèn Ajoe Mangoen-daja, krama pikantoek Bekel doesoen Djambon.
2. Radèn Mas Mangkoeredja.
3. Dèn Mas Natataroena.
4. Djemas Noerdja.
5. Dèn Adjeng Gandawidjaja, krama Paseratan Kali-bawang, poetraning Radèn Bèi Gandawredaja, poetraning Radèn Toemenggoeng Mretadiwirja.
6. Dèn Mas Ardi.
7. Dèn Mas Kamil.

:::::::::::::::::::::::::::::::::::::::

12. Bendara Radèn Ajoe Srenggara, langen Dalem Kangdjeng Soeltan Mengkoeboewana kaping sapisan Ngajogjakarta; ingkang soemaré dèrèk dedagan pasaréjan Dalem Soewargan, Ngimagiri, Padjimatan, poepoetra, sakawan:

1. Radèn Adjeng Poerbajasa, anggarwa Radèn Toemenggoeng Danoekoesoema, poenika poetranipoen Kangdjeng Radèn Adipati Da-

noeredja, Patih Dalem kaping sapisan Ngajoegjakarta, nama: Radèn Ajoe Goesti Danoekoesoema, soemaré ngastana poera Kija-ageng, tilar poetra goenggoeng 23 likoe, ingkang soegeng 21, poetra sangking padmi Radèn Ajoe Goesti Danoekoesoema, Radèn Toemenggoeng Danoekoesoema, alamipoen Kangdjeng Soeltan kaping 2 kalih Ngajoegja, karsa Dalem dipoen oetoes mring Patjitan, dipoen sédani, wonten ing blz.209. Patjitan, kaseboet nama: Radèn Toemenggoeng Danoekoesoema, Séda Patjitan, soemaré Patjitan, tan lami dèn elih soemaré ngastana Moelangi Ngajoegja, ingkang rama Kangdjeng Radèn Adipati Danoeredja kaping sapisan teksih soegeng ngladosi Kangdjeng Soeltan kaping 2 Ngajoegja; Kodjar Radèn Ajoe Goesti Danoekoesoema, prihatosing panggalih, saèmper Ratoe Mas Kali-njamat, lampahanipoen salira, poepoetra: Radèn Toemenggoeng Mretanagara, sak sédaning ingkang éjang Kangdjeng Radèn Adipati Danoeredja kaping sapisan, Ngajoegja, Radèn Toemenggoeng Mretanagara, kakresakaken goemanti kalenggahanipoen ingkang éjang, dados Patih Dalem kaping 2 kalih, nama: Kangdjeng Radèn Adipati Danoeredja kaping 2 kalih, kang kaseboet Kangdjeng Radèn Adipati Séda ngedaton, soemaré Banjoe-soemoeroep, dèn poeter ingalih soemaré Moelangi, ing Ngajoegja, poepoetra: Kangdjeng Ratoe Ageng, garwa Dalem Kangdjeng Soeltan kang Séda mentas besijar, soemaré Imagiri, garwa Dalem Kangdjeng Ratoe Ageng waoe poepoetra 4 sakawan: 1 Radèn Ajoe Goesti Sekar Kadaton, séda, 2 Kangdjeng Soeltan Mengkoeboewana kaping 5 gangsal Ngajoegja, 3 Kangdjeng Soeltan Mengkoeboewana kaping 6 nem, Ngajoegja, 4 Radèn Ajoe Goesti Sekar Kadaton séda timoer sami soemaré Imagiri Basijaran.

2. Radèn Ajoe Goesti, Rangga Mangoendirdja, dongkol.
3. Kangdjeng Pangéran Arja Natakoesoema, Kangdjeng Goesti Pangéran Adipati Pakoe-alam kaping sapisan Ngajoegjakarta.

4. Radèn Ajoe Goesti Natajoeda, anggarwa Radèn Toemenggoeng

⸤lajon Natajoeda, séda Mentawis Ngajoegja, ⸤sarimbit sami soemaré ing Kedoe Pakcentjèn Ketitang, pinanggih nak-sadèrèk sangking alit.

----

13. Radèn Ajoe Goesti Rangga Mangoendirdja, gongkol, Rangga kaping 2 kalih kradjan Madijoen, poepoetra 4 sakawan.

1. Bendara Radèn Ajoe Dipakoesoema, anggarwa Pangéran Arja Dipakoesoema, Boepati Wadana Madijoen, kang kaping 5 gangsal, poenika poetraning Pangéran Arja Dipanagara, poetraning Pangéran Arja Tepasana, poenika poetraning Kangdjeng Soehoenan Mangkoerat-mas ing Wanakarta, poetraning Soehoenan Mangkoerat Dinan ing Wanakarta sapisan ingkang dipoen djoemenengaken déning Atmiral Amral.

2. Bendara Radèn Ajoe Tapsir-anom, garwa predikan pesantrèn ing Bandjarsari, bawah Madijoen.

3. Bendara Radèn Ajoe Natadipoera, garwaning Radèn Toemenggoeng Natadipoera, poetraning Radèn Toemenggoeng Natadiwirja, poetraning Adipati Djajaningrat, Pangéran Arja Natakoesoema kaping 2 kalih, doek timoeré Radèn Soepama, poetraning Adipati Natakoesoema, Patih Kartasoera, alam doek Petjina, Kartasoera.

4. Radèn Rangga Prawiradirdja, Maèspati, Radjeg-wesi, Boepati Wadana Madijoen, ingkang kaping 3 tiga, ladjeng madeg padarwa, kraman, wit sangking ingkang garwa Poetra Dalem Kangdjeng Soeltan Mengkoeboewana kaping 2 kalih Ngajoegjakarta, nama: Goesti Kangdjeng Ratoe Madoeretna, moeroet tilar doenja, Radèn Rangga Prawiradirdja waoe, kapeksan nagari Ngajoegja, lajon soemaré ing Banjoe-soemoeroep. Goesti Kangdjeng Ratoe Madoeretna lajon soemaré ing redi Poerna, bawah Madijoen. blz.210.

----

14. Bendara Radèn Ajoe Dipakoesoema, anggarwa Pangéran Arja Dipakoesoema, Boepati Wadana Madijoen kang kaping 5 gangsal, wajah boejoet tjanggahipoen Kangdjeng Soenan Mangkoerat Atmiral, ing Wanakarta, poepoetra, sangking padmi 3.
    1. Radèn Ajoe Mendoera, anggarwa Mas Toemenggoeng Mendoera, sapisan, Boepati Anèm Wadana Glaḍag kaping 2 kalih, poetraning Kjai Adipati Danoeredja kaping 3 tiga Ngajoegja, karsa Dalem dipoen pènsijoen lenggah siti sabin 1000 sèwoe karja, tanah Roma Karang-anjar, gelengan siti Panoembak-sèwoe, Mas Toemenggoeng Mendoera, Wadana Glaḍag waoe, dedalem sawétan Kadanoeredjan, pinggiring lèpèn Tjodé, poepoetra 3 tiga;
    2. Radèn Ajoe Prawira-atmadja, anggarwa Radèn Toemenggoeng Prawira-atmadja, Boepati Anèm Ngajoegjakarta.
    3. Radèn Toemenggoeng Joeda-atmadja, Boepati Anèm Ngajoegja, garwa poepoetra djaler nama: Radèn Prawiradiwirja, ingkang ngatoeraken tjaṭetan aloeran loeloehoeripoen, ingkang wonten salasilah, déning Kangdjeng Radèn Adipati Danoeredja, Patih Dalem kaping 5 gangsal, Ridder ḍé orḍe Nèderlanseléjo, Ngajoegjakarta.

o---------

15. Radèn Ajoe Mendoera, anggarwa Mas Toemenggoeng Mendoera, Boepati Anèm Wadana Glaḍag kang dalem sawétan Kadanoeredjan ingkang karan kampoeng Mendoeran, poepoetra 3 tiga:
    1. Radèn Ajoe Djajawirana.
    2. Radèn Ajoe Kretadipoera, garwa poetraning Ngabèi Poespadipoera, Demang Sérang Pengasih, Mas Ngabèi Kretadipoera, Panèwoe Maosan Dalem Kilèn Pragi, Pengasih Sentolo, ladjeng séda soemaré Lempoejang-wangi, Radèn Ajoe Kretadipoera, sédaning laki, krama ping 2 kalih pikantoek Demang Pantjapati, Demang Paṭoek, Redi Kidoel;
    3. Radèn Panèwoe Sindoedirdja, garwa sentana Radèn Ajoe Séwon,

poepoetra: Dèn Pandji Natarata, distrik Ngidjon, ladjeng kendang Batawi.

---

15. Radèn Ajoe Prawira-atmadja, anggarwa Radèn Toemenggoeng Prawira-atmadja, poepoetra:

1. Radèn Rija Prawira-atmadja, garwa Poetra Dalem Kangdjeng Soeltan kaping 3 tiga, poepoetra.
2. Radèn Rija Diparatmadja, poepoetra Radèn Pandji Djajawirana.

---

16. Radèn Rija Prawira-atmadja, anggarwa Poetra Dalem Kangdjeng Soeltan kaping 3 tiga, poepoetra:

1. Radèn Rija Prawira-atmadja kaping 3 tiga, abdi dalem Soemapoetra, poepoetra: 1. Radèn Rija Panèwoe Sepoeh, Mangoenwilaga, Panèwoe Kori ngiras Kampoeng.

14.
blz.211. Radèn Rangga Prawira-dirdja, Maèspati, Radjeg-wesi, Boepati Wadana Madijoen kaping 3 tiga, ingkang madeg padarwa, kraman, kapeksan nagari Ngajoegjakarta, lajon soemaré Banjoe-soemoeroep, anggarwa Poetra Dalem Kangdjeng Soeltan Mengkoeboewana kaping 2 kalih Ngajoegjakarta, nama: Goesti Kangdjeng Ratoe Madoeretna, soemaré redi Poerna Madijoen, poepoetra 9 sanga.

1. Radèn Ajoe Prawiranagara.
2. Radèn Ajoe Soerjaning-alaga.
3. Radèn Ajoe Dipanagara.
4. Radèn Ajoe Soerjakoesoema;
5. Pangéran Rangga Prawiradiningrat, Boepati Madijoen.
6. Radèn Basah-kamil Natadirdja, séda prang sahit alam Dipanagaran.
7. Radèn Adipati Joedadiningrat, Boepati Ngawi. eks R.T. Mangundi

---

Poetra sangking garwa paminggir.

8. Radèn Bagoes Sentot, Pangéran Ali-basah Ngabdoelmoestapa

Prawiradirdja, séda soemaré Bangkoelen, Bangkahoeloe.

9. Radèn Bagoes Darma, parab Dèn Bagoes Bénggol, séda soemaré redi Poerna, Madijoen. Sigeg.

12. Radèn Toemenggoeng Mangkoeredja, Boepati Kedoe Mantjanagari, Kedoe Ketitang, poenika sedèrèk wragil Bendara Radèn Ajoe Srenggara. Kjai Toemenggoeng Mangkoeredja, garwa poepoetra:

1. Kjai Ngabèi Djagadoeta, abdi-dalem Mantri ngadjeng Ngajoegjakarta.

13. Kjai Ngabèi Djagadoeta, abdi dalem Mantri Ngadjeng Ngajoegja, garwa poepoetra 3.

1. Kjai Danoekrama, abdi dalem Mantri Djawi, mantoening Kjai Toemenggoeng Djadirdja, sareng manggih kalepatan siningi sadjawining nagari, soemaré doesoen Toebin kilèn Pragi, bawah Sentolo, déné Njai Adjeng Danoekrama soemaré Karangtoeri, Wijara.

2. Radèn Retna Langen, inggih Poespa Langen, langen Dalem Kangdjeng Soeltan kaping 3 tiga Ngajoegja, poepoetra: Kangdjeng Pangéran Arja Soerjaning-alaga;

3. Wragil djaler, Kjai Tjitrajoeda.

14. Kjai Ngabèi Tjitrajoeda, garwa noeroenaken 5 gangsal.

1. Dèn Wadana Mangkoeredja, Wadana Srati penandon, kemantoe Kangdjeng Radèn Adipati Danoeredja, Séda ngedaton, Ngajoegja.

2. Njai Namèngdiwirja, Kjai Namèngdiwirja, kabar asli Madijoen Soekawati, noeroenaken 3 tiga: 1 Ngabèi Sastrataroena, kemantoe Kjai Wiradipoera Manten, noeroenaken Mas Panèwoe Tjitrapoera, kemantoe Ngabèi Tjakraredja, panggih nak-dèrèk.

3. Mas Pandji Djajajoeda, Pandji distrik Goentoer-brama, ngalih dateng Slandakan.

4. Mas Bèi Prawiradimedja, pinisepoeh Soerjaning-alagan sepoeh.

bls.212. 5. Mas Ngabèi Santadoeta, abdi dalem Mantri Gebajan, rèh Kadanoeredjan.

----

14. Kjai Ngabèi Danoekrama, anggarwa poetraning Kjai Toemenggoeng Djadirdja, trah Karang-lon poepoetra èstri:

1. Radèn Soertikawati, kang soemaré Karang-toeri, Wijara, pinoendoet ngarang-oeloe déning Kangdjeng Soeltan Mengkoeboewana kaping 3 tiga, Ngajoegjakarta.

----

15. Radèn Soertikawati, langen Dalem Kangdjeng Soeltan kaping 3 tiga, poepoetra:

1. Goesti Radèn Ajoe Danoekoesoema, kaping 2 kalih, kang soemaré Imagiri Basijaran, anggarwa Radèn Toemenggoeng Danoekoesoema, kaping 2 kalih, sareng wonten prang Dipanagaran, nama: Radèn Ngabdoelah Dipati Danoeredja, djawi, sareng sampoen bakda prang loemebet ing nagari, ladjeng nama: Radèn Adipati Danoe-adiningrat, soemaré Moelangi.

----

16. Goesti Radèn Ajoe Danoekoesoema kaping 2 kalih, soemaré Imagiri Basijaran, anggarwa Radèn Toemenggoeng Danoekoesoema kaping 2 kalih, Radèn Adipati Danoe-adiningrat soemaré Moelangi, poepoetra 6 nem. Moeng ingkang kotjap poetra kang No.3 tiga:

3. Bendara Radèn Ajoe Danoeredja sepoeh, ping 5 gangsal, soemaré Moelangi, anggarwa Kangdjeng Radèn Adipati Danoeredja, Riddering orde Nèderlanseléjo, Patih Dalem kaping 5 gangsal Ngajoegjakarta.

----

17. Bendara Radèn Ajoe Danoeredja sepoeh, kaping 5 gangsal soemaré Moelangi poepoetra 12.

1. Radèn Ajoe Djagaresa, anggarwa anaking Demang Waḍas ing Nanggoelan.
2. Radèn Ajoe Resakoesoema, anggarwa Boepati Anèm Djoeroe koentji Imagiri, poepoetra 4.
3. Radèn Toemenggoeng Danoekoesoema Manten, poepoetra 14 kawanwelas.
4. Radèn Mas Nambjah séda timoer soemaré Moelangi.
5. Radèn Mas Salèh, séda timoer soemaré Moelangi.
6. Radèn Toemenggoeng Gandakoe~~d~~soema, soemaré Moelangi poepoetra 9 sanga.
7. Radèn Bekel Danoe-atmadja, poepoetra 13 tiga welas.
8. Radèn Mas Kasah séda djaka, soemaré Moelangi.
9. Radèn Adjeng Asijah, séda soemaré Moelangi.
10. Radèn Rija Danoe-asmara, poepoetra 5 gangsal.
11. Radèn Ajoe Kretadirdja, séda soemaré Moelangi.
12. Radèn Toemenggoeng Soerjamoertjita, poepoetra 4 sakawan.

Sigeg.

Poenika gotèk salasilah loeloehoeripoen Kangdjeng Radèn Adipati Danoeredja, Papatih Dalem ingkang kaping sapisan Ngajoegjakarta ingkang andèdèrèk andedagan soemaré Imagiri Padjimatan sasaréjan ing Soewargan, taler sangking ingkang iboekaoeroet toeroet ing ngadjeng sangking Radèn Djaka Alit, nama: Arja Sri Angkawidjaja, sareng goemanti ingkang rama, djoemeneng Nata Madjapait, djoeloek Sri Praboe Brawidjaja kaping 5 gangsal, Ratoe Madjapait kaping 7 pitoe ingkang wekasan, kang soemaré Tjanḍi Ḍoekoeh, tanah ing Ambahrawa. blz.213.

1. Gotèk awit Sri Praboe Brawidjaja kaping 5 gangsal, Ratoe Madjapait kaping 7 pitoe, ingkang wekasan, kang poepoetra 117 satoes pitoelas, poetra sangking ingkang sepoeh pjambak, poetra sangking garwa paminggir éndang Semitawati, poetri danawa, sangking pratapan redi Poerna, soekoening woekir Mahmèroe, inggih Rara Dijan, poenika ingkang dipoen sotaken déning Arja Djaka Soeroeh, waktoe badé dateng pra~~p~~tapan ing redi Kombang, delesipoen manoeswa deles, nama: Éndang Semitawati, poepoetra djaler.

1. Radèn Djaka Dilah, inggih Arja Damar, Adipati Panembahan Palèmbang, anggarwa poetri Tjina, tilas garwanipoen ingkang rama, ingkang katrimakaken dados garwa, nalika katrimakaken sampoen ngartali, dawoeh weling jèn dèrèng babar baji, boten kalilan langen karesmèn, tan lami Sang poetri Tjina babar djabang baji, lahir djaler, dipoen namani Radèn Djaka Pad(t)wa, parab Radèn Praba, djoeloek Radèn Kasan, inggih Radèn Joesoep, inggih Radèn Patah, djoemeneng Nata ing Demak, djoeloek Kangdjeng Soeltan Ngadil Soerja-Ngalam ing Demak kaping sapisan, sampoening djabang baji lahir, Dèwi Kijan poetri Tjina waoe, tetep dados garwaning Panembahan Palèmbang.

----

2. Adipati Arja Damar, inggih Panembahan Palèmbang, anggarwa Dèwi Kijan poetri Tjina, poepoetra 2 kalih.

1. Radèn Djaka Timbal, parab Radèn Koesèn, sareng sinoeng lenggah déning kang éjang Sri Praboe Brawidjaja, tanah Teroeng, sinoeng nama: Adipati Petjat-tanda, ing Teroeng, karan Kjai Ageng Teroeng kaping sapisan.
2. Radèn Djaka Arja Ménak-soenaja, linggar mangétan anoempak oelam kaloejoe petak, medal ing samodra andjog dateng tanah Madoera, wonten Madoera ladjeng katrem, ladjeng anoeroenaken dateng para pijaji ing tanah Madoera.

----

3. Adipati Petjat-tanda, ing Teroeng, inggih Kjai Ageng Teroeng sapisan, anggarwa poetraning Radja Sijoeng-laoet,

poetri bojongan sangking ing Blambangan Toja-aroem, poetri triman sangking ingkang raka Kangdjeng Soeltan Demak, kaping sapisan, nama: Retna Panambang, poepoetra 3 tiga.

1. Èstri, anggarwa Kangdjeng Soenan Koedoes, poepoetra djaler Pangéran Palémbang.
2. Panembahan Palèmbang, ingkang kaping 2 kalih, garwa poepoetra 2 kalih, 1. Sangking padmi èstri.
   2. Sangking paminggir, djaler, nama: Radèn Tranggana, ingkang moelana ḍateng tanah Keḍoe, Goenoeng Toempeng Lempoejang.

blz.214. Kodjar Panembahan Palèmbang menḍet mantoe ḍateng Pangéran Palémbang, poetraning Soehoenan Koedoes, sak sédaning ingkang marasepoeh, poetra mantoe Pangéran Palémbang waoe, goemanti kang marasepoeh, nama: Panembahan Pangéran Palémbang kaping 3 tiga.

Déné Radèn Djaka Tranggana, sareng raji ipé goemanti ingkang rama, wonten Palémbang, moetik kang penggalih mérang ing tyas, linggar lolos moelana ḍateng tanah Djawi, soemedya dados moekmin kas, sareng doemoegi ḍoesoen ing Lempoejang tanah Keḍoe, pinenḍet mantoe ḍateng Kjai Ageng Pa(ng)goeng-ning kang kaping 2 kalih, inggih Kjai Ageng ~~K~~ Lempoejang, kang soemaré wonten ḍoesoen Lempoejang tanah Keḍoe, inggih Kjai Ageng Kali-nangka, Radèn Tranggana ḍaoep lan Nikèn Rara Lempoejang, poepoetra 2 kalih.

1. Kang sepoeh Kjai Tjakradirana, karan Kjai Ageng Kang soemaré Goenoeng Toempeng ping sapisan.
2. Kang nèm, Kjai Wangsamenggala, karan: Kjai Ageng Kang soemaré Toja Djoema.

Radèn Tranggana, sampoening poepoetra 2 kalih, ladjeng linggar moelana mrewita magoeroe ḍateng Soehoenan Tembajat, ladjeng sesilih: nama Panembahan Boḍo, soemaré ngastana Makam

Sèwoe, kadistrikan Tjepit bawah Bantoel Kadiredja, Ngajoegjakarta.

3. Poetra wragil, nama: Kjai Ageng Teroeng Talidadoe, inggih Kjai Ageng Troeng kang kaping 2 kalih, séda soemaré ing Panataran, déné tanah Teroeng oetawi ing Panataran waoe, sawétaning Soerabaja.

---

4. Kjai Ageng Teroeng Talidadoe, inggih Kjai Ageng Teroeng kaping 2 kalih, ingkang soemaré Panataran, anggarwa poetraning Sèh Ngabidoelah, inggih Kjai Ageng Saba, poenika poetraning Kjai Ageng Taroeb kaping 3 tiga, Arja Lemboe-peteng, Radèn Djaka Bondan Kedjawan.

Kjai Ageng Teroeng Talidadoe waoe, poepoetra:

1. Kjai Ageng Djakarija Ngalimdahoe, kang soemaré Pakis-dadoe, anggarwa poetraning Kjai Ageng Ngabdoer-rahman, inggih Kjai Ageng Kretabaja, ing Séla, nama: Nikèn Rara Mahémonah, poetra patoetan sangking garwa kang nèm, poetraning Njai Ageng Ngerang.

---

5. Kjai Ageng Djakarija Ngalimdahoe, kang soemaré Pakis-dadoe anggarwa poetraning Kjai Ageng Ngabdoer-rahman, Kjai Ageng Kretabaja, ing Séla, nama: Nikèn Rara Mahémonah, poepoetra 2 kalih:

1. Estri ingkang dipoen pendet mantoe dateng Pangéran Songèb ing Saba, inggih Panembahan Kawisgoewa, Panembahan Pakéringan, pikantoek Kjai Ageng Djoeroe-mretani, Mantaram, nama: Adipati Mandaraka, Panembahan Mandaraka, soemaré Kita-ageng.
2. Kjai Ageng Nitik Soera-adipradja, Mantaram, kang soemaré ing Lempoejang wangi, tanah Ngajoegjakarta.

---

6. Kjai Ageng Nitik Soera-adipradja, kang soemaré ing Lempoe-

blz.215. jang-wangi tanah Ngajoegja, garwa wajoeh kalih, garwa kang sepoeh, poetraning Njai Ageng Soeléman, ing Patanèn, Njai Ageng Patanèn poetraning Kjai Ageng Ngabdoer-rahman Kertabaja, ing Séla, poenika poetra patoetan sangking garwa sepoeh, asli Wanasaba, krama pikantoek Kjai Ageng Soeléman ing Patanèn, kang karan Njai Ageng Patanèn, doek timoer nama: Nikèn Rara Mahérah, ingkang dipoen ban ḍateng ingkang rama kabekta mring tegal pawaloehan, ladjeng wonten tijang ngamoek; déné garwa ingkang nèm poetraning Kjai Ageng Gribig, kang soemaré Djatinom, garwa kang sepoeh sarimbit soemaré Lempoejang-wangi, Kjai Ageng Nitik Soera-adipradja, waoe, poepoetra 6 nem.

1. Èstri, krama pikantoek Arja Soeratani, kang séda prang anèng Bengawan, poetraning Djaler Kjai Geḍong kaping kalih, Mantaram, poetraning Kjai Geḍong Séda Lintjak waktoe alam Padjang, Kjai Geḍong ping sapisan;
2. Radèn Rangga Wangsa-adipradja, adipati ing Batang, séda soemaré ngastana Batang.
3. Kjai Toemenggoeng Wargapati, Boepati Mantaram, kang soemaré Widara-manis sakilèn ing Lempoejang-wangi, sapoenika kilèn sepoer.

Poetra sangking garwa nèm asli Djatinom.

4. Kjai Sèh Penganti, soemaré lan noeroenaken wonten ing Djatinom;
5. Pangéran Winong, soemaré lan noeroenaken wonten ing Winong.
6. Wragil èstri, kang kapenḍet mantoe ḍateng Kjai Ageng Djoeroe-martani, krama pikantoek Pangéran Djoeroe Wirapraba, poenika ingkang noeroenaken Kjai Djedjer, lan Toemenggoeng Sindoeredja, Kaliwon Kadipatèn, sareng djinoendjoeng dados Patih Kreta, nama: Toemenggoeng Mandaraka, Patih Dalem Kangdjeng Soeltan Agoeng, Patih kaping sapisan ing Kreta.

7. Radèn Rangga Wangsa-adipradja, Adipati Boepati Batang, kang soemaré Batang, garwa poetraning Djoeroe-martani, Mantaram kang soemaré Kiṭa-ageng, poepoetra 2 kalih.

1. Radèn Rangga Wangsa-adipradja kaping 2 kalih, Adipati Boepati Batang, anggarwa poetraning Pangéran Mandoeraredja, kaping sapisan ingkang soemaré Goenoeng Prewata, Kaliwoengoe, sisih wétan.
2. Èstri krama pikantoek Radèn Rangga Soera-adimanggala, Boepati ing Kaliwoengoe, kang soemaré Goenoeng Prawata sisih kilèn Kaliwoengoe.

----

8. Radèn Rangga Wangsa-adipradja, kaping 2 kalih, Boepati Batang anggarwa poetraning Pangéran Arja Mandoeraredja, sapisan séda Kaliwoengoe, poepoetra 3 tiga:

1. Radèn Rangga Wangsa-adipradja, Adipati Boepati Batang kaping 3 tiga, anggarwa poetraning Radèn Rangga Soera-adimanggala kaping sapisan Boepati Kaliwoengoe, poepoetra èstri Radèn Ajoe Mandoeraredja, anggarwa Pangéran Mandoeraredja kaping 3 tiga, kang séda prang wonten Tegil, lajon soemaré ing tanah Tegil. Blz.216.
2. Radèn Ajoe Rangga Soera-adimanggala ping 2 kalih, anggarwa Boepati Kaliwoengoe.
3. Radèn Ajoe Wétan, garwa Dalem Kangdjeng Soeltan Agoeng, sareng garwa Dalem asli sangking Djedjeran, ingkang sampoen djinoendjoeng nama: Kangdjeng Ratoe Kilèn, kénḍang, Radèn Ajoe Wétan waoe, ladjeng djinoendjoeng nama: Kangdjeng Ratoe Kilèn, kang kaseboet Kangdjeng Ratoe Mas Retna-tinoempoek, soemaré Padjimatan Imagiri.

----

9. Kangdjeng [illegible] Ratoe-mas Retna-tinoempoek, garwa Dalem Kangdjeng Soeltan Agoeng, Anjakrakoesoema, ngeḍaton ing Kreta, poepoetra 2 kalih:

1. Kangdjeng Soehoenan Mangkoerat Agoeng Dinan, kang ngeḍaton Ngèksiganda, Plèrèd, soemaré Tegil-aroem.
2. Radèn Mas Alit, Pangéran Arja Mantaram, kang goemaḍoeh ḍateng Toemenggoeng Danoepaja, Boepati Panoemping, ladjeng kaseboet Pangéran Arja Danoepaja, ing Danoepajan.

---

7. Kjai Toemenggoeng Wargapati, Mantaram, kang soemaré ngastana Widara-manis, kilèn ing Lempoejangan Ngajoegja, anggarwa poetraning Panembahan Djoeroe-majem, kang soemaré Gambiran, Panembahan Djoeroe-majem, Djoeroe-kiṭing, anggarwa poetraning Panembahan Djoeminah kang soemaré Girilaja.

Toemenggoeng Wargapati waoe garwa poepoetra 4 sakawan:

1. Radèn Rangga Soera-adimanggala, Boepati Kaliwoengoe kaping sapisan, ingkang soemaré Goenoeng Prawata sisih kilèn tanah Kaliwoengoe.
2. Èstri krama pikantoek Kjai Soetawindoe, inggih Kjai Soetamarta, abdi dalem Wadana Djaksa, alam Karaton ing Kreta, Mantaram.
3. Kjai Martajoeda, Mantaram, kang soemaré Kaoḍan, ing Kartasoera.
4. Wragil èstri, dipoen garwa ḍateng Pangéran Arja Mandoeraredja, kaping sapisan kang soemaré Goenoeng Prawata sisih wétan Kaliwoengoe, poenika poetraning Adipati Pangéran Mandoeranagara, Mantaram; Pangéran Arja Mandoeraredja, kang séda Kaliwoengoe, sabab kapeksan nagari Kreta, sangking wadoelé Pangéran Panembahan Poerbaja, doek kinèn ngerbasèng mring Batawi.

---

8. Radèn Rangga Soera-adimanggala, kaping sapisan Boepati Kaliwoengoe, anggarwa poetraning Radèn Rangga Wangsa-adipradja, kang kaping sapisan Adipati Boepati Batang, soemaré tanah

Batang, garwa poepoetra 2 kalih:

1. Radèn Rangga Soera-adimanggala kaping 2 kalih, Boepati Kaliwoengoe, anggarwa poetraning Radèn Rangga Wangsa-adipradja kang kaping 2 kalih, Adipati Boepati Batang.
2. Radèn Ajoe Rangga Wangsa-adipradja, anggarwa Radèn Rangga Wangsa-adipradja, kang kaping 3 tiga, Adipati Boepati Batang.

---

9. bls.217. Radèn Rangga Soera-adimanggala, kaping 2 kalih, Boepati Kaliwoengoe, anggarwa poetraning Radèn Rangga Wangsa-adipradja, kaping 2 kalih, Adipati Boepati Batang, garwa poepoetra 6 nem:

1. Radèn Rangga Soera-adimanggala kaping 3 tiga, Boepati Kaliwoengoe kang soemaré doesoen Ngembat / Kaliwoengoe.
2. Kjai Tjandrawangsa, ing Kaliwoengoe, garwanipoen poepoetra èstri, kang kagarwa dateng Kjai Wirasraja, kaping sapisan Patih Kaboepatèn ing Kendal.
3. Kjai Wangsanangga, ing Kartasoera.
4. Kjai Ranawidjaja ing Kartasoera.
5. Kjai Wangsajoeda ing Kartasoera.
6. Kjai Séwantara ing Kartasoera.

---

10. Radèn Rangga Soera-adimanggala, kaping 3 tiga, ingkang soemaré doesoen Ngembat ing Kaliwoengoe, anggarwa Poetra Dalem Kangdjeng Soehoenan Mangkoerat Ageng Dinan, soemaré Tegil-aroem, kang iboe asli sangking Keranon, Radèn Ajoe Kaleting-woengoe, patoetan poetra djaler, ladjeng séda, Radèn Rangga Soera-adimanggala kaping 3 tiga waoe, Radèn Ajoe Kaleting-woengoe, sarèhning kapegatan laki séda, ladjeng krama kaping 2 kalih, tinrimakaken dateng Adipati Mangkoepradja.

Radèn Rangga Soera-adimanggala kaping 3 tiga waoe sampoen

..218.

poepoetra 6 nem:

1. Poetra sangking padmi Radèn Ajoe Kaleting-woengoe, Radèn Rangga Soera-adimanggala ping 4 sakawan, Boepati Kaliwoengoe, soemaré Kaliwoengoe;

Poetra sangking pangrembé.

2. Kjai Rija Soeradikrama.
3. " Njai Tjili Wangsataroena.
4. " Njai Tjili Wangsamenggala.
5. " Njai Tjili Natasoeta.
6. " Njai Adjeng Mangkoejoeda, anggarwa Kjai Toemenggoeng Mangkoejoeda kaping 2 kalih, doek laré: Bagoes Boewang, Boepati Keḍoe.

---

11. Radèn Rangga Soera-adimanggala kaping 4 sakawan, anggarwa poetraning Pangéran Mandoeraredja, kang kaping 3 tiga, Mantaram, kang séda sahit prang Tegil, lajon soemaré ing Tegil, garwa poepoetra 4 sakawan:

1. Radèn Ngabèi Najaprana, sareng goemanti kalenggahanipoen ingkang rama, nama: Radèn Rangga Soera-adimanggala kaping 5 gangsal, Boepati Kaliwoengoe, garwa triman Poetra Dalem Kangdjeng Soehoenan Praboe Mangkoerat patoetan sangking Mas-ajoe Tédjawati, asli Kapoenḍoeng, sareng sampoen Djoemeneng Dalem Kangdjeng Soeltan sapisan Ngajoegja, djinoendjoeng, nama: Kangdjeng Ratoe Ageng, saḍèrèk Dalem ingkang katrimakaken nama: Radèn Adjeng Soepadni, parab Radèn Adjeng Patri, krama pikantoek Radèn Rangga Soera-adimanggala kaping 5 gangsal, Boepati Kaliwoengoe, patoetan poetra satoenggil poetri, garwa laki, ladjeng pegat séda, Radèn Ajoe Rangga ~~A~~ Soera-adimanggala kaping 5 gangsal Kaliwoengoe, kapegatan séda, karsa Dalem dipoen trimakaken ḍateng Arja Pringgalaja, nama: Radèn Toemenggoeng Pringgalaja. Sareng bakda prang Petjina Kartasoera, alam Kang- blz.218.

djeng Soehoenan Pakoeboewana kaping 2 kalih Kartasoera, Radèn Toemenggoeng Pringgalaja, djinoendjoeng nama: Adipati Pringgalaja, Patih Dalem Kangdjeng Soehoenan Pakoeboewana kaping 2 kalih Kartasoera, goemanti kalenggahanipoen Adipati Natakoesoema kénḍang, Radèn Ajoe Pringgalaja, sareng garwa djinoendjoeng Patih nama: Bendara Radèn Ajoe Ageng; sareng palihan nagari wonten Merboeng, katjeni déning Kangdjeng Koempeni, Adipati Pringgalaja waoe, nékad ngoendjoek loloh, séda Mreboeng, Bendara Radèn Ajoe Ageng, katrimakaken krama kaping 3 tiga, pikantoek Radèn Toemenggoeng Wiradigda.

Déné sédanipoen Radèn Rangga Soera-adimanggala kaping 5 gangsal waoe, séda prang sahit daweg Petjina, ngloeroeg dateng tanah Demak, soemaré ḍoesoen Tanaja, tilar poetra èstri, kagarwa dateng Kjai Toemenggoeng Singsingan, poetraning Radèn Rija Mandoeraredja, soemaré ing Drana.

2. Kjai Toemenggoeng Soeramenggala ing Paṭi, tanah pasisir lèr, tjelak Bedadod.

3. Ngabèi Wangsaprana, goemanti kang raka, nama: Radèn Toemenggoeng Soera-adimanggala, awit nama, Toemenggoeng boten nama Rangga, Boepati Kaliwoengoe kodjar pangagenging Kaboepatèn Kaliwoengoe, awit boten nama: Rangga, ladjeng nama: Toemenggoeng oetawi Adipati doemoegi mangsa samangké lestantoen, nama: Toemenggoeng, lan Adipati.

4. Ngabèi Joedaprana, Patih Kaboepatèn Kaliwoengoe, toemoet ingkang raka ngloeroegan dateng Demak, toemoet séda prang Petjina, barisan ing Demak, lajon soemaré Tajana, ing Demak, anggarwa poetraning Kjai Anggasoeta, ing Kaoḍan, séda soemaré redi Widjil, kaprenah kidoel ing Kartasoera.

----

12. Ngabèi Joedaprana, Patih Kaboepatèn Kaliwoengoe, kang sahit séda prang daweg Petjina, soemaré ḍoesoen Tajana,

ing Demak, ingkang garwa soemaré ing redi Widjil, kidoel ing Kartasoera, poepoetra:

1. Njai Adjeng Joedanagara, karan: Njai Adjeng Banjoemas, garwanipoen Radèn Toemenggoeng Joedanagara, kaping 2 kalih, karan Radèn Toemenggoeng Joedanagara Séda menḏapa, Boepati Banjoemas.

----

13. Njai Adjeng Joedanagara, karan Njai Adjeng Banjoemas, anggarwa Radèn Toemenggoeng Joedanagara kaping 2 kalih, Boepati Banjoemas, kang karan Radèn Toemenggoeng Joedanagara Séda menḏapa, poepoetra 2 kalih, toenggil jajah réna:

1. Nama: Bagoes Konṯing.
2. Bagoes Demang, anoeroenaken soemaré wonten ing Banjoemas.

----

14. blz.219. Bagoes Konṯing, sareng dados Mantri anom, rèh Kadanoeredjan ing Kartasoera, paringan Dalem Kangdjeng Soehoenan Praboe Mangkoerat, nama: Radèn Martawidjaja, sareng kapoenḏoet goemaḏoeh ḏateng Kademangan, dados Loerah Pranakan, sinoeng parab Radèn Bremara; Kangdjeng Soehoenan Praboe kilajoe maringi paparab Radèn Gandakoesoema, awit menawi kakresakaken maos matja serat Wiwaha, Kawi, mawi sekar ageng lagoe Gandakoesoema, andadosaken katjarjanipoen ing nala Dalem.

Sareng Kangdjeng Soehoenan Pakoeboewana kaping 2 kalih djoemeneng Nata ing Kartasoera, ingkang soemaré Nglawéjan, maringi nama: Radèn Toemenggoeng Joedanagara, kaping 3 tiga Boepati ing Banjoemas.

Lami-lami Kangdjeng Pangéran Arja Mangkoeboemi, Sénapati Soekawati, dipoen angkat dateng Toewan Sajid Ibrahim, kaseboet Sajid Besar, abipraja lan Kangdjeng Koempeni Prasman, dipoen djoendjoeng nama: Soeltan, djoemeneng Nata wonten ing dalem pasanggrahan ing ḏoesoen Padagangan tanah Gijanti, djoeloek: Kangdjeng Soeltan Mengkoeboewana, Sénapati Ngalaga, Ngabdoer-rahman Sajidin panata gama, Kalipattoellah, Rasoel ingkang kaping sapisan Mantaram, Ngajoegjakarta Adiningrat, noedjoe ing taoen Djawi angka: 1682, taoen Welandi angka: 1756, waktoe semanten dèrèng kagoengan Pepatih, Kangdjeng Toewan Idelir, Semarang, Mister Willem Harnol, Alting, nantoen poendi para sentana, para poenggawa, para siswa, para kawoela warga, poendi ingkang dipoen kersakaken dados Soeséna Dalem, waktoe semanten boten wonten ingkang dipoen pilih, amoeng soemarah karsaning Kangdjeng Koempeni, sangking kresanipoen tijang ageng, Boepati Banjoemas, Radèn Toemenggoeng Joedanagara kang kaping 3 tiga, djinoendjoeng dados Patih Dalem, nama: Kangdjeng Radèn Adipati Danoeredja, Patih kaping sapisan Ngajoegjakarta, sampoen sabijantoe abipraja, prama-widya, kalih-kalih atoenggil, lan Kangdjeng Soehoenan Kangdjeng Koempeni Kangdjeng Soeltan; déné ingkang goemanti dados Boepati Banjoemas, anakipoen badjeng sangking garwa sepoeh, sangking asli Katjé, nama: Mas Gandakoesoema, sinoeng nama: Radèn Toemenggoeng Joedanagara kaping 4 sakawan Boepati Banjoemas; kala dadosipoen Patih Dalem waoe, dipoen dadak wonten ing barisan doesoen Toegoe; Radèn Adipati Pringgalaja, kinèn nimbali, Radèn Toemenggoeng Djajanagara, ingkang ngladosaken dateng ing Gijanti.

Sareng djoemeneng wontèn Ngajoegja, lami-lami séda, soemaré dedagan ing Imagiri, Padjimatan pasaréjan Soewargan, goenggoeng poetra 38 tigang dasa woloe idji kaseboet salasilah Banjoemas.

---

12. Radèn Ngabèi Wangsaprana, goemanti kalenggahanipoen ingkang raka, nama: Radèn Toemenggoeng Soera-adimanggala ka-

ping 3 tiga, inggih poenika awitipoen pangagenging Kaboepatèn ing Kaliwoengoe, sirna boten nama Rangga, salin nama: Toemenggoeng, ngantos doemoegi ing samangké nama:
blz.220. Toemenggoeng oetawi Adipati, djoendjoenganipoen pangkåt, rangipoen.

Radèn Toemenggoeng Soera-adimanggala kaping sapisan kang soemaré Kaliwoengoe, anggarwa poetraning Kjai Toemenggoeng Mandoeranagara, Boepati ing Tegil, kang séda prang daweg Petjina, soemaré ing Demak-idjo tanah Ngajoegja, poepoetra 5 gangsal.

1. Ngabèi Wirasraja, Patih Kaboepatèn Batang, sareng goemanti ingkang rama, nama: Radèn Toemenggoeng Adinagara, kaping sapisan Boepati Batang.
2. Ingkang raji goemanti kalenggahanipoen ingkang raka, nama: Radèn Toemenggoeng Soeramanggala kaping 3 tiga, Boepati Kaliwoengoe, séda dèrèng poepoetra.
3. Iboe sangking pangrembé, goemanti kalenggahanipoen ingkang raka, nama: Mas Toemenggoeng Soera-adimanggala kaping 4 sakawan, ladjeng ngalih dateng ing Demak, séda soemaré~~p~~ ing Demak.
4. Sangking padmi, dados Demang Bodja, goemanti kalenggahanipoen ingkang raka, nama: Radèn Toemenggoeng Soera-adimanggala, kaping 5 gangsal, Boepati Kaliwoengoe.
5. Wragil èstri, krama pikantoek Kjai Toemenggoeng Nitinagara, Boepati Kaliwoengoe, ingkang kaping 6 nem, anggarwa 2 kalih, garwa nèm, Poetri Dalem Kangdjeng Soehoenan Pakoeboewana kaping 2 kalih ingkang soemaré Nglawéjan, poetra Dalem kang No.16 nem belas, kang iboe Radèn Ajoe Daja-asmara, nama: Radèn Adjeng Djabir, kaseboet Radèn Ajoe Kaliwoengoe, boten poepoetra, gaboeg.

~~S~~Déné garwa ingkang sepoeh, Njai Adjeng Nitinagara, poepoetra, nama: Radèn Bèi Tjitradiwirja, Patih Kaboepatèn ing Kaliwoengoe.

13. Radèn Toemenggoeng Soera-adimenggala, kaping 5 gangsal ing Kaliwoengoe, anggarwa poetraning Adipati Tjitrasoma, Boepati ing Djepara, poetranipoen ingkang No.21 salikoer, karan Njai Adjeng Kaliwoengoe, poepoetra 12 kalih welas.

1. Radèn Toemenggoeng Soera-adimenggala kaping 7 pitoe, ing Kaliwoengoe, pindah dateng ing Batang, nama: Radèn Toemenggoeng Adinagara kaping 2 kalih, Boepati Batang.
2. Kjai Ngabèi Tisnanagara, Patih Kaboepatèn Kaliwoengoe.
3. Kjai Rangga.
4. Kjai Tirtajoeda.
5. Pandji Wirjadipoera.
6. Demang Sirnajoeda.
7. Demang Tirtadirdja.
8. Njai Adjeng Wiranagara.
9. Njai Adjeng Poespadiwirja.
10. Njai Adjeng Mangoendipoera.
11. Njai Adjeng Kretamenggala.
12. Mas-adjeng Tjakradiwirja, kang kemantoe dateng Kjai Toemenggoeng Nitinagara, Boepati Kaliwoengoe. bls.221.

----

13. Mas-adjeng Tjakradiwirja, kang kemantoe dateng Kjai Toemenggoeng Nitinagara, Boepati ing Kaliwoengoe 6 nem, krama pikantoek Radèn Ngabèi Tjakradiwirja, Patih Kaboepatèn Kaliwoengoe, pinanggih nak-dèrèk sepoeh èstri, poepoetra 2 kalih:

1. Njai Adjeng Semaraningsih, langen Dalem Kangdjeng Soehoenan Pakoeboewana kaping 4 sakawan Soerakarta, kaseboet Sinoehoen Bagoes, poepoetra kalebet séda teksih timoer 8 woloe, printjènipoen sampoen kaseboet salasilah ngadjeng.
2. Ngabèi Tjakrasemita, Patih Kaboepatèn Kendal, anggarwa poetraning Kjai Wiradipoera, Kendil-wesi, kang darbé garwa karan Njai Soengsoen; Njai Tjakrasemita waoe, kang soemaré

ngastana Widara-pajoeng, ladjeng dipoen poeter ngalih katoenggilaken soemaré ingkang laki, Kjai Ngabèi Tjakrasemita, dateng ngastana Gondang, Kaboepatèn ing Kendal.

---

15. Ngabèi Tjakrasemita, Patih Kaboepatèn Kendal soemaré ngastana ing Gondang, poepoetra 11 sawelas, déné poetra kang No.8

8. Mas-adjeng Poelangjoen, kang soemaré Lempoejang-wangi, tanah ing Ngajoegjakarta.

---

16. Mas-adjeng Poelangjoen, kang soemaré Lempoejang-wangi Ngajoegjakarta, langening Kangdjeng Radèn Adipati Danoeredja kaping 2 kalih Ngajoegjakarta, kaseboet Kangdjeng Radèn Adipati Séda ngedaton, poepoetra 3 tiga:

1. Radèn Toemenggoeng Litnan Kolonèl Koemendan Martanagara.
2. Kangdjeng Radèn Adipati Danoeredja kaping 5 gangsal, Riddering orde Nèderlanselèjo, Ngajoegjakarta, Patih Dalem ping 5.
3. Radèn Ajoe Kalapa-aking, anggarwa Mas Toemenggoeng Kalapaaking, Toemenggoeng ing Pandjer, poepoetra 9 sanga, andjawi sanès iboe.
    1. Radèn Rija Djajadirdja, Boepati Anèm Maosan Dalem Sentolo.
    2. Radèn Panèwoe Kalapa-aking, ladjeng nama: Radèn Rija Prajadirdja, abdi dalem Rija Wadana srati penandon Ngajoegjakarta.

Mas-adjeng Poelangjoen waoe, ladjeng kapegatan séda, tan lami krama kaping 2 kalih, pikantoek Radèn Ngabèi Danoewidjaja, Ngabèi Kali Bebre (ber ?), poepoetra èstri;

4. Radèn Ajoe Beskal Danoewidjaja, anggarwa Piskal Ngajoegja. Pegat séda kaping 2 kalih, tan lami krama kaping 3 tiga, wonten ing Ngajoegja, krama pikantoek Kjai Ngabèi Resawila-

ja, kaping 4 sakawan, Mantri Patèhan Ngajoegja, poepoetra.

blz.222. 5. Radèn Toemenggoeng Djajadipoera, Boepati Najan(k)a Wadana Kaparak tengen Ngajoegja.

---

14. Radèn Toemenggoeng Soera-adimanggala, Boepati Kaliwoengoe kaping 7 pitoe ladjeng pindah dateng ing Batang, nama Radèn Toemenggoeng Adinagara kaping 2 kalih Boepati Batang, anggarwa poetraning Panembahan Tjakraningrat, ing Madoera, kang séda wonten laoetan ran Kamal, ing bahita praoe, poetranipoen ingkang No 2 kalih, séda dèrèng ngantos poepoetra. Déné garwa kang nèm asli sangking Batang, patoetan poetra 8 woloe:

1. Radèn Toemenggoeng Adinagara, kaping 3 tiga, Boepati Batang, krama asli Madoera, ladjeng séda.
2. Radèn Soemadiwirja, dados Boepati wonten Kaliwoengoe, nama: Radèn Toemenggoeng Soera-adimanggala kaping 8 woloe, kaparingan anggarwa poetri, tan poepoetra, namoeng poepoetra sangking pangrembé katah.
2. Dèn Bagoes Ketjik, nama: Mas Ngabèi Ranoesentana, pinisepoeh Mangkoeboemèn, ngiras Mantri taman, ladjeng dados Panèwoe, Maosan Dalem, nama: Dèn Panèwoe Pringgadipoera, ladjeng krama pikantoek poetraning Radèn Toemenggoeng Wirjadiningrat, poetraning Kangdjeng Panembahan Mangkoerat; Dèn Panèwoe Pringgadipoera waoe, salowongé Kaboepatèn Pengasih, goemanti dados Boepati Anèm Maosan Dalem Pengasih, nama: Radèn Pandji Mretadipoera, boten lami Radèn Toemenggoeng Ranawinata, minggah dados Boepati Najaka, nama: Radèn Toemenggoeng Anggawangsa, Kaboepatèn Nanggoelan Lowong; ingkang kakresakaken goemanti wonten Nanggoelan, Pandji Kaboepatèn Pengasih, Radèn Pandji

blz.244.

Mretadipoera, ladjeng nama: Radèn Toemenggoeng Djajadipoera, Kaboepatèn Bantoel Kadiredja lowong, ladjeng minggah dados Boepati Wadana distrik Mantawisan; Bantoel Kadiredja, boten lami pinoendoet malebet ing nagari, njambitani Sampéjan Dalem Kangdjeng Goesti Pangéran Adipati Anom Mengkoenagara, boten lami dipoen rangkep dados Boepati Najaka Wadana Keparak tengen, nama: boten éwah teksih Radèn Toemenggoeng Djajadipoera, séda soemaré sarimbit wonten Lempoejang-wangi, garwanipoen kalih, sémah langen sepoeh Mas-adjeng Kasanah;

garwa padmi poetraning Radèn Toemenggoeng Wirjadiningrat. Garwa nèm poetraning Kangdjeng Pangéran Arija Adinagara, poetra Dalem Kangdjeng Soeltan kaping 2 kalih Ngajoegjakarta; Radèn Toemenggoeng Djajadipoera, poepoetra goenggoeng 13 tiga-welas kalebet poetra sangking pangrembé.

1. Sangking sémah sepoeh Mas-adjeng, Mas Rara Kasanah, Mas-adjeng Poesparedja, krama pikantoek Mas Demang Poesparedja, doesoen Maésan bawah Pengasih.
2. Sangking Mas-adjeng sepoeh, Mas Rara Katidjah, tilar sampoen prawan.
3. Sangking padmi asli Wirjadiningratan, Radèn Adjeng Katirah Radèn Ajoé Sélawinata, krama pikantoek Panèwoe Kaboepatèn Nanggoelan.
4. Sangking Mas-adjeng sepoeh, Mas Rara Katimah Mas-adjeng Wirjasentana, krama Mantri Maosan Dalem Kilèn Pragi, ladjeng nama: Soerasentana.
5. Sangking padmi asli Wirjadiningratan, Radèn Mas Koesnija, Radèn Wadana Prawiradipoera, anggarwa poetraning Radèn Toemenggoeng Koernèl Mertanagara.
6. Sangking padmi asli Wirjadiningratan, Radèn Adjeng Kasijah langen Dalem Kangdjeng Goesti Pangéran Adipati Anom Mengkoenagara, nama: Radèn Ajoe Retnapoernama, sareng Kangdjeng

Goesti Pangéran Adipati Anom Mengkoenagara, djoemeneng Nata, djinoendjoeng dados Garwa Dalem nama: Kangdjeng Ratoe-mas.

7. Sangking pangrembé, Mas Rara Koenṭi, Dèn Ngantèn Mangoenatmadja, krama pikantoek poetraning Demang ing Djati-ngarang, Nanggoelan.

8. Sangking padmi asli Wirjadiningratan, Radèn Mas Kélan, Radèn Toemenggoeng Brangtakoesoema, Wadana Ageng, poenakawan Kaḍaton, ladjeng nama: Radèn Toemenggoeng Brangtakoesoema, goemanti waris, Boepati Najaka Wadana Kaparak Tengen, Ngajoegjakarta, anggarwa poetra Dalem Kangdjeng Soeltan Mengkoeboewana kaping 7 pitoe Ngajoegjakarta, nama: Goesti Kangdjeng Ratoe Tjandrakirana, kang soemaré ing Imagiri, Basijaran, poetri patoetan sangking garwa Dalem
blz.245. Kangdjeng Ratoe Kantjana, sareng kakénḍangaken nama: Kangdjeng Ratoe Wanḍan, poetraning Pangéran Ali-basah Ngabdoel-moestapa, Prawiradirdja, doek timoeré Radèn Bagoes Senṭot, poetraning Radèn Rangga Prawiradirdja, Boepati Wadana ing Maèspati, Ngradjeg-wesi, patoetan sangking garwa paminggir, nama: Mas-ajoe Ngwarak; sareng pegat séda dipoen rabèni Dèn Toemenggoeng Ranadirdja, Patih Ka-
danoeredjan [illegible] kaping sakawan, alam Radèn Dipati asli Djapan.

9. Sangking pangrembé, Mas Rara Koentji, Mas-adjeng Ismajawati, langening Kangdjeng Pangéran Arija Adiwinata, Major Djénralensetap, poetra Dalem Kangdjeng Soeltan Mengkoeboewana kaping 6 Ngajoegjakarta.

10. Sangking padmi asli Wirjadiningratan, Radèn Mas Kandjoen, nama: Djènḍi, Radèn Bekel Atmawinarsa, nama: Radèn Loerah Koedasedéwa.

11. Sangking padmi, asli Ngadinagaran, Radèn Mas Kabib Moedjadi, Radèn Bekel Prawiralaja, Bekel Poenakawan Kadipatèn.

12. Sangking padmi asli Ngadinagaran, Radèn Mas Koebarsi, Radèn Bekel Prawiranadi, Bekel Poenakawan Kadipatèn.
13. Sangking padmi asli Adinagaran, Radèn Adjeng Sritandjoeng.

Sigeg.

---

12. Mas-adjeng Poesparedja, anggarwa Demang Maèsan bawah Pengasih, poepoetra 4.

1. Mas-agoes Rahmad.
2. Mas-agoes Soepangat.
3. Mas-agoes Amin.
4. Mas-agoes Moenadjat.

---

12. Mas-adjeng Wirjasentana, ngalih nama: Mas-adjeng Soerasentana, krama Mantri Maosan Kilèn Pragi, poepoetra 6 nem.

1. Radèn Rara Salijah.
2. Radèn Rara Ngabingah.
3. Radèn Rara Djaérah.
4. Dèn Bagoes Sait.
5. Dèn Bagoes Besoeki.
6. Dèn Rara Soetinah.

---

12. Radèn Ajoe Sélawinata, anggarwa Panèwoe Kaboepatèn Nanggoelan, poepoetra 4 sakawan.

1. Radèn Adjeng Soekapti, langening Kangdjeng Pangéran Arja Adinagara, poetra Dalem Kangdjeng Soeltan kaping 7 pitoe Ngajoegja, Radèn Ajoe Tédjawati, poepoetra 6.
2. Radèn Mas Ibnoe.
3. Radèn Adjeng Samsikin.
4. Radèn Mas Soepandi, Radèn-ajoe, Radèn Panèwoe Sélawinata, sami séda soemaré Lempoejang-wangi.

---

12. Kangdjeng Ratoe Mas, garwa Dalem Kangdjeng Soeltan Mengkoe-

blz.246. boewana kaping 7 pitoe Ngajoegjakarta, poepoetra 11.

1. Goesti Radèn Mas Kadijat, djoemeneng Kangdjeng Goesti Pangéran Adipati Anom Mengkoenagara, Soedibja Radja Poetra Mantaram, ing dinten Senèn Legi kaping 25 Rabingoelakir taoen Éhé, 1821, soeroed dèrèng poepoetra.
2. Goesti Moerkasidjah, nama: Goesti Radèn Ajoe Sekar Keḍaton, krama pikantoek Radèn Toemenggoeng Poerwanagara, poetra Dalem Kangdjeng Goesti Pangéran Adipati Arija Mangkoeboemi, Kolonèl Adjoedansetap Djénralen bintang pan Oranje Opisir nasao, nagari Nèderlan.
3. Goesti Radèn Mas Pratisṭa, goemanti Raka Dalem, djoemeneng Kangdjeng Goesti Pangéran Adipati Anom, boten lami nama: Kangdjeng Goesti Pangéran Adipati Arija Djoeminah.
4. Goesti Radèn Mas Poetra, nama: Goesti Pangéran Arija Poerbaja, ladjeng goemanti Raka Dalem, nama: Kangdjeng Goesti Pangéran Adipati Anom Mengkoenagara, Soedibja Radja Poetra Narèndra Mantaram, bintang pan Oranje Opisir Nasao nagari Nèderlan.
5. Goesti Radèn Mas Soedjadi, nama: Goesti Pangéran Arija Poerbaja.
6. Goesti Moerkadijah, séda teksih timoer, soemaré Imagiri.
7. Goesti Moerdjinah.
8. Goesti Radèn Mas Soekirna, séda timoer soemaré Imagiri.
9. Goesti Moer Doerjati.
10. Goesti Moer Siadi.
11. Goesti Moer Sidinah. Goenggoeng Poetra Dalem 11 idji.

---

12. Radèn Nganten Mangoen-atmadja, krama poetraning Demang Djati-ngarang Nanggoelan, poepoetra djaler.

1. Dèn Bagoes Empol.

---

12. Radèn Toemenggoeng Brangtakoesoema, Boepati Najaka Wadana

Kaparak Tengen, anggarwa Goesti Kangdjeng Ratoe Tjandrakirana, tilar poetra 7 pitoe:

1. Radèn Adjeng Kadijah.
2. Radèn Mas Soeléndra.
3. Radèn Mas Soenapdja, séda timoer soemaré Imagiri.
4. Radèn Adjeng Kadinah.
5. Radèn Adjeng Woelansih séda timoer soemaré Imagiri.
6. Radèn Mas Soelébar.
7. Mijos poetri lantaran séda koendoeran, soemaré Imagiri.

---

12. Mas-adjeng Ismajawati, langening Kangdjeng Pangéran Arija Adiwinata, poepoetra:

1. Radèn Mas Prija. Sigeg.

---

blz.247. No.35.

2. Gotèk salasilahipoen Pangéran Djoeroe Wirapraba, kang soemaré Kiṯa-ageng, anggarwa poetraning Kjai Ageng Nitik Soera-adipradja ingkang soemaré Lempoejang-wangi, poetra patoetan sangking garwa kang nèm, karan Njai Ageng Pagambiran, poetraning Kjai Ageng Gribig, trah kang sami soemaré Djatinom Tinom; Pangéran Djoeroe Wirapraba, garwanipoen waoe poepoetra kakoeng 3 tiga, èstri 1 satoenggil poetra 4 sakawan.

1. Kjai Djoeroe Wirapradja, kang kemantoe ḏateng Panembahan Djoeroe Majem, soemaré Gambiran, alamipoen Kangdjeng Soehoenan kang séda Kadjenar, doemoegi ngakiripoen Ingkang Sinoewoen Kangdjeng Soehoenan kang séda Karapjak, soemaré Kiṯa-ageng.

   Kjai Djoeroe Wirapradja waoe dados Abdi dalem Wadana Djaksa, pikantoek tigang warsa séda, soemaré Gambiran, noenten dipoen gentosi Pangéran Djoeroe Majem.

2. Kjai Toemenggoeng Mandaraka, kang kemantoe ḏateng Pangéran

Mandoeranagara, Kjai Toemenggoeng Mandaraka, Patih nagari Kreta sapisan, ngadjeng, nama: Arija Sindoerdja, Kaliwon Kadipatèn, sareng Kangdjeng Goesti Pangéran Adipati Anom Pangéran Rangsang, djoemeneng Nata wonten nagari Kreta, djoeloek Kangdjeng Soeltan Agoeng Anjakrakoesoema, Arja Sindoerdja waoe dados Patih Dalem sapisan, nama: Kjai Toemenggoeng Mandaraka, pikantoek nem warsa, séda soemaré doesoen ing Mandarakan, kidoel Moelangi, doemoegi sak mangké, dipoen gentosi poetra mantoe dados Patih Dalem, asli Singawalèn, nama: Kjai Toemenggoeng Singaranoe, anggarwa poetraning Kjai Patih Mandaraka, pikantoek tigang warsa, Kjai Toemenggoeng Singaranoe séda, dipoen gentosi poetra mantoe nama: Adipati Singaranoe, sadèrèngipoen dados Patih Dalem ing Kreta, nama: Ki Singa, poetraning djaler Kjai Djedjer, kang kemantoe dateng Kjai Toemenggoeng Singaranoe, kang soemaré ngastana ing Karanon kidoel wétan Nitikan. Adipati Singaranoe, Ki Singa, Bagoes Sangat, soemaré dedagan ing Soeltan Agoengan Padjimatan Imagiri.

Kjai Toemenggoeng Mandaraka, mantoening Adipati Pangéran Mandoeranagara waoe, garwa poepoetra kembar sami èstri.

1. Poetra kang sepoeh kemantoe Kjai Toemenggoeng Wargapati, Mentawis, soemaré Widara-manis Ngajoegja, krama pikantoek Kjai Toemenggoeng Mretajoeda, soemaré Kaodan.
2. Kang nèm, krama pikantoek Kjai Toemenggoeng Singaranoe, Patih Kreta kaping 2 kalih, soemaré sarimbit ing Keranon, àsli Toemenggoeng Singaranoe, sangking Singawalèn ing Pédan, toeroenipoen Kjai Ageng Barat-katiga, poetra Madjapahit ingkang wonten tanah redi Patjing, karan redi Patjé.

----

blz.248. 3. Radèn Ajoe Oepasanta, kang kemantoe dateng Adipati Pangéran Mandoeranagara Mantaram, Patih Dalem Kangdjeng Soehoenan Adi Praboe Anjakrawati, séda Karapjak.

4. Wragil djaler, nama: Kjai Djedjer, dados moekmin kas, kalakoehanipoèn lampah amoeng djedjer boten naté lenggah ngantos ~~d~~ séda inggih djedjer, mila karan: Kjai Djedjer, krama pikantoek poetraning Arija Soeratani, kang séda prang anèng Bengawan, daweg alamipoen Kangdjeng Soeltan Agoeng. Kjai Djedjer poepoetra 3 tiga:

1. Bagoes Sangat, sareng dados abdi-dalem gamel, nama: Ki Singa, krama pikantoek poetraning Kjai Toemenggoeng Singaranoe, Patih Dalem Kangdjeng Soeltan Agoeng, Patih Dalem kaping 2 kalih soemaré sarimbit wonten ing Karanon.
2. Lara Sengkan, dados Garwa Dalem Kangdjeng Soeltan Agoeng, nama: Kangdjeng Ratoe Kilèn, poepoetra Radèn Mas Sahwawrat, nama: Pangéran Toemenggoeng Padjang, Kangdjeng Ratoe Kilèn ladjeng kakéndangaken pegat.
3. Wragil èstri krama pikantoek Pangéran Pandjang-mas, poetraning Pangéran Panembahan Djoeroe Majem soemaré Gambiran.

---

3. Kjai Djoeroe Wirapradja, kang soemaré Gambiran, anggarwa poetraning Pangéran Panembahan Djoeroe Majem, poepoetra djaler.

1. Kjai Soetawindoe, nalika djoemeneng Dalem Kangdjeng Soeltan Agoeng, kakresakaken goemanti dados Wadana Djaksa, nama: Kjai Soetamarta, Pangéran Djoeroe Majem sampoening kagentosan anggènipoen dados Djeksa kapradikakaken, doedoekoeh wonten tanah Gambiran, ladjeng soemaré ing Gambiran.

---

4. Kjai Soetawindoe, inggih Kjai Soetamarta, anggarwa poetraning Kjai Toemenggoeng Wargapati, Mentawis, kang soemaré Widara-manis, poepoetra:

   1. Kjai Wargasoeta, anggarwa poetraning Kjai Toemenggoeng Mretajoeda, soemaré Kaoḍan, poepoetra.

---

5. Kjai Wargasoeta, anggarwa poetraning Kjai Toemenggoeng Mretajoeda, kang soemaré Kaoḍan, poepoetra:

   1. Kjai Koembajana, abdi-dalem Panegar, alam ing Kartasoera.

---

6. Kjai Ngabèi Koembajana, abdi-dalem Panegar Kartasoera, garwa poepoetra:

   1. Kjai Wirapraba, abdi-dalem Mantri djawi, alam Kartasoera, wonten Ngajoegja, karan: Kjai Loeṭoek, dados Djoeragan Dalem Kangdjeng Ratoe Ageng ingkang dedalem ing Tegal-redja.

---

7. Kjai Wirapraba, karan Kjai Loeṭoek, sémah asli sangking Djatinom, karan Njai Kasih, poetrané Kjai Panganten Soesemi, poetraning Kjai Panganten Ageng, poetraning Kjai Ageng Dalem, Kja Ageng Ngaral poepoetra Kjai Ageng Dalem. blz.249.

Kjai Ageng Ngaral, poetraning Kjai Ageng Praboe, gih Kjai Ageng Kidoel, poetraning Kjai Ageng Gribig, poetraning Kjai Ageng Geṭajoe, poetraning Kjai Wasi Djiwa, kang sami soemaré wonten Djatinom Tinom, Kjai Wasi Djiwa inggih Pangéran Rangkaknjana, poetraning Wasi Bagena, inggih Radèn Djaka Ḍolok, kang ḍoekoeh ing Djatinom, inggih Tinom, poetraning wragil Sri Praboe Brawidjaja kaping 5 gangsal, Ratoe Madjapahit kaping 7 pitoe, ingkang wekasan, poetra ingkang No.117 satoes pitoelas.

Kjai Wirapraba, Kjai Loeṭoek anggarwa Njai Kasih, asli Djatinom, poepoetra:

1. Kjai Masèh, abdi-dalem Soeranata ing Kartasoera.

----

8. Kjai Masèh abdi dalem Soeranata ing Kartasoera, garwa poepoetra:

1. Kjai Resawilaja, abdi dalem Djadjar Soeranata ing Ngajoegja, teksih ngladosi sémahipoen dados Djoeragan Dalem Kangdjeng Ratoe Agung, satoeroenipoen sami ngalempak kakoeboer wonten pasaréjan ing Pakoentjèn Ngajoegjakarta.

----

9. Kjai Resawilaja, abdi dalem Djadjar Soeranata, Ngajoegja, sémahipoen ingkang ngladosi Kangdjeng Ratoe Ageng, ing Tegil-redja, poepoetra 4 ≠ sakawan:

1. Kjai Oedadiwirja, abdi dalem pradjoerit Ḍarat.
2. Kjai Mandrasèna.
3. Kjai Resawilaja kaping 2 kalih.
4. Kjai Soemadeksana, abdi dalem Mantri Widji Soema-atmadja, nalika koendoer Dalem Kangdjeng Soeltan kaping 2 kalih Mangoen tapa sangking Ambon, ḍateng Ngajoegja, kapoenḍoet dados ringgit tijang, piteḍan nama: Ngabèi Koeda Saridjana, noenten dados Mantri Patéjan, nama: Ngabèi Resawilaja, kaping sakawan, Ngajoegjakarta.

----

10. Kjai Oedadiwirja, pradjoerit Ḍarat, sémah noeroenaken:

1. Mas Oedadiwirja kaping 2 kalih, tilar wonten Paḍang, tilar anak kalih: 1 Mas Wirjakrama wonten Ponḍok Magangan.
   2 Oedadiwirja ping 3 tiga wonten Paḍang.

----

10. Kjai Mand(r)aséna, sémah noeroenaken 3 tiga:

1. Kjai Mandrasetika, wonten ing Mangoen-nagaran, sémah anak 7.
   1. Mandrasèna wonten Bantoel Kadiredja.
   2. Mas Tirtaredja wonten ing Ngarsa Dalem.
   3. Patimah sémah Bekel Banjoe-nganti.

blz.250. 4. Mandrasentana, wonten ing Adiwinatan.

5. - Tapawira, wonten ing Adiwinatan.

6. Taroenammadra, Langsir Bantoel Kadiredja.

7. Ranasetika wonten ing Mangoen-nagaran.

------

2. Ngabèi Ranagota, sémah noeroenaken Ngabèi Ranagota kaping 2.

3. Bakmas Oedaredja, noeroenaken:

   1. Mas-adjeng Dipawilaga.
   2. Mas Oedaredja.
   3. Penatoes Djajakarsana.

Mas-adjeng Dipawilaga, noeroenaken 5 gangsal:

1. Dipawilaga ping 2 kalih, tilas Panèwoe Santoel.
3. Estri sémah Demang Boeloes.
2. Djajakéringan, Penatoes Tjepit.
4. Soeratminah wonten Tjepit.
5. Soepinah.

----

10. Kjai Ngabèi Resawilaja, kaping 2 kalih sémah noeroenaken 8.

1. Ngabèi Resawilaja kaping 3 tiga, noeroenaken wonten Djamoes Ngermamé Magelang.

   1. Kasan Moenadi, ing Kaoeman Ageng.
   2. Èstri sémah Ngabèi Oedadenta, poetraning Dèn Wadana Mangkoedirdja, noeroenaken èstri boejoet lan Ngabèi Resawilaja ping 2 kalih.

----

2. Ngabdoel Sidik, sémah gaḍah anak 2 kalih.

3. Njai Moekidin, sémah noeroenaken 2 kalih:

   1. Kadji Moestar, sami wonten ing ḍoesoen Karang-kadjèn.
   2. Kadji Salèh, sami wonten ing ø ḍoesoen Karang-kadjèn.

----

4. Mas-adjeng Kasan Imam, noeroenaken djaler, Mangkoewidjaja

wonten Bantoel.

5. Dèn Ngantèn Nataprana, anggarwa Dèn Daholah Nataprana, wonten ing Soerakarta, pegat séda, krama ping 2 kalih, pikantoek Ngabèi Soerapradja, Panèwoe Kaparak Soerakarta.

6. Sangking pangrembé, Mas Saresan Oedadiwirja, Mantri lebet.

7. Sangking pangrembé, Mas Saresan Djajaséta, Ketanggoeng, adjal waris teksih alit.

8. Sangking pangrembé, Mas Saresan Bradjawardaja, Wira~~p~~bradja.

---

11. Dèn Ngantèn Nataprana, ing Soerakarta, poetra sangking Dèn Daholah Nata Prana, 2 kalih:

1. Dèn Sangat, kéndang mring Sabrang.
2. Radèn Ajoe Moertiningroem, langen Dalem Kangdjeng Soehoenan ping 9.

---

blz.251. Poetraning Dèn Ngantèn Nataprana, patoetanipoen kalih Ngabèi Soerapradja, Panèwoe Kaparak Soerakarta, patoetan poetra 4 sakawan:

1. Kadji Moekammad Apandi, wonten Kaoeman Soerakarta.
2. Mas Resawilaja, Soerakarta.
3. Sami èstri wonten Soerakarta.
4. Wragil èstri, Mas Rara wonten Soerakarta.

---

12. Poetraning Dèn Ngantèn Nataprana, kang No.2 kalih, kang patoetan Radèn Daholah Nataprana, nama: Radèn Ajoe Moertiningroem, langen Dalem Kangdjeng Soehoenan Pakoeboewana kaping 9 sanga Soerakarta, Radèn Ajoe Moertiningroem, poepoetra 5 gangsal:

1. Bandara Radèn Mas Soetresna, séda teksih timoer.
2. Kangdjeng Pangéran Arija Anjakrakoesoema, séda sampoen diwasa, dèrèng poepoetra.
3. Bandara Radèn Ajoe Wirjadiningrat, ingkang kemantoe dateng

Kangdjeng Radèn Adipati Sasranagara, Patih Dalem Kangdjeng Soehoenan kaping 9 Soerakarta.

4. Bandara Radèn Adjeng Roewijah.

5. Kangdjeng Pangéran Arija Tjakradiningrat, séda dèrèng krama.

---

13. Kangdjeng Bendara Radèn Ajoe Goesti Adipati Sasradiningrat, anggarwa Kangdjeng Radèn Adipati Sasradiningrat, Opisiring Oranje Nasao, pangagenging pangadilan Dalem Pradata Ageng, kemantoe Dalem swargi Ingkang Sinoehoen Kangdjeng Soehoenan Pakoeboewana kaping 9 sanga, Soerakarta, poetri patoetan sangking garwa pangrembé Dalem, nama: Radèn Ajoe Moertiningroem, poenika poetraning Dèn Ngantèn Nataprana, sémahé Radèn Daholah Nataprana, alam prang Dipanagaran.

Sigeg.

---

10. Ngabèi Resawilaja, kaping sakawan abdi dalem Mantri Patéjan, ngadjeng sémah kalih: 1 sémah sepoeh, asli sangking doesoen Djarakan. 2 Sémah nèm, Masadjeng Poelangjoen. Ngabèi Resawilaja waoe sémah 2 kalih, amoeng poetra 2 andjawi ingkang ngadjal.

1. Sangking padmi asli Djarakan, Mas Lotnan Dolah Djajasetika, poepoetra 10.

1. Ngabèi Pringgadikara, Mantri Kraton.
2. Dèn-ajoe Mretasetika, sémah Demang Kedoeng Galih.
3. Dèn-ajoe Dapawira, wonten Bantoel.
4. Mas Tjakradimedja, èstri sémah Panèket Boetoeh.
5. Mas Resawilaja, ping 5 gangsal, Langsir Bantoel.
6. Mas Soemasetika, Tjarik nèm Bantoel.
7. Mas Soemadeksana, Pantjawéka.
8. Mas Dolah.
9. Mas Siti.
10. Mas Kantong.

---

blz.252. 2. Sangking padmi sémah nèm, asli Kaliwoengoe, Mas-adjeng Poelangjoen, soemaré Lempoejang-wangi, Radèn Toemenggoeng Djajadipoera, Boepati Najaka Wadana Kaparak tengen, soemaré Lempoejang-wangi sarimbit, poepoetra 13 tiga welas, kados ingkang sampoen kaseboet ngadjeng, salasilah Tjakrasemitan ing Kaliwoengoe.

Sigeg.

No.36.

3. Poetraning Pangéran Djoeroe Wirapraba, kang No.4 wragil, salasilah Djedjeran, nama: Kjai Djedjer, awit dados moekmin kas, kalakoehanipoen lampah sapoeroeg-poeroeg poendi ingkang dipoen senengi namoeng djedjer, ⌊ngantos doemoegi séda teksih lestantoen djedjer, mila karan: Kjai Djedjer, katelah padoekoehanipoen toemoet karan ing Djedjeran.

⌊ boten naté lenggah

Sadèrèngipoen dados moekmin kas waoe, krama pikantoek poetraning Arja Soeratani, séda prang kang anèng Bengawan, poepoetra 3 tiga, 1 satoenggil djaler, 2 kalih èstri.

1. Bagoes Sangat, sareng dados Gamel-ipoen Kangdjeng Soeltan Agoeng, nama: Ki Singa, kemantoe dateng Kjai Toemenggoeng Singaranoe, Patih Dalem kaping 2 kalih Ingkang Sinoehoen Agoeng; Kjai Toemenggoeng Singaranoe waoe asli sangking Singawalèn tanah Pédan, kemantoe: Kjai Toemenggoeng Mandaraka, ngadjeng Arija Sindoerdja, Kliwon Kadipatèn, sareng Kangdjeng Goesti djoemeneng Nata, wonten ing Kreta, dados Patih Dalem kaping sapisan nama: Kjai Toemenggoeng Mandaraka, soemaré doesoen Mandarakan kidoel Moelangi Ngajoegjakarta.

Ki Singa waoe, satilaré kang marasepoeh, Kjai Toemenggoeng Singaranoe, soemaré Keranon Patih Dalem kaping 2 kalih nagari Kreta, ladjeng sangking karsa Dalem, goemanti kang marasepoeh, nama: Adipati Singaranoe, Patih kaping

3 tiga, nagari Kreta, soemaré dedagan Padjimatan, ing Soeltan Agoengan Imagiri.

2. Nikèn Rara Sengkan, kapoendoet dados garwa Dalem Kangdjeng Soeltan Agoeng, sinoeng nama: Kangdjeng Ratoe Kilèn, poepoetra Radèn Mas Sahwawrat, Pangéran Toemenggoeng Padjang, Kangdjeng Ratoe Kilèn waoe ladjeng dipoen kéndangaken pegat. Sak sédaning Panembahan Poerbaja, kang kaping 2 kalih, Pangéran Toemenggoeng Padjang waoe, dipoen djoendjoeng déning dateng kang raji, Kangdjeng Soehoenan Mangkoerat Ageng, Mentawis, nama: Kangdjeng Panembahan Poerbaja, boten lami séda, ladjeng dipoen gentosi poetraning Panembahan Poerbaja kang kaping 2 kalih waoe, nama: namoeng Pangéran Toemenggoeng Mentawis kimawon.

3. Èstri krama pikantoek Pangéran Pandjang-mas, poetraning Panembahan Djoeroe Majem, Mantaram ingkang tjatjad tjéda asta kiting, soemaré Gambiran.

---

4. Adipati Singaranoe, Patih Dalem kaping 3 tiga, ingkang soemaré dedagan Padjimatan Imagiri, anggarwa poetraning Kjai Toemenggoeng Singaranoe, Patih Dalem kang kaping 2 kalih nagari Kreta, kang soemaré sarimbit wonten ing Keranon.

blz.253. Adipati Singaranoe, garwanipoen poepoetra 2, èstri kembar.

1. Èstri krama pikantoek Kjai Toemenggoeng Soedjanapoera, poetraning Adipati Soedjanapoera, kang séda prang sampjoeh lan Adipati Pamekasan Madoera.

2. Èstri kang nèm, krama pikantoek Bagoes Krija, poetra tilaraning Adipati Pragola Pati, kaping 2 kalih, kang séda wit madeg padarwa kraman, djalaran kabangoes déning Èndranata, Adipati Pragola Pati kaping 2 kalih waoe, anggarwa sadèrèk Dalem Kangdjeng Soeltan Agoeng, toenggil jajah réna, poetri sangking Kangdjeng Ratoe Adi, asli Padjang poetraning Kangdjeng Pangéran Benawa, garwa Pragola

Paṯi ping 2 waoe, nama: Radèn Adjeng Toelak, nama: Ratoe Sekar, paḏeming laki dèrèng kantos poepoetra, sangking kre~~d~~sa Dalem Si~~h~~noehoen Agoeng, kinèn ngarang-oeloe ḏateng aḏinipoen, Adipati Pragola Paṯi kaping 2 kalih, nama: Radèn Lonḏoh, dipoen angkat goemanti wonten Paṯi, sinoeng nama: Pangéran Rangga ing Paṯi.

Déné Kjai Wanakrija waoe, poetraning djaler Adipati Pragola Paṯi kaping 2 kalih, patoetan sangking pangrembé, sabeḏahipoen Paṯi Kjai Wanakrija waoe teksih alit, binekta ngili déning Soera Mangoen-djaja, Paṯi ḏateng tanah ing Blambangan, sareng sampoen diwasa kabekta wangsoel mring Mantaram, ndjoedjoeg wonten ḏoekoeh Djedjeran, ladjeng pinenḏet anak ḏateng Kjai Djedjer, lami-lami pinanggihaken lan kang wajah, èstri, poetraning Adipati Singaranoe, ladjeng soewita mring Kangdjeng Soeltan Agoeng, Sang Nata sampoen kilap, jèn poetraning Pragola Paṯi ping 2, ladjeng dados toewa(ng)gana ing Djedjeran soemaré sarimbit wonten ing Djedjeran; Njai Krijan tilar poetra 5.

5. Njai Krijan anggarwa Kjai Krijan inggih Bagoes Krija, poepoetra 5 gangsal, mbadjeng èstri.

1. Njai Adjeng Sawoenggaling, anggarwa Kjai Toemenggoeng Sawoenggaling, Boepati Bagelèn, tanah Koeṯawinangoen sadèrèngipoen ngalih Kaboepatèn wonten ing Koeṯa-ardja, ingkang anglèraken Dèn Djebeng, nama: Radèn Toemenggoeng Sasradirdja, Boepati Wadana ḏistrik ing Soeléman, anggarwa poetraning Radèn Toemenggoeng Soemaredja, ing Roma, poepoetra:

1 Radèn Rija Sasradirdja, anggarwa poetraning Kangdjeng Pangéran Arja Soerjadiningrat poetra Dalem Kangdjeng Soeltan kaping 4 Ngajoegja, poepoetra Radèn Panèwoe Tirtawinata, kemantoe Mas Panèwoe Resapradja Manten, boejoet Kadjoeron.

2. Kjai Soetadjiwa.

3. Kjai Djajatroena, poepoetra 2 kalih.

    1. Mas Pandji Djajènggati, Loerah pradjoerit Ketanggoeng, Ngajoegjakarta.
    2. Kjai Kretalesana, poepoetra: Kjai Resakoesoema, Djajènggati, poepoetra Kjai Resakoesoema kaping 2 kalih.

----

blz.254. Kjai Resakoesoema kaping 2 kalih waoe, poepoetra:

1. Kjai Resakoesoema kaping 3 tiga, anggarwa Poetra Dalem Kangdjeng Soeltan kaping 2 kalih Ngajoegjakarta, 4 sakawan, poepoetra 4 sakawan.

----

1. Radèn Ajoe Resapradja, kemantoe Kjai Toemenggoeng Wiragoena ping 3.
2. Radèn Ajoe Poespanagara, anggarwa Radèn Toemenggoeng Poespanagara, Boepati Anèm Maosan Dalem, trah Blambangan Minggir, poepoetra, waris Radèn Toemenggoeng Poespanagara kaping 2 kalih, anggarwa poetraning Radèn Toemenggoeng Padmanagara, trah Karanglon.
3. Radèn Toemenggoeng Resakoesoema kaping 4 sakawan, anggarwa poetraning Kangdjeng Radèn Adipati Danoeredja kaping 5 gangsal Riddering orde Nèderlanseléjo, poepoetra Radèn Toemenggoeng Resakoesoema kaping 5 gangsal Manten, anggarwa poetraning Kangdjeng Ratoe Anggèr, garwaning Kangdjeng Pangéran Arija Joedanagara, soemaré Imagiri, sarimbit.
4. Radèn Mas Resa-atmadja, Pinisepoeh Djoeroe-koentji Imagiri.

----

4. Ki Najatroena, nama: Kjai Toemenggoeng Radjamenggala.

5. Ki Poespatroena, nama: Ki Demang Djawinata, sareng katrima déning Kangdjeng Soehoenan Mangkoerat Ageng, Mantaram,

soemaré Tegil-aroem, ingkang dipoen kanṭèkaken ḍateng Kangdjeng Pangéran Arija Poeger, angloeroegi ngrebasèng mring Troenadjaja, wonten Mentawis, sakèngsering Troenadjaja, Ki Demang Djawinata waoe, sinoeng nama: Kjai Toemenggoeng Gadjah-mada, karan Kjai Gadjah-geḍé.

---

6. Kjai Toemenggoeng Djawinata, Gadjah-premada, karan Gadjah-geḍé, garwa poepoetra 4 sakawan idji.

1. Radèn Ajoe Mretasana, krama pikantoek Kangdjeng Pangéran Arija Mretasana, poetra Dalem Kangdjeng Soehoenan Mangkoerat Ageng.
2. Kjai Demang Poespatroena, katrima déning Kangdjeng Soehoenan Mangkoerat, kaseboet Mangkoerat Amral Atmiral, djoemeneng Nata ing Wanakarta, awit angsal sirahing kraman, Djajalalana, lan Djajaparoesa, ladjeng sinoeng nama: Toemenggoeng Djawinata Gadjah-tjilik.
3. ~~2~~ Kjai Mretawidjaja.
4. Kjai Djiwajoeda.

---

7. Kjai Toemenggoeng Djawinata Gadjah-tjilik, garwa poepoetra 3 tiga.

1. Kjai Toemenggoeng Radjawaniti, nḍèrèk Kangdjeng Soehoenan Soerakarta, poepoetra djaler nama: Rangga Wanèngpati, Boepati ing Banaran.
2. Demang Djawinata kang nḍèrèk Soehoenan Koening, nama: Dipati Soeradiningrat, sampoening bakda prang Petjina, ladjeng nḍèrèk Kangdjeng Soehoenan Pakoeboewana kaping 2 kalih, soemaré Nglawéjan, sinoeng nama: Toemenggoeng Djawinata. Sareng Kangdjeng Pangéran Arija Sénapati Soekawati Mangkoeboemi, dipoen djoemenengaken pribadi wonten ing Kabanaran Mentawis tanah kidoel wétan nagari; sadèrèngipoen djoemeneng Nata, sampoen kabijantoe déning Kangdjeng Koem-

blz.255.

peni, ing ḏoesoen Padagangan tanah Dijanti, sinoeng nama: Adipati Djaningrat.

3. Èstri krama pikantoek Kjai Toemenggoeng Djadirdja, soemaré Karang-toeri, tanah Wijara, wétan ing Kiṯa-ageng, trah Karanglon.

---

8. Adipati Djaningrat, karan Djawinata Gadjah-tléna, kang garwa, poepoetra 15 gangsal welas.

1. Radèn Wiramanggala, garwa poepoetra djaler, Radèn Poespawidjaja, ladjeng ka-angkat nama: Radèn Toemenggoeng Soedjanapoera.
2. Radèn Setjawidjaja, ka-angkat nama: Radèn Toemenggoeng Djajanagara, kang séda prang kénging oeloek-oeloek mimis marijem wonten ing redi Tiḏar bawah Magelang.
3. Radèn Ajoe Dipati Anom, garwaning Kangdjeng Goesti Pangéran Adipati Anom kaping sapisan Poetra Dalem Kangdjeng Soeltan kaping sapisan, koendoer sangking Trajem Parakan, bojong njonjah Tjina, nama: Adan Wigar, sampoen ngranoehi nanḏang gerah rawoeh ing Tamboela, ladjeng ḏateng pasanggrahan ing Toja-temoempang, sanget katemah soeroed soemaré ing Imagiri.

   Radèn Ajoe Adipati Anom, pegat séda, krama kaping kalih pikantoek Pangéran Arija Djajakoesoema, ladjeng nama: Pangéran Natakoesoema ping 2 kalih, poenika poetraning Radèn Adipati Natakoesoema, sak koendoeripoen sangking Sabrang, sinoeng nama: Pangéran Djoeroe, dedalem ing siti Paḏongkèlan, karan Kadjoeron.
4. Njai Toemenggoeng Alap-alap anggarwa Toemenggoeng Alap-alap, Mretalaja, alam Kangdjeng Soeltan sapisan waktoe prang Panaraga, soemaré Djedjeran; ingkang anglèraken ḏateng Radèn Toemenggoeng Anggawangsa, Ranawinata, Boepati Nanggoelan.
5. Toemenggoeng Djawinata, Anggadjaja, karan: Angkawidjaja,

kang kátjepeng daweg prang wonten Trajem, kabekta mring Samarang, sareng djoemeneng Dalem Nata Kangdjeng Soeltan Mengkoeboewana ping sapisan Ngajoegjakarta, ladjeng pinoendoet mring Kangdjeng Koempeni, ka-atoeraken dateng Ngajoegja, nama: Kjai Djawinata Dongkol, soemaré Djedjeran.

6. Sangking pangrembé asli Djenoe, Ngabèi Djajapoespita, Mantri djawi Ngajoegja, poepoetra: Ngabèi Poespajoeda, poepoetra: Bokmas Sadiwirja, poepoetra 3 tiga:
    1. Radèn Toemenggoeng Tandanagara, Mas Sakim.
    2. Radèn Toemenggoeng Mangoen-nagara, Mas Tjokik.
    3. Radèn Saresan Prawiradirada, Mantri lebet.

---

7. Njai Rangga Wanèngpati, anggarwa Kjai Rangga Wanèngpati, Mantawis; alam Banaran, pinanggih nak-dèrèk, poenika ingkang anglèraken dateng Radèn Toemenggoeng Anggawangsa, Boepati Najaka djawi, inggih Radèn Toemenggoeng Ranawinata, Boepati Anèm ing Nanggoelan Kilèn Pragi, oetawi dateng Kjai Demang Djagaresa, Demang Wadas ing Nanggoelan, lan dateng Mas-adjeng Danoekrama, Aboetahir, Koemoesoeh. blz.256.
8. Sangking pangrembé, asli Djenoe, poetraning Kjai Wiloegangga, toeroening Kjai Soepa Djenoe, poetraning Pangéran Kanoman, ing Djenoe, nama: Njai Djawinata, asli Djenoe waoe, poepoetra Kjai Toemenggoeng Djawikrama, ingkang kalepatan kaloengsoer daweg prang Prajoet, nama: Kjai Djawikrama kimawon soemaré Djedjeran.
9. Radèn Toemenggoeng Djaningrat Manten, anggarwa Poetra Dalem Kangdjeng Soeltan kaping sapisan Ngajoegja.
10. Toemenggoeng Djawinata, Mretawidjaja, nggentosi ingkang raka, ingkang anoeroenaken dateng Radèn Pandji Mangoen Djedjer Sepoeh, soemaré Djedjeran.
11. Ngabèi Djajadeksana.
12. Ngabèi Djajasambodra.

13. Njai Soerabradja, Mantri Maos sèwoe.
14. Njai Anḏadarma, sémah Mantri Gowong.
15. Wragil Mas Pandji Ranawinata, nama: Toemenggoeng Djawinata. Sigeg.

Poenika sabab kerangkep salasilahipoen.

No.	Namaning toeroen. (No.37.)	Tegesipoen.
1.	Ka-anan : anak.	Roemaos moedjoedaken.
2.	Poetoe.	Seḏenging toemoewoeh.
3.	Boejoet.	Sampoen wantji lingsir, ragi boejoeten, goemeter.
4.	Tjanggah.	Sampoen wantji teteken.
5.	Warèng.	Sampoen kantoen angèmperi.
6.	Oeḏeg-oeḏeg.	Teksih gepokan.
7.	Gantoeng siwoer.	Siwoer ginantoeng, teksih mambet toja.
8.	Tji~~r~~tjip moening.	Oengeling a(ng)koep-angkoepan, tan katingal woedjoed amoeng kantoen swara.
9.		
10.	Patarangan bosok.	Kantoen maoedjoed, nanging boten kanggé.
11.	Gropak sénṯé.	Nadyan langkoeng meprel taksih wonten swaranipoen.
12.	Grepek waton.	Boten kanggé dandosan.
13.	Tjenḏeng.	Kantoen leripoen kimawon.
14.	Jeng-ijeng.	Kantoen oebengan boten manggèn.
15.	Gijeng.	Kantoen mèh papoentoning tjarijos.
16.	Tjoemleng.	Taksih wonten tjarijosipoen.

Poenika sabab kerangkep salasilahipoen.

No.	Namaning toeroen. (No.37.)	Tegesipoen.
17.	Amleng.	Katoging raos, mèh telas namanipoen.
18.	Menjaman.	Teksih katingal kantoen lamat-lamat.
19.	Menjamoen.	Langkoeng tebih tan katingal, kantoen ngarah-arah.
20.	Terah-toemerah.	Sampoen tijang sanès, namoeng toenggil bangsa.

blz.257. No.36.

Mangsoeli gotèk tjarijosipoen ing Kaboepatèn Banjoemas, sak sédanipoen Radèn Toemenggoeng Joedanagara, kaping 2 kalih, kang karan: Radèn Toemenggoeng Joedanagara, Séda menḍapa, ingkang dados Boepati Banjoemas, kaselan poetra mantoe, nama: Radèn Toemenggoeng Resapradja, taneman sangking Kartasoera, Sinoehoen Pakoeboewana kaping 2 kalih, kang soemaré Nglawéjan, Radèn Toemenggoeng Resapradja waoe, sareng goemanti ingkang marasepoeh dados Boepati Banjoemas, saweg pikantoek kadoegi nem warsa, lèrèh kapotjot sangking kalenggahanipoen Kabopatèn ing Banjoemas, Kaboepatèn ladjeng komplang.

14. Kodjar tjarijosipoen Bagoes Konṭing, ingkang pinoenḍoet déning Ingkang Sinoehoen Praboe Mangkoerat, nagari Kartasoera, ingkang dipoen saḍèrèkaken, ngladosi Poetra Dalem, nama: Radèn Mas Soedjana, sareng sampoen djinoendjoeng pangkat Pangéran, nama: Kangdjeng Pangéran Arija Mangkoeboemi; Bagoes Konṭing waoe ladjeng ginandjar pangkat, dados abdi dalem Mantri Anèm, rèh ing Kadanoeredjan, ing

Kartasoera, kapiteḍan nama: Radèn Martawidjaja, sareng djinoendjoeng dados Loerah Pranakan, goemaḍoeh wonten ing Kademangan, sinoeng parab: Radèn Bermara, ḍoemateng Radèn Demang Ngoerawan, ing Kangdjeng Sinoehoen Praboe Mangkoerat, Kartasoera, kresa kilajoe toemoet marabi, pateḍan Dalem parab: Radèn Gandakoesoema, wit sami marabi mangsa kakresakaken pinoedjoe matja, serat Wiwaha Kawi, jèn noedjoe poepoeh tembang Gandakoesoema, swaranipoen berngengeng manis aroem, lir bremara mangingsep sari, andadosaken katjarjanipoen nala Dalem, ing waktoe semanten datan lami Ingkang Sinoehoen Praboe Mangkoerat gerah ladjeng moeroed séda, Poetra Dalem Kangdjeng Goesti, ladjeng djoemeneng Nata, djoeloek: Kangdjeng Soehoenan Pakoeboewana ingkang kaping 2 kalih Kartasoera.

Boten antawis lami, Kjai Danoeredja, Adipati Tjakradjaja, Patih Dalem Kartasoera, ing ngadjeng Boepati Djepara, asli Karèḍètan, kakénḍangaken, wit kalepetan kalih Kangdjeng Koempeni; Kangdjeng Soehoenan Pakoeboewana kaping 2 kalih, Kartasoera, ndadosaken tijang magangan, asli Samarang, dados Adipati Djajaningrat ing Pakalongan sapisan, boten mawi soeka woeninga ḍateng Idelir Samarang, Kangdjeng Soehoenan waoe kasikoe déning Kangdjeng Koempeni, ingkang karan Adipati Djajaningrat Trasi, déné salowongipoen Patih Dalem ing Kartasoera, karsa Dalem sabijantoe kalih Kangdjeng Toewan Idelir Samarang, Radèn Arja Natawidjajà, goemanti dados Patih Dalem, sinoeng pangkat nama: Radèn Adipati Natakoesoema.

Kala djoemenengipoen Kangdjeng Soehoenan Pakoeboewana kaping 2 kalih wonten ing Kartasoera, kala taoen Djawi angka: 1551; sareng lèrèhipoen karsa mbegawan, djoeloek Sri Praboe Panembahan Brawidjaja, Poetra Dalem Kangdjeng Goesti Pangéran Adipati Anom, goemanti ingkang rama, blz.258. djoemeneng Nata ing Soerakarta, toenggil taoen angka: 1551, oetawi taoen Welandi angka: 1726, djoemenengipoen Kangdjeng Soehoenan Pakoeboewana kaping 2 kalih Kartasoera, koendoer sangking Panaraga, djoemeneng Kartasoera kaping 2 kalih waoe taoen angka: 1668, oetawi taoen Welandi angka: 1743; sareng kadaton pindah dateng Salakarta, kala taoen Djawi angka: 1670, oetawi taoen Welandi angka: 1745, ladjeng lèrèh mbegawan, djoeloek Sri Praboe Panembahan Brawidjaja, soemaré ing Lawéjan, Poetra Dalem Kangdjeng Goesti Pangéran Adipati Anom, djoemeneng Nata wonten nagari Salakarta, toenggil taoen angka: 1670, oetawi taoen Welandi angka: 1749 oetawi 1750, djoeloek: Ingkang Sinoehoen Pakoeboewana kaping 3 tiga, nagari Salakarta, dipoen lih nagari Soerakarta Adiningrat, parab: Ingkang Sinoehoen Praboe Djaka, wit djoemeneng dèrèng kagoengan praméswari, tan lami krama, pikantoek poetri Madoera, poetraning Kangdjeng Ratoe Madoeretna, anggarwa Pangéran Tjakraningrat Madoera, nama: Kangdjeng Ratoe Kantjana, tan lami Kangdjeng Ratoe Kantjana waoe, ladjeng kéndang dèrèng poepoetra, koendoer dateng Éndranatan, sasoeroedipoen ingkang iboe Kangdjeng Ratoe Madoeretna, ladjeng koendoer mring Madoera malih.

Sigeg.

Mangsoeli gotèk tjarijos, noenten sangking kresa Dalem Ingkang Sinoehoen Pakoeboewana kaping 2 kalih waoe, Radèn Demang Ngoerawan, djinoendjoeng pangkat nama: Kangdjeng Pangéran Arija Poerbaja, datan lami sinidi, kakéndangaken. Radèn Gandakoesoema waoe, ladjeng dados gadoehan tjatjepenganipoen Kangdjeng Pangéran Arija Mangkoeboemi, kadoegi tigang warsa taoen Djawi angka:1663, oetawi taoen Welandi angka: 1742, sabedahipoen Lodji

Kartasoera, ladjeng prang dahoeroe Patjina, Kangdjeng Soehoenan Pakoeboewana kaping 2 kalih waoe ngantos kèngser ḍateng Panaraga, antawis lami, Kangdjeng Soehoenan Pakoeboewana kaping 2 kalih djoemeneng Nata kaping 2 kalih, ing Kartasoera, kontrak kaping 2 kalih, tan lami, kadoegi taoen Djawi angka 1670, oetawi taoen Welandi angka 1745, ngalih kaḍaton ḍateng ḍoesoen Sala, tanah ing djember djenes. Sampoening dados Karaton sinoeng nama: nagari Salakarta, sareng djoemeneng Praboe Djaka, nagari ngalih dipoen lih nama: Soerakarta Adiningrat. Antawis kadoegi taoen angka 1673, taoen Walandi angka 1746, Kangdjeng Pangéran Arija Mangkoeboemi, waoe lolos sangking nagari, madeg padarwa kraman, Radèn Gandakoesoema inggih Radèn Martawidjaja waoe, ndèrèk lolos ḍateng ing Soekawati, sampoen pikantoek ¼ 3 tigang warsa, noenten pisah daweg nalika prang wonten redi Plawangan, soekoening redi Lawoe, Kangdjeng Pangéran Arija Mangkoeboemi, kasrakat mangétan sak prépot, garwa poetra rèhning mangsa daloe djawah petengan kadjoedjoer kalebet djoerang langkoeng roempil soengil, pikantoek palaling Pangéran sami rahajoe, ajoewana soegeng. Salebeting kasrakat pinoedjoe Rangga Wirasentika leléḍang tjaket ing djoerang ngrikoe, abdi satoenggil saweg ngoepados margi baḍé menḍet toja, soemerep Rangga Wirasentika langkoeng binoedjoeng tjinanḍet kinèn kèndel. Ladjeng pinanggih lan Kangdjeng Pangéran Arija Mangkoeboemi, boten nginten sanget saged pinanggih lan Rangga Wirasentika, waoe, ngoengoen kapoengoen-poengoen, ladjeng dipoen atoeri koendoer dateng Ngawi, lèrèh wonten Ngawi ladjeng koendoer mring Soekawati.

blz.259.

Radèn Gandakoesoema, Mertawidjaja waoe, sareng kasingsal lan Kangdjeng Pangéran Arija Mangkoeboemi, soemedja ladjeng koendoer mring tanah Banjoemas soemedya ngoepados pikoewat sangoe, woesana datan meningi jèn ingkang rama, Radèn Toemenggoeng Joedanagara kaping 2 kalih, sampoen tilar doenja, kalenggahanipoen Kaboepatèn ing Banjoemas, sampoen wonten ingkang gentosi, taneman sangking Kartasoera, ingkang poetra mantoe, goemanti ingkang marasepoeh, nama: Radèn Toemenggoeng Resapradja. Radèn Gandakoesoema, Martawidjaja waoe, mérang ing tyas, noenten karsa manting raga, ngeningaken ing tjipta, ladjeng loemebet mring goewa Séloeman, ing tanah Lingoes-boentoe, oetawi ing masdjid watoe jèn daloe wonten ing narmada Sigangga Serajoe, wantji bangoen sampoen wonten ing Noengsa Brambang, Noengsa Kambangan, tanah ing Tjilatjap; trekadang mring Soemoer miring, ladjeng siram mring tlaga Parantoenan, wangsoel mring masdjid watoe malih, jèn sijang kirang dahar, jèn daloe kirang néndra, énggal lamènipoen kadoegi tigang warsa, anggèning manting salira, waktoe semanten angsal palaling soeksma, pikantoek rahmat.

Katalika Toemenggoeng Resapradja, kénging prakawis lan pangagenging koempeni, kang makoewon barisan wonten ing Banjoemas, sareng katoer kawoeningan Kangdjeng Soehoenan Pakoeboewana kaping 2 kalih Kartasoera, jèn Radèn Toemenggoeng Resapradja, kabikak sangking kalenggahanipoen, wit kalepatan pasoelajan kalih pangagengingpoen wadya koempeni, ingkang makoewon wonten ing Banjoemas, dados Kaboepatèn ing Banjoemas komplang, déné sak komplangipoen Kaboepatèn ing Banjoemas waoe, wonten wadya Dalem gadah atoer oedani, inggih Radèn Toemenggoeng Natajoada, kalih~~a~~ Radèn Toemenggoeng Aroeng-binang. Sarèhning Banjoemas Kaboepatèn sanget rentjemipoen, ing mangka saweg kabregan kadamel ~~k~~ makoewon wadya koempeni kolon ageng.

Andjawi kresa Dalem, jèn boten tijangipoen tjoekil woetah rah ingkang dados goenoenganipoen Boepati, ing tembé ndadosaken rentjemipoen ternjoeh ing nala Dalem. Ladjeng ketoengka wadya koempeni. Pralaga mawantoe-wantoe, awit sangking kèṭèring rangsoeming wadya koempeni, ingkang sami baris waoe.

blz.260.

Ing wasana kresa Dalem Ingkang Sinoehoen Kangdjeng Soehoenan waoe ènget, ḍateng Radèn Gandakoesoema, Martawidjaja, karsa Dalem kakresakaken, ḍawoeh ngoepadosi ingkang ngantos pinanggih, oetoesan toewanggana panalika. Woesana Radèn Gandakoesoema, Martawidjaja pinanggih saweg matji boema déwa sraja, wonten ing tlaga ~~p~~Parantoenan, tegesipoen saweg masoeh tjlana, soesoetji, sampoening ladjeng kèrid, dateng tjoendaka panalika Dalem sangking ing Soerakarta Adiningrat, Radèn Gandakoesoema, katrima ḍawoeh Dalem dipoen kersakaken goemanti dados Boepati Pamaosan Dalem, wonten Kaboepatèn ing Banjoemas, piteḍan pangkat nama: Radèn Toemenggoeng Joedanagara kaping 3 tiga, Boepati Banjoemas, padaleman Kaboepatèn dipoen lih, sakilènipoen ing Keḍoeng Oeter, tanah Banjoemas.

Ladjeng winoersita, kodjar kaṭah garwanipoen awit kaṭah ingkang welas asih.

1. Garwa sepoeh padmi, asli Katjé.
2. Garwa tengah poetraning Kjai Danoerdja Kartasoera.
3. Poetraning Radèn Rija Mandoeraredja, Kartasoera.
4. Tilas langen Dalem Kangdjeng Soehoenan soemaré Nglawéjan.

5. Raden Ajoe Bendara saderèk Dalem Kangdjeng Soeltan sapisan Ngajoegja, `tilas Radèn Arja Éndranata.

Pangrembènipoen 6 nem.

1. Bok-adjeng Koedoep.
2. Bak-adjeng Gambir.
3. Bak-adjeng Jati.
4. Bak-adjeng Dèwi.
5. Bak-adjeng Klembak.
6. Bak-adjeng Sikarsa.

Wondéné poetranipoen Radèn Toemenggoeng Joedanagara kaping 3 tiga waoe, poetra nalikanipoen dados Mantri Anèm, rèh Kadanoeredjan ing Kartasoera, ngantos doemoegi dados Loerah Pranakan daweg poepoetra 21 selikoer, sareng sampoen djoemeneng dados Boepati Banjoemas, poepoetra 3 tiga; sareng dados Papatih Dalem wonten ing nagari Ngajoegjakarta, poepoetra 14 kawan welas, poetra ingkang kakoeng 19 sangalas idji, poetra ingkang poetri 19 sangalas idji, goenggoeng poetra 38 tigang dasa woloe idji.

Déné poetra kakoeng sangking garwa padmi, oetawi garwa paminggir, kados ingkang kapratélakaken kados ingkang kaseboet ing ngandap poenika, oeroet sepoeh doemoegi ingkang nèm.

blz.261.

Poetra sangking padmi oetawi sangking paminggir.	Poetra sangking padmi oetawi sangking paminggir.
No.1. Garwa padmi asli Katjé, rapoepoetra 3 tiga.	1. Mas Gandakoesoema, sareng goemanti, goemanti ingkang rama, nama: Radèn Toemenggoeng Joedanagara kaping 4 sakawan Boepati Banjoemas,

alam daweg ing Gijanti, taoen Djawi 168~~3~~2, taoen Welandi 1756, krama poetra sami bektan.

2. Mas Ngabèi Martawidjaja, ing Tjérong tanah ing Keḍoe Temanggoeng, séda boten poepoetra.
3. Mas Ngabèi Mangkoewidjaja, ing Singasari, anggarwa poetraning Njai Wangsèngrana, Ngabèi ing Djeroek-manis, pinanggih nak-ḍèrèk, noeroenaken Radèn Adipati Mretadirdja, Boepati Banjoemas sapoenika.

No.2.

Garwa padmi asli
Kadanoeredjan Kartasoera,
Mas-adjeng Joedanagara
Sepoeh, poepoetra 2.

---o---

1. Mas-adjeng Ngantèn Martawirana, krama pikantoek ing Poerbalingga, Banjoemas.
2. Kjai Ngabèi Dipajoeda, ing Poerbalingga Banjoemas, ingkang noeroenaken Radèn Adipati Dipadiningrat, garwa kapoenakan nak-ḍèrèk, Boepati ingkang sampoen pènsijoen, ing Bandjarnagara, Banjoemas.

No.3.

Asli Mandoeraredjan, garwa padmi Njai Mas Joedanagara, parab: Bijang Bèṭer, poepoetra 6 nem.

----o----

1. Mas Rija Mendoera, nama: Toemenggoeng Sindoenagara, ladjeng nama: Kjai Adipati Danoeredja kaping 3 tiga, dipoen pènsijoen lenggah sabin 1000 karja, tanah Roma, njengklong siti Panoembaksèwoe, nama: Kjai Adipati Adipoerwa.
2. Mas Rija Djajasoepanta, Boepati Anèm Ngajoegjakarta;
3. Mas Martawidjaja, katriman Poetra Dalem Kangdjeng Soeltan kaping sapisan Ngajoegjakarta, Radèn Toemenggoeng Danoekoesoema.
4. Mas-adjeng Ahmad, krama pikantoek Toewan Sajid Ahmad, noeroenaken Radèn Adipáti Danoeningrat ing Magelang.

5. Mas-adjeng Tjitradiwirja, sampoening poepoetra 2 kalih, laki pegat séda, soemaré Kiṯa-ageng, Mas-adjeng Tjitradiwirja krama ping 2 kalih, nama: Mas-adjeng Tjakrasemita, Patih Kenḏal, soemaré Widara-pajoeng.

6. Mas-adjeng Martawidjaja, krama pikantoek poetraning Ngabèi Kenḏoeroewan, pinanggih nak-ḏèrèk, goemanti kang rama, nama: Toemenggoeng Kenḏoeroewan, ping kalih, karan Mas-adjeng Kenḏoeroewan Roma.

---

ls.262.

No.4.

Triman tilas langen Dalem ing Kartasoera; garwa padmi Radèn Ajoe Kilèn, poepoetra 6 nem.

1. Dèn Nganten Poespawidjaja.
2. Dèn Nganten Soeradiningrat.
3. Radèn Ajoe Balitar.
4. Dèn Nganten Soerajoeda.
5. Dèn Soeradiprana, Demang ing Kali-beber.
6. Dèn Martadiwangsa, ing Adiredja.

No.5.

Wit garwa paminggir Bak-adjeng Koeḏoep, poepoetra 5 gangsal.

1. Mas Ngabèi Ranoewidjaja, ing Ngajah, marasepoeh Mangkoeboemèn.
2. Kjai Soeradiwirja ing Roma.
3. Kjai Ranoedirdja, ing Kartanagara.
4. Mas Ngabèi Kretawidjaja ing Roma.
5. Ki Troenawidjaja.

No.6.

Garwa paminggir Bak-adjeng Gambir, poepoetra 5 gangsal.

1. Mas-adjeng Patrawidjaja, Bandjarsari, ing Loeroeng tengah.
2. Ki Wangsadipoera.
3. Mas-adjeng Toewan Sarib anggarwa Toewan Sarib.
4. Mas Ngabèi Mangkoedikara.
5. Mas-adjeng Wangsadikara.

No.7.
Garwa paminggir Bakadjeng Jati, poepoetra 5 gangsal.

-o-

1. Mas-adjeng Djaganagara, krama pikantoek Kjai Toemenggoeng Djaganagara, kaping sapisan karan Djaganagara Boentoet, asli Ngénta-énta, Ngajoegjakarta.
2. Mas-adjeng Natajoeda, anggarwa Radèn Toemenggoeng Natajoeda, kaping 4 sakawan poetra kaponakan Bendara Radèn Ajoe Srenggara, langen Dalem Kangdjeng Soeltan sapisan Ngajoegja, Radèn Toemenggoeng Natajoeda, pikantoek garwa triman dados wajoeh, soemaré Kretitang.
3. Njai Martawetjana.
4. Njai Martajoeda.
5. Mas-adjeng Andangkara.

No.8.
Garwa paminggir Bakadjeng Dèwi poepoetra 3 tiga.

-o-

1. Mas Ngabèi Mangkoediwirja.
2. Ki Mretadiwirja, ing Kali-méndong Banjoemas.
3. Mas-adjeng Wiratirta.

No.9.
Garwa paminggir Bakadjeng Klembak, poepoetra 1 satoenggil.

-----

1. Mas Tirtadiwirja, katriman poetra Dalem Kangdjeng Soeltan kaping sapisan Ngajoegjakarta, nama: Radèn Toemenggoeng Danoenagara, Boepati Najaka Panoemping djawi.

No.10.
Garwa paminggir Bakadjeng Sekarsa, poepoetra 1 satoenggil.

------

1. Mas-adjeng Wangsadikrama, krama pikantoek sadèrèk Kjai Resakoesoema, Imagiri, pegat laki séda, krama ping 2 kalih, Ngabèi Sindoedjaja, asli Trajem.

No.11.
Radèn Ajoe Bendara

1. Radèn Ajoe Demang, krama pikantoek Kangdjeng Pangéran Arija Demang Tanpa-nangkil, Poetra Dalem

Lz. 263.

padmi, garwa triman sadèrèk Dalem Kangdjeng Soeltan sapisan, sami poetraning Sinoehoen Praboe, tilas Arja Éndranata. ---o---	Kangdjeng Soeltan kaping sapisan Ngajoegja, Poetra Dalem patoetan sangking garwa pangrembé, Mas-ajoe Wredi; Radèn Ajoe Demang poepoetra 8 woloe.

No. Para poetra, poetra kaoeroet sangking sepoeh.

1. Poetra sangking padmi asli Katjé, Mas-ajoe Kamasan, tegesipoen mbadjeng Mas Gandakoesoema, anggarwa poetraning Bendara Radèn Ajoe Bendara, patoetan sangking Éndranatan, pinanggih poetra bektan sami bektan; sareng ingkang rama dados Patih Dalem awit djoemeneng Nata wonten ing Gijanti, kala taoen Djawi angka 1682, oetawi taoen Welandi angka 1756, Mas Gandakoesoema waoe ladjeng goemanti dados Boepati Maosan Dalem ing Banjoemas sinoeng nama: Radèn Toemenggoeng Joedanagara kaping 4 sakawan, Boepati Banjoemas.

2. Mas Ngabèi Martawidjaja, Ngabèi Ing Tjérong, Kedoe tanah Temanggoeng, séda dèrèng poepoetra.

3. Sangking padmi asli Danoeredjan ing Kartasoera, Mas-adjeng Ngantèn Martawirana, krama pikantoek Poerbalingga ing Banjoemas.

4. Kjai Ngabèi Dipajoeda, dados Ngabèi Poerbalingga, Banjoemas, ingkang noeroenaken Kangdjeng Radèn Adipati Dipadiningrat, pènsijoen, Boepati Bandjarnagara, krama pikantoek poetraning Radèn Toemenggoeng Kretadirdja, Boepati Poerwakreta, sami wangsa pjambak.

5. Sangking pangrembé, Bak-adjeng Koedoep, Mas Ngabèi Ranoe-

widjaja, Ngabèi ing Ngajah, anggarwa poetraning Ngabèi Kenḍoeroewan, sapisan, pinanggih nakḍèrèk, poepoetra: Radèn Ajoe Retnadiloewih, ladjeng kagarwa, nama: Radèn Ajoe Mangkoeboemi kaping sapisan Soerakarta, poepoetra: Kangdjeng Pangéran Arija Mangkoeboemi ping 2 kalih, poepoetra 8 woloe.

1. Kangdjeng Pangéran Arja Rija-atmadja.
2. Radèn Mas Á Dijar, nama: Arija Rijakoesoema, wahdat, moekmin kas Soerakarta.
3. Radèn Ajoe Koesoemajoeda, anggarwa Kangdjeng Pangéran Arija Koesoemajoeda kaping 2 kalih Soerakarta.
4. Radèn Mas Padmadiningrat, Soerakarta.
5. Radèn Mas Major Soemanagara, Soerakarta.
6. Radèn Mas Major Wirjadiningrat, Soerakarta.
7. Radèn Ajoe Sindoeséna, anggarwa Kangdjeng Pangéran arija Sindoeséna, Poetra Dalem Kangdjeng Soehoenan kaping 5 Sinoehoen Soegih, Soerakarta, Kangdjeng Pangéran Sindoeséna, bibi asli Banjoemas, wajah boejoetipoen Kangdjeng Radèn Adipati Danoeredja ping sapisan, poetraning Radèn Adipati Brantadiningrat, Boepati Poerwakerta; langen Dalem Sinoehoen Soegih waoe Radèn Melajasari. Blz.264.
8. Radèn Ajoe Adisoerja, anggarwa Kangdjeng Pangéran Arija Adisoerja Soerakarta.

----

6. Sangking padmi triman Radèn Ajoe Kilèn, nama: Radèn Ngantèn Poespawidjaja.
7. Kjai Soeradiwirja.
8. Mas Ngabèi Mangkoewidjaja, noenggak semi namaning kang raka, Ngabèi Tjérong Keḍoe, ladjeng nama: Mas Ngabèi Martawidjaja ping 3 tiga, anggarwa poetraning Njai Wangsèngrana, ing Djeroek-manis, pinanggih naking-saḍèrèk, poepoetra 14.

1. Mas-adjeng Tirtasoera.
2. Mas Ngabèi Kertadirdja, Wadana Soekaradja, ing Banjoemas poepoetra.
3. Mas-adjeng Mertadikrama, ing Segaloeh Banjoemas.
4. Radèn Adipati Mertadirdja, Boepati Poerwakarta, Banjoemas poepoetra 13.
5. Radèn Melajasari, langen Dalem Kangdjeng Soehoenan Soegih, poepoetra Kangdjeng Pangéran Arija Sindoeséna, Soerakarta, garwa poepoetra: Radèn Ajoe Brantadirdja, anggarwa Boepati Soemarata, poepoetra: Radèn Adipati Brantadiningrat Boèpati Madijoen sapoenika, anggarwa poe- / traning Pangéran Natakoesoema, Pakoe-alaman sapoenika.
6. Radèn Bèi Mretawidjaja, ing Soekaradja.
7. Radèn Ngabèi Kramadirdja, Panèwoe pinisepoeh Kepatijan Soerakarta.
8. Radèn Ajoe Tjitradipoera, ing Banjoemas.
9. Mas Soerawidjaja.
10. Mas Ngabèi Sasraredja, Patih Kaboepatèn Poerwakerta.
11. Radèn Ajoe Radjawaniti anggarwa Radèn Toemenggoeng Radjaniti ping 2, ing Soerakarta.
12. Mas Soeradimedja ing Djati-lawang, noeroenakèn Kasan Moekmin Goeroe pamoelangan saréngat.

----

9. Kjai Ranoedirdja, ing Kartanagara, garwa poepoetra:

1. Mas Rara Doeno, krama nama: Njai Ranawidjaja, kemantoe dateng Kjai Kramadirdja ing Soeni, poepoetra 1 idji, Mas Demang Ranadikrama, ing doesoen Tjondong, Kartanagara, katriman poetraning Kangdjeng Radèn Adipati Danoeredja kaping 2 kalih, ingkang Séda ngedaton djarédjaré poepoetra: Dèn Bagoes Gombak Dipa-atmadja, Panèwoe Maosan; Z.o.Z.

[Katrangan, Kjai Ranoedirdja, sangking pangrembé, Bak-adjeng Koedoep. /

blz.265. tilar, soemaré Moelangi, waris nama:

1. Dèn Panèwoe Dipa-atmadja, Ibenoe.
2. Dèn Patah poenakawan bedaja Poerwaretna.
3. Dèn Ngantèn Ranakoesoema, Manten, sangking padmi asli Bangsa Sin.

----

10. Sangking Bak-adjeng Gambir, Mas-adjeng Patrawidjaja, ing Bandjarsari Loeroeng-tengah, poepoetra 2 kalih:

1. Kjai Patrawidjaja ping 2 kalih, garwa sepoeh sangking asli Kapoerwan gaboeg. Garwa nèm, asli Drana, poepoetra 2 kalih:
    1. Kjai Djasanta, sémah asli Mangoen-dipoeran Katégan, poepoetra 4 sakawan:
        1. Mas Panèwoe Tirtasanta, poepoetra: Mas Mardoenoeng.
        2. Mas Panèwoe Djasandja, Kretawidjaja, poepoetra: Mas Panèwoe Kretawidjaja ping 2 kalih.
        3. Njai Djajadjatra.
        4. Njai Sajoeda.

        ----

    2. Njai Wangsajoeda, poepoetra 1 idji.
        1. Njai Pantjasetika, poepoetra 1 idji: (1. Mas-adjeng Sastrawirja).

        ----

2. Mas-adjeng Soemadiwirja, poepoetra 2 kalih:
    1. Mas Latam, poepoetra 1, Mas Kendil, wonten Soerakarta.
    2. Mas Gadjah, nama: Dèn Soeradiwirja, ingkang njidra Dèn Toemenggoeng Major Sindoenagara, poepoetra: Dèn Panèwoe Pantjaseparta, kemantoe dateng Radèn Bèi Poespa Djajèngwredaja.

----

11. Sangking tilas langen Radèn Ajoe Kilèn, Dèn Ngantèn Soeradiningrat.

-----

12. Pangrembé Bak-adjeng Jati, Mas-adjeng Djaganagara, anggarwa Kjai Toemenggoeng Djaganagara, sapisan Ngajoegja, asli Ngénta-énta, karan Djaganagara Boentoet, Mas-adjeng Djaganagara gaboeg, dipoen rabèkaken poepoetra: Kjai Ngabèi Ratadjaja sapisan, ingkang njepoehi djagi bobol borot rata djajan.

----

13. Sangking asli Kartasoera, Radèn Ajoe Kilèn, Radèn Ajoe Balitar, anggarwa Pangéran Balitar.

----

14. Pangrembé Bak-adjeng Jati, Mas-adjeng Natajoeda, anggarwa Radèn Toemenggoeng Natajoeda, séda Ngajoegja, soemaré Kedoe Ketitang, wajoeh kalih Poetra Dalem Kangdjeng Soeltan kaping sapisan Ngajoegja, garwa kalih sami poepoetra.

----

blz.266. 15. Sangking padmi Njai Mas Dipati, Kjai Adipati Danoeredja kaping 3 tiga, Patih Dalem Ngajoegja, sareng dipoen pènsijoen lenggah siti tanah Roma, 1000 sèwoe karja, njengklong bawah Panoembak sèwoe, Roma, nama: Kjai Adipati Adipoerwa, kalenggahanipoen wonten nèmipoen Kangdjeng Radèn Adipati Danoeredja ping 4 sakawan asli Djapan, Kjai Adipati Adipoerwa, poepoetra: Kjai Toemenggoeng Djaganagara, kaping 2 kalih, ngadjeng nama: Mas Rija Mendoera, kang dedalem sawétan Kadanoeredjan, sak mangké karan kampoeng Mendoeran.

----

16. Sangking Radèn Ajoe Kilèn, asli Kartasoera, Radèn Ngantèn Soerajoeda.

----

17. Sangking pangrembé, Bak-adjeng Gambir, Ki Wangsadipoera, ing Roma.

----

18. Sangking Radèn Ajoe Kilèn asli Kartasoera, Radèn Soeradipra-

na, Demang ḍongkolan ing Kali-beber, poepoetra: 1 Dèn Ngantèn Santadiwirja, sareng goemanti kang raji, nama: Dèn Ngantèn Mendoera ping 2 kalih, kemantoe ḍateng Kjai Adipati Adipoerwa.

----

19. Sangking padmi Njai Mas Adipati, Mas Rija Djajasoepanta, Boepati Anèm Ngajoegjakarta.

----

20. Sangking Radèn Ajoe Kilèn asli Kartasoera, Radèn Martadiwangsa, poepoetra 36, Ngabèi Madiredja, poetra ingkang mbadjeng nama: Radèn Martaredja, anggarwa poetraning Radèn Toemenggoeng Danoenagara, Boepati Najaka Ngajoegjakarta, patoetan sangking ingkang garwa djaka rara, moeng 4 sakawan.

1. Dèn Danoeprawira, kemantoe ḍateng Radèn Toemenggoeng Soemaredja, ing Klapa-gada, soemaré Pakoentjèn Bombong, poepoetra: Dèn Mas Pot̲èt.
2. Dèn Panèwoe Mretèngsari, Panèwoe goeḍang ing Séla-mirah, poetra kapoenḍoet langen Kangdjeng Pangéran Arija Joedanagara ping 2 kalih, soemaré Imagiri.
3. Dèn Mertadimedja Banjoemas.
4. Dèn Ngabèi Soeradigda, Mantri Maosan rèh Mangkoeboemèn, poepoetra: Dèn Ngantèn Soerjamoertjita, anggarwa Radèn Toemenggoeng Soerjamoertjita.

----

21. Pangrembé, Bak-adjeng Koeḍoep, Mas Ngabèi Kretawidjaja, ladjeng nḍèrèk bojong dateng Ngajoegja, ladjeng kinèn wangsoel ḍateng Roma, wit kalepatan lantjang baḍé wijos Dalem Seton Ngabèi Kretawidjaja waoe poeroen tetegar moebeng aloen-aloen Dalem; kawoeningan Ngersa Dalem, dipoen pi~~s~~dana, Ngabèi Kretawidjaja waoe, dipoen rampogi idoe, ladjeng kinèn maringaken ḍateng Radèn Adipati Danoeredja, lz.267. ingkang poetra waoe, Mas Ngabèi Kertawidjaja, kinèn man-

bl. 267 toek mring Roma, poepoetra 3 tiga idji:

1. Mas-adjeng Setjawati langening Radèn Toemenggoeng Mretadiwirja, poetraning Radèn Toemenggoeng Danoekoesoema, sangking garwa padmi, poetra kang No.5 soemaré Pakoentjèn Sidajoe tanah Gombong.

   Mas-adjeng Setjawati, poepoetra: Radèn Bèi Gandadiwirja, ngalih Gandawredaja soemaré Lempoejang-wangi, poepoetra: Dèn Mangil Sastraprewata, Manten, kalih Dèn Ngantèn Mangoen-winata, asémah Rangga Wanasari, sapoenika.

Awit poetra Boepati Banjoemas.

22. Sangking padmi Njai Mas Adipati, Mas Martadiwirja ping 3 tiga, sareng katriman Poetra Dalem Kangdjeng Soeltan kaping sapisan Ngajoegjakarta, Poetra Dalem sangking Bendara Radèn Ajoe Srenggara, asli Kedoe Ketitang, Radèn Adjeng Prabajasa, ladjeng pitedan pangkat nama: Radèn Toemenggoeng Danoekoesoema.

---

23. Sangking pangrembé, Bak-adjeng Gambir, Mas-adjeng Sarib, krama pikantoek Toewan Sarib Aboe.

---

24. Sangking padmi Radèn Ajoe Bendara, tilas Éndranatan, Radèn Ajoe Demang Tanpa-nangkil, anggarwa Poetra Dalem Kangdjeng Soeltan kaping sapisan Ngajoegjakarta, Kangdjeng Pangéran Arija Demang Tanpa-nangkil sangking langen Mas-ajoe Wredi, Radèn Ajoe Demang poepoetra 8 woloe.

Awit poetra djoemeneng Patih Ngajoegjakarta.

25. Sangking padmi Njai Mas Adipati, Mas-adjeng Ahmad, anggarwa Toewan Sajid Ahmad, garwa poepoetra 2 kalih:

1. Radèn Wangsadirdja, garwanipoen poetraning Kangdjeng Pa-

ngéran Ngabèi, Poetra Dalem Kangdjeng Soeltan sapisan, Radèn Ajoe Wangsadirdja, poepoetra 3 tiga:

1. Radèn Mas Kaptin Ibrahim.
2. Radèn Toemenggoeng Wangsadirdja, Boepati Anèm, anggarwa poetraning Kangdjeng Radèn Adipati Danoeredja ping 4 sakawan asli Djapan, Radèn Ajoe Wangsadirdja, poepoetra: Radèn Toemenggoeng Wangsadirdja ping 3 tiga, ladjeng nama: Radèn Toemenggoeng Nitipradja sapoenika, garwa asli Maglang séda, krama poetraning Kangdjeng Pangéran Arja Soerjadiningrat.

----

2. Kjai Ngabèi Danoekrama, anggarwa poetraning Radèn Ngabèi Danoewidjaja, Mantri Goenoeng Kali-beber, nama: Dèn blz.268. Ajoe Danoekrama, sareng minggah pangkat dados Boepati ing Magelang nama: Radèn Adipati Danoeningrat, poepoetra 6 nem:

1. Dèn Adjeng Doewet Radèn Ajoe Tawang, anggarwa Sarib Tawang.
2. Dèn Mas Gowok, goemanti ingkang rama, dados Boepati Magelang nama: Radèn Toemenggoeng Danoeningrat kaping 2, garwanipoen poepoetra 7 pitoe, ladjeng nama: Adipati.
   1. Radèn Ajoe Danoeprawira.
   2. Radèn Ajoe Danoewikrama.
   3. Radèn Toemenggoeng Kadji, pènsijoen, poepoetra, goemanti, nama: Radèn Toemenggoeng Danoekoesoema, Boepati ping 4 sakawan, anggarwa poetraning Goesti Kangdjeng Ratoe Anggèr, garwa Kangdjeng Pangéran Arja Joedanagara ping 2.
   4. Dèn Ajoe Danoewinata.
   5. Dèn Ajoe Danoewidjaja.

6. Dèn Ajoe Danoedipoera.
7. Dèn Moehammad Ngak, Danoe-adisoerja.

----

3. Radèn Bagoes Ali, minggah Kadji nama: Kadji Ali.
4. Radèn Ajoe Danoe-atmadja;
5. Radèn Demang Danoekrama, ḍongkol.
6. Radèn Ajoe Sarib, Djèn Oesèn.

X 26. Sangking pangrembé Bak-adjeng Gambir, Mas Bèi Mangkoedikara.

----

27. Sangking pangrembé Bak-adjeng Gambir, Mas-adjeng Wangsadikara.

----

28. Sangking pangrembé, Bak-adjeng Lèwi, Mas Ngabèi Mangkoediwirja, garwa poepoetra 2 kalih:

1. Mas-adjeng Tirtawidjaja, anggarwa Ngabèi Tirtawidjaja, poepoetra: 1 Mas Toemenggoeng Tirtapradja, tilas Daholah djawi alam prang Dipanagaran, poepoetra 2 kalih:
   1. Dèn Loerah Talipradja, abdi dalem Loerah panegar koeda.
   2. Dèn Ngantèn Sasrasentana, anggarwa Mas Loerah Sasrasentana, toeroen; sareng goemanti waris dados Loerah abdi dalem Patéjan: 1 Dèn Loerah Resasendarga.
      2 Dèn Ngantèn Kretapramoedja, dados Maḍaran Kadanoeredjan.

   Dèn Ngantèn Sasrasentana waoe, ladjeng pegat, krama kaping 2 kalih pikantoek Radèn Toemenggoeng Prawiranagara, poepoetra Dèn Ngantèn Kretamalik, sémah Loerah Kantja erati Ngajoegja.

----

bls.267. 2. Mas Ngabèi Mangkoedikrama, pikantoek triman poetraning Kangdjeng Radèn Adipati Danoeredja, kang Séda ngeḍaton, nama: Radèn Ajoe Mangkoedikrama, poepoetra 2 kalih sami èstri.

1. Dèn Rara Réjong Dèn Ajoe Goenamritja, anggarwa Loerah Pasinḍèn.
2. Dèn Rara Tawil, Dèn Ajoe Djawirana, anggarwa Loerah Boegis, poepoetra: Dèn Djarot goemanti dados Loerah Boegis, Dèn Djawirana ping kalih.

----

29. Sangking Padmi Njai Mas Adipati, Mas-adjeng Tjitradiwirja, anggarwa Radèn Tjitradiwirja kaping 3 tiga, ingkang soemaré Kiṭa-ageng, toeroening Adipati Tjitrasoma, Djepara, Mas-adjeng Tjitradiwirja poepoetra 2 kalih:

1. Radèn Ngabèi Danoewidjaja, Mantri Goenoeng Kali-beber. Anggarwa poetraning èstri Ngabèi Tjakrasemita, Patih Kenḍal, garwa poepoetra: 1 Radèn Ngabèi Danoeratmedja, Patih Leḍok Wanasaba, anggarwa poepoetra 3 tiga:
   1. Dèn Bagoes Moet.
   2. Dèn Bagoes Mit.
   3. Dèn Ngantèn Prawiradigoena.

----

2. Radèn Ajoe Adipati Danoeningrat anggarwa Radèn Adipati Danoeningrat Boepati Magelang sapisan, ngadjeng nama: Kjai Ngabèi Danoekrama, poetraning Mas-adjeng Toewan Sajid Ahmad sami soemaré astana tanah Magelang.

Mas-adjeng Tjitradiwirja, sampoening poepoetra 2 kalih wa-oe ladjeng pegat séda soemaré Kiṭa-ageng; Mas-adjeng Tjitradiwirja, ladjeng krama kaping 2 kalih pikantoek: Ngabèi Tjakrasemita, Patih Kenḍal, sarèhning pinanggih sepoeh amoeng séda sami soemaré Widara-pajoeng serimbit, tanah Kenḍal.

Radèn Ngabèi Danoewidjaja, Mantri Goenoeng Kali-beber, sédaning garwa asli Tjakrasemitan, ladjeng ngarang-oeloe ipé tilas langenipoen Kangdjeng Radèn Adipati Danoeredja Séda ngeḍaton, nama: Mas-adjeng Poelangjoen, poepoetra èstri nama: Dèn Rara Kloengsoe, parab Slinṭi, nama: Radèn Ajoe Piskal Danoewidjaja, anggarwa Dèn Rija Piskal Danoewidjaja, ing Ngajoegja, sami soemaré Moelangi poepoetra 2 kalih.

1. Dèn Ngantèn Wirjasentana, sémah Mantri Koemetir kopi Sentolo, poepoetra Dèn Bèi Soerasentana, waris.
2. Dèn Ngabèi Sastrawredaja, anggarwa poetraning Radèn Pandji Prawirakoesoema, mantoe ing Djajanagaran sepoeh, poepoetra 3 tiga.
   1. Dèn Mas Soejadi, adjal soemaré Moelangi.
   2. Dèn Adjeng Satidjah Dèn-ajoe Wangsawirana.
   3. Sangking selir Dèn Bèi Pantjasemnatri, waris.

----

blz.270. 30. Sangking pangrembé Bak-adjeng Koeḍoep, Ki Troenawidjaja.

----

31. Sangking pangrembé Bak-adjeng Jati, Njai Mretawetjana.

----

32. Sangking pangrembé Bak-adjeng Jati, Njai Mertajoeda.

----

33. Sangking pangrembé, Bak-adjeng Dèwi, Ki Mretadiwirja, ing Kali Menḍong.

----

34. Sangking padmi Njai Mas Adipati, Mas-adjeng Mretawidjaja, anggarwa poetraning Kjai Toemenggoeng Kenḍoeroewan Boepati Roma, nama: Mas Mertawidjaja, pikantoek naksaḍerèk, ladjeng goemanti ingkang rama nama: Mas Toemenggoeng Kenḍoeroewan kaping 2 kalih, ladjeng karan Mas-adjeng Kenḍoeroewan kaping 2 kalih ing Roma, poepoetra sawelas idji.

1. Mas Toemenggoeng Kenḍoeroewan kaping 3 tiga, Boepati Roma teksih waris, anggarwa poetraning Radèn Ajoe Mangkoekoesoema, poetraning Kjai Adipati Adipoerwa, ingkang

garwa Kangdjeng Pangéran Arija Mangkoekoesoema, poetra Dalem Kangdjeng Soeltan kaping sapisan Ngajoegjakarta, poetra patoetan sangking garwa pangrembé Radèn Ajoe Toeroen-sih, Radèn Ajoe Kenḍoeroewan ping 3 tiga waoe poepoetra 4 sakawan.

1. Radèn Ngantèn Kretanadi, Ngajoegja, gaboeg.
2. Dèn Padmadirdja. Penatoes Boemi-ajoe.
3. Ketri kagarwa Radèn Rija Danoekoesoema, Soemapoetra, gaboeg, soemaré Lempoejang-wangi.
4. Radèn Ṭoṭok-poewok Redja-atmadja.

---

2. Mas Bèi Kramadiwirja;

---

3. Radèn Ajoe Anom, garwa Dalem Kangdjeng Soeltan kaping 3 tiga Sinoewoen Radja, ing Ngajoegjakarta.

---

4. Mas Ngabèi Mangkoediwirja, garwanipoen poepoetra 4.

---

5. Mas Ngabèi Atmawidjaja, ing Batang.

---

6. Mas-adjeng Ranoediwirja, ing ḍoesoen Pisang, poepoetra 2 kalih, sami djaler.

---

7. Mas Bèi Kretadiwirja, garwa poepoetra 4.

---

8. Mas Joedawidjaja, garwa poepoetra 5.

---

9. Dèn Moel Kretadimedja.
10. Mas Rara Djaḍir Mas-adjeng Ranawidjaja.
11. Mas Bèi Kretawidjaja, ing Bandjar Banjoemas poepoetra 5 gangsal. Sigeg.

---

blz.271. 35. Sangking pangrembé, Bak-adjeng Klembak, Mas Tirtadiwirja, sareng katriman Poetra Dalem Kangdjeng Soeltan kaping sapisan Ngajoegjakarta, nama: Radèn Toemenggoeng Danoenagara, Boepati Najaka djawi, poetri Dalem sangking garwa pangrembé, Radèn Ajoe Toeroensih, noenggil jajah-réna kalih Kangdjeng Pangéran Arija Mangkoekoesoema, Radèn Ajoe Danoenagara, poepoetra: Radèn Toemenggoeng Danoenagara kaping 2 kalih Boepati Anèm djawi, séda wonten Semawis, kalih Radèn Ajoe Semaradana, anggarwa Loerah Gandèk, para poetra Danoenagaran sepoeh kaṯah.

----

36. Sangking pangrembé, Bak-adjeng Dèwi, Mas-adjeng Wiratirta, anggarwa Kjai Wiratirta, poepoetra Dèn Pandji Najakoesoema, Pandji ḏistrik Ngipik, Kalasan, anggarwa poepoetra 4 sakawan.

1. Dèn-ajoe Kreta-atmadja, anggarwa poetra Soemajoedan Djapan.
2. Dèn Panèwoe Kretawredaja, poepoetra: Dèn Glèmboh goemanti waris, Panèwoe Kretapramoedja Panèwoe Kaboepatèn Kalasan, nama: Panèwoe Mangoenpremoedja.
3. Dèn Danoeprawira, Ordenas ing Adiwinatan.
4. Dèn Ngantèn Danoetirta.

----

37. Sangking pangrembé Bak-adjeng Jati, Mas-adjeng Andangkara, anggarwa Kjai Ngabèi Andangkara, poepoetra 2 kalih.

1. Mas-adjeng Djajèng-sastra, anggarwa Kjai Toemenggoeng Djajèngsastra, poepoetra 2 kalih.
   1. Dèn Menggoeng Sastra-atmadja, poepoetra Dèn Ajoe Soerèng-rana, (poe)poe~~p~~tra Dèn Loerah Soerèng-diwirja, ladjeng dados Pandji Kapala ḏistrik ing Gamping.
   2. ----

      Dèn Pandji Niti-atmadja, Pandji pradjoerit Ḏahèng, poepoetra: Dèn Séwaka, ngadjeng Dèn Rija Joedaprawira, ing Sentolo keloengsoer, nama: Dèn Loerah Oedaprawira, Midji Mangkoeboemèn.

---

38. Sangking pangrembé Bak-adjeng Sekarsa, Mas-adjeng Wangsadikrama, krama pikantoek sadèrèkipoen Kjai Resakoesoema, Wadana djoeroe-koentji ing Imagiri, laki pegat séda, krama ping 2 kalih pikantoek poetraning Ngabèi Si(n)doedjaja asli Trajem, nama: Kjai Tirtawidjaja, soemaré Moelangi. Sigeg.

Sampoen djangkep poetraning Radèn Toemenggoeng Joedanagara kaping 3 tiga Boepati Banjoemas, ladjeng dados Patih Dalem kaping sapisan, nama: Kangdjeng Radèn Adipati Danoeredja, goenggoeng poetra 38, djangkep.

---

blz.272. Gotèk Tjarijosipoen Radèn Toemenggoeng Joedanagara kang ping 3 tiga Boepati ing Banjoemas, ing waktoe semanten nalika djoemenengipoen Nata Kangdjeng Pangéran Arija Sénapati Mangkoeboemi Soekawati, djinoendjoeng déning Kangdjeng Koempeni, Kangdjeng Toewan Atmiral Goeprenoer Djènral Djakoeb, Mossel, nagari Batawijah, toewan Idelir ing Samarang Kangdjeng Toewan Mister Willem Arnol Alting, abi-praja pramawidya kalih Toewan Sajid Besar Ibrahim, saking tanah Roem, kala noedjoe taoen Djawi angka 1682, oetawi taoen Welandi angka 1756, djinoendjoeng nama Soeltan, Kangdjeng Soeltan Mengkoeboewana Sénapati Ngalaga Ngabdoel-rahman Sajidin Panata-gama, Kalipatoellah, Rasoel, Sri Praboe Gijantipoera. Waktoe semanten djoemenengipoen Nata teksih koetjiwa, dèrèng kagoengan Soeséna, menawi pinoedjoe sinten ingkang dados tjondongipoen, para sentana, para poenggawa Sénapati, para kawoela Dalem ing Gijantipoera, wangsoelan Dalem dèrèng wonten ingkang dados toemanemipoen, ing Nala Dalem, amoeng soemarah soemarasah sak kersanipoen Kangdjeng Koempeni, Kangdjeng Toewan Idelir Mister Willem Harnol Alting, atoer prasadja, nalika Kangdjeng Toewan Atmiral Goeprenoer Djènral Abraham, Patras, tjaṭetan sampoen kaseboet ing boek boekoe; Boepati ing Banjoemas nama: Radèn Toemenggoeng Joedanagara kaping 3 tiga, ginanḍang dados Pepatih poenapa, Toewan Kangdjeng Soeltan anjonḍongi menawi sampoen tjonḍong koela poenḍoet ḍateng Adipati Pringgalaja, sabab wakilipoen Kangdjeng Soenan Pakoeboewana Soerakarta, jèn sampoen tjonḍong ingkang goemanti dados Boepati Banjoemas, anakipoen djaler ingkang sepoeh pjambak, kang nama: Mas Gandakoesoema, Goepremèn ingkang bijantoe, dadosé Gandakoesoema wonten Banjoemas, kénging koela tindakaken kapoenḍoet sapoenika. Tandya Kangdjeng Soeltan amoeng njonḍongi sangking karsanipoen Kangdjeng Toewan Idelir Mister Willem Harnol Alting, ladjeng moenḍoet ḍateng Kangdjeng Radèn Adipati Pringgalaja, ladjeng oetoesan Radèn Toemenggoeng Anggawangsa, toemindak pjambak ḍateng pambarisan ḍoesoen Toegoe, Radèn Toemenggoeng Joedanagara kèrid tjekaking tjarijos kapasrahaken ḍateng Pangéran Natakoesoema, Toewan Idelir Harnol Alting, paring slamet ḍateng Toemenggoeng Adipati ~~K~~ Joedanagara Banjoemas, koendjoek kairid mring Ngersa Dalem, Toemenggoeng Adipati Joedanagara, angrepèpèh pasilan lir kondjem ing siti, manrap pari-krama noenoengsoeng soemèh naja-di, mawèh soeka pari-wanta.

Éndjing Kangdjeng Soeltan Mengkoeboewana mijos siwaka, noedjoe dinten Soma Manis, toenggil taoen kalih Djoemeneng Dalem, Nata, amoeng sanès dinten toenggil woelan, taoen angka 1682, taoen Welandi angka 1756, Toewan Idelir Samarang loemebet ing Gijantipoera, mepek poenggawa pradjoerit, Pantjaniti, ageng-alit sami magelaran, angandika Sri

blz.273.

Pamasa: Kawoelaningsoen kabèh, ing Mantaram Gijantipoera kabèh, pijarsakna ing mengko karsaningsoen, bijantoe rat Kangdjeng Koempeni Hjang Djènral Goernadoer, Djakoeb, Mossel, woes marengi sartané ngidèni, seka pamoenḍoetingsoen, anak Praboe Soehoenan oeni wèh rila maringaké ingkang abdi, Boepati Adipati Banjoemas, dadi Papatih ingsoen, ingong poenḍoet bisikané lawas, karsaningsoen Pangaskarta Radèn Adipati Danoeredja, kapisan, Patih ingsoen ing saparoning bawah karaton ingsoen; para poenggawa ageng alit sami atoer saoer peksi, goemerah swaraning poenggawa, Radèn Adipati Danoeredja, sinasmitan mangarsa sèlèh ḍoewoeng madjeng saha awot-santoen, lampah potjong miwir-miwir kampoeh, sarampading kampoeh nampar siti, kados manjoera nalikané karesmèn, pangigelé asta ḍengklang mangloenging djangga minging toemiling, prigel djadja dja ? panggah pidekswagana, kèndel awot-sinom, kaping tiga ing toenḍan pangkatipoen, sampoening sembah ngoeswa Djeng Sang Praboe; sampoening Idelir ngoeloengi tabé astanipoen, anarboeka agem koeloek, Radèn Adipati Danoeredja, Idelir watjana alon, slamet Radèn Adipati dadiné Patih lestarija anggèné ngladèni Kangdjeng Toewan Soeltan, sapitoeroeté, saterah ing wingking njambitani Ratoe, saoendoeripoen papan, dèn longkangi sakiwané Radèn Adipati Pringgalaja, tanggap nèlèhaké Radèn Adipati angingsedi keḍik, toemoenten Kangdjeng Toewan Idelir Alting, sasèrèn bekaoer, Danoeredja, sira kang woes tampi sihé Sri Nata sekaron, sah ing Djénral rat peni woes bijantoe, kinawoela wisoeḍa dadi Patih Ngembani Ratoe, loewih seka geḍé moenggoeh pangkaté linggih birawa lir Pamasa djaba, koewadjibané oega geḍé, loewih seka abot seka sanggané akèh reritjikané rerawitané, sira santa djernih pamengkoené mring wong lir para [illegible] soemota, lina-lina, pangerèhé marang radjaniti, tan bahoe-kapin~~é~~i, panoelaké seka tegoeh ajja nampik mimilih ~~[illegible]~~ prahini, lamoen sira nganggo lalaboehan soerja tjandra terangé, wéra wening minḍa djalaniḍi, santoswangken woekir sreng panasing apoej, anging ikoe adja kolabeti satemah dadi bodjod, nora kangkat wartikané ing kéné, moeng noenoelad pinḍa mirib-irib, kang sira koeléning pangamer maladkoeng lan jja kongsi kongkal binodjèng ing sih, sih-sinihan paḍaning wong pamileté sardana sedéné kinèn manis basa basoeki koeṭila wegig, wisangkara madoe jèn woes sidi niswanèng pa~~n~~kirti, wantah tan ana abot, tékang ana moeng anṭang-ènṭèngé rèh sawidji preloe winaleri tatarak pakéling kang dadi pakalan geḍé, krantené sira ngemongi kalih-kalih atoenggal, tri tatelon poenton, ing kapaté awakira ḍéwé, karwwa paḍa radja, kang sidji Kangdjeng Koempeni, ikoe adja nganti, sah noesṭoepaning geloeng, liring temboeng noesṭoepa ikoe kantjinging geloeng gertol loengsèn, / kang mangka Radèn Dipati sekar blz.274. soedjiné, éling ajja mleboe nggawa koersi, wektoenira moenḍi ḍampar Praboe, Danoeredja sira ikoe kadi sasadara katon, kawekasan talaba, prabané soeremira meksih milangoeni, / ka sahé salah siki hjanga/saroeboeh, ja-ikoe tjaṭetan pakéling, andina-dina katon, ajja limoet malat toeladané, kang woes bjakta kawistarèng boemi, nisṭa madya oetama, goemelar sabawana, moeng koewé welingkoe Radèn Adipati, Danoeredja, ora bisa awèh barang-barang, titi pangandikanipoen, Kangdjeng Toewan Idelir Mister Willem Harnol Alting, sabda mamarta sih para Adipati Boepati ing Soerakarta, sami kondjem saparoengon, oetawi para abdi dalem ing Gijantipoera, Toewan Idelir Harnol Alting, ngendika malih, matoer ḍateng Ingkang Sinoewoen, Toewan Soeltan sampoen walanggalih panganggepé ḍateng Adipati Danoeredja, inggih poenika Pepatihipoen, taman sita-sita ngamoelèni Kangdjeng Koempeni ingkang nanggeni, jèn awon linapsoeh, jjan sajogja dèn djageh ta kadí angga ja teleng wod, kranten roeroewindané ngandap nginggil, tan santjajèng boedi, rodah pé para tjili, djagadira retoe, kang katempah tan lijan Sri Boepati, ajja ming kalih lampahan, Soedarsana raka dje[illegible]ngandika Kangdjeng Soehoenan kang soemaré Nglawéjan pjambak, Sang Nata njanggemi, dateng Kangdjeng Toewan Idelir, Mister Willem Harnol Alting, pamit koendoer ladjeng djengkar.

Njambeti tjarijos, Kangdjeng Goesti Pangéran Adipati Anom, kakresakaken mandégani ngeloekaken kraman ing Kedoe Parakan, woesana kalintoe lampah ing Kedoe Trajem Parakan, bawah Soerakarta, dipoen dah, kajah pepedjah Tjina Trajem isi goenggoeng 80 idji tijang Tjina, dipoen pedjahi 40 kawan-dasa, ingkang gesang kawan-dasa, sareng Ingkang Sinoewoen tampi sorogan sangking Samarang, jèn Kangdjeng Goesti ngrebasèng tijang tanpa dosa tijang Tjina, ingkang Sinoewoen karsa njalirani pjambak, doemoegi ing Amabhrawa Pangéran Batakoesoema, Radèn Soepama, kinèn roemijin, rerapoe dateng Kangdjeng Goesti, kinèn kèndel katemah kèndel prang, roemaoes kalepatan, boten dangoe, Kangdjeng Soeltan rawoeh, Kangdjeng Goesti soemoengkem moehoen ing Pada Dalem, woesana roemaoes lepat dipoen doekani kalih Rama Dalem, ndangoe dateng Radèn Adipati Danoeredja, sakétjanipoen lampah, balé grija ingkang risak radja-darbé ingkang itjal kalintoe, sak dijatipoen, katikel, déné Tjina ingkang pedjah katikel sadijatipoen radja-pedjah, Tjina 80 woloeng dasa, pedjah 40, Tjina ingkang gesang sangking Parakan, kaisèkaken dateng Trajem, lintoe tikel, Tjina 40 dasa, dados 80 dasa, goenggoeng kalih ingkang teksih gesang 120 satoes kalih dasa, ing Trajem sampoen poelih, kantoen ingkang pedjah 40 kawan dasa, kalintoe dijat jatra kalih pratikel para waris sampoen ṭrima, Kangdjeng Goesti koendoer dateng redi Tamboela, ing Gamping, kaserengipoen panggalih teksih nanḍang gerah, brekatan njonjah Tjina teksih kagem langen dipoen ampil ḍateng pasanggrahan ing Toja-toemoempang, nama: njonjah blz.275. Adan-wigar, gerahipoen Kangdjeng tan saja ngranoehi temahan ladjeng soeroed, soemaré ing Imagiri, garwa sepoeh asli ø Djedjeran dèrèng poepoetra, ladjeng kakoendoeraken ḍateng Djedjeran. Sigeg.

Radèn Adipati Danoeredja, ambojongi garwa poetranipoen, nalika waktoe semanten poetra saweg 24 kawan likoer, déné poetra ingkang (ka)kresakaken nḍèrèk poetra namoeng 5 gangsal, poetra kakoeng 4 sakawan, poetra èstri 1 satoenggil, kados ingkang kaseboet ing nganḍap poenika.

---

1. Mas Rija Mendoera, poetra kang No.15 sangking Njai Mas Adipati Danoeredja.
2. Mas Rija Djajasoepanta, kang No.19 sangking Njai Mas Adipati Danoeredja.
3. Mas Bèi Kretawidjaja, kang No.21 sangking Bak-adjeng Koeḍoep.
4. Mas Martawidjaja, kang No.22 sangking Njai Mas Adipati Da-ø noeredja.
5. Radèn Ajoe Demang Tanpa-nangkil, No.24 sangking Bendara Radèn Ajoe Bendara, saḍèrèk Dalem Kangdjeng Soeltan sapisan.

Sampoening Radèn Toemenggoeng Joedanagara kaping 3 tiga Boepati ing Banjoemas, doemoegi Ngajoegjakarta, nama: Kangdjeng Radèn Adipati Danoeredja, Patih kaping sapisan dedalem pondokan sakilèn radinan ageng kampoeng Soerèng-ranan, sareng sampoen dados pangelaripoen sawétan radinan ageng pindah padaleman sawétan radinan sakilèn lèpèn Tjodé.

Semanten katjrijos para poetra tambah wewah 14 kawan welas, goenggoeng poetra 38 tigang dasa woeloe, poetra kakoeng 19 poetra poetri 19.

Déné poetra ingkang No.21 nama: Mas Ngabèi Kretawidjaja, nalika badé wijos Dalem, Seton watang wonten ngaloen-aloen Dalem, poeroen lantjang sadèrèngipoen wijos Dalem, noempak koeda wonten ngaloen-aloen Dalem, ladjeng kawoeningan sangking Ngresa Dalem, dipoen pidana déning para poenggawa Dalem, kinèn angrampog dipoen idoni, Mas Ngabèi Kretawidjaja waoe kalepatan, kinèn maringaken dateng Kangdjeng Radèn Adipati Danoeredja, kinéndangaken wangsoel dateng ing Roma malih.

Pémoet wijosanipoen Kangdjeng Radèn Adipati Danoeredja kaping sapisan Patih Ngajoegjakarta, anoedjoe taoen Djawi angka 1628, taoen Éhé, doek semanten, nalika nagari ing Kartasoera, kagalih pindah ngalih nagari, dateng Djenes, tanah Salakarta, kadoegi wentawis 3 tigang warsa, ladjeng ndèrèk lolosipoen Kangdjeng Pangéran Arija Mangkoeboemi, madeg padarwa kraman, noedjoe joeswa Dalem 44 warsa.
blz.176. Nalika dados Boepati ing Banjoemas, Radèn Toemenggoeng Joedanagara, noedjoe joeswa 50 warsa, sareng dados Papatih Dalem taoen Djimakir angka 1682, taoen Welandi angka 1756, toenggil taoen toenggil woelan kalih doek nalika Djoemeneng Dalem, Nata wonten ing doesoen Padagangan tanah Gijantipoera, Radèn Adipati Danoeredja, noedjoe joeswa 55 warsa. Sigeg.

---

15. Gotèk katjrijos sadadosipoen Patih Radèn Toemenggoeng Joedanagara kaping 3 tiga waoe, sareng sami sak nalika poetra mbadjeng patoetan sangking garwa padmi sepoeh asli sangking Katjé, Mas-ajoe Kamasan, nama: Mas Gandakoe-

soema, goemanti kalenggahan Boepati Maosan Dalem ing Boepati Banjoemas, piṭeḍan nama: Radèn Toemenggoeng Joedanagara kaping 4 sakawan, garwa padmi krama pikantoek poetra bektan sami bektan, poetri bektaning Radèn Ajoe Bendara, poetri patoetan sangking Radèn Arja Éndranata, dados garwanipoen 3 tiga, 1 garwa sepoeh sangking Éndranatan, nama: Radèn Ajoe Anggèr, 2 garwa tengahan asli sangking Batang, 3 garwa nèm asli sangking Mandoeranagaran, Radèn Toemenggoeng Joedanagara kaping 4 sakawan, poepoetra 19.

Kados ing ngaṇḍap poenika.

Sangking garwa padmi oetawi pangrembé.	Garwa padmi oetawi pangrembé.
No.1. **Garwa padmi sangking poetra bektan sami bektan poetraning Radèn Arja Éndranata, nama: Radèn Ajoe $\overset{\text{A}}{\text{á}}$nggèr,** poepoetra 6 nem.	1. Radèn Gaṇḍakoesoema, kaping 3 tiga, krama pikantoek ing Poerwakreta. 2. Radèn Ngabèi Martakoesoema, Ngabèi ing Ngajah. 3. Radèn Tirtakoesoema, sinoeng nama: Radèn Pandji Soerèng-rana, Boepati Pandjer, idin sangking Sinoehoen Soegih Soerakarta. 4. Radèn Joeḍakoesoema, dados Ngabèi ing Poerbalingga. 5. Radèn Ranoekoesoema, sinoeng siti Penjawin. 6. Radèn Ajoe Mangkoeboemi, kinarang-oeloe saḍèrèk nak-saḍèrèk kagarwa Kangdjeng Goesti Pangéran Arija Mangkoeboemi, ing Soerakarta, garwa sangking Ranoewidjajan séda, ngarang-oeloe nak-saḍèrèk poepoetra 4 sakawan.

blz.277. No.2.

Sangking garwa padmi, asli Radèn Ajoe Batang, poepoetra 5 gangsal.

-----

1. Mas Ngabèi Kretawidjaja, ing Katjé;
2. Mas hanawidjaja, ing Kartanagara.
3. Mas Ngabèi Soemaredja, ing Kejoe.
4. Mas-adjeng Mangkoeredja, ing Mangkoenagaran ing Soerakarta;
5. Mas-adjeng Wangsadirdja, ing Soerakarta.

No.3.

Sangking garwa padmi asli ing Mandoeranagaran, poepoetra 3 tiga.

---

1. Radèn Ajoe Pakoeningrat, anggarwa Kangdjeng Pangéran Arija Pakoeningrat, Soerakarta.
2. Radèn Adjeng Samas, anggarwa Radèn Prawiramantri, ing Soerakarta.
3. Radèn Joedadiwirja, ing Banjoemas.

No.4.

Sangking garwa paminggir, Mas-adjeng Ngantèn, asli ing Patjinggangan, poepoetra 5 gangsal.

-----

1. Mas Ngabèi Mretajoeda, ing Banjoemas.
2. Mas Bèi Mretaredja, ing Banjoemas.
3. Mas-adjeng Aroeng-b~~a~~inang kaping 2 kalih, anggarwa Boepati Soerakarta.
4. Mas-adjeng Tjakrawedana, sepoeh, anggarwa Boepati Banjoemas, Boepati nalika 2.
5. Mas-adjeng Joedawidjaja, ing Banjoemas.

----

1. Sangking padmi asli Éndranatan, Radèn Gandakoesoema, anggarwa asli ing Poerwakarta, 4 sakawan, sasédaning ingkang rama goemanti dados Boepati ing Banjoemas, nama: Radèn Toemenggoeng Joedanagara, kaping 5 gangsal, idin Kangdjeng Soehoenan Pakoeboewana kaping 4 sakawan, awit djoeloek Sinoehoen Bagoes, wit ing Banjoemas dipoen soewoen déning Kangdjeng Koempeni Inggris, saweg gebeng tanah Djawi énggal, Boepati ḑawoeh Dalem kinèn kekah, sa-

reng kekah ladjeng los dipoen paringaken Boepati kaladjeng kekah, dados Boepati Radèn Toemenggoeng Joedanagara kaping 4 sakawan keplengkang, wit ḍawoeh Dalem ladjeng kasoewoen dipoen potjot sangking kalenggahanipoen dados Boepati ing Banjoemas, Kangdjeng Toewan Atmiral Ḍandeles, ngalembana, ngadjeng ngekahi woesana kalilan ginebeng mring Goepremèn, Inggris, misoewoer karan Sinoehoen Bagoes Bagoes, witipoen mekaten, sangking pangalembananing Goepremèn Inggris, pikantoek ḍangan soeka rena.

---

2. Sangking padmi asli Éndranatan, Radèn Martakoesoema, Ngabèi ing Ngajah.

---

3. Radèn Tirtakoesoema, sinoeng nama: Radèn Pandji Soerèngrana, idin sangking Sinoehoen Soegih, dados Boepati ing Pandjer, ngrangkep dados Kaliwon ing Maosan Banjoemas.

blz.278. Nama: teksih Radèn Soerèng-rana, garwanipoen asli Soerakarta, poepoetra:

1. Radèn Ajoe Dé̂wakoesoema, langen Dalem Kangdjeng Soehoenan kaping 5 gangsal, ingkang kaseboet Sinoehoen Soegih, ing Soerakarta; poepoetra 1 satoenggil,
    1. Kangdjeng Pangéran Arija Koesoemabrata, Soerakarta, poepoetra: 1 Pangéran Arja Koesoemabrata ping 2 kalih Soerakarta.
        2 Radèn Mas Soemadija. " "

---

4. Sangking padmi asli Éndranatan, Radèn Joedakoesoema, dados Ngabèi ing Poerbalingga, tanah Banjoemas, namoeng sawarsa, sabab gerah.

---

5. Sangking padmi asli Éndranatan, Radèn Ranoekoesoema, ingkang pini(n)ta siti Penjawin.

---

6. Sangking padmi asli Éndranatan, Radèn Ajoe Mangkoeboemi, anggarwa Kangdjeng Goesti Pangéran Arija Mangkoeboemi kaping sapisan kinarang-oeloe, sami sedèrèk nak-sadèrèk Radèn Ajoe Mangkoeboemi ingkang roemijin poetraning Ngabèi Ranoewidjaja, sami sedèrèk kalih Radèn Toemenggoeng Joedanagara kaping 4 sakawan, awoe prenah nak-sadèrèk sepoeh Radèn Ajoe Mangkoeboemi ingkang kantoen, sami wajahipoen Kangdjeng Radèn Adipati Danoeredja kaping sapisan Ngajoegjakarta, Radèn Ajoe Mangkoeboemi kaping kalijan poepoetra: goenggoeng 4 sakawan.

1. Radèn Mas Arija Natawidjaja, ing Soerakarta.

-----

2. Radèn Mas Arija Bradjanata, ing Soerakarta.

-----

3. Radèn Ajoe Tandakoesoema, poepoetra 4 sakawan.

----- 1. Radèn Mas Kaptin Arja Tandakoesoema, anggarwa poetra ing Mangkoenagaran, ping 3, poepoetra Radèn Mas Kaptin, Lésijoen Mangkoenagaran.
    2. Radèn Mas Toemenggoeng Poerbadipoera.
    3. Radèn Ajoe Sasradikara.
    4. Radèn Ajoe Wignjaningroem langen Dalem Kangdjeng Soehoenan ping 9, ing Soerakarta.

------

4. Radèn Ajoe Adipati Poerbaja, anggarwa Kangdjeng Goesti Pangéran Arija Poerbaja, Poetra Dalem Sinoehoen Bagoes, sareng djoemeneng Nata, nama: Kangdjeng Soehoenan Pakoeboewana kaping 7 pitoe, bintang Nèderlanseléjo, ing Soerakarta.

blz.279. Garwa Dalem Radèn Ajoe Adipati Poerbaja, djinoendjoeng pangkat, asma: Kangdjeng Ratoe Kantjana, poepoetra amoeng sadjoega, sasiki.

1. Radèn Adjeng Goesti Andawijah, ladjeng nama: Goesti

Radèn Ajoe Sekar-kagaton, ladjeng nama: Goesti Kangdjeng Ratoe Pambajoen, loemoeh palakrama, wahdat(d?).

---

7. Sangking padmi asli Batang, Radèn Ngabèi Kretawidjaja, ing Katjé.

---

8. ~~A~~ Sangking padmi asli Batang, Mas Ngabèi Ranawidjaja, ing Kartanagara.

---

9. Sangking padmi asli Batang, Mas Ngabèi Soemaredja, wonten ing Kegoe.

---

10. Sangking padmi asli Batang, Mas-adjeng Mangkoeredja, ing Mangkoenagaran Soerakarta.

---

11. Sangking padmi asli Batang, Mas-adjeng Wangsadirdja, wonten ing Soerakarta.

---

12. Sangking padmi asli Ma(n)doeranagaran, Radèn Ajoe Pakoeningrat, anggarwa Kangdjeng Pangéran Arija Pakoeningrat, Soerakarta, Poetra Dalem Sinoeghoen Bagoes.

---

13. Sangking padmi asli Mandoeranagaran, Radèn Adjeng Samas, anggarwa Radèn Prawiramantri, ing Soerakarta.

---

14. Sangking padmi asli Mandoeranagaran, Radèn Joedadiwirja ing Banjoemas.

---

15. Sangking padmi Mas-adjeng asli Patjinggangan, Ngabèi Mretajoeda, ing Banjoemas.

---

16. Sangking padmi Mas-adjeng asli Patjinggangan, Mas Bèi Mretaredja.

---

17. Sangking padmi Mas-adjeng asli Patjinggangan, Mas-adjeng Aroeng-binang, anggarwa Radèn Toemenggoeng Aroeng-binang Boepati Najaka Soerakarta, Aroeng-binang kaping 2 kalih, poepoetra Radèn Toemenggoeng Aroeng-binang kaping 3 tiga, ing Soerakarta.

----

18. Sangking padmi Mas-adjeng asli Patjinggangan, Mas-adjeng Tjakrawedana, sepoeh, anggarwa Radèn Toemenggoeng Tjakrawadana, poetraning Radèn Toemenggoeng Tjakranagara 1, poetraning Kjai Toemenggoeng Wiraredja, trah toeroen Karanglon, Radèn Toemenggoeng Tjakrawadana waoe, garwanipoen kalih, garwa nèm, poetraning Ngabèi Natawidjaja, kaping 2 kalih, Ngabèi Pasir; poepoetra 2 kalih.

1. Radèn Adipati Tjakranagara, Boepati ing Banjoemas, poepoetra.
2. Radèn Adipati Tjakrawedana, Boepati ing Tjilatjap, poepoetra goenggoeng 19 sangalas. blz.280.

----

19. Sangking padmi Mas-adjeng asli Patjinggangan, Mas-adjeng Joedawidjaja, Banjoemas.

Goenggoeng djangkep poetra 19 sangalas.

Gotèk katjrijos doek semanten ing Banjoemas kangèngèran tijang Boegis akèh, katoer kawoeningan dateng Soehoenan Pakoeboewana kaping 4 sakawan, Boepati ing Banjoemas Radèn Toemenggoeng Toajkoesoema, toeroen sangking Mangkoenagaran, awit dipoen ngèngèri tijang Boegis akèh, Radèn Toemenggoeng Tojakoesoema waoe, karsa Dalem Kaoendoer sangking kalenggahanipoen Boepati, saweg pikantoek nem warsa, dados Kaboepatèn Banjoemas Boepati kaselan;
Sangking karsa Dalem, dipoen gentosi poetranipoen Radèn Toemenggoeng Joedanagara, kaping 4 sakawan, nama: Radèn

Gandakoesoema kaping 3 tiga, poetra sepoeh, patoetan sangking Éndranatan, pitedan Dalem nama: Radèn Toemenggoeng Joedanagara kaping 5 gangsal, dados Boepati Maosan Dalem ing Banjoemas, anggarwa asli Poerwakreta, poepoetra namoeng 4 sakawan, kados ngandap poenika.

Garwa padmi namoeng satoenggil asli sangking Poerwakreta, poepoetra 4 sakawan.

---

1. Badjeng Radèn Ajoe Welandjar, ingkang noeroenaken njonjah Ahkendoren, ing Betawi, dados Komis Sèp sepoer, Toegoe ing Ngajoegjakarta.

-----

2. Radèn Mas Gandakoesoema ping 4 sakawan, dipoen angkat Boepati wonten ing Pandjer.

-----

3. Radèn Mas Soedjalma, nama: Radèn Bèi Joedakoesoema, noenggak semi namanipoen ingkang paman, ingkang kalèrèhaken sabab gerah.

-----

4. Radèn Mas Kampoeng. Sigeg.

Koeneng ing Pasir, ingkang dados Sentana Dalem Ratoe, poetraning Radèn Adipati Tjakranagara, Patih Dalem Kangdjeng Soehoenan Pakoeboewana kaping 4 sakawan, Ingkang Sinoehoen Bagoes, ing Soerakarta Adiningrat, anggènipoen dados Patih Radèn Adipati Tjakranagara, namoeng 8 woloeng warsa, poenika poetraning Radèn Toemenggoeng Pandji Soeradilaga, Radèn Pandji Soeradilaga waoe, kakangipoen Kangdjeng Ratoe Ageng, kala timoeripoen Mas Rara Andawijah, parab Rara Beroek, Iboe Dalem Sinoehoen Bagoes, inggih poenika saèstoe trah toeroenipoen Kjai Ageng Karang-lo inggih Kjai Ageng Ampoehan kang kaping 2 kalih, Djagaraga, soemaré Karang-toeri Wijara, ing Ngajoegjakarta.

blz.281. Wondéné Radèn Adipati waoe, poepoetra djaler, Radèn Ngabèi Tjakrawedana, tinanem dados Ngabèi wonten tanah Pasir, sareng dados sampoen lami, noenten ing Pasir waoe, dipoen palih, ingkang sepalih dipoen paringaken dateng poetranipoen Mas Ngabèi Mangkoewidjaja, ing Singasari, déné Mas Ngabèi Mangkoewidjaja poenika, rantenipoen Mas ~~Bagoe~~ Ngabèi Martawidjaja, ing Tjéro tanah Kedoe, sak-sédané kang raka Ngabèi Martawidjaja Tjérong Kedoe, noenggak semi namaning kang raka, nama: Mas Ngabèi Martawidjaja, inggih Mangkoewidjaja Singasari, anggarwa poetraning Wjai Wangsèngrana ing Djeroek-manis, pinanggih nak-dèrèk poepoetra 14; poetra ingkang No.2 kalih, Mas Ngabèi Rangga Martadirdja, dados nak-dèrèkipoen Radèn Toemenggoeng Joedanagara kaping 5 gangsal, Boepati Banjoemas ingkang wekasan, awoe kaprenah sepoeh.

Sareng Mas Rangga Martadirdja ngalih dateng ing Banjoemas, nama: Radèn Toemenggoeng Brantadiningrat, sak bakdaning prang Dipanagaran, ladjeng dipoen angkat nama: Radèn Adipati Brantadiningrat, Boepati ing Banjoemas. Sigeg.

---

1. Kotjap, Radèn Ngabèi Tjakrawedana ing Pasir, garwanipoen 2 kalih, 1 garwa kang sepoeh, rantening Radèn Toemenggoeng Joedanagara kaping 5 gangsal, noenggil rama sanès iboe, Mas-adjeng Tjakrawedana, poetra ingkang No.18 woloelas, kang bibi asli Patjinggangan. Garwa kang nèm, poetraning Mas Ngabèi Natawidjaja, kaping 2 kalih ing Pasir Mendangsekori, garwa kalih katah poetranipoen.

---

2. Kodjar ing Poerbalingga, Banjoemas, Radèn Joedakoesoema,

namoeng setaoen kalèrèhaken sabab gerah, toemoenten dipoen gentosi Radèn Ngabèi Dipakoesoema, namoeng tigang warsa, kaoendoer, nalika dipoen mantoeni, siti bawah kapalih, ingkang sepalih kaparingaken dateng poetraning Boepati Banjoemas Toemenggoeng Joedanagara ping 5 gangsal, nama: Radèn Mas Soedjalma, noenggak semi namanipoen ingkang paman, Radèn Ngabèi Joedakoesoema.

Kang siti sapalih kaparingaken dateng abdi lami, poetraning Mas Dipamenggala, wasta: Ngabèi Dipajoeda.

---

3. Kotjap Radèn Martakoesoema, Ngabèi ing Ngajah, kamantoenan sabab lepatipoen dosa boten anglebetaken paos sa-oe(ng)-soem, lan soegih samboetan asring bobok paos dèrèng mangsa, toemoenten Ngabèi Dipajoeda, Poerbalingga dipoen pindah dateng ing Ngajah, déné sepalihipoen Ngajah, kaparingaken dateng poetra Mangkoeboemèn, sapisan Soerakarta, nama: Radèn Arja Soemawinata, dados Boepati ing Poerbalingga ing Banjoemas.

---

blz.282. 4. Kotjap Radèn Pandji Soerèng-rana, lami-lami bobrok paosipoen, poetra ing Banjoemas sangking padmi Radèn Mas Gandakoesoema, goemanti kalenggahanipoen dados Kaliwon, Radèn Ngabèi Tjakrawedana, angerèhaken para Pamadjegan adjeg pangerèhipoen kaot kados ingkang roemijin, nalika alam kagebeng Soerèng-ranan.

---

5. Kodjar lami-lami, Radèn Toemenggoeng Joedanagara kaping 5 gangsal, waoe, dipoen oendoer sangking kalenggahanipoen Boepati Banjoemas, djalaran sangking kasrawo lampah padoedon doek semanten, njarengi bedahing nagari Mantaram, dahoeroe Sepèi, dinten Setoe Legi tanggal kaping 10 woelan Djoemadilakir taoen Alip angka 1739, sinengkalan:

mrijem moeni, oetawi troesing dabana swaraning djagad, ing Banjoemas tinega dateng Kangdjeng Koempeni, Kangdjeng Soehoenan Bagoes kekah bakoeh tan marengi, Radèn Toemenggoeng Joedanagara kaping 5 gangsal waoe, kang kinarja andel tinari-tari sagah moengsoeh dateng wadya Koempeni, doek semanten Toemenggoeng Joedanagara woes kalilan mantoek, Radèn Toemenggoeng Joedanagara woes rawoeh ing Banjoemas. Lah ing ngrikoe wadya Sabrang Koempeni Inggris Marsihkallek, Toewan Sartomas, Setemport, Raplis Lotenan Goeprenir Marsehkallek, bangsa Inggris, Igellan, andatengi pinanggih Kangdjeng Soehoenan Pakoeboewana kaping 4 sakawan Soerakarta, binoedjoek-boedjoek sampoen keni, Radèn Toemenggoeng Joedanagara waoe, kapalang, woelan Moeloed taoen Éhé, 1740, ladjeng dèn marèni kaoendoer sangking kalenggahanipoen, Boepati ing Banjoemas, wit poenika Kangdjeng Soehoenan dipoen parabi Sinoehoen Bagoes waoe, ingkang marabi Goepremèn Inggris, Bagoes Bagoes.

---

6. Doek semanten Kaboepatèn ing Banjoemas, sampoen dipoen gentosi kalenggahanipoen Boepati, aming Boepatinipoen dipoen pangkat Boepati kalih, 1 Ngabèi Tjakrawedana, dados Boepati sepoeh, nama: Radèn Toemenggoeng Tjakrawedana, 2 Ngabèi Rangga Martadirdja, ing Pasir Mendang-sekori, Boepati Anèm, nama: Radèn Toemenggoeng Brantadiningrat. Déné ingkang goemanti dados Ngabèi wonten ing Pasir waoe, poetraning Radèn Toemenggoeng Tjakrawedana, patoetan sangking Pasir, poetraning Mas-adjeng Natawidjaja ping 2 kalih Pasir, nama: Mas-adjeng Tjakrawedana, poetra kang No.2 kalih nama: Ngabèi Tjakranagara, ing Pasir; déné poetraning Radèn Toemenggoeng Brantadiningrat, goeng-goeng 12 kalih welas, poetra ingkang No.2 kalih, Ngabèi

Kretadirdja, Soekaradja.
No.4 sakawan, Ngabèi Martadirdja, Poerwakreta.
Déné Kliwon ingkang goemanti, poetraning Radèn Toemenggoeng Tjakrawedana, ingkang nèm, Ngabèi Tjakradiwedja, Banjoemas.

----

7. Sasédanipoen Radèn Toemenggoeng Tjakrawedana, Boepati Banjoemas, ingkang pangwasa, kadadosaken satoenggil, wonten
blz.283. Radèn Toemenggoeng Brantadiningrat, anggarwa poetraning Kjai Wangsanagara, Klegèn tanah Pandjar, kala doek semanten anjarengi dahoeroe prang Dipanagaran, kodjar prangipoen Pangéran Arija Dipanagara waoe djoeloek Kangdjeng Soeltan Hèroetjakra, lamènipoen prang mangsah wadya koempeni, pikantoek kadoegi nem warsa, tji~~é~~nakak, gotèk prang Kangdjeng Soeltan Hèroetjakra, wis teloek kapikoet mring Koempeni, ing ari Boedda Paing, anèng Roma Kamal, tanggal kaping 23, woelan Saban taoen Djimawal, angka 1757, ladjeng dateng ing Kadjawang, Kangdjeng Soeltan wonten ing Lodji Karisidènan ing Magelang, pitoeng dinten pitoeng daloe, éndjing nitih kréta pos teroes ing boem Samarang, rawoeh wantji éndjing, nitih bahita sekotji latoe, minggah mring kapal Mil Inggris teroes mring poelo Ambon.
Boten wetawis lami, Kangdjeng Soehoenan Pakoeboewana kaping 6 nem Soerakarta, kaseboet Sinoehoen Sapardan, kakéndangaken mring poelo Menado.
Toemoenten Kangdjeng Goesti Pangéran Adipati Poerbaja, goemanti djoemeneng Nata, tanggal kaping 22 Besar Taoen Djimawal angka 1757, oetawi tanggal kaping 14 Djoeni, taoen 1830, djoeloek Kangdjeng Soehoenan Pakoeboewana Ngabdoel-rahman Sajidin Panata-gama Kalipatoellah angrenggani kaping 7 pitoe nagari Soerakarta Adiningrat, bintang Nèderlan-seléjo.

----

16. Kotjap ing Banjoemas, Radèn Toemenggoeng Brantadiningrat,

sampoening bakda prang Dipanagaran waoe, dipoen angkat nama: Adipati, lami-lami Radèn Adipati Brantadiningrat padem, séda tilar poetra goenggoeng 12 kalih-welas.

-----

1. Mas-adjeng Tirtasoera, anggarwa Kjai Ngabèi Tirtasoera.

-----

2. Mas Ngabèi Kretadirdja, Wadana ing Soekaradja, Banjoemas.

------

3. Mas-adjeng Kretadikrama, ing Segaloeh.

-----

4. Radèn Adipati Kretadirdja, kaping sapisan Boepati Poerwakreta, poepoetra 13.

-----

5. Radèn Malajasari, langen Dalem Kangdjeng Soehoenan kaping 5, parab Sinoehoen Soegih Soerakarta, Radèn Malajasari, poepoetra:

   1. Kangdjeng Pangéran Arija Sindoeséna, Soerakarta, poepoetra 2 kalih.

      1. Poetri Radèn Ajoe Toemenggoeng Brantadirdja, anggarwa Radèn Toemenggoeng Brantadirdja, Ingkang Boepati ing Soemarata, Radèn Ajoe Toemenggoeng poepoetra:

         1. Radèn Adipati Brantadiningrat, Boepati karadjan Madijoen Boepati sapoenika, anggarwa poetraning Pangéran Natakoesoema, ing Pakoe-alaman Kangdjeng Goesti sapoenika. lz.284.

----

6. Radèn Bèi Kretawidjaja, ing Soekaradja.

-----

7. Radèn Ngabèi Kramadirdja, Panèwoe Pinisepoeh Kepatijan ing Soerakarta.

-----

8. Radèn Ajoe Tjitradipoera, anggarwa Kjai Tjitradipoera, ing Banjoemas, poepoetra: 1 Radèn Ngabèi Poerwadirdja, ing Kaboemèn.

-----

9. Mas Soerawidjaja, ing Banjoemas.

-----

10. Radèn Ngabèi Sasraredja, Patih Kaboepatèn Poerwakreta Banjoemas.

-----

11. Radèn Ajoe Radjawaniti anggarwa Radèn Toemenggoeng Radjawaniti, Boepati ing Soerakarta, Radjawaniti kaping 2 kalih, Trah toeroen ing Djedjeran Ngajoegja, poepoetra Njai Toemenggoeng Soka, Wadana, Para Goesti Soerakarta, poepoetra:
    1. Radèn Soemaredja, Djaksa Timoer.

-----

12. Mas Soeradimedja, Penatoes Djati-lawang, poepoetra: Kjai Kasan Moekmin, Ngoelami goeroe ngaos.

Goenggoeng 12. Djangkep poetranipoen Radèn Adipati Brantadiningrat.

Poetraning Radèn Adipati Brantadiningrat, kang No.2. Sangking padmi asli Wangsanagaran soemaré Pakoentjèn Kalidjirek, Kaboemèn, Mas-ajoe Brantadiningrat, Mas Ngabèi Kretadirdja, Wadana ing Soekaradja, poepoetra 3 tiga.

1. Radèn Toemenggoeng Djajadirdja, Boepati Poerwakreta, anggarwa poetraning Radèn Adipati Mertadirdja, Boepati Poerwakreta sepoeh, pinanggih nak-sadèrèk; poetra kang No.7 èstri, poepoetra 5 gangsal.
    1. Sangking pangrembé, Radèn Ngabèi Kretadirdja, Patih Kaboepatèn Tjilatjap, anggarwa poetraning Radèn Adipati Kartanagara, Boepati Karang-anjar toeroen ing Kalapa-akingan poepoetra: Radèn Iman-soepena, Kandidat

-

Bestir.

Sangking pangrembé. 2. Radèn Djajasoebrata, Asistèn Loempoel Madjakreta.

" " 3. Radèn Djajadiwirja, Mantri Iktenar Grobogan, anggarwa poetraning Radèn Ngantèn Soemaredja, Poerbalingga.

----

2. Radèn Ajoe Adipati Dipadiningrat, anggarwa Radèn Adipati Dipadiningrat, Boepati pènsijoen ing Bandjarnagara Banjoemas, toeroenipoen Kjai Ngabèi Dipajoeda, ing Poerbalingga, sangking padmi asli Kadanoeredjan, Patih Dalem alam ing Kartasoera, ngadjeng Kjai Danoeredja Boepati Djapara, asli Krèndètan Bagelèn; Radèn Ajoe Adipati Dipadiningrat waoe, poepoetra:

blz.285.

1. Radèn Ajoe Adipati Mretadirdja, anggarwa Radèn Adipati Mretadirdja, midali djené tjita djené koening, Boepati Banjoemas sapoenika poepoetra kaseboet ngadjeng.
2. Radèn Ajoe Adipati Kartanagara, anggarwa Radèn Adipati Kartanagara, Boepati Karang-anjar, toeroen Kalapaakingan, poepoetra 3 tiga:
   1. Radèn Rara Mardinah pikantoek Radèn Mas Onder Kolèktoer Padmakoesoema.
   2. Radèn Rara Marwijah.
   3. Radèn Bagoes Mardja.

------

3. Radèn Ajoe Soemaredja, garwa Radèn Bèi Soemaredja, Onder Kolèktoer ing Poerbalingga, Banjoemas, pikantoek krama nak-dèrèk.

----

3. Mas-adjeng Mretadikrama, anggarwa Mas Mertadikrama, ing Segaloeh Banjoemas.

-----

4. Radèn Adipati Martadirdja, kaping sapisan, Boepati Poerwakreta Banjoemas, garwanipoen poepoetra 13 tiga welas.

1. Radèn Ngantèn Atma-raga, ing Poerwakreta.
2. Radèn Ngabèi Soemadirdja, Onder Koletoer ing Poerwakreta.
3. Radèn Ajoe Joeda-atmadja, anggarwa Ngabèi Joeda-atmadja, Wadana ing Poerwakreta.
4. Radèn Ajoe Soemadiningrat, ing Poerwakreta.
5. Radèn Mangkoeredja, Onder Kolèktoer kaping 2 kalih ing Poerwakreta.
6. Radèn Mertasoera, mantri Goeḍang ing Djati-lawang.
7. Radèn Ajoe Toemenggoeng Djajadirdja, anggarwa Radèn Toemenggoeng Djajadirdja, Boepati Poerwakreta, pikantoek nak-saḍèrèk, poepoetra 1.
    1. Radèn Ngabèi Kretadirdja, Patih Tjilatjap, anggarwa poetraning Radèn Adipati Kartanagara, Boepati Karanganjar, poepoetra: Radèn Iman-soepena.

------

8. Radèn Soeradirdja, Djaksa ing Poerwakreta.
9. Radèn Ngantèn Redja-moehammad, anggarwa Kjai Pangoeloe Redja-moehammad Pangoeloe ing Poerwakreta.

blz.286.

10. Radèn Adipati Mretadirdja, Boepati ing Banjoemas miḍali djené songsong tjita djené, koening, anggarwa poetraning Radèn Adipati Dipadiningrat, pènsijoen Bandjarnagara, Banjoemas, krama pikantoek kaponakan nak-saḍèrèk, sami tjanggan warèngipoen Kangdjeng Radèn Adipati Danoeredja Patih Ngajoegjakarta kaping sapisan, asli sangking Banjoemas, Radèn Ajoe Adipati poepoetra 9 sanga.
    1. Sangking pangrembé, Radèn Ngabèi Brantadimedja, anggarwa poetraning Radèn Toemenggoeng Aroeng-binang, Boepati Kaboemèn, Wadana ḍistrik ing Adji-barang, ladjeng dados Patih ing Poerbalingga, ngiras Onder Regèn Poerbalingga Banjoemas.
    2. Radèn Atmasoebranta, Wadana ḍistrik Karang-kobar, poetra sangking padmi.
    3. Radèn Ajoe Djajamiséna, anggarwa Radèn Ngabèi Djajami-

séna, ~~anggarwa Radèn Ngabèi Djajamiséna~~, poetraning Radèn Adipati Djajanagara, Boepati Bandjarnagara, ing Kalape-akingan, poepoetra 6 nem.

4. Radèn Ajoe Wadana Rance-atmadja, anggarwa Wadana ḍistrik ing Boekatédja, bawah Tjilatjap.
5. Radèn Ajoe Adipati Poerba-atmadja, anggarwa Adipati Poerba-atmadja, Boepati Koeṭa-ardja, poepoetra 4.
6. Radèn Ajoe Toemenggoeng Kartanagara, anggarwa Radèn Toemenggoeng Kartanagara, kaping 2 kalih, Boepati Karang-anjar, poepoetra.
7. Radèn Ajoe Wadana, Wirjasoedigda, anggarwa Wadana kiṭa ing Poerwakreta.
8. Radèn Ngabèi Gandasoebrata, Wadana ḍistrik ing Adjibarang, ngadjeng Mantri Djaksa ing Banjoemas.
9. Sangking pangrembé, Radèn Danoesoebrata, Girigasi Poerwakreta.

Sangking pangrembé Radèn Ismajaningsih.

10. Radèn Nganten Koedadimedja.
11. Radèn Rara Soekimah.
12. Radèn Rara Soejimah.
13. Sangking padmi Radèn Moestadjab, Gandasoedirdja, Girigasi.
14. Sangking padmi Radèn Kasékat, Djoeroe-srat Kolèktoeran Tjilatjap.
15. Radèn Bagoes Kadiredja.
16. Radèn Rara Salidjah.
17. Radèn Bagoes Moenadjat.
18. Radèn Bagoes Koesman.
19. Radèn Rara Malijah.
20. Radèn Bagoes Mardiman.
21. Radèn Bagoes Soemardagja.
22. Radèn Bagoes Mardjana.
23. Radèn Rara Soemarti.

24. Radèn Rara Soemartini.
25. Radèn Rara Saldinah.
26. Radèn Rara Soekarti. Goenggoeng poetra 26.

---

blz.287. 11. Radèn Singadirdja, Onder Kolèktoer Tjilatjap, poetraning Adipati Martadirdja, kaping sapisan Boepati Poerwakreta.

12. Radèn Ajoe Djajasoemitra, anggarwa Asistèn Wadana Karangkemiri, ing Poerwakreta.

13. Radèn Ajoe Santadirdja, anggarwa Radèn Santadirdja, Patih Banjoemas, kaprenah wajahipoen Kjai Adipati Adipoerwa; Sigeg; poetra ing Martadirdjan ping sapisan goenggoeng 13.

---

5. Poetraning Radèn Adipati Brantadiningrat, kang No.5.

2. Radèn Ngabèi Boeta-idjo wonten lenggahipoen ingkang éjang, tanah Roma Karang-anjar, Kjai Adipati Adipoerwa, ingkang soemaré Gambiran, taksih loeloes kadahar dateng waris Radèn Toemenggoeng Major Sindoenagara, sangking karsa Dalem Kangdjeng Soeltan kaping 3 tiga Ngajoegja, doemoegi Kangdjeng Soeltan kaping 4 sakawan ootawi Kangdjeng Soeltan Timoer kaping 5 gangsal, sareng bakda prang Dipanagaran, Dèn Mangoen-prawira, kalih Radèn Djajadiningrat, sami medal toemoet prang Dipanagaran, ladjeng damel riwoek, damel tijang poenakawanipoen nama: poen Poedja, dipoenkèn damel kraman, wonten ing Roma tanah Karang-anjar, lenggah sabinipoen Kjai Adipati Adipoerwa, ingkang dipoen gèni déning kang wajah Radèn Ngabèi Boeta-idjo, anggènipoen damel kraman dados, Radèn Boeta-idjo boten saged nranggoelang mangsoelaken kraman poen Poedja, tjekak Tjarijos Radèn Boeta-idjo, kapladjar tilar kradjan ing Karang-anjar, kabregan kraman poen Poedja, kapladjar dateng Ngajoegjakarta, katoedjoe kang rama, Radèn Toemenggoeng Major Sindoenagara, séda tjinidra déning sentananipoen nama: Dèn Djagah Soeradiwirja, wit pendamelé Radèn

Adipati Danoeredja Djapan, njina ḍoewoeng ingkang kadamel njidra Dèn Soeradiwirja, paringan sangking Danoeredjan, Radèn Boeta-idjo trimah dados waris Boepati Najaka, ladjeng boten wonten prakawis, nama: Radèn Toemenggoeng Sindoenagara, Boepati Najaka Wadana Boemidja, siti lenggah Karang-anjar keladjeng dipoen panggih ḍateng Kangdjeng Koempeni dipoen soewoen dipoen paosi, alam Kangdjeng Soeltan Timoer Ngajoegja, Radèn Wangoen-prawira saged njepeng kraman poen Poedja, sinoeng pangkat nama: Boepati, Toemenggoeng Poerbanagara, Ngambal. Radèn Djajadiningrat, sinoeng pangkat Patih Kaboepatèn ing Koeṭa-winangoen, doek semanten Boepati Kjai Toemenggoeng Sawoenggaling, kaboepatèn dèrèng ngalih ḍateng ing Koeṭa-ardja, wit Kjai Toemenggoeng Sawoenggaling waoe, siti ing Koeṭa-winangoen doek semanten teksih Waosan Dalem siti Panoembak-anjar, gadoehan 800 karja, Pangéran Toemenggoeng Pakoeningrat marasepoeh Dalem Kangdjeng Soeltan, kaping 2 kalih, ingkang rama: Kangdjeng Ratoemas, Iboe Dalem Kangdjeng Goesti Pangéran Arija Mangkoediningrat. Pangéran Toemenggoeng Pakoeningrat waoe poetraning Adipati Natakoesoema, ranténé Pangéran Toemenggoeng Natakoesoema,
blz.313. kaping 2 kalih Boepati Najaka, Wadana Panoembak-sèwoe, lenggah tanah Rome Karang-anjar, sèwoe karja; sareng kinèn manḍégani ngelar-ngelar pasaréjan ing Imagiri, sampoen sepoeh ka m(p)idji dados ḍjadjeneng wonten ing Imagiri, soemaré wonten dedagan ing Imagiri, alamipoen Kangdjeng Soeltan kaping sapisan Ngajoegjakarta, kalenggahanipoen dipoen gentosi Kjai Bener, Toemenggoeng Sindoeredja.

Radèn Bèi Boeta-idjo, katetepaken goemanti waris dados Boepati Najaka Wadana Boemidja, nama: Radèn Toemenggoeng Sindoenagara, anggarwa Dèn Ngantèn, poepoetra goenggoeng 10.

1. Dèn Bagoes Mojong, goemanti waris, nama: Radèn Toemeng-

goeng Sindoenagara ping 3 tiga, Boepati Anèm, anggarwa poetraning Kjai Toemenggoeng Natajoeda, patoetan.

-----

2. Dèn Bagoes Troesṭa, Dèn Panèwoe Tirta-atmadja Panèwoe Boemidja.

-----

3. Radèn Rara Redja, krama pikantoek Radèn Loerah Mangkoewinata, poetraning Kangdjeng Pangéran Arija Adiwinata, wakil. Poepoetra Radèn Loerah Mangkoewinata ping 2 kalih.

-----

4. Dèn Rara Giri, krama pikantoek Radèn Panèwoe Sindoedirdja, poetraning Kangdjeng Pangéran Poerwadipoera.

-----

5. Dèn Bagoes Mahjana, Dèn Ngabèi Sindoe-atmadja, Mantri Boemidja, gerah séda.

-----

6. Dèn Bagoes Mardja, Dèn Ngabèi Kramataroena, garwa poetraning Radèn Pandji Setjadirdja, ipé Djoeminahan, poepoetra 3 tiga:

1. Dèn Ngabèi Kramataroena kaping 2 kalih.
2. Dèn Adjeng Klèlèt krama Mantri Mregangsa.
3. Dèn Adjeng Seboel krama Radèn Ngabèi Gandawerdaja, poetra Kedjoeron.

----

7. Dèn Bagoes Bawoek, Dèn Ngabèi Sindoedjaja, Mantri Boemidja.

----

8. Dèn Bagoes Toegoer, Dèn Ngabèi Sindoe-atmadja ping 2 kalih.

----

9. Dèn Bagoes Glèmboh, Dèn Ngabèi Sindoedeksana.

----

blz.314. 10. Dèn Nganten Sasradigdaja, krama pikantoek Dèn Loerah Sasradigdaja, poetraning Pangéran Koesoemajoeda Djapan poepoetra: Dèn Loerah Sasradigdaja kaping 2 kalih Loerah minoeman.

Sigeg.

Poetra Major Toemenggoeng Sindoenagara kang No.3.4.5.6.

No.3. Mas Toemenggoeng Sindoepati, Boepati Anèm Ngajoegja.

-----

4. Njai Rijasoewanda, Wadana para Goesti Kaparak èstri, krama pikantoek Kjai Soemadimedja, ing ḍoesoen Tjepoeri bawah Nanggoelan, soemaré sami wonten ing makam Tjepoeri. Njai Rijasoewanda Soemadimedja, poepoetra 2 kalih.

   1. Radèn Bagoes Dandang, nama: Radèn Loerah Mangkoedimedja, ladjeng dados Loerah Ganḍèk, Dèn Loerah Djiwadipoera, kloengsoer, nama: Dèn Panèwoe Kretadikara, Panèwoe Midji rèh Kadanoeredjan lijer dados Panèwoe Geḍong tengen, nama: Dèn Panèwoe Dipawigena, poepoetra: Radèn Bekel Djiwadipradja, Bekel Ganḍèk, kalih Dèn Bekel Atmasenggana, Bekel beḍaja.
   2. Njai Rijasoewanda kaping 2 kalih, Dèn Rara Kenḍil.

----

5. Radèn Ngantèn Soemadirdja, anggarwa Dèn Soemadirdja, Wadana ḍistrik Poering ḍongkol.

-----

6. Dèn Pandji Djajadirdja, krama pikantoek poetraning Radèn Ajoe Pringgadirdja, pegat krama pikantoek Tjikdoel, poepoetra: 1. Dèn Ngabèi Singakaswara, 2 Dèn Atma-swara.

Dèn Pandji Djajadirdja waoe krama ping 2 kalih, poepoetra: Dèn Pandji Djajadirdja ping 2 kalih, Pandji pradjoerit Katanggoeng, tilar, tanpa waris, dipoen gentosi poetranipoen Goesti Pangéran Arija Soerjapoetra, Poetra Dalem Kangdjeng Soeltan kaping 6 nem, nama: Radèn Pandji Djajadirdja, Pandji pradjoerit Ketanggoeng, doek timoeré: Radèn Mas Soenoe.

---

11. Poetraning Kjai Adipati Adipoerwa, Ngabèi Resawetjana, Mantri Patéjan.

-----

12. Dèn Menggoeng Djajanagara kaping 3 tiga, Ngajoegjakarta, krama pikantoek poetraning Radèn Toemenggoeng Danoekoesoewa, sangking garwa padmi poetra kang No.20; nama: Radèn Ajoe Djajanagara kaping 3 tiga, poepoetra 2 kalih. blz.315.

1. Radèn Ajoe Djajapranata, anggarwa Pandji distrik ing Pandes, poepoetra.
2. Radèn Ngabèi Wirjadirdja, Midji ing Mangkoeboemèn doek timoeré Dèn Mas Moedjana.

----

13. Mas-adjeng Wangsadipoera, anggarwa Wadana ing Gombong, Karang-anjar.

----

14. Mas Bèi Djagadirdja, Panèwoe Gladag Djaganagaran, sak sédaning kang raka Dèn Menggoeng Djajanagara, kang bok-ipé kinarang-oeloe, poepoetra:

1. Dèn Mas Kentoes, Dèn Ngabèi Mretadimedja, Mantri Midji rèh Kadanoeredjan, garwa anak Demang Djalegong, poepoetra 7 pitoe:
    1. Dèn Bagoes Dolah, Dèn Atmasoepraba, Mantri Bajaran Kadanoeredjan.
    2.3.4.5.6.7.

----

15. Mas-adjeng Dipajoeda, krama Ngabèi Dipajoeda, pinanggih nakmisan, poepoetra djaler: Dèn Ngabèi Santadirdja, Patih Banjoemas, anggarwa poetraning Radèn Adipati Martadirdja, Boepati Poerwakreta, dados rantening Radèn Adipati Mretadirdja, Boepati Banjoemas midali djené, Boepati sapoenika, Radèn Santadirdja sampoen tilar soemaré redi Bendoengan Banjoemas; poepoetra goenggoeng 15. Sigeg poetra ing Adipoerwan.

19. Poetra Danoeredjan sapisan, Mas Rija Djajasoepanta, Boepati Anèm soemaré Moelangi, garwanipoen poepoetra 6 nem.

1. Radèn Ajoe Mangoensentika, poepoetra 2 kalih:
    1. Radèn Ajoe Mangoensetika kaping 2 kalih.
    2. Radèn Ajoe Patrasetika.

---

2. Radèn Ajoe Baoediwirja, poepoetra 2 kalih:
    1. Radèn Ajoe Kiranawati.
    2. Radèn Ngantèn Soemajoeda.

---

3. Mas-adjeng Najamenggala.
4. Mas Rija Djajasoepanta kaping 2 kalih.
5. Mas Danoesoepanta.
6. Mas-adjeng Sawidjaja, poepoetra 4 sakawan.

blz.316.
1. Kjai Djajasetika, kemantoe dateng Mas Bèi Mretadipa, Patih ing Banjoemas, poepoetra 6 nem kasboet ngadjeng.
2. Mas Djajadikrama.
3. Mas Tambak.
4. Mas Rara Ragil. Sigeg.

---

15. 22. Poetra Kadanoeredjan kang No.22 Mas ~~K~~Martawidjaja, badé angsal sih Dalem dipoen pidana, pinoendoet ginedong peteng, pikantoek 40 kawan dasa dinten, salebetipoen dipoen pidana waoe Danoeredjan djawah tangis, aming Radèn Adipati boten roemaos kedjot renteng amoeng pasrah sakarsa Dalem. Sareng waktoe badé kadawoehaken mawi mijos siwaka, dawoehaken Mas Martawidjaja badé kakisas, medal manganggé sarwa petak, ladjeng sowan ing ngarsa Dalem, dawoeh timbalan Dalem mekaten: anaké Adipati Danoeredja, kang djeneng Martawidjaja ingsoen poendoet katetep oekoem kisas, sak-wisé ingsoen kisas, ingsoen poendoet ingkang dadi karsaningsoen ingsoen trimani poetriningsoen, kang djeneng Radèn Adjeng

Prabasoejasa, ḍaoep lan si Martawidjaja, ingsoen djoendjoeng pangkat djeneng Boepati Radèn Toemenggoeng Danoekoesoema, Boepati Anom Kaliwon Kapatijan Kadanoeredjan.

Mangsoeli tjarijos, Mas Martawidjaja, poetranipoen Kangdjeng Radèn Adipati Danoeredja Patih Dalem sapisan Ngajoegjakarta, poepoetra kang No.22 waoe, sampoening pikantoek triman poetri Dalem ingkang mijos patoetan sangking Bendara Radèn Ajoe Srenggara, menawi noedjoe doedoeka trenjoeh rentjem Nala Dalem saged noedjoe njenggarani ndadosaken liperipoen ing Nala Dalem ledjar; Radèn Ajoe Srenggara waoe poetraning Radèn Toemenggoeng Natajoeda, séda ing ḍoesoen Singkalan, Boepati Maosan Dalem ing Keḍoe Keṭiṭang. Mas Martawidjaja waoe, sinoeng pangkat nama: Boepati Radèn Toemenggoeng Danoekoesoema, Boepati Anèm Kliwon Kadanoeredjan; garwa padmi poepoetra 21 salikoer, terak kaping 3 tiga, poetra sangking pangrembé 6 nem idji, goenggoeng poetra 27 pitoe likoer; sak-sédanipoen Radèn Toemenggoeng Danoekoesoema, séda soemaré wonten Patjitan, ladjeng dipoen poeter soemaré ing astana Moelangi, Ngajoegjakarta. Déné sak-sédané Bendara Radèn Ajoe Goesti Danoekoesoema, soemaré dedagan ing astana poera Kiṭa-ageng, garwa padmi tilar poetra 21 salikoer, poetra sangking pangrembé 6 nem, goenggoeng poetra 27 pitoe likoer.

Kados ngaṇḍap poenika poetra sangking padmi, oetawi sangking pangrembé.

---

1. Radèn Toemenggoeng Mretanagara, Boepati Najaka Wadana Keparak kiwa, pikantoek pitedan Poetri Dalem Kangdjeng Soeltan Mengkoeboewana kaping 2 kalih Ngajoegjakarta, pinoedjoe saweg joeswa 21 salikoer taoen Djimakir angka 1722, nalika katriman Poetri Dalem, nama: Goesti Kangdjeng Ratoe Anggèr,

blz.317. patoetan poetra 7 pitoe:

-----

2. Radèn Adjeng Roekijah.

-----

3. Radèn Toemenggoeng Martakoesoema, soemaré Moelangi, garwa tilar poetra 3 tiga:

1. Radèn Bagoes Kadim, Radèn Soetadiwirja, séda njarengi wonten prahara ageng poepoetra 1 satoenggil.

   Dèn Maoel, Dèn Pandji Pantjapoera, Pandji distrik ing Bandjar-waroe, poepoetra 2 kalih:

   1. Dèn Saman, Soeradiwirja.
   2. Dèn Sadinah, sémah Panèket Gladag, Ngabèi Djagatirta, noeroenaken 3 tiga.
      1. Djadiman.
      2. Soedija.
      3. Dikoen.

   ----

2. Radèn Bagoes Katam, Dèn Soetawidjaja, ngalih Mretasetika, soemaré Pakoentjèn Sidajoe Gombong, poepoetra èstri:

   1. Dèn Melok, Dèn Ngantèn Kramadigda, krama poetraning Dèn Ngantèn Sawidjaja, toeroen Mangkoekoesoeman, Keprabon Soenan Kartasoera, Mas Bèi Kramadigda, poepoetra: Dèn Bèi Kramadigda ping 2, Koemetir, tilar anak goemanti Kramadigda ping 3 tiga, Mantri Koemetir.

Sangking pangrembé.

3. Mas Mretawirana, poepoetra:

   1. Mas Mangoen-redja, Demang ing Ambarwinangoen, poepoetra:
      1. Mas Bekel Djajèng-mreta, Midji rèh ing Mangkoeboemèn.

   ----

4. Radèn Mas Ngoesman.

-----

5. Radèn Toemenggoeng Martadiwirja, Boepati Roma, anggarwa poetraning Radèn Ajoe Sasradiningrat, Poetra Dalem Kangdjeng Soeltan kaping sapisan Ngajoegjakarta, pangrembé Mas-adjeng Setjawati, poetraning Ngabèi Kretawidjaja Roma, poetraning Kangdjeng Radèn Adipati Danoeredja kang No.21, ingkang kadoekan, pinanggih nak-ḏèrèk, poepoetra 7 pitoe.

  1. Radèn Bagoes Kamadi, Dèn Bèi Gandadiwirja, ngalih Gandawredaja, séda soemaré Lempoejang-wangi, poepoetra 4.
    1. Dèn Ngabèi Sastraprewata, Manten poepoetra 6 nem.
    2. Dèn Troenaseganda, La(ng)sir Kalibawang.
    3. Dèn Gandawidjaja, Pasratan Kali-bawang.
    4. Dèn Ngantèn Rangga Mangoenpranata, krama pikantoek Rangga Wanasari, poepoetra 7 pitoe.

----

blz.318. Poetranipoen Radèn Toemenggoeng Martadiwirja soemaré Pakoentjèn Gombong, poetra patoetan sangking padmi asli Sasradiningratan.

Poetra kang No.2 kalih, Dèn Adjeng Tjénḏol, anggarwa Kangdjeng Pangéran Arija Soerjawidjaja, Poetra Dalem Kangdjeng Soeltan kaping 3 tiga Ngajoegjakarta.

Poetra No.3 tiga, Dèn Adjeng Entik, krama pikantoek Radèn Pandji Nitidiwirja, Pandji pradjoerit Ḏahèng, poetraning Radèn Toemenggoeng Djajadiwirja, ingkang Kadji, wajah Kadanoeredjan sapisan, patoetan sangking trah Sasranagaran Sokawati, poepoetra 2 kalih:

  1. Dèn Mas Kimpoel, Radèn Pandji Nitidiwirja, kaping 2 kalih Pandji Ḏahèng, lijer dados Pandji Mantri lebet, nama: Radèn Pandji ~~N~~ Ranakoesoema, séda, poepoetra Radèn Pandji Ranakoesoema ping 2 kalih, Dèn Ngabèi Mretadimedja Mantri Kaparak.

Kodjar Radèn Ajoe Nitidiwirja, Entik waoe sédaning laki, krama ping 2 kalih, pikantoek Boepati Magetan, Radèn Toemenggoeng Sasrakoesoema, pinanggih kaprenah paman, teksih poepoetra 4 sakawan.

1. Radèn Soerjakoesoema.
2. Radèn Mas Sasrangoelama.
3. Radèn Mas Martapawira.
4. Radèn Ajoe Djajèngboentara, séda wonten Sarengat.

Mangsoeli rantenipoen Radèn Pandji Nitidiwirja, Ranakoesoema, ingkang noenggil jajah réna kang No.2 kalih, Radèn Watisari, anggarwa poetraning Kangdjeng Pangéran Arija Adiwinata wakil, nama: Radèn Toemenggoeng Poerwawinata, poepoetra djaler, goemanti waris, nama: Radèn Toemenggoeng Poerwawinata ping 2 kalih, Boepati Anèm Ngajoegja, kemantoe Radèn Pandji Joedadipoera, poepoetra Radèn Panèwoe Kretadigdaja.

Poetraning Radèn Toemenggoeng Martadiwirja, kang No.4 sakawan, Dèn Adjeng Doewet, Dèn Ajoe Wangsaprawira, anggarwa Demang doesoen Ngangkrik Sléman, poepoetra 4 sakawan:

1. Dèn Mas Salèh.
2. Dèn Adjeng Doedek.
4. Dèn Mas Gedong Dèn Partakoesoema, sareng dados Mantri Djaksa, nama: Dèn Bèi Wangsapoera.
3. Dèn Mas Sabariman.

Sangking pangrembé, Martadiwirjan.

5 Dèn Nganten Poespawidjaja, 6 Dèn Ngantèn Anon-wasita, 7 Dèn Pandji Danoediwirja, Manten, poepoetra: Dèn Pandji Mangoen-atmadja, Manten.

---

blz. 319. 6. Radèn Adjeng Soejinah.

-----

7. Radèn Mas Dolah.

-----

8. Radèn Mas Ismangil.

-----

9. Radèn Mas Boe(ng)kik.

-----

10. Radèn Mas Ngabdani.

-----

11. Radèn Ajoe Wangsakoesoema, anggarwa poetraning Kangdjeng Pangéran Angabèi, sapisan Ngajoegjakarta, Boepati Wadana Taman poepoetra 6 nem:

- ; 1. Radèn Toemenggoeng Wangsakoesoema kaping 2 kalih, Boepati Anèm Wadana Taman waris.
- 2. Radèn Ajoe Prawiralaja, anggarwa Panèwoe Taman poepoetra 4 sakawan:
  - 1. Radèn Ajoe Mangkoewilaja, anggarwa Radèn Toemenggoeng Mangkoewilaja, goemanti dados Wadana Taman poepoetra 2 kalih.
    - 1. Dèn Mas Soeki, djaka adjal.
    - 2. Dèn Toemenggoeng Mangkoewilaja kaping 2 kalih, goemanti waris Boepati Anèm Wadana Taman, poepoetra.

  - 2. Dèn Mas Njana.
  - 3. Radèn Ajoe Pakoewati, langen Dalem∠kaping 5 gangsal Ngajoegjakarta, pegat soeroed Dalem dèrèng poepoetra. Krama kemantoe Radèn Rija Soewawidjaja.

∠Kangdjeng Soeltan

- 3. Radèn Ajoe Wangsadirdja, poepoetra: Radèn Toemenggoeng Wirjanagara, garwa poepoetra 4 sakawan:
  - 1. Radèn Toemenggoeng Wirjanagara ping 2, waris Boepati Anèm.

2. Radèn Mas Garèng, adjal.
3. Radèn Ngabèi Wangsapoera, krama pikantoek ing Soerjaprawiran.
4. Radèn Ngantèn Kramadigda ping 2, poepoetra 1 Dèn Bèi Kramadigda ping 3 tiga, Mantri Koemetir;

   pegat krama ping kalih pikantoek Ngabèi Djagatirta.

----

4. Radèn Ajoe Resasentana.
5. Radèn Panèwoe Sasrakoesoema, séda soemaré Moelangi.
6. Radèn Bèi Sastra-atmadja, poepoetra: Dèn Ngantèn.

----

12. Radèn Adjeng Kamilah.
13. Radèn Adjeng Ngaisah.
14. Radèn Adjeng Ḍoenoek.
15. Radèn Adjeng Srendel.

---

blz.320. 16. Radèn Toemenggoeng Koesoemaredja, Boepati Maosan Dalem tanah Roma, Djatinagara, soemaré Pakcentjèn Sida-ajoe Gombong, garwa poepoetra 7 pitoe:

1. Radèn Ajoe Danoeprawira, anggarwa poetraning Radèn Martaredja, Radèn Ajoe Danoeprawira poepoetra Dèn Mas Poṭèt.
2. Radèn Ngabèi Martawidjaja, ing Karang-tengah.
3. Radèn Ngabèi Koesoemaredja, Wedana ḍongkol Banjoemas.
4. Radèn Toemenggoeng Koesoemaredja, Boepati Najaka Wadana Panoemping, poepoetra 1 Radèn Panèwoe Sindoeprawita, 2 Dèn Ngantèn Wirjaredja, garwa Demang Redi Kidoel.
5. Radèn Ajoe Djajadiningrat, anggarwa Radèn Adipati Djajadiningrat, Boepati Karang-anjar pènsijoen; poepoetra Dèn Mas Soemri, adjal.
6. Radèn Panèwoe Kreta-ardja, lijer dados Panèwoe Keparak tengen.
7. Radèn Ajoe Gandawidjaja, anggarwa Onder Kolèktoer Koeṭa-

∠ nak- ardja, poetraning Radèn Ngabèi Gandawidjaja, ∠sanak séda, poepoetra.

----

17. Radèn Martawidjaja, katriman Poetra Dalem Sampéjan Dalem Kangdjeng Goesti Pangéran Adipati Radja, nama: Radèn Toemenggoeng Danoekoesoema kaping 2 kalih, sareng dahoeroe prang Dipanagaran, medal asma: Radèn Ngabdoellah, Adipati Danoeredja, sareng bakda prang Dipanagaran, ladjeng loemebet ing nagari, nama: Radèn Adipati Danoe-adiningrat, pikantoek pènsijoen wang pangidoepan, déning Kangdjeng Goepremèn, 250 kalih atoes sèket roepijah petak, sawoelanipoen; sareng Kangdjeng Goesti sampoen djoemeneng Nata, djoeloek Kangdjeng Soeltan Mengkoeboewana kaping 3 tiga, Ingkang Sinoehoen Radja, Ngajoegjakarta, Bendara Radèn Ajoe Danoe-adiningrat waoe, poetri patoetan sangking Radèn Soertikawati
e/
garwa pangrembé Dalem, asli trah toroen Karang-lon.

Déné Bendara Goesti Radèn Ajoe Danoekoesoema kaping 2 kalih, Danoe-adiningrat, soemaré Imagiri Kadaton ngastana Basijaran, tilar poetra 10 sadasa, Radèn Adipati Danoe-adiningrat soemaré ngastana ing Moelangi, Ngajoegjakarta.

1. Badjeng Radèn Rija Danoekoesoema, abdi Dalem Soema-poetra anggarwa poetraning Mas Toemenggoeng Kendoeroewan, patoetan poetra ingkang sangking Mangkoekoesoeman, séda soemaré Lempoejang-wangi boten poepoetra.

-----

2. Radèn Ajoe Soerja-atmadja, pindah nama: Radèn Ajoe Dipaningrat, anggarwa poetraning Kangdjeng Pangéran Arija
blz.321. Dipanagara, patoetan satoenggil.
    1. Radèn Mas Djana, Radèn Mas Djajèngprawira, krama pikantoek nak-dèrèk, poepoetra: Radèn Ajoe Kertakoesoema, séda dèrèng poepoetra.
    2. Dèn Mas.......

3. Dèn Mas .....

Sangking pangrembé.

4. Dèn Gebajan Sartiman, Atmaredja.

Radèn Ajoe Dipaningrat, ladjeng pegat, laki kakéndangaken mring Menado, krama kaping 2 kalih pikantoek Mas Toemenggoeng Resasentana, Boepati Anèm Midji Kadanoeredjan, soemaré Moelangi serimbit, poepoetra 2 kalih.

1. Radèn Mas Moekmin, Panèwoe Pantjasentana, Panèwoe Loerah pradjoerit Soerakarsa, kemantoe Radèn Toemenggoeng Tjakranagara.
2. Radèn Adjeng Moeinah, Radèn Ajoe Dipadipradja, anggarwa poetraning Radèn Toemenggoeng Nitinagara, poetra sangking padmi.

---

3. Bendara Radèn Ajoe Danoeredja, sepoeh, anggarwa Kangdjeng Radèn Adipati Danoeredja, Ridering orde Nèdrelanseléjo, Patih kaping 5 Ngajoegjakarta.

---

4. Radèn Ajoe Soerjanagara, kemantoe Kangdjeng Pangéran Arija Dipanagara, pegat séda prang alam Dipanagaran, krama kaping 2 kalih, pikantoek Kjai Rangga Resanagara, poetraning Kjai Toemenggoeng Resanagara, poetraning Kjai Ngabèi Babah Lanang, poetraning Toemenggoeng Sepa(n)djang, Boepati Tandjoeng Gandarija, tanah Demak, mila toeroenipoen Sin Babah Lanang Radèn Adipati Danoeredja, kakresakaken njaèni, nalika ngloeroeg dateng Pakalongan, wonten bawah Semarang, Tandjoeng Gandarija, manggihaken Kangdjeng Kjai Gandjoer, prasadja, Kangdjeng Kjai Plèrèd, nalika kebandang doek prang Petjina, ing Kartasoera, dawah Ngajoegja poenika sababipoen waktoe semanten kateboes 10 ringgit.

Radèn Ajoe Resanagara, poepoetra:

1. Radèn Ajoe Ardja-dinama, anggarwa Demang Redi Kidoel Semoegih.

2. Radèn Panèwoe Tjitrapratanda, anggarwa poetraning Radèn Ajoe Natajoeda, patoetan sangking Radèn Toemenggoeng Sasradipoera, Boepati Wadana distrik Bantoel Karang.

----

5. Radèn Mas Tarékat, Radèn Mas Martawidjaja, séda soemaré goesoen Karang-toeri ing Soekaradja, Banjoemas, poepoetra 3 tiga:

   1. Dèn Mas Garèng.
   2. Dèn Adjeng Tjeki.
   3. Dèn Mas Gija.

----

blz.322. 6. Radèn Mas Hakékat, séda gerah tjatjar, nengahi dahoeroe ing Dipanagaran, soemaré goesoen Toebin Kilèn Pragi Sentolo.

----

7. Poetra sangking padmi asli Mangkoekoesoeman, poepoetra: Radèn Mas [illegible] Marijoen, kang iboe ladjeng kéndang pegat.

----

8. Pangrembé Njai Senggrèng, Dèn Mas Marija, soemaré Lempoejang-wangi.

9. Dèn Ajoe Soediralaja, soemaré Lempoejang-wangi, poepoetra 3.

   ------- 1. Dèn Karméja, goemanti waris, Dèn Soediralaja kaping 2 kalih, Loerah Galang Daleman.
   2. Dèn Rara Tjendol.
   3. Dèn Ajoe Wangsaseparta, poepoetra Dèn Rara ---- Moeinah, krama pikantoek Kertaredja, adjal.

----

10. Dèn Mas Writja, séda soemaré Lempoejang-wangi. Sigeg.

---

18. Radèn Adjeng Noerijah.

-----

19. Radèn Mas Soedjada.

-----

20. Radèn Ajoe Djaganagara, kaping 3 tiga, sak-sédaning laki, ladjeng kinarang-oeloe ingkang raji ipé, Panèwoe Djagadirdja, Panèwoe Gladag, poepoetra sampoen kaseboet ngadjeng, séda, kalebet krama kaping 3 tiga, pikantoek: Toemenggoeng Soeradirdja, tilas Toemenggoeng Daolah djawi Dipanagaran, poepoetra èstri:

    1. Dèn Adjeng Patimah, krama pikantoek Ngabèi Gandadimedja, séda soemaré Moelangi, kemantoe Ngabèi Kretabaoe soemaré Moelangi.

--- -------------

21. Radèn Mas Djajadi.

Sangking pangrembé Bak-adjeng Semi.

22. Mas Rara Djalijah séda teksih timoer.

-----

23. Mas-agoes Kadim.

-----

24. Dèn Nganten Pengoeloe Nawawi, anggarwa Pengoeloe Karang-anjar, poepoetra 3 tiga:

    1. Dèn Nganten Soeradikrama, krama pikantoek Ngabèi Soeradikrama; poepoetra: 1 Dèn Soerawidjaja, Méster Djawi.
    2. Dèn Rara Pondok Soeraredja.

Poetraning Dèn Nganten Pengoeloe Nawawi, Karang-anjar, poetra kang No.2.

blz.323. 2. Dèn Nganten Masèh, anggarwa Pangoeloe Naip ing Soka, Karang-anjar, poepoetra 2 kalih:

1. Dèn Ngabdoellah Pangoeloe Naip Poering.

2. Dèn Moehammad Pangoeloe Naip waris ing Soka, Karang-anjar.

Poetra No.3 Dèn Rara Emploek, krama pikantoek Glondong Poering, Mas Wangsataroena, poepoetra:

1. Dèn Wangsaprebawa, goemanti waris, dados Glondong Poering Karang-anjar.

---

25. Radèn Bagoes Djaiman.

---

26. Radèn Ngabèi Danoewidjaja, Wadana pènsijoen Petanahan; garwanipoen poepoetra 4 sakawan: blz.7

-- 1. Dèn Nganten Éndra-ardja, anggarwa Mas Pandji Éndra-ardja, poepoetra 5 gangsal:

- 1.Dèn Rara Gowok, Dèn Nganten Gandagena;
  2.Dèn Bagoes Géwol, Dèn Ngabèi Pantjawirana.
  3.Dèn Bagoes Kater, Dèn Pandji Éndra-ardja ping 2.
  4.Dèn Bagoes Kabit, Dèn Sastradipoera.
  5. Dèn Bagoes Toengik, Dèn Ngabèi Éndrawilaga.

-- 2. Radèn Ngabèi Gandawidjaja, Goeroe pamoelangan ladjeng dados Onder Kolèktoer Kita-ardja, garwa poetraning Radèn Toemenggoeng Soemaredja, kang No.7 pitoe, poepoetra 2 kalih:

-- 1. Dèn Bèi Ganda-atmadja, asistèn wadana pènsijoen ing Djagabaja.
2. Dèn Bèi Gandadipoera, Asistèn wadana ing Boetoeh Koeta-ardja.

Radèn Ngabèi Gandawidjaja, pegat adjal krama ping 2 kalih, pikantoek poetraning Radèn Adipati Kartanagara, Boepati Karang-anjar, poepoetra 9 sanga. Ing Kalapa-akingan.

1. Dèn Gandaprawira, Asistèn wadana Krandegan.
2. Dèn Gandadirdja.
3. Dèn Bagoes Jakoep adjal.
4. Dèn Bagoes Joesoep.
5. Dèn Bagoes Iljas.
6. Dèn Bagoes Ramelan.
7. Dèn Gandasedira Parman, Klèrek Pos Semarang.
8. Dèn Rara Soedji, krama pikantoek Sepir Joedasoedirdja.
9. Dèn Marsami.

---

blz.324. 27. Mas-agoes Timba; Sigeg poetranipoen Radèn Toemenggoeng Danoekoesoema.

Poetranipoen Kangdjeng Radèn Adipati Danoeredja Patih kaping sapisan Ngajoegja; kotjap poetra kang No.24 kalih dasa sekawan, Radèn Ajoe Demang Tanpa-nangkil, anggarwa Kangdjeng Pangéran Arija Demang Tanpa-nangkil, wit dipoen namani Demang Tanpa-nangkil, waktoe éndjing kresa Dalem Kangdjeng Soeltan sapisan badé bidalan pindah dateng Kadaton ing Gredjitawati, sangking redi Tamboela ing Gamping, langen Dalem Mas-ajoe Wredi, kabrodjolan anggènipoen ngartali babar mijos kakoeng, nama: Radèn Mas Demang, dados kantoen wonten ing redi Tamboela, pasanggrahan Kadaton Tlaga, poenika Gamping, ladjeng goemadoeh poetra wonten Kadanoeredjan, pasrah dateng Bendara Radèn Ajoe Bendara, garwa sangking Éndranatan; ladjeng krama pikantoek Radèn Ajoe Demang, poepoetra 8 woloe, sangking pangrembé 10 sadasa, goenggoeng poetra 18 woloelas.

1. Padmi, Radèn Toemenggoeng Wirjakoesoema, anggarwa Poetra Dalem Kangdjeng Soeltan kaping 2 kalih Ngajoegjakarta, ladjeng nama: Radèn Toemenggoeng Soerjanagara, ngalih: Ra-

dèn Toemenggoeng Prawiradiningrat, Najaka wadana Kaparak tengen, poepoetra: Radèn Ajoe Toemenggoeng Wadana Kaparak Para Goesti, krama pikantoek Radèn Toemenggoeng Mangoendjaja, Boepati anèm waris, Kliwon Kaparak tengen, gaboeg.

-----

2. Padmi, Radèn Toemenggoeng Wirjataroena, garwa poepoetra 1 Radèn Ngabèi Mreta-atmadja, abdi dalem Soemapoetra, garwa poepoetra: Dèn Bekel Mangkoe-ardja, Bekel Poenakawan Ordenas kemantoe Dèn Rija Prawiralaja.

-----

3. Radèn Kertakoesoema.

-----

4. Sangking pangrembé, Radèn Rija Séna-atmadja.

-----

5. Padmi, Radèn Mas Senapa.

-----

6. Sangking pangrembé, Radèn Rija Djajaprana, Boepati Anèm.

-----

7. Radèn Mas Soemarja; padmi.

-----

8. Padmi, Radèn Adjeng Sainah.

-----

9. Padmi, Radèn Adjeng Soeminah.

-----

10. Sangking pangrembé, Radèn Rija Mretadirdja, Panèwoe sepoeh Keparak, anggarwa asli Kaliwoengoe, poepoetra: Radèn Mas Roeslan Radèn Rija Mretadirdja, kaping 2 kalih waris, sentana Poelangjoenan ibonipoen.

-----

blz.325. 11. Sangking pangrembé, Radèn Ajoe Dasamoeka.

-----

12. Sangking pangrembé, Radèn Rija Prawira-atmadja.

-----

13. Sangking pangrembé nèm, Radèn Ajoe Resadiwirja, anggarwa Kjai Resadiwirja, poepoetra:

    1. Radèn Ajoe Najaredja, anggarwa Ngabèi Najaredja, Loerah Prijataka.
    2. Radèn Ngabèi Mretasastra, Djaksa Keparak kiwa.
    3. Radèn Panèwoe Kretawetjana, Panèwoe Damel.

----

14. Sangking pangrembé sepoeh, Radèn Ajoe Dipawidjaja, anggarwa Kangdjeng Pangéran Arija Dipawidjaja, Poetra Dalem Kangdjeng Soeltan kaping 2 kalih, krama misan; poepoetra:

    1. Radèn Toemenggoeng Dipawinata, Boepati Anèm Kaliwon.

----

15. Sangking pangrembé, Radèn Ajoe Soema-atmadja;

-----

16. Sangking pangrembé, Radèn Rija Soediratmadja.

-----

17. Sangking pangrembé, Radèn Pandji Imajoeda, Pandji pradjoerit Kawandasa.

-----

18. Padmi Radèn Adjeng Wragil, Ø Sigeg poetra Kademangan, goenggoeng 18.

Poetranipoen Kangdjeng Radèn Adipati Danoeredja, kaping sapisan Ngajoegjakarta, kotjap poetra kang No.25, sangking Bakadjeng Klembak, Mas Tirtadiwirja, sareng katriman poetra Dalem Kangdjeng Soeltan kaping sapisan Ngajoegjakarta, sinoeng pangkat Boepati, Radèn Toemenggoeng Danoenagara, Boepati Najaka, Wadana Panoemping, poepoetra 7 pitoe.

Sangking sémah Sepoeh Dèn Ngantèn Tirtadiwirja.

1. Radèn Ngantèn Martaredja, kemantoe Ngabèi Martadiwangsa, Ngadiredja, poepoetra 3 tiga:

    1. Radèn Danoepawira,
    2. Radèn Mertadimedja.

3. Radèn Mretaredja ping 2, poepoetra Dèn Ngantèn Kartadimedja, poepoetra 2.
    1. Dèn Kartawirana, Asistèn Wadana.
    2. Dèn Kartadiwirja, Mantri goeroe Gombong.
    3. Dèn Kartapawira.
    4. Dèn Moersilah, langening Radèn Adipati Kartanagara, sepoeh, poepoetra: Dèn Rara Salamah, krama pikantoek Radèn Atmadikoesoema, poetraning Radèn Ngabèi Soemaredja, Klapa-gada, poetraning Radèn Toemenggoeng Soemaredja, soemaré Koentjèn Sida-ajoe Gombong.

---

blz.326. 2. Poetraning Radèn Toemenggoeng Danoenagara sangking pangrembé 2 kalih.

1. Mas Saresan Nitiprawira, poepoetra 4.
    1. Mas Sléman Prawiradimedja.
    2. Mas Paliman Kertadimedja.
    3. Mas Moeljadi.
    4. Mas Sijem Radèn Dajaresmi, pangrembéning Radèn Pandji Djajawilaja, rantening Radèn Toemenggoeng Soerjanagara, poetraning kemantoe Radèn Pandji Djajawilaja, patoetan sangking Mas Sijem Dajaresmi.

---

3. 2. Dèn Panèwoe Tirta-atmadja, garwanipoen poepoetra 2 kalih.

1. Dèn Panèwoe Tirtadiwirja, poepoetra 3 tiga:
    1. Dèn Sakilah.
    2. Dèn Kamisih.
    3. Dèn Kandar.
2. Dèn Demang Danoewidjaja, dados Demang Wana-tjatoer.

Poetra sangking padmi.

4. Radèn Ajoe Semaradana, anggarwa Mas Loerah Semaradana, Abdi Dalem Loerah Gandèk.

---

5. Radèn Ajoe Martasana, anggarwa Kangdjeng Pangéran Martasana.

---

6. Radèn Toemenggoeng Danoenagara kaping 2 kalih, kang séda Semarang, poepoetra 2 kalih:
    1. Radèn Rara Sadmijah Dèn Ngantèn Moestari, poepoetra djaler dados Djadjar pradjoerit Mantri lebet waris.
    2. Dèn Rara Soejimah, Dèn Ngantèn Atmasemantri.

Poetra sangking pangrembé.

7. Dèn Ngantèn Djajèng-prang, aming gaboeg. Sigeg Danoenagaran.

---

16. Kodjar katjrijos, Radèn Toemenggoeng Mretanagara, anggènipoen dipoen sinoeng pangkat nama Boepati daweg joeswa 21 warsa, Boepati Najaka Wadana Kaparak kiwa, pinoedjoe taoen Djimakir angka 1722; sareng sampoen joeswa 25 salangkoeng warsa, kinawoela-wisoeḍa, sabijantoe abi-praja lan Kangdjeng Koempeni, kinèn goemanti kalenggahan anggènipoen dados Patih Dalem ingkang éjang, kaping sapisan Ngajoegja, nama: Kangdjeng Radèn Adipati Danoeredja, kaping 2 kalih, Patih Dalem Ngajoegjakarta, marengi taoen Djé, angka 1726, ḍaoep pikantoek triman Poetri Dalem Ingkang Sinoehoen Kangdjeng Soeltan Mengkoeboewana kaping 2 kalih Ngajoegjakarta. blz.327.

Poetri Dalem nama: Goesti Kangdjeng Ratoe Anggèr, kang soemaré Kiṭa-ageng, déné ngladosi Kresa Dalem Papatih Dalem moeng pikantoek 13 tiga welas warsa, soeroedipoen pinoedjoe saweg joeswa 37 tigang dasa pitoe warsa, kapeksa saweg marengi dinten Kemis Pon tanggal kaping 14 woelan Sawal, taoen Djimakir angka 1738, lajon soemaré Banjoe-soemoeroep, dèn lih pinoeter soemaré Moelangi, waktoe nalika pangelihipoen, déning poetra wajah kaidin Kangdjeng Soeltan Mengkoeboewana kaping 6 nem Ngajoegjakarta, marengi dinten Rebo Pon tanggal kaping 14 woelan Besar taoen Wawoe angka 1793, soemaré Moelangi Ngajoegjakarta. Déné wijosanipoen taoen Djé, angka 1702; tilar poetra kakoeng poetri 15 gangsal welas, kakoeng 6 nem, poetri 9 sanga, kados ngandap poenika: blz.328.

Poetra sangking padmi; oetawi poetra sangking garwa paminggir.

Poetra sangking padmi Goesti Kangdjeng Ratoe Anggèr.

1. Radèn Mas Djada, séda teksih timoer.

-----

2. Radèn Ajoe Poerwadiningrat, anggarwa Kangdjeng Pangéran Arija Poerwadiningrat, Poetra Dalem Kangdjeng Soeltan kaping 3 tiga Ngajoegjakarta.

------

3. Kangdjeng Ratoe Kantjana, garwa Dalem Kangdjeng Soeltan Mengkoeboewana kaping 4 sakawan Ngajoegjakarta, kaseboet Sinoehoen Séda mentas besijar, iboe Dalem Kangdjeng Soeltan kaping 5 gangsal Ngajoegjakarta; Iboe Dalem Kangdjeng Soeltan kaping 6 nem Ngajoegjakarta.

-----

4. Radèn Mas Kabib, séda timoer.

-----

5. Radèn Ajoe Djajanagara, anggarwa Boepati Najaka, Radèn Toemenggoeng Djajanagara, trah Karang-krètjèk.

-----

6. Kangdjeng Pangéran Arija Joedanagara, Kolonèl Adjoedan pan setap, Ngajoegjakarta, soemaré Moelangi serimbit.

-----

7. Radèn Ajoe Sasradipoera, anggarwa Radèn Toemenggoeng Sasradipoera, Wadana ḍistrik Kidoel nagari, tanah Bantoel Karang, Ngajoegjakarta; pegat séda, krama ping 2 kalih nama: Radèn Ajoe Natajoeda, séda soemaré Moelangi.

-----

blz.328. Poetra sangking garwa paminggir, Bak-adjeng Jati.

1. Radèn Ajoe Resadikrama, pegat sampoen poepoetra Dèn Rara Granḍoel; Kjai Resadikrama waoe, poetraning Kjai Toemenggoeng Resanagara, anaking djaler Kjai Bah Lanang, poetraning ~~K~~ Toemenggoeng Sepandjang, Boepati Tandjoeng Gandarija, alam Petjina, Kartasoera, wit Kjai Bah Lanang waoe katrima déning Kangdjeng Soeltan kaping sapisan kala ngrebasèng Pakalongan neloekaken Adipati Djajaningrat kaping 2, kalih Radèn Soepama, poetraning Adipati Natakoesoema Patih Kartasoera, Radèn Soepama kemantoe: Adipati Djajaningrat sapisan Boepati Pakalongan toeroening Toemenggoeng Mirmagati, toeroen Ki Glésong Samarang bangsa Sin, alam Kangdjeng Soehoenan Mangkoerat Ageng soemaré Tegal-aroem, dené katrimanipoen, Kjai Lanang sak toeroen-toeroen awit manggihaken Kangdjeng Kjai Gandjoer, itjal doek alam dahoeroe Petjina, dipoen teboes arta 10 sadasa ringgit, dateng Ingkang Sinoehoen kaping sapisan, mila toeroenipoen siningit kadadosaken Boepati djawi, dené anakipoen Kjai Toemenggoeng Resanagara waoe ingkang nama: Kjai Resadikrama, kemantoe Kadanoeredjan ngartali, kadjengipoen Kjai Resadikrama, dipoen tingkebi tjara-tjara, ngartali pikantoek woloeng woelan itjal kimpès tanpa karana, sareng ngartali kaping 2 kalih boten mawi tjara-tjara, amoeng tjara toeroen Banjoemas, saged kaleksanan babar èstri, nama: Radèn Rara Granḍoel, sampoening diwasa, krama pikantoek poetraning Kjai Toemenggoeng Sawoenggaling, Boepati Koeṭawinangoen, sadèrèngipoen pinḍah ḍateng Kaboepatèn Kiṭa-ardja, Dèn Rara Granḍoel krama pikantoek Dèn Djebeng, Radèn Toemenggoeng Sasradirdja, Boepati Wadana ḍistrik Sléman.

Poetra sangking garwa pangrembé Bak-adjeng Jati poepoetra 2.

1. Radèn Bèi Poespa Djajèngwredaja, soemaré Moelangi.

———

2. Radèn Ajoe Djajaprana, anggarwa Radèn Rija Djajaprana, Kademangan, poepoetra: Radèn Panèwoe Mretawigena, Simping Wahana, soemaré Pakoentjèn Tegal-redja.

Poetra sangking garwa pangrembé, Mas-adjeng Pratignjawati.

1. Radèn Ajoe Mangkoeredja, anggarwa Dèn Rija Mangkoeredja, Wadana Srati Penanḍon, toeroen Keḍoe Keṭiṭang, poetraning Toemenggoeng Mangkoeredja Keḍoe;

Sangking garwa pangrembé Mas-adjeng Poelangjoen, soemaré Lempoejang-wangi poepoetra 3 tiga:

1. Radèn Toemenggoeng Mretanagara, Litnan Kolonèl Koemenḍan pradjoerit.
2. Kangdjeng Radèn Adipati Danoeredja Riddering orḍe Nèderlanseléjo;
3. Radèn Ajoe Kalapa-aking, anggarwa Mas Toemenggoeng Kalapa-aking, Pandjer. Krama ping 2 kalih Radèn Ajoe Wiranagara, soemaré Karang-toeri, Wijara.

----

blz.329. Poetra sangking garwa pangrembé, Mas-adjeng Semara-resmi, asli Sala.

1. Radèn Ajoe Djajagada, nama: ingkang wekasan séda soemaré Moelangi.

Pratélan para poetra dipoen oeroet sepoeh.

1. Sangking Bak-adjeng Jati, Radèn Ajoe Mangoen-nagara, krama sapisan pikantoek anakipoen Kjai Toemenggoeng Resanagara, Kjai Resadikrama, ngartali 8 woloeng tjandra, mawi tjara tingkeb anggènipoen ngartali ladjeng itjal kimpès tanpa karana, sareng ngartali kaping 2 kalih tjara Banjoemas boten mawi poenapa-poenapa, wiloedjeng babar èstri nama: Dèn Rara Granḍoel, diwasa krama pikantoek Dèn Djebeng, poetraning Kjai Toemenggoeng Sawoenggaling, trah toeroen ing Djedjeran tinanem

Boepati Koeṭawinangoen, sadèrèngipoen ngalih Kaboepatèn ḍateng Koeṭa-ardja, siti Maosan Dalem Panoembak-anjar, lenggah Pangéran Toemenggoeng Makoeningrat rantening Radèn Soepama, Djajaningrat kaping 2 kalih, nama: Pangéran Toemenggoeng Natakoesoema, kaping 2 kalih, Boepati Najaka Loerah Wadana Panoembak-sèwoe, tanah lenggah Roma Djatinagara, Dèn Rara Granḍoel nama: Radèn Nganten Sasradirdja, Boepati Wadana ḍistrik Sléman, poepoetra: Radèn Rija Sasradirdja Boepati Anèm. Kjai Toemenggoeng Sawoenggaling, sareng séda soemaré Djedjeran.

Radèn Ajoe Resadikrama, sédaning laki krama ping 2 kalih, krama pikantoek Kjai Mangkoedikrama, poepoetra 2 kalih:

1. Dèn Rara Réjong nama: Dèn Ajoe Goenamritja, poepoetra 4.
    1. Dèn Ngantèn Mangoen-redja, poepoetra 1, Dèn Léjo pegat tilar krama ping 2 kalih pikantoek Mas Mangoen-atmadja, Demang Djobohan, poepoetra 3 tiga:
        1. Dèn Bandi.
        2. Dèn Mahérah, sémah Demang Mangoendikrama, Wiladen.
        3. Dèn Oemi Salamah, krama Demang Wirjasentana, Karang-madja Plajen ris kilèn.

        p----

    2. Dèn Ngantèn Mangkoetaroena, Peṭik, ladjeng nama: Dèn Ngantèn Ranakoesoema, Pandji pradjoerit Mantri lebet tilar, poetra goemanti nama: Dèn Pandji Ranakoesoema ping 2, potjot.

        ----

    3. Dèn Goplok.
    4. Dèn Djanis.

    ----

2. Dèn Rara Tawil, Dèn Ajoe Djawirana, krama Loerah Boegis, poepoetra:
    1. Dèn Ngantèn Mangoen-dimedja, Gowok, 2 Dèn Ngantèn Tjakradipoera, 3 Dèn Djarot, Djawirana ping 2 kalih, 4

Dèn Wasi, 5 Dèn Wasil.

---

blz.330. Kjai Mangkoedikrama, pegat séda, krama kaping 3 tiga, pikantoek Kjai Nitikrama, ngalih nama: Kjai Danoekrama, pikantoek sih Dalem pangkat nama: Boepati Anèm, Kjai Toemenggoeng Mangoen-nagara, Boepati Maosan Dalem ngiras poelisi wonten ing Bantoel Karang, Radèn Ajoe nama: Radèn Ajoe Mangoen-nagara, poepoetra 2 kalih:

1. Radèn Ajoe Djajadiningrat, anggarwa Radèn Toemenggoeng Djajadiningrat, poetraning Radèn Toemenggoeng Djaningrat Djedjeran.
2. Radèn Wadana Joedadirdja, Wadana Boegis, anggarwa poetraning Radèn Rija Diparatmedja, poepoetra Radèn Wadana Joedadirdja kaping kalih.

2. Sangking padmi, Radèn Mas Djada, séda teksih timoer.

3. Sangking padmi, Radèn Ajoe Poerwadiningrat, anggarwa Kangdjeng Pangéran Arja Poerwadiningrat, Poetra Dalem Kangdjeng Soeltan kaping 3 tiga, Ngajoegjakarta; ingkang bibi asli ing Demak-idjo, poepoetra patoetan 1 satoenggil:

1 Radèn Rija Poerwakoesoema, kemantoe dateng Kangdjeng Radèn Adipati Danoeredja, Riddering orde Nèderlanselèjo, Patih kaping 5 Ngajoegjakarta, sami boten poepoetra soemaré Moelangi; garwa krama ping 2 kalih, pikantoek Radèn Mas Soerjaprawira, boten poepoetra sampoen séda soemaré Moelangi.

4. Kangdjeng Ratoe Kantjana, anggarwa Dalem Kangdjeng Soeltan Mengkoeboewana kaping 4 sakawan Ngajoegjakarta, Ingkang Sinoehoen Séda mentas besijar. Kangdjeng Ratoe Kantjana, nama: Kangdjeng Ratoe Ageng, poepoetra 4 sakawan:

1. Kangdjeng Goesti Pangéran Adipati Anom séda teksih timoer, soemaré Imagiri.

----

2. Ingkang Sinoehoen Kangdjeng Soeltan Mengkoeboewana kaping 5 gangsal, Ngajoegjakarta, Poetri Dalem 4 sakawan:

   1. Garwa pangrembé, Radèn Ajoe Goesti Gandakoesoema, bibi Radèn Ajoe Déwaningsih, soemaré Moelangi.

   ----

   2. Garwa pangrembé, Bendara Radèn Ajoe Adiwinata, bibi: Radèn Panoekmawati, kéndang.

   ----

   3. Garwa pangrembé, Radèn Ajoe Goesti Adipati Mengkoeboemi, bibi Radèn Ajoe Sriwoelan.

   ----

   4. Kang iboe Kangdjeng Ratoe Kaḏaton, Radèn Mas Goesti Moehkammad, Kangdjeng Pangéran Arija Soerjaning-alaga, ladjeng kénḏang mring tanah Menaḏo, kalih ingkang iboe Kangdjeng Ratoe Kaḏaton.

blz.331.

----

3. Ingkang Sinoehoen Kangdjeng Soeltan Mengkoeboewana kaping 6 nem, ing Ngajoegjakarta, garwa Dalem 2 kalih; 1 Kangdddjeng Ratoe Kantjana, sampoening Ingkang Sinoehoen soeroed, ladjeng nama: Kangdjeng Ratoe Mengkoeboewana, soemaré Imagiri, Poetri Dalem Kangdjeng Soehoenan Pakoeboewana kaping 8 woloe, ing Soerakarta Adiningrat.

----

2. kalih, Kangdjeng Ratoe Soeltan, ladjeng nama: Kangdjeng Ratoe Ageng, goenggoeng Poetra Dalem Ingkang Sinoehoen kaping 6 nem, 23 tiga likoer, Poetri Dalem Kangdjeng Ratoe Soeltan pinoenḏoet poetra Kangdjeng Ratoe Kantjana, poetra badjeng, Kangdjeng Sinoehoen Kangdjeng Soeltan Mengkoeboewana kaping 7 pitoe Ngajoegjakarta,

Komandoering bintang Nèderlanselèjo, kroet opisir dèr orge pan Oranjenasao, groet opisiring kroen ing nagari Sijem, Djéndral Majoring wadya bala Dalem Kangdjeng Sri Maha Radja Dèwi ing nagari Nèderlanden.

Poetra Dalem: 2. Sangking poetri garwa pangrembé, Radèn Tédjaningsih, Radèn Adjeng Samilah, séda, soemaré Moelangi.

---

3. Sangking poetri padmi, Kangdjeng Ratoe Soeltan, nama: Goesti Kangdjeng Ratoe Anggèr, anggarwa Kangdjeng Pangéran Arija Joedanagara kaping 2 kalih Ngajoegja, sarimbit sami soemaré Imagiri, tilar poetra.

----

4. Sangking poetri garwa pangrembé, Radèn Poedjaretna, Radèn Mas Soeléman, séda soemaré Moelangi.

----

5. Sangking poetri padmi, Kangdjeng Ratoe Soeltan, Goesti Kangdjeng Ratoe Pambajoen, anggarwa Kangdjeng Radèn Adipati Danoeredja, Patih Dalem kaping 6 nem Ngajoegjakarta, poepoetra.

-----

6. Sangking poetri garwa pangrembé, Radèn Retnaningdyah, Kangdjeng Pangéran Arija Poerbaja.

----

7. Sangking poetri padmi, Kangdjeng Ratoe Soeltan, Goesti Kangdjeng Ratoe Anom, anggarwa Radèn Mas Danoeningrat Manten, mring Menado, poepoetra. Goesti Kangdjeng Ratoe Anom soemaré Ngambon.

----

8. Sangking poetri garwa pangrembé, Radèn Semitaningroem, Radèn Ajoe Goesti Poerwadiningrat, anggarwa Radèn Mas Poerwadiningrat, Manten, poepoetra. bls.332.

Poetra Dalem. 9. Sangking poetri padmi, Kangdjeng Ratoe Soeltan, kang pinoendoet Poetra Dalem Kangdjeng Soeltan kaping 5 gangsal Ngajoegjakarta, Goesti Kangdjeng Pangeran Arija Soerja Mantaram.

---

10. Sangking poetri padmi, Kangdjeng Ratoe Soeltan, Goesti Kangdjeng Ratoe Ajoe, anggarwa Radèn Mas Adipati Arja Adiningrat, Boepati ing Demak, séda soemaré Imagiri Ngajoegja, tilar poetri.

---

11. Sangking poetri padmi, Kangdjeng Ratoe Soeltan, pinoendoet Poetra Iboe Dalem Kangdjeng Ratoe Kantjana, Kangdjeng Goesti Pangéran Adipati Arija Mangkoeboemi, Kolonèl Adjoedan pan setap, Opisiring dèr orde pan Oranjenasao, anggarwa Poetra Dalem Kangdjeng Soeltan kaping 5, Ngajoegjakarta, garwa nèm, Radèn Ajoe Adipati Mangkoeboemi, sami poepoetra.

----

12. Sangking poetri garwa pangrembé, Radèn Ajoe Poespitaningroem, Kangdjeng Pangéran Arija Adiwinata, Major Djénralen pan setap.

----

13. Sangking poetri padmi, Kangdjeng Ratoe Soeltan, Goesti Kangdjeng Ratoe Bendara, anggarwa Radèn Toemenggoeng Widjil, Boepati Najaka Wadana Kaparak kiwa, séda soemaré Imagiri, tilar poetra 3 tiga.

----

14. Sangking poetri padmi, Kangdjeng Ratoe Kantjana, Mengkoeboewana, Goesti Radèn Adjeng Koesdilah, séda soemaré Koelangi.

----

15. Sangking poetri padmi, Kangdjeng Ratoe Kantjana, Mengkoe-

Poetra Dalem. boewana, Goesti Radèn Ajoe Sekar Kadaton, sareng sampoen palakrama, nama: Goesti Kangdjeng Ratoe Sasi, anggarwa Radèn Toemenggoeng Djajawinata, ping 2 kalih, Boepati Najaka Wadana Panoembak-anjar, djawi Bekel.

-----

16. Sangking poetri garwa pangrembé, Radèn Ajoe Moertiningroem, Bendara Radèn Ajoe Natajoeda, anggarwa Radèn Toemenggoeng Natajoeda, Boepati Najaka Wadana Gedong tengen, poepoetra.

-----

17. Sangking poetri garwa pangrembé, Radèn Ajoe Retnadiningroem, Kangdjeng Pangéran Arija Adiwidjaja, mring Menado.

-----

blz.333. 18. Sangking poetri padmi, Kangdjeng Ratoe Soeltan, Goesti Pangéran Arija Boeminata, Major Djénralen pan setap Ngajoegjakarta.

-----

19. Sangking poetri garwa pangrembé, Radèn Ajoe Retnadiningroem, Bendara Radèn Ajoe Mangkoejoeda, séda soemaré Imagiri, tilar poetra. Anggarwa Radèn Toemenggoeng Mangkoejoeda, Boepati Anèm, Kaptin pradjoerit Prawira Tamtama.

-----

20. Sangking poetri padmi, Kangdjeng Ratoe Soeltan, Goesti Pangéran Arija Poeger, Major Djénralen pan setap Ngajoegjakarta, anggarwa sangking Soerakarta.

-----

21. Sangking poetri garwa pangrembé, Radèn Ajoe Déwaningroem, Bendara Radèn Ajoe Soerja-moertjita, séda soemaré Imagiri, tilar poetra. Anggarwa Radèn Toemenggoeng Soerjamoertjita, Boepati Anèm Gedong kiwa.

-----

22. Sangking poetri padmi, Kangdjeng Ratoe Soeltan, Goesti Pangéran Arija Soerjapoetra, Major Djénralen pan setap Ngajoe-

gjakarta.

23. Sangking poetri padmi, Kangdjeng Ratoe Soeltan, Goesti Pangéran Arija Anom, séda soemaré Imagiri.

Goenggoeng Poetri(a) Dalem Kangdjeng Soeltan kaping 6 nem Ngajoegja, djangkep 23.

4. Goesti Radèn Ajoe Sekar Kaḍaton, séda soemaré Imagiri, sigeg; Poetra Dalem Kangdjeng Ratoe Kantjana garwa Dalem Kangdjeng Soeltan kaping 4 sakawan Ngajoegjakarta, Sinoehoen Séda mentas ~~o~~ besijar.

~~m~~Doemoegèkaken poetranipoen Radèn Toemenggoeng Danoekoesoema, ingkang No.5. Njambeti malih, sapitoerоetipoen.

5. Sangking padmi, Radèn Mas Kabib, séda teksih timoer, soemaré Moelangi.

6. Sangking garwa pangrembé, Mas-adjeng Jati, Radèn Ngabèi Poespa Djajèngwredaja, poepoetra 2 èstri.

1. Dèn Nganten Pantjaseparta, anggarwa Dèn Panèwoe Pantjaseparta, Panèwoe Kadipatèn, poenika poetraning Dèn Bèi Soeraḍiwirja, doek timoeré Dèn Gadjah, ingkang maḍem Kjai Sindoenagara Major, wit pangadjané Pangéran Soemajoeda, Djapan.
2. Dèn Ngantèn Krama-premadi, nama: Tj~~a~~itradipoera, poetraning Pangéran Soerja-atmadja, poetraning Kangdjeng Pangéran Soerjaning-alaga sepoeh.

----

blz.334. 7. Sangking padmi Kangdjeng Ratoe Anggèr, Radèn Ajoe Wirjanagara, kéndang pegat dèrèng poepoetra, ladjeng krama kaping 2 kalih, pikantoek Radèn Toemenggoeng Djajanagara, soemaré sarimbit wonten ing Kita-ageng, tilar poetra:

1. Radèn Ajoe Prawirakoesoema, anggarwa Radèn Pandji Prawirakoesoema, Pandji pradjoerit Mantri lebet, poenika poetraning Kangdjeng Pangéran Arija Rijakoesoema, poetra Dalem Kangdjeng Soeltan kaping 2 kalih Ngajoegjakarta, poepoetra 6 nem:
   1. Radèn Pandji Prawirakoesoema kaping 2 kalih, anggarwa poetraning Radèn Toemenggoeng Widjajèng-sastra, kemantoe ing Joedanagaran sepoeh.
   2. Radèn Ajoe Sastrawerdaja, anggarwa poetraning Radèn Ajoe Beskal Danoewidjaja, poepoetra: Dèn Ajoe Wangsawirana.
   3. Radèn Ajoe Djajawinata kaping 2 kalih, kéndang pegat, poepoetra 1, Radèn Bekel Atma-premadi, 2 Radèn Mas Djada, 3 Radèn Ajoe Moertiningroem, langen Dalem Goesti Djoeminah.
   4. Radèn Loerah Mangkoedigdaja, anggarwa poetraning Radèn Toemenggoeng, Tjakraningrat, poepoetra.
   5. Radèn Mas Soetin(k)na, Sasrajoeda.
   6. Radèn Mas Soebarsi, Sasrasoewénda, Bekel Minoeman.

----

2. Radèn Ajoe Prawiranagara, anggarwa Radèn Toemenggoeng Prawiranagara, Boepati Anèm Kaptin pradjoerit Ketanggoeng, poepoetra:
   1. Radèn Toemenggoeng Prawiranagara ping 2 kalih, waris, sampoen séda.
   2. Radèn Ngabèi Djajakilat pradjoerit Ketanggoeng.

----

3. Radèn Toemenggoeng Sasradipoera, Boepati Najaka, Wadana Panoembak-sèwoe, Loerah djawi, anggarwa poetraning Radèn Major Prawirakoesoema, ing Soera~~k~~baja, kemantoe Kangdjeng Pangéran Arija Soerjaning-alaga, poepoetra: 1 Radèn Loerah Djiwadipoera, Loerah Anggandèk anggarwa poetraning Goesti Kangdjeng Ratoe Anggèr.

----

4. Radèn Toemenggoeng Tjakranagara, anggarwa poetraning Radèn Ajoe Mretadiningrat, poepoetra: Radèn Toemenggoeng Daroenagara, anggarwa Poetri Dalem Kangdjeng Soeltan kaping 7 pitoe Ngajoegjakarta, poepoetra.
Radèn Toemenggoeng Tjakranagara krama ping 2 kalih pikantoek poetraning Kangdjeng Pangéran Arija Joedanagara, soemaré Moelangi.

----

5. Radèn Mas Djajoesman, séda sampoen diwasa, soemaré Moelangi.

----

6. Radèn Toemenggoeng Djajanagara, Boepati Anèm Kaptin ~~J~~ Njoetra.

----

7. Radèn Ajoe Poerba-atmadja, anggarwa poetraning Kangdjeng Pangéran Arija Poerbawinata, Poetra Dalem Kangdjeng Soeltan kaping 2 kalih Ngajoegja.

----

blz.335. 8. Radèn Rija Kerta-atmadja, anggarwa poetraning Kangdjeng Pangéran Arija Adinagara, Poetra Dalem Kangdjeng Soeltan kaping 2 kalih, poepoetra:
1. Radèn Mas Samsoe Miridjal.
2. Radèn Mas Roeslan. Sigeg.

----

8. Sangking Bak-adjeng Pratignja-resemi, Radèn Ajoe Atmasemita, Demang Gonḍang, kénḍang pegat dèrèng poepoetra; krama kaping 2 kalih pikantoek poetraning Radèn Toemenggoeng Mangkoeredja, nama: Dèn Rija Mangkoeredja, Wadana Srati Penanḍon asli Keḍoe Keṭiṭang, poepoetra 6 nem.
1. Dèn Ajoe Kretadimedja, anggarwa Ngabèi Demang Drini lenggah Mangkoeboemèn Soerakarta; Demang Kretadimedja Drini waoe asli toeroen Karang-lon ingkang soemaré Bèdji Tadji Watoe Kempoel poepoetra: Radèn Ismajawati, langening Kangdjeng Pangéran Poerbaja, poepoetra 2 kalih:

1. Radèn Ajoe Sasrapsoebranta, pegat séda.
2. Radèn Mas Baron.

-----

2. Radèn Ajoe Sasraredja, sami soemaré Moelangi sadaja.
3. Radèn Ajoe Adiwidjaja, kaping 2 kalih, Kangdjeng Pangéran Widjil.
4. Radèn Bèi Soemapoespita, pradjoerit Soematmadja, séda.
5. Radèn Ajoe Doetapranata, anggarwa Mantri Anggandèk.
6. Radèn Rija Prajadirdja, waris Wadana Srati Penangon Manten.
7. Radèn Ajoe Salèh Danoedirdja, sami soemaré wonten Betawi.

----

9. Sangking Mas-adjeng Jati, Radèn Ajoe Tjakraredja, anggarwa Demang goesoen Nglimpoeng, kéndang pegat dèrèng poepoetra; krama kaping 2 kalih pikantoek Radèn Rija Djajaprana, Kademangan, poepoetra: Radèn Panèwoe Mretawigena soemaré Pakoentjèn.

----

10. Sangking Mas-adjeng Poelangjoen, kang soemaré Lempoejangwangi, Radèn Toemenggoeng Mretanagara, Litnan Kolonèl Koemendan pradjoerit ngrangkep Boepati Najaka, Wadana Keparak kiwa, garwanipoen 3 tiga; 1 garwa sepoeh poepoetra:

1. Radèn Ajoe Mretadiningrat, Boepati Anèm Kaptin Njoetra, anggarwa poetraning Radèn Toemenggoeng Mretadiningrat Major asli bektan Dalem sangking Ambon kemantoe Poetri Dalem.

Radèn Ajoe Mretanagara, poetranipoen Kangdjeng Pangéran Dipanagara, pegat krama pikantoek Radèn Toemenggoeng Padmadipoera, poetraning Kangdjeng Pangéran Silarong; déné garwa ingkang No.2 kalih, tengahan sami poetraning Kangdjeng Pangéran Dipanagara, Soeltan djawi, toenggil jajah-rena dipoen karang-oeloe, poepoetra: 1.

2. Radèn Toemenggoeng Joedadiningrat, Boepati Wadana distrik Kalasan, kang iboe doek timoeré Radèn A-

djeng Impoen, Radèn Toemenggoeng Joedadiningrat anggarwa poetraning Kangdjeng Radèn Adipati Danoeredja, Ridder, patoetan sangking Radèn Ajoe Goesti Adipati
blz.336. Danoeredja, sareng goemanti waris nama: Radèn Toemenggoeng Mretanagara kaping 3 tiga, Boepati Najaka Wadana Kaparak kiwa, séda soemaré Moelangi sarimbit, poepoetra:

1. Radèn Toemenggoeng Mretanagara kaping 4 sakawan, Boepati Anèm Gedong tengen, anggarwa poetraning Radèn Mas Kaptin Poerwadirdja, Lésijoen Pakoe-alaman.
2. Radèn Bekel Atmatinaja, séda soemaré Moelangi.
3. Radèn Mas Obroes.
4. Radèn Ajoe Sasraningrat, anggarwa Pangéran Sasraningrat, Lésijoen Pakoe-alaman.
5. Radèn Ajoe Sasrasoedirdja.
6. Radèn Ajoe Mangoendiwirja.
7. Radèn Mas Soekéndra, séda soemaré Moelangi.
8. Radèn Adjeng Soekaptilah.

Sangking pangrembé sepoeh, Bok Soerati.

1. Radèn Mangoen Soerawibawa.
2. Dèn Nganten Mreta-atmadja;

Sangking pangrembé Bok Betoer.

1. Dèn Bagoes Sardjimin.
2. Dèn Bagoes Rakim.
3. Dèn Rara Sijamsi.

----

5. Sangking garwa tengahan Radèn Adjeng Impoen, Radèn Mas Sangat séda timoer soemaré Moelangi.

------

6. Sangking garwa tengahan Radèn Adjeng Impoen, Radèn Toemenggoeng Joedadiningrat, goemanti waris, nama: Radèn Toemenggoeng Mretanagara kaping 3 tiga, Boepati Wadana Kaparak kiwa, séda soemaré Moelangi.

Sangking pangrembé Mas-adjeng Semitaningsih.

7. Radèn Ajoe Mangkoepremadi, anggarwa Radèn Loerah Mangkoepremadi, poetraning Radèn Toemenggoeng Dipawijana, poetraning Kangdjeng Pangéran Arja Di(pa)wijana, Poetra Dalem Sinoehoen ping 2 Ngajoegjakarta. Radèn Ajoe Mangoennagara, poetra Dalem Kangdjeng Soeltan kaping 3 tiga Ngajoegjakarta, Radèn Ajoe Mangkoepremadi, poepoetra 4.

   1. Radèn Loerah Mangkoepremadi kaping 2 kalih, Loerah Ordenas.
   2. Radèn Ajoe Mangkoedilaga.

Mangsoeli poetra sangking Radèn Ajoe Mretanagara, kawitan pegat krama kaping 2 kalih, Radèn Ajoe Padmadipoera waoe, poepoetra Radèn Ajoe Mretadiningrat, poepoetra 3 tiga:

1. Radèn Ngabèi Pantjabaja.
2. Radèn Ajoe Natawirja, garwa Loerah Silir, poepoetra: Dèn Loerah Natawirja ping 2 kalih.
3. Radèn Ajoe Té(dja)moerti, langen Dalem Kangdjeng Goesti Mangkoeboemi, poepoetra 2 kalih.

blz.337. 1. Radèn Mas Ḍébloeng, Radèn Bekel Soerjaprawira.

2. Radèn Adjeng Siti Katinah.

Mangsoeli poetra sangking pangrembé njonjah Koeroes No.4 Radèn Ajoe Timoer, anggarwa Kangdjeng Pangéran Arja Timoer, poepoetra: 1 Radèn Mas Bawat pegat séda, krama kaping 2 kalih, pikantoek Kangdjeng Pangéran Arija Soerjabranta, poepoetra: Radèn Ajoe Rijakoesoema, anggarwa Radèn Rija Rijakoesoema kaping 3 tiga, poepoetra, ladjeng pegat séda, krama kaping 3 tiga, pikantoek Radèn Wadana Joedadirdja, poepoetra 2 kalih: 1. Radèn Bagoes Sajidina.

2. Radèn Bagoes Ngalih.

---

8. Sangking padmi Radèn Ajoe Dèwi, Radèn Pandji Djajapremadi,

langen poepoetra: 1 Radèn Ajoe Baoesasra, kaping 3 tiga,
Pandji Pradjoerit Mantri lebet, waris.
2 Radèn Mas Banédroes.
3.Radèn Adjeng Sarijatin.

---

9. Sangking padmi Radèn Ajoe Dèwi, Radèn Mas Toekinoen, Radèn Loerah Mangkoepranata, Radèn Panèwoe Kretamreta, sangking pangrembé, poepoetra 7 pitoe:
   1. Radèn Mas Soekardjan.
   2. Radèn Adjeng Soeratminah.
   3. Radèn Adjeng Toeminah.
   4. Radèn Mas Soekarsi Tjowèt.
   5. Radèn Adjeng Soemarmi.
   6. Radèn Mas Soeprapta.
   7. Radèn Mas Soeprapti.

---

10. Sangking padmi Radèn Ajoe Dèwi, Radèn Ajoe Danoe-atmadja, anggarwa Radèn Bekel Danoe-atmadja, poepoetra 13 tiga welas kaseboet ngadjeng; kemantoe dateng Kangdjeng Radèn Adipati Danoeredja Ridder.

---

11. Sangking garwa pangrembé, Radèn Mertadiwati, Radèn Bagoes Sajid, séda.

---

12. Sangking garwa pangrembé, Radèn Ajoe Tjitradimedja, anggarwa Radèn Ngabèi Tjitradimedja, Wadana Troeka, poetraning Adipati Poerbanagara, Ambal, poepoetra 3 tiga:
    1.Dèn Adjeng Moerdinah.
    2.Dèn Adjeng Moerpinah.
    3.Dèn Mas Ari Besar.

---

13. Sangking garwa pangrembé, Dèn Mertadiningsin, Radèn Pandji Himawidjaja, Pandji pradjoerit Kawandasa, Dèn Mer-

tadiningsih ladjeng kéndang pegat.

Radèn Pandji Himawidjaja, anggarwa poetraning Radèn Toemenggoeng Tjakraningrat, poepoetra 4 sakawan:

blz.338. 1. Radèn Mas Roesdjam.
2. Radèn Mas Roeslan.
3. Radèn Adjeng Roestidjah;
4. Radèn Adjeng Roesjati.

---

14. Sangking Radèn Mertanagara, Radèn Ajoe Kretakoesoema, anggarwa poetraning Radèn Djajèngprawira, dèrèng poepoetra séda.

---

15. Sangking Mas Adjeng Pretamaningsih, garwa pangrembé, Radèn Ngabèi Tjakrajoeda, Mantri Geḍong, garwa poepoetra 3 tiga: 1.Dèn Bagoes Soebandi.
2.Dèn Rara Enḍoek.
3.Dèn Rara Moedinah.

---

16. Sangking Mas-adjeng Pretamasari, Radèn Ngabèi Dipasastra, Mantri Geḍong tengen, anggarwa poetraning Radèn Toemenggoeng Widjajèngsastra, poepoetra 6 nem:

1. Sangking pangrembé, Dèn Rara Soedjimah.
2. Sangking padmi, Radèn Mas Djan Pitrekoen.
3. Sangking padmi, Radèn Mas Djan Seloet.
4. Sangking padmi, Radèn Mas Inggris Seloet.
5. Sangking padmi, Radèn Adjeng Moeldijah Djaétoen Koeni.
6. Sangking padmi, Radèn Mas Ansoewiten Seloet.
Ingkang rama: Dèn Bagoes Baron Soekmoel alam Djakarta.

---

17. Sangking Mas-adjeng Pretamaningsih, garwa pangrembé,

Radèn Prawiradipoera, anggarwa Radèn Wadana Prawiradipoera, poetraning Radèn Toemenggoeng Djajadipoera, krama pikantoek nakḍèrèk sepoeh awoe laki, dèreng poepoetra.

-----

18. Sangking Mas-adjeng Pretamaningsih, garwa pangrembé, Radèn Resaprawira, poepoetra djaler, 1 Dèn Mas Pandjang, ladjeng nama: Radèn Prawira-oedaja, poepoetra: Radèn Bagoes Koeskadarna.

------

19. Sangking Mas-adjeng Nilamandaja, garwa pangrembé, Radèn Mangkoesedarma, poepoetra: 1 Dèn Bagoes Soekana.

------

20. Sangking Radèn Mertadiningsih ping 2, garwa pangrembé, Radèn Ardjasetika, anggarwa Demang Ardjasetika, wajah Radèn Pandji Pringgadirdja, ngadjeng Pandji pradjoerit Ketanggoeng, Dèn Ardjasetika Demang Sambèng Redi Kidoel.

Sigeg.

-----   -------------------------

11. Sangking padmi Kangdjeng Ratoe Anggèr, Kangdjeng Pangéran Arija Joedanagara Kolonèl Adjoedan pan setap, poetra badjeng sangking langen pangrembé, Radèn Widaningsih, poepoetra kakoeng Radèn Mas Joeda-atmadja, séda, soemaré Moelangi; Dèn blz.339. Widaningsih kénḍang pegat, krama ping kalih pikantoek Pangéran Adisoerja, Lésijoen Mangkoenagaran, poepoetra 2 kalih; sareng sampoen joeswa koendoer ḍateng ing Ngajoegjakarta, soemaré ḍoekoeh Kalasan.

Kangdjeng Pangéran Arija Joedanagara waoe, wijosanipoen ing dinten Slasa Kliwon, tanggal kaping 25 woelan Soera, taoen Dal, angka 1735. Soeroedipoen saweg joeswa 58 sèket woloe warsa, pinoedjoe taoen Bé angka 1792, sarimbit soemaré Moelangi; anggarwa poetraning Kjai Ngabèi Poespatroena, asli

Djedjeran anggarwa poetraning Mas-adjeng Wangsajoeda toeroening Radèn Toemenggoeng Natajoeda, Boepati Maosan Dalem Kedoe Ketitang; sami rantené, Bendara Radèn Ajoe Srenggara, langen Dalem Kangdjeng Soeltan kaping sapisan. Ingkang ndèrèk dedagan soemaré Imagiri Padjimatan.

Goenggoeng poetranipoen Kangdjeng Pangéran Arija Joedanagara, sangking padmi asli Djedjeran 6 nem, sangking garwa pangrembé 4 sakawan, para poetra sedaja 10 kalih ingkang sami séda, soemaré Moelangi.

---

1. mBadjeng sangking garwa pangrembé, Radèn Widaningsih, Radèn Mas Joeda-atmadja, séda sampoen diwasa soemaré Moelangi.

---

2. Sangking padmi, asli Djedjeran lan Kedoe, Radèn Toemenggoeng Djajawinata, anggarwa poetraning Kangdjeng Pangéran Arja Natadiningrat, boten patoetan, séda soemaré Imagiri, Boepati Najaka Wadana Panoemping, Ngajoegjakarta.

---

3. Sangking padmi asli Djedjeran lan Kedoe, Radèn Ajoe Widjajèng-sastra, anggarwa Radèn Toemenggoeng Widjajèng-sastra, Boepati Anèm Wadana Tjarik lebet, poetraning Radèn Toemenggoeng Natajoeda, séda soemaré ing Srema, tanah Nanggoelan, Radèn Ajoe Widjajèng-sastra, poepoetra:
    1. Radèn Toemenggoeng Soerjadirdja, ngadjeng anggarwa Goesti Kangdjeng Ratoe Sasi, pegat séda, soemaré Imagiri.
    2. Radèn Toemenggoeng Koemendan Sindoeradja, anggarwa Poetri Dalem Kangdjeng Soeltan kaping 7 pitoe, Goesti Timoer, poepoetra:
        1. Radèn Mas Soetari.
        2. Radèn Adjeng Soetarijah.
        3. Radèn Adjeng Djinah.
        4. Radèn Mas Salèh.

5. Radèn Mas Ngoesman.
6. Radèn Adjeng Siti Noerilah.

---

blz.340. 3. Radèn Mas Poespawirana, anggarwa pangrembé soetaning Mas Ngabèi Santadoeta, sentana asli Kedoe Katitang. Radèn Mas Bèi Poespawirana, poepoetra:

1. Radèn Adjeng Soeradjilah.
2. Radèn Mas Sajid.
3. Radèn Adjeng Kadjilah.
4. Radèn Mas Soetédja.

---

4. Radèn Ajoe Prawirakoesoema, anggarwa Radèn Pandji Prawirakoesoema, kaping 2 kalih, Pandji pradjoerit Mantri lebet, poepoetra:

1. Radèn Mas Soegandi, nama/: Tjakrawirama.
2. Radèn Mas Soekirna, nama: Sastraprawira.
3. Radèn Adjeng Soedjinah, krama, nama: Mangoendara.
4. Radèn Mas Soemarija.
5. Radèn Mas Soemardji.
6. Radèn Adjeng Soepijati.
7. Radèn Adjeng Sapartijah.

---

5. Radèn Ajoe Prawiraprakosa, pegat dèrèng poepoetra, ing ngadjeng kang kemantoe déning Radèn Rija Djajadirdja, Boepati Anèm Maosan Dalem ing Sentolo, ing Kalapa-akingan.

---

7. Radèn Ajoe Sindoedimedja, anggarwa Mas Panèwoe Sindoedimedja, trah sangking èstri, Kjai Adipati Adipoerwa, Kjai Danoeredja, Patih Dalem kaping 3 Ngajoegjakarta. Radèn Ajoe Sindoedimedja, séda koendoeran kagoengan poetra.

8. Radèn Toemenggoeng Widjajèng-sastra, kaping 2 kalih, anggarwa poetraning Mas Rija Sindoedipoera, Boepati Anèm, poenika trah wajahipoen Radèn Toemenggoeng Watadipoera, Boepati Najaka Gedong tengen, Radèn Toemenggoeng Widjajèngsastra, poepoetra:

1. Radèn Mas Soegiman.
2. Radèn Adjeng Moenta-irah; sangking pangrembé.

9. Radèn Ajoe Dipasastra, anggarwa Radèn Ngabèi Dipasastra, poetraning Radèn Toemenggoeng Koernèl Mertanagara, Radèn Ajoe Dipasastra, poepoetra:

1. Radèn Mas Akdris Sekoen.
2. Radèn Adjeng Sri Moelimah Djaétoen Koesni.
3. Radèn Mas Djan Soewiten.
4. Radèn Adjeng Sri Moelinah.

---

blz.341. 10. Radèn Ajoe Mangoen-redja, anggarwa Dèn Pandji Mangoen-redja, Pandji Kapala distrik ing Brebah, poepoetra:

1. Radèn Adjeng Oemi Astijah.
2. Radèn Mas Soegandi.
3. Radèn Adjeng Oemijati.

11. Radèn Ngabèi Wirjadikrama, Djadjar pradjoerit Djager, anggarwa poetraning Dèn Ngabèi Sastrasentana, trah toeroen Kjai Menggoeng Wiradjaja, Boepati Kartasoera; Radèn Ngabèi Wirjadikrama, patoetan poetra:

1. Radèn Adjeng Ismainah.
2. Radèn Mas Iskandar.
3. Radèn Adjeng Ismanijah. Sigeg.

12. Radèn Ajoe Ranadikrama, krama djaka rara, anggarwa wajahipoen Kjai Ranoedirdja, ing ḍoesoen Tjondong ing Kartanagara, tanah Roma; poetra:

1. Dèn Gombak, ladjeng dados abdi dalem Panèwoe Midji nama: Dèn Panèwoe Dipa-atmadja, sémah pikantoek anakipoen Babah Botit, noeroenaken poetra 6.
    1. Dèn Tibenoe, goemanti waris, nama: Dèn Panèwoe Dipa-atmadja ping kalih Midji ing Mangkoeboemèn.
    2. Dèn Patah, abdi dalem Paḍaja.
    3. Dèn Soetardja.
    4. Dèn Ngantèn Ranakoesoema, sémah Pandji Mantri lebet, nama: alit Mas Petik.
    5. Dèn Rara Tjokak.
    6. Dèn Rara Moerni.

Radèn Ajoe Ranadikrama waoe, ladjeng pegat ḍateng tanah Kartasoera, krama kaping 2 kalih pikantoek Demang Djadiwirja, Demang Kartasoera, pegat blas kondoer ḍateng Ngajoegja, krama ping 3 tiga pikantoek Kjai Toemenggoeng Kretadirdja, kang rama Radèn Ajoe Déwaningsih, kang bibi Bendara Radèn Ajoe Goesti Gandakoesoema.

Kjai Toemenggoeng Kretadirdja séda boten patoetan, ladjeng dateng Gamping, pikantoek Pandji ḍistrik Djaja-anggada, pinanggih sami sepoeh, boten patoetan sami tilar-doenja soemaré Moelangi. Sigeg.

---

13. Sangking Mas-adjeng Poelangjoen, Radèn Alibasah Ngabdoel Mahmoed, Gandakoesoema, bakda dahoeroe Dipanagaran loemebet paradya, nama: Radèn Toemenggoeng Gandakoesoema, dedalem
blz.342. ing Pakoe-alaman, tan lami sangking karsa Dalem Kangdjeng Soeltan Mengkoeboewana, Koemendoer singaning Nèderlan ingkang djoemeneng Nata kaping 5 gangsal Ngajoegjakarta, Radèn Toemenggoeng Gandakoesoema, dipoen trimani raji poetri

saḍèrèk Dalem, sangking garwa paminggir Radèn Ajoe Retnadiningroem, asli Djedjeran, ladjeng linggar sangking Pakoealaman pinatah pidari wonten ing pasanggrahan Dalem Bantoel lan ing Resanagaran, tan lami kinawoela-wisoeḍa nama: Radèn Toemenggoeng Gandakoesoema, Boepati Najaka Maosan Dalem ing Pangasih, ing Sentolo; gebengan Wadana Magang abdi Dalem Poenakawan Kaḍaton, oetawi Wadana Koṭak langenan Dalem ringgit tijang Troenadjaja sapanoenggilanipoen, kanṭi pènsijoen wang pangiḍoepan f150 roepijah peṭak, loemebet lidipoen Kangdjeng Goepremèn, wonten kantor Palis abipraja prama-widya, Kenoetsekap Porès-ponḍen, panglimbanganipoen Kangdjeng Goepremèn, nalika alamipoen Toewan Major Magélis, Major Oesar; sa- prang ing Bali Beḍah, kakoelawisoeḍa nama: Toewan Djénral Magélis, ingkang dipoen kirkop satengahipoen ing aloen-aloen Gambir, Batawi, waktoe semanten pinoenḍoet dados lid Kangdjeng Goepremèn, garwa kalih lan para poetra wajahipoen dèrèng katjrijosaken, saweg oeroet-oeroetanipoen para saḍèrèk toenggil rama. 1.343.

Sigeg.

---

14. Sangking kang iboe padmi Kangdjeng Ratoe Anggèr, wragil tan meningi sédanipoen ingkang rama, Kangdjeng Radèn Adipati Séda ngeḍaton, nama: Radèn Ajoe Sasradipoera, anggarwa Radèn Toemenggoeng Sasradipoera, Boepati Wadana ḍistrik ing Bantoel Karang, kidoel nagari, Ngajoegjakarta; poepoetra:
    1. Radèn Mas Ngoelama, Soerjaprawira, Manten.
    2. Radèn Ajoe Soerjataroena, anggarwa Radèn Toemenggoeng Soerjataroena, Boepati Anèm waris, Kangdjeng Pangéran Arja Soerjadiningrat.
    3. Radèn Ajoe Tjitrapratanḍa, anggarwa Dèn Panèwoe Tjitrapratanḍa.
    4. Radèn Mas Barda Sasrasebrata.

Radèn Mas Soerjaprawira, sangking pangrembé, poetra:

1. Dèn Bèi Sasrawidjaja.
2. Dèn Nganten Wangsapoera, Mantri Djaksa.

---

15. Sangking Mas-adjeng Poelangjoen, Radèn Ajoe Kalapa-aking, sami wragil tan meningi sédanipoen ingkang rama Kangdjeng Radèn Adipati, kang Séda ngedaton; waktoe dipoen kramakaken saweg nengahi dahoeroe Dipanagaran, idjabipoen wonten masdjid ing Brangkal, tanah Roma Pandjer, pinanggihaken lan Mas Toemenggoeng Kalapa-aking kaping 2 kalih, goenoenganipoen tijang Pandjer, poepoetra.

lz.343. 1. Radèn Ajoe Antawirja, anggarwa Dèn Panèwoe Antawirja, triman sangking kresa Dalem Kangdjeng Soeltan Mengkoeboewana kaping 5 Ngajoegjakarta.

Radèn Ajoe Antawirja, poepoetra sami èstri:

1. Dèn Ngantèn Djagadiwirja, patoetan kalih:
    1. Dèn Ngantèn Triséna, trah Demak-idjo.
    2. Dèn Ngantèn Kretawedana, sémah Loerah Adi Dalem Srati.[b)]

---

2. Dèn Ngantèn Pantjapati wonten Bandjar, patoetan 2 sami èstri.
    1. Dèn Rara Roebijah.
    2. Dèn Rara Ragil.

---

2. Radèn Rija Djajadirdja, Boepati Anèm Pamaosan Dalem ing Sentolo, anggarwa poetraning Mas Toemenggoeng Wiranagara, poepoetra:
    1. Dèn Loerah Prawiraprakosa, inggih Prawirarana, sémah poetraning Radèn Toemenggoeng Widjajèng-sastra, naming dèrèng patoetan pegat.
    2. Radèn Ngantèn Prawirasoedira, sémah Mas Bekel Prawirasoedira, patoetan 5.

1. Dèn Soemardja; 2 Dèn Rara Marsinah, 3 Dèn Rara Marsilah, 4 Dèn Rara Mardinem, 5 Dèn Markabi, wewah poetra sangking alit Dèn Ngantèn Sastrasoewita, sémah ḍoesoen Djlaban.

-----

3. Dèn Bèi Kretawangsa, garwa poetraning Radèn Toemenggoeng Natadipoera, Boepati Najaka Geḍong tengen, poepoetra:

1. Dèn Ngabèi Dremaredja, kemantoe Dèn Djajakartika, trah Natadipan.

2. Dèn Ngantèn   ing Goentoer-brama.

Sangking sémah tijang alit asli Kiṭa-ageng, patjatjah 7 idji.

----

4. Radèn Ajoe Singaprawira, krama triman sangking karsa Dalem Kangdjeng Soeltan Mengkoeboewana kaping 5 gangsal, poepoetra: 1 djaler Dèn Bagoes Ratib, Dèn Bekel Natawiredja, abdi dalem Bekel poenakawan Silir, sémah anakipoen Mas Ngabèi Kretabaoe, patoetan: 1 djaler, Dèn Mangkoemi(n)tardja, poenakawan Oerdenas ing Kaḍaton.

----

z.344. 5. Radèn Panèwoe Kalapa-aking, sareng djoemeneng Dalem Nata, Ingkang Sinoehoen Kangdjeng Soeltan Mengkoeboewana ing Koemenḍoer bintang singaning Nèderlanselèjo, groet Opisir ḍèr orḍe pan Oranjenasao, groet opisiring kroen ing nagari Sijem, Djéndral Majoring wadya bala Dalem Kangdjeng Sri Maha Radja Dèwi nagari Nèderlan.

Sangking karsa Dalem, kawoela-wisoeḍa dados Abdi dalem Wadana Srati Penanḍon, nama: Radèn Rija Prajadirdja, katriman poetraning Radèn Adipati Danoeredja, Patih Dalem ingkang kaping 5 gangsal, Ridering orḍe Nèderlanselèjo, ladjeng sami patoetan:

blz.3

1. Dèn Sasradipa, Djadjar abdi dalem poenakawan Minoeman, ing Kaḍaton, sampoen tilar-doenja koeboer ing Karang=

toeri ing Wijara dedagan Kjai Ageng Karang-lo.

2. Radèn Ngabèi Djajaredjasa, abdi dalem Mantri Midji rèh ing Kadanoeredjan, sémah asli sentana Kangdjeng Ratoe Wrenges.
3. Radèn Tédjaresemi, ~~p~~ langening Bendara Pangéran Arija Adinagara, Kaptin Adjoedan Dalem patoetan poetra 3 tiga, 1 Radèn Mas Soedarmadi.
   2 Radèn Mas Soehardi.
   3 Radèn Adjeng Soejati, soemaré Imagiri.

Sami sangking sémah asli alit ing doesoen Noelakan Kilèn Pragi bawah Kaboepatèn Pengasih.

---

4. Dèn Soeratminah.
5. Dèn Roedjinah.
6. Dèn Pertama teksih magang.
   Sangking sémah poetraning Kangdjeng Radèn Adipati Danoeredja, Ridering orde Nèderlanselèjo, sareng mbagawan nama: Pangéran Arija Djoeroe, Ridder.

---

7. Dèn Oemjoeng, èstri.
8. Dèn Soedrasa, djaler.
9. Dèn Soerti, èstri.
10. Dèn Soetjija, djaler.
11. Dèn Soepadi, djaler.
    Sami sangking sémah asli alit anak Demang Prawiraredja, doesoen ing Karang-asem bawah Kaboepatèn Sentolo.

---

6. Radèn Rija Prawira-ardja, Boepati Anèm Patih Dalem Kangdjeng Goesti Ngabèi, Loetnan Kolonèl setap Djèndralen Ngajoegja.

blz.345. Radèn Rija Prawira-ardja, sémah pikantoek poetraning Radèn Ajoe Poespanagara, poetraning Bendara Radèn Ajoe Resakoepatoetan

soema, sepoeh, Poetra Dalem Kangdjeng Soeltan ingkang kaping 2 kalih Ngajoegjakarta; Radèn Rija Prawira-ardja, ∠ poetra :

1. Radèn Ajoe Atmataroena, sémah Dèn Loerah Atmataroena, patoetan: 1 èstri, Dèn Adjeng Soetinah.
   2. Dèn Loerah Atmataroena, ping 2 kalih.

2. Radèn Ajoe Atmasoewita, sémah Dèn Bekel Atmasoewita, poenika sami poetraning Mas Wadana Prawirasanta, patoetan: 1 Dèn Adjeng Soeradinah.
   2. Dèn Mas Soeratidjan.
   3. Dèn Mas Djonggala.
   4. Dèn Mas Djakastawa.
   5. Dèn Mas Ardja-moelja.
   6. Dèn Adjeng Soeradijah.

----

3. Radèn Ajoe Natapramana, kemantoe Mas Wadana Djajèngprakosa, patoetan kalih, ladjeng pegat.
   1. Dèn Mas Djabang, tilar.
   2. Dèn Adjeng Soemairah.

----

4. Radèn Rija Prawira-ardja, kaping 2 kalih, Boepati Anèm waris Patih ing Ngabéjan, patoetan sangking pangrembé: 1. Dèn Rara Soeradjinah.
   Ladjeng kemantoe Radèn Toemenggoeng Djajadiningrat Kaliwon Kaparak tengen.

----

7. Radèn Loerah Prajadimedja, abdi dalem Loerah Penanḍon, sémah asli alit sangking Djapan, patoetan:
   1. Radèn Bagoes Sapardja, magang; noeroenaken Dèn Soedidja; Dèn Rara Djoeminah.
   2. Dèn Bagoes Sapardjan, Atmasoeripta.
   3. Dèn Rara Saparijah.
   4. Dèn Rara Saparinah.

----

blz.3

Radèn Ajoe Kalapa-aking, sampoening pegat séda, sangking karsa Dalem, Kangdjeng Soeltan ingkang kaping 5, djoemeneng Nata Ngajoegjakarta, Radèn Ajoe Kalapa-aking, dipoen bojong loemebet ing nagari, ngadjeng dalem wonten ing Pandjer, Kaboemèn. Sampoening wonten nagari, lami-lami ladjeng katrimakaken pikantoek Mas Toemenggoeng Wiranagara, toeroen Karang-lon, poepoetra satoenggil: 1 Dèn Oemarsadi, ladjeng kéndang mring Timoer.

Sasédanipoen Radèn Ajoe Wiranagara, soemaré Karang-toeri, Wijara. Sigeg.

No.38.

blz.346. Ingkang kinodjar, Kjai Adipati Danoeredja, Patih Dalem ingkang kaping 3 tiga ing Ngajoegjakarta, bab anggènipoen gentosi poetra kapoenakan, dados Patih Dalem Ingkang Sinoehoen Kangdjeng Soeltan kaping 2 kalih Ngajoegjakarta, Kangdjeng Soeltan mawi sinikoe déning Koempeni, Minister Prasman, tan poeroen neksèni, wit wonten sabab, njédani papatihipoen boten mawi pratéla ḍateng mintran Kangdjeng Koempeni, dedosan poenapa. Kangdjeng Soeltan ngloenas Patihipoen boten mawi soeka priksa, déning Kangdjeng Koempeni, ing wasana Kangdjeng Soeltan aminta pangaksama, mawantoe-wantoe ḍateng Minister Toewan Igglar, atoer pradana arta paḍenḍan, kaṭahipoen F 20 èwoe ringgit, dateng Kangdjeng Toewan Oepenoer Djéndral Pambram, ing Samarang, ladjeng kalestantoenaken sangking karsa Dalem, tetepipoen Patih Kjai Adipati Danoeredja, Patih Dalem kang kaping 3 tiga, ngladosi karsa Dalem Ingkang Sinoehoen Kangdjeng Soeltan kaping 2 kalih Ngajoegjakarta, moeng pikantoek 16 tjandra, ladjeng katoengka prakawis dahoeroe Sepèi, tan lami djoemeneng Dalem Nata Kangdjeng Goesti Pangéran Anom Adipati Radja, nama: Kangdjeng Soeltan Mengkoeboewana Sénapati Ngalaga, ingkang kaping tiga, kaseboet Ingkang Sinoehoen Radja, ing Ngajoegjakarta, pikantoek kawan welas tjandra, sangking karsa Dalem, Kjai Adipati Danoeredja kaping 3 tiga waoe, dipoen pènsijoen dipoen pinta teda siti lenggah sèwoe karja, ing tanah Roma, Karanganjar, katjengklongaken siti gadoehanipoen Pangéran Natakoesoema ping 2, doek alit Radèn Soepama, ing ngadjeng Adipati Djajaningrat, Boepati ing Pakalongan, sareng wonten ing Ngajoegja, dipoen koela-wisoeda kalenggahan Boepati Najaka, Wadana Panoe~~K~~mbak-sèwoe, goenggoeng siti tanah Roma tigang èwoe karja, dipoen paringaken dados lenggahipoen Kjai Adipati Danoeredja kaping tiga waoe, ladjeng dipoen paringi pitedan nama: Kjai Adipati Adipoerwa, kalenggahanipoen, wonten sak nèmipoen Kangdjeng Radèn Adipati Danoeredja, Patih Dalem ingkang kaping 4 sakawan Ngajoegjakarta, ing ngadjeng Boepati Raosan Dalem ing tanah Djapan, nama: Radèn Toemenggoeng Soemadipoera, poenika anaking djeler Radèn Toemenggoeng Soemadirdja, Patih Kadipatèn, waktoe semanten Ingkang Sinoehoen Radja, djoemeneng Kangdjeng Goesti Pangéran Anom Adipati Radja, Ngajoegja.

Radèn Adipati Danoeredja, kaping 4 sakawan Patih Dalem Kangdjeng Soeltan kaping 3 tiga Ngajoegjakarta, anoedjoe taoen Éhé angka 1740, kapétang taoen Welandi angka 1813.

Antawis pikantoek 33 warsa, kapétang taoen Djawi, oetawi
taoen Welandi angka 1832. Toemoenten rawoehipoen ~~t~~ pra
djaga oetoesan, sangking Batawijah, Komisaris Kangdjeng Toe-
wan Panèe, lid Kenoetsekap, Nèderlan Indija, rawoeh para-
dya, nagari ing Soerakarta Adiningrat, sa- abi-praja ~~K~~ ka-
lih Kangdjeng Soehoenan Pakoeboewana kaping 7 pitoe Soera-
karta, kaseboet Kangdjeng Soehoenan Poeroebaja; nakoela-
347. wisoedda Abdi dalem Boepati Najaka, Wadana Siti Ageng, na-
ma: Radèn Toemenggoeng Djajanagara, poetraning Radèn Toe-
menggoeng Aroeng-binang kaping 2 kalih, ing Soerakarta,

Boepati Najaka Wadana Siti Ageng.

Radèn Toemenggoeng Djajanagara, nama: Kangdjeng Radèn Adipati Sasradiningrat, inggih poenika wiwitipoen Patih Dalem ing Soerakarta, lan ing Ngajoegjakarta, sinoeng pangkat oempak-oempak asma, mawi Kangdjeng, sangking kresanipoen Kangdjeng Goepremèn Holanḍe, sarta minḍak tjittar, wiwit praosipoen, nama: tigan satoegel, blongsong praos anigan satoegel waoe.

Déné sadèrèngipoen taksih Kangdjeng Koempeni, nalikawaktoe, Radèn Adipati Danoeredja, kapi(ng)san djoemeneng Patih wonten nagari ing Gijantipoera, tanah ing Padagangan ḍoesoen, kang soemaré ing Imagiri, oetawi Radèn Adipati Pringgalaja, Patih pinḍah ḍateng Salakarta, séda loloh tanah Merboeng, teksih sami manganggé tjittar idjem bjoer.

Sareng Radèn Adipati Danoeredja, Patih kaping 2 kalih Ngajoegjakarta, kaseboet Radèn Adipati Séda ngeḍaton, mawi tjittar tjèt idjem bjoer, nganḍap mawi sèrèt praos oembaking toja pingoelan teges : ragi boender-boender. Sareng Kjai Adipati Danoeredja kaping tiga, tjittaripoen ing nganḍap amoeng sèrèt praos kimawon, boten mawi sèrèt oembaking toja; sareng doemoegi Radèn Adipati Danoeredja, kaping 4 sakawan, inggih sami oegi amoeng sèrèt praos, tjittar ingkang ngangap boten oembak toja pingoelan waoe.

Sareng sarawoehipoen Kangdjeng Komasaris Toewan Panès, rawoeh kaping 2 kalih ing Soerakarta, Ngajoegjakarta, ladjeng karsa ḍawoeh sabijantoe karsa, abi-praja, kalih Kangdjeng Soehoenan, Kangdjeng Soeltan, Patih Dalem kinawoela-wisoedḍa panganggénipoen tjittar, teges songsong, sami tigan satoegel praos nganḍap oetawi nginggil, tengah idjem, tjètipoen ḍanḍan praos lilit oewi, ḍasar tjèt tjemeng.

Poenapa malih wiwitipoen Boepati Pamaosan Dalem Mentawisan, Boepati 6 nem idji, nama: Boepati Wadana ḍistrik, ing Kaboepatèn Kalasan, Soeléman, Bantoel Karang, ing Redi Kidoel, Kliwon Boepati poelisi, 6 nem idji, pandji distrik 36 idji, Kaboepatèn tigang tanah, andjawi redi Kidoel.

Marengi anoedjoe taoen Djimawal angka 1773, oetawi taoen Welandi angka 1845, Kala Kangdjeng Toewan Risidèn Depi Ljèt Boeskèt.

Antawis kalih warsa, rawoehipoen Kangdjeng Toewan Komisaris kang kaping 3 tiga, Kangdjeng Toewan Panès, ingkang ladjeng mondok masanggrahan ing Pakoe-alaman, anggalih badé pangawoela-wisoeddanipoen Radèn Toemenggoeng Gandakoesoema, waktoe semanten abi-praja dateng para lit para sepoeh Pangéran, 1 Kangdjeng Panembah(an) Mangkoerat, 2 Kangdjeng Pangéran Mangkoekoesoema, 3 Kangdjeng Pangéran Adiwinata wakil, 4 Kangdjeng Goesti Pangéran Adipati Mangkoeboemi, woegi dèrèng joesa, 5 Kangdjeng Goesti Pangéran Adipati lz. 348. Pakoe-alam kaping 2 kalih, sangking karsanipoen Kangdjeng Goepremèn, katamtokaken Radèn Toemenggoeng Gandakoesoema, goemanti Patih, abipraja sampoen djoemoeroeng, sabab sampoen njepeng serat kekantjinganipoen Kangdjeng Goepremèn, sarta Kangdjeng Toewan Risidèn, Depi Ljèt Boeskèt, sa- abipraja; naming wektoe semanten Radèn Toemenggoeng Gandakoesoema, sangadi sedèrèk sepoeh, sangking padmi, oetawi sadèrèk toenggil jajah-réna, sedèrèk sepoeh kalih waoe sami padoedon abipraja, tjekakipoen abipraja, Toewan Komisaris Panès, soemerep ing semoe,-nipoen Radèn Toemenggoeng Gandakoesoema, sampoen katjatet ing panggalihipoen, Toewan Komisaris Panès ladjeng ngandika dateng para Pangéran sabijantoe abipraja waoe, éndjingipoen saladjeng badé koendoer ing Batawijah, soesoelang prakawis katoer kawoeningan Kangdjeng Toewan Goeprenoer Djéndral ing Batawi.

Rawoehipoen ladjeng mondok ing Pakoe-alaman, semanten pinoedjoe woelan Soera kaping 19 taoen Dal, angka 1775, oetawi tanggal kaping 5 Djanoewari, angka 1847, kadoegi rawoeh gangsal dinten, Soera kaping 23 taoen Dal toenggil warsa, Toewan Komisaris Panès, seladjeng koendoer ing Betawi. Sareng tanggal kaping 5 Rabingoelawal Moeloed Dal, 1775, oetawi kaping 11 Pébroewari 1847, Kangdjeng Toewan Komisaris Panès, kadoegi poekoel woloe daloe, rawoeh ing Pakoe-alaman, éndjingipoen seladjeng ndawoehaken, dateng Kangdjeng Toewan Risidèn Dapi Ljèt Boeskèt, pinoendoet pangwasanipoen, Kangdjeng Radèn Adipati Danoeredja, kaping 4 sakawan Ngajoegja, sabab kalepatan kaping 23 bab, kalih Kangdjeng Goepremèn, dipoen paringi oewang pangidoepan pènsijoen sangking Kangdjeng Goeprémèn 1000 roepijah petak, sinoeng nama: Pangéran Arija Soemajoeda, klilan mantoek dateng woetah rah ing tanah Djapan; Kliwonipoen Boepati, Mantri Anèm, Dèn Menggoeng Ranadirdja, toemoet kaoendoer, sangking kalenggahanipoen, kapasrahaken dateng Radèn Adipati ingkang énggal, nanggeni njarèhaken; waktoe semanten ing dinten Senèn Legi tanggal kaping 5 Rabingoelawal Moeloed, taoen Dal angka 1775, oetawi kaping 11 Pébroewari, taoen angka 1847 taoen Welandi, joeswa 37, taoen Djawi joeswa 39 tigang dasa sanga, dipoenkinawoela-wisoedda, dipoen djenengi Kangdjeng Toewan Komisaris Panès, wonten ing Kagoengan Dalem bangsal Pangrawit, Pagelaran. Sampoen sabijantoe kalih Kangdjeng Goepremèn lan Kangdjeng Soeltan kaping 5 gangsal Ngajoegjakarta, sarta Kangdjeng Toewan Risidèn, Dapi Ljèt Boeskèt, Radèn Toemenggoeng Gandakoesoema, djinoendjoeng soemengka ing ngaloehoer, dados goemanti Patih Dalem nama: Kangdjeng Radèn Adipati Danoeredja, Patih Dalem ingkang kaping gangsal Ngajoegja, toemoenten sadèrèkipoen sepoeh pjambak, Radèn Toemenggoeng Mretanagara, Boepati Najaka, Wadana Keparak kiwa, kinalz.349. woela-wisoedda, nama: Loetnan Kolonèl Koemendan, Toemenggoeng Hretanagara, dahar sabim 500 karja, bajar 500 roepijah sepoehanipoen.

Radèn Toemenggoeng Joedanagara, kinawoela-wisoedda nama:
t/
Kangdjeng Pangéran Arija Joedanagara, Loenan Kolonèl Adjoedan pan Setap, adjoedanipoen Kangdjeng Toewan ingkang witjaksana Goeprenoer Djèndral Betawi; dahar sabin 500 karja, bajar 500 roepijah sepoehanipoen, dahar, bajar sabin, dipoen sami kalih daharipoen Patih Dalem, prijagoeng kekalih waoe, poenika toewoehipoen nalika sami dijon sangadi bab sedèrèk sepoeh waoe, jèn boten ka-angkat sabab pakèwed rikoeh, poenika kawitipoen Loetnan Kolonèl Adjoedan, Loetnan Kolonèl Koemendan. (Wiwit wonten Adjoedan of Koernèl).

Déné wijosanipoen Kangdjeng Radèn Adipati Danoeredja, dinten Kemis Kaliwon, kaping 25, woelan Sawal taoen Wawoe, 1737, oetawi taoen Welandi kaping 18 Djanoewari 1811. IV

blz.

Garwa ingkang sepoeh, poetrining ingkang paman Radèn Adipati Danoe-adiningrat, kemantoe Dalem Kangdjeng Soeltan kaping 3 tiga Ngajoegja, Radèn Ajoe Danoeredja, sepoeh, dados wajah Dalem Kangdjeng Soeltan kaping 3 tiga.

Garwa tengahan, poetri dalem Kangdjeng Soeltan kaping 4 sakawan, kaseboet Kang Sinoehoen Seda mentas besijar.

Garwa nomer tiga, poetraning Kangdjeng Ratoe Anom, anggarwanipoen Kangdjeng Pangéran Arija Poerwanagara, poetra Ngabéjan sepoeh, dados wajah Dalem Kangdjeng Soeltan kaping 2 kalih, sangking Kangdjeng Ratoe Kantjana Woelan, kaseboet Ratoe Wrenges.

Sasampoen wetawis dados Patih Dalem pikantoek 27 warsa, taoen ~~o~~ Djawi oetawi taoen Welandi ~~1~~26 warsa, ladjeng kaangkat pikantoek tanda, Ridering orde Nèderlanselèjo, tanggal ping 7 Redjeb, Wawoe, 1801, oetawi ping 10 Sèptèmber (1872), awit sangking geng sihipoen Kangdjeng Sri Bagénda Radja, Willem ping III, sabijantoe karsa Dalem Kangdjeng Soeltan Mengkoeboewana kaping 6 Ngajoegjakarta, Risidèn pinoedjoe Kangdjeng Toewan Boe.

Radèn Adipati Danoeredja Ridder, sareng pikantoek dados Patih Dalem sampoen 35 warsa, Wlandi 33 taoen, rèhning sampoen sepoeh, nenoewoen sih Dalem badé mbegawan, palilah Dalem Kangdjeng Soelten, kaping 7 pitoe Ngajoegja, poenapa malih Kangdjeng Goepremèn, ladjeng sami marengi, pitedah nama: Kangdjeng Pangéran Arija Djoeroe Riddering orde Nèderlanselèjo, pinaringan balandja wang pangidoepan pènsijoen f1000 roepijah petak, sawoelanipoen loeloes.

Ngladosi Pandjenengan Dalem Ratoe pikantoek 3 ingkang djoemeneng Nata, ngladosi alam Risidèn pikantoek 10, wiloedjeng, awit Kangdjeng Toewan Risidèn Depi Ljèt Boeskèt, Residèn wekasan, toewan Risidèn Fanbak, ladjeng linggar dedalem wonten Batanawarsa. Wetawis pikantoek nem warsa, Kangdjeng Pangéran Arija Djoeroe Ridder, sampoen doemoegi ing djandji koendoer wring djaman kalanggengan ing Rahmattollah, dipoen oepakara, déning poetra-wajah djanadjah soemaré ing Moelangi. Kapétang sampoen joeswa 77 taoen Djawi, kapétang taoen Welandi 74 warsa, mafatipoen ing dinten Djoemoengah Legi kaping 8 Sawal taoen Djimawal angka 1813, Idjrah 1301, oetawi woelan Welandi ping 1 Augustus 1884, tilar poetra 29 idji, wajah 78, boejoet 31, tjanggah saweg meningi kalih, goenggoeng koempoel 140, satoes kawan dasa, kados-déné ngandap poenika pratélanipoen. blz.350.

Awit sangking garwa sepoeh, Radèn Ajoe Danoeredja, wajah Dalem Kangdjeng Soeltan kaping 3, Sinoehoen Radja, Ngajoegjakarta, poepoetra 12.

1. Radèn Ajoe Djagaresa, anggarwa Mas Rija Djagaresa, nama: Kretapradja, anak Demang Djagaresa, Wadas bawah Nanggoelan Kilèn Pragi.

2. Radèn Ajoe Resakoesoema, anggarwa Radèn Toemenggoeng Resakoesoema, kaping 2 kalih, Boepati Anèm Wadana djoeroe-koentji Imagiri.
3. Radèn Toemenggoeng Danoekoesoema, Manten, kèndang mring tanah Timoer.
4. Radèn Mas Kambjah, séda timoer soemaré Moelangi.
5. Radèn Mas Salèh, séda timoer soemaré Moelangi.
6. Radèn Toemenggoeng Gandakoesoema, Boepati Najaka Wadana Boemidja, anggarwa Poetra Dalem Kangdjeng Soeltan kaping 5 Ngajoegja.
7. Radèn Bekel Danoe-atmadja, anggarwa poetraning Radèn Toemenggoeng Mretanagara, Loetnan Kolonèl Koemendan pradjoerit Daleman.
8. Radèn Mas Kasah, Sahjana, séda sampoen diwasa soemaré Moelangi.
9. Radèn Adjeng Asijah, séda teksih timoer, soemaré Moelangi.
10. Radèn Rija Danoe-asmara, Panèwoe sepoeh rèh Kadanoeredjan.
11. Radèn Ajoe Kretadirdja, anggarwa Dèn Rija Kretadirdja, Panèwoe sepoeh rèh Kadanoeredjan.
12. Radèn Toemenggoeng Soerja-moertjita, mantoe Dalem Kangdjeng Soeltan kaping 6 Ngajoegja, poepoetra kalih Bendara Radèn Ajoe ladjeng séda.

Poetra sangking garwa tengahan, Bendara Radèn Ajoe Adipati Danoeredja, Poetri Dalem Kangdjeng Soeltan kaping 4 sakawan Ngajoegja, patoetan sangking Radèn Ajoe Retnadiningroem, asli Djedjeran, sasoeroed Dalem waoe, krama ping 2 kalih, pikantoek Kangdjeng Pangéran Arija Joedanagara, Loetnan Kolonèl Adjoedan setap.

1. Radèn Ajoe Poerwakoesoema, anggarwa Radèn Rija Poerwakoesoema, Panèwoe sepoeh rèh Kadanoeredjan, poetraning Kangdjeng Pangéran Arija Poerwadiningrat.
2. Radèn Mas Karwèni, séda sampoen diwasa, soemaré Moelangi.

3. Radèn Mas Soeléman, séda timoer, soemaré Moelangi.
4. Radèn Adjeng Moetmainah, parab Radèn Adjeng Prekis, séda soemaré Moelangi.
5. Radèn Ajoe Mretanagara, anggarwa Radèn Toemenggoeng Mretanagara ping 2 kalih, Boepati Najaka Wadana Kaparak kiwa, krama nak-ḍèrèk sangking djaler.
6. Radèn Ajoe Dipakoesoema, anggarwa Pangeran Pandji Dipakoesoema, ing Soerakarta.

blz.351. Garwa nomer tiga, poetraning Kangdjeng Ratoe Anom, anggarwa Kangdjeng Pangéran Arija Poerwanagara, poetraning Kangdjeng Ratoe Anom garwaning Pangéran Poerwanagara, nama: Radèn Ajoe Djoeroe, anggarwa Pangéran Arija Djoeroe, Ridder, boten poepoetra.

Sangking pangrembé Mas-adjeng Pratignjasari, patoetan kalih, ladjeng kawedalaken.

1. Radèn Ajoe Kalapa-aking, anggarwa Radèn Panèwoe Kalapa-aking, ladjeng nama: Radèn Rija Prajadirdja, patoetan pitoe, ladjeng pegat, krama kaping 2 kalih nama: Radèn Ajoe Danoewidjaja.
2. Radèn Ngabèi Gandawredaja, Mantri abdi dalem Kori.

Sangking pangrembé, Mas-adjeng Pratignjaningsih, patoetan satoenggil medal:

1. Radèn Rara Kamilah, séda timoer.

Sangking pangrembé, Mas-adjeng Pratignja-resemi, patoetan 2 kalih:

1. Radèn Pandji Mangoen Djedjer, anggarwa poetraning Radèn Adipati Holan Soemadilaga, Boepati Keḍoe Temanggoeng.
2. Radèn Rara Djinap-sijah, séda soemaré Moelangi.

Sangking pangrembé, Mas-adjeng Pratignjawati, patoetan

1 idji, ladjeng medal.

1. Radèn Pandji Nataredja, anggarwa poetraning Radèn Toemenggoeng Poerbakoesoema, Boepati Anèm, poetraning Pangéran Poerwanagara, kang sepoeh.

   Radèn Pandji Nataredja, sinoeng pangkat Rija Boepati Anèm, nama: Radèn Rija Ardjadiningrat, ḍistrik Kaboepatèn Semanoe, ing Redi Kidoel.

Sangking pangrembé Mas-adjeng Pratignjaningsih ping 2 kalih, patoetan 2.

1. Radèn Bagoes Prawira-oedaja, sareng wonten pranatan Dalem tjanggah, nama: Radèn Mas Prawira-oedaja.
2. Radèn Bagoes Timboel, nama: Radèn Mas Timboel, séda.

Sangking pangrembé, Mas-adjeng Pratignjamoerti, patoetan tiga:

1. Radèn Mas Madyana, Radèn Bekel Prawira-sekarsa.
2. Radèn Adjeng Sapijah, séda timoer.
3. Radèn Mas Oeda-jana, séda timoer.

Nganḍap poenika pratélan oeroet sepoeh.

------

1. Kang iboe garwa sepoeh, Radèn Ajoe Djagaresa, anggarwa Mas Djagaresa, anaking djaler Mas Demang Djagaresa, Demang Waḍas bawah Nanggoelan poepoetra 4.

   1. Radèn Panèwoe Kretadirdja, anggarwa poetraning Kangdjeng Pangéran Arija Soerjanagara, poepoetra 2 kalih, Radèn Panèwoe, séda. blz.352.

      1. Radèn Adjeng Roebingah.
      2. Radèn Mas Ngabdoel-kasim.

   ----

   2. Radèn Mas Ismangoen, nama: Danoewinata, Insepèktoer goe-

roe sekolah, Antenaripoen Kangdjeng Goepremèn, klas satoenggil, pakoermatan sasepoehipoen Risidèn tanah Djawi, tilar dipoen tanem ing redi Tidar ing Megelang, tilar poetra 3 tiga, wonten ing Prabalingga wétan, dipoen oepakara, dateng ipé toewan Moeda, poetranipoen toewan Pan Setiden nagari Welandi, tanah Berkilo.

----

3. Radèn Ajoe Resawinata, inggih Resapradja, mantoening Mas Ngabèi Danoekrama Manten, poepoetra 11 sawelas:
    1. Radèn Ajoe Djajadikrama, poepoetra 2 kalih:
        1. Dèn Adjeng Roedjijah.
        2. Dèn Mas Slamet.

        ------

    2. Dèn Mas Salèh Dèn Bèi.
    3. Dèn Adjeng Sainah.
    4. Dèn Adjeng Kasinah.
    5. Dèn Adjeng Oemi Aminah.
    6. Dèn Mas Salam.
    7. Dèn Mas Ngabdoel-kahir.
    8. Dèn Adjeng Rapkijah.
    9. Dèn Mas Ngabdoel-kadjis.
    10. Dèn Mas Soedjoedi.
    11. Dèn Adjeng Soelbijah.

    ----

4. Radèn Ajoe Sastrasentana, anggarwa poetraning Dèn Menggoeng Ranadirdja sepoeh, poepoetra 4.
    1. Dèn Adjeng Sajilah.
    2. Dèn Adjeng Ka~~s~~msijah, Dèn Ajoe Wanapati, adjal.
    3. Dèn Adjeng Soetinah, Dèn Ajoe Wirjadikrama, kemantoe Widjajèng-sastran sepoeh, poepoetra 3.
        1. Dèn Adjeng Isman Inah.
        2. Dèn Mas Iskandar.
        3. Dèn Adjeng Baji.

        ------

4. Dèn Mas Tahir, tilar.

----

2. Kang iboe garwa sepoeh, Radèn Ajoe Resakoesoema, anggarwa Radèn Toemenggoeng Resakoesoema kaping 2, Boepati Anèm Wadana djoeroe-koentji Imagiri, poepoetra 2 kalih:

1. Radèn Adjeng Katidjah, séda teksih timoer.
2. Radèn Mas Kedoeng, goemanti waris, nama: Radèn Toemenggoeng Resakoesoema, kaping 3 tiga, Boepati Wadana djoeroe-koentji.

----

blz.353. Ingkang kapoendoet mantoe dateng Kangdjeng Pangéran Arija Joedanagara, ingkang kaping 2 kalih, poetri, patoetan sangking Goesti Kangdjeng Ratoe Anggèr, séda sarimbit soemaré ing Imagiri.

Radèn Toemenggoeng Resakoesoema ping 3, Manten, poepoetra, sangking Bendara Radèn Ajoe, oetawi sangking pangrembé sepoeh:

1. Medal sangking pangrembé, Dèn Bagoes Soebardja.
2. Medal sangking pangrembé , Dèn Bagoes Soeratidja.
3. Medal sangking pangrembé, Dèn Bagoes Soeta-ardja.
4. Medal sangking pangrembé, Dèn Bagoes Soebardi.

--- Poetra sangking garwa padmi -----

5. Radèn Adjeng Bèdji.
6. Radèn Mas Soember.
7. Radèn Adjeng Grimis.
8. Radèn Mas Deres. Sigeg saweg semanten.

----

3. Radèn Toemenggoeng Danoekoesoema, Manten, garwanipoen kang sepoeh, poetraning Pangéran Ali Basah Ngabdoel Moestapa, Prawiradirdja, soemaré Bangkoelen, garwa kang nèm, poetraning Pangéran Ali Basah Soemanagara, séda soemaré Koentjèn Ngajoegja; anggarwa kalih sami wajahipoen Kangdjeng Pangéran Arija Soerjaning-alaga, poetra Dalem Ingkang Si-

noehoen kaping 3 tiga, poepoetra patjatjah 14 idji.

1. Sangking iboe garwa sepoeh, Radèn Mas Brahim, séda.
2. Sangking iboe garwa sepoeh, Radèn Loerah Poespa-atmadja, Manten, poepoetra sangking sémah tyang alit:
    1. Dèn Rara Siti Amanah.
    2. Dèn Bagoes Gembel.
    3. Dèn Rara Siti Aminah.
    4.

----

3. Radèn Bekel Wohingrat, kang kemantoe dateng Radèn Toemenggoeng Gandakoesoema, Boepati Najaka Wadana Boemidja, séda soemaré Moelangi sàrimbit; Radèn Ajoe poepoetra, oetawi sangking pangrembé:
    1. Dèn Rara Ismanijah.
    2. Dèn Bagoes Édria, parab Tengoel
    3. Dèn Bagoes Ngabdoelah.

    -- poetra sangking garwa padmi--

    4. Radèn Mas Derpajoeda.
    5. Radèn Adjeng Djoewok.
    6.

Poetra sangking pangrembé: --------

4. Dèn Rara Oesrek.
5. Dèn Nganten Krama-tjepaka, poepoetra: 1 Dèn Bagoes Boebakar Sidik.
    2. Dèn Bagoes Ngabdoelah.

------

blz.354.

6. Dèn Bagoes Moengsa.
7. Dèn Rara Soetinah.
8. Dèn Rara Djasijah.
9. Dèn Bagoes Aboebakar.
10. Dèn Rara Andawijah.
11. Dèn Rara Kamsijah, Dèn Nganten Wanapati, sémah Demang Djlegong.

12. Dèn Rara Temon.
13. Dèn Rara Koesdjinah.
14. Dèn Rara Koesirin.

----

4. Radèn Mas Kambjah, séda timoer soemaré Moelangi.
5. Radèn Mas Salèh, séda timoer soemaré Moelangi.

------- Poetra sangking garwa tengahan. -------

6. Radèn Ajoe Poerwakoesoema, anggarwa Radèn Rija Poerwakoesoema, pinanggih ŋak-dèrèk, pegat séda soemaré Moelangi, krama kaping 2 kalih, pikantoek Radèn Mas Soerjaprawira, Manten, oegi nak-sadèrèk.

------ Sangking garwa sepoeh.-----

7. Radèn Toemenggoeng Gandakoesoema, Boepati Najaka Wadana Boemidja, anggarwa Poetri Dalem Kangdjeng Soeltan ingkang kaping 5 gangsal Ngajoegjakarta.

Sampoen séda sarimbit soemaré Moelangi, poepoetra:

1. Radèn Adjeng Soemirah, séda timoer.
2. Radèn Adjeng Roekijah, séda timoer.
3. Radèn Ajoe Wohingrat, krama pikantoek nak-dèrèk.
4. Radèn Mas Sapardja, séda soemaré Moelangi.
5. Radèn Toemenggoeng Gandakoesoema kaping 3 tiga, anggarwa poetraning Goesti Kangdjeng Pangéran Arija Soerja Mantaram.
6. Radèn Mas Bekel Mangkoedikara, ladjeng dados Bekel abdi Dalem Poenakawan Koersi, nama: Radèn Bekel Mangoendilaga.

-------- Sangking garwa nèm poetraning Radèn Toemenggoeng Tjakraningrat.---

7. Radèn Adjeng Moekidjah.
8. Radèn Adjeng Soekidjah.

---- Sangking pangrembé .----

9. Dèn Bagoes Samadiman.

----

8. Sangking padmi garwa tengahan, Radèn Mas Karmèni, séda djaka.

--- Sangking garwa sepoeh.---

9. Radèn Bekel Danoe-atmadja, anggarwa poetraning Radèn Toemenggoeng Koernèl Mretanagara, patoetan sangking Bendara Radèn Ajoe Dèwi, poepoetra 13.

1. Radèn Ajoe Ranadiningrat, anggarwa Radèn Rija Ranadiningrat, ping 2, poepoetra:

    1. Dèn Mas Moel-ngadijah.
    2. Dèn Mas Bahroen Kasan.
    3. Dèn Mas Bolot.
    4. Dèn Adjeng Sriati.

---

blz.355. 2. Radèn Mas Sasrasoedira, abdi dalem Poenakawan Djadjar Minoeman, poepoetra sangking pangrembé:

    1. Dèn Bagoes Apandi.
    2. Dèn Rara Amirah.
    3. Dèn Rara Tiwoel badjeng.

---

3. Radèn Adjeng Maksoem, séda timoer.
4. Radèn Ajoe Retnadjoemanten, langen Dalem Kangdjeng Soeltan ping 7, Ngajoegja; séda dèrèng poepoetra, soemaré Imagiri.
5. Radèn Mas Soekaredja, parab Dangoeng séda.
6. Radèn Mas Roeslan.
7. Radèn Mas Sapardja, séda.
8. Radèn Adjeng Siti Pailah.
9. Radèn Adjeng Siti Djoemarilatin.
10. Radèn Adjeng Siti Djeemantari.
11. Radèn Mas Soetapa.
12. Radèn Mas Soebekti.
13. Radèn Mas Soedarmadja, séda timoer.

---- Sangking garwa padmi tengahan.----

10. Radèn Mas Soeléman, séda soemaré Moelangi.

--- Sangking padmi garwa sepoeh.---

11. Radèn Mas Kasah, séda sampoen djaka soemaré Moelangi.

--- Sangking padmi garwa tengahan.----

12. Radèn Adjeng Prekis, séda timoer, soemaré Moelangi.

--- Sangking padmi garwa sepoeh.---

13. Radèn Adjeng Asijah, séda timoer soemaré Moelangi.

14. Radèn Rija Danoe-asmara, poepoetra sangking pangrembé, 1 Radèn Adiningsih, langening Goesti Poeger, poepoetra: Radèn Adjeng Koestinah.

Poepoetra sangking pangrembé ingkang kaping 2 kalih, Masadjeng Widaningsih:

1. Dèn Bagoes Soehoed, Sastradiardja.
2. Dèn Bagoes Salim.
3. Dèn Rara.
4. Dèn Adjeng Soertijah. (Sangking padmi.)

---- Sangking padmi garwa tengahan.----

15. Radèn Ajoe Mretanagara, anggarwa Radèn Toemenggoeng Mretanagara kaping 3, Boepati Najaka Wadana Kaparak kiwa, poepoetra sampoen kaseboet ngadjeng.

16. Radèn Ajoe Dipakoesoema, anggarwa Pangéran Pandji Dipakoesoema, ing Soerakarta, poepoetra:

1. Radèn Mas Ngabdoel-rahman parab Respati, katriman sadèrèk Dalem Kangdjeng Soehoenan kaping 10 Soerakarta.
2. Radèn Adjeng Koesirin, poetra Dipakoesoeman Soerakarta. blz.356.
3. Radèn Mas Ngabdoel-koesèn.
4. Radèn Mas Koesèn.
5. Radèn Adjeng Siti-aminah.
6. Radèn Mas Ngabdoe(l)moebti.
7. Radèn Adjeng Prihatin.

---

17. Radèn Ajoe Kertadirdja, anggarwa Radèn Rija Kertadirdja, Panèwoe sepoeh, poetraning Radèn Toemenggoeng Padmanagara, Boe-

pati Anèm Midji, rèh Lebet, poepoetra:

1. djaler wekasan séda koendoeran soemaré Moelangi.

----

18. Radèn Toemenggoeng Soerjamoertjita, katriman Poetra Dalem Kangdjeng Soeltan kaping 6, Ngajoegja, poepoetra:

    1. Radèn Adjeng Moetmailah.
    2. Radèn Mas Timoer, mijos kembar, séda timoer.
       Sangking pangrembé.
    3. Radèn Rara Moek-inah.
    4. Dèn Rara Moek-irah.

--- Awit poetra sangking pangrembé.------

19. Radèn Ajoe Kalapa-aking, ladjeng nama: Radèn Ajoe Prajadirdja, patoetan 3 idji sampoen kaseboet ngadjeng, pegat. Ladjeng krama ping 2 kalih, nama: Radèn Ajoe Danoewidjaja, krama pikantoek poetraning Mas Rija Sindoedipoera.

20. Radèn Rara Kamilah, séda.

21. Radèn Pandji Mangoen Djedjer, anggarwa poetraning Radèn Adipati Holan Soemadilaga, Boepati Kedoe Temanggoeng, poepoetra.

    1. Dèn Mas Hojong, saweg magang.
    2. Dèn Adjeng Asijah.
    3. Dèn Adjeng Woerjan.
    4.
    5.

----

22. Radèn Pandji Nataredja, Pandji Kalapa distrik ing Klégoeng, ladjeng minggah pangkat, nama: Radèn Rija Ardja-diningrat, Boepati Anèm distrik Kaboepatèn Semanoe, Redi Kidoel, anggarwa poetraning Radèn Toemenggoeng Poerbakoesoema, Boepati anèm waris Poerwanagaran, poepoetra:

    1. Dèn Mas Ngabdoel Djemdjem, saweg magang.
    2. Dèn Mas Hasim.
    3. Dèn Mas Israr.

4. Dèn Mas Ngabdoel-djahèni.
5. Dèn Adjeng Kasijan.
6. Dèn Mas Djèndi.

---

lz.357. 23. Radèn Ngabèi Gandawredaja, abdi dalem Mantri rèh Kori, anggarwa poetraning Radèn Ngabèi Poespa-asmara, Manten, poepoetra:

1. Dèn Mas Sapariman, parab Dèn Mas Bendoel.
2. Dèn Mas Mapengoet.

24. Radèn Rara Djinapsijah, séda timoer soemaré Moelangi.

25. Radèn Mas Prawira-oedaja, krama poetraning rama-oewa, Radèn Toemenggoeng Koernèl Mertanagara, poepoetra:

1. Dèn Bagoes Koeskandarna.

26. Radèn Mas Madyana, nama: Radèn Bekel Prawirasekarsa, Poenakawan ing Kadipatèn.

27. Radèn Adjeng Sapijah, séda timoer soemaré Moelangi.

28. Radèn Mas Oeda-jana, séda timoer soemaré Moelangi.

29. Radèn Mas Timboel, séda timoer soemaré Moelangi. Sigeg.

Poetra goenggoeng 29 idji, goenggoeng wajah 78 idji, goenggoeng boejoet 31, tjanggah 2.

Poenika ingkang kaseboet salebetipoen serat boek Salasilah:

1. Toeroen sangking Arja Sijoeng Wanara, Banjak-widé, Sri Mradjasekti, Pakoewan, Padjadjaran.
2. Sri Bratandjoeng, Praboe Brawidjaja, Madjapait, Ratoe kaping 6 nem, toeroen doemoegi Radèn Toemenggoeng Joedanagara, kaping 5, Boepati Banjoemas, trah toemerah, doemoegi Kangdjeng Radèn Adipati Danoeredja kaping 5, Patih Ngajoegjakarta, nama: Pangéran Arja Djoeroe, Ridering orde Nèderlanselèjo, sampoen poendat panedakipoen Salasilah ing Banjoemas. Sigeg. Poen Rija Prajadirdja:

……

Katiti dinten Slasa Pon tanggal kaping 29 Roewah Djimawal 1829; oetawi kaping 2 Januari, taoen 1900.

--------::oooOooo::---------

No.39.

blz.357. Poenika awit salasilah Pangiwa, kadjedjeraken menḍet sangking Kangdjeng Nabi Adam, ingkang toemerah noeroenaken ḍateng para Ratoe ing tanah Djawi kados-dené nganḍap poenika:

1. 1. Awit Kangdjeng Nabi Adam, kaseboet Sang Hjang Athama, akalijan lalampahanipoen sarta terah toemerahipoen para Déwa, ing saladjengipoen, ngantos doemoegi tjarijos wiwitipoen tanah Djawi dipoen doenoengi manoengswa. Menggah wawato~~b~~nipoen amenḍet sangking tjarijos ingkang kotjap ing serat Djitapsara, anggitanipoen Bagawan Palasara, ing Ngastina, sangking anggènipoen noenggil soeraosipoen Poestaka Darjja babon sangking tanah Inḍoestan, ladjeng kaṭepangaken akalijan soeraosipoen kitab Miladoenirèn, babon sangking Nadjran, kitab Silatoel-goejoeb, babon sangking Sélan, toewin kitab Moesarar, kitab Djoes Al-goebèt, babon sangking Roem; ananging soeraosing kitab-kitab waoe, anamoeng kapeṭikan kimawon, ingkang wonten tjarijosipoen toemrap ing serat Parama-joga kémawon; saha mawi anoekil sakaṭahing Kikajat oetawi wirajat, ladjeng katoeroetaken akalijan étangé taoen srengéngé, sarta taoen remboelan, oeroet-oeroetipoen tjarijos ladjeng katjekak kimawon, ladjeng tjarijos Kangdjeng Nabi Adam, inggih Sang Hjang Athama, anoeroenaken terahipoen trah toemerah, Sangking Bagénḍa Sis, Kangdjeng Nabi Sis.

blz.358. Kangdjeng Nabi Adam, Sang Hjang Athama, sampoenipoen angsal sih pangapoentenipoen Goesti Allah, ladjeng djoemeneng Kalipattollah wonten Koesnija Malébari, angratoni satokéwan, ingkang kaḍahar amoeng medal sangking moedjidjat, ing Djitapsara dipoen westani medal sangking pamoedja, déné doenoengipoen nagari Koesnija Malébari waoe, wonten tanah Asija ingkang lèr-kilèn, kaprenah sakilènipoen saganten Kaspi, sakidoelipoen redi Kaokasoes, sa-lèr-wétanipoen tanah Toerki Asija, kang ing mangké dipoen westani déning bangsa Éropah tanah Tran Kaokasi, ing ngrikoe Kangdjeng Nabi Adam karsa jasa étanging taoen warni kekalih, taoen Samsijah, kalijan taoen Kamarijah, jèn ing Djitapsara Samsijah kawastanan taoen Soerja, kamarijah taoen Tjandra, sareng bangsa Djawi kawastanan taoen Srengéngé, Kamarijah taoen Remboelan.

Angkaning taoen kapétang kala wiwit djoemenengipoen Kalipattolah taoen: 1, inggih poenika ingkang dipoen westani taoen Adam; sareng doemoeginipoen taoen angka 129, taoen srengéngé, oetawi angka 133, ing taoen remboelan, Kangdjeng Nabi anjipta Tanadjoel-tarki, tegesipoen inggah - toemoeroening toemoewoeh, ambabaraken widji; boten watawis lami, garwanipoen Kangdjeng Nabi nama: Baboe Kawa, babar mijos ḍampit, kalih kakoeng poetri, rambahipoen boten katjarijosaken, goenggoeng poetra kakoeng poetri kalih dasa djoḍo langkoeng kalih boten mawi sasarengan poetra No.6 Sajidina Sis, poetra No.41 Siti Oenoen, boten mawi sarengan. Kangdjeng Nabi Sajidina Sis, ingkang goemanti nabinipoen. Poetra No.13 Sajid Kajoe-marat, goemanti nama: Soeltan Kajoe Moetoe, ing Koesnija Malébari. ----------------

2. Poetra Adam no.6 nem, ingkang nama: Sajidina Sis, sampoening diwasa, pinaringan djoḍo déning Goesti Allah, widadari nama: Dèwi Moelat, tegesé pramana, sangking Swasana, ladjeng atoet apala-krama, sareng anggènipoen pala-krama, sampoen andoengkap sawetawis taoen, ing ngrikoe katjarijos, Malaékat Ngadjadjil sampoen deling ing pamirengipoen, jèn teḍak Adam kinasijan déning Goesti Allah, malaékat Ngadjadjil ga-

ḏah pangangkah teḏak Adam sageda noenggil kalijan teḏak Ngadjadjil, soepados sageda noeroenaken ḏateng para Ratoening manoeswa; ing ngrikoe malaékat Ngadjadjil, anoewoen ing Goesti Allah, sampoen katarimah ing sapanoewoenipoen, anakipoen èstri kang nama: Dladjah, ladjeng binekta ḏateng Koesnija Malébari, kawasanipoen malaékat Ngadjadjil, blz.359. Dladjah pininḏa-pinḏa garwanipoen Sajidina Sis, kang nama Dèwi Moelat, déné Dèwi Moelat ingkang loegoe mawi ka-alingan sangking daja pangabaranipoen Ngadjadjil, soepados boten katingal ḏateng Sajidina Sis, sareng Sajidina Sis aningali ḏateng Dèwi Moelat pinḏan saklangkoeng gèning gandroeng, boten nginten sanget, jèn anakipoen Ngadjadjil, kakinten ingkang garwa pjambak. Ladjeng sinanggaman noetpah toemoeroen ḏateng talanakan. Sareng malaékat Ngadjadjil oeninga jèn noetpah sampoen toemoeroen, Dladjah énggal kabekta ing kahjanganipoen Ngadjadjil, Dèwi Moelat kang loegoe katingal.

Sareng Sajidina Sis joeswa 105, ing taoen srengéngé oetawi 108, ing taoen remboelan, garwanipoen Sajidina Sis Dèwi Moelat waoe, angartali grebini, teges: meteng, babar medal lahir kembar marengi djoeloeng-wangi inggih noedjoe wedaling soerja; nanging nalika poenika ingkang satoenggil sawoedjoed babaji djabang djaler, satoenggilipoen sawoedjoed tjahja, sareng sadinten waoe, Dladjah anakipoen malaékat Ngadjadjil, inggih babar noedjoe djoeloeng poedjoed, inggih noedjoe seraping soerja, woedjoed asrar, teges: warni rahsa, gilang-gilang kados doemoenoeng wonten ing roning loemboe, la(djeng) kapenḏet ḏateng malaékat Ngadjaḏjil, kabekta ḏateng Koesnija Malébari, rahsa kapandjingaken ing poetranipoen Sajidina Sis sangking Dèwi Moelat, ingkang sawoedjoed tjahja waoe, ladjeng gatra kados sipating djabang baji djaler, nanging taksih kalimpoetan ing tjahja boten kénging ginarajang, ingkang éjang Kangdjeng Nabi Adam, amaringi nama ingkang nalika lahiripoen awoedjoed djabang baji Anwas, ing Djitapsara kawestanan: Nasa, ingkang lahir Anwar, ing Djitapsara kawastanan: Nara. Antawis taoen laminipoen, sareng poetra kalih sampoen diwasa, Sajid Anwas karem olah ngèlmi raosing agami, tansah angabekti ing Allah tangala.

adad Nara

Sareng Saji~~s~~d Anwar karem atapa wonten ing wana toewin redi, miwah goewa kang samoen, nalika Sajid Anwar lalana doemoegi ing wana Ngambalah, Djitapsara dipoen wastani: Wana Keling, inggih wana tanah Indoe. Sareng sampoening dados nagari dipoen wastani nagari Keling; Sajid Anwar ladjeng anoet lakoe djantraning malaékat Ngadjadjil, ladjeng katjek dados Déwa, djoeloek Sang Hjang Noertjahja.

---

3. Sang Hjang Noertjahja, ladjeng krama pikantoek poetraning ratoening Djin, kahjangan ing poelo waoe, nama: Praboe Noeradi, poetranipoen Praboe Rawangin, tedaking Djan Banoedjan, jèn Djitapsara kawastanan Sang Hjang Mal-adéwa, poetraning Sang Hjang Arta-ètoe.

Sang Hjang Noertjahja dipoen atoeri poetrinipoen Sang Hjang Noer-adi, nama: Rini, Djitapsara kawastanan Mal-amoeni, dados praméswa~~n~~rinipoen Sang Hjang Noertjahja, kala semanten sakoela-warga miwah wadya-bala,-nipoen Praboe Noer-adi, sami poeroehita ingkang kahjangan wonten ing poelo Déwa sapitoeroetipoen, sami angidep dateng Sang Hjang Noertjahja, ladjeng Sang Hjang Noertjahja sineboet Déwata, teges: goeroening poelo Déwa sadaja, inggih poenika wiwitipoen Sang Hjang Noertjahja, sapoetra-wajah trah toemoeroen sineboet nama: Déwa, oetawi sineboet Sang Hjang; awit sangking Praboe Noer-adi, sakoela-warga, wadya-bala, sami njeboet Sang Hjang dateng Sajid Anwar. Ladjeng djoeloek Sang Hjang Noer- blz.360.

tjahja, inggih Sang Hjang Déwata sapitoeroetipoen saseboetan para Déwa; ladjeng katjarijos praméswari Dèwi Rini, ngartali doegi mangsa babar awoedjoed Asrar, teges: rahsa, akanta kados sipating manoeswa, mawi tjahja mantjoerat ambalerengi goemilap anarawoeng, ladjeng siniram toja gesang, boten dangoe saged molah; kang rama maringi nama: Sang Hjang Noer-rasa, Sang Hjang Noertjahja amoeng kagoengan poetra satoenggil Sang Hjang Noer-rasa, wonten poelo Maldéwa, ing mangké dipoen wastani poelo Landéwa, salebetipoen taoen Adam angka 2170, kaétang taoen srengéngé, oetawi 2230, ing taoen remboelan, paparenganipoen ing Alam-doenja noedjoe kanabéjanipoen Kangdjeng Nabi Hoed, saréngatipoen Kangdjeng Nabi Noeh.

Sigeg.

---

4. Sang Hjang Noer-rasa, sareng sampoen diwasa, ladjeng dipoen oendjoeki toja gesang, déning ingkang rama, sarta kawoelang sakatahipoen kawignjan sampoen poetoes saliring kasagedan sadaja; Sang Hjang Noertjahja pasrah kaprabon, pangawasa dateng ingkang poetra Sang Hjang Noer-rasa, sarta tjoepoe-manik wadah toja gesang, Retna-doemilah, kang isi gambaraning kasoewarganing para Déwa, oetawi ojod Maosadi, ladjeng angwontenaken Poestaka Darjja, teges: toelising ati, kinantjingan ing boedi, amantra tanpa swara, aswara tanpa sastra, dados amoeng kalijan tjipta sasmita kémawon, Sang Hjang Noertjahja anoenggil kawontenan Sang Hjang Noer-rasa, inggih Sang Hjang Noertjahja, kados satoe doemoenoeng rimbagan; Djitapsara Sang Hjang Noer-rasa, kaseboet Sang Hjang Nata-wisé~~d~~sa, djoeloek Sang Hjang Soeksma-wisésa, seboetan sapitoeroetipoen tan siwah.

Sampoening wentawis lami Sang Hjang Noer-rasa, noenten pala-krama, pikantoek Dèwi Swarwwati, poetrinipoen Praboe Rawangin, ratoening Djin ing poelo Darma, énggaling tjrijos garwa Dèwi Sarwwati, poepoetra mijos Sottan, teges medal kalih tanpa woedjoed, kadjawi amoeng katanda wonten swara kakalih ageng-alit, sami kapirengan dija-dinija arebat sepoeh, Sang Hjang Noer-rasa kéwran ing galih ladjeng manoengkoe poedja semèdi mandjing alam Arwah, ngwontenaken gaibing rahsa, angrèh adjal-kamoelanipoen sakatahing rahsa kakempalaken, katjipta noenggil akalijan swara, boten wonten ingkang katingal, kadjawi amoeng tjahja soemilak anglimpoeti, boten watawis dangoe swara kakalih waoe katingal wawajangan, swara ageng wonten ngadjeng, swara kang alit wonten wingking; Sang Hjang Noer-rasa waspada ing tjipta, akalijan sasmita, saged amastani, jèn ingkang wonten ngadjeng sepoeh, blz.361. ingkang wonten wingking nèm; ladjeng sami kaparingan nama, ingkang kotjap ing Djitapsara ingkang sepoeh anama Soepi, tegesipoen wening, adjoeloek Darma-djaka, inggih Sang Hjang Poerbawisésa; ingkang nèm anama Djadji, teges: wenang, adjoeloek Sang Hjang Pramanawisésa, nalika Sang Hjang Noer-rasa, apoepoetra wonten salebetipoen taoen Adam angka:2900, ing taoen srengengé, oetawi 2989, ing taoen remboelan, parenganipoen ing Alam-doenja noedjoe djaman kanabéjan sarta sarengatipoen Kangdjeng Nabi Ibrahim. Sampoen sawatawis taoen laminipoen, Sang Hjang Noer-rasa, apoepoetra malih mijos Ahjan kakoeng, tegesipoen ahjan: gesang asipat sadjatinipoen Djin, ingkang rama maringi nama: Sang Hjang Pramana-wisésa, inggih Sang Hjang Taja, Sang praméswari Dèwi Sarwwati, sampoen boten poepoetra malih, namoeng kagoengan poetra tiga idji, nalika poepoetra doemoenoeng wonten poelo Darma, kidoel-kilènipoen tanah Indoestan, ing mangké dipoen wastani bangsa Éropah poelo Maldéwa.

Sigeg.

----

5. Sareng Sang Hjang Darma-djaka, Sang Hjang Wenang~~a~~, Sang Hjang Pramana-wiséGsa, sampoen sami diwasa, ingkang rama sanget trisna, para poetra sami kawoelang sakaṭahing kawignjan, oegi sami poetoes, noenten dipoen oendjoeki toja gesang, tiga pisan sampoen apranawa, teges: paḍang terawangan, Sang Hjang Noer-rasa, ladjeng pasrah karaton sakapraboniopoen ḍateng ingkang poetra. Sang Hjang Wenang, sasapoet prantining poesakaning para Déwa boten tjèwèt, Sang Hjang Noer-rasa, inggih Sang Hjang Wenang, noenggil kahanan djatining toenggil, satoe doemoenoeng ing rimbagan, ladjeng galih soeraosipoen Poestaka-darjja, dados kapéntjoet anoelad lalampahanipoen ingkang éjang, anggèné karem amangoen tapa, Sang Hjang Wenang ladjeng lolos sangking pradjanipoen, andjadjab wana redi ingkang samoen lalana ing djagad anoet among sakarsanipoen, sa(ng)gènipoen amanting raga sawarnining tapa dipoen lampahi sadaja, Sang Hjang Wenang ladjeng akahjangan wonten sanginggilipoen redi anama Toenggil ing poelo Déwa, njipta kaswargan ingkang sakalangkoeng éndah, mangoen tapa kahjangan wonten ing ngrikoe pikantoek 300 taoen, kaèḍep déning para ratoening djin ka-anggep ingkang Moerbèng djagad raja.

Kodjar wonten Pandjenengan Ratoe manoeswa, djoeloek Praboe Ari, kang kekiṭa tanah Keling Inḍoestan, Sang Praboe Ari sampoen konḍang ing kawitjaksanan sarta kawanteraning panggalih, anoedjoe satoenggiling dinten, Sang Praboe miḍanget pawartos, jèn redi Toenggal, wonten ingkang ananeka njipta kahjangan kaswargan, kang djoeloek Sang Hjang Wenang, angaken kang Moerbèng djagad, Sang Praboe sanget doeka tan sinipi, ladjeng neḍaki ḍateng redi Toenggal, boten mawi kaḍerèkaken wadya. Rawoeh ing redi Toenggal, ngaben goena

blz.362. kasantikan, nanging Praboe Ari kasor ladjeng noengkoel sakoela-warga wadya-bala poenggawa, titijang Keling soejoed sarta ngigep ḍateng Sang Hjang Wenang, sami nganggep Ingkang Maha Loehoer; sarta poetrinipoen Sang Praboe Ari, nama: Dèwi Sahoti, kasaosaken dados praméswari, dados pareng soeka-pirena, ladjeng ka-agem kagarwa, lami-lami Sang Hjang Wenang poepoetra, sangking Dèwi Sahoti, ingkang kotjap ing Djitapsara, pambabar lahir akjan, teges sipat kados manoeswa, badan djasmani, nanging kalimpoetan ing tjahja abrit, koening, tjemeng, peṭak, ladjeng siniram toja gesang, djabang baji saged molah, tjahja kang warni sakawan ingkang anglimpoeti waoe, noenten ngalempak dados satoenggil, tjahja kang abrit malebet ing tjahja koening, tjahja kang tjemeng malebet ing tjahja peṭak; sampoening mekaten djabang baji sirna sawoedjoeding badan Djasmani, santoen badan rokani mawi tjahja soemoenoe, teges: woes sirna wal badan waḍag; ladjeng boten katingal, kados sasaminipoen djin, kang rama maringi nama: Sang Hjang Toenggal, kala Sang Hjang Wenang apoepoetra Sang Hjang Toenggal, amarengi taoen Adam angka 3500, ing taoen srengéngé, oetawi angka 3607, ing taoen remboelan, parenganipoen ing alam-doenja noedjoe djaman kanabéjan Kangdjeng Nabi Soeléman, saréngatipoen Kangdjeng Nabi Moesa.

Sareng Sang Hjang Toenggal sampoen diwasa, inggih remen ḍateng ngolah kasoetapan kados ingkang rama, boten watawis lami praméswari Dèwi Sahoti, poepoetra mijos lahir ahjan ḍampit, teges: ahjan gesang, ~~d~~ sipat djatinipoen Djin, teges ḍampit, djabang lahir kalih, djaler, èetri, kalih pisan mawi tjahja maja-maja soemorot kados sosotya, dipoen siram toja gesang, kaparingan nama: ḍateng ingkang rama, kotjap Djitapsara, kang djabang baji kakoeng, Sang Hjang Ening, ingkang djabang baji poetri Sang Jati, Sang Hjang Wenang boten poepoetra namoeng poetra tiga poenika, nalika poepoetra doemoenoeng poelo Déwa, kidoel-kilèn Indoestan, ing mangké poelo Maldéwa.

---

5. Gentos kang kinodjar, Sang Hjang Darma-djaka, kang raka Sang Hjang Wenang, inggih sampoen pala-krama, pikantoek Dèwi Sekandi, poetrining Praboe Sikanda, ratoening Djin ing Poelo Sélong, sampoen djoemeneng Nata angratoni Djin ing tanah Sélong, Kandi, oegi tanah Ngalengka, doemoenoeng sakidoel- tanah Indoe, ing mangké bangsa Arab mestani: poelo Sélan, bangsa Éropah mastani: poelo Sélon, Sang Hjang Darma-djaka djoeloek Sang Hjang Darmawiséa, sampoen poepoetra 5 gangsal:

∠ipoen

1. mBadjeng Dèwi Darmani.
2. Sang Hjang Darmana, inggih Sang Hjang Dwidja.
3. Sang Hjang Trijatra.
4. Sang Hjang Tjatoer Kanyaka, Sang Hjang Narada, inggih Sang Hjang Kanékwa-poetra.
5. Sang Hjang Pantja-resi.

----

blz.363. Déné Dèwi Darmani waoe, ladjeng daoep krama lan sadèrekipoen nak-sanak pijambak, inggih Sang Hjang Toenggal. Sang Hjang Toenggal ladjeng djoemeneng Nata angratoni Djin ing Keling, ingkang kotjap ing Djitapsara Sang Hjang Toenggal, sineboet nama: Sang Hjang Esa, Sang Hjang Nirma-lotjana, Sang Hjang Pantja-satya-dimoerti, Sang Hjang Moertitaja, Sang Hjang Djagranata.

Kodjar kala pandjenenganipoen Kangdjeng Nabi Soeléman, angratoni djagad Djin, angin, méga, mendoeng, sakoetoe, alang, wong, (ng)atago, teges sawarnining makloek, sakoetoe, gremetan, wong, manoeswa, alang, kang miber, warni makloek kang sipat njawa. Sigeg.

----

6. Katjarijos ing lami-lami, Sang Hjang Toenggal sampoen poepoetra tiga sangking Dèwi Darmani, kotjap ing Djitapsara, poetra mbadjeng:

1. Sang Hjang Darmadewa, djoeloek Sang Hjang Déwa-ésa, inggih Sang Hjang Roedra.
2. Sang Hjang Darmastoeti.
3. Sang Hjang Déwandjali.

Kala Sang Hjang Toenggal, apoepoetra tiga waoe, doemoenoeng wonten sapoetjakipoen redi Tenggoeroe, inggih redi Imalaja tanah Indoe, sareng sampoen poepoetra tiga, Sang Hjang Toenggal waoe, anggalih soeraosipoen Poestaka Darjwa; amirid ingkang kotjap ing serat waoe, sampoen tatéla jèn ingkang éjang Sang Hjang Noertjahja, loegoenipoen ingkang waoe manoeswa sadjati, sawoedjoed badan djasmani, poetra wajahipoen bangsa Nabi kakasihipoen ing Goesti Allah, angratoni ing alam-doenja, bab lalampahanipoen ingkang éjang tansah kagagas ing panggalih roemaos taksih koetjiwa sanget, oepami poetra wajah boten angratoni ngalam-doenja; wiwi ha mregi Sang Hjang Noertjahja, sirna kamanoeswanipoen, doegi Sang Hjang Noer-rasa, Sang Hjang Wenang, Sang Hjang Toenggal, sakoela-warganipoen, sami badan rokani, boten anoenggil paraméjanipoen, bangsa badan djasmani, ing alam-doenja, ing wekasan Sang Hjang Toenggal ladjeng nggalih sageda poepoetra ingkang paparengan kalih tegesipoen ingkang woedjoed badan djasmani kados sasaminipoen manoeswa ing doenja, sarta kang kawasa badan rokani, tegesipoen ingkang saged ngitjal ingkang boten kasat-mata, saha ingkang saged angratoni Triloka, tegesipoen ingkang saged angratoni djagad titiga, djagad ing nginggil, djagad tengahan, djagad ngandap; ingkang dipoen wastani djagad tengahan waoe, djagad oetara, inggih poenika ing alam-doenja, paraméjaning bangsa badan djasmani, ingkang dipoen wastani djagad nginggil, djagad ngandap, ngalam Ngadam Makdoem; jèn Djitapsara kawastanan Djagad Soe-

nja-roeri, inggih poenika alaming Djim; paraméjanipoen bangsa badan rokani sadaja, sampoening Sang Hjang Toenggal anggalih ingkang makaten, ladjeng sèlèh karaton, dateng poetra mbadjeng, nama: Sang Hjang Darmadéwa, ingkang ko-
blz.364. tjap ing Djitapsara, Sang Hjang Darmadéwa kang djoeloek Sang Hjang Ramboe, inggih Sang Hjang Pramana, inggih Sang Hjang Roedra, inggih Sang Hjang Roera, inggih Sang Hjang Déwa-ésa, ing ngrikoe Sang Hjang Toenggal, boten sah anoengkoe semèdi, mandjing salebetipoen ngalam kang amengkoe obah-osiking ngalam sadaja, angwontenaken gaibing Soeksma, ngantos pinten-pinten taoen, kadadosanipoen anggal parmaning ing Goesti Allah; ratoening Djin kang anama: Sang Hjang Joejoet warni joejoe, dateng ing ngarsanipoen Sang Hjang Toenggal, angatoeraken poetrinipoen nama: Dèwi Rakti, Sang poetri langkoeng éndah ing warni, ndadosaken parengipoen ing galih,-ipoen Sang Hjang Toenggal, Dèwi Rakti ladjeng dipoen garwa, kagem praméswari, ladjeng ndatengaken tjipta kalijan asmara tjipta, boten lami Dèwi Rakti, anggènipoen ngartali doemogi mangsa pambabaripoen awarni tjahja kados sosotyamaja-maja goemilang-gilang mbalerengi, agengipoen sami tigan ajam, sareng badé ka-asta dateng Sang Hjang Toenggal, tjahja soemeboet boten kantenan poeroegipoen, Sang Hjang Toenggal langkoeng sengkel, déné ingkang poetra soemeboet boten kantenan padoenoenganipoen, sangking kawekèn ing galih ladjeng anoengkoe poedja aneges karsanipoen ingkang kawasa, boten wetawis dangoe Sang Hjang Wenang rawoeh ngarsanipoen Sang Hjang Toenggal, andawoehaken woewoelang sakatahing kawignjan sangking ingkang éjang-éjang sampoen toemplak blak sadaja tan wonten ingkang tjèwèt; saha sawarnining poesaka-poesakaning para Déwa, kados Retnadoemilah, Tjoepoe Asta-gina, Lata Mahosadi, sapanoeng-

gilanipoen, sampoen kapasrahaken ing Sang Hjang Toenggal, ladjeng Sang Hjang Wenang anoenggil kawontenan kalih ingkang poetra Sang Hjang Toenggal, sampoen sipat sawidji kahanan toenggal, kadossatoe doemoenoeng ing rimbagan, kalih-kalih atoenggil, Sang Hjang Toenggal inggih Sang Hjang Wenang, sarta djoeloek anoenggak-semi.

Toemoenten wonten tjahja katingalan moeroeb angkara-kara, sangking ngawijat, tjoemalorot dateng ngarsanipoen Sang Hjang Toenggal, dipoen tadahi asta, sareng kapriksa boten samar bilih poenika poetranipoen ingkang warni tjahja kados sasotya kang soemeboet ing ngadjeng; tjahja toemoenten kapoedja ladjeng dados asipat djabang sipating manoeswa kakalih, sami moedjoed djaler, badan djasmani, kados samining manoeswa ing ngalam-doenja, ladjeng kinepjoeran ing toja gesang, déning ingkang rama, sarta ingoepakara dateng ingkang iboe Dèwi Rakti, poepoetra asipat manoeswa kakalih, doemoenoeng ing alam-doenja, soemerep goemelaripoen, boemi lan langit soerja woelan lintang sa- 7. panoenggilanipoen, wonten salebetipoen ing taoen Adam angka 4850, taoen srengéngé, oetawi angka 4999, taoen remboelan, pambabaripoen Dèwi Rakti wonten sapoetjakipoen ing redi Tenggoeroe, redi Imalaja, parenganipoen ing alam-doenja tanah Arab anoedjoe djaman kanabéjanipoen Kangdjeng Nabi Djakarija, sarengat Kangdjeng Nabi Moesa, ingkang djoemeneng Ratoe ageng, kala semanten kotjap ing Djitapsara, Késaroemi Akjar Iskandar ing Roem, tegesipoen: Ingkang Sinoehoen Kangdjeng Radja ing Roem, déné asma, Akjar Iskandar, amengkoe tanah Roem sakiwa-tengenipoen ing mangké dipoen wastani tanah Éropah sasisih kidoel, toewin tanah Asijah sisih kilèn. Tanah Aprikah blz.365. sisih lèr; katjarijos Sang Praboe waoe, kaleres wajahipoen Soeltan Iskandar Doelkarnin, ingkang dipoen wastani déning bangsa Éropah Praboe Alèk Sander kang agoeng, 2, Késaroemi Djirgasta ing Parasoe, tegesipoen: Ingkang Sinoehoen Kangdjeng Radja ing Pèrsi, Asmadjirdasta, amengkoe tanah Pèrsi dalah sakiwa-tengenipoen, ing samangké dipoen wastani tanah Apganistan, Tartari, Inḏoestan sapangétan, wates talatahipoen nagari Tjina, 3, Ingkang Sinoehoen Kangdjeng Radja Tjina, mengkoe talatah ing Tjina, kala semanten ingkang dipoen wastani tanah Éropah lèr, toewin tengahan, dèrèng wonten pandjenengan Nata, mila isinipoen tijang taksih sakeḏik, poelo-poelo tanah Inggris, oetawi Djepan, sampoen kadoenoengan tijang, saweg njakeḏik, poelo Djawawoet, Soemantra, Madoera, Bali, Lombok, Boelèlèng, Soembawa, patjatjah poelo waoe kala semanten dèrèng dipoen namani satoenggal-toenggal, awit dèrèng wonten ingkang mastani, dados wijosipoen poetraning Sang Hjang Toenggal, doemoegi panjiṯakipoen serat, poenika kirang-langkoeng laminipoen 2119, taoen remboelan.

7. Kodjar poetranipoen Sang Hjang Toenggal, kakalih waoe, ingkang sipat manoeswa, tjahjanipoen ingkang satoenggil tjahja tjemeng, ingkang satoenggil tjahja peṯak, sampoening diwasa sami kéwran ing panggalih, ta déné boten soemerep aslining sariranipoen, lan ingkang angwontenaken ingkang poepoetra sinten; sarèhning Sang Hjang Wisésaning toenggal, boten kasamaran ḏateng koḏenging panggalihing ingkang poetra ladjeng sami dipoen pangandikani kalih temboeng manis, kang poetra kalih sami kagèt, déné wonten swara boten katingal, ingkang njwara. Wasana kagoengan panggrahita, jèn poenika kang Moerbèng Alam, énggal soedjoed sami matoer, ḏoeh kang moerba amisésa, kawoela kakalih saèstoe jèn titah toewan; pangandikanipoen Sang Hjang Wisésaning toenggal, ija bener sira karo pisan paḏa titah ingsoen, nanging saloegoené sira paḏa poe-

traningsoen, sira kang tjahja iren, poetraningsoen toewa, kang ingsoen pateḍani djeneng Baṭara Ismaja, sira kang tjahja poetih poetraningsoen nom, ingsoen paéteḍani djeneng Baṭara Manik-maja. Inggih poenika wiwitipoen para Déwa mawi saseboetan Baṭara, sangking Sang Hjang Wisésa, Sang Hjang Wisésaning toenggal, angandika malih; Hé, poetraningsoen karo sira pada ane~~l~~ksènana jèn Pandjenenganingsoen, iki kahananira, lan sira ikoe karoné sajekti kahananingsoen, anangìng panembahira doemoenoeng marang Pandjenenganingsoen, ing ngendi aḍepira, dadi kahananingsoen kabèh, déné ingsoen iki isih ana kang mengkoe, kang mengkoe maringsoen ija woes kawengkoe déningsoen.

Baṭara Ismaja, lan Baṭara Manik-maja, sami anaksèni kalijan mawi pratanda soedjoed maḍep ing kéblat sadaja, anangìng Baṭara Ismaja kalijan Baṭara Manikmaja, sami soelaja ing patrap aḍepipoen, kéblat, Baṭara Manikmaja maḍep ing kéblat sada$\overset{s}{j}$a pernah, wiwit ing poerwa, tegesipoen wétan; noenten ing noerwitri, tegesipoen lèr-kilèn, noenten ing oentara, tegesipoen: lèr, noenten ing narasoenja, tegesipoen; lèr-wétan, noenten ing pratjima, tegesipoen: kilèn, noenten ing ng(b?)jabja, tegesipoen: kidoel-wétan, noenten ing raksira, tegesipoen: ḍ kidoel, noenten ing kanéja, tegesipoen: kidoel-kilèn, noenten ing gagana, tegesipoen: nginggil, noenten ing patala, tegesipoen: ing nganḍap. blz.366.

Déné Baṭara Manikmaja, anggènipoen maḍep ing kéblat, namoeng sanga prenah, awit sangking poerwa, ing noerwitri, ing oentara, ing narasoenja, ing pratjima, ing bjabja, ing raksira, ing kanéja, kasanganipoen maḍep ing madya, tegesipoen ing tengah, anoedjoe panggènanipoen pijambak. Baṭara Ismaja ladjeng pitakèn ḍateng kang raji Baṭara Manikmaja, sababipoen boten maḍep toemenga ing nginggil, sarta toemoengkoel ing manganḏap. Baṯara Manikmaja mangsoeli pangandika manis ḏateng ingkang raka, Baṯara Ismaja, sampoen kawengkoe wonten ing tengah kimawon, ladjeng sami oedoer, sami rebat leresipoen, pjambak-pjambak; ladjeng Sang Hjang Wisésaning toenggal angandika manoehara, hé poetraningsoen karo pisan, paḏa menenga adja na ngoedoer, ing saloegoené sira paḏa beneré, wroehanira ikoe dadi sasmita, ing tembéné si Ismaja pinasṯi darbèni anak sapoeloeh, si Manikmaja ing tembéné pinasṯi moeng darbèni anak sanga. Poetra kakalih waoe ladjeng sami soedjoed, Baṯara Ismaja matoer, ḏoeh kang moerba amisésa, kados poenapa toewan amasṯi ing kawoela béndjing baḏé ~~b~~darbèni anak sadasa, mangka koela boten gaḏah sisihan andarbènana anak sadasa; nadyan Toewan amesṯija djoḏo kawoela sinten ingkang sotah ḏateng djasat kawoela; déné gèn Toewan anitahaken, kawoela, langkoeng soelaja kalih poen Manikmaja, warni kawoela awon tambah tjahja kawoela tjemeng, poen Manikmaja paitan warni pekik tamtoe kaṯah ingkang sotah, tamtoe énggal angsal djoḏo. Pangandikaning Sang Hjang Wisésaning toenggal, hé poetra,-ningsoen Ismaja, adja sira taha njana jèn ora-nana djoḏonira, wroehanira isining djagad paḏa nganggo timbangan, kajata: panas lan aḏem, ala lan betjik, lanang lan wadon, sapitoeroeté, sira adja prihatin, déné warnanira ala, woes dadi karsaning kang moerbèng pasṯi, ora kena ingowahan; déné tjahjanira ireng ikoe minangka pratanḏa, ana ing sira langgeng salawasé. Baṯara Ismaja ladjeng soedjoed anoeraga noewoen pangaksama roemaos kalepetan. Sang Hjang Wisésaning toenggal ladjeng ngedalaken Retna doemilah, ingoes~~p~~apaken ing emboen-boenboenanipoen Baṯara Ismaja, kala semanten Baṯara Ismaja tjahja ingkang tjemeng sirna, kalimpoetan tjahja wening soemorot toemédja a-

ngoengoewoeng. Baṯara Sang Hjang Wisésaning toenggal, hé
poetraningsoen Ismaja, ing samengko tjahjanira oemantjoer
kadi tjahjaning soerja woelan, Baṯara Ismaja matoer,
ḏoeh Kang Moerba Misésa kados poenapa Toewan amaeṯi
tjahja kawoela mantjoer, kados tjahjaning soerja woelan;
ing ngrikoe Sang Hjang Wisésaning toenggal ladjeng
ngwontenaken paèsan sarta aroem pangandikanipoen,
hé sira delengen kang ana sadjroning paèsan; ladjeng aningali
paèsan katingal tjahja oemantjoer narawoeng goemilang;
doemados Baṯara Ismaja roemaos lingsem, boten nginten
blz.367. manawi ladjeng gaḏah tjahja oemantjoer soemorot kados
tjahjaning soerja woelan, énggal soedjoed sarwi matoer,
ḏoeh kang Moerba amisésa sinten ingkang paring saged
njantoeni tjahja kawoela poenika. Pangandikanipoen
Sang Hjang Wisésaning Toenggal, hé poetraningsoen si Ismaja,
teka sira apa banget kasamaran, ing koewasaningsoen,
dadi sira ora ingsoen wenangaké ngratoni manoeswa
ing alam-doenja, moeng wenang angratoni ing djagad Soenja-roeri
baé, jèn sira ngratoni ana Ngartjapada moeng
ingsoen wenangaké dadi toewa(ng)gana amonga toerasira arinira,
si Manikmaja. Baṯara Ismaja soedjoed rambah-rambah,
sirah kondjem ing siti, sanget adjrih roemaos kaḏawoehaken
doedoeka ngantos ngedalaken karinget koemjoes; Baṯara 7.
Ismaja gaḏah atoer angrarepa manoehara, aḏoeh Goesti
kang Amoerba amisésa ing djagad, ing mangké kawoela mangèstoe
angèstokaken kalijan temen-temen, jèn Toewan ingkang
langkoeng kinoewasakaken, sakaṯahipoen kalepatan kawoela
sadaja, - Pangandikanipoen Sang Hjang Wisésaning
Toenggal, hé poetraningsoen Ismaja, noeli djoendjoengen
sirahira, sajekti Pandjenengan-ingsoen woes paring pangapoera
marang ing sira; Baṯara Ismaja saweg poeroen
ndengèngèk, ladjeng dipoen siram toja gesang, déning blz.368
Sang Hjang Wisésaning Toenggal; adja sira prihatin; ing

saloegoe-loegoené ora béda ing alam-doenja, lan ing djagad Soenjaroeri, ingsoen bakal andjoeroengi samoebarang kang bakal sira soewoen, ing mengko sira soen piteḍani djoeloek: Baṭara Tédjomaja. Baṭara Ismaja. Baṭara Ismara. Baṭara Samara. Ija Baṭara Semar, ija Sang Hjang Djagad Woengkoe, Sang Hjang Djatiwisésa, Sang Hjang Soerja-kanṭa, Baṭara Ismaja, ladjeng soedjoed, èsmoe soeka, ka-atoer soemangga karsa. Sang Hjang Wisésaning Toenggal, ladjeng karsa nijipta badé djoḍoning Baṭara Ismaja, pinareng déning Goesti Allah, boten watawis dangoe wonten pawèstri ḍateng, nama: Dèwi Sanggani, poetrinipoen Sang Hjang Ening, Sang Hjang Wisésaning Toenggal ngandika ḍateng Dèwi Sanggani, jèn badé djinoḍokaken kalih nak-saḍèrèk pjambak nama: Baṭara Ismaja, Dèwi Sanggani moeng matoer soemarah ing karsa. Hé Ismaja, si Sanggani ikoe kaprenah nakingsanak sira ḍéwé ingsoen piteḍakaké dadi djoḍonira; ikoe anak èstriné Sang Hjang Ening, sira tetepa ngratoni ana ing djagad Soenja-roeri, ladjeng winoelang samoebarang kawignjan kasantikan kanoeragan agal aloes sampoen poetoes, widagda; Baṭara Ismaja ladjeng mesat lan kang garwa Dèwi Sanggani. Sigeg.

---

7. Kodjar sapengkeringoen Baṭara Ismaja, Sang Hjang Djagad Woengkoe, Baṭara Manikmaja matoer ing Sang Hjang Wisésaning Toenggal, ḍoeh Pikoeloen ingkang rinengga amoerba misésa djagad raja, saèstoe Toewan ingkang kinoewasakaken déning ingkang Moerbèng pasṭi, ingkang koewasa kalijan makloek ingkang katitahaken ing alam-doenja sadaja, kawoela soemerep bilih wonten kawoela roerika sangking pangoewasa Toewan, awit sampoen angsal rakenane kalilan anangkaraken isèn-isèning alam-doenja, anangging

blz.368.

sabab sangking poenapa Toewan anitahaken ḍateng kawoela poenika langkoeng sangking bagoes, mawi tjahja goemilang-gilang, teka boten kadoenoengan kawignjan kaprawiran, mangka sih kamirahan Toewan, kang sampoen ḍoemawoeh dateng poen kakang Ismaja saèstoe tanpa timbang. Pangandikanipoen Sang Hjang Wisésaning Toenggal, Hé poetraningsoen Manikmaja, adja sira anjana jèn enggoningsoen poepoetra ing sira bakal ingsoen titahaké boḍo, lan tjoebloek, kang mangka sira woes soemoeroep, jèn Pandjenenganingsoen kinoewasakaké anganakaké kang ora-nana, sarta anirnakaké kang woes ana, lan adja niana jèn sih kamoerahaningsoen, kang ḍoemawoeh marang kakangira si Ismaja, tanpa timbang, amarga ing saloegoené ora ana kang nimbangi sih kamoerahan-ingsoen. kang bakal ḍoemawoeh marang ing sira, kakangira si Ismaja moeng kawasa angratoni ing djagad Soenjaroeri baé, balik sira bakal angratoni djagad Triloka, kang dadi pratanḍané lah mara sira delengen, papaèsan ikoe, apa kang katon ikoe ing sira. Baṭara Manikmaja ladjeng ningali angiling-ilingi, ing ngrikoe isèn-isèn ing djagad sami katingal sadaja, Baṭara Manikmaja goemoen apoengoen-poengoen. Hé poetraningsoen Manik~~a~~maja, apa kang katon ing sira, atoeripoen Baṭara Manikmaja, aḍoeh poekoeloen saisining djagad poenika katingal sadaja, saèstoe kawoela èstokaken, jèn sih kamirahan Toewan, kang ḍoemawoeh ing kawoela saèstoe tanpa timbang, poenapa ingkang dados sababipoen, isèn-isèn ing alam-doenja katingal sadaja, kawoela ta boten kaparingan oeninga sawoedjoed Toewan dateng Kawoela. Pangandikanipoen Sang Hjang Wisésaning Toenggal, djaré maoe sira woes aneksèni jèn Pandjenengan ingsoen iki kahananira, lan sira kahanan-ingsoen, jèn sira wroeh ing sawoedjoedira ana sadjroning paèsan, ija sira wroeh sawoedjoed-ingsoen lan ing sira. Batara Manikmaja ledjeng soedjoed, jèn mekaten anggèn anitahaken kawoela poenika doemados langkoeng poendjoel, boten wonten titah Toewan ingkang njenjami, dados saèstoe kamirahan Toewan, ingkang dateng kawoela poenika; déné ta boten wonten tjatjadipoen kawoela. Pangandikanipoen Sang, Hjang Wisésaning Toenggal, adja sira pandjana ora doewé tjatjad, dadi sira kasikoe marang kang moerbèng pasti, wroehanira bésoek sira bakal anandang tjatjad patang prakara, kang dihin sikilira kang kisa apoes, kapindo tenggakira tjiri belang poetih, kaping teloe doewé sijoeng kaja raksasa, ping pat tanganira bakal siwah, dadi tangan papat. Batara Manikmaja kapireng pangandika ingkang mekaten waoe, saklangkoeng sengkeling panggalih, tansah rambah-rambah soedjoed anjoewoen pangapoenten. Hé poetraningsoen Manikmaja, ing tembé bakal dadi pratanda jèn ananira kawoela nanging katitipan wasésaningsoen, jèn sira soeminggaha bakal doewé tjatjad, dadiné ora roemangsa jèn tinitah kawoela, akarana kang djeneng kawoela ikoe, koedoe doewé njandang nganggo patang prakara, kang dihin, 1 lali, 2 moerka, 3 apes, 4 roesak. Tegesé lali, dajaning banjoe, apes blz.369. dajaning boemi, moerka dajaning geni, roesak dajaning angin, hé si Manikmaja, lah sira anarima-a, marang karsaning kang Moerbèng pasti, woes ora kena ingowahan, manèh-manèh, soemoeroepa ija ikoe koewasané ing Goesti Allah, jèn ta sira anarima ing papastèn aklajan éklas, amasti sira bakal atampa nampani kanoegrahan, minangka panglipoering prihatinira, 1 kadibjan, ikoe lakoe saroepaning kaloewihan, 2 kawitjaksanan, ikoe lakoe sandining samoebarang, wroeh njakra-manggilingan lakoe djantraning ingering djagad raja, étoeng lakoening soerja, tjandra, tjakra-wala, sapapadané, toekoeling soerja tjandra, mandjing soeroepé wajah ésoek toemeka soré, angon lèrègé ngalor mangidoelé soerja, tjandra, tjakrawala, lan wroeh sadoeroenging winarah, ing rèh kang doeroeng kalakon; lan soemoeroep sabasaning makloek kang sipat njawa, kang sipat oerip kabèh, ora kasamaran saroepané kikmat sawidji-widji. 3, kamajan saroepané kasaktèn, kasantikan, kawidagdan, kawidajan, kanoeragan, djaja-kawidjajan, kategoehan, katimboelan. 4, tawa ing wisa, nora geseng déning api, ora teles déning banjoe, lan kawasa mantjar(l)a poetra lan poetri, tegesé bisa malih lanang lan wadon, bisa mandjing adjoer-adjèr, tegesé bisa ambles ing patala boemi, ngambah ing gagana, lan bisa ngilang, nga(n)ton, bisa manoekma agal aloes, saoelah kriḍaning-rat, kabèh kawengkoe, bisa ngatonaké kang sarwa gaib-gaib, lan anjeḍakaké kang sarwa adoh, élok, ora kéwran pambabaring pangabaran, keḍaping pangèḍepan, pasanging pangasihan, patrap traping asmara-gama, asmara toerida, ora nganggo pakéwoeh lakoe njakra-manggilingan lan lakoe djantraning djagad ora kéwran woes widagda poetoes. 5, kawoewoesan, tegesé: ija ikoe kasampoernaning saroepané kasoenjatan, pamengkoening djagad pamoring kawoela Goesti, pandjing soeroeping pati, pangoelahing kamoekswan, lan panitisan, panjakra-manggilingan lakoe djantraning tjakrawala; Baṭara Manikmaja, sampoening miḍanget pangandikaning Sang Hjang Wisésaning Toenggal, kalangkoeng anggènipoen kasmaran ing panggalih, soedjoed rambah-rambah, ing mangké kawoela mitoehoe ḍawoeh pangandikanipoen Toewan sakalir waoe, matoer Sang pikoeloen kang Binaṭara ing djagad, kawoela mitoehoe ḍawoeh pangandika Toewan, sampoen narima sakarsaning ingkang Moerbèng pasṭi. Hé Manikmaja, jèn sira woes anarima amesṭi katarima, saroepané kanoegrahan kang bakal sira tampani kabèh, nalika poenika Baṭara Manikmaja siniram toja gesang, kawoelang kawignjan tiga sakawan

gangsal prakawis; ladjeng sampoen widagda sadaja. Sarèhning
Toewan sampoen masṭi darbé kahanan sanga, ing mangké Toe-
wan amaringana baḍé djoḍo kawoela. Ija soen paringi djo-
blz.370. ḍonira, ing samengko doeroeng mangsa, sarèhné sira bakal
amentjar-mentjaraké widjiné para Ratoening manoeswa, ija
ingsoen paringi djoḍo manoeswa, ing tembé bakal antoek
djoḍo teka tanah ing Parasoe, trahing Bah(g)énḍa Salèh,
kang tjitrané kang loewih éndah, Sang Hjang Wisésaning
Tpenggal, ladjeng pasrah karaton ḍateng ingkang poetra,
Baṭara Manikmaja, sawerniné poesakaning para Déwa keboet
pinasrahaken, ḍateng Baṭara Manikmaja, Tjoepoe-manik, Ret-
na-doemilah, Mahosa(n)di, Poestaka-darjja, pèmoetan lam-
pahanipoen Sang Hjang Noertjahja, doemoegi lampahan Sang
Hjang Wisésaning Toenggal, sarta poesaka-poesaka sampoen
pasrah sadaja boten tjèwèt.

Hé poetraningsoen sira woes anetepi dadi kanjatahaning-
soen, ingsoen woes pratjaja marang sira, barang tjipta
dadi, sasedyanira ana, sakarsanira teka, sira soen we-
nangaké ngratoni Triloka, pinasṭi seka karsaning kang ka-
wasa, sira soen paringi kaloehoeran, amengkoe dèn kèḍepi
déning manoeswa, lan sato sakoetoe, wong alang-ataga kabèh,
wiwit tanah Indi sapang~~k~~étan toemeka watesing boemi kang
∠ [illegible] wétan, wong Indi∠kadoenoengan kapinteran akal boedi, soe-
bandjoer ka weroeh marang tanahira, ananging ing tembé jèn tanah
sa-lor-koeloné tanah Indi iki wis akèh wongé lan Ratoené,
ikoe kawroeh sarta kapinteran bakal bisa angoengkoeli
wong tanah Indi, malah kaleboe pinoendjoel ing djagad,
samono ikoe lijané bab kawitjaksanan, weroeh sadoeroengé
winarah, sarta bab kasaktèn, bisa ngilang, lan ngaton,
sapaḍané kaja kang woes kaseboetaké maoe; amarga saloe-
mahing boemi, sakoerebing langit, kang kalilan angatoka-
ké kawitjaksanan lan kasaktèn, kang pinoendjoel ḍéwé moeng

sira sakoela-warganira ḍéwé, dadi poendjoelé wong lorkoelon ing Indi maoe, ija moeng saloemrahé kabidjaksanané manoeswa baé. Ana déné kang paḍa amengkoe nagara Ratoe oetawa moeng panggeḍéné ing tanah Indi saoeroet-oeroeté, lan poelo-poelo sakidoel wétan ing Indi, toeroen-toemoeroen ora ana kalija saka toerasira ḍéwé lan toerasé para Déwa koela-warganira ḍéwé; toerasira kang ora moekswa kang dadi Déwa, ing wiwitan ija akèh kang kadoenoengan kawitjaksanan kasaktèn, pinoendjoel kaja sapapaḍané Déwa, sarta jèn woes toetoeg ing samaja goné ana ing Ngartjapada bisa moekswa moelih ngendi kahjanganira, noenggal sakoela-warga lan sira.

Ananging toerasira ing boeri kèri bakal kena ing pati, kaja papaḍané manoeswa ngalam-doenja, lan woes ora kadoenoengan kawasa, kaja ingsoen lan sira, apa-déné kaja lakoné para Déwa-Déwa maoe, sakoela-warganira, amarga woes ora ana manoeswa bisa kawasa, atatapa, dadi angoelihi adjalkamoeljané ing ngarep, éjangira Sang Hjang Athama, lan Sang Hjang Sita, paḍa kena ing pati, sarta ora kalilan angatokaké kawasané kang linoewih seka manoeswa, déné goningsoen, lan sira, saha pa~~d~~ra Déwa kabèh, paḍa kadoenoengan lan kalilan angatokaké kawasa, ora kena pisan kang ginajoeh ing manoeswa ikoe, kagawa seksa atep maḍep panoewoené, lan gentoer tapané, éjang-éjangira toetoegé Pandjenengan ingsoen iki, djinoeroengan ingkang Moerbèng pasṭi, dadi pantjèn marodjol saka pepaḍané manoeswa ing djagad; amarga saoepama ora mangkono-a, amesṭi ora pinangéran ing manoeswa, marmané toerasira kang manggon ing poelo Dawa, kidoel-wétan iki menawa ing tembé woes salin, agama saka tanah Arab, senadyan salin agamané adaté ija ora ilang-ilang, woesana akèh kang maido doepara kawasanira, lan kawasaningsoen paḍa di-arani anglengkara, tékadé

blz.371.

paḍa angoegemi kawroehé ḍewé-ḍewé. Baṭara Manikmaja sareng miḍangetaken pangandikanipoen Sang Hjang Wisésaning Toenggal, sanget ~~ing~~ prihatosipoen ing panggalih, sapandoerat ~~datan~~ boten saged angandika, wasana ladjeng soedjoed mawantoe-wantoe, sarwi matoer: ḍoeh poekoeloen kang sipat mirah ḍateng titahipoen moegi Toewan angrentahna kamirahan ing satoeroen-toeroen saṭeḍak kawoela sadaja, salami-laminipoen sageda kawasa kados para Déwa, sarta sampoen ngantos boten anoet ing Toewan; Sang Hjang Wisésaning Toenggal, mangsoeli ḍawoeh pangandika manis, hé poetraningsoen Manikmaja, woes pinasṭi karsaning kang kawasa, ora kena dèn ingkedi, amarga djenengé kawoela ikoe, moeng koedoe soemarah sakarsaning Goesti, ngaḍep ngiḍep, mantep mitoehoe wekel boeroes, ora liwat sarèhning ing mengko sira dadi kanjatahaningsoen, sira koedoe soemoeroep, jèn Pandjenenganingsoen ora anoenggal kahanan kalawan sira nanging anglimpoeti ing sira, ikoe pamané kembang, sira roepané ingsoen wanginé, jèn moenggoeh madoe sira kilangé ingsoen manisé, dadi sira lan ingsoen kena di-arani roroning toenggal, kang dadi arané doemoenoeng ana panembahira maringsoen; lan roemasanira wedi maringsoen, sira woes ingsoen lilani amilih djoeloek ingsoen, apa ing asmaningsoen kabèh moeng asma sidji kang ora kena ora ingsoen lilani, jèn aran asma Sang Hjang Wenang, moelané ta mengkono kang soepaja ana bédané sira lan ingsoen; dadija paneboet doenoengé panembahira maringsoen; hé poetraningsoen Manikmaja, sarèhné soen wis pasrah marang sira kabèh, sira soemoeroepa jèn sira doewé sadoeloer toewa, papat, paḍa poetraningsoen, kang ḍihin mbarep kaseboet ngisor iki:

1. Sang Hjang Darmadéwa, ija Sang Hjang Roedra.

-----

2. Sang Hjang Darmastoeti.

-----

3. Sang Hjang Déwandjali.

---

4. Sang Hjang Djatiwiséma, Djati-wiséma ikoe, ija kakangira Ismaja.

---

blz.372. Hé Manikmaja, dené kawroehaningsoen, woes pasrah marang sira kebèh, woes kawengkoe déning sira, karana sira kang soen lilani amiséma ing djagad, minangka tadjaliningsoen, wekasingsoen marang sira, ing tembé jèn ana teloeng prakara, 1, kang ḍihin, wong biksoe, tegesé kang tanpa woedel, lan tanpa mboen-boenan, 2 wong bibima, tegesé kang miloeloe ati, lan tanpa kéring, ping 3, wong tiba-warna, tegesé: kang loepoet sindja tawa, kalis ing lalanḍep, kalis walat sarik, getjoel maroesoel kawarisan, salaman saloemoen salamet, kawroehanira sadjatiné ija ikoe panoekmaningsoen, jèn ingsoen arsa patemon lan sira ananging sira ingsoen paringi ilham kang mangka pratanḍa paèsan iki enggoné, ana antaraning alis-ingsoen, ikoe sira waspadakna, kang trawatja, lan wawekasingsoen ing sira manawa ana wong kaprenah mboen-boenané amawa tjahja mantjoer mantjorong kaja tjahjaning soerja woelan, ija ikoe panoekmané kakangira si Ismaja, senadyan wong kang ala tanpa roepa adja sira soemelang, sak pandjaloeké toeroetana, awit pandjaloeké maoe amesṭi woes terang seka pandjenenganingsoen; Baṭara Manikmaja ladjeng soedjoed atoer sandika, ladjeng wonten swa~~k~~ra kapireng djoemegoer, kados ngèbeki djagad, sareng kalih sirnaning paèsan, tanḍa jèn Sang Hjang Wiséaning Toenggal sampoen moekswa. Sang Hjang Manikmaja kantoen anggana; Sigeg.

Menggah katrangan, ingkang dipoen pangandikakaken Sang Hjang Wiséaning Toenggal, ḍateng Baṭara Manikmaja, inggih

Sang Hjang Goeroe, kados ngandap poenika pratélanipoen.

1. Ing Parasoe, tanah Pèrsi.
2. Ing Indi, tanah Indoestan.
3. Toetoeg wates∠wétan, tanah Tjina. ∠ boemi
4. Ing poelo Dawa, sakidoel-wétan tanah Indi, tanah poelo Djawa.
5. Tanah Lor-koelon Indi, tanah Éropah.

---

7. Gotèk Sang Hjang Manikmaja, samoekswanipoen ingkang rama, kados kadi kawawa angepel djagad, nanging kawekèn ing galih katjekak rontjènipoen, déné marginipoen kèdep sawarnining manoeswa, dèrèng sami ngidep daten. Pandjenenganipoen, ladjeng ngengkoki angagem asmanipoen ingkang rama, ing Djitapsara, Sang Hjang Wiséa, Sang Hjang Esa, Sang Hjang Isad, Sang Hjang Soeroesa, Sang Hjang Soeksmanasa, Sang Hjang Soeksma-kawekas; boten kapandjang tjarijos djoeloekipoen Sang Hjang Manikmaja, sabab ~~b~~ dèrèng wonten lalampahanipoen.

Kotjap ing Djitapsara, Ratoening tanah Indi, ing mangké nama tanah Indoestan, kang djoeloek Praboe Djaparan, karaton doemoenoeng ing Ima. Sang Praboe Djaparan sakoelawarga, sami mangéran ~~t~~woedjoed Lemboe Andini, kang ~~t~~ doemoenoeng sapoetjaking redi Imalaja, inggih redi Tenggoeroe, oegi tijang, oegi wonten mangéran dateng Sang Hjang Wenang; Sang Praboe Ari ing Keling, Lemboe Andini asli tedak Djin, Djin Roh [illegible] Patanam, sangking tanah djagad Soenjaroeri, Sang Hjang Manikmaja ladjeng neloekaken wasana Lemboe Andini noengkoel, ladjeng dados titihanipoen Batara Manikmaja, tan lami tijang ing Parasoe sami ngidep dateng Sang Hjang Manikmaja, djoeloek Sang Hjang Pasoepati, tegesipoen Ratoening boeron wana. blz.373.

Kotjap ing Djitapsara, para Ratoe nagari Parasoe, inggih Praboe Dasta, kang misoewoer ageng kang karaton ngerèh samining Ratoe, ing mangké tanah Biloe-djista~~b~~n, Apganistan, Kasemir, Tartari, Indoestan, Indoe~~ng~~ wingking, ingkang sami mangéran oelam ageng, winastana~~a~~n oelam Tirbah, ingkang manggèn ing rawa tanah Sablistam, inggih Apganistan, Biloe-djistan, saben mangsa wiwit taoen, Ratoe ing Parasoe, Apganistan, Biloe-djistan, Ratoe Kasemir, sakoela-warga, wadya-bala, sami moemoedja sarana sesadji sidekah, kaprenah pinggiring rawa minangka pakoermatan dateng Pangéranipoen ingkang sawoedjoed oelam Tirbah. Sang Hjang Manikmaja boten kasamaran, dateng para Ratoe ing tanah ngrikoe waoe, ingkang dipoen Pangéran oelam ageng Tirbah, kang doemoenoeng wonten ing rawa waoe, tanah Apganistan; sabibaripoen Aswaméda, teges: sidekah, Sang Hjang Manikmaja tedak / panggènan oelam ageng Tirbah, oelam katingal ngambang, wingit semoenipoen, jèn molah katingal kados soroting soerja, mbalerengi. Sang Hjang Manikmaja ladjeng ngandika: Hé iwak, sira ikoe iwak apa déné wingit sisikira, apélak soemorot temen. Oelam Tirbah midanget pangandika mekaten, sanget kagèt, déné boten njana sanget wonten manoeswa, koemapoeroen apitakèn ingkang kados mekaten, oelam ageng amangsoeli, sira ikoe banget temen sira katamboehan marang Pandjen~~e~~ngan-ingsoen, ingsoen iki rak Pangéraning djagad. Hé iwak sira ikoe banget anasar, déné sira iwak angakoe Pangérané djagad, ingkang mangka Pangéraning djagad ora-nana sawoedjoed kadjaba ingsoen iki. Ladjeng sami padoedon kawroeh; Sang Hjang Manikmaja ladjeng ngeningaken tjipta matek pangabaranipoen, toja rawa waoe oemob kados wédang mawalikan, oelam ageng Tirbah, sangsara megap-megap, ladjeng ngawon ing mangké koela nganggep Toewan ingkang jekti Pangéraning djagad, déné ta saged damel panasing toja tlaga poenika, poenapa Toewan mriksa midanget ing adjal-kamoelanipoen dateng djasat kawoela poenika. Hé iwak sira ikoe saloegoené asaling manoeswa wadon, aran si Oemaji, soetané nangkoda gedé aran si Omaran, tanah ing Sablistan, sira anis seka ing pradja, bandjoer mangoen tatapa, kang sira sedja soemedya bisa ginarwa-a marang kang Moerbèng djagad, rak ja mangkono panedjamoe; wekasan sisip seka panedjamoe, seladjoe kena sambékala toemeka ing sasar temah salah kadadèn, dadi iwak gedé Tirbah ikoe. Sampoening midanget pangandikanipoen Sang Hjang Manikmaja, mekaten waoe langkoeng maras sarta adjrih déné ngawoeningani asal-oesoel kawoela, matoer Pangéran ingkang Minoelja, kanylangkoeng kawasa, moegi angrentahna kamirahan Toewan, doemateng kawoelanipoen ingkang ngoepangat, sageda waloeja djatining manoeswa. Hé iwak sarèhné sira sadjatiné manoeswa ija bakal sawoedjoed manoeswa manèh, nanging doeroeng mangsa, oelam Tirbah mangèstokaken sadawoeh pangandika Toewan. blz.374.

Nalika poenika sakatahing boeron toja salebeting rawa waoe manoet ngidep dateng Sang Hjang Manikmaja sadaja, noenten djoeloek Sang Hjang Oetipati, tegesipoen: Ratoening boeron toja.

Tjekaking tjarijos, wasana Sang Praboe agoeng Dastandar, lan djoeragan Oemaran, sareng midanget pangandika mekaten waoe, sami anginten jèn poenika ingkang kagoengan asma pinitoehoe ladjeng anirnakaken pagering. Ladjeng sami soedjoed, aneboet asmanipoen Sang Hjang Manikmaja, sarwi matoer doeh Batara kang minoelja, Goestinipoen para manoeswa, kawoela saèstoe kalijan temen-temen, jèn Toewan amoerba misésa ing kawoela, ananging kawoela kalilan-a njoewoen tanda ing poerba wisésa Toewan; Sang Hjang Manikmaja ngendika dateng djoeragan: Hé Oemaran, sira ikoe terahé Bahénda Salèh. Ing ngoeni sira doewé anak wadon, aran si Oemaji, nalika doek samana anis, linggar

saka pradja, nganti kongsi samengko; sira ora soemoeroep padoenoengané, éwa samono awit saka kamoerahan-ingsoen, ija anakira bakal katemoe lan sira; sampoening Sang Hjang Manikmaja ngendika mekaten, toemoenten anjipta datengipoen oelam Tirbah ingkang wonten ing rawa, sageda waloeja djatining manoeswa, djinoeroeng panedanipoen oelam Tirbah karkat mantjolot sangking rawa dateng ngarsanipoen Sang Hjang Manikmaja, boten dangoe roewat sangking papatjintraka; ladjeng awarni manoeswa Dèwi Oemaji, kados ingkang waoe-waoe, ladjeng soedjoed dateng Sang Hjang Manikmaja. Sang Hjang Manikmaja ngendika dateng djoeragan Oemaran: Apa ija ikoe temen anakira si Oemaji? Djoeragan Oemaran sareng ningali anakipoen sanget karaos soemedotipoen ing manah, déné boten pisan sageda pinanggih lan anak kawoela ingkang sampoen sirna, mila ladjeng djelèh anak rinangkoel-rangkoel, dipoen tangisi, doeh njawa ora pisan akoe angrempeloe jèn abisa katemoe akoe lan sira nggèr. Apa ija ora salah paningalkoe, apa njata sira anakkoe, si Oemaji bijé, akatah solah bawanipoen, djoeragan Oemaran pratandaning soeka bingah sarta sih-sinihan, labet lami boten kinten saged pinanggih, sampoening ragi ledjar manahipoen djoeragan Oemaran, ladjeng matoer déning Sang Hjang Manikmaja, doeh Pangéran kang Binatara ing djagad, saèstoe poenika anak kawoela poen Oemaji; pangandikanipoen Sang Hjang Manikmaja, hé titahingsoen, goegoenoengané wong Parasoe lan djoeragan, Oemaran, sira pada soemoeroepa jèn iwak gedé kang doedoenoeng ana rawa, iwak Tirbah kang sira pada pinangéran ing ngarep, ija ikoe kadadèhané si Oemaji, nalikané anis saka ing pradja, bandjoer mangoen tapa wekasan tiba sasar dadi iwak Tirbah doenoeng ana ngrawa;
lz.375. ing mengko apa ta sira pada amitoehoe ing poerba-wisésaningsoen kabèh. Sang Praboe Agoeng Dastandar, kalih djoeragan

Oemaran, tandya sami soedjoed rambah-rambah, sarwi matoer: Ad̲oeh Déwa Bat̲ara ingkang toehoe minoelja, Goestinipoen kang sami toemoewoeh sakalir ing Ngartjapada, kawoela boten soemelang malih, jèn Toewan kang moerbèng djagad. Hé titahingsoen, djoeragan Oemaran, ana ta sira darbé anak manèh roro pad̲a wadon. Atoeripoen, poekoeloen kawoela jektos gad̲ah anak kalih sami èstri, kang sepoeh wasta Ngamari, sampoen sémah pikantoek anak kawoela kapoenakan, wasta poen: Toerkan; anak kawoela kang nèm, wasta poen: Oemani, taksih parawan, kaleres anak woeragil ad̲inipoen noenten poen Oemaji. Sang Hjang Manikmaja, ngandika: Hé Djoeragan Oemaran, anakira si Oemani, prajoga dadi goegoenoengané wong Parasoe kéné, anakira si Oemaji iki, prajoga dadi panembahaning ing wong; margané anggoné kapati mangoen tapa brata kang sinedya moeng bisa-a kagarwa Pangéraning djagad; doemadi anakira si Oemaji tetep mantep ing sedyané, ingsoen iki kang sipat moerah lawan asih marang kawoelaningsoen; kang sapa titahingsoen, kang pad̲a temen ija ingsoen temeni kang dadi sedyanira anakira si Oemaji, koedoe ingsoen djoeroengi. Djoeragan Oemaran, sampoen njand̲ak sarta tampi sangking karsanipoen Sang Hjang Manikmaja pangandika ingkang mekaten waoe, ladjeng soedjoed mawantoe-wantoe, soemangga sèwoe djoemoeroeng ing karsa sèwoe sokoer, ingkang Moerbèng pasti̲. Sang Hjang Manikmaja ladjeng anitih Lemboe Andini, lan ingkang garwa Dèwi Oemaji moekswa moemboel ing∠gana. ∠ ga-

---

7. Gotèk, sampoening Sang Hjang Manikmaja, Sang Hjang Bat̲araning djagad, netepi Pangéraning djagad, ladjeng kagoengan karsa bad̲é ambabaraken widji tansah karoning sih kalih praméswari Dèwi Oemaji rahinten daloe boten benggang saramboet kados Mintoena lan Mimi; mawi sadjiwa kadi ta-

taning manoeswa. Boten wantawis lami Dèwi Oema ngartali doemoegi samaja ambabar poetra djabang mijos kakoeng, mawi prabawa ganda aroem angambar kèbek saboewana, pinaringan nama:

1. Sang Hjang Baṭara Sambo, wijosipoen Baṭara Sambo, wiwit Sang Hjang Djagad Nata, poepoetra marengi ing taoen Inḍoe, saking djaman Pantjala-mala, angka 504, étang taoen Adam angka 4888, ing taoen srengéngé, oetawi angka 5034, ing taoen remboelan. Antawis kalih taoen malih praméswari Dèwi Oema, ngartali malih, doemoegi samaja djabang mijos kakoeng, mawi prabawa latoe moeroeb angkara-kara, moelad kadi soemoenḍoel ing gagana, pinaringan nama:

-----

2. Sang Hjang Baṭara Brahma.

-----

blz.376. Sampoening kalih taoen malih praméswari Dèwi Oema, ngartali, doemoegi samaja ambabar djabang mijos kakoeng, mawi prabawa linḍoe oreg prakempa sinḍoeng riwoet boemi gondjang-gandjing paḍola mangambak-ambak, ladjeng pinaringan nama:

-----

3. Sang Hjang Baṭara Éndra,

Sampoening kalih taoen malih praméswari Dèwi Oema, ngartali doemoegi samaja ambabar djabang mijos kakoeng, mawi prabawa prahara angin ageng kaṭah kakajon kaparapal sempal roengkad sol, kaparingan nama:

-----

4. Sang Hjang Baṭara Bajoe.

Sampoening Baṭara Manikmaja Sang Hjang Djagad Nata, apoepoetra 4 idji, sami mijos kakoeng, ladjeng wonten swara ngoewoeh amelingi, kapireng déning Sang Hjang Djagad Nata, mekaten: Hé poetraningsoen Manikmaja, adja sadjiwa karo lan garwanira kadi satatané para manoeswa, jèn kalantoer sira bakal ora apoepoetra pradjoerit, kang pinoendjoel ing djagad, manawa sira ora apoepoetra kang moempoeni ing kaprawiran, bakal ora nana kang roemeksa ing kaloehoeranira, ~~K~~sakoela-warganira kabèh; ing samengko sira manekoenga ing poedja lawan garwanira, aminta-a sih kamoerahaningsoen, bisa-a poepoetra kang bisa marodjol ing ngakerep, poendjoela ing ngapapak adja sira kasamaran, jèn kahananingsoen, iki woes ana ing sira kabèh; apa sak panedanira kang kalawan temen-temen, sajekti bakal ingsoen toeroeti kabèh; semono maoe jèn woes wening ing tjiptanira, gonira sadjiwa lan garwanira adja kaja satatening manoeswa ngalam-doenja, naming moeng nganggo asmara-tjipta baé, asmara toerida, asmaragama. Sang Hjang Djagad Nata midanget swara ingkang mekaten waoe, ladjeng anekoeng poedja mantra kalih ingkang garwa, angeningaken tjipta, anirnakaken pantja-drija, sampoening sirna kamanoeswanipoen, boten wonten ingkang katingal dateng Sang Hjang Djagad Nata, andjawi amoeng tjahja moeroeb angkara-kara, amantja-warni, anglimpoeti sadajanipoen, tanda jèn sampoen katarima ing panoewoenipoen Sang Hjang Djagad Nata, ladjeng nandoekaken asmara-tjipta, asmara toerida, asmara-gama, dateng praméswari Dèwi Oema, ladjeng ngartali doemoegi samaja, loewar saking pamoedjan, mbabar djabang mijos kakoeng, mawi prabawa ing gagana swara goemaloedoeg sinaoeran oengeling ardi ageng ageng dèdèt geter pater érawati, goentoer ketoeg bajoe riwoet, ojeg lindoe boemi gondjing, to~~k~~ja saganten kadi kineboer mawalikan, katemah toja seganten rob minggah mring daratan, bandjir bandang mèh ngelèbi tanah Indi sadaja, kala poepoetra ingkang angka 5 gangsal, kala mijos talatah tanah Indi saoeroetipoen ing mangké dipoen wastani ta-

nah Asija, para Ratoe ingkang mangéran Sang Hjang Djagad Nata ingkang pinoedjoe sami lenggah sami ambroek makidoepoen, dalah Sang Hjang Djagad Nata pjambak, saweg pinoedjoe lenggah ing Madé-prawaka, inggih sami rebah ladjeng wonten
blz.377. swara kapireng déning Sang Hjang Djagad Nata. Hé koeloep Manikmaja, poetranira kang lagi lahir soen patedani aran: -----

5. Sang Hjang Batara Wisnoe, tegesé ireng, troes padang paningalé weroeh sadoeroengé winarah, sarta soen pitedani djoeloek Batara Késawa, tegesépanah linoewih, marmané nalikané lahir sira déwé lan para Ratoe-Ratoe kabèh pada ambroek sapaloenggoehan; ikoe pratanda jèn poetranira ora nana kang magani ing kaprawirané, saka katrimané panoewoenira, poetranira soen pandjingi wahjoening pradjoerit, kang linoewih isèn-isèning djagad iki tanda pada ngoermati kabèh, mring lahiré poetranira; Sang Hjang Djagad Nata èsmoe karenan ing panggalih amidanget swara ingkang mekaten waoe; kang poetra kaparingan nama Batara Wisnoe, inggih Batara Késawa, dipoen paringi djoeloek Sang Hjang Basoe, Sang Hjang Soeman, kang poetra ladjeng dipoen sirami toja gesang, ladjeng katingal pekik ingkang warni, mawi tjahja goemilang-gilang raras, sanès sanget kalih ingkang raka-raka sadaja, ingkang rama sanget trisna oetawi kang iboe Dèwi Oema, sampoening Sang Hjang Djagad Nata poepoetra Sang Hjang Wisnoe, ragi tebih pangoelahipoen asmara dateng ingkang garwa praméswari Dèwi Oema. Sigeg.

Ingkang kotjap ing Djitapsara, poetranipoen Sang Hjang Woerrasa, kang poetra woeragil, nama: Sang Hjang Pramana Wisésa, inggih Sang Hjang Taja, poenika poepoetra 4 sakawan, naming poetra kang panggoeloe angka 2, nama: Sang Hjang Parma, ladjeng poepoetra: Sang Hjang Pramana; Sang Hjang Pramana, poepoetra poetri, Dèwi Tapi, krama pikantoek djin kang sipat kéwan, nama: Sang Hjang Ḏarampalan, ~~d~~ sipat boeloes, Sang Hjang Ḏarampalan waoe patoetan poetri sangking Dèwi Tapi waoe, poepoetra 4 sakawan sami sipat kéwan:

-----

1. Sang Hjang Winata, werni paksi.

-----

2. Sang Hjang Agli, werni garangan.

-----

3. Sang Hjang Karpa, werni kowangan.

-----

4. Sang Hjang Kowara, werni sapi.

Sami anerahaken para Déwa ingkang sipat kéwan Ngartjapada.

6. Poetranipoen Sang Hjang Wenang ingkang panggoeloe angka 2 kalih, nama: Sang Hjang Déwa Esa, inggih Sang Hjang Ening, poepoetra 12 kalih welas, poetra pambajoen ingkang badjeng nama: Sang Hjang Sanggana, 2, Sang Hjang Partinala, poenika ladjeng ingkang nerahaken Déwa ingkang sipat peksi maliwis, oetawi ingkang sipat naga. Déné poetranipoen Sang Hjang Ening ingkang angka 8 woloe, nama: Sang Hjang Hèrmaja, krama pikantoek djin ingkang sipat boeron toja, noenten poepoetra nama: Sang Hjang Gangga, ingkang anerahaken ḏateng Sang Hjang Baroena, panoenggilanipoen para Déwa ingkang sipat boeron toja. blz. 378.

Poetraning Sang Hjang Wenang ingkang woeragil, èstri, nama: Dèwi Jati, krama pikantoek djin, kang sipat naga, Sang Hjang Antadéwa, poepoetra Sang Hjang Anta-boga, sapanoenggilanipoen para Déwa ingkang sipat naga.

----

7. Poetranipoen Sang Hjang Toenggal, ingkang poetra angka 4 sakawan, nama: Sang Hjang Ismaja, Sang Hjang Semara, inggih Bajara Semar, kalerea ingkang raka Sang Hjang Djagad Nata, ingkang doemoenoeng ngratoni djagad Soenja-roeri, ingkang anggarwa praméswari Dèwi Sanggani, sampoen ngartali doemoegi samaja, ladjeng babar djabang, poepoetra 10 sadasa.

-----

1. mBadjeng Sang Hjang Woekoeam, inggih Sang Hjang Bokokan.
2. Sang Hjang Siwah.
3. Sang Hjang Wrahaspati, inggih Sang Hjang Soerja.
4. Sang Hjang Jamadipati.
5. Sang Hjang Soerja.
6. Sang Hjang Tjandra.
7. Sang Hjang Koewéra.
8. Sang Hjang Tamboeroe.
9. Sang Hjang Kamadjaja.
10. Sang Dèwi Sarmana-siti.

Kang kotjap ing Djitapsara, sawarninipoen para Déwa boten wonten ingkang njanjami, menggah pekikipoen kados Sang Hjang Kamadjaja, alam djaman kanabéjan, kang minangka tetimbanganipoen sami pekik amoeng Kangdjeng Nabi Joesoep, pantjèn pinoendjoel ing djagad raja.

Menggah para Déwa Déwa waoe, sampoening tetep Sang Hjang Djagad Nata, angratoni djagad, sami angratoe sowan ing kahjanganipoen Sang Hjang Djagad Nata. Para Déwa sami kaparingan prenah doedoenoeng pjambakpijambak, wonten doemoenoeng wonten ing wana redi ageng, oetawi ing nagari, poendi ingkang dados senengipoen pjambak, wonten dados Ratoe, wonten dados pandita, siswa, wonten dados poedjangga, wonten dados adjar, wonten remen dados tani, oetawi dados Déwa, doemoenoeng wonten sapoetjaking redi Tenggoeroe, ing- blz.379. .

gih Imalaja.   Sigeg.

---

8. Kodjar para poetranipoen Baṭara Manikmaja, Sang Hjang Djagad Nata, sampoening sami diwasa, sami kadjoḍokaken, krama pikantoek saḍèrèk naké saḍèrèk, oetawi misanipoen / pjambak-pjambak, inggih wajah boejoetipoen Sang Hjang Darma Djaka, kang raka Sang Hjang Wenang, inggih poenika sami poetranipoen Sang Hjang Noer-rasa.

Déné terangipoen mekaten: Sang Hjang Darmadjaka waoe poepoe~~p~~tra: Sang Hjang Pantjaresi; Sang Hjang Pantjaresi apoepoetra: 11, sawelas idji.

-----

1. mBadjeng, nama: Sang Hjang Goeroe-wédḍa, inggih Sang Hjang Maharsi Kètoe, poenika poepoetra 4 sakawan:
   1. Dèwi Soestikna, krama pikantoek Sang Hjang Baṭara Sambo.
   2. Dèwi Satji, krama pikantoek Sang Hjang Baṭara Brahma.
   3. Dèwi Wirantji, krama pikantoek Sang Hjang Baṭara Éndra.

-----

2. Poetraning Sang Hjang Pantjaresi, nama: Sang Hjang Pantjawédḍa, inggih Sang Hjang Maharsi Barla, apoepoetra 3 tiga.
   1. Dèwi Swanjana, krama pikantoek Sang Hjang Baṭara Sambo.
   2. Dèwi Saraswati, krama pikantoek Sang Hjang Baṭara Brahma, sami winajoeh kadang noenggil jajah réna kalih Dèwi Rarasati.
   3. Dèwi Rarasati, kang winajoeh sami kadang, Sang Hjang Brahma.

---

5. Poetra kang angka 5, poetraning Sang Hjang Pantjaresi, nama: Sang Hjang Resi Wiksmaka, poepoetra 2 kalih, sami poetri.
   1. Dèwi Srilaksmi, krama pikantoek Sang Hjang Baṭara Wisnoe, winajoeh sami kadang noenggil jajah réna.
   2. Dèwi Srilaksmita, sami kagarwa Sang Hjang Wisnoe, winajoeh

sami kadang sami poetraning Sang Hjang Resi Wiksmaka.

---

6. Poetra kang angka 6, poetraning Sang Hjang Pantjaresi, Sang Hjang Sid̸satya, poepoetra mbadjeng èstri: 1 Dèwi Sri Satyawama, krama pikantoek Sang Hjang Wisnoe.

---

7. Poetra kang angka 7, poetraning Sang Hjang Pantjaresi, nama: Sang Hjang Resi Djanaka, poepoetra èstri: 1 Dèwi Sriniknjata, krama pikantoek Sang Hjang Wisnoe.

---

8. Poetra kang angka 8, poetraning Sang Hjang Pantjaresi, nama: Sang Hjang Resi Soma, poepoetra sami èstri, 3 tiga.

blz.380. 1. Poetri mbadjeng Dèwi Ratih, ingkang pinoendjoel ing werni éndah, katjrijos djaman Kadéwatan, boten wonten para Widḏadari ingkang toemimbang ing wreni, krama pikantoek Sang Hjang Kamadjaja, ingkang sami pinoendjoel ing wreni, poetraning Sang Hjang Baṯara Ismaja, ingkang angka 9 sanga, kang kaloka pekik ingkang warna.

2. Dèwi Sominta, sami poetraning Sang Hjang Resi Soma, krama pikantoek Sang Hjang Baṯara Bajoe. Sigeg.

Andjawi sangking poenika para Déwa inggih sami karsa andjoḏokaken pala-krama, dateng para poetranipoen sowang-sowang, sami pikantoek sapḏetra-wajah, sakoela-warganipoen pjambak-pjambak, oegi wonten krama pikantoek ing manoeswa, ingkang wonten ing nagari, oetawi ingkang doedoenoeng wonten paḏoekoehan miwah paḏoesoenan warni-warni, sasenengipoen pjambak-pjambak, pasraman petjalan agaga sabin, doemados tangkar-toemangkar sami trah toeroen toemoeroen langkoeng sangking kaṯah, nalika poenika titijang sakiwa-tengenipoen ing redi Tenggoeroe, inggih Imalaja, asapotjapan sami noenggil bangsa djin, sabab sami anoenggil darah, kabekta lalampahanipoen para Déwa Déwa, kados ingkang sampoen katjarijosaken ngadjeng.   Sigeg. .

---

8. Anoedjoe toenggil taoen danès ing dinten Sang Hjang Djagad Nata, karsa mider-mider ing ga~~n~~gana, akalijan Sang praméswari Dèwi Oema, anitih Sang lemboe Andini, doemoegi sanginggilipoen saganten Oetara, ing poelo Dawa, wantji ngadjengaken seraping soerja, tjanḍik-ala anjoenari méga-méga asri kawoerjan, ndadosaken kraos koemenjoeting galihipoen Sang Hjang Djagad Nata; sanalika ngedalaken kapéntjoet atoenggil djiwa resemi lan Sang praméswari Dèwi Oema, adreng kadereng ing karsa tan kénging sinajoetan ingampah sabar ing karsa; Sang praméswari boten anglanggati karsa, awit roemaos mérang ing panggalih déné saweg pinoedjoe wonten sanginggiling ing Lemboe Andini, satjoembana toenggil djiwa, Pangéran mbok inggih sinabarna, srantos koendoer ing kahjangan Ḍatoelaja, nanging Sang Hjang Djagad Nata, kapidereng tjoekeng warengkeng kengkeng, woes pinasṭi déning ingkang Moerbèng pasṭi; katemah toemandoek kawaséan, Sang praméswari kinajoeh pinangkoe baḍé rinoerah ing asmara, Dèwi Oema mingket anginggati, Sang ~~H~~ Hjang Djagad Nata, toepah koroed soemeboet ing saganten, oetaraning poelo Dawa, tegesé sak-lèré poelo Djawa, ing mangké tanah Karimoen Djawa, tegesé ing poelo Karimoen; kadamel kaélokan baḍé lalampahanipoen, para Déwa, ḍawahing noepah salah mawi soebawa prabawa djoemegoer angèbeki djagad; tojaning saganten mawalikan kados kineboer. Sang praméswari Dèwi Oema, ladjeng matoer ḍateng Sang Hjang Djagad Nata, semoe sereng njoereng, ḍoeh Pangéran, goeroe laki kawoela, kang satoehoe mbawani ing bawana, kang sinembah-sembah para toemoewoeh Ngartjapada, teka sanget anganjar-anjari, déné ta boten saged amadjadahi radjah tamah, karsa baḍé

satjoembana ing sa-enggèn-enggèn, boten mawi saranta sakama-kama, kadoe ambeking danawa, raksasa, sanalika poenika Sang Hjang Djagad Nata, toewoeh mawi sijoeng blz.381. saroepa kados sijoenging danawa raksasa, kados saèmper kénging ila-ilaning Dèwi Oema; Sang Hjang Djagad Nata kalangkoeng kagèt koemedjot tansah anglengger andjentoe salebeting galih, langkoeng prihatin, roemaos kalingseman, ladjeng koendoer mring arga Doemilah redi Mahéndra redi Lawoe, sarawoehipoen ing kasoewargan, toemoenten djoeloek Sang Hjang Radḍoe-wanḍa, kabekta sangking gènipoen ananḍang tjatjad mawi sijoeng kados raksasa.

----

8. Katjrijos, kama salah waoe, boten tan sah mawi prabawa moeroeb angkara-kara, mawi gara-gara getor pater ḍèḍèt érawati, ngantos kapireng sangking Arga Doemilah Kaswargan, damel gègèr para Déwa Déwa; ladjeng sami énggal aneḍaki ḍateng pasisir Oetara, ing ngrikoe katingalan moeroeb angkara-kara, mawi sasenen kados soroting baskara. Para Déwa boten saged andoegi dateng jektinipoen, kawoedjoedan waoe. Noenten para Déwa wangsoel, matoer oeninga dateng Sang Hjang Djagad Nata; ngandika hé para Déwa kawroehanira katon moeroeb gawé gara-gara ikoe, saka kadadéjané kama salah arané; lah pajo sira paḍa toemandang ngebjoeki gagaman ing prang dimèn sirna kama salah para Dèwi sami ngangkat gegaman ing prang; doemoegi ing gèn sami ngangkah sirnaning kang moedjoed moeroeb waoe, boten pisan baḍé mijatani sawernining dadamel waoe; sangking karsaning kang Moerbèng pasṭi baḍé damel kaélokan mratanḍani kawasanipoen ingkang Moerbèng pasṭi boten kénging ginajoeh. blz

Kama salah dangoe-dangoe ladjeng doemadi maoedjoed kados danawa ageng, dedamel kaṭah dados srandoening badan, noenten saged moeroegi panggènaning para Déwa. Pitakèn ingkang jojoga soewara goeẓleger ngèbeki djagad, minḍa galoeḍoeg damel getering para Déwa, para Déwa sami loemadjeng mangsoel dateng Arga Loemilah malih, kama salah ladjeng ngeloed sapoeroegipoen, para Déwa doemoegi ngarsanipoen Sang Hjang Djagad Nata, sami dinangoe atoeripoen sami goegoep agoerawalan; boten kénging ka-angkah sirnanipoen, malah-malah boeboedjoeng ḍateng para Déwa, boten dangoe kama salah ḍateng wonten ngarsanipoen Sang Hjang Djagad Nata, ladjeng linggih para Déwa soemingkir pengkeran, kama salah witjanten: Ah ah kowé ikoe sapa, déné tjilik menṭik-menṭik, nganggo tjahja goemilang narawoeng, wani loenggoeh ana ngarep ḍéwé tjeḍak lan akoe? Sang Hjang Djagad Nata boten mawi oelap, ladjeng mangsoeli pangandika semoe ajem, wroehanira ingsoen iki Ratoening djagad, kang di pangéran para toemoewoen kabèh, djoeloek-ingsoen Sang Hjang Djagad Nata; kama salah witjanten: Ah ah lah jèn mangkono sira bisa djarwa kang jojoga akoe. Sang Hjang Djagad Nata ngandika jèn ingsoen iki pinangéran ing djagad amasṭi ija soemoeroep kang joga sira, ananging jèn sira koemoedoe-koedoe takon kang joga sira, saraté nganggo ngabektija marang Pandjenengan-ingsoen; jèn ora mangkono ingsoen ora karsa

blz.382. paring pidoedoeh marang sira; kama salah mitoehoe ing ḍawoeh pangandikanipoen Sang Hjang Djagad Nata, ladjeng èsṭaning ngabekti. Sareng toemoengkoel ramboet akalijan aṭi-aṭi dipoen pagas. nDadosaken kagèt kama salah, sarta ladjeng toemenga Sang Hjang Djagad Nata tangginas angasta sijoeng kalih pisan, katoegel poetjoekipoen, ilat katjoebles ing dadamel, oepasipoen sami medal, toemoenten kaoetjoelaken, kama salah andéprok laroet ingkang babajoe prasasat boten gaḍah karekat, loempoeh tanpa bebajoe, awit sangking kasantikanipoen Sang Hjang Djagad Nata, oepas katjipta noenggil kawontenan poetjoeking sijoeng, sijoeng kakalih katjipta ladjeng warni ḍoewoeng. Kotjap ing Djitapsara, sijoeng kang tengen, kaparingan nama: Koenta, sijoeng kang kiwa kaparingan nama: Pasopati. Mila babasan bindjing djaman Poerwa, jèn perang nandoekakaken dadamel, sami ngaben sijoengipoen Baṭara Kala, kabekta tetoeladan kala Sang Hjang Djagad Nata, sijoengipoen Baṭara Kala, katjipta dados ḍapoer ḍoewoeng kakalih waoe, hé kama salah, sadjatiné ingsoen kang jojoga ing sira, ing ~~sd~~mengko sira soen pateḍani djeneng: Baṭara Kala, amarga toemitah sira ana ngartjapada, noedjoe wektoené tjanḍik-ala, tegesé wajah soeroeping soerja, sarta ing tembé sira bakal ingsoen paringi papantjèn, kang dadi manggsanira, soen paringi doedoenoengan ana Noeswa Kambangan, poelo Karimoen Djawa, Oetara, poelo Dawa iki. Baṭara Kala boten soewala ladjeng mangkat, dateng Noeswa Kambangan inggih Noeswa Pawinihan, kaseboet ing mangké Noeswa Karimoen Djawa, kaprenah pasisir lèripoen tanah Djapara. Sigeg.

Ing sapengkeripoen Baṭara Kala, kadoenoengaken ing Noeswa Tembini, inggih Noeswa Pawinihan, Karimoen Djawa, Sang Hjang Djagad Nata, ing Kaḍaton Kaswargan Ngarga Doemilah redi Mahéndra woekir Lawoe, semoe teksih rengoe d~~e~~okanipoen ḍateng Sang praméswari Dèwi Oema, bab anggènipoen katemah tjatjad sijoeng, saha kagoengan poetra werni danawa raksasa, kama salah ginalih sangking pandamelipoen ingkang garwa waoe, panggalih dèrèng lilih; Sarawoehing Kaswargan, Sang praméswari meṭoekaken mangaras pada, sanalika sinendal oekelipoen, katemah oekel woeḍar sampéjan rinangkoel karenggep dipoen soengsang, Sang praméswari andjrit karoena sasambat ngaroe-ara, ḍoeh ḍoeh Pangéran goeroe laki kawoela, sasembahan kawoela kang satoehoe Bin~~d~~aṭara ing djagad, déné sjarda, midana temen dateng titahipoen kang tanpa dosa,

ila-ila poenapa ingkang kawoela lampahi papa tjintraka, poenapa ingkang kawoela panggih, jèn Toewan boten ngapoentena, ing kalepatan kawoela, sinten ingkang wadjib ngapoentena andjawi amoeng Toewan ingkang kawasa, Sang Hjang Djagad Nata kasereng langkoeng doeka, boten kapireng sambat seboetipoen ingkang garwa; garwa kawelas-asih, malah ngedalaken pangandika sot: Hé Oema sira ikoe woes moesṭikaning ajoe nanging koetjiwa ramboetira woeḍar pandjritira kaja pangeriké raseksi, sanalika Dèwi Oema, santoen awerni raseksi, ladjeng dipoen etjoelaken sangking asta; Dèwi Oema nḍeprok anoengkemi pada, boten sah sambat ngaroe-ara, njoewoen pangaksama. Sang Hjang Djagad Nata sareng toemingal
blz.383. ingkang garwa, santoen sipat raseksi, tegesipoen danawa èstri, ladjeng poengoen-poengoen semoe pidoewoeng ing galih, toemoewoeh panggalih welas-asih, ing Dèwi Oema; sira wis narima-a, adja karoena, ing karsaning kang Moerbèng pasṭi, sabab ingsoen pinasṭi nanḍang patang prakara, nalika ikoe akoe ora sinoeng éling, lali, apes, moerka, roesak, iki kanjatahané, kena ginawé toelaḍaning wong a-oerip ana Ngartjapada kabègh, koedoe sabar drerana, sabarang koemoedoe troewatja ing boedi, sira ikoe woes salin roepa, raseksi nanging waḍagira baé, dadi djoḍoning si Baṭara Kala, déné aloesé isih lestari dadi garwaningsoen.

Nalika poenika Sang Hjang Djagad Nata langkoeng sengkel ing galih, anetah kalepatanipoen pjambak, ing ngadjeng sampoen dipoen siptani ḍateng ingkang rama, mawantoe-wantoe, sinoeng nanḍang kawan prakawis, noenten manoengkoe poedja aneges karsanipoen ingkang kawasa, sanalika sirna kamanoeswanipoen, sampoen angraga soeksma, boten wonten ingkang katingal kadjawi amoeng tjahja paḍang anglimpoeti, sadajanipoen, tanḍa kasambadan ing karsa, panoewoenipoen, sabarang kang sinedya wonten, kang tjinipta ḍateng, ing ngrikoe Sang Hjang Djagad Nata waspada ing paningal, jèn ingkang oewa Sang Hjang Tjatoer-kangka, poetraning Sang Hjang Poerbawisésa, inggih Sang Hjang Darma-djaka, saḍèrèkipoen djaler Sang Hjang Wenang, kagoengan garwa nama: Dèwi Laksmi, naming sampoen poepoetra 3 tiga; Dèwi Laksmi waoe kalangkoeng éndah ing warni kembar warni kalih Dèwi Oema, sadèrèngipoen asipat raseksi, saèmper kados djambé sinigar palih, boten siwah.

Dèwi Laksmi waoe, ladjeng tjinipta sanalika ḍateng ing ngarsanipoen Sang Hjang Djagad Nata Pratingkah; kotjap ing Djitapsara, jitmanipoen Dèwi Oema kang loegoe, ladjeng dipoen sasmitani ngaliha panitis ḍateng Dèwi Laksmi, déné jitmanipoen Dèwi Laksmi, manitisa ḍateng Dèwi Oemaji, kang salah kaḍadosan warni raseksi waoe, aran nama: Baṭari Doerga, tegesipoen ingkang kénging sot Sang Hjang Djagad Nata, sampoen sangking karsaning kang Moerbèng pasṭi, sasedyanipoen Sang Hjang Djagad Nata, djinoeroengan sasedyanipoen, sanalika Dèwi kakalih waoe, anitis tinitisan, sampoening kalampahan lintoe jitma, Sang Hjang Djagad Nata ladjeng loewar anggènipoen asemèdi, ladjeng toemoenten anḍawoehaken pangandika: Hé si Laksmi, kang woes anoeksma, marang kang sipat raseksi, sira ingsoen piteḍani aran: Baṭari Doerga, tegesé alahiraké kama salah, sarta seladjoe soen tarimakaké dadija djoḍoné poetraningsoen si Kala, sira Oema kang woes anoeksma marang si Laksmi, ija lastarija aran si Oemaji; kang sami tampi ḍawoeh matoer sandika, Baṭari Doerga ladjeng kaparingaken dateng Noeswa Kambangan inggih Noeswa Tembini, sampoen tinampèn déning Baṭara Kala, dadosa garwanipoen, atoet roentoet adjedjoḍon.

Poenika sami soemerapa kaḍadosanipoen kama salah, tegesipoen kirang poepoel kalanipoen dados, sabab hawa sawamèr nandoekaken karsa asmara karon sadjiwa, ḍateng garwa doemados dados wiss angkara-kara, ing satangké anoentoeni

blz.384. sangsara, sa-wawarat Sang Hjang Djagad Nata, oega kasangsara, apa manèh toemekané mangsa iki tikel sèwoe goek alamé Baţara Manikmaja, nora gampang linakonan. igeg.

---

7. Mangsoeli gotèk, Sang Hjang Djagad Nata, inggih Sang Hjang Goeroe, anggarwa poetraning djoeragan Cemaran, trah toeroen Benénda Salèn, tanah Parasoe, nama: Dèwi Cemaji, ingkang salah tjipta dados oelam Tirbah, inggih Dèwi Cema, poepoetra 6 nem. Naming garwa kaping 2 kalih Dèwi Laksmi.

----

1. Sang Hjang Baţara Sambo.

-----

2. Sang Hjang Baţara Brahma.

-----

3. Sang Hjang Baţara Indra.

-----

4. Sang Hjang Baţara Bajoe.

-----

5. Sang Hjang Baţara Wisnoe.

-----

6. Sang Hjang Baţara Kala, doek kala lahiripoen: Kama salah, saweg pinoedjoe mider-mider nitih Lemboe Anḍini, noepah koeroed.

-----

7. Poetra sangking Dèwi Laksmi, Dèwi Cema kang kaping 2 kalih, Sang Hjang Baţara Maha Dewa.

-----

8. Poetra sangking Dèwi Laksmi, Dèwi Cema ping 2 kalih, Sang Hjang Baţara Sakra.

-----

9. Poetra sangking Dèwi Laksmi, Dèwi Cema ping 2 kalih, Sang

Hjang Baṯara Asmara.

----- Djangkep para poetra 9 sanga idji, Sang Hjang Djagad Nata, Goeroe.

---

8. Poetra angka 2 kalih, Sang Hjang Baṯara Brahma, garwa sepoeh Dèwi Satji, garwa tengahan Dèwi Raraswati.

-----

1. Kang iboe Dèwi Satji, Radèn Maritji Brahma.

-----

2. ~~R~~ Kang iboe Dèwi Raraswati, Radèn Naradḏa Brahma.

-----

3. Kang iboe Dèwi Raraswati, Radèn Brahma-nasa.

-----

4. Kang iboe Dèwi Raraswati, Radèn Brahmana-déwa.

-----

5. Kang iboe Dèwi Raraswati, Radèn Brahmana-radja, kang djoemeneng Nata ing Giling-wesi, inggih Baṯara Brahma-saḏḏara.

---,4

6. Kang iboe Dèwi Raraswati, Radèn Brahmana Kanḏa.

-----

blz.385. 7. Kang iboe Dèwi Raraswati, Radèn Brahmana-resi.

-----

8. Kang iboe Dèwi Raraswati, Dèwi Brahmani, krama pikantoek Praboe Bandjaran-djali Ratoening ~~s~~ danawa, tanah Winggil.

-----

9. Kang iboe Dèwi Raraswati, Dèwi Brahmani-sri, krama pikantoek Praboe Wisata, Ratoening paksi, tanah Ngisil.

-----

10. Kang iboe Dèwi Raraswati, Radèn Brahmanila.

-----

11. Kang iboe Dèwi Raraswati, Radèn Brahmani-tyasa.

-----

12. Kang iboe Dèwi Raraswati, Radèn Brahmani-ja$\overset{r}{\text{d}}$a.

-----

13. Kang iboe Dèwi Raraswati, Dèwi Brahmani-jari.

-----

14. Kang iboe Dèwi Raraswati, Dèwi Brahmani-jodi.

-----

15. Kang iboe Dèwi Raraswati, Radèn Brahmani-jama.

-----

16. Kang iboe Dèwi Raraswati, Radèn Brahmani-jata.

-----

17. Kang iboe Dèwi Raraswati, Dèwi Brahmani-jati.

-----

18. Kang iboe Dèwi Raraswati, Dèwi Brahmani-joeta.

-----

19. Kang iboe Dèwi Raraswati, Dèwi Dresanala.

-----

20. Kang iboe Dèwi Raraswati, Dèwi Dresawati, wragil. Sigeg.

Ingkang katjrijos poetranipoen Sri Maha Radja Soenḍa, inggih Baṭara Brahma, nalika djoemeneng Nata wonten tanah Pasoenḍan ing Tasikmalaja, kaṭah poetranipoen 20; poetra kang poetri kaseboet nama: Dèwi, mitoeroet wiwit kala alam Sang Hjang Wenang djoemeneng Nata Ratoening Djagad, tegesipoen kang linoewih adi.

Poetra kang kakoeng, nama: Radèn, tegesipoen sosotya kalangkoeng adi, dados ingkang kénging saseboetan nama Radèn, namoeng poetra trahipoen para Déwa Déwa, sabab rembesing madoe andana warih trahing a(h)li mara-tapa, a(h)li soepi, poenika para Déwa nalika angédja-wantah ing Ngartjapada, sami djoemeneng Nata ing tanah poelo Djawa, ing saladjengipoen, para poetra Ratoe djaman semanten, poetra kang poetri, sineboet: Dèwi, poetra kang kakoeng sineboet: Radèn, oetawi blz.386. Arija, tegesipoen: paṯra trahing bangsa loehoer, lan Pandji, toetoenggoel, gandéra, daloedag, oemboel-oemboel, goegoenoengan, oeloe-oeloe, tegesipoen: pangarep, panggedé, senapatining prang, pangoengsèn, pangoeripan pangoepa-djiwa, oetawi nata agama, wiwit salebetipoen taoen Doendoemi, kaétang taoen soerja sangkala angka 186, retoening brahmana toenggal; kaétang taoen tjandra sangkala angka 191, tinengeran: Roepa anroes ing boemi. Sigeg.

---

9. **Baṯara Brahma-sadḏara**, anggarwa nama **Dèwi** Sri-oena, poetrining Sang Hjang Wisnoe; garwa ingkang nèm nama: **Dèwi** Poedjawati, poetrining Baṯara Panjarikan, poepoetra 5 gangsal.

-----

1. Kang **iboe** Dèwi Sri-oena, nama: Praboe Tri-troesṯa, ingkang goemanti ingkang rama, djoemeneng Nata wonten ing Giling-wesi, sareng dados Déwa: Baṯara Brahma-satapa.

-----

2. Kang **iboe** Dèwi Srioena, Radèn Tri-mapoenggoeng, sareng dados Déwa nama: Baṯara Déwa-rastoeti.

-----

3. **Kang iboe Dèwi Srioena, Radèn Tri-matsyaka, sareng dados Déwa nama:** Baṯara Brahma-jana.

-----

4. Kang **iboe** Dèwi Poedjawati, Radèn Séwandara, sareng dados Déwa nama: Baṯara Brahmana-sidḏi.

-----

5. Kang **iboe** Dèwi Poedjawati, Radèn Sarsihawa, sareng dados Déwa nama: Baṯara Brahmana-djati. Sigeg.

---

10. Poetra ingkang goemanti ingkang rama, djoemeneng Nata, kang nama: Praboe Tri-troesṯa, wonten ing Giling-wesi, anggarwa Dèwi Widawati, poetrining Baṯara Soematanoe, poepoetra 3 tiga.

-----

1. Kang iboe Dèwi Widawati, Radèn Doekoet Oja, nama: Sri Praboe Pari-kenan, Ratoe ing Giling-wesi, sarengdados Dèwa: Baṭara Am.

-----

2. Kang iboe Dèwi Widawati, nama: Dèwi Srini, krama pikantoek Praboe Srikala, Ratoe ing Menḍang-kamoelan.

-----

3. Kang iboe Dèwi Widáwati, nama: Dèwi Satapi, krama pikantoek Baṭara Sadaskara.

---

11. Sri Praboe Pari-kenan, Ratoe ing Giling-wesi, anggarwa poetrining Sang Praboe Basoerata, Ratoe ing Wiraṭa, krama pikantoek kaprenah bibi, poepoetra 4, sangking praméswari Dèwi Brahmanèki.

blz.387.

-----

1. Kang iboe Dèwi Brahmanèki, nama: Dèwi Kani-raras, krama pikantoek Empoe Kanomajasa.

-----

2. Kang iboe Dèwi Brahmanèki, Radèn Kanijasa, amartapa wonten ing woekir Saptarga, nama: Baṭara Brata.

-----

3. Kang iboe Dèwi Brahmanèki, Radèn Manonbawa.

-----

4. Kang iboe Dèwi Brahmanèki, Radèn Paradarma.

---

12. Sang Resi Manoemanasa, anggarwa widadari nama: Dèwi Retnawati, paparab Dèwi Soemerwana, poenika poetrining Baṭara Hira, poepoetra 3 tiga.

-----

1. Kang iboe Rètnawati, Sang Resi Satroeken, sareng dados Dèwa nama: Baṭara Darma.

-----

2. Kang iboe Dèwi Retnawati, Sang Resi Sriprati.

-----

3. Kang iboe Dèwi Retnawati, Sang Resi Manoemadéwa.

----

13. Sang Resi Satroekem, anggarwa widadari nama: Dèwi Genawati, poetrining Baṭara Aroenada, poetri patoetan sangking kang garwa Dèwi Soelastri. Dèwi Genawati, poepoetra amoeng 1 satoenggil.

-----

1. Kang iboe Dèwi Genawati, Radèn Sakri, sareng dados Déwa: Baṭara Sakri.

----

14. Sang Baṭara Sakri, anggarwa Dèwi Sakti, poetrining Praboe Partawidjaja, Ratoe ing nagari Sriweḍari, kang sineboet nagari ing Tabela-soeket. Poepoetra 1 satoenggil.

-----

1. Kang iboe Dèwi Sakti, Sang Bagawan Palasara.

----

15. Sang Bagawan Palasara, kang djoemeneng Nata wonten ing nagari Wastina, djoeloek Sri Praboe Palasara, anggarwa Dèwi Doerga(n)dini, kang parab Dèwi Rara-amis, poetrining Sang Praboe Basoe-késwara, nagari Wiraṭa; Sang Praboe Palasara poepoetra 7 pitoe.

-----

1. Kang iboe Dèwi Doergandini, Radèn Kresna, djoemeneng Nata wonten nagari Wastina, djoeloek Praboe Kres~~a~~na-dipajana, sareng sampoen mbagawan nama: Sang Bagawan Bjasa, oetawi Resi Wjasa.

-----

2. Kang iboe Dèwi Doergandini, Radèn Séta, djoeloek Arja Sétama.

-----

blz.388. 3. Sangking garwa pangrembé, Dèwi Rekaṭawati, djoeloek: Dèwi Swagandini, krama pikantoek Praboe Maswapati, ing Wiraṭa.

-----

4. Kang iboe garwa pangrembé, Radèn Arja Kéntjaka.

-----

5. Kang iboe garwa pangrembé, Radèn Arja Béma-kéntja.

-----

6. Kang iboe garwa pangrembé, Radèn Arja Djoema-kéntja.

-----

7. Kang iboe garwa pangrembé, Radèn Arja Radja-mala.

----

16. Sang Bagawan Abijasa, anggarwa Dèwi Ambika, poetrining ing Gijantipoera, poepoetra 3 tiga.

-----

1. Kang iboe Dèwi Ambika, Praboe Ḏastarata, ing nagari Aastina.

-----

2. Kang iboe Dèwi Ambika, Praboe Panḏoe Déwanata, ing nagari Aastina.

-----

3. Kang iboe Dèwi Ambika, Radèn Arja Jamawidoera.

----

17. Sang Praboe Panḏoe Déwanata, anggarwa Dèwi Koenṯi Nalibrata, poetrining ing Madoera, garwa ingkang nèm Dèwi Madrim, poetrining ing Mandraka; Praboe Panḏoe Déwanata, poepoetra 5 gangsal.

-----

1. Kang iboe Dèwi Koenṯi Nalibrata, Sri Praboe Joeḏisṯira, inggih Praboe Ngamarta.

-----

2. Kang iboe Dèwi Koenṯi Nalibrata, Radèn Arja Séna, inggih Arja Wrekoḏara, inggih Wrekoedara.

-----

3. Kang iboe Dèwi Koenṯi Nalibrata, Radèn Arja Djanawi, inggih Arja Danangdjaja, inggih Radèn Arja Djanaka.

-----

4. Kang iboe Dèwi Madrim, Radèn Arja Na(ng)koela.

-----

5. Kang iboe Dèwi Madrim, Radèn Arja Sadéwa, poenika poetraning Dèwi Madrim, ingkang babar mijos kembar sami djaler.

-----

18. Radèn Arja Danangdjaja, inggih Arja Djanawi, inggih Pamadé,
inggih Radèn Arja Djanaka, ingkang djoemeneng Nata wonten
Swargaloka Éndrabawana, djoeloek Sri Praboe Wilikiti, ko-
tjap ing Djitapsara garwanipoen 7 pitoe sami padmi, 1 Dè-
wi Soembadra, poetrining ing Madoera, 2 Dèwi Manoehara,
poetrining Bagawan Manikara, 3 Dèwi Oeloepi, poetrining Ba-
gawan Kano, 4 Dèwi Gandawati, poetrining ing Widarba, 5 Én-
blz.389. dang Manik-ardja, 6 Éndang Madé-swara, 7 Dèwi Srikandi, poe-
trining ing T~~k~~jampala-redja; Radèn Arja Danangdjaja, Sri Pra-
boe Wilikiti, poepoetra 7 pitoe ingkang kaseboet ing serat
Pakem.

-----

1. Kang iboe garwa pangrembé, Dèwi Rarasati, Radèn Arja Soemitra.

-----

2. Kang iboe padmi, Dèwi Soembadra, Radèn Arja Abimanjoe, inggih Arja Angkawidjaja.

-----

3. Kang iboe padmi Dèwi Manoehara, Dèwi Pragiwa.

-----

4. Kang iboe padmi Dèwi Oeloepi, Radèn Arja Irawan.

-----

5. Kang iboe padmi Dèwi Gandawati, Radèn Arja Widjanarka.

-----

6. Kang iboe padmi, Dèwi Manik-ardja, Radèn Arja Wilonanta.

-----

7. Kang iboe padmi Éndang Madéswara, Radèn Arja Maranggana.

-----

19. Radèn Arja Abimanjoe, inggih Arja Angkawidjaja, garwa kang sepoeh Dèwi Sitisoendari, poetrining Sang Praboe Andarawati; déné garwa ingkang nèm Dèwi Oetari poetrining Ratoe nagari ing Wirata, poepoetra moeng sadjoega.

-----

1. Kang iboe padmi Dèwi Oetari, Radèn Arja Pari-kesit.

-----

20. Radèn Arja Parikesit, djoeloek Praboe Dyipajana, djoemeneng Nata ing nagari Wastina, katjrijos ingkang garwa padmi 5 gangsal; 1 Dèwi Sritataji, nama: Dèwi Gentang, poetrining Praboe Praswapa, ing Giling-wesi; 2 Dèwi Winitaja, nama: Dèwi Impoen, poetrining Praboe Sajakèsti, ing Moekaboemi; 3 Dèwi Satapa, nama: Dèwi Tapèn, poetrining Resi Sida(i?)watjana; 4 Dèwi Sinandi, nama: Dèwi Poejengan, poetrining Bagawan Soekanda; 5 Dèwi Grendi, nama: Dèwi Dangan; Praboe Dyipajana poepoetra 8 woloe.

-----

1. Kang iboe Dèwi Gentang, Dèwi Amahoji, krama pikantoek Praboe Wikara, ing Madoera, tanah Indi.

-----

2. Kang iboe Dèwi Impoen, Dèwi Nijadi, krama pikantoek Arja Soepadma, poetraning Patih Dyara.

-----

blz.390. 3. Kang iboe Dèwi Tapèn, Sri Praboe Joedajana, ing nagari Wastina.

-----

4. Kang iboe Dèwi Poejengan, Radèn Arja Ramajana.

-----

5. Kang iboe Dèwi Dangan, Radèn Arja [illegible] Rama-prawa.

-----

6. Kang iboe Dèwi Tapèn, Dèwi Prapasti, krama pikantoek Arja Karsoela.

-----

7. Kang iboe Dèwi Poejengan, Radèn Arja Prawasata.

-----

8. Kang iboe Dèwi Dangan, Radèn Arja Swarabasata.

----

21. Sang Praboe Joedajana, anggarwa Dèwi Gendrawati, poetrining Praboe Gendaradéwa, ing Nengkara. 2 Dèwi Sadoe, poetrining Resi Siddikara, poepoetra 2.

-----

1. Kang iboe padmi Dèwi Gendrawati, nama: Sri Praboe Gendrajana, ing Wastina, ladjeng ngalih dateng Karaton ing Pamenang, djoeloek Praboe Badjiabaja.

-----

2. Kang iboe padmi Dèwi Sadoe, Radèn Arja Soedarsana, goemanti kang raka djoemeneng Nata wonten ing Wastina, djoeloek Praboe Joedajana kaping 2 kalih.

----

22. Sang Praboe Gendrajana, ing Pamenang, anggarwa Dèwi Padmawati, poetrining Patih Soepadma, poepoetra 9 sanga.

-----

1. Kang iboe Dèwi Padmawati, Dèwi Padma-ini, krama pikantoek Praboe Kalisara.

-----

2. Kang iboe Dèwi Padmawati, Dèwi Joenijoeta, krama pikantoek Radèn Arja Wirabadra.

-----

3. Kang iboe Dèwi Padmawati, Dèwi Mahétama, krama pikantoek poetraning Empoe W (P ?)oejja.

-----

4. Kang iboe Dèwi Padmawati, Dèwi Mahajati.

-----

5. Kang iboe Dèwi Padmawati, Dèwi Mahasiri, krama pikantoek Soeksara, poetraning Patih Soeksana.

-----

6. Kang iboe Dèwi Padmawati, Dèwi Naraoja, krama pikantoek Praboe Sariwahana, ing Wastina, poenika poetraning Praboe Joedajana.

-----

blz.391. 7. Kang iboe padmi Dèwi Padmawati, Radèn Arja Narajana, goemanti ingkang rama djoemeneng Nata ing nagari Pamenang, djoeloek Praboe Joedajana, ladjeng nama: Praboe Sri Djajabaja.

-----

8. Kang iboe garwa pangrembé, Radèn Arja Dipajana.

-----

9. Kang iboe garwa pangrembé, Radèn Arja Widjajana.

---

23. Sang Praboe Djajabaja, anggarwa Dèwi Sara, poetrining Patih Soeksna, poepoetra 4 sakawan.

-----

1. Kang iboe Dèwi Sara, Dèwi Pramèsti, krama pikantoek Praboe Poeroesangkara ing Wastina.

-----

2. Kang iboe Dèwi Sara, Dèwi Pramoena, krama pikantoek Radèn Darmasarana, ladjeng nama: Radèn Arja Amidjaja.

-----

3. Kang iboe Dèwi Sara, Dèwi Sasakti, krama pikantoek Radèn Arja Darmakoesoema, ladjeng nama: Radèn Arja Djajanarana.

-----

4. Kang iboe Dèwi Sara, Radèn Arja Djaja-djaja, djoeloek Sri Praboe Djaja-amidjaja.

---

24. Sang Praboe Djaja-amidjaja, anggarwa Dèwi Satami, poetrining Adjar Soebrata, ing woekir Padang, poepoetra 2 kalih.

-----

1. Kang iboe Dèwi Satami, Sri Praboe Djaja-amiséna.

-----

2. Kang iboe Dèwi Satami, Sri Praboe Djajakoesoema.

----

25. Sang Praboe Djaja-amiséna, anggarwa Dèwi Tjitraswara, poetrining Bagawan Tjitradaga, poepoetra 2 kalih.

-----

1. Kang iboe Dèwi Tjitraswara, Radèn Arja Kiswara, inggih Arja Alidrawa, djoemeneng Nata, djoeloek: Praboe Koesoemawitjitra, kaping sapisan Pengging, ngalih Karaton dateng tanah Pengging.

-----

2. Kang iboe Dèwi Tjitraswara, Dèwi Kitwara, ladjeng nama Dèwi Andrawéla, krama pikantoek Sri Matahoen, Radèn Djajamiséna.

----

26. Sang Praboe Koesoemawitjitra, kang djoemeneng Nata ing Pengging sapisan, anggarwa Dèwi Soma, poetrining Praboe Djajakoesoema, ing Mentaoen; 2 kalih, Dèwi Daroe~~k~~ni, poetrining Adjar

blz.392. Kapjara, ing Banjoewangi, Praboe Koesoemawitjitra poepoetra 6 nem.

-----

1. Kang iboe Dèwi Soma, Sri Praboe Tjitrasoma ing Pengging.

-----

2. Kang iboe Dèwi Soma, Radèn Arja Tjitraséna, tinanem dateng tanah Banten.

-----

3. Kang iboe Dèwi Daroeni, Radèn Arja Tjitrakoesoema, tinanem dateng ing Blambangan.

-----

4. Kang iboe Dèwi Soma, Dèwi Tjitrawati, krama pikantoek Radèn Wélakoesoema, poetraning Radèn Djajasoeséna.

-----

5. Kang iboe garwa pangrembé Éndang Bangi, Radèn Arja Oepatjitra.

-----

6. Katrangan poetra kirang patjatjah satoenggil.

----

27. Sang Praboe Tjitrasoma, Ratoe ing Pengging kaping 2 kalih, anggarwa Dèwi Sriati, poetraning Resi Siḍiwatjana, ing redi Rebaboe, poepoetra 5 gangsal.

----

1. Kang iboe Dèwi Sriati, Radèn Arja Pantjadnjana, krama pikantoek widadari nama: Dèwi Lasmita, Radèn Pantjadnjana waoe ladjeng goemanti ingkang éjang, dados Radja Panḍita, djoeloek Resi Pantjadnjana.

-----

2. Kang iboe Dèwi Sriati, Sri Praboe Pantjadrija, djoemeneng Nata Ratoe ing Pengging.

-----

3. Kang iboe Dèwi Sriati, Dèwi Pantjawati, krama pikantoek Patih Soekarsa, Patih nagari Pengging.

------

4. Kang iboe garwa pangrembé, nama: Nikèn Soelandjani, Radèn Arja Sélandaka.

---

28. Sang Praboe Pantjadrija, djoemeneng Ratoe ing Pengging, anggarwa Dèwi Gandawati, poetrining Radèn Djajamaséna, ing nagari Malawapati, poepoetra 4.

-----

1. Kang iboe garwa pangrembé, nama: Dèwi Bangtati, Radèn Arja Prawa, ladjeng nama: Radèn Kandrija, dados Radja Panḍita ing Madyapandjang, nama: Resi Déwabrata.

-----

2. Kang iboe padmi Dèwi Gandawati, Radèn Arja Soepoetra, goemanti ingkang rama djoemeneng Nata wonten ing Pengging, djoeloek: Praboe Anglingdrija, inggih Praboe Déwakoesoema, inggih Praboe Déwanata, ing Pengging.

------

3. Kang iboe padmi Dèwi Gandawati, Radèn Arja Soetjitra, inggih Arja Darmandrija, tinanem ḍateng tanah Salembi, djoeloek: Praboe Darmakoesoema, inggih Praboe Dipanata.

----

blz. 393.

4. Kang iboe Dèwi Gandawati, Radèn Arja Soewarna, inggih Arja Soemandrija, tinanem tanah ing Soedimara, djoeloek Praboe Mandrakoesoema, inggih Praboe Éndranata.

==============================

Sang Praboe Anglingdrija, anggarwa Dèwi Soma, poetrining Resi Pantjadnjana, garwa ingkang nèm, asli widadari, Dèwi Sinta, poetrining Sang Resi Wrahaspati, ing woekir Wangkring, poepoetra 3 tiga.

------

1. Kang iboe Dèwi Soma, Dèwi Rarasati, krama pikantoek Radèn Arja Damarmaja, poenika poetraning djaler Ratoe Salembipoera.

------

2. Kang iboe Dèwi Sinta, Sri Praboe Soewélatjala, djoemeneng Nata wonten tanah ing Mendang-kamoelan.

------

3. Kang iboe Dèwi Sinta, Sri Praboe Pandaja-nata, goemanti kang rama, djoemeneng Nata wonten ing Pengging.

==============================

Sang Praboe Soewéla-tjala, Ratoe ing Mendang-kamoelan, anggarwa Dèwi Darmastoeti, poetrining Sang Praboe Widajaka, poepoetra 5 gangsal.

------

1. Kang iboe garwa pangrembé nama: Retna-pamoedja, Djaka Panoentoen, angratoni tanah Mendang-kelé, samangké ing Bagelèn.

------

2. Kang iboe garwa pangrembé, nama: Retna Satapi, Djaka Sandang-garba, ngratoni tijang soedagar tanah ing Djapara, lan Djoewana, Rembang, Koedoes.

------

3. Kang iboe garwa pangrembé nama: Retna Giskara, Djaka Karoeng-kala, ngratoni tijang grema, toewa-boeroe, tegesé: misaja sato wana, tanah Djegong.

------

4. Kang iboe garwa pangrembé nama: Retna Soejati, Djaka Toenggoel-metoeng, inggih Tepoeng-antara, djoeloek Tepoeng Mala-raras, ngratoni tijang bangsa dèrès, tanah Nglawoe, Magetan, ing Krèdètan Pagelèn.

------

5. Kang iboe padmi, Dèwi Darmastoeti, Radèn Djaka Kandoejoe, kang djoemeneng Nata wonten tanah Poerwatjarita, djoeloek Sang Sri Maha-poenggoeng, ingkang kaping 2 kalih, nagari Poerwatjarita. Sinigeg.

==============================

Poenika boek Salasilah djilid satoenggil tjandakipoen djilid kalih.

-------------::::oooo000oooo::::-------------